ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНИҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ



VII

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР
КЕҢЕСИ ЖАНЫНДАҒЫ МӘМЛЕКЕТЛИК ТИЛДИ
РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ДЕПАРТАМЕНТИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНИҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

Жети томлық

Жетинши том
С (сынап) – Я

Толықтырылған екинши басылымы

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2023

УДК: 811.512.121'374. 3(038)
ББК: 81.2 Қорақалпоқ-2
К 18

Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. Жети томлық. Жетинши том С (сынап) – Я. [Текст] – Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2023-жыл – 504 бет.

Редколлегия ағзалары:

Ш.Абдиназимов – *Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор (баслығы).*

Ә.Пирниязова – *филология илимлериниң докторы (баслық орынбасары).*

П.Дабылов – *филология илимлери бойынша философия докторы.*

А.Альниязов – *филология илимлериниң докторы, профессор.*

К.Алламбергенов – *филология илимлериниң докторы, профессор.*

Қ.Жәримбетов – *филология илимлериниң докторы, профессор.*

С.Баҳадырова – *филология илимлериниң докторы, профессор.*

М.Дәўлетов – *филология илимлериниң докторы, профессор.*

К.Кәримов – *Өзбекстан халық жазыўшысы (ағзасы).*

Х.Толыбаев – *филология илимлери бойынша философия докторы (хаткери).*

Бас илимий редактор – **Абдиназимов Шамшетдин**
Жуўаплы редактор – **Қарлыбаева Гүлмира**

Сөзликти дүзиўшилер:

Д.Сейтқасымов (Сс); А.Қазақбаева, Г.Досжанова (Тт); У.Ембергенов (Уу, Үү, Ўў, Хх, Ҳҳ); Б.Убайдуллаев, Ш.Хожанов (Шш); Ш.Кунназарова (Цц, Фф, Чч, Щщ, Юю, Ээ, Яя); Х.Толыбаев (Ыы).

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Қарақалпақ тилин раўажландырыў қорының қаржылары есабынан басып шығарылды.

ISBN 978-9910-9810-3-6

© **«Qaraqalpaqstan» баспасы, 2023.**
© **Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, 2023.**

С

СЫНАП ат. (п. – *гумис суўы*). Менделеев периодлық системасының II группасына тийисли химиялық элемент, әпиўайы температура жағдайында суйық ҳалда болатуғын ақ гүмис реңли, аўыр металл. Фонтан суўы шапшыр усап *сынапқа*, Мөлдир нарзан жатар ойнап булақта, Келтиргендей көркем тәбият мақамын, «Қоңыр тастан» жыр еситилер узақта (И.Юсупов).

СЫНАПТАЙ кел. Сынапқа усаған, сынап сыяқлы. Бағана кең айдынға шымылдық болып жайылып, *сынаптай* жумаланған балықлардың алдын көпирдей тосқан жылым, аў, нәретелердиң барлығы сыртқа шығып, биразы жағаға жыйналып тур (К.Султанов).

СЫНАСТЫРЫЎ ф. Тексеристириў, байқастырыў, бақлаў.

СЫНАСЫЎ ф. Байқап көрисиў, байқасыў, билисиў, Әжели жетип өлмесе, Ҳал *сынасып* көреди («Қоблан»).

СЫНАТЫЎ ф. Тексертиў, байқатыў, бақлатыў. Рүстем айтубды; Қоңыратсаң, Көб қаралфақға *сынатсаң*, Ҳәўфәки қорқақ қуры атсаң, Қоңырат не адам болған екән (Бердақ).

СЫНАЎ ф. Тексериў, байқаў, бақлаў. Хош келдиң деп аттан түсирилген қонақ, Отырған болмағай сол үйди *сынап*, көзли ҳәм аяқлы, тилли бир шолақ, Өнерсиз, билимсиз қолдан жақсырақ (Бердақ). Ажар ҳаялдың ҳүрейленгенин иштен *сынап* «еденлиги де бар екен ғой!» деп гәптиң ушын басқа жаққа аўдарды (К.Султанов). Өмир сүрип алпыс жети жыл, Не *сынаўдан* өтсе де басы, Еле бир жигиттей күши бар, Бүгилмеген полат тулғасы (И.Юсупов). Шет елге шаймий кетсе, елдиң атына нуқсан келеди, шет жер көрмеген халқын, көрген адамы менен баҳалайды, деп *сынамақшы* болған (Т.Қайыпбергенов). Бизиң халқымызды *сынап* көрмекши, саўға-сәлем берсек, қорққанға жорып, жолы түскенде айланып соқпақшы (К.Кәримов). – Сен мени *сынаў* ушын шақырдың, – деди Қутлымурат көзи қызарып (М.Нызанов).

СЫНАЎЛЫ кел. Сынап көрилген, сыналған.

СЫНАЎСЫЗ кел. Сынап көрилмеген, сыналмаған.

СЫНАЎШЫ кел. Сынап көриўши. Мысал күшин *сынаўшы* батыр, Ширенип мәрт көпирлер жатыр, Қыр дөгерек жасыл театр, Шыргүбелек айланып турар, Каналларда суў мәўиж урар (И.Юсупов).

СЫНҒЫШ кел. Бөлингиш, мортылдақ, тез бөлекленетуғын.

СЫНДЫРҒЫШ кел. Бөлеклегиш, жақсы сындыратуғын.

СЫНДЫРЫЎ ф. Бир затты бөлеклеў, майдалаў, бөлиў. Қара суўды тындырмаса, Қара тасты *сындырмаса*, Шөлге аўыл қондырмаса, Оданбасы деп ким айтар? (Бердақ). Өлимди неге бердиң, өмир бергеннен кейин? Гүл ҳеш солмаса екен бир көгергеннен кейин! Ылайы шала писти ме қуйған гүзеңниң, ҳей, гүлал, Не ушын *сындырасаң* бир ислегеннен кейин? (И.Юсупов). Жасында молланың қызыл шыбығын *сындырып*, мектептен қуўылған (Ш.Сейтов). Узын шылбырды қолынан шығармай, путалардың ушын *сындырып*, бир жерге жәмледи (К.Кәримов). «Отыз еки тисинди тамағына жиберемен», – деп жораңның үш тисин *сындырдың* ғо (М.Нызанов). ◊ **Сөзин сындырыў** – кеўлин қалдырыў, айтқанын орынламаў, кеўлинен шықпаў. *Сөзин сындырып* көрмеген бай ағасының бул гәпинен кейин отыра алмады (Т.Қайыпбергенов). **Нан сындырыў** – ант етиў, шәртлесиў, үәделесиў. *Нан сындырып* Хийўа ханнан қайтқанда, Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы (Өтеш). **Тас сындырыў** – тас басыў, салмағы аўыр болыў. Жеделленип ерлик иске киргенде, Ҳәр күн *тас сындырып* пахта тергенде (Т.Сейтжанов).

СЫНЛЫ кел. Бойы, қәдди-қәўмети келискен. Әжиниязды ой-парасаты, зийрек-зейини ағасы Матниязды да, иниси Шаниязды да өзге *сынлы* тулға екени сүннет жасынан берли Нуржамалға аян еди (К.Султанов).

СЫНСЫЗ кел. Бойы, қәдди-қәўмети келиспеген, сыны жоқ.

СЫН-СЫМБАТ ат. Сыртқы келбет, қәдди-қәўмет. Әжиниязды бойына сай, *сын-сымбатын*, ақылына сай шешенлигин көрген соң «Хийўалы қыз» оның менен айтыса берип не қылсын! (К.Султанов). Ал, Оксананың тап ҳәзирги *сын-сымбаты* улыўма еркек затын жутынып қараўға мәжбүрлегендей еди (М.Нызанов).

СЫНШЫ ат. Сын менен шуғылланыўшы, минши, минегиш, сынайтуғын адам. Әдебият – баҳа, *сыншы* оның бағманы, Бир

көз бенен қарар барлық мийўаны, Қосықтың бар қыйсық, дүзиў, сыйдамы, Терис путағын алатуғын сын керек (И.Юсупов). Биреў дана, биреў *сыншы*, биреў торшы, биреў қусшы (Өтеш).

СЫНШЫЛ кел. Сынағыш, минегиш, аңлағыш. Жаңалыққа адамлардың селтеңшил, *сыншыл* болатуғыны мәлим (Қ.Досанов). – Бабаларыңа усап *сыншыл* болайын деп жүрсең бе? (К.Султанов). – Алжастыңыз, бий! – десе де, бул *сыншыл*, серли бийден қәўипленип, изине ерген келиншегине қарады (Т.Қайыпбергенов). Жигиттиң *сыншыл* нәзери сүлдердиң ҳаял екенин аңғарды (К.Кәримов). Лекин, *сыншыл* ақсақал мениң кейпимди аңлаған еди (М.Нызанов).

СЫНЫҚ кел. Бөлинген, сынған бөлек зат. Алты ешкиниң ишиндеги ана *сынық* мүйиз ала ешки қудайы дейди (Қ.Айымбетов). – Қашқынның перзентине ким *сынық* гүлше берсин! (К.Султанов). Умыт қалды *сынық* айнаң, Мен «кетпе» деп жылап турдым, «Керек емес берген алманы», Деп изиңнен ылақтырдым (И.Юсупов). – Пөстеги аўыл – мисли *сынық* жарты қазанның ернегине жабысқан жүўери гүртиктиң қаспағы, – деди Аманлық (Т.Қайыпбергенов). Аўызда узын бойлы, қақ шеке арық, шинельге усаған сүр реңли сукнодан тигилген гөнетоз пальтосы бар, басында қаснағының бир шети *сынық* қара шапка, аяғында сириси жалпайып, өкшеси көринип турған гөне туфлий, сақалы тәртипсиз ғаўлап өсип кеткен бир киси турар еди (М.Нызанов). ◊ **Сынық даўыс** – әсте, өлимсиреген даўыс. – Мейли, – деди ериниң аўзынан өзи еситкиси келген сөзди есите алмағанша ишинен өкпелеген ҳаял *сынық даўыс* пенен (К.Кәримов). – Үш жүз мыңға сәл жетпеди, – деди китап сатыўшы *сынық ҳаўазда* (М.Нызанов). **Сынық минез** – минези жатық, жуўас. **Сыныққа сылтаў** – орынсыз бәне, себеп. **Сынық түр** – қайғылы, езилген, уўайымлы түр. Қыз бенен танысты Гүлим, *Сынық ғой сениң де түриң,* Яки қурдас, яки синлим, «Гүнайың не?» деген екен (Бердақ).

СЫНЫҚШЫ ат. Сынықты дүзетиўши, салыўшы, емлеўши тәўип.

СЫНЫЎ ф. Бөлиниў, қыйрау. Ат өлсе ет, арба *сынса* отын (нақыл). Кетпеди кеўилдиң дағы, Көпир *сынды* гүзардағы, Ғәриплер ашылмай бағы, Теңиз балығын бермеди (Бердақ). Ақ жағал айтты «мэ-мэ-мэ! Усының да қосық па? Жилигим *сынып* кетсе де, Турғаным турған, асықпа!» (И.Юсупов). Жоқ, оның барлық қабырғасы *сынып* кетти (Т.Қайыпбергенов). Арбам *сынып*

қалды, – деди ол қолларын жайып (К.Кәримов). Айналары *сынып* қалған каютаның есиги ашық еди (М.Нызанов). ◊ **Ажары сыныў** – түси қашыў, солғын тартыў. Мен қудалар жаққа барайын деп үйден ажары *сынып* шықты (К.Султанов). **Гүзе сыныў** – гәп тийиў, бүлгиншиликке ушыраў. Солардың үстинен *гүзе сынды* (Ж.Аймурзаев). Сонда да *гүзе сынып*, урыс-қағыс болып атыр (Ж.Аймурзаев). **Сағы сыныў** – пәти қайтыў, пәсейиў. Байға бардың, бахыт болдың, *Сынбайтуғын сахыт* болдың, Жөнин таптың қыйсық жолдың, Ҳәр кимлерге кеттиң, дәўран (Бердақ). Бахытлы балалық болмай, *сақ сынып*, Жаслай көрип бәрин – жаман-жақсының, Услап ошағынан қуўырдақшының, Интернатқа берген сизди, ағалар (И.Юсупов). Соңғы жыллары ханның *сағы сыныпты* (Ш.Сейтов). **Сөзи сыныў** – сөзи орынланбаў, питпеў. *Сөзим бир сынады*, еки сирә да сынбас (Ө.Айжанов). – Өтинбең, *сөзиңиз сынады*, шайқымыз (Т.Қайыпбергенов). **Тили сыныў** – басқа тиллердиң сөзлерин қәтесиз, акцентсиз айтыў, үйренисиў. Соған шекем *тилиң сынып*, дәўазаманлардың тилинде сөйлейтуғын боласаң, оларга түйиншик аўыстырасаң, болмаса, мына сыйқың менен сарайға киремен деп дәмеленбе (Т.Қайыпбергенов).

СЫҢАР кел. Бир, жалғыз, биреў, екеўдиң биреўи. Бирақ, бул сапардағы хабар да дәслепкиниң *сыңары* болды (К.Султанов). Көзлериңнен көрип қалдым көзимди, Дилмашсыз түсиндим ҳәр бир сөзиңди, Өз ағама мегзетемен өзиңди, Егиздиң *сыңары* болған ағайин (И.Юсупов). Екеўиниң арасында еки жас ғана парық бар, болмаса екеўи бир түслес, егиздиң *сыңарындай* усас адамлар еди (Т.Қайыпбергенов). *Сыңар* қолы менен муғаллим журналдан бир нәрсени излеп атыр (Ш.Сейтов).

СЫҢҒЫРЛАЎ ф. Сылдыраў, бир затқа тийип сес шығарыў, урылған сес. Жолдың еки бойы қоңыраўдай *сыңғырлаған* даўысқа уйысып турғандай қалғыған (К.Султанов). Гейде *сыңғырлап* келип күледи, Гейде қайырға шығып жүреди, Суўды шамбырлатып аппақ аяғы, Балықтай былғақлап кетеди тағы (И.Юсупов). Қуўырдақшының қойны-қонышы гүмис теңгелерге толып, *сыңғырлап* атырғаны (Т.Қайыпбергенов). Көз алдына өңир моншағы *сыңғырлаған* қыздың келбети келип тура қалды (К.Кәримов). Пай-па-ай, заңғардың баласының ҳаўазы! Қоңыраўдай *сыңғырлайды!* (М.Нызанов).

СЫҢҒЫРЛЫ ат. Темирдиң бир-бирине тийгендеги сести. Изинен гүмис теңгелердиң *сыңғырлысы* еситилип еди (К.Кәримов).

СЫҢҚ ЕТИЎ ф. Сыңқылдап жылаў, қыңқылдаў, сыңқылдаў. Тентек буйра толқынларыңнан асып, *сыңқ-сыңқ еткен* күлисинди сеземенен (Ә.Шамуратов). Көрсем *сыңқ-сыңқ* күлген суўларын сайдың, Тыңлап шопан шерткен сестин сырнайдың, Сонда бир сен болып шадлығым, қайғым, Турдың көз алдымда, Әмиўдиң қызы (И.Юсупов).

СЫҢҚЫЛДАСЫЎ ф. Қыңқылдасыў, жиңишке сес шығарысыў. Қызлар *сыңқылдасып* бир басып күлисти (К.Султанов).

СЫҢҚЫЛДАЎ ф. **1.** Жиңишке сес шығарыў. Қатынлар *сыңқылдап* күлип, Не болғанын иши билип, Сарайдың қапысын илип, Ўағыр-шағыр болған екен (Бердақ). Бир сапарға қойдым... деп *сыңқылдап* күлди (К.Султанов). *Сыңқылдаған* меруерт көзли булақта, Сыбырлап турғандай бир үн қулаққа, Шопан достым усы булақ ҳаққында, Кишкене бир ертек сөйледи сонда (И.Юсупов). – Туўры, – деди келиншек *сыңқылдап* күлип (К.Кәримов). **2.** Жылаў, қыңқылдаў.

СЫҢСЫЛАЎ ф. Сыңсылап әсте жылаў, сес шығарыў.

СЫҢСЫТЫЎ ф. Сыңсылап әсте ыңылдаған сес шығартыў. Шерли нама кеўил шерин молайтқан, Бул қосықты соннан бери ел айтқан, Сол бир күнде суў бойында *сыңсытып*, Бул қосықты ядлап қалып көл айтқан (И.Юсупов).

СЫҢСЫЎ I ф. Сыңсып, әсте, ыңылдаған сес шығарыў. Қулағын салып тыңлады, *Сыңсылап* шыққан сестинен, қыз екенин биледи («Мәспатша»). Журт айтысты «Еркин – тәўир өзек» деп, «Мине, бул өзекке келди гезек» деп, Суўында сүўенлер көп қурды ойын, *Сыңсыған* тоғайлар қаплады бойын (И.Юсупов). – Шырағым Жәмийла, енди сеннен де айырыламан ба? – деп баладай *сыңсып*, еңкилдеп жылады (К.Султанов). Оның кетерде *сыңсып* жылаған сести қулағына тал-тал келип, басын жаңлатады да турады (Т.Қайыпбергенов).

СЫҢСЫЎ II ат. Узатылыў ўақтында қызлар тәрепинен айтылатуғын ҳалық аўызеки дөретпеси, фольклорлық термин.

СЫП ЕТИЎ ф. Тез, жылдам, шаққан, дәрриў. Иштен ҳеш ким *сып етип* шыға қойған жоқ (Ө.Хожаниязов). Қатынек суўпы *сып етип* есиктен шығып кетти де, сырттан илдирди (Т.Қайыпбергенов).

СЫПА ат. Адам отырыўға, аўқатланыўға, дем алыўға арналған, төрт мүйешли, жерден жоқары етип бийиклетип исленген орын. – Келиң, келиң мына *сыпаның* үстине өтип, жайласа беринг

(А.Бекимбетов). Мен киргенде ол шетиректеги бир *сыпаның* ернегинде билеклерине алма-гезек сабын жағып отыр екен (Т.Қайыпбергенов). Булар отырған *сыпада* өзге адам жоқ (К.Көримов). Дардың қапталында адам бойынан қол ушы бийикликте дөңгелек *сыпа* орнатылған (М.Нызанов).

СЫПАЙЫ I ат. Хәмелдар, салтанатлы адам. *Сыпайы* келсе мал соймай, Дастурхан жайып нан қоймай («Алпамыс»). Батырға шарапат, *сыпайыға* сиясат («Қоблан»). *Сыпайы* тоңбас, қалтырар (нақыл). Хәр қыйлы рендеги атлардың үстиндеги ғүл мыйықланған ақ баслы ер менен әшекөйленген еркешелердиң ғайры нағысына сақал хәм ажары хәр түсли *сыпайылардың* қурашлары менен шапанларының бояўы қосылып таўыс қустай жалт-жулт етеди... (К.Султанов).

СЫПАЙЫ II кел. Әдепли, ибадатлы, шыдамлы, сабырлы, ийбели. Олар жоқары жақтан келген *сыпайы* халық (К.Султанов). – Медет, – деди Мийирхан бир мәҳәлде күтә *сыпайы* биймәлел түрде (Ө.Хожаниязов). Бул гәплер Бийбисараға жақпаса да, апамның оған бийтаныс адамның алдында сыр бермеўи ушын *сыпайылап* айтқан тәселлеси хәм тәмбиси еди (М.Нызанов).

СЫПАЙЫЛАСТЫРЫЎ ф. Әдепли, сабырлы, ийбели түрде хәрекет етиў ямаса айтыў. – Олай емес, аға! Қол тиймеди, – деп гәпти *сыпайыластырып* (К.Султанов).

СЫПАЙЫЛЫҚ ат. Әдеплик, ийбелик, сабырлық. Ананы сыйлағанлық па, яки аўыр сөз айтып муңайтып салар деп еси енип киятырған баланың *сыпайылық* сақлаўы ма, Нуржамалдың шаншылған көз қыйығын сезсе, китапты жаўып, дәрҳал гүрекке асылады (К.Султанов). Жибер, *сыпайылықтан* тирилик пайда (Т.Қайыпбергенов).

СЫПАЙЫШЫЛЫҚ қ. сыпайылық.

СЫПАТ ат. **1.** Келбет, түр, түс, көринис. Оның келбети саңыраў далада анасынан айырылып қалған қозының *сыпатына* усар еди (Ж.Аймурзаев). **2.** Сапа, қәсийет. ◊ **Сыр-сыпат** – түр-түсине, минезине, қәсийетине таныс емес, бийтаныс, түсинбеўшилик. Отырысып сырласпасақ та, бир-биреўдиң *сыр-сыпатына* таныспыз (К.Султанов).

СЫПАТЛАМА ат. Улыўма адамға я басқа нәрселерге берилетуғын минезлеме, сын.

СЫПАТЛАС кел. Сыр-сыпатлас, минезлес, сырлас, бир-биреўдиң қәсийетлерин жақсы билетуғын. Бурын сыр-*сыпатлас* болмаған жорады (К.Султанов).

СЫПАТЛАЎ ф. Сүүретлеў, түр-түсин, көринисин айтып бериў. Маңлайдағы қабат-қабат жыйрықлары ашыўланған я қапаланған адамның түрин *сыпатлайды* (А.Бекимбетов). Әжинияз мүшесиниң бәрин *сыпатлап*, үй-ишиндеги дәстүр қылўасын айтты (К.Султанов).

СЫПАТЛАЎШЫ ат. Минезлеме бериўши, сын бериўши.

СЫПАТЛЫ кел. Уқсас, мегзес, усаган. Ҳеш ўақ оңбас жуўан қарын, шошқа *сыпатлыны* сәўмеймен (Өтеш). Ал, қалпағымыз болса, қара болганы ушын, матам *сыпатлы* болғаны ушын өзимиздики (Т.Қайыпбергенов).

СЫПАТЫНДА тир. Ол ҳеш қайсысына қарсылық билдирмес, күлген аўзы жыйылмай, мирәт еткен топарға барып, гә бир қолын бүйирине таянып, хошласыў *сыпатында* бир қолын жоқары көтерип объектке қарар еди (М.Нызанов).

СЫПҚАНАҚ кел. Тайганақ, жылысқақ. Сол бәлентликтен ултанға қарай цемент пенен қуйылған *сыпқанақ* текше бар екен (М.Нызанов).

СЫПҚАНАЎ ф. Тайғанаў, тайыў, жылысыў. Гүрегиниң қар астында *сыпқанап*, тайғағын ол бирден-ақ билди (Ө.Хожаниязов). Найзасының сабы қолынан *сыпқанап* шығып кетти (Т.Қайыпбергенов). Нәзеримде оның териси ғағырлап кеўип қалған, қолларына суў жуқпастан, *сыпқанап* ағып кетип атырғандай еди (М.Нызанов).

СЫПСЫҢ кел. Өсек, өтирик, жалған, жасырын гәп, сөз. Қудалар кеткен соң қоңсы-қобада *сыпсың* көбейди (К.Султанов). Бир күни кеште, Бир мүйеште, Табысты еки көлеңке, Жолдан ығысып, Дийўалға жабысып, *Сыпсың-сыпсың* сөйленди (И.Юсупов). Ақбийдай ериниң неге қапа болғанын ертеңине, үйине келген кемпирлердиң *сыпсың* гәплеринен еситти (Т.Қайыпбергенов). Ата-анасы тис жарып ҳеш нәрсе демегени менен бийшара қызды жуўған хаяллар оның неден өлгенлигин билип қояды да, *сыпсың-сыпсың* гәп қылысады (К.Кәримов). Ҳәзир ондай *сыпсың* гәплер көп (М.Нызанов).

СЫПСЫҢЛАСЫЎ ф. Өз ара сыбырласын, жасырын сөйлесиў. Ол хан жасаўылларының ортасында турғанлықтан ба, ҳеш ким сөзин бөлмеди, өз ара *сыпсыңласпады да*, жүдә дыққат пенен мақул тыңлап турыпты (Т.Қайыпбергенов).

СЫПТАЙ кел. Қысылған, буўылған, жиңишке, жеңил, дүп-дүзиў, оқтай. Таўлардың жүйи сөтилмеген менен гүңиренди, аспаннан тынбай епелеклеген қар көшкенлерди оммалатып

жолларын бөгеди, барлық жапырақлары түсип *сыптай* болған таў өсимликлери қар суўырған дүбелейге шыдамай бас ийди, «биздей жалаңаш қалсаңыз да, бөҳәрде кийингейсиз» дегендей ызыңласты, қайғыға төтепки бере алмай мортылдасып сынды (Т.Қайыпбергенов).

СЫПТЫРЫЛЫЎ ф. Жылысып шығыў, өтиў, түсиў. Сонлықтан, Жарлық қойнынан *сыптырылып* түсип, әлле бир қуўыста, я бир түбирге илинип жатырғандай көринип, Маман бий көп атлылар менен излеўин даўам етти (Т.Қайыпбергенов).

СЫПЫЛДАЎ ф. Көз илмей тез өтиў, тез өтиў. Усы мәҳәлде дәрьяның жағасындағы пишенликтиң арасы менен әлле кимниң *сыпылдап* жүрип киятырған аяқ сести еситилди (К.Султанов). Халық дүбири менен бири қалмай ушып, мыңсан пияда жерде, олар аспанда қанатларының *сыпылдасқан* епкини менен Маманларды узатысты (Т.Қайыпбергенов).

СЫПЫРА ат. (а. – *сапар азығы*). Қамыр ийлеў, жайыў ушын ҳәм ун салыўға арналып териден, басқа материалдан исленген зат. *Сыпырамда* болмаса, шанашымда уным жоқ (А.Дабылов). Кимсени айырар *сыпыра*-шанаштан, Өлтир сол ийтиңди Дүйсен қәндекли (Әжинияз). «Қоя тур!» деп, *сыпырадағы* унды да қағып салып атыр еди, оқыранған аттың сести еситилди (К.Султанов). Бети ун *сыпырадай* қатынек суўпыдан басқа еркек әўлады көринбейди (Т.Қайыпбергенов). *Сыпырамда* ун болғанда сизлердиң алдыңызға қоймас па едим? (К.Кәримов).

СЫПЫРА ат. **1.** Қатар, топар. Ақыры бизлердиң бир *сыпырамызға* напақа усы жақтан барады ғой (Ө.Хожаниязов). **2.** Ҳәмме, барлық, түўел. *Сыпыра* бес тилла деп атыр, төрт тиллаға келиседи ғой (К.Султанов).

СЫПЫРҒЫШ кел. Анаў-мынаў нәрселерди сыпыратуғын материал, ләтте.

СЫПЫРЫҚ ат. Сыпырып жыйналған зат, жыйынды, қоқсы, тасланды.

СЫПЫРЫЛЫЎ ф. **1.** Тазаланыў, сыйырылыў. **2.** Жаздырылыў, жылысыў, кетиў. Аттан айрылмайын деп, ақ бас ердиң басына әри-бери тырмасып еди, сары жорға үлкен бир ыраштан атлаған уақытта, Мүширип *сыпырылып* түсип қалды (К.Султанов). Мен үндемей әстен *сыпырылып* үйден шықтым да кеттим... (Т.Қайыпбергенов).

СЫПЫРЫНДЫ ат. Сыпырып жыйналған зат, жыйынды, қоқсы, тасланды.

СЫПЫРЫНДЫҚ қ. сыпырынды.

СЫПЫРЫНЫЎ ф. Тазаланыў, артыныў, сүртиниў. Күнниң суўығында да, ыссысында да қара терге шомылып, *сыпырыныўға* пурсат таппайтуғын уста Владимирдиң қара көмир аралас маңлай терлерин, жуўан билеклерин басындағы ақ жипек сәллесин шешип сыпырады (Т.Қайыпбергенов).

СЫПЫРЫСЫЎ ф. Тазаласыў, артысыў.

СЫПЫРЫЎ ф. **1.** Тазалаў, шарлаў, сыйырыў, артыў. Патша тандырды көриўге кетип баратырса, бир кемпир есигиниң алдын *сыпырып* атыр екен (ққ.х.е.). Суўдың түбин *сыпырып* киятырған аў томарға илинсе, дузақтан айырыласаң! (К.Султанов). Қаңырап қалған сарай саяларында, Жатты Шөл тәңириси *сыпырып* терин, «Адам деген найсап, әстапуралла, Сезип жүр екен ғой дүньямды мениң!» (И.Юсупов). Маңлайының терин алақан менен *сыпырып*, аппақ тислерин көрсетип күлип тур (Т.Қайыпбергенов). Ал, өзиниң аты Аскар, – деп баққал тар дүкәнның ҳаўасы аўырласып кеткенликтен тершиген маңлайын дуўқат шапанының жеңи менен *сыпырып* (К.Кәримов). Диван кроваттың үстине тақлаўы менен турған бет-қол *сыпыратуғын*, аяқ сүртетуғын, жуўынатуғын сүлги, көпшик қап, простина ҳәм одеяло қапларды таслады (М.Нызанов). **2.** Алыў, сыйырыў, шешип алыў. Урадағы дәнин, қорадағы малын *сыпырып* алдың (К.Султанов).

СЫР I ат. (а. – *жасырын нәрсе ямаса гәп, кеўил*). Өзгелерден жасырын тутылған ис, гәп, зат, билинбеген ишки ҳәрекет (минез-қулық). Аттың *сыры* ийесине мәлим, қыздың *сыры* төркинине мәлим (нақыл). Жаманларға *сырыңды* айтпа, Келген жерде сөзден қайтпа, Достыңды ҳасла муңайтпа, Душпаныңды мата, балам. (Бердақ). Жоқ, тыңлаңыз, олай емес, басқаша, Дәрья *сырын* мен айтайын досларым (Ә.Шамуратов). Енди қалай да *сыр* бермеўге тырысты (Ш.Сейтов). – Кимнен қорқасызлар? – деди Меңлимурат ага бизлердиң *сырымызға* түсинип (Т.Қайыпбергенов). Жер – биз ушын еле мыңнан бир *сыры* ашылмаған планета (М.Нызанов). Тек бийшара Өлмесектиң бир өзине ғана аян пинҳамы *сыр* еди (К.Кәримов). ◊ **Сыр минез** – жүдә таныс, сырлас, қылығына таныс, билис. Оның менен жастан *сыр минез* болып өскен (К.Султанов).

СЫР II ат. Жылтырақ минерал ямаса май бояў, бояўдың бир түри, эмаль. *Сырлы* зеренниң сыры кетсе де, сыны кетпес (нақыл).

СЫР III ат. (р. – *ҳөл, ызғар, қам*). Сүт өнимлеринен исленген азықлық.

СЫРАЛҒЫ ат. **1.** Балық ҳәм басқа да аң аўларынан берилетуғын бөлек, пай, саўға. Бирақ, «жаланаяқлар» бай аўылдан кеўсен сораса, бай үйлер де бир асым *сыралғы* балық ушын жаланаяқларға жалтақ еди (К.Султанов). **2.** к. кеўсен. Бирақ, кеўсен сораў дийқанның, *сыралғы* сораў балықшының ата-бабасынан киятырган кәри ғой (К.Султанов).

СЫРАН ат. Суўық, ызғырық, боран. Жанымды алды *сыран* суўық, Суўықтан жарылды уўық, Жаз бизге келмеди жуўық, Бул кәрага жаз келер ме? (Бердақ). Не бир үргин *сыран* кетип, Күн райы тәўир келди (Ж.Аймурзаев). Самал қара *сыран* дүбелей болып киятыр (К.Султанов).

СЫРАТ ат. Диний түсиниклерде о дүньядағы көпир. Саўал асан болғай гөрдә, Руўзы қиямәт мәҳшәрдә, Ол *сыратдын* өтәр йердә, Болған расуўл шафааты (Бердақ). Ертең ол дүньяға барғанда, *сырат* көпиринен өтер жерде, тириликте еткен гүнаң менен берген қайыр-сақаўатыңды тәрезиге тең тартса керек (К.Султанов).

СЫРҒА ат. Қулаққа тағылатуғын, ҳәр түрли металлардан исленген безениў буйымы. Қулағыңа салып алтын *сырғаны*, Хабарың бер перийзадым йол болсын (Әжинияз). Қулағында алтын *сырға*, Тилиң шийрин, кеўлиң мырға, Келдим саған зордан-зорға, Қарсы алдыңда турман, келин (Бердақ). Кийим-кеншек, төсек, табақ-қасық, билезик-*сырға,* боғжама-садық, мүлк-көлик – бәрин базарға әкелген (К.Султанов). Келини әкелген тилла билезик, Бармақтан шешилди периўза жүзик, Қулағынан алды зерли *сырғасын*, Журт елжиреп турды баўырын үзип (И.Юсупов). Ай десе аўзы, күн десе көзи, түн десе шашы, осма қойған қасы, гүмис *сырғалы* қулақлары, өкше бәлент геўиши, дуўтар бөксеси, гүзедей көкиреги бар! (Т.Қайыпбергенов).

СЫРҒАНАҚ I ат. Сырғанап ойнайтуғын ойын. Дәпинип келгенине аяғын тепсинип, қапталдағысына қолын сермеп қара жерде сырғанақ тепкен кисидей теңселеди (К.Султанов). Жазда қайырында ойнап қырғалақ, Қыста музларында тептик *сырғанақ*, Кекили гүзелген, мойны ырғанақ, Қара бала ядында ма, Кегейли? (И.Юсупов). Отряд ағзалары менен ойласып *сырғанақ* дүзетейик деген шешимге келдик (Т.Қайыпбергенов).

СЫРҒАНАҚ II кел. Тайғанақ, жылысқақ, тайғақ.

СЫРҒАНАЎ ф. **1.** Жылысыў, тайыў. Сапар сынаптай *сырғанап*, болыстың ынғайына көше берди (Ж.Аймурзаев). Полат қанат прокатлар *сырғанар*, Жаңа қуйған отлы таяқ трубалар, Түн

ишинде сызып аспан баўырын, Ағып жүрген жулдыздайын сорғалар (И.Юсупов). Шананың табан темири жеңил *сырғанамай* қырдан жүргендей ысылдай берди (К.Султанов). **2.** Сырғанап ойнаў.

СЫРҒАЎЫЛ ат. Сырық, узын жиңишке ағаш.

СЫРҒАЎЫЛДАЙ кел. Сырғаўылға усаған, сырғаўыл сыяқлы, тәризли, яңлы. Ерназар бийдиң үй жағына қарай қәҳәрли адым атып еди, *сырғаўылдай* билеклерине Әжинияз бенен Пирим жалбарынып асылды (К.Султанов). Қоллары, аяқлары *сырғаўылдай* (Ш.Сейтов).

СЫРҒЫТЫЎ ф. Жоқарыдан төменге түсириў, жылыстырыў, сырғанатыў.

СЫРҒЫЎ I ф. Жоқарыдан төменге қарай жылжыў, түсиў. Аэроплан Төрткүлден бир-еки айланды да, Әмиўдәрьяны бир қапталға алып, төмен қарай *сырғыды* (Н.Дәўқараев). Зер көйлек қоз шашып жанар үстинде, Сен айттың: «әпиў ет, мазам жоқ...» дедиң, Хәм мәрмер текшеден *сырғып* түстиң де, Кеттиң... Мен сен ушын бийғәна едим (И.Юсупов).

СЫРҒЫЎ II ф. Мийўе ағашларының, өсимликлердиң көп жемисли болыўы, мийўени көп бериўи, питиўи, малыныўы. Олардың жиңишке шақалары жүгин көтере алмай төмен қарай ийилип, мийўелери *сырғып* тур (А.Бекимбетов). Жол бойынша ол мени зерикпесин деди ме, үш жылға айра түсетуғын туўысқан қаласына әйнектен қараў орнына келешегине ой жиберип, өзи әскерликтен келгенше көп көшелердиң асфальтланып, көп қабатлы жүзлеген жайлар салынатуғынын, жолдың еки бойына ғаз қатар быйыл егилген жемис ағашлары мийўеге *сырығатуғынын* айрықша ықлас пенен сөйледи... (Т.Қайыпбергенов). Шийрин жүзим солқымлары, Жол бойында көзди тартып *сырғыса*, Теңизиниң толқынларын, Қақ айырып бекирелер ырғыса (И.Юсупов).

СЫРҒЫЯ кел. Сум, жалатай, жалаңқая, қуў, алдағыш, иплас. Сол *сырғыя* шырағым, Қазды сырттан гөриңди («Қырқ қыз»). Сумлық жайлап суўманлаған *сырғыя*, Салып жолды баслап мени бир қыя (И.Юсупов).

СЫРҒЫЯЛЫҚ ат. **1.** Жалатайлық, жалаңқаялық, ипласлық. **2.** аўыс. Гезенделик, қаңғымайлық.

СЫРДАНДАЙ кел. Ашық, ҳеш өсимлик жоқ майдан, далаңлық. Жигит-желең байдың отаўының дөгерегин *сырдандай* қылып сыпырып, биреўлери отын пуштарласа, екиншилери сойылған қойды пуштарлап, жарыса хызмет етип

жүр (К.Султанов). «Несин сүйер бул *сырдандай* даланың?», Деп мениң ышқымды қылма кустаны, Мениң интизарым – өзиңсең, жаным, Сен – уйқысыз түним, дала әрманы! (И.Юсупов). «Усыннан қалсақ бул *сырданда* үшеўимиздиң де өлетуғынымыз тақыйық, ең болмаса қарар көзимиз жер басып тири қалсын» деп Аманлық қысқа қыялынан өткерип: (Т.Қайыпбергенов).

СЫРҚАС ат. Бийхал, кесел, аўырыў, бийтап, наўқас. – Аға! Қайып атам кешеден бери *сырқас* екен (К.Султанов).

СЫРҚАСЛАНЫЎ ф. Кеселлениў, наўқасланыў, аўырыў. Ол шақыртылған еди, бүгин *сырқасланып* отырғанын айтып жиберипти (Т.Қайыпбергенов).

СЫРҚАСЛАЎ кел. Наўқаслаў, аўырыўлаў, бийтаплаў.

СЫРҚАТ ат. Бийхал, кесел, аўырыў, бийтап, наўқас. Қыз – соның қызы. Еки-үш күннен бери *сырқат* (К.Султанов). Қәнекей бар болса менде кәрамат, Болар едим ел дәртине дәрамат, Тоңғанларды демим менен жылытып, *Сырқатларға* берер едим шәпәәт (И.Юсупов).

СЫРҚЫНДЫ ат. Ыдыстың түбинде қалған суйықлық, қалдық.

СЫРҚЫЛЫЎ ф. Тамам болыў, ағып питиў. Жилигимниң майы *сырқылып* орнына келсин деп шетиректеги бир столға аяғымды созып отырып алдым (М.Нызанов).

СЫРҚЫРАТЫЎ ф. Дененің қатты аўырыўы, сыртқы бир нәрсениң тийиўи нәтийжесинде дененің қақсаўы. Петьканың ыңырсыныўлары сай-сүйегимди *сырқыратып*, шыдамай сыртқа шығып кеттим (Ш.Сейтов).

СЫРҚЫРАЎ ф. **1.** Ақаба суўдың сес шығарып әсте ағыўы, суўдың азлап ағыўы. **2.** Қақсап аўырыў, сызлап аўырыў, солқылдаў. Қоңыраттың бир баласының табанына шөңге кирсе, мениң жилигим *сырқырайды* (Т.Қайыпбергенов). Сүйеклери *сырқырап*, бели қақсады (М.Нызанов).

СЫРҚЫЎ ф. Суўын ағызыў, барлық суйықлықты таўысыў. Күшигеннен бүркит болмас, Теңиз суўын *сырқып* болмас, Жартыўлы жүн қырқып болмас, Ала қойды бөле-бөле (И.Юсупов). Муҳаммед Әмин инақ қабағыңның суўын *сырқып* орнына жел үрлеп жибергенге боқ қарнынды сыйпама, пыссыйып қаласаң (Т.Қайыпбергенов).

СЫРҚЫЯ қ. сырғыя. *Сырқыяның* сулыў көрки, Пери ийелеп жатқан мүлки, Иннен қашқан қызыл түлки, Ийтлер қуўып барар изден... (И.Юсупов).

СЫРЛАС кел. Бир-бирине сырларын исенип айтыўшы, мүңлас, ақыллас, пикирлес адам. Бириң синлим, бириң үлкен курдасым, бурыннан-ақ ақылгөйим *сырласым* («Қырқ қыз»). Себеби, Халмураттың үш қатыны да бир-бирине жарысып, *сырлас* болып, ойнас тутатуғын еди (К.Султанов). Бир атың телпекдур, бир атың қураш, Заманыңда кийим болғаның ырас, Түрли баслар менен сен болып *сырлас*, Талай асыўларды астың, шөгирме (И.Юсупов). Маман бий Аманлық пенен қанша жолдас, қанша *сырлас* болса да, оған сыр айтып шағынбаған еди (Т.Қайыпбергенов). Сонлықтан, Оксананың ең жақын *сырласы* мен, күйип-писсе де маған шағынады, қуўанса да биринши маған айтып, жас баладай ушып-қонып келеди (М.Нызанов).

СЫРЛАСЫЎ ф. Ақылласыў, пикирлесиў, ойласыў. Қыз бенен купыя *сырласыўға* баратырған жигитке түнниң қараңғысы жақсы (К.Султанов). Сәйир етип мен сәҳәр ўақта, Кирдим бир әжайып бағқа, Жапырақ жамылып аўлақта, Бүлбиллерге сыр *сырластым*, Самал менен сыбырластым (И.Юсупов). Ҳақыйқатында да, Маман менен сөйлесип, *сырласып* көргенде не қылады? (Т.Қайыпбергенов). Ырасын айтқанда, оның меннен басқа *сырласатуғын* адамы жоқ еди (М.Нызанов).

СЫРЛАЎ ф. Сыр жағыў, сыр менен қаплаў, нағыслаў, бояў. Ерекке отаў қурады, босағасын борлатты, керегесин *сырлатты* («Алпамыс»).

СЫРЛЫ I кел. Сырланған, сыр боялған, нағысланған. *Сырлы* зеренниң сыры кетсе де, сыны кетпес (нақыл). Алтын ғуббалы мешит медреселердиң *сырлы*, нағыслы дийўаллары ғалы паластай жарқырап тур (К.Султанов). Оннан кишкене *сырлы* тостағанға гөже қуя баслады (Қ.Досанов). Сыны кетпес дейди *сырлы* табақтың, Қызларға бергисиз бадам қабақлым, Саўабы көп болар жақсы қонақтың, Аш деймен, бир ақшам мийман болайын (И.Юсупов). Ақырында Жуманазар қатарға келип отырып, *сырлы* лаўабы кесеге гулаб қуйып симирди (К.Кәримов).

СЫРЛЫ II кел. Басқалардан сыр тутылған, түсиниксиз, астарлы, жасырын. Бул сырлы ўақыя ҳәммени ҳайран етти (А.Бекимбетов). «Бул *сырлы* қонақ келгенде аш-арық пенен жетим-жесир алба-далба сыйқын көрсетип, мийзамын бузбасын!» деп урыў кәткудаларының шығарған қатал рәсими (К.Султанов). Бүлбилдиң тийкарғы кәсиби – сайраў, Оның үнинде бар *сырлы* қайталаў, Қосығымды бир рет мен қайталасам,

– О, бүлбил, не ушын журт күлер маған? (И.Юсупов). Маман көп *сырлы* хан аўылында иркиле бериўдиң қәўпине түсинди (Т.Қайыпбергенов). Арадан көп күн өтпей-ақ *сырлы* жумбақты шешиўдиң қолайлы пайыты да келди (К.Смамутов). Ережеп бул *сырлы* ўазыйпаны өзгелер менен ортақласпады (К.Кәримов). Демек, мен хәмме еркеклер қусап сол *сырлы* сандықшаны аша алмаған екенмен (М.Нызанов).

СЫРМА кел. Үсти қандай да бир материал, товар менен қапланған, үстине материал сырылған.

СЫРМАҚ ат. **1.** Таўардың ишине пахта, жүн хәм басқа да нәрселерден салып тигилген үст кийим, гүпи, гүртеше. Ақ сүттен де аппақ сарпай тайынлап, үстинен сыпырып *сырмағын* алды (А.Дабылов). **2.** Сырып тигилген хәр қыйлы кийим.

СЫРМАҚЛЫ кел. Үстинде сырмағы бар, сырмақ кийген.

СЫРМАҚТАЙ кел. Сырмақ тәризли, сырмақ сыяқлы, сырмаққа усаған.

СЫРНАЙ ат. (п. – *тойда шертилетуғын най*). Тесиклерин бармақ пенен ашып-жаўып, үплеп шертилетуғын музыка әсбабы. *Сырнай*, гернайлардың даўысы таўды, тасты жаңлатты («Ер Зийўар»). Еки жағадағы тынып турған урық, жекен усы бийге нама қосқандай нәзик *сырнайын* шертти (К.Султанов). Көрсем сыңқ-сыңқ күлген суўларын сайдың, Тыңлап шопан шерткен сестин *сырнайдың*, Сонда бир сен болып шадлығым, қайғым, Турдың көз алдымда, Әмиўдиң қызы (И.Юсупов). Халық неге шебер болса, бәри исленди: қобыз ба, доңызқабақ па, дуўтар ма, домбыра ма, *сырнай ма*, үшпелек пе, баламан ба – барлық саз әсбаплары жаңлады (Т.Қайыпбергенов). Бул *сырнай да* шертип баратыр, дәп те қағып баратыр (М.Нызанов). ◊ **Асқазаны, қарны сырнай шертиў** – аш болыў, ашығыў. Азанда бир кесе көк шай менен шыққан мениң де *асқазаным сырнай шертип*, жуғырлай баслады (М.Нызанов).

СЫРНАЙДАЙ кел. Сырнайға усаған, сырнай сыяқлы, сырнай тәризли.

СЫРНАЙШЫ ат. Сырнай шертетуғын адам. Мынаў Шымбайдағы Узақбай *сырнайшының* лапызы емес пе? – деди Айымжамал (Ө.Хожаниязов).

СЫРНЫҒЫЎ ф. Дәртин, машқаласын ишине салыў, қапа болыў. – Турым сүйеў еди, оны да белдарға жазыпты... – деп ғарры муңын шағып, *сырныҒып* отырды, – хан сырымызды алды... (К.Султанов). Оның ишинде тәнҳа өзине мәлим, қандай сыр

бүкленип жатырғанын билмейтуғын аўылласлары жаслығына қарамай майып Жумабайға қосылып, татыў өмир баслағаны ушын айрықша хүрмет пенен қас-қабағына бағып, әлленеден *сырныққса* шад қылыўға тырысып жүрди (Т.Қайыпбергенов). Отырып-отырып «неге келдим?» деп өзимнен өзим *сырнығаман* (М.Нызанов).

СЫРРЫЙЫЎ қ. соррыйыў.

СЫР-СЫПАТ қ. сыпат.

СЫРТ ат. **1.** Бир нәрсениң арқа тәрепи, таманы, екинши бети. Аға беглер *сыртым* пүтин, Ишим жанып болды түтин, Асырып залымлар исин, Хеш бир реҳим қылған емес (Бердақ). Қақпағын көтерсең – мәзи қуў сүйек, Саўдырасып жатыр. Ал, *сыртын* көрсең, – Арамейше жазыў. Ҳәм де еңиреп, Жыласқан хаяллар тири ме дерсең (И.Юсупов). *Сыртынан* пиджагин кийди де, хеш нәрсе билмеген киси усап жолға шықты (Т.Қайыпбергенов). Жат адамлар шардан еки адым *сыртқа* шықты да, иркилди (М.Нызанов). Көп өтпей аўыл *сыртында* жалғыз атлы батыс таманға ат жорттырып барар еди (К.Кәримов). **2.** Жәмәәтте бир адам жоқ ўақтында, қатнаспағанда, болмағанда. Бир мүсәпир ғәрипти, *сыртынан* сайыўшы болма («Мәспатша»). Барлық халқыны жыйдырып, Хүкимин жөнсиз сыйдырып, *Сыртынан* неке қыйдырып, Қырқ сулыўды алған екен (Бердақ). Ол өлтирсе журттың *сырттан* айтары, бийшараға жаза қурық түскен дер (Т.Жумамуратов). «Домалақ арза» жазып, *сырттан* сайып, Сөйлесип тири менен тирилерше, Ашықтан-ашық бәрин сөз қылайық (И.Юсупов). Аўзы жеңиллери ханды *сыртынан* сөкти де, базылары мийнетте халық қатары, иззетте қул қатары екенин айтысып, өз ара гийне қылысты (Т.Қайыпбергенов). Қолына түскен нәрсени бас-көз демейди, ылақтырып жибереди, биреўлерди заў-затын қалдырмай *сыртынан* сөгеди (М.Нызанов). **3.** Өз елинен, аўылынан басқа узақ жер, мәмлекет. *Сыртта* жүрип сизлер менен байланыс жасаған адам болса керек (Қ.Әўезов). – Аға, сонша жыл *сыртта* жүрсеңиз де нақыл-мақалларымызды умытпапсыз, – деп күлдим мен (М.Нызанов). ◊ **Сыртқа шығарыў** – хабарлаў, жәрия етиў. Қуўанған сезимин *сыртқа шығарғанша* асығып, бир нәрсе ҳаққында сөз баслағысы келеди (Т.Қайыпбергенов).

СЫРТ ЕТИЎ ф. Тырс етиў, сыртылдаў. Бир ўақытта бир нәрсе сырт етип, пистолет тутқан қолым силкинип кетти

(Т.Қайыпбергенов). Усы ой кәпелимде өз кеўлиме мақул түсти де, бөлменің есигин *сырт* еттирмей ашып, мүйешке айландым (М.Нызанов).

СЫРТҚАРЫ кел. Тысқары, майданға, далаға. Әжинияз *сыртқары* жүрип баратыр еди (К.Султанов).

СЫРТҚЫ кел. **1.** Бир нәрсениң арқа тәрепи, таманы, екинши бети. Патшалық шәҳәр Хийўаны *сыртқы* жаўдан сақлаў ушын үлкен дийўал салынады (К.Султанов). Айна тек те көрсетер сырт жүзиңди, *сыртқы* шырай – шарк урған бир шағала, Егер толық көргиң келсе өзиңди, Жүрегимниң айнасынан сығала (И.Юсупов). Аўылдың *сыртқы* көриниси де, иши де өзгерди (Т.Қайыпбергенов). Сыртта «Хундай» маркалы «тез жәрдем» машинасына марҳумның денесин мингизип, *сыртқы* есигин жаўып атыр екен (М.Нызанов). **2.** Оқыўдың, билим алыўдың түри. – Институтты бирге питкердик-ғо, *сырттан* (М.Нызанов).

СЫРТЛАН ат. Өлимтик пенен аўқатланатуғын, мойнында қатты жалы бар, өсик ҳәм дағал, түри сол жасап турған жерине бейимлесетуғын, түсликте жасайтуғын қасқыр тукымлас сүт емизиўши жырткыш жабайы ҳайўан. Ийт асырасаң *сыртланнан*, Қойды бермейди қорадан (Қ.Айымбетов).

СЫРТЛАНДАЙ кел. Сыртлан сыяқлы, сыртланға усаған.

СЫРТПАҚ ат. Қурық, гүрмек, ушы дузақ етип байланған арқан, жип. Адамға адам *сыртпақ* болып, Адамды адам қыйнап атар, Адамды адам қуртпақ болып, Жаў-жарағын сайлап атар... (И.Юсупов).

СЫРЫҚ ат. Узын жиңишке ағаш. – Үйге барған соң, ана қоралардан адамға бир *сырық* алың (К.Султанов). Атлы биреў алдындағы еки пияданың өкшелерин бастырып, узын *сырық* пенен сабалап, аўылға кирип киятыр (Т.Қайыпбергенов).

СЫРЫҚЛЫ кел. Сырығы бар, сырыққа ийе.

СЫРЫҚСЫЗ кел. Сырығы жоқ, сырыққа ийе емес.

СЫРЫҚТАЙ кел. Сырыққа усаған, сырық сыяқлы. Ийнине асынған мылтықтың найзалары желкесинен тесип шыққан *сырықтай* басларындағы бөркинен бурын шошаңлап киятыр (К.Султанов). – Мунлы еди ерке бүлбил намасы, Өскен гүлдиң болмады ҳеш панасы, Гүжим өсти қуў *сырықтай* қуўарып, Адамзатқа ҳәз бермеди саясы (И.Юсупов).

СЫРЫЛДАҚ кел. Көкиреги шуўылдайтуғын, қырылдайтуғын, шуўылдақ, қырылдақ.

СЫРЫЛДАЎ ф. Өкпеси, көкиреги дем алыў ўақтында сес шығарыў, шуўылдаў, қырылдаў. Өзи көкиреги *сырылдап* зорга жүр (Т.Қайыпбергенов).

СЫРЫЛДЫ ат. Өкпеси, көкиреги дем алыў ўақтында шыққан сес, шуўылды, қырылды. – Хе, деди анам, қулаққа жат тийетуғын *сырылды* аралас бир түрли даўыс пенен (К.Смамутов).

СЫРЫЛЫЎ ф. Көрпе, көрпешелердиң жол етип тигилиўи.

СЫРЫСЫЎ ф. Көрпе, көрпешелерди жол етип тигисиў, жәрдемлесиў.

СЫРЫТТЫРЫЎ ф. Көрпе, көрпешелерди жол етип тиктиртиў.

СЫРЫТЫЎ ф. Көрпе, көрпешелерди жол етип тиктириў.

СЫРЫЎ ф. Көрпе, көрпешелерди жол етип тигиў. Кемпири *сырып* берген гөнетоз көрпешени төсеп мың мәрте малдас қурды, мың мәрте домалап түсти (М.Нызанов).

СЫТЫЛЫЎ ф. Сылыныў, сыпырылыў, жулыныў.

СЫТЫРЛАТЫЎ ф. Тырсылдатыў, шытырлатыў. Доктор оған *сытырлатып* еки қатар сөз жазды да, алдына қойды (М.Нызанов). Мына жақтан путалықларды *сытырлатып* келип қалған Медет хожаның көзи Нурлепестиң қолындағы бүкленбеген бесликте дирилдеди де, ашыў менен: – Кемпириң анаў бетте, мусылманан, – деп бақырып жиберди (Ш.Сейтов).

СЫТЫРЛАЎ ф. Тырсылдаў, шытырлаў. Ший есик *сытырлап* кетти (Ж.Аймурзаев). Дыққат, жигер бирлесер дәрҳал, Илгир көзлер қамасар аққа, Изде *сытырлар* бос шаңғалақлар, Алда күтер ашылған пахта (И.Юсупов). Қудық түбинен қамыс *сытырлап*, биреўдиң қыймылдағаны сезилди (Т.Қайыпбергенов).

СЫТЫРЛЫ ат. Тысырлы, шытырлы. Базда шөптиң *сытырлысына* қулақ тигеди (Т.Қайыпбергенов). Бир мәҳәл бас ушымдағы белгисиз бир *сытырлыдан* ояндым (М.Нызанов).

СЫТЫСЫЎ ф. Сылысыў, сыпырып алысыў, жулысыў.

СЫТЫЎ ф. Сылыў, сыпырып алыў, жулып алыў. Қарақалпақлар малдың жилиншик сүйегин *сытып* алып, қорғасын қуйып, ойын ойнайды (К.Султанов). Қызлар туттың басынан, гүлгин жапырақ *сытады* (Т.Сейтжанов). Бегдулланың езиўи жайылып ҳәр баласының басынан бир сыйпалады, жорамалдан *сытып* үшеўине үш шабақ услатты, қалғанларын қыршыў ушын ҳаялына берди (Т.Қайыпбергенов). Обалына не

керек, ақшаны *сытып* алған менен бизден жасырып хеш нәрсеге жумсамайды (М.Нызанов). ◊ **Сытылып қашыў** – жаздырылыў, босаныў, шығыў. Өзи де оғыры қарыўлы, жүргенде аяғының астындағы орпаңлар бармағының арасынан *сытылып қашады* (Ш.Сейтов).

СЫЯ ат. (п. – *қара, қараңғылық*). Хат жазыўға арналған бояў, хәр қыйлы реңдеги суйықлық. Сыясы дақ түспеген таза *сыя*, Дуўасын тапсаң болар дәртке даўа (Әжинияз). Тас дәўет гөне бөзден қапланған, *сыясы* тарыдан бәрин таслаған (С.Нурымбетов). Мийиздей қара көз, қар үстине тамған қара сыядай, ғаз омыраў төси қайқайып, үш таллап өрген еки бурым қара шашы атлас орайпек пенен қолдан көгерген қызыл-ала гүлдей ғайры нағысланып тур (К.Султанов). Келешекти үмит пенен болжаған, Урыстан соңғы жыллар еди ол заман, Отсыз жайда жазыўға қол жуўыспай, Дәўетине қуйған *сыяң* тонлаған (И.Юсупов). Үйине барып қәлем-қағаз, *сыя* саўытыңды сазлап отыр (Т.Қайыпбергенов). Мийнет дәптершесинде жумысқа алыў хаққында *сыя* менен жазылған бир буйрықтан басқа хеш нәрсе жоқ (М.Нызанов).

СЫЯ ДӘЎЕТ ат. Сыя салатуғын ыдыс. Қобдыйшаны алып *сыя дәўети* менен қамыстан исленген қәлемди бир шетке қойды (К.Султанов).

СЫЯҚ ат. (а. – *ағым, процесс, даўам етиў*). **1.** Келбет, түр, пишин, көринис. Көрсем-билсем мен хабарын айтайын, Қандай еди жоқ малыңның *сыяғы?* («Алпамыс»). Туттым шәҳәриңизден еки жас бала, Айпаршаға мегзер қыздың *сыяғы* («Мәспатша»). Пәри түсип қыяғынан, Сыйқы кетип *сыяғынан*, Тикен тырнап аяғынан, Қанатқанда қаны болмас (Бердақ). **2.** Ҳалат, жағдай,

СЫЯҚЛАНЫЎ ф. Уқсаў, мегзеў. Мурат шайықтың қолы истен суўып, дүньяда жалғыз қалған *сыяқланды* (Т.Қайыпбергенов).

СЫЯҚЛЫ тир. Уқсаў, секилли, тәризли, мегзес, усаған. Бирақ, онда әлле қандай жасырын сыр бар *сыяқлы* (Ө.Айжанов). Әлле кимди излеген *сыяқлы* ол жән-жағына жалтақ-жалтақ қарайды (Ө.Хожаниязов). Сол *сыяқлы* жүрегимде мениң де, Қысы-жазы гүллеп жатар муҳаббат, Бурқыраған магнолия гүлиндей, Сап ышқымды, сәўер ярым, қабыл ет (И.Юсупов). Тас ылақтырыў лийкинин бериўди соранды. Ханға бәри бир *сыяқлы* шайыққа карады (Т.Қайыпбергенов). Ертеде усталар ең қатты тасларды

сайлап алып, ол таслардың курамында темир, титан *сыяқлы* қатты металлар да болған, оларды еки мың, еки ярым мың градуста қыздырған (М.Нызанов).

СЮЖЕТ ат. (фр. – *предмет, мазмун*). Әдебий шығармада, фильмде ўақыялардың мазмунындағы избе-излик хәм байланыс, көркем шығарма мазмуны. Инсан жүрегинде бир өмир сақланып қалатуғын муҳаббат сезимлери, оның ләззети менен тәшўишлери автор тәрепинен қызықлы *сюжетлер* менен берилген (М.Нызанов).

СЮЖЕТЛИ кел. Тийкарында сюжет болған, сюжет дүзилген.

СЮЖЕТСИЗ кел. Сюжет тийкарында исленбеген, сюжетли етип дүзилмеген.

СЮИТА ат. (фр. – *қатар, избе-излик*). Улыўма көркем мазмун, идея, бағдарлама тийкарында бирлестирилген, избе-из келиўши бир неше (контраст) айырым бөлимлерден ибарат болған музыкалық шығарма, музыка жанры.

Т

Т – Қарақалпақ әлипбесиниң жигирма бесинши ҳәриби ҳәм оның таңбасы. «Т» ҳәрибин айтқанда аўыз әсте ашылады да тилдиң ушы тиске тийип, даўыссыз сести пайда етеди. «Т» ҳәриби сөздиң басында тас, талақ ҳәм т.б; сөздиң ортасында қатар, шатыр ҳәм т.б; сөздиң ақырында хызмет, қаназат сыяқлы сөзлерде қолланылады.

ТАБА I ат. Нан ямаса басқа ҳәр түрли аўқат писириў ушын металлдан жасалған дөңгелек ыдыс. Дастурханын кеңнен жайып Абадан, Қууырдағын алып келди *табадан* (Т.Сейтжанов). Оның ҳәрекети сондай тез, нәзеримде ғазге қойылған *табалар* да мультфильмдегидей аўқатты жылдам писирип таслағандай көринер еди (М.Нызанов). ◊ **Таба нан** – табаға писирилген нан. Бул күнлери келиншеклердиң дүрсилдескен келилериниң сеслери саябырланған, жүүери, сөк дегенниң бәри қашшан салынып болынған едидағы, бирақ тандырларға нан жабыў, *табаларға* нан салыў еле даўам етер еди (Ш.Сейтов).

ТАБА II ат. Биреўдиң сәтсиз исине қуўаныўшылық, күлиўшилик. Жоқ айыпты тағып *таба* қыласаң, Жалғаннан қыйпақлап тәўбе қыласаң (Қ.Ирманов). Ақылсыздың нәсиятын алмайман, Душпанлардың *табасына* қалмайман («Алпамыс»).

ТАБАҚ ат. Азық-аўқатлық затларды салатуғын темирден, қалайыдан, ағаштан ҳәм басқа да материаллардан исленген ыдыс. Үлкен асым тыран шабақ, салып жегеним жекен *табақ* (Күнхожа). ◊ **Табақ тартыў** – тамақ бериў, аўқатландырыў. Он бес ара *табақ тартты*, Несийбе сол болған екен (Бердақ). Қулымбет бай сыртқа шыққан жасаўыллардың қайда кеткенин билмей, *табақ тартыўды* тоқтатып отыр едик (К.Султанов). Шаңқай түсте аламанға үшеў ара, төртеў ара *табақлар тартылып*, тийислилерине геллелер қойылып, қымызлар сапырылып, түстен соң топлым журт тамашаға шығып кетти (Ш.Сейтов). **Баспа табақ** – китаптың он алты бети.

ТАБАҚЛАС кел. **1.** Дуз-дәмлес болып, өз ара қарым-қатнаста болған кисилер. Заманында *табақлас* болып, Қулымбет пенен қол жуўысқан (К.Султанов). **2.** Аўқатты бир табақтан жеў. Аўыл елди аралап жүрип талай адамлар менен жолдас ҳәм *табақлас* болсақ (Ө.Хожаниязов). Балам, оның менен талай *табақлас* болып, талай ашшы-душшыны татысқанбыз (Т.Қайыпбергенов).

ТАБАҚЛАЎ ф. Қандай да бир затты табақ пенен бөлиў, бир нәрсени табаққа салыў.

ТАБАҚЛЫ кел. Табағы көп, табағы бар.

ТАБАҚСЫЗ кел. Табағы жоқ, табаққа ийе емес.

ТАБАҚТАЙ кел. Табаққа усаған, табақ сыяқлы, тәризли, яңлы.

ТАБАҚШЫ ат. **1.** Табақ ислеўши, соғыўшы. **2.** Тойға, садақаға, мерекеге үлкен шақырыспаға келгенлерге тамақ тасыўшы. Батыр айтқан соң, *табақшыларда* жан бар ма, жуўырыў менен дәўге барып сизди Оразымбет шақырып атыр дейди (ққ.х.е.).

ТАБАЛАҒЫШ кел. Биреўдиң сыртынан унамсыз гәп еткиш.

ТАБАЛАНЫЎ табалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАБАЛАТЫЎ табалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАБАЛАЎ ф. Биреўдиң бахытсызлығына, исиниң шепке айланыўына сәтсизликке ушыраўына қуўаныў, сыртынан унамсыз гәп етиў. Қосыбай таңланып таңырқаныўдың да, әжиўалап *табалаўдың* да есабын таппай, енжарлық көзқарас пенен ошақ жаққа барып отырды (К.Султанов). Ғош йигитке түссе қатты саўдалар, Достың зар йиғлап душпан табалар (Әжинияз). Сабыров бетине жалт қарап «мына ғарры мени *табалап* киятыр ма» дегендей түси суп-сур болды (К.Султанов).

ТАБАЛАЎШЫ ат. Биреўдиң сыртынан унамсыз гәп, сөз етиўши.

ТАБАЛДЫРЫҚ ат. Есиктиң еки босағасының арасындағы маңлайшаға қарама-қарсы жерге тирелген ағаш. *Табалдырық* маңлайшасына сом алтыннан қуйдырды («Мәспатша»). Ағаш ергенектиң екеўи де *табалдырыққа* шекем нағысқа сырғып тур (К.Султанов). Машина шеберлик пенен бәсип келип, дәрўазаның *табалдырығына* артқы баллонын тиреп иркилди (М.Нызанов).

ТАБАЛДЫРЫҚТАЙ кел. Табалдырыққа усаған, табалдырық сыяқлы.

ТАБАН ат. Аяқтың тобықтан төменги жерге тийетуғын жалпақ бети. Ашыўы келип атаңыз, *табанын* оның тилдирди («Қырқ қыз»). Ҳәтте, *табанына* тикен киргенине де қайылшылығым жоқ (Ө.Хожаниязов). Қоңыраттың бир баласының *табанына* шөнге кирсе, мениң жилигим сырқырайды (Т.Қайыпбергенов). **2.** Аў, трактор, танк ҳәм басқалардың жерге тирелип тийетуғын жағы. *Табан* жағына қорғасын, үстиңги арқалығына қалқы өткерилген (Қ.Ирманов). ◊ **Табан балық** – балықтың кишилеў жалпақ түри. **Табаны тозыў (қабарыў)** – нәтийжесиз жүриў, бийкарға ҳәлек болыў. Почтаға қатнай-қатнай *табан да қабарды* (К.Султанов). **Қара табан** – жарлы, қаллаш. Шығың майданға *қара табан* гедейлер (К.Султанов). **Табан ети, маңлай тери** – ҳадал мийнет пенен тапқан табыс. Өмиринше *табан ети, маңлай тери* күн көрген баласын қайғырды (Қ.Ирманов). **Табан жылтыратыў** – тез кетиў, аўлақ жүриў. Баспашылар төтепки бере алмады, *табанын жылтыратып* келген изин тапты (Қ.Ирманов). **Табан жерге изеп бастырмаў** – **а)** қасынан қалдырмаў, үйден шығармаў. Ол (әкеси) болғанда Мийирханды *табан жерге изеп бастырмайтуғын* еди (Ө.Хожаниязов). **б)** келтирмеў, әкелмеў, жолатпаў, жақынлатпаў. **Табанда турыў** – бирден, тосыннан, тапжылмай, дәрриў. Екеўи де бир-бирин көриўден-ақ *табанда турып* қалды (Ж.Аймурзаев). **Табанын қырып алыў** – жанына жақынлатпаў, келтирмеў, жолатпаў. **Табанын тоздырыў** – қайта-қайта қатната бериў, келтириў. **Табаны тайыў** – жумыс орнынан айыплы болып босаныў. **Табаны тартнаў** – қандай да бир жерге барғысы келмеў, жүргиси келмеў. Қашшаннан байдың өзине суқланып жүрген қыздың сол ўақытта-ақ *табаны тартпап* еди-аў (Ш.Сейтов). **Табаны тийиў** – барыў, болыў, қандай да бир жерде болыў. Егер *табаным тийип* барағойсам, олардың ҳәр биринен кеширим сорар едим (М.Нызанов). Хийўаға *табаны тийген* қарақалпақ бийлериниң мәкан жайы болатуғынын айтты, еки базарлықта Есенгелди бий менен Маман бий дегенниң қонып кеткенин хабарлады (Т.Қайыпбергенов). **Табанын тилиў** – табанын пышақ, улыўма тыйық пенен кесиў. **Табан тиреў** – қарсыласыў, күш салыў, арқа сүйеў, тураклаў. Таба алмай ҳеш илажын, Тамара қыз *табан тиреп*, Жыйды бойға күш-қуўатын (Ж.Аймурзаев). Айтқаны болмаған соң *табан тиресип* турмады.

Табанлап турыў – қарсыласыў, ежесиў, ерегисиў, өжетлесиў. Олай болса *табанлап турып* аламан (Т.Қайыпбергенов). **Табан астынан** – бирден, тосаттан. **Табаннан қайтарыў** – қарсы сөйлетпеў. **Табаны жерге тиймеў** – зымыраў. Маңлайы күнге күймеген, *табаны жерге тиймеген* («Алпамыс»). **Табанына дуз қуйыў** – жоқ қылыў, қуртыў, өлтириў. **Табанын жалаў** – жағымпазлық етиў. **Табаны тесилиў** – жүрип шаршаў. **Бир табан** – аз да болса, бир шама.

ТАБАНДАЙ кел. Табан сыяқлы, табанға усаған, мегзес.

ТАБАНЛАС қ. табанлы.

ТАБАНЛАСЫЎ табанлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАБАНЛАЎ ф. Бир нәрсени, затты турақлы түрде ислеў, хәрекет етиў.

ТАБАНЛЫ кел. **1.** Бир бағыттан айнымайтуғын, турақлы, тыянақлы, шыдамлы. Ҳақ нийетли, жипектей жумсақ минезли, *табанлы* сөзли, Жәмийласы қайда? (К.Султанов). **2.** Бир заттың төменги жағы, ултаны бар, ултанлы.

ТАБАНЛЫЛЫҚ ат. **1.** Турақлылық, шыдамлылық, тыянақлылық. **2.** Ултаны барлық, ултанлылық.

ТАБАНСЫЗ кел. **1.** Турақсыз, тыянақсыз, шыдамсыз, қорқақ. Ким табансыз тайғақ болса, Ондайлардан қол үземен (Д.Назбергенов). **2.** Табаны жоқ, табаны болмаған, ултансыз.

ТАБАНСЫЗЛЫҚ ат. **1.** Турақсызлық, тыянақсызлық, шыдамсызлық, қорқақлық. Қыйын-қыстаў күн болып, қанжығадан қан ақса, жат елде тарығатуғын күн болса, *табансызлық* ислейтуғын болсаңыз, маған ерменлер (Н.Дәўқараев). **2.** Табаны жоқлық, табаны болмағанлық, ултансызлық.

ТАБАСАРАН ат. Дағыстанның тийкарғы халқы. Республикада авар, рус, қумық, азербайжан, *табасаран*, ноғай, шешен ҳәм т.б.лар жасайды (Интернет мағлыўматлары).

ТАБАСЫЗ кел. Табасы жоқ, табасы болмаған, табаға ийе емес.

ТАБҒАШ ат. Халық, қытайлылырдың Сяньби районына қараслы көшпелилерге қойған аты. Мен Билге Тоныкөк, *табғаш* елинде төрбияланып өстим, Түркий халқы ол ўақытлары *табғашларға* бағынышлы еди делинген («Тоныкөк»).

ТАБЕЛЬ ат. **1.** Есап-санақ ямаса басқа мақсетлер ушын тийисли мағлыўматларды белгилеп турыўшы дизим. **2.** Хыз-

меткерлердиң жумысқа келген-кеткен ўақытларын, ислеген жумыстың көлемин жазып отыратуғын есап-санақ қағазы. Ал, *табельде* ведомость хешўақ қалмас кейинде (Б.Исмайлов). **3.** Оқыўшылардың билим баҳаларын (шереклик ямаса жыллық) жазып көрсететуғын қағаз. Мектеп директоры ҳүжжетлер берилгенлиги ҳаққында тилхат алады: – оқыўшының мектеп оқыўшылары қатарынан шығарылғанлығы ҳаққындағы буйрықтан көширме; – оқыўшының баҳалар (өзлестириў) *табели* (Интернет мағлыўматлары). **4.** Әскерий термин. Қурал-жарақ, урыста керекли қураллардың саны көрсетилип берилген ҳүжжет.

ТАБЕЛЬЛЕС кел. Бир табельде, табели бир.

ТАБЕЛЬЛИ кел. Табели бар, табельге ийе.

ТАБЕЛЬСИЗ кел. Табели жоқ, табельге ийе емес.

ТАБЕЛЬШИЛИК кел. Табельшиликке байланыслы

ТАБЕЛЬЩИК ат. Табельщик, табель жасаўшы, есап-санақ алыўшы. Өлшеген *табельщик* азын биледи, Жалқаўдың қылўасын жасырмаў керек (С.Нурымбетов).

ТАБЕЛЬЩИКЛИК ат. Табельщиктиң жумысы, хызмети,

ТАБЛЕТКА ат. Бөлеклерге бөлинген дәри. Дәслеп бир таблетка, соңынан еки таблетка, ақырғы күни бирден төрт *таблетка* қабыл еткен (М.Нызанов).

ТАБЛИЦА ат. **1.** Графаларға бөлинген ҳәм санлар арқалы берилетуғын мағлыўмат, кесте. **2.** Статистика. Қандай да бир процесслерди сыпатлайтуғын статистикалық дереклерди, санларды системаға түсирип көрсетиў тәртиби. Мақалалар жәрияланыўы бойынша әмелге асырылған жумыслар ҳаққында мағлыўматты төменде көрсетилген *таблица* формасында Илимий бөлимге жеткизиўиңизди сораймыз (Интернет мағлыўматлары).

ТАБЛО ат. Жарық сигналлары арқалы мағлыўматлар берип туратуғын арнаўлы қалқан. *Табло* мағлыўмат ушын арнаўлы қалқан болып, стадиондағы жарыс нәтийжелери ҳәм т.б. (Интернет мағлыўматлары).

ТАБОР ат. Қарындас, әўлад.

ТАБОРАК ат. Қурандағы сүрелердиң биринің аты.

ТАБРИЗ ат. Жүзим түрлериниң бири ҳәм усы жүзимнен таярланған кишмиш.

ТАБУ ат. Диний исеним, ырым, қорқыў ҳәм т.б. ҳәрекетлерден тыйылыў, оларды шеклеў, қадаған етиўден келип шыққан сөзлер. Қарақалпақ тилинде *табу* сөзлер оғада көп санда қолланылын келинди (Е.Бердимуратов).

ТАБУЛЯТОР ат. Клавиатура арқалы терилген мағлыўматларды автомат түрде дүзетиўге ҳәм нәтийжелерин кесте түринде бериўге арналған электромеханикалық есаплағыш машина. Буннан тысқары жазыў машинасына валетли каретка, каретканы ҳәрекетлендириў механизми, лента тартыў, механизми, *табулятор* киреди (Интернет мағлыўматлары).

ТАБУРЕТКА ат. Арқа тәрепинде сүйегиши болмаған квадрат яки дөңгелек көринистеги отырғыш. Бул атама қарақалпақ тилинде гүрси, *табуретка* сөзлери менен алмастырылып та қолланыла береди (Г.Досжанова).

ТАБИЮН ат. дин. с. **1.** Пайғамбардың заманласларын жақсы билетуғын адамлар. 2. Изинен ериўши шәкиртлер.

ТАБЫЛЫЎ табыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАБЫНДЫРЫЎ табыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАБЫНЫЎ ф. дин. с. **1.** Әрўаққа жалынып-жалбарыныў, пирлерге сыйыныў, шүкирлик етиў, қудайға қулшылық етиў. Айы жаман алынып, атын айтып *табынып*, Бабахан сонда сөйледи («Мәспатша»). *Табынатуғын* қудай жоқ, Не қыласаң қалбығайды (Омар). Ертеде Хорезм оазисинде жасаўшы халықлар отқа *табынған* (М.Нызанов). **2.** аўыс. Бас ийиў, бағыныў. Саққа жүгинип шынты менен *табынып*, Әдебин тутып үнилип аяғына бас урып, Қолынан алғанын билмей қалды («Мәспатша»).

ТАБЫНЫЎШЫ ат. дин. с. Қулшылық етиўши, пирге сыйыныўшы, бағыныўшы.

ТАБЫНЫЎШЫЛЫҚ ат. дин. с. Қулшылық етиўшилик, пирге сыйыныўшылық, бағыныўшылық.

ТАБЫС ат. **1.** Кирис, пайда, өним, мийнет ҳақы. Ҳәзирги турмысын есапқа алсақ, *Табысы* дәрьядай тасып барады (К.Султанов). Айлығың мына Қыдырбай ағаның *табысынан* кем болмайды, – деп күлип қойды (М.Нызанов). «Ҳаял еринен көп *табыс тапса*, үйде үстем болады» дегенди еситетуғын едим (М.Нызанов). **2.** аўыс. Жетискенлик, жеңис. Қарақалпақ халқы мәденияттың барлық тараўында үлкен *табысларға* еристи (Б.Исмайлов).

ТАБЫСКЕР кел. Пайда келтиргиш, мийнет ҳақыны көп алатуғын адам. «Мен *табыскер* ҳаялман» жойбары тийкарында Қуяшлы МПЖ аймағында жасаўшы исбилермен Г.Қазақбаеваның жумыс орнына китапханамыз хызметкерлери тәрепинен жаңа әдебиятлар алып барылды... (А.Оразов).

ТАБЫСКЕРЛИК ат. Пайда тапқышлық, мийнет ҳақыны көп табыўшылық.

ТАБЫСЛЫ кел. **1.** Табысы көп. **2.** Жақсы, нәтийжели. Күни кеше ол ең қурамалы операцияны *табыслы* жуўмақлады (М.Нызанов).

ТАБЫС СЕПЛЕЎ ат. лингв. Кимди? Нени? деген сораўларға жуўап беретуғын сеплеў жалғаўларының бири.

ТАБЫССЫЗ кел. Табысқа ийе емес, табысы жоқ. АҚШтың Forbes журналы «ең табыслы» ҳәм «ең *табыссыз*» актёрларының рейтингин ислеп шықты (С.Есемуратова).

ТАБЫСТЫРЫЎ табысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАБЫСЫЎ ф. Дийдарласыў, жолығыў, бирине-бири түсинисиў. Саў-саламат *табысты* («Мәспатша»). Кирсиз кеўил *табысып*, Қадала берди көз-көзге (Г.Есемуратов). – Жоқ, дана Маман, өз халқым менен қалай *табысыўды* мен сеннен үйрендим, – деди Бородин оған кейнин айтқызбай (Т.Қайыпбергенов).

ТАБЫТ ат. Өлген адамның денесин салыўға арналған зат, зөңги. Биреўлер *табыт* соғып атыр (Т.Қайыпбергенов). Мына *табыттың* алдын көтер, өликти Шүкиржанның үйине апарамыз (А.Бекимбетов). Усыннан өлсем, көбиси өкинеди, *табытыма* барлық қоңырат ереди (Т.Қайыпбергенов).

ТАБЫТТАЙ кел. Табыт сыяқлы, яңлы, тәризли, табытқа усаған, меғзес.

ТАБЫЎ ф. **1.** Жоғалған затқа жолығыў. Оны күтпеген жерден бир танысы *табыла* кетип, оны районға алып кетти (Ө.Айжанов). Сөз жүйесин тапса, мал ийесин *табады* (ққ.х.н.). Қарақумда суў *табыў*, елге жетиў аңсат емес еди (Т.Қайыпбергенов). Ҳасылдың тастан, ақылдың жастан шығатуғынын өзи айтып, әзиз ханымыз, жас жигитлерди сынап, ертеңги ел ағасын излеп *табыўға* мәсләҳәт берди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Мийнет ҳақы алыў, кирис, табыс киргизиў. *Табыс* шеп болған жоқ, ең әўеле үйиниң кемис кетигин толтырды (Ө.Айжанов). **3.** Излеў, қарастырыў. ◊ **Ойлап табыў** – бир жаңалық ашыў. **Ойлап табыўшы** – Өзбекстанның ойлап табыўшы ҳаяллары орайы тәрепинен «Өзбекстан ҳаялларының 100 ең жақсы инновациялық жойбары» III республикалық таңлаўының жуўмақлаўшы басқышы өткерилмекте (Н.Усманова). **Мақул деп табыў** – қосылыў, хошкөриў. **Тилин табыў** – тетигин, сырын, әдисин билиў. **Қаза**

табыў – өлиў, қайтыс болыў, жан бериў. **Ақыл табыў** – бир истиң дурыс шешилиў усылын билиў, қыйыншылықтан қутылыў. **Таўып айтыў** – орынлы дурыс сөйлеў. **Мал табыў** – пайда келтириў, мийнет ҳақы алыў. **Теңин табыў** – өзине қолай жубай табыў. **Бабын табыў** – қәлеген тилегин орынлаў.

ТАВТОЛОГИЯ ат. Бир пикирди басқа сөз яки сөзлер менен тәкирарлап, артықша сәўлелендирип бериў, бир сөзди артықша тәкирарлаў. *Тавтология* ҳәзирги журналистиканың, әсиресе тележурналистиканың тилине енгенлиги соншелли норма ретинде қабыллайтуғын дәрежеге жетти (Интернет мағлыўматлары).

ТАҒА ат. Аттың аяғы таймаў, туяғы тозбаў ушын туяққа қағылатуғын дөңгелек темир. Бедеўге қаққайсаң полаттан *таға*, саўытқа тутқайсаң алтыннан жаға («Алпамыс»).

ТАҒАЛАНЫЎ тағалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАҒАЛАСЫЎ тағалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҒАЛАТЫЎ ф. Таға салдырыў, қақтырыў, таға қойдырыў. Жылқыларды жеңис тойға сайлағыл, *Тағалатып* атларының дойнағын (С.Нурымбетов).

ТАҒАЛАЎ ф. Таға қағыў, таға салыў, таға қойыў. Дәўлет кетти Кегейлини жағалап, Торы атының төрт аяғын *тағалап* (ққ.х.к.).

ТАҒАЛЫ кел. Тағасы бар, таға қағылған, салынған. Жоталы жигиттиң қарыўлы еки билегиниң сериппедей атылған күши менен асайдың *тағалы* аттың туяғындай музға гирш-гирш тийген даўысы еситиледи (К.Султанов). Төрт аяғы *тағалы*, ети жараўлы атлар тақыр музға табаны тийген соң пишен толы шананы қаңбақтай ушырып киятыр (К.Султанов).

ТАҒАСЫЗ кел. Тағасы жоқ, таға қағылмаған.

ТАҒАМ ат. **1.** Тамақ, аўқат, ас. Буны көрип Гүлайым, Жақсы *тағам* писирди («Қырқ қыз»). *Тағам* толы дастурханың, Толған майлы шөрегиң бар (И.Юсупов). Баяғы ишкениңиз Дәўлетбийке апаң писирген «Ши», ал мынаў мениң «Ши» диң ийесиниң писирген *тағамы*, – деди өзин кеўилли көрсеткиси келгендей күлимсиреп (М.Нызанов). **2.** аўыс. Аўқат, тамақ, дән.

ТАҒЫ к. с. Буннан басқа, буның үстине, және деген мәнидеги көмекши сөз шақабы. Сержан тағы да сөйлей алмай қалды (Т.Қайыпбергенов). Әтирапқа бир қарады да *тағы* түпирди (К.Султанов). Бир күни *тағы* бир хат алды (К.Султанов).

ТАҒЫЛЫЎ тағыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҒЫНЫЎ тағыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАҒЫСЫЎ тағыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҒЫЎ ф. Кийимге ямаса басқа затқа бир нәрсени илиў, жапсырыў, қадаў. Омыраўына төрт орденди қатарластырып тағыпты. Көрдиңиз бе, ақ бата кийген келиншек пенен, көксине гүл тақҡан жигитти (М.Нызанов). Он бес-он алты жаслар шамасындағы, келте көйлек кийген, шашының ушына бантик тақҡан сары сынлы қыз подноста шай ҳалқас әкелип, мрамор столдың үстине қойды (М.Нызанов). ◊ **Жаман ат тағылыў** – жала жабылыў, сөзге қалыў. **Гүна тағыў** – айыплаў, гүналаў. Муз бенен ығып кеткен аў да салақлықтан болған деген гүна тағылды (М.Абдреймов).

ТАЖ ат. Патша менен ханлардың жоқары мәртебели белгиси ретинде кийетуғын әшекейли бас кийими. Қырқ қыз оның қасында, Алтын *тажы* басында («Қырқ қыз»). Ғарры да дүньядан өтти, *Тажы*-тахтын таслап кетти (Бердақ).

ТАЗ ат. **1.** Баста болатуғын қотыр, жара. Үлкен үйде шаш алыспа болса, кишкене үйде *таз* қорқады (ққ.х.н.). **2.** Гей жағдайларда бас терисиндеги шаштың сийреклесиўи, түклердиң толықлай түсип қалыўы түриндеги аўырыў. **3.** Басы таз адам. *Таз* таранаман дегенше той тарқап кетеди (ққ.х.н.). ◊ **Таз кебине келиў** – бурынғы қәддине түсиў. Тағы *таз кебине келдиң бе*? (К.Султанов). **Таздың шашындай** – жекке-сийрек. Пахтаңыз *таздың шашындай*, Кесеклер аттың басындай (С.Нурымбетов).

ТАЗА кел. **1.** Кирсиз, кири жоқ. *Таза* жуўылып өрилген шаш бир тартар жипек орамалдан шығып бөксеге түсип тур (Ж.Аймурзаев). Ортаға барғаннан кейин үйилип турған палаўды жайып-жайып жиберип, және *тазадан* жол салды (М.Нызанов). Кеште шешкен көйлегимди азанда кийгизбейди, *таза*, утюг басылғанын тутып турады (М.Нызанов). **2.** аўыс. Нағыз ҳақыйқат, шын, ҳеш қандай қосындысы жоқ. ...*Таза* ҳақ пейил балалар жасаўылларды урып қашқанын айтып берди (К.Султанов). ◊ **Таза ҳаўа** – бузылмаған салқын жағымлы самал. **Дени таза** – анаў-мынаў менен иси жоқ, өз бетинше дурыс жүретуғын киси.

ТАЗАЛАНЫЎ тазалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАЗАЛАСЫЎ тазалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЗАЛАТТЫРТЫЎ тазалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЗАЛАТЫЎ тазалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЗАЛАЎ ф. Заттың кир-қоңын кетириў, артыў, жуўыў, сүртиў, сыпырыў. Бийбиниң де машқаласы артып кетти. Ишек-карын *тазалаў*, гелле үйтиў оның сыбағасына тийди (Т.Қайыпбергенов).

ТАЗАЛАЎШЫ ат. Таттың кир-қоңын кетириўши, тазартыўшы.

ТАЗАЛЫҚ ат. **1.** Кир жолатпаўшылық, дуўпиязлық. *Тазалық* – денсаўлықтың тийкары. Ол тәртипли ҳәм *тазалығы* жақсы оқыўшылардың бири (Ө.Айжанов). **2.** аўыс. Ҳадаллық, ҳақ нийетлик. Бул тәжирийбе бизге қымбат баҳалық, буны ким ислесе, кеўил *тазалық* (А.Дабылов). Аралымда туўылдың ба? *Тазалықтан* дәрегиң бар (И.Юсупов).

ТАЗАРТҚЫЗЫЎ тазартыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЗАРТҚЫШ кел. Қандай да бир затты екиншиси менен тазалайтуғын зат.

ТАЗАРТЫЛЫЎ тазарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЗАРТЫЎ тазарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЗАРЫЎ ф. Заттың кир-қоңынан айырылыўы, таза болыўы.

ТАЗҚАРА ат. Жыртқышлар топарының қаршығалар тукымласына тийисли өли дене қалдықлары менен азықланатуғын қус. Түркий-монғол тиллериндеғи ески орнитонимлерге мына атамалар киреди: туўалақ, қаршыға, бүркит, суңқар, *тазқара*, бөдене ҳәм т.б. (М.Хожанов)

ТАЗША ат. Таз бала, кәл бала. Түсинде *тазша* пақыр бул сарайға патша болды (Ә.Шамуратов). Аш болған *тазшаға* қатық та табылмады («Қырқ қыз»).

ТАЗШАДАЙ кел. Тазшаға усаған, мегзес, тазша сыяқлы, тәризли.

ТАЗЫ ат. **1.** Аң алатуғын жүни тықыр жүйрик ийт. Көз ушында шаўып киятырған *тазыға* көзи түсти (Ж.Аймурзаев). Қыз қартайса қазы болады, Ийт қартайса *тазы* болады (ққ.х.н.). Жүйрик *тазы* астында бар бедеў ат, Қуслар салып батыр қылды кеўлин шад («Қырқ қыз»). Мәҳремниң әўелги пәти қоян көрген *тазының* пәти еди (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Тазының ең жүйрик алғыр түри.

ТАЗЫДАЙ кел. Тазы сыяқлы, тазы яңлы, тазы тәризли, тазыға усаған, мегзес.

ТАЙ I ат. Бир жастан асқан еле екиге толмаған жылқының баласы, төли. Аталастың аты озғанша, аўылластың *тайы* озсын.

(ққ.х.н.). Түйеге мингенниң *майға* тақымы толмайды (ққ.х.н.). ◊ **Тайға тамға басқандай** – жүдә анық, белгили. **Тайда туяқ қалмаў** – бәри, хәммеси келиў, адам қалмаў. Хәмме *тайда туяқ қалмай* өз жумысларына кириспи (Ш.Сейтов).

ТАЙ II ат. Буўма, байлам, тең, яғный тең менен өлшенетуғын көлем өлшеўи. Он бес пудлық *тайларды* арқалағанда аяғы жерге тиймейди (Н.Дәўқараев). ◊ **Тай пахта** – белгили мөлшерде пресленген бир топ пахта.

ТАЙ III ат. Тең, барабар. Сөзге дәрья бақсылықта зор еди, тилге шешен мың адамға *тай* еди (Өтеш). Қамшы таўлап, адам аўлап, ел жаўлап, Оған ҳеш ким келмептимис *тай* болып (И.Юсупов).

ТАЙГА ат. Азия, Европа, Американың арқасындағы қалың орман зонасы. *Тайга* орманлары. *Тайга* климаты.

ТАЙҒАҚ кел. **1.** Сырғанағыш, тайғыш, табан турмайтуғын. Жаңа ғана жарылып, үстине суў шықса, демниң арасында қатып, қайтадан көк *майғақ* музға айланды (М.Абдреймов). Түн ишинде тар жол *майғақ* кешиўден шыққандай болды (Ж.Аймурзаев). **2.** ауыс. Қыйын-қыстаў, қәўетерли, тураксыз. Ким табансыз *майғақ* болса, Ондайлардан қол үземен (Д.Назбергенов). Басында азасы, минезинде *майғақлығы* бар (Т.Қайыпбергенов).

ТАЙҒАҚЛАЎ қ. тайғанақлаў.

ТАЙҒАЛАҚ қ. тайғанақ.

ТАЙҒАНАҚ кел. Табанның өз қәддинде турмай тая беретуғын, сырғанақ.

ТАЙҒАНАҚЛАЎ ф. Таятуғын жерде табан турмай тая бериў, сырғанаў. Елесин Әметке қарсы тәрепке қарай батпаққа *майғанақлай-майғанақлай* жуўырып кетти (Т.Қайыпбергенов).

ТАЙҒАНАЎ ф. Тайыў, сырғанаў, табан тутпаў. Аяқлары *майғанаса* да отрядқа муз үсти менен жүрип өтиўге туўра келди (А.Оразов).

ТАЙҒЫЗДЫРЫЎ тайғызыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЙҒЫЗЫЎ ф. **1.** Сырғанатыў, тайғанақлатыў. **2.** Бир нәрсениң түбин тайдырыў.

ТАЙДЫРЫЎ ф. **1.** Орнынан қозғаў, шығарыў. Есикти *тайдырып* далаға қаштым (И.Юсупов). Ергенекти *тайдырыўдың* илажын таппадым (Қ.Айымбетов). **2.** ауыс. Ўазыйпасынан алыў, жумыстан босатыў, шығарыў. ◊ **Бастан бағы тайыў** – дәўлети қайтыў, иси шебине кетиў. Қайсы бирин айтайын, *Тайдырды бастан бағыңды* («Қырқ қыз»).

ТАЙЖАҚ ат. Аяққа кийетуғын шарық, етиктиң ески түри. Қарақалпақ *тайжағыңды* бүр де малыңды бақ (ҚДС).

ТАЙЛАҚ ат. Бир жастан асып, еле екиге толмаған түйе. Сеннен туўған *тайлақ* болса, Бул да берген сыйлық болса, Төлиң менен байрақ болса, Өнип-өсер түйе екенсең (Күнхожа).

ТАЙЛАҚТАЙ кел. Тайлаққа мегзес, тайлаққа усаған, тайлақ сыяқлы, тайлақ тәризли, тайлақ яңлы.

ТАЙЛАН ат. Нәретениң бир түри (ҚДС).

ТАЙЛАНДАЙ кел. Ири жоталы, денели адам. *Тайландай* жигит (ҚДС).

ТАЙЛАТЫЎ тайлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЙЛАЎ ф. Теңгериў, теңлеў. Алып барған затларының барлығын сатып, дән алып, түйелерге *тайлап*, артып қойды (кк.х.е.).

ТАЙМ ат. Спорт ойынында мәселен, футболда ойын ушын ажыратылған ўақыттың 45 минутлық еки бөлиминен хәр бири (баскетболда – 20 минут). Биринши *тайм*. Екинши *тайм*.

ТАЙМАС ф. Тайып жығылмайтуғын, таймайтуғын.

ТАЙМ-АУТ ат. Спорт ойынларының қағыйдалары бойынша топар, оның устазы яки айырым ойыншының өтиниши менен руқсат етилетуғын қысқа мүддетли тәнепис.

ТАЙМАЎ ф. **1.** Сырғанамаў, тайғанақламаў. **2.** Заттың өз орнынан басқа орынға жылжымаўы.

ТАЙМЕР ат. **1.** Берилген ўақыт аралығындағы техникалық системаны, өндирислик яки турмыслық техникалық қуралларды автомат түрде қосып өширетуғын ретлеўши әсбап. **2.** Ағымдағы ўақытты яки ўақыт аралығын анықлайтуғын электрон саат яки белгили бир ўақыт аралығында өзгертилип туратуғын саат орнында жүретуғын регистр.

ТАЙНАПЫР кел. Үлкен, нәҳән. Ҳәўиздиң ғыр дөгерегине *тайнапыр* гүжимлер егилген (Қ.Аралбаев). Анаў-мынаў жигитти күшке мисе тутпайтуғын *тайнапыр* келиншеклердиң бүгин кәдди бүгилип, қызыл жүзи сарғайыўы қатты батты (Ө.Хожаниязов).

ТАЙПА ат. **1.** Класслық жөмийетке шекемги бир аймақта туратуғын, бир тилде сөйлейтуғын бири менен бириниң туўысқанлық байланысы бар адамлардың топары, халық, қәўим. Ырысқул бий Ғайып баҳадыр менен Хорезм ханлығы қол астында, бурын Сырдәрьяны жағалаған, Жаңадәрья бойларын мәкан еткен қарақалпақ *тайпаларының*

көпшилигинде болды (Т.Қайыпбергенов). **2.** диал. Урыў атамасы. Қыят тағы басқа *тайпаларынан* бар (ҚДС). ◊ **Бир тайпа ел** – бир бөлек халық, халықтың бир тийреси. *Бир тайпа ел* сол жайынды бир ай аўқат етипти (ққ.х.е.).

ТАЙПАҚ кел. Қандай да бир заттың тегислиги, жалпақлығы. Қаладан алғаным алты арба асқабақ, алты арбаға жеккеним – Тарғыл ала *тайпақ* мүйиз ақ бөксе баспақ (ққ.х.с.ж.). Барабара мениң де қарным тартылып, тырнаның жегениндей, *тайпақ* тарелкаға-ақ тойып қалатуғын болдым (М.Нызанов).

ТАЙПАҚЛАЎ кел. Тегислеў, жалпақлаў.

ТАЙРАҚЛАНЫЎ тайраклаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАЙРАҚЛАСЫЎ тайраклаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЙРАҚЛАТЫЎ тайраклаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЙРАҚЛАЎ ф. Аяғын аннан-саннан басып жүриў, гәрдийиў, ғоддаслаў, ўайраклаў.

ТАЙСАЛАҚЛАЎ ф. Жалтақлаў, қаймығыў, жасқаныў. Шайыршылықта *тайсалақлаў* болмайды (С.Нурымбетов). Жарадар еткен ийемди, Баҳадыр қыз сен бе деп, *тайсалақлап* нашардан, қашатуғын мен бе деп («Ер Зийўар»). Оксананың қолындағы ийис қалай *тайсалақласақ* та бизди қутқармас еди (М.Нызанов).

ТАЙСАЛДЫРЫЎ ф. Жасырындырыў, тасаландырыў. Қопалақтың тасасына өзин ҳәм кемесин *тайсалдырды* (К.Султанов).

ТАЙСАЛЫЎ ф. **1.** Жасырыныў, тасаланыў. Жолдасларымнан селкилик болмас, атқа ма, суўға ма, баслай бер, *тайсалған* адам нәмәрт, – деп жолдасларына қарады (Қ.Ирманов). **2.** Қаймығыў, буғыў. Ол да өзиндей баладан *тайсалып* қалсын ба жанталаса кетти (Т.Қайыпбергенов).

ТАЙСАЛЫЎШЫ ат. Жасырыныўшы, тасаланыўшы.

ТАЙТУЯҚ ат. Нағыстың бир түри (ҚДС).

ТАЙФУН ат. Күшли самал яки тасқын. Қубла Шығыс Азия ҳәм Узақ Шығыста болып турағуғын жүдә күшли самаллы тропикалық циклонлардың жергиликли аты. *Тайфун* кемелер ушын қәўипли болып, көбинесе материк жағалаўларында ўайраншылықларды келтирип шығарады («География» сабақ.).

ТАЙША кел. Тайдың кишкене түри, кишкене тай.

ТАЙШАҚ ат. Териден тигилген шалбар (ҚДС).

ТАЙЫЗ кел. диал. с. Дәрьядағы, көлдеги, каналдағы т.б. ирригациялық тармақлардағы суўдың қәддин белгилеў ўақтында айтылатуғын сөз (ҚДС).

ТАЙЫН р. Ҳәзир, таяр. Ақыл айтсаң нәсиятыңды алайын, Не мүтәжиң болса *тайын* қылайын («Мәспатша»). *Тайын* астың күйиги жаман (ққ.х.н.). Мениң баратуғын жерим *тайын* (М.Нызанов).

ТАЙЫНБАЎ ф. Қорықпаў, жасқанбаў, қайтпаў, шегинбеў. *Тайынбайды* қырқ жигит, Белли урыс қылады («Қоблан»), Шайыр дәстан жазыўға да *тайынбас*, Қаҳарман қыз атақ алсаң Арыўхан (К.Султанов).

ТАЙЫНДЫРЫЎ ф. Бир заттың түбин жылыстырыў, тайдырыў.

ТАЙЫНЛАНЫЎ тайынлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАЙЫНЛАСЫЎ тайынлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЙЫНЛАТТЫРЫЎ тайынлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЙЫНЛАЎ ф. Ҳәзирлеў, таярлаў. Ақ сүттен де аппақ сарпай *тайынлап*, үстинен сыпырып сырмағын алды (А.Дабылов).

ТАЙЫНЛАЎШЫ ат. Ҳәзирлеўши, таярлаўшы.

ТАЙЫНЛЫҚ ат. Таярлық, ҳәзирлик.

ТАЙЫНШАҚ ат. Бир жастан өтип, еки жасқа аяқ басқан жылқының баласы. Мың қубылтып тынбай ойын сап, Көл етекте шабар *тайыншақ*, Мойны бир гез дөңгелек туяқ, жалы бир қушақ (Т.Сейтжанов).

ТАЙЫНШАҚТАЙ кел. Тайыншақ сыяқлы, тайыншақ тәризли, тайыншақ янлы, тайыншаққа усаған, тайыншаққа мегзес.

ТАЙЫНЫЎ ф. **1.** Тик турған заттың түбинен жылжыўы, тайыўы. **2.** аўыс. Жумыс орнынан кетиў, жылысыў.

ТАЙЫЎ ф. **1.** Сырғанақлаў, тайғанақлаў, сырғанаў, ысырылыў, жылысыў. **2.** аўыс. Бир жерден екинши жерге өзгериў. ◊ **Тайып турыў** – қашып кетиў .

ТАКСИ ат. Жүрилген жолға арнаўлы таксометрдиң көрсетиўи бойынша жол ҳақы алатуғын жолаўшыларға арналған жеңил автомобиль. Қолымдағы адрес бойынша *таксиге* отырдым (М.Нызанов).

ТАКСИС ат. Еркин ҳәрекет ететуғын жаныўарлардың, бактериялардың, сондай-ақ, гей бир клеткалардың бир тәреплеме ҳәрекет етиўши факторға жуўап ретинде қозғалыў реакциялары. *Таксислер* тийкарынан титиркендириўши жақтылық (фототаксис), ығаллық (гидротаксис), температура (термотаксис) ҳәм т.б. болыўы мүмкин.

ТАКСИСТ ат. Таксидиң шофёры, такси айдаўшы адам. Кеширерсиз, Довженко деген фамилияны қәйердедур еситкендеймен, – дедим *таксистке* (М.Нызанов).

ТАКСИШИ қ. таксист.

ТАКСОМЕТР ат. Исленип атырған жумысты есапқа алатуғын хәм белгиленген тариф бойынша жол ҳақы суммасын көрсетиўге арналған әсбап. *Таксометр* – такси автомобилиниң қанша жол басқанлығын хәм қанша ҳақы төлеў кереклигин көрсетиўши есаплағыш (Интернет мағлыўматлары).

ТАКСОМОТОР ат. Таксилердиң пүткил жумысын басқаратуғын мәкеме.

ТАКСОН ат. Қәсийетлери менен белгилериниң уқсаслығы, байланысынан ибарат болған дискретлик объектлер.

ТАКСОНОМИЯ ат. Барлықтың қурамалы, әдетте иерархиялық структуралық қатламларын (жанлы тәбият, жердиң дүзилиси, география, геология, тил билими хәм т.б. объектлерин) классификациялаў хәм тәртипке салыў теориясы ҳаққындағы пән.

ТАКСОНОМИЯЛЫҚ кел. Таксономияға тийисли.

ТАКСОФОН ат. Ишине тийин, жетон салыў яки магнитли карта киргизиў арқалы ислейтуғын (сөйлесиў мүмкин болған) телефон аппараты.

ТАКТ ат. **1.** Музыкалық термин. Музыкалық өлшемниң бирлиги. **2.** Қандай да бир механизмниң жумыс циклиниң бир бөлеги. **3.** Сөйлеўдиң буўыннан үлкен, фразадан киши болған фонетикалық бирлиги. ◊ **Педагогикалық такт** – оқытыўшының кәсиплик шеберлигиниң тийкары.

ТАКТИКА ат. **1.** Урысты жүргизиў әдиси, усылы. **2.** аўыс. Белгили мақсетке жетиў ушын қолланылатуғын сиясий, жәмийетлик усыл, тәсил, жол. ◊ **Тактикалық барлаў** – урысқа таярлаў хәм оны реже тийкарында алып барыў ушын зәрүр мағлыўматларды алып барыў мақсетинде жүргизиледи. **Тактикалық ракета** – әскерий қурал-жарақ туратуғын орынларды хәм қарсыласлардың тактикалық түпкиринде орналасқан объектлерди жоқ етиўге арналған урыста қолланылатуғын ракеталар.

ТАКТИКАЛЫ кел. Тактикаға ийе, тактикасы күшли.

ТАКТИКАСЫЗ кел. Тактикасы жоқ, тактикасы ҳәлсиз.

ТАҚ I ат. Жуп пенен алмасып келетуғын сан, жуптың бири (1, 3, 5, 7). Үйленбей дүньядан *тақ* өтесең бе? – деп сорады

атасы (ққ.х.е.). Бүгин екеў болса малың, билип қой таңла *тақ* болар (С.Мәжитов). Шиңкилдекке *тақ* өгиз берипти (ққ.х.е.). Дизеңди қушақлап *тақ* өтесең! (М.Нызанов).

ТАҚ II так етиў ф. Сарт етиў, тырс етиў. Атып жиберген кесеги *тақ етип* есикке тийди (ққ.х.е.). ◊ **Тақ турыў** – тайын болыў. Мен жолында *турыппан тақ* («Мәспатша»). Халықларым *тақ турған* гүрес исинде, Әскерлерим қаҳарманлық исинде (С.Нурымбетов). **Тақ келе алмаў** – тең келе алмаў, сәйкес келе алмаў. Айбатына *тақ келе алмай*, Бурылды майдан ишинде («Мәспатша»).

ТАҚ III ф. Бир нәрсени қадаў, илиў. Тағыў фейилиниң буйрық мейил формасы. ◊ **Айып тағыў** – айыпкер деп қараў. **Ат қойып айдар тағыў** – атын қойыў. **Ат тағыў** – лақап ат қойыў, атаў. Маған ол шайыр бала деп *ат тағып* үйинен шығармайтуғын еди (М.Нызанов). **Сын тағыў** – кемшилигин көрсетиў, жетиспейтуғын жерин айтыў. Сыртымнан сырын билмей *сын тақпа* тек, Жақсы де, жаман дей бер, өзиме аян (А.Лекеров).

ТАҚА I р. Ҳеш, илажсыздан, шыдамағанлық. *Тақа* болмаған соң биреўин майданда услап қалып, биреўин үйге киргизип адамлар есикти басып турады (С.Мәжитов).

ТАҚА қ. тақаў.

ТАҚАЛ ф. Жақынлаў. Әдепсиз-көргенсиз боп аталғаның – адамнан ҳайўанға *тақалғаның* (Т.Есимжанов).

ТАҚАЛДЫРЫЎ тақалыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚАЛТЫЎ тақалыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚАЛЫСЫЎ тақалыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҚАЛЫТ тақалыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚАЛЫЎ ф. Жақынлаў, тығылыў. Күннен бурын таярлап қоймасам, қосық деген дүкәнда турған зат емес, *тақалып* қалғанда йош келмей қалса... (М.Нызанов)

ТАҚАЛЫҢҚЫРАЎ ф. Жақынлаңқыраў, тығылыңқыраў.

ТАҚАН ат. Қуўырылған тары жүўери, арпаның ҳәм тағы басқаларды келиге түйип ямаса дигирманға тартып исленген азық-аўқат. Шарбақшы жол азыққа *тақан* таярлапты (Т.Қайыпбергенов). Уялмағыл беррегирек кел, Қуры шықпа, *тақаннан* же (Бердақ). ◊ **Жийде тақан** – жийде қосылып исленген тақан. *Жийде тақан* менен қара тақанды қосып, сүтке былғап иштейимди ашқан (Ж.Аймурзаев). **Тақан шайысыў** – қатнасты барыс-келисти қойыў, татыўлықты үзиў, ашшыласыў

... «Устазлары менен *тақан шайысқан*» молла бәшшелер соңында Палуанның өз илимин өзи қорлап, илимниң жолына түспей сахрайы қара пуқараның бири болып алғанын көрип оған түнилиўшилик пенен қарайтуғын болды (У.Ҳамийдов).

ТАҚАНДАЙ кел. Тақан сыяқлы, тақан тәризли, тақанға усаған, мегзес.

ТАҚАТ ат. Шыдам, сабыр, төзим. Мүбәрек жамалын және көрсем деп, *Тақатым* қалмады көргеннен бери (Әжинияз). Күтти, күтти, шыдамады *тақаты* (Х.Сейтов.). ◊ **Тақаты болмаў** – шыдамы болмаў, шыдамаў. Ақыллас сырласым әй гөззал ярым! Сени көрмегенше *тақатым болмас* (Х.Сейтов). **Тақат етиў** – шыдам бериў, шыдаў. *Тақат етип* тура алмадым. Кисенди үзип бара алмадым (Бердақ). Шайық ҳеш жерде турып, я отырып *тақат ете алмай*, аўылдың арқасындағы кең жазықлыққа шығып дем алыўға ҳәм жекке жүрип жол қараўға кетип баратырып Аманлықтың үйиниң үстинен өтти (Т.Қайыпбергенов). **Тақаты қалмаў** – шыдамы болмаў, шыдамаў. Байда енди *тақат қалмады* (Ш.Сейтов).

ТАҚА-ТАҚ қ.тақ-тақ.

ТАҚАТЛАНЫЎ ф. Шыдам бериў, шыдаў.

ТАҚАТЛЫ кел. Шыдам беретуғын, шыдамлы.

ТАҚАТСЫЗ кел. Шыдамайтуғын, шыдамсыз. Оразан батыр менен бәрҳа бирге жүрмесе де, оның бир жақтан жаңалықлар әкелиўин айрықша *тақатсызлық* пенен күтип үйренген адам, енди ҳеш қашан күтпейди, ол ҳеш қашан жаңалық әкелмейди (Т.Қайыпбергенов).

ТАҚАТСЫЗЛАНЫЎ ф. Шыдамсызланыў, шыдамаў.

ТАҚАТСЫЗЛЫҚ ф. Шыдамсызлық.

ТАҚАТТЫРЫЎ тақаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚАТЫЎ тақаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚАЎ ф. Жақынлаў, тақалыў. Геўгим түсиўден мейлис ўақтын *тақап* ҳәмме киятыр (Қ.Аралбаев). Тез жәрдем машинасын шамға *тақап*, бирден тоқтап қалды (К.Султанов). Енди өзи айтпаса, кимге ашық болды, қалай ашық болды, ояғын шық-шығына *тақап* сораў қолайсыз болар еди (М.Нызанов).

ТАҚЛАНЫЎ тақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЛАСТЫРЫЎ тақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЛАСЫЎ тақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҚЛАТТЫРТЫЎ тақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЛАТТЫРЫЎ тақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЛАТЫЎ тақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЛАЎ ф. Таярлаў, тәртиплеў. Өткен жылғы кемшиликти саплайық, Егис майданына исти *тақлайық* (С.Нурымбетов). Ўәдесин берк услап Жуман ядында, Тақлап жүрди ўазыйпасын алдағы (Т.Сейтжанов). Диван, кроваттың үстине *тақлаўы* менен турған бет-қол сыпыратуғын, аяқ сүртетуғын, жуўынатуғын сүлги, көпшик қап, простина ҳәм одеяло қапларды таслады (М.Нызанов).

ТАҚЛАЎЛЫ кел. Таярлаўлы, тәртиплеўли.

ТАҚЛАЎСЫЗ кел. Тақланбаған, тәртипленбеген.

ТАҚЛАЎШЫ ат. Тақлап, тәртипке келтириўши адам.

ТАҚМАҚ ат. Ядлан алып, көншиликтиң алдында айтыўға қолайлы қосық қатарлары. ... Ўатан, китап, билим алыў, устазлар ҳаққында қосық, *тақмақ* айтыў жарыслары, мектеп оқыўшылары арасында болса, белгили шайырларымыздың қосықларын айтысыў мушайрасы, ал мектеп, колледж оқыўшылары арасында таңламалы китаплар тийкарында таярланған «Зийрек китапхан» интеллектуал таңлаўы өткерилди (Ә.Жиемуратов).

ТАҚМАҚЛАЎ ф. Қосықты тақмақлап оқыў, айтыў.

ТАҚСЫР ат. гөн. с. **1.** Жасуллыларды ҳүрмет, иззет еткенде айтылатуғын сөз. *Тақсыр*, бул естияр шайырдың сөзине уқсайды ғой (К.Султанов). **2.** Жалыныў, жалбарыныў, өтиниў мәнисинде айтылатуғын қаратпа сөз. *Тақсыр-аў*, еле меннен не тиледиң, тиледиң де мен саған бермедим бе? (Әжинияз).

ТАҚ-ТАҚ: тақ-тақ етиў ф. Тақылдаў, тарс-тарс етиў.

ТАҚ-ТУҚ ел. с. Тақылдаў, тарс-тарс етиў.

ТАҚТУЙНАҚТАЙ кел. Минсиз, кеўилдегидей. Барлығы да *тақ-туйнақтай* өз орнында болыўы керек (Ж.Аймурзаев). Бизиң аўылда он бармағынан өнер тамған қолы бул үйди *тақтуйнақтай* етип безеген екен (К.Султанов).

ТАҚТЫРЫЎ тағыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЫЙЫҚ кел. Анық, нағыз, ҳақыйқат. Урыстың қашан питетуғынын *тақыйық* билетуғын ба еди? (К.Султанов). *Тақыйық* шежиредур сөзим, Бирақ, қәдирим болған емес (Бердақ). ◊ **Тақыйық көриў** – ҳақыйқат, анық көриў. Күнхожаны *тақыйық көрдим*, Әжинияздың сөзин билдим (Бердақ).

ТАҚЫЙЫҚЛАНЫЎ тақыйықлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАҚЫЙЫҚЛАТЫЎ тақыйықлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЫЙЫҚЛАЎ ф. Анығына шығыў, ҳақыйқатын билиў, негизин анықлаў.

ТАҚЫЛДАҚ кел. Аўзы, жағы тынбай көп сөйлейтуғын адам, пысық, сөзге шебер адам, сөйлемшек, сөйлегиш. Шопанлардың ишинде ақыл, дана, гәпке уста, сөзге шебер, тилге шешен өзи ҳәм батыр, ҳәм шайыр, атын айтсам Аман *тақылдақ* дер еди («Алпамыс»),

ТАҚЫЛДАТЫЎ тақылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЫЛДАЎ ф. **1.** Тарсылдаў, тақ-тық, тарс-турс етиў. Қайта-қайта сыртқы қапы *тақылдап* қағыла берди (А.Оразов). **2.** Иркилмей, анық сөйлеў. Оның тақылдап сөйлегени ҳәммениң итибарын тартты. ◊ **Таңлайы тақылдаў** – таңланыў, ҳайран қалыў.

ТАҚЫЛДАЎЫҚ кел. Тақылдағыш, тақылдақ.

ТАҚЫЛДЫ ат. Даўыс, сес. Уйқылап жатқан дәўдиң қулағына бир *тақылды* еситилди (ққ.х.е.). Баслық мениң кеңсеге келгенимди балдағымның *тақылдысынан* сезип, дәрҳал кабинетине шақырды (Ө.Хожаниязов).

ТАҚЫЛЕТТЕ к.с. Сыяқлы, тәризли, қәлипте, сыпатта. Күни менен усы *тақылетте* турып шықты (ққ.х.е.). Кәл бала бир *тақылетте* бурынғы орында еле зиңкийип турыпты (ққ.х.е.). Оның есимде қалғаны, жол шетинде бийик электр бағанасы болып, басында прожектор *тақылеттеги* үлкен лампа жанып тур еди (М.Нызанов). Лекин, қутлықлаў ҳәзил *тақылетинде* болсын (М.Нызанов).

ТАҚЫМ ат. Дизениң бүгилетуғын жағы. Атқа минген кисиниң айға *тақымы* толмас (ққ.х.н.). Ер үстинде зорға отыр, Қатты қысып *тақымын* («Қырқ қыз»). Көптен бери атқа минбегенликтен шығар, еки *тақымым* езилип, үйге шаршап келдим (Ө.Хожаниязов). ◊ **Тақым бураў** – қыйнаўдың, азаплаўдың бир түри. Тили гүрмелгенлердиң гә қулағын таўлап, гә *тақым бураў* салып қәлегенше азаплады (Т.Қайыпбергенов).

ТАҚЫМЛАСЫЎ тақымлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҚЫМЛАТЫЎ тақымлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЫМЛАЎ ф. **1.** Тақымға алыў, тақымға басыў. **2.** аўыс. Өшлесиў, қасласыў, изине түсиў, қуўдалаў. Қорқытасаң сен кимди? Гижинип тисиң сақылдап, Ашыўланып Айдос бий хатымды алды *тақымлап* (Бердақ).

ТАҚЫМЛЫ кел. Тақымы кең, үлкен.

ТАҚЫР ат. Ҳеш қандай өсимлик өспеген, теғис қатты жер. Ат шапқан майдан *тақырлар*, Қурылсын ақ шатырлар («Мәспатша»). Асты *тақыр* екен, сонда отырып азлап дем алды (Т.Қайыпбергенов). Кенсе алдындағы *тақыр* майданда жақты шығып тур (Ө.Хожаниязов). ◊ **Тақыр жерден шаң шығарыў** – орынсыз, себепсиз урыс шығарыў, даў шығарыў. Сол Жандос байдың кесапаты екен-аў әйтеўир Қоңыраттың баллары *тақырдан шаң шығарып* төбелескиш болып кетти (Т.Қайыпбергенов). **Тақыр жерде буғыў** – жасырыныў. **Тақыр бас** – шашы жоқ. **Тақырын шығарыў** – шерменде қылыў, уялтыў.

ТАҚЫРЛАНЫЎ тақырлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАҚЫРЛАСЫЎ тақырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҚЫРЛАТТЫРТЫЎ тақырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЫРЛАТЫЎ тақырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҚЫРЛАЎ ф. **1.** Ҳеш нәрсе қалдырмаў, тып-тыйпыл етиў, жоқ етиў. Байланған маллар алдын жылан жалағандай етип *тақырлап* жеп болған (К.Султанов). Берсе телеғи *тақырлап* қалатуғындай, дүнья-малынан айырылатуғындай көринеди (А.Бекимбетов). Арқан бойлы жерди *тақырлап* жеп болыпты. (газетадан). **2.** Ойлы-бәлентли, гедир-будырлы жерди қатайтыў, тегислеў.

ТАҚЫРЛЫҚ ат. Тақырдың орналасқан жери, тақырдың мол жери. Бир *тақырлықта* еки-үш бала лопай ойнап жүр (К.Султанов). Көрмейсең бе өткендеги түксиз *тақырлықты*, ҳәзир оны жасыл дөнген еғисликлер орап алған (А.Бекимбетов). *Тақырлықта* бизлерди отырады деп кимниң есине келеди дейсең? (Т.Қайыпберғенов).

ТАҚЫР-ТУҚЫР ел. с. Сестиң, даўыстың еситилиўи. Дөңгелеклердиң *тақур-туқыры* күн арқан бойы көтерилгенше еситилип турады (Ш.Сейтов). Олар өзлериниң *тақур-туқыры* менен булардың қапыны да ашқанын ескермеди (Т.Қайыпбергенов).

ТАҚЫЎА кел. Сөзиўар, шешен, көпти көрген, көпти билген. Сен жассаң, сөзиңе қарағанда *тақыўа* ғаррысаң (Т.Қайыпбергенов). Бир *тақыўа* адам сықақ етип кетипти ғой (К.Султанов).

ТАҚЫЎАЛЫҚ ат. Шешенлик, сөзиўарлық.

ТАҚЫЎАДАР кел. **1.** Диний түсиникке ийе адам, диндар. **2.** Ҳарам ислерден өзин тыятуғын, пәк. Табыслы дегени бай дегени емес, бай деген пулы көп дегени емес, илимли инсан менен *тақыўадар* инсанның парқы бар, оқыған дегени ақыллы дегени емес, ақыллы дегени парасатлы деғени емес, китап оқыды дегени китапқа әмел қылады дегени емес (И.Казахбаев).

ТАҚЫЯ ат. Сырып, кестелеп, нағысланып исленген жуқа бас кийим. Арқасындағы баланың *тақыясы* ушып түсти (А.Бекимбетов).

ТАҚЫЯДАЙ кел. Тақыяға мегзес, усас, тақыя сыяқлы, тәризли.

ТАҚЫЯЛЫ кел. Басында тақыясы бар, тақыя кийген. Қубладағы аўылдан келген *тақыялы* бала скамейкадан жылысып түсип, жерде жүресинен отырды (Т.Қайыпбергенов).

ТАҚЫЯСЫЗ кел. Басында тақыясы жоқ, тақыя киймеген.

ТАҚЫЯШАҢ кел. Тақыя кийген, тақыялы. *Тақыяшаң* шашын түйип, келди бир қыз вокзал жайға (Ш.Артық). Кими *тақыяшаң* бешпентлериниң шалғайларын төсеп жуп-жуқа бойраның үстинде бүрисип отыр (А.Шамуратов).

ТАЛ I ат. Жиңишке жапырақлы, майысқақ путақлы ағаштың бир түри. Қарақалпақ жери тал-терекли үлке (Қ.Досанов). Елиў жаста шаршадым ба, *талдым* ба, Бир жүз жыллық өмири бар *талдың* да (Т.Жумамуратов). ◊ **Тал түс** – нағыз түс, шаңқай түс. Азанғы нанымды *тал түсте* жедим (Ө.Айжанов). **Бир тал шаш** – бир түп шаш. Мың түменге қойса *бир тал шашыңды*, Маған салса бермес едим Тиллахан (С.Нурымбетов). **Тал шайнаў** – алдаў, айныў, өтирик сөйлеў. Истиң анық питиўажлыққа келейин деп турғанда *тал шайнағанлары* да болды (Т.Қайыпбергенов). **Талшыбықтай** – жиңишке, дүзиў, нәзик бел. *Талшыбықтай* қыпша бели белбағы (Әжинияз). **Тал шыбықтай буралыў** – майысыў, қайысыў. Жаңа өспирим нәўбәҳәр, *Тал шыбықтай бураласаң* (А.Дабылов).

ТАЛ II қ. талыў.

ТАЛАБАН ат. Тилек билдириўши, умтылыўшы, қәлеўши, қуштар (жумыс орнына, партияға ҳәм т.б. хызмет түрлерине ылайықлы деп усынылған адам). Елатың мийман дос халқың абадан, Ул-қызларың мәртлик иске *талабан* (Т.Сейтжанов). Он төртимде болып едим *талабан*, Бахтым келди саған ойран саламан («Қырқ қыз»). Сол дәўирде Арал машқаласы жүдә қызды, ким депутатлыққа *талабан* болса Аралды қутқарыў

мәселесин көтерип, сайлаўшылардың кеўлинен шығыўға таласты (Ж.Базарбаев).

ТАЛАЙ I ат. Несийбе, бахыт, ығбал. Ат кекилин өресең, *Талайыңнан* көрерсең («Алпамыс»). Тас түссе *талайымнан*, тасбақа түссе, маңлайымнан көремен (ққ.х.н.). *Талайым* ашылып сапар он болса, Мәўиж урып дәрьядай тасып келермен (Қ.Ирманов). Оннан да *талайыңа* қайыл болып, гүмирашылығыңды исле (М.Нызанов). ◊ **Талайына қара тигиў** – бахытсыз етиў .

ТАЛАЙ II р. Бир неше, көплеген. *Талай* дослық пәрўаналық, Басланады усы жерден (И.Юсупов). Айналып *талай* бурыўдан, Өтти *талай* көп урыўдан, Түсип ярының ышқына («Мәспатша»). Урыс жыллары *талай* елаттың ашшы-душшы дузын татты (К.Султанов). Буны пляжға келгенде қатар-қурбыларымыз бенен санаўға бөсекилесип, *талай* мәрте ғабырысқанбыз (М.Нызанов). ◊ **Бир талай** – жүдә көп. Мен усы аўҳалым менен Ўатандарлық урысқа қатнасып, бомбаның зардабы менен *бир талай* жерге ушып кеткен жаўынгерди еслетер едим (М.Нызанов).

ТАЛАЙЛЫ кел. Несийбели, бахытлы, ығбаллы. *Талайлы* менен тарыспа (ққ.х.н.).

ТАЛАЙСЫЗ кел. Талайы келиспеген, ығбалсыз.

ТАЛАҚ I ат. гөн.с. Ерли-зайыплының ажыралысыўындағы бир-бирине қойылған шәрт. Неке, *талақ*, қалың малға, Сөйтип ўайран салайық (Х.Ахметов). ◊ **Талақ етиў** – **а)** неке бузыў, айырылысыў. Ҳаялын *талақ* етип, өзи басқа журтқа кетипти (ққ.х.е.). **б)** бир нәрседен биротала безиў, бас тартыў. Мал-мүлки бахтымды, Тажым менен тахтымды, бәршесин *талақ* етемен («Алпамыс»). Малы қурысын нетейин, малды *талақ* етейин («Қоблан»). **Талақ хат** – ерли-зайыплылардың айырылысыў, неке бузыў жөниндеги гүўалық. Қәне *талақ* хатты әкел, – деди айбарақ салып («Әмиўдәрья»).

ТАЛАҚ II ат. Адамзаттың, жанлы-жаныўарлардың қарнының сыртына жабысып турып организмде қан бөлекшелерин таярлаўшы ҳәм басқа да түрли ўазыйпаларды атқарыўшы органы.

ТАЛАҚТАЙ кел. Талақ сыяқлы, талақ яңлы, талақ тәризли, талаққа усаған, мегзес. Былғары етиктиң тумсығы қабыртқамды тесип кеткендей болды, көйлегимди көтерип қарасам, көк-көнбек *талақтай* болған екен (Ж.Аймурзаев). ◊ **Талақтай**

көгериў – түри сурланыў, көгериў, бозарыў, ашыўланыў. Еки көзи қызарып, аўзынан көбик шашқан түр-түси *талақтай көгерип* кетти (А.Бекимбетов).

ТАЛАМПАЙ қ. талан-тараж. Жалпылдақлары болып, *талампай* етип кетпесин тағы, – деди Мәдияр (Ш.Сейтов).

ТАЛАМПАЙЛЫҚ ат. Талан-таражлық.

ТАЛАНДЫРЫЎ талаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛАНТ I ат. Жоқары дәрежедеги туўма қәбилет. Ол жас талант қәлем алып толғанған, Мен де оған көптен таныс болғанман (И.Юсупов). Сениң *талантың* халыққа керек (М.Нызанов).

ТАЛАНТ II ат. Әййемги Грецияның, Вавилонның ҳәм т.б. аймақлардың аўырлық өлшеми ҳәм пул бирлиги.

ТАЛАН-ТАРАЖ: талан-тараж етиў ф. Талампай қылыў, жоқ етиў, бөлистириў, орынсыз жумсаў, үлестириў. Қайдан келдик, қайдан жүрсең деген адам болса, өзи өлимдар, малы-мүлки *талан-тараж* етилсин деген жарлық хат берди («Алпамыс»).

ТАЛАНТЛЫ кел. Уқыплы, қәбилетли, искер, зейинли. Әбдираман Өтепов *талантлы* драматург ҳәм актёр еди («ЕҚ» г.).

ТАЛАНТЛЫЛЫҚ ат. Уқыплылық, қәбилетлилик. Көркем өнердеги *талантлылық* инсанның бир қатар уқыплылықларының ҳәм қәсийетлериниң үйлесикли биригип келиўи болып табылады (Т.Уразимова).

ТАЛАНТСЫЗ кел. Таланты жоқ, уқыпсыз, зейинсиз. Ким *талантсыз* ақша тапса, Менсинбейди шайырды (Т.Жумамуратов).

ТАЛАНТСЫЗЛЫҚ ат. Таланты жоқлық, уқыпсызлық, зейинсизлик.

ТАЛАНЫЎ талаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛАП ат. **1.** Жумыс, кәсип, бир исти ислеўге умтылыўшылық. Алланазардың атасы Әллек қол ушы *талап* излеп кеткен еди (Қ.Ирманов). Сөзимниң үстинен шығыўым ушын жумыстан келиўден *талабым* кийим таңлаў болды (М.Нызанов). **2.** Тилек, мақсет. Районның алдына үлкен *талаплар* қойдық (Ж.Аймурзаев). Өмирдиң өз заманына ылайық *талабы* болады (Ж.Аймурзаев). ◊ **Талап етиў** – тилек билдириў, умтылыў. Сениң кеўлиң, қай нәрсеге шад болса, орынлаўға *талап етермен* енди (А.Дабылов). Боламан деп космонавт – Азат *талап етеди* (Ш.Мәмбетмуратов). Буны мәмлекет *талап етип* атырған жоқ (М.Нызанов). **Талабы келиспеў** – иси табыслы

болмаў, бахытсызлық. Бизиң *талап келиспеди*, Қанша ғайрат салсам да (Күнхожа). **Талабы оңына баспаў** – иси жүриспеў. Быйыл да оның *талабы онына баспады* (У.Ҳәмийдов). **Талабы оралыў** – иси жүрисиў. Әне талап соннан баслап *оралыўға қарады* (Ш.Сейтов). **Талап қойыў** – миннет жүклеў, жуўапкершилик артыў. Олар кадр таңлаўда қатаң *талап қойды*. **Талабына нур жаўыў** – иси оңынан келиў, иси жүрисиў. Алдыннан жарылқасын, бахытлы бол! *Талабыңа нур жаўсын* деп тилек билдирди (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛАПКЕР I кел. Талап излеўши, жумыс ислеўши, бир исти орынлаўға умтылғыш. *Талапкерлер* жәмлесип, таң сәҳәрден белгили бир көшеге барып қатарласып турады екен (Қ.Ирманов). Белде дорба, қолында тал таяғы, Бәлки бул бир дийўана яки *талапкер* (И.Юсупов).

ТАЛАПКЕР II ат. Даўагер, ҳақы талап етиўши, бир нәрсени өндирип алыў ушын судқа арза бериўши. *Талапкер* өзи келип мүрәжат еткен жағдайда, Мәмлекетлик хызметлер орайы хызметкери арза бериўши атынан, усы регламентке муўапық сораўнаманы электрон түрде толтырады (Б.Мамбеткаримов).

ТАЛАПЛАНБАЎ ф. Ҳәрекет етпеў, орынламаў.

ТАЛАПЛАНДЫРЫЎ талапланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛАПЛАНЫЎ ф. Бир исти ислеўге умтылыў, алдына қойған мақсетке жетиўге тырысыў. Ҳәмме *талапланды* саўат ашыўға, Анадай тәрбия қыла баслады (Д.Қасымов).

ТАЛАПЛАНЫЎШЫЛЫҚ ат. Бир исти ислеўге умтылыў, алдына қойған мақсетке жетиўге тырысыў.

ТАЛАПЛЫ кел. Талабы бар, белгили бир жумыс пенен шуғылланыўшы адам. *Талаплы* елге нур жаўар, Ел қорыған кем болмас (ққ.х.н.).

ТАЛАПНАМА ат. Қандай да бир нәрсени талап етип жазылған ҳүжжеттиң түри. Айырым фермер хожалықлары тәрепинен тәбияттың бийбаҳа инамы есапланған суўды ҳеш қандай *талапнама* ҳәм ҳүжжетлерсиз өз басымшалық пенен пайдаланыў жағдайларының ушырасып атырғанлығы ашынарлы (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛАПНАМАСЫЗ кел. Талапнамасы жоқ. Қоңырат районындағы «Памир таў» фермер хожалығы тәрепинен *талапнамасыз*, өз басымшалық пенен 3850 м³ суўды пайдаланғаны анықланып, бул жағдай бойынша 311 мың 850

сумлық жәрийма санкциясы қолланылды (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛАПСЫЗ кел. Жумысы жоқ, мақсетсиз. Адам баласының ең жаманы – *талапсыз* (Абай).

ТАЛАПСЫЗЛЫҚ кел. Жумысы жоқлық, мақсетсизлик. *Талапсызлық*, жигерсизлик, гедейликтиң бәри усыннан шығады. Залымлық – адам баласының душпаны (А.Калшабек).

ТАЛАПШАҢ кел. Хәўескер, қумар, қуштар. Мал деғениң силос десе *талапшаң*, Жеткерейик жаман атқа қалмаймыз (Т.Сейтжанов).

ТАЛАПШАҢЛЫҚ кел. Талапшаң болыў. Фосфорға болган *талапшаңлығы* сезилип турды (О.Бердимуратов).

ТАЛАС I ат. **1.** Белгили бир мәселе жөнинде айтыс, тартыс, ерегис. Сондағы екеўимиздиң таласымыз не? (Т.Нәжимов). Бәҳәрги егиске суў жетпеди, Суў *таласы* жәнжеллериң питпеди (Ә.Шамуратов). **2.** Үмит, дәме.

ТАЛАС II р. Қатарма-қатар, теңбе-тең. Қарақшыға *талас* келдик, әттең жер жақын болды (Ғ.Мустафин).

ТАЛАСЛЫ кел. **1.** Тартыслы, айтыслы, ерегисли. **2.** Үмитли, дәмели.

ТАЛАССЫЗ кел. Даўсыз, гүмансыз. Дос пенен *талассыз.* Ойлаған ойын табады (Ә.Шамуратов).

ТАЛАС-ТАРТЫС кел. Тартыслы, айтыслы, ерегисли. Ең тийкарғысы жас алымның бул мийнетинде бизиң әдебияттаныўымызда еле жетерли дәрежеде изертленбеген, көп *талас-тартыс* туўдыратуғын лирикада көркем ой пикирди, сезимлерди жеткериўде форма таңлаў мәселеси бойынша изертлеўлери ҳәм тийисли жуўмақларға келгенлиги қарақалпақ әдебияттаныў илиминде үлкен жаңалық болды (С.Баҳадырова)

ТАЛАСТЫРЫЎ таласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛАСЫЎ ф. **1.** Ийтлердиң, пышықлардың, улыўма жанлы-жаныўарлардың бирин-бири тислеўи, жулысыўы, алысыўы. Оның изинен кеткен ийти де *таласып*, тыртым болды (А.Бекимбетов). **2.** аўыс. Тартысыў, даўласыў. Ақырында өзлери *таласып* қыран-пышақ болып төбелесип қалды (Н.Дәўқараев). Кишкенелигимизде Қанатбай екеўимиз орынға *таласып*, гөзлеген жеримизге отыра алмай қалсақ, төрге шығып алып мақтанар едик (М.Нызанов). **3.** аўыс. Жарысыў. Мен турғанда жарқырап шыға қоймас, мениң менен *таласарлық* не малы бар (М.Дулатов). **4.** аўыс. Аңсаў, умтылыў. XIII әсирде адамзатқа

белгили аймақтың тең жартысына жуўығын жер менен жексен еткен тас үстинде тас қалдырмаған Шыңғысхан тәңирликке *таласады* (М.Булутай).

ТАЛАТТЫРЫЎ талаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛАТЫЎ талаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛАЎ ф. **1.** Ийттиң, пышықтың, қасқырдың бирин-бири *талаўы* ямаса жыртқыш аңның, шыбын-ширкейдиң малды, адамды шағыўы, тислеўи. Көмекбайды шыбын *талады* (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Биреўдиң мал-мүлкин зорлық пенен басып алыў, тонаў. Аштарханнан өткен жерде Степка Разин адамлары оларды ары жибермейди *талап* (Қ.Ирманов). Топ-топ болып елден бир неше күнлик алысларға кетип бурынғысынша жолаўшы *талады* (Т.Қайыпбергенов).

ТАЛАЎШЫ ат. Зорлық етиўши, тонаўшы. *Талаўшылардың* екеўи де бетлерин қара тери менен таңып, қара қылқа, қара тумақ кийген (Т.Қайыпбергенов).

ТАЛАЎШЫЛЫҚ ат. Зорлық етиўшилик, тонаўшылық.

ТАЛҒАМ ат. Адамның бир нәрсеге деген қумарлық көзқарасы, талғаў, сөйлеў. Нанға *талғам* болмайды шырағым (М.Чимбергенов).

ТАЛҒАМЛЫ қ. талғампаз. Терең *талғамлы*, сезимтал әдебият изертлеўшиси (С.Баҳадырова)

ТАЛҒАМПАЗ кел. Таллағыш, сынағыш, талғаўшы. *Талғампаз* халыққа тасқын жыр керек (Г.Есемуратов).

ТАЛҒАМПАЗЛЫҚ ат. Таллағышлық, сынағышлық, талғаўшылық.

ТАЛҒАМСЫЗ кел. Таллай алмайтуғын, талланбаған.

ТАЛҒАМШЫЛ қ. талғампаз

ТАЛҒАЎ қ. талғам

ТАЛДАЙ кел. Тал сыяқлы, тал тәризли, талға усаған, талға мегзес. Шығар арасынан суўырылып *талдай*, Қара триколы дилбар периште (И.Юсупов).

ТАЛДЫРЫЎ ф. Ҳәлсиреў, шаршаў, күшсизлениў. Қолларымды *талдырды*, Шийрин жүзим солқымы (И.Юсупов).

ТАЛДЫРМАШ кел. Нәзик, жиңишке. Үлбиреген жас, *талдырмаш* бойлы, сулыўшықтан келген еки бетинен қан тамып турған қыз екен (С.Баҳадырова). Қара көзи көлге ымырт түскендей, *Талдырмаш* бойында талдың сүмбили (И.Юсупов).

ТАЛДЫРМАШЛАЎ р. Нәзиклеў, жиңишкелеў. *Талдырмашлаў* узын бойлы, қыр мурынлы, бадырақ көз бала өтип

баратырған арбаны көрип, қасындағы отырған балаларға ым қақты (Н.Дәўқараев).

ТАЛДЫРТЫЎ талдырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛИБАН ат. Ауғанстандағы пуштунлар арасында 1994-жылы қурылған ислам ҳәрекети. *Талибанлар* 2021-жылы 15-августтан баслап Ауғанстан хүкиметин толық қолға алды (Интернет материаллары).

ТАЛҚАН: талқан етиў ф. Ўайран етиў, қыйратыў, бүлдириў. Алпамыс жаўдың қалған үш танкисин жаздырмастан *талқан* етти (Ж.Аймурзаев).

ТАЛҚАН қ. тақан. Өзимди шашсаң шаш, *талқанды* шашпа (КДС).

ТАЛҚАНЛАНЫЎ талқанлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛҚАНЛАЎ ф. Бүлдириў, сындырыў, қыйратыў, қуртыў, жойыў, ўайран етиў. Қыйынлыққа көндик биз алға бастық, *Талқанладық* биз фашистлик буғаўды (Ә.Шамуратов). *Талқанлады* таўдың қырын, Тартып сол қыздың зарын («Мәспатша»).

ТАЛҚОҒА ат. Суўда өсетуғын өсимлик (КДС).

ТАЛҚЫ ат. **1.** Дәм. Адам уғлы сыпатта түрли-түрли қулқы бар, Суўда сондай гайы ашшы, гайы душшы *талқы* бар (С.Мәжитов). **2.** аўыс. Тексериў, сынаў, додалаў, гезге салыў. Халыққа басшы болыў – бәрҳа олардың *талқысында* болыў (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Талқыға түсиў** – тексериўге салыныў, додаланыў. Институтқа қайтып келгеннен кейин бизиң жаўынгер листегимиз *талқыға* түсти (Т.Қайыпбергенов).

ТАЛҚЫЛАНЫЎ талқылаў фейилиниң өзлик дәрежеси. *Талқыланыў* режимине НҲҲлердиң жойбарларын көрип шығыў киргизилди (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛҚЫЛАЎ ф. Тексериў, бир истиң анығына жетиў, көпшиликтиң додаланыўына салыў. Буның барлығын биз өз мәҳәлинде *талқылаймыз* (Р.Тагор). Мәселени *талқылаўға* оларды да қатнастырайық дейсиз бе? (Қ.Досанов). ◊ **Талқысына түсиў** – додалаўына түсиў. Бул мәселе күн илгери областларда исленип шығып, Орта Азиялық республикалардың кең *талқысына түссин* («Бил. илаж.»).

ТАЛҚЫЛАС талқылаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЛҚЫЛАСЫЎ талқылаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЛҚЫЛАТ талқылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛҚЫЛАТЫЎ талқылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛЛАЎ ф. **1.** Тарамлаў, бир-бирлеў. Қыздың шашын *таллап* тарады да, оннан кейин жақсылап өрди (ққ.х.е.). **2.** аўыс. Анализ етиў, бир нәрсени жән-жақлы изертлеў. Жуўапкерлерге додаланған ҳәр бир тема бойынша терең *таллаў* тийкарында көрсетпе ҳәм усыныслар берди. **3.** Сөзлерди мәнилерге, гәп ағзаларына, сөз шақапларына айырыў.

ТАЛЛАЎШЫ ат. **1.** Тарамлаўшы, бир-бирлеўши. **2.** аўыс. Анализ етиўши, изертлеўши, тексериўши. **3.** Сөзлерди мәнилерге, гәп ағзаларына, сөз шақапларына айырыўшы.

ТАЛЛИЙ ат. Менделеев периодлық системасының III группасына тийисли химиялық элемент. Гүмис реңли, ақ, жумсақ металл.

ТАЛЛОМ ат. Төмен дәрежели өсимликлердиң денелери. *Таллом* өсимликлер сабаққа, жапыраққа, тамырға ажыралмайды («Биология» сабақ.).

ТАЛЛЫ кел. Талы көп, тал өсип турған орын. Гүллене бер, *таллы* жағыс, пахталы далам, Мен – сениң бир нарт шыбығың, мен – сениң балаң! (И.Юсупов).

ТАЛЫЎ ф. **1.** Естен таныў, еси аўып қалыў. **2.** Күшсизлениў, ҳәлсиреў, қатты шаршаў. ◊ **Ойға талыў** – узақ ойланыў, қыял сүриў.

ТАЛМА ат. **1.** Ауырыў, кесел. Мениң бундай *талма* кеселим жоқ еди ғой деймен өзимше (И.Юсупов). **2.** Әззи, нәзик. Мынаў ағашларың *талма* болады. **3.** аўыс. Тынымсыз мийнет етиў, излениў, ҳәрекетлениў. Талабың бийик асқар болса, сол асқардың шыңына *талмай* өрлей бер (Қ.Жармағанбетов). ◊ **Талма бой** – нәзик, узын бойлы. Ашыққа жарасқан *талма бойларың*, Себил қалды ҳасыл кийген тонларым («Мәспатша»). Жипектен жиңишке ашық жоллары, Нәўшедей жетилген *талма бойлары* («Алпамыс»). Қызлары бар қызыл алма, Жумыр билек, *бойы талма* (Ә.Шамуратов).

ТАЛМАС-ШАРШАМАС кел. Талмайтуғын, шаршамайтуғын.

ТАЛМАЎСЫРАЎ ф. Ҳәлсиреў, талыў. Бийби жорта *талмаўсыраған* тақылетте хеш нәрсени сезбегендей болды (М.Дәрибаев).

ТАЛОН ат. **1.** Қандай да бир нәрсени алыў, яки зәрүр болған орынларға кириў ҳуқықын бериўши тексериў қағазы. Көрпениң арасынан нан берилетуғын *талонларды*, ақшаны алып, күн жаңа ғана батып баратырғанда Гүләсенниң үйине келдик (Ш.Сейтов). **2.** Ҳүжжеттиң ажыратып алынатуғын, яки ажыратып алынғаннан соң дәптерде қалған дубликаты.

ТАЛОНЛЫ кел. Талоны бар, талонға ийе.

ТАЛОНСЫЗ кел. Талоны жоқ, талоны болмаған.

ТАЛПЫН талпыныў фейилиниң түп дәрежеси.

ТАЛПЫНБАЎ ф. Ҳәрекет етпеў, умтылмаў, қызықсынбаў.

ТАЛПЫНДЫР талпыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛПЫНДЫРЫЎ талпыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛПЫНЫС ат. **1.** Баланың еңбеклеўге умтылыўы, жүриўге тырысыўы. **2.** Бир мақсетке жетиў ушын тырысыў, талапланыў. Заман бийигине *талпыныс* нашар, Халқымыз мийнеткеш, исбилермен аз (И.Юсупов).

ТАЛПЫНЫЎ ф. **1.** Баланың еңбеклеўге умтылыўы, жүриўге тырысыўы. Бала апасына қарай *талпынды*. **2.** Бир мақсетке жетиў ушын тырысыў, *талапланыў*. Ҳәмме оны қутқарыўға *талпынып*, умтылғаннан пайда болмады (Т.Қайыпбергенов). Барлығы да талпынып иске, Тарқатыўға таяр қумарын (Т.Сейтжанов). Гүржи сумкадан шыққысы келип ҳәр бир талпынады (М.Нызанов).

ТАЛТАЙТЫЎ талтайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛТАЙЫСЫЎ талтайыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЛТАЙЫҢҚЫРАЎ ф. Сәл талтайыў, аяғын ашыңқыраў.

ТАЛТАЙЫЎ ф. **1.** Аяқтың арасын еки жаққа кеңирек етип ашыў, тарбыйтыў. Турдың басында *талтайып*, Жәнибек ҳандай шалқайып (Бердақ). ◊ **Талтайып кетиў** – менменсиниў, менсинбеў. Үшинши курстан кейин бул *талтайып кетти. Талтайғаны* сол, азымаз қыйсаңлаңқырап келетуғынды шығарды (М.Нызанов).

ТАЛТАҚ I кел. Дүзиў, тик емес, алшайып қыйсық болып, қәлиплескен еки заттың арасы. *Талтақ* таяқ. **2.** Қыйсықлаў болып питкен еки аяқтың арасы. *Талтайған* аяқ. *Талтақ* аяқ.

ТАЛТАҚ II ат. Жерди өлшеў ушын арналған ағаш. Оның узынлығы 2 метр ҳәм оннан үлкен болып та келеди (КДС).

ТАЛТАҚЛАНЫЎ талтақлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАЛТАҚЛАСЫЎ талтақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЛТАҚЛАТЫЎ талтақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛТАҚЛАЎ ф. **1.** Аяқтың арасын кеңирек, алшақ басыў. Кузьма Бородин *талтақлап* басыў менен оған жақынлады (Т.Қайыпбергенов). **2.** Ғоддаслаў, еркинсиў, ширениў. Алтақлама, *талтақлама*, Биреў урды деп жылама (Бердақ).

ТАЛТАҢЛАЎ ф. **1.** Аяқтың арасын кең ашып талтаңлап жүриў. – Бар, атланыңлар, бий намысы, урыў намысы, – деп

хан келте бақайларын *талтаңлатыўы* менен, қуўанысып атырған ябылар топарына қарай жүрип кетти (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Мардыйыў, ғоддаслаў, еркинсиў. Бизлердиң жуўаслығымыздан пайдаланып олардың *талтаңлап* кеткени ырас (С.Бердиқулов).

ТАЛТАҢЛАСЫЎ талтаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЛТАҢЛАТЫЎ талтаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЛТАҢ-ТАЛТАҢ р. Талтаңлап жүриў. Қара жерде *талтаң-талтаң* жүрмеңиз, Топырақта жатар ертең ғеўдемиз (Д.Маликова).

ТАЛЎАС ат. күш-жигер. Сени қушсам дейип еткендей *талўас*, Асаў толқынлар да интизар саған (И.Юсупов).

ТАЛЎАСЛАНЫЎ ф. Талўас урыў, талўас етиў, жигерлениў, йошланыў, умтылыў. ◊ **Талўас урыў** – жигерлениў, йошланыў.

ТАЛШАЛАҢ ат. Шалаңның бир түри, балық көбейетуғын ўақтында өзиниң уўылдырығын усы шалаңның үстине шашады (ҚДС).

ТАЛШЫҚ ат. Ҳәр қандай заттың қурамын қурайтуғын айырым бөлеклери, талы. Қой азғана ўақытқа аш қалса да жүни *талшықланады* (Ғ.Қыдырныязов). Ғаўашаның Шымбай сорты бойынша алып барылған бирлемши туқымгершилигинде өткерилген илимий жумыслар бойынша хожалық баҳалы белгилерин анықлаў ҳәм *талшық* сапасын үйрениў нәтийжеси ҳаққында изленивлер алып барылған (Ш.Шерниязов).

ТАЛШЫҚЛАЎ ф. Бир-бирлеў, тал-тал етиў. *Талшықлап* жыйналатуғын жүн планының орынланыўында Баймурат пенен Рахиманың қосқан үлеси үлкен (Б.Қыдырбек улы).

ТАЛШЫҚЛАНЫЎ талшықлаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Қой азғана ўақытқа аш қалса да жүни *талшықланады* (Ғ.Қыдырныязов).

ТАЛШЫҚЛЫ кел. Талшығы бар. Жасына қарай жылқы етиниң майсыз қабатлары анық билинбейтуғын жиңишке ямаса жуўан *талшықлы* болыўы мүмкин (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛШЫҚСЫЗ кел. Талшығы жоқ.

ТАЛШЫҚТАЙ кел. Талшыққа уқсас.

ТАЛЫҒЫЎ қ. талықсыў.

ТАЛЫҚСЫЎ ф. Есеңкиреп, шала-шарпы есинен таныў, ҳәлсиреў, шаршаў, маўжыраў, дәрманы қашыў. Ол *талықсып* кеткен еди, басы сылқ етип дастыққа түсти (К.Султанов). Әй,

ўақыт, бол, бол..., Жол ортада мен *талықсам*, Демесин әлле ким маған (И.Юсупов).

ТАЛЫС ат. Ишине анаў-мынаў салып қоятуғын жылқының бас терисинен исленген ыдыс. *Талыс* жылқының, сыйырдың бас терисинен исленеди (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛЫСТАЙ кел. **1.** Ийкемсиз үлкен, зор, дәў, нәҳән, ғиддиман. Турпаты ылашықтай, билеклери арыстай, мурынлары қарыстай, балтырлары *талыстай* бир бәтбешер («Алпамыс»). **2.** аўыс. Ийкемсиз, сөлекет, уқыпсыз. **3.** Талыс сыяқлы, тәризли, талысқа усаған, мегзес.

ТАЛЫЎ ф. **1.** Естен айырылыў, еси аўып қалыў, есеңкиреў, жансыз қалыў, сәррийиў, силейиў. Ақ тәнине жара салды, ер батты, *Талды* сулыў шыңғырды дадым қатты (И.Юсупов). Сол ўақта ғана ядыма түсти, Бағана оқтан қалғаным *талып* (Т.Жумамуратов). **2.** Күшсизлениў, болдырыў, ҳарыў, ҳәлсиреў, қатты шаршаў, мәдери қашыў. Булар Қызылқумда *талып* қалды, Буўыным босасып, дизе тамырларым *талды* (Ж.Аймурзаев). ◊ **Өзек талыў** – ашырқаў, аш болыў. **Көз талыў** – **а)** болдырыў, шаршаў. Оқый-оқый көзим *талды*. **б)** көп күтиў. Жолына қарай-қарай *көзим талды*.

ТАЛЬК ат. хим. Ақ яки жасыл түске ениўши, силикатлар класына киретуғын жумсақ минерал. *Тальк* кәсип-өнердиң бояў, қағаз, резина, парфюмерия, керамикалық буйымлар жасаў тараўлары менен медицинада кең қолланылады (Интернет мағлыўматлары).

ТАЛЬКИТ ат. Қурамының 75%инен көби тальктан туратуғын гидротермалық-метасоматозлық таў жынысы.

ТАЛЬКТАС ат. Тийкарғы минералы тальктен туратуғын таў жынысы.

ТАМ I ат. Гербиштен ямаса ылай пақсадан салынған үй, жай. Еки пақсасы питип турған *там* Жәлмендики еди (Т.Қайыпбергенов). Барды да бир *тамға* кирди, Бир аллаға жылай берди (Бердақ). *Там* басына тары жайдым кепсин деп, мен ярыма хат жазаман келсин деп (ққ.х.қ.). Баллар, сизлер-әм апаңыз бенен ана *тамға* барағойың (М.Нызанов). ◊ **Тамның да қулағы бар** – әсте сөйлеў.

ТАМ II қ. тамыў.

ТАМАДА ат. Той-тамаша, ойын-зауық, үлкен мереке, зыяпат, отырыспаны басқарыўшы. Мени *тамада* етип қойды (И.Раҳим).

ТАМАҚ I ат. Мойынның алдынғы тәрепи, ийектиң асты, жутқыншақ, алқым. Шамыратсыз жеген аўқаты, ишкен чайы *тамағынан* өтпейтуғын еди (Қ.Досанов).

ТАМАҚ II ат. Ишип жейтуғын ас, аўқат, тагам. Чай-пай ишип болған соң, *тамақ* жеп, екеў ара ҳәзлестик (С.Хожаниязов). ◊ **Тамақ асыраў** – күн көриў, күн көрерликтей ғана тамақ табыў. Ҳәптеде бир күн дарқанлық береди, тек онда ғана отлап шығып *тамақ асырап* өлмей жүрмен деди (ққ.х.е.). **Тамағы бүлкилдеў** – бир нәрседен дәме етиў. **Тамағы исиў** – дәмелениў. **Тамағынан ас өтпеў** – қайғырыў, уўайымлаў. **Тамақтан қалыў** – қатты аўырыў, наўқас.

ТАМАҚЛАНДЫРЫЎ тамақланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМАҚЛАНЫЎ ф. Тамақ жеў, аўқатланыў, қарын тойғызыў. Мен енди биротала аўылға барып *тамақланарман* (Қ.Ирманов). Жүгин, арқанын беккем буўып тартты да, бир дүмпешиктиң үстинде отырып, қойнындағы нанын жеп, *тамақланып* алды (С.Мәжитов).

ТАМАҚЛАНЫЎШЫ ат. Аўқатланыўшы, жеўши, ишиўши.

ТАМАҚСАЎ кел. Тамаққа шыдамсыз, гөрқаў, мешкей.

ТАМАҚСАЎЛЫҚ ат. Тамақ қумарлық, гөрқаўлық, мешкейлик.

ТАМАМ I ал. Барлық, тутасы менен, түўел, удайы. Алты күн *тамам* жол жүрип, шықты қыя шөллерге («Мәспатша»).

ТАМАМ II қ. тамамлаў.

ТАМАМЛАНЫЎ тамамлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАМАМЛАСЫЎ тамамлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАМАМЛАТТЫРТЫЎ тамамлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМАМЛАТЫЎ тамамлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМАМЛАЎ ф. Таўысыў, питкериў, аяқлаў, түўесиў, куртыў, жоқ етиў. ◊ **Тамам болыў** – **а)** таўсылыў, питиў, ақырына жетиў. Жумыс ўақты *тамам болды* (А.Бекимбетов). Курс оқыўы *тамам болатуғын* күнлери жетти (Ө.Айжанов). Сөз өндирер узақ жолды, Енди сөзлер *тамам болды* (Ә.Шамуратов). **б)** Ҳалдан тайыў, диңкеси қурыў. **Тамам қылыў** – ҳалдан тайдырыў, шаршатыў.

ТАМАН к. с. Шейин, дейин, шекем, қарай, жақын, жуўық. Жазы менен көп мийўе жайып, гүзге *таман* қақ етип алады (А.Бекимбетов). Көлди аралап, түске *таман* жолдасларына

келди (Т.Қайыпбергенов). Ат ойнатып ер жиғит, Гүлайым салған қалаға, Кешке *таман* келеди («Қырқ қыз»). Жараған түйе жайылып жүрген басқа түйелерге де қосылмастан, сағым болып көринген көл *таманға* қарай жүрип, соң-соң көринбей кетти (М.Нызанов). Түске *таман* дәрўаза қағылды (М.Нызанов).

ТАМАША ат. Ойын-заўық, оғада қызықлы, айрықша жақсы, кеўилли. Келиң берман, танысайық, көрсет *тамаша* ойынды («Мәспатша»). Айдос бий сыйға қыз алып, *Тамаша* ойын басланып, Бақсы-жыраў айттырған екен (Бердақ). Тәбият қойны қандай *тамаша*! – деди ол киятырып.

ТАМАШАГӨЙ ат. Қызық көриўши, тамашалаўшы. Сырнай шертилип, дәп дүңкилдеди, *Тамашагөйлер* силтидей тынды (Ө.Хожаниязов). *Тамашагөй* достым, шыдай тур бирақ, Ҳәзир басланады күткен ойының (И.Юсупов).

ТАМАШАЛАТ ф. Қызық көрсетиў, тамаша еттириў. Жан дүньяң гүйзелсе, оған өнерди *тамашалат*, дем алады (Дана Турарбек).

ТАМАШАЛАТЫЎ тамашалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМАШАСЫЗ кел. Ойын-заўықсыз, қызықсыз. Буларда шадлық та бар, қайғы да бар. Адамның *тамашасыз* бар ма күни (К.Өзирбаев).

ТАМАШАЛАЎ ф. Қызықсыныў, тамаша етиў. Яқ, жақсысы палубаға көтерилип, әтирапты *тамашалайық* (М.Нызанов). Усы жерде отырып, түнги он еки-бирлерге дейин өткен-кеткенди *тамашалап* ўақыт өткердим (М.Нызанов).

ТАМБУР I ат. **1.** Төбеси гүмбезленип жабылған жайдың бир бөлеги. **2.** Дүбелей даўылдан қорғаў ушын исленген есиктиң алдынғы дәлизи ҳәм жолаўшылар вагонының кирер аўыздағы төбеси жабық бос жери.

ТАМБУР II ат. Кесте тиғиўдиң, тоқыўдың бир түри.

ТАМҒА ат. Белги, дақ. Үстиңе қызлар алмайын, қандай гүнаң болса да, етиңе *тамға* салмайын («Алпамыс»). Бийбижанды берип сүймегенине, Ақыретке *тамға* салдырып неке (Омар). ◊ **Тамға басыў** – белги салыў. Малларына *тамға басты*, *Тамғасыз* мал қалған емес (Бердақ). ...Жас Маман баҳадырды марапатлады, ахун аҳиднаманы көширип үлгерсе, урыўдың мөри салынып, *тамғасы басылыўы* онша мүшкилге түспейди (Т.Қайыпбергенов).

ТАМҒАДАЙ кел. Тамға сыяқлы, тамға тәризли, тамға янлы, тамғаға усаған, мегзес.

ТАМҒАЛАНЫЎ тамғалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАМҒАЛАСЫЎ тамғалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАМҒАЛАТТЫРТЫЎ тамғалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМҒАЛАТЫЎ тамғалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМҒАЛАЎ ф. Тамға салыў, белги салыў. Айдай жүзине ат туяғындай *тамға* салды (К.Султанов).

ТАМҒАЛАЎШЫ ат. Тамға, белги салыўшы.

ТАМҒАЛЫ кел. Тамғасы бар, тамға салынған, басылған.

ТАМҒАСЫЗ кел. Тамғасы жоқ, тамға салынбаған, басылмаған. Малларына тамға басты, *Тамғасыз* мал қалған емес (Бердақ).

ТАМДЫР II қ. тамызыў.

ТАМДЫРЫЎ тамызыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМИЛ ат. Ҳиндстандағы Тамиланд штатының тийкарғы халқы.

ТАМОЖНЯ ат. Шегарадан өтетуғын товарларды тексеретуғын ҳәм сол товарларға бажы салығын алып туратуғын мәкеме, бажыхана.

ТАМПОН ат. Жараның аўзына яки қанды тоқтатыў, синириў ушын қойылатуғын пахта яки сийле.

ТАМСАНДЫРЫЎ тамсаныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМСАНТЫЎ тамсаныў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАМСАНЫЎ ф. **1.** Тамақтың дәмин татыўға бейимлениў, татқандай болып сезиниў. Отыр екен төринде, Тамақ ишип *тамсанып*, Өзи байдың баласы («Мәспатша»). **2.** аўыс. Таңланыў, таңырқаў, аўзының суўы қурыў. Караматдин *тамсанып* қойды (Ж.Аймурзаев). Жол бойында малдас қурынып нан жеп отырған үш адамды көрип, Ақбийдай *тамсанды*, ерине сыбырлады (Т.Қайыпбергенов). Бәри *тамсанысып*, жаңа қонысты, бул жердиң балығын, сорпаны пал қылып писирген Бегдулланың ҳаялын қайта-қайта мақтап, аўызбирлик пенен терлеп-тепшип аўқатланды (Т.Қайыпбергенов).

ТАМСАНДЫРЫЎ ф. Сүйсиндириў, таңырқатыў. Ҳәмире ҳәр қосығын жүрек пенен айтып, тыңлаўшысын *тамсандыратуғын* еди (Ж.Шәкәримов).

ТАМТАР қ. тамтарыс.

ТАМТАРЫС кел. Кемис, жеткиликсиз, аз. Суўы да жүдә *тамтарыс*, Өрис қалды ап-алыс (Т.Жумамуратов). Суў *тамтарыс* болды быйыл (Бердақ). *Тамтарыс* болды суўлары, ексе егин питпеди (Жийен).

ТАМТАРЫСЛЫҚ ат. Кемлик, кемислик, аз, жеткиликсиз. Олар күш-көликтиң *тамтарыслығын* айтып сарсылар еди (Айбек). Жерден, суўдан *тамтарыслық* сап болды (И.Юсупов).

ТАМТЫМ кел. Азғана, шамалы.

ТАМШЫ ат. Суйық заттың ең кишкене бөлеги, бөлшеги. Ол ерте оянған инсан еди, Халықтың жүрегинен бир *тамшы* қан еди (И.Юсупов). *Тамшыдан* қашқан жаўынға жолығады (ққ.х.н.). Усы мәҳәл *тамшы* дәри қуятуғын үскенени көтерип, медсестра кирип келди (М.Нызанов). Оның көзлеринен еки *тамшы* жас бетиниң алмасынан сызылып ағып түсти (М.Нызанов).

ТАМШЫДАЙ кел. Тамшыға усаған, тамшыға мегзес, тамшы сыяқлы, тәризли.

ТАМШЫЛАНЫЎ тамшылаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАМШЫЛАТ тамшылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМШЫЛАТТЫРТЫЎ тамшылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМШЫЛАТЫЎ тамшылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМШЫЛАЎ ф. Тамшы тамыў, суйық заттың жийи ағыўы. Базы биреўдиң қолында, Қундақлаўлы баласы, Анасынан сүт шықпай, *Тамшылайды* көз жасы (Жийен жыраў). Қанлары жерге *тамшылап* тур (Ә.Шамуратов).

ТАМЫЗ қ. тамызыў.

ТАМЫЗЫҚ ат. От алыстыратуғын қуўрақ шөгирдек, шырпы, кебиў отын. Жаңқа қуўрақ отын, *Тамызық* таўып от жақ, – деди (С.Хожаниязов). Ол өзиниң гәпи менен отқа *тамызық* салыўға мақсет еткенин билдиргиси келмей, кейин шегинди (Т.Қайыпбергенов). Отын алып келген Ымсын қурғақ *тамызықты* тутатып жиберди (К.Кәримов).

ТАМЫЗЫЎ ф. Суйық затты тамшылатып қуйыў, сорғалатыў, ағызыў. Улбосын набаттың суўын Турымбеттиң аўзына *тамызды* (Н.Дәўқараев). Көзиниң жасын *тамызып*, Ырза болды, жылады (Бердақ). – Усыннан үш-төрт тамшы дәрини бир уртлам суўға *тамызып*, үш мезгил ишесең, – деди дәриханадағы қыз (М.Нызанов). ◊ **Майын тамызып айтыў** – сөзди кәмине келтирип, тартымлы етип сөйлеў. Ертеңине Жоллыбайға оқыған әңгимелериниң уақыясын биринен соң бирин *майын тамызып айтып бердим* (Б.Сокпақбаев).

ТАМЫЛЖЫТЫЎ тамылжыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМЫЛЖЫЎ ф. **1.** Елжиреў, маўжыраў. Таң бүлбили *тамылжып*, сайраса, Мен де оған нама қостым қуўанып (И.Юсупов). **2.** Қапырық, ыссы, әптаб. Саратанның *тамылжыған* қапырық ыссы күнлериниң бири еди (К.Султанов). **3.** аўыс. Кийиниў, бүркениў, ораныў.

ТАМЫР ат. **1.** Өсимликлердиң түбири, жерден азық алатуғын негизи. Терең *тамыр* урған саўлатлы шынар, Балта тийсе бирден жапырақ төгер (И.Юсупов). **2.** Адам яки ҳайўанатлар денесинде қан яки лимфа ағатуғын най тәризли ағза. Қан жүретуғын жумыр билегинен таралған *тамырлары*, әдеўир-ақ билинип турады (Ж.Аймурзаев). Кеселдиң *тамырын* услап көрди (А.Бекимбетов). Қасында еки доктор болғаннан кейин, олардың да саў ўақтында айтысатуғыны кеселлик ҳәм оның дәслепки белгилери ҳаққында болған соң мен де өзимнин *тамырымды* услап көрип, пульсимди санап билетуғын болдым (М.Нызанов). **3.** аўыс. Яр-дос, жақын-жуўық, кеўил жақын. Бизге де өте жақын *тамыр* болсаң, Қашық емес аўылым барып қонсаң (Әжинияз). Төркини менен *тамырды*, Бир қатар бәрин шақырды (А.Дабылов). Республикаңыздағы бирден-бир институт Шевченконың атына қойылған екен, усы нәрселердиң бәри туўысқанлық *тамырындай* мени бул үлкеге баслап келген еди. Қандай болғанда да әкеңди жеккесиретпе, сениң *тамырыңда* оның қаны ағып турыпты, – дедим (М.Нызанов). **4.** аўыс. Бир нәрсениң шыққан, басланған жери. ◊ **Тамыр услаў – а)** тамыр арқалы аўырыўды табыў, аўырыўдың аўҳалын байқаў. Айсәнем аттан түсип, Гүлсәнемниң *тамырын услады* (Ж.Аймурзаев). **б)** сынаў, байқаў, ойын билмекши болыў. **Тамыр урыў – а)** өсиў, өрбиў, таралыў, өркенлеў. Таўға өрмелей өсип турған қарағай, *Тамыр урған* тарғылланған тасына (Х.Сейтов). Турды алдымда минези аўыр баладай, Жерге берик *тамыр урған* қарағай (Г.Есемуратов). **б)** тамыры жүриў, тамыры соғыў. **Тамырынан қуртыў** – жоқ қылыў, биротала қайтып көрместей ямаса ислеместей етиў. **Тамыр болыў** – досласыў, татыўласыў. **Тамыр жайыў** – өсиў өрбиў, раўажланыў. **Тамыр жаңалаў** – тамыр-таныс болыў. **Тамырына балта урыў** – жоқ қылыў, қуртыў. **Тамырын басыў** – ойын билмекши болыў. **Тамырын кесиў** – жоқ қылыў, өлтириў. **Тамырын табыў** – сырын билиў. **Шеке тамыры солқылдаў** – басы аўырыў. Ахмедиярдың жүреги лүп-лүп соғып, өзинен-өзи демигип, *шеке тамыры солқылдап*, қаны басына шапшыйды (Ө.Канахин).

ТАМЫРАЯҚЛЫЛАР ат. биол. Саркодиналардың бир топар тармағы.

ТАМЫР-ЖАҚЫН ат. Ағайин, туўған.

ТАМЫР-ЖАҚЫНЛЫҚ ат. Ағайин, туўғанлық.

ТАМЫРЛАНЫЎ тамырлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАМЫРЛАС кел. Түбирлес, тутас, теги бир.

ТАМЫРЛАСЫЎ тамырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАМЫРЛАТТЫРТЫЎ тамырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМЫРЛАТЫЎ тамырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАМЫРЛАЎ ф. Өсимликлердиң жән-жаққа тамыр урыўы, тамырласыўы, таралыўы, өсиўи.

ТАМЫРМИЙЎЕЛИЛЕР ат. Топырақтың астыңғы қатламына мийўе салатуғын гешир, ләблеби ҳәм т.б мәдений өсимликлер.

ТАМЫРСАБАҚ ат. Жапырақ шығармайтуғын көп жыллық өсимликлердиң жерасты раўажланыўы.

ТАМЫР-ТАНЫС ат. Жақын-жуўық, дос-яр, ағайин-туўған. – Ҳаўлықпа шырағым, еле ҳаўлықпа. *Тамыр-таныс*, ошақ басың саўлық па (Бердақ). *Тамыр-таныс*, жора емес пе баяғы (Б.Исмайлов). Милийсалар «бул болғаны емес, барлық ағайин-туўғанларын, жора-жолдасларын, *тамыр-таныслары*н қалдырмай тинтиў жасаў керек» депти (М.Нызанов).

ТАМЫР-ТУЎҒАН ат. Ағайин, жақын-жуўық. Мениң ярым келди оған, Келе алмады *тамыр-туўған* (Күнхожа). Қутлы болсынға узақтан-жақыннан адамлар, *тамыр-туўғанлар* келип жатты (Қ.Айымбетов).

ТАМЫРТҮЙНЕК ат. биол. Азық-аўқатқа, мал отына қолланылатуғын жуўан, етли тамыры бар өсимликлер (ләблеби, гешир ҳәм т.б.).

ТАМЫРТУК ат. бот. Суў астында, аквариумда өсирилетуғын жоқары дәрежедеги автотрофлы өсимлик.

ТАМЫРШЫ ат. Тамыр арқалы аўырыўды табатуғын киси, тамыр көриўши, тәўип.

ТАМЫРШӨП ат. Теңизотлары тукымласына киретуғын көп жыллық суў өсимликлери.

ТАМЫЎ ф. Тер, жас ҳәм сол сыяқлы суўық заттың тамшылап ағыўы, тамшылаўы. Палдай *тамар* ҳәр бир сөйлеген сөзи, Гәўҳардай жарқырап жайнаған көзи (Омар). Шийрин шекер, *тамған* палы, Қыз келсе, жигит ығбалы (Өтеш).

ТАНА ат. Бир жасқа толған қара малдың еркек түри. *Тана жеккен тарықпас* (ққ.х.н.). Хийўалы жасаўылларға бий қой сойдырыўды мисе тутпай, бир ғана *тана* сойдырып еди (К.Султанов). Оның үстине алдынғы аяғы менен жер қазып не бир *таналар* тур (М.Нызанов). ◊ **Тана көз** – мөлдиреген, дөңгелек, үлкен көз. Ол суў болған шашын сыйпалап, *тана көзлерин* төнкере Нуркасымға аўдарды (Д.Рамаданов).

ТАНАДАЙ кел. Тана сыяқлы, танаға уқсас, үлкен, ири. *Танадай* көзи жалтылдап, Буўынлары былқылдап (Абай). Сырымбай байдың *танадай* бир ийти бар (Д.Насыров).

ТАНАП ат. Ески жер өлшеми, шама менен гектардың алтыдан бирине тең келетуғын жер. Есим жаптың бойында бес *танап* жерим бар дийкан едим (Қ.Әўезов). Түйеге усыл ет десең, бир *танап* жерди ўайран етеди (ққ.х.н.). Быйылғы бәхәрде байдың қарамағындағы көлден бир-еки *танап* жер сорап алып, пишенин орғызған екен (К.Султанов).

ТАНАТОЛОГИЯ ат. Адам өлиминиң себеплерин, оның раўажланыў механизмин, клиникалық, биохимиялық ҳәм морфологиялық көринислерин изертлейтуғын медицинаның теориялық ҳәм әмелий бөлими. *Танатология* инсан өлими, оның себеплери, механизми ҳәм белгилерин, сондай-ақ, өлим алды азапларын жеңиллестириўди үйренетуғын пән (Интернет мағлыўматлары).

ТАНАТОЦЕНОЗ ат. экол. Өли суў денелериниң жыйналып қалыўы.

ТАНАЎ ат. Мурынның дем алатуғын қуўысы. Дем алғанда *танаўы* гөне кериздиң тоңыртқасындай қорылдайды (Ж.Аймурзаев). Асханада әлле қандай ыдыслардың шақырлысы, газдиң ысылдап жанғаны, соң иштей ашатуғын жағымлы ийислер жай ишине тарап, *танаўымды* қытықлай баслады (М.Нызанов). ◊ **Танаўын көтериў** – менсинбеў, менменсиў, тәкаббирлениў. **Танаўын тартыў** – қорқытыў, тәртип бериў.

ТАНБУР ат. Шығыс еллеринде кең таралған үш тарлы музыкалық әсбап.

ТАНГАЖ ат. Ушыў, жүзиў ўақтында ушыўшы аппаратлардың (ракета) тийкарғы көлденең инерциясы менен салыстырғанда мүйешлик қозғалысы.

ТАНГО ат. Төрт тактта ойналатуғын аяқ ойынның түри. Усыныслар ға шек қойыў мақсетинде оның өзин *тангоға* алып түспекши болды (П.Кодиров).

ТАНГЕНС ат. Тригонометриялық функциялардың бири. *Тангенс* периоды π болатуғын шекленбеген тақ функция.

ТАНГЕНСЛИК кел. Тангенске тән.

ТАНДЫР ат. Нанды жабыўға арналып, қапталларына ылайдан дөңгелетип исленген печь, ошақ. Досларым қабымда дәним болмаса, Бир *тандыр* шыққандай наным болмаса (А.Дабылов). ◊ **Тандырды қызғанда жабыў** – ҳәр исти ўақтында ислеў. **Тандыр нан** – тандырға жабылған нан. **Тандыры шығыў** – бүлиниў, бузылыў, ўайран болыў.

ТАНДЫРДАЙ кел. Тандырға усаған, мегзес, тандыр сыяқлы, тәризли. Аманлық келип киргенде, барлық дослары *тандырдай* дөңгеленип, отқа жылынып отыр екен (Т.Қайыпбергенов).

ТАНЗИМАТ ат. Модернизация, жаңа бағдарға өзгертиў .

ТАНК ат. Брон яғный полат қапланған өзи жүретуғын күшли қарыў-жарақ пенен қураллanған шынжыр табанлы урыс машинасы. ◊ **Танк взводы** – 3-4 танкиден туратуғын танк әскерлериниң тактикалық бөлимшеси. *Танк взводы* әдетте танк ротасының қурамында ҳәрекет етеди (Интернет мағлыўматлары). **Танк десанты** – бирғеликте урыс ҳәрекетлерин жүргизиў ушын танклер менен алып жүрилетуғын атқышлар бөлимшеси. **Танк нулемёти** – танкте атыўға арналған пулемёт түри. **Танк ротасы** – танк взводларынан туратуғын танк әскерлериниң тактикалық бөлимшеси.

ТАНКЕР ат. Суйық затлар (суйылттырылған ғаз, азық-аўқатлар, химиялық суйықлықлар ҳәм т.б.) тасыйтуғын кеме. Бир ўақытлары тынық теңиздиң үстинде мыңлаған *танкерлер* гезип, суўды патаслайды (Интернет мағлыўматлары).

ТАНКЕТКА ат. **1.** Разведка, байланыс ушын хызмет ететуғын гусеницалы жеңил машина (XX әсирдиң 20–30-жылларында). **2.** Табаны қалыңырақ болған ҳаял-қызлардың жеңил аяқ кийими.

ТАНКЕТКАЛЫ кел. Танкеткасы бар, танкетка кийген.

ТАНКЕТКАСЫЗ кел. Танкеткасы жоқ, танкетка киймеген.

ТАНКИСТ ат. Танк айдаўшы, танк жүргизиўши, басқарыўшы.

ТАНТАЛ ат. Қатты ҳәм атом тығызлығы жоқары металл.

ТАНТЫҚ кел. Жағымсыз.

ТАНЎИН ат. Араб жазыўында ҳәриптиң үстине яки астына қойылатуғын белги.

ТАНЦА ат. **1.** Европаша ойын (танго, фокстрот, вальс). Ол моданы, *танцаны*, театрды жақсы көреди (С.Аҳмад). **2.** Ойын музыкасы. **3.** Европаша ойын-зәўық кешеси.

ТАНЫ қ. таныў

ТАНЫҒЫСЫЗ кел. Басқаша болып өзгерген, жаңарған.

ТАНЫҒЫШ кел. Танып-билиўге шебер адам. Қәне Желменде мырза *таныҒыш* болсаң анаў өристеги бир қора қозыдан туўған егиз қозыны танып алып келши, – депти (Қ.Әзирбаев)

ТАНЫЛЫЎ I таныў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТАНЫЛЫЎ II ф. **1.** Белгили болыў, анықланыў. **2.** Мойынлаў, солай деп есаплаў.

ТАНЫМАЛЫ кел. Белгили болыў. Ол көпшиликке өз өнери арқалы *танымалы* болды. Бул жерде Германия ҳәм Түркия мәмлекетлеринен алып келинген үскенелер жәрдеминде *танымалы* бренд астында кийим-кеншек ислеп шығарылмақта (Интернет маглыўматлары).

ТАНЫМАСЛЫҚ ф. Танымай қалыў. Бир қатар мәҳәллелердиң келбети *танымаслық* дәрежеде өзгерди, мысал сыпатында «Қарақалпақстан» посёлкалық пуқаралар жыйынында тротуарлар ҳәм бәндиргилерден баслап инженерлик-коммуникациялық тармақларға шекем толығы менен жаңаланды (М.Қаршибаев).

ТАНЫМАСТАЙ кел. Адам айтқысыз, өзгеше. Тал болса да, ески көз көрген еди, Аўыл *танымастай* өзгерген еди (Ә.Әжиниязов). Щукарь ата да жүдә шөгип қалды, адам *танымастай* болып өзгерип кетти (М.Шолохов).

ТАНЫС I кел. Бурыннан билетуғын, таныйтуғын. Аўыл алыс, еллер алыс, Бизлерде жоқ, ашна-*таныс* (Омар). Көринген жердиң алысы жоқ, Көргенсиздиң *танысы* жоқ (ққ.х.н.). Бир көрген билис, еки көрген *таныс* (ққ.х.н.). Атың барда жол менен *таныс*, асың барда ел менен *таныс* (ққ.х.н.). Барған соң *таныс* художниклериме көрсетип, сүўретин салдыраман (М.Нызанов).

ТАНЫС II ф. **1.** Басқа адам менен жүзлесиў, танысыў. Сениң менен *танысқаныма* еки ай болды, соннан бери ояў болсам ойымнан, уйықласам түсимнен кетпейсең (М.Дулатов). **2.** Бир нәрсениң жай-жағдайын билиў, изертлеў. Чубаров документлер менен *танысып*, күлимсиреп, қолын созды, аманласты (Ж.Ташенов)

ТАНЫС-БИЛИС ат. Жақын-жуўық, дос-яр, ағайин-туўған. Көшеде де *таныс-билистиң* көзине түским келмейди (М.Нызанов).

ТАНЫСЛЫҚ ат. Биреўди-биреў бурыннан билетуғын, ярдослық. *Таныслығым* болған менен олар менен ҳешқандай байланысым жоқ (А.Бекимбетов).

ТАНЫСТЫРЫЎ танысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Дәўлетбийке апа бөлмедеги үскенелерди бирме-бир қонақ қызға *таныстырды* (М.Нызанов).

ТАНЫСЫЎ ф. Бурын таныс емес адам менен, ис пенен, жумыс жағдайдан хабардар болыў. Есен саўлық сорасып, Бир-бирине қарасып, Аманласып *таныста* (Бердақ). Сиз бенен айрықша *танысыўға*, бир сөйлесиўге қуштар едим (Ә.Шамуратов). Апа менен он-он бес жыллықта *танысып* қалып едик, саўдыраған ашық минезли ҳаял екен, «бирге ислесейик» деди, соннан бери жақын қатнасамыз (М.Нызанов).

ТАНЫТТЫРЫЎ таныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАНЫТЫЎ таныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАНЫЎ I ф. **1.** Биреўди умытып қалмай еске түсириў, таныс екенин бирден билиў, бурыннан *таныс* болыў. Гүлпаршын Алпамыс екенин бирден *таныды* («Алпамыс»). Әжинияз екеўин де *таныды* (К.Султанов). **2.** Бир затты ажырата билиў, сезиў, байқаў. Лизаның кийими екенин көриўден-ақ *таный* кетти (Ж.Аймурзаев). Адамды бир көргеннен-ақ *таныўға* болады (М.Нызанов). Мен мектеп сабақлықларында украин шайыры Тарас Шевченконың Арал бойына сүргин қылынғаны, лекин, ол сүргинде теңиз бойында жасап, сол әтираптағы халықлар менен досласқаны, қарақалпақлар оны тутқын емес, бир қәдирдан дос сыпатында *таныған*ы ҳаққында көп еситкенмен (М.Нызанов). ◊ **Оны менен солын таныў, оң қолы менен сол қолын таныў** – еси-ақылы кириў, жақсы-жаманды айыратуғын болыў. **Естен таныў** – ақылынан адасыў, еси аўып қалыў.

ТАНЫЎ II ф. Мойнына алмаў, тайыў, биле тура билмеймен деў, бийкарлаў. Еситкенге инанба, көргеннен *танба* (кқ.х.н.).

ТАҢ I ат. Күн шығар алдындағы мезгил, ўақыт. Сүмбиле туўса суў суўыйды, Тәрези туўса *таң* суўыйды (кқ.х.н). Ҳәр бир атқан жаңа *таңнан* өмирге жақтылық күтип, ҳәр күнги *таң* қуяшына жақсы үмит артатуғын халықты, бәҳәрдиң дәслепки белгилери-ақ шексиз қуўандырды (Т.Қайыпбергенов). Усыларды уўайымлаў менен *таңды* дерлик уйқысыз атқардым

(М.Нызанов). ◊ **Таң атыў** – **а)** түнниң питиўи, күнниң шыға баслаўы. Шөлден және тили аўзына сыймай, бир сексеўилдиң астын қолы менен тырнап, ызғарға баўырын басып жатып, неше күн уйқылағаны биймәлим, оянса, *таң атып*, қапталындағы жолдан онлаған ешекке жүк артып баратырған дузшыларды көрди де, излеринен бақырып жуўырды (Т.Қайыпбергенов). Ақбийдайдың келгенинен пүткил аўыл хабарланып, *таң атыў* менен аўыл арасындағы дийқанлардың шадлы қосығы жаңлады (Т.Қайыпбергенов). Бир уйқыласа *таң атады*, мениң он-он бес долларым ҳеш кимниң ишине теппес (М.Нызанов). **б)** қыйыншылықтан қутылыў, талабы келисиў. Бизиң де *таңымыз атып* қолымызға қус қонар деп тәселле берди (Т.Қайыпбергенов). **Таң атырмаў** – қыйнаў, азаплаў. **Таң саз бериў** – таң ата баслаў. **Таң қараңғысы, таң сәҳәр** – таң атыўға бейимленген ўақыт. **Таң асыў** – емлениў мақсети менен пиядалап узақ жол жүрип келип, ас-суў ишпей түн бойы жатып уйықлаў, тынығыў. **Таң намаз** – таң атқаннан қуяш шыққанға дейин оқылатуғын таңғы намаз. Әдеўирден соң, *таң намазының* азанын еситип, шапшып түргелди (Т.Қайыпбергенов).

ТАҢ II кел. Инанарын да, инанбасын да билмейтуғын жағдай, аң-таң, ҳайран қалыўшылық. Маған теңизде шомылыў, корабльге миниў *таң* емес, бизиң Одесса порт қала, Қара теңиздиң бойында (М.Нызанов). ◊ **Таң қалыў** – таңланыў ҳайран қалыў. Аўырыўдың қайдан келип қалғанын билмей *таң қалып* бир-бирине қарады (Ж.Аймурзаев).

ТАҢБА қ. тамға. **1.** ат. Дақ, из. Мына пистолетте сизден басқа бөтен адамның қолының *таңбасы* жоқ (Қ.Токаев). **2.** Ҳәр бир урыўдың малға, жер бөлистириўге қоятуғын белгиси. Әййемги дәўирде ҳәр бир қәўимниң *таңбалары* болған (Интернет мағлыўматлары).

ТАҢБАДАЙ кел. таңбаға уқсас.

ТАҢБАЛАЎ ф. Белги салыў.

ТАҢБАЛАНЫЎ таңбалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАҢБАЛАТЫЎ таңбалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢБАЛЫ кел. таңбаға ийе, белгиси бар.

ТАҢБАСЫЗ кел. таңбасы жоқ.

ТАҢҒЫ кел. Азанғы, таң ертеңги. «*Таңғы* ас тәңирден» деп, ата-бабаларымыз таңғы асты үй иши менен бирге ишкен (Ф.Әбилова).

ТАҢҒЫЗЫЎ таңыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢҒЫШ ат. **1.** Кийиз үйдиң уўықларын, керегелериниң басын бириктирип байлаў ушын жүннен тоқылған жалпақлаў баў. **2.** Жас баланы бесикке бөлегенде аяқ-қолының үстинен оралатуғын жалпақ баў.

ТАҢҒЫШЛАНДЫРЫЎ таңғышлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢҒЫШЛАЎ ф. Ораў, байлаў, шырмаў.

ТАҢДЫРТЫЎ ф. Ораў, байлаў, шырмаў.

ТАҢДЫРЫЎ таңыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢЕРТЕҢ р. Ертеңги мезгил, азанғы уақыт. *Таңертең* уйқыдан шаршап ояныў бир емес, бирнеше аўырыўлардың белгиси болыўы мүмкин (Л.Ахметова).

ТАҢҚАЛАРЛЫҚ кел. Өзгеше, ерекше, таңқалатуғындай. Бүгинги үлкен адамлар ушын буның бәри *таңқаларлық* нәрсе емес (С.Мәўленов).

ТАҢҚАЛАРЛЫҚТАЙ кел. Әжайып, айрықша. Соңғы дәўирде халқымыз турмысында *таңқаларлықтай* раўажланыўлар әмелге асырылды (Интернет мағлыўматлары).

ТАҢҚАЛДЫРЫЎ ф. Таңқалатуғындай жағдайға дуўшар етиў, таңландырыў. Өнери менен елди *таңқалдырып* жүр деген сөзди Ғалия еситкен еди (С.Муканов).

ТАҢҚАЛЫЎ ф. Ҳайран қалыў, таңланыў.

ТАҢҚЫ кел. Жалпақ, келте. ◊ **Таңқы мурын** – танаўы үлкен, жалпақ мурын. Кузма шоқ сақал, *таңқы* мурын адам екен, бет-аўызы исип кетипти (А.Толстой).

ТАҢҚЫЙТЫЎ таңқыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢҚЫЙЫЎ ф. Мурынның пуштыйыўы, кийимниң келтериўи.

ТАҢҚЫЛДАЎ ф. Ғаңқылдап қатты сөйлеў, ўадырлаў, бадырлаў.

ТАҢҚЫЛДАТЫЎ таңқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢЛАЙ ат. Аўыз қуўысының үстинги тиске шекемги аралығы. Нур дарытып маңлайына, Суў дарытып *таңлайына* (И.Юсупов). ◊ **Таңлайы кебиў** –шөллеў, суўсыраў. Хийўа ханның әскери, Бети қара ләшкери, Ишерине суў таппай, *Таңлайы кеўип* сорласын (Бердақ). **Таңлайы тақылдаў** – таңланыў, ҳайран қалыў. Жолланарда талайлар *таңлайын тақылдатып* айтысса да, есапласарда қарыздар болып қутылған (Ш.Сейтов). **Таңлайына бериў** – **а)** шешенлик. **б)** Көп сөйлейтуғын, быжық. Тоқтат таңлайына берген, сен

көпшиликтиң алдында кимниң абырайын төгесең (А.Бекимбетов). **Таңлайын қағыў** – таңланыў, ҳайран қалыў. **Таңлайында татыў** – мазалы. Оксананың *таңлайында татып*, уўыз ийип куртқан тағам бул! (М.Нызанов). **Тили таңлайына жабысыў** – ғәзеп, қорқыў.

ТАҢЛАҚ: Таңлақ сөзлер – лексикалық жақтан номинативликти билдирмейтуғын, сөйлеўшиниң туйғы-сезимлерин ҳәм субъективлик баҳасын билдириўши сөз шақабы.

ТАҢЛАМАЛЫ кел. Сайланды, жарамлы, ең жақсы. Т.Қайыпбергеновтың *таңламалы* шығармалары өзбек тилинде басып шығарылды (Интернет мағлыўматлары).

ТАҢЛАНАРЛЫҚ ат. Таңланыўға турарлық, таңқаларлық. Оннан басқа да *таңланарлық* жери, олардың тек көбейип баратырғанлығында ғана емес (Ж.Базарбаев).

ТАҢЛАНДЫРЫЎ таңланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢЛАНЫСЫЎ таңланыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАҢЛАНЫЎ ф. Таң қалыў, таңырқаў, ҳайран болыў. Сол жерде турғанлардың ҳеш қайсысы буған *таңланбады* (М.Нызанов). Сонда маған жақсылық еткен жиғитлерди әжептәўир қыялпаразлар көрип, *таңланған* едим (М.Нызанов).

ТАҢЛАТ таңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢЛАТЫЎ таңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢЛАЎ ф. Сайлаў, унатыў. Мен ишинен биреўин *таңлап*, рульге отырдым (М.Нызанов).

ТАҢЛАЎЛЫ кел. Таңламалы, сайланды, ең жарамлы, ең жақсы. Елимиздеги, дүнья жүзиндеги *таңлаўлы* жаңалықлар каналы (Интернет мағлыўматлары). И.Юсупов *таңлаўлы* шығармаларының еки томлығы.

ТАҢСӘҲӘР р. Күнниң мезгили, таң атыўға жақынлап қалған ўақыт, таң алды, таң азанда.

ТАҢСЫҚ кел. Сийрек ушырасатуғын. Таңсық емес бизлерге, тәбияттың айбаты (К.Султанов). Қазы жүдә бир *таңсық* аўқат емес, сонда да күнде палаўға қазы төсеп атырған шаңарақлар шамалы (М.Нызанов). ◊ **Таңсық ас** – аўқат.

ТАҢЫЛЫЎ таңыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАҢЫРҚАНЫЎ таңырқаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Қосыбай таңланып *таңырқаныўдың* да, әжиўалап табалаўдың да есабын таппай, енжары көзқарас пенен ошақ жаққа барып отырды (К.Султанов). Ғаррының қыйқашын келтирип сөйлеген әңгимесине, әсиресе орыс дини туўралы айтқан дәлийлине

таң қалып, *таңырқанып* отырған Қосыбай баласы Әжинияз бенен қосыла жымыйып күлди (К.Султанов).

ТАҢЫРҚАТЫЎ таңырқаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАҢЫРҚАЎ ф. Ҳайран қалыў, таң қалыў.

ТАҢЫЎ ф. Шандыў, байлаў, тас қылып орап таслаў, шешилместей етип байлаў. Билегинен қан тамшылап ағып турғанын көрди де бас салып *таңыўға* киристи (Д.Досжанов).

ТАҢЫЎЛЫ кел. Таңылған байланған.

ТАП I ат. Сөниўге жақынлаған шоқтың қоламтасының жыллылығы ҳәўир. Оттың *табы* билинип турыпты.

ТАП II ат. **1.** Атыз ишинде гүнде менен дүзиўлеп, узын тартылған из, жол, жарма, соқпақ. Өгизлер де туўра *тапқа* қайтарылмай тарта берипти (Т.Қайыпбергенов). Соң тазаланған жағына *тапқа* салып егемиз (М.Нызанов). ◊ **Тапқа түспеў** – тәртипке бойсынбаў, мойынтаўлық етиў, тәкаббирлик. Өзи *тапқа түспес* тоң мойын екен, Маған ол айтады баласаң дейди (И.Юсупов). **Тапқа түсиў, тапқа келиў** – **а)** тап пенен жүриў, туўры жүриў. **б)** суў қайтқаннан соң дәрьяның, жаптың, салманың кәнарында қалатуғын из. **г)** суўғарылған жердиң бирқанша кепкеннен кейин сүриўге таяр болыўы. **Тап таслаў** – суўдың, тағы басқа нәрселердиң қайтыўы, төмен түсиўи, пәсейиўи, төменлеўи. **Тап бериў** – көриниў шыға баслаў. Оң қапталда буўдай реңли, сақал-мурты жаңа ғана *тап берген* ири денели жигит мардан тоқып отыр (К.Султанов). **Тап болыў** – бир жаман иске, адамға, аўырыўға жолығыў. Ол безгектиң қалтыратпасына *тап болғандай* секирип түсип, суўықсырап тоңды (А.Бекимбетов). **Тап тартпаў** – қоркпаў, уялмаў, тартынбаў.

ТАП III ат. Саўлығы жоқлық, кеселликтиң белгиси болыўшылық, аўырыўшылық, бийтаплық, науқаслық. Қызым өзинде бир *тап* барма деймен (Ж.Аймурзаев). ◊ **Табы жоқлық** – денсаўлығы жоқлық. Оның көптен бери *табы жоқ* (кк.х.е). Ғайып хан *табым жоқ* деген соң, жас үлкенлердиң өзлери, Полат жасаўылға руқсат етиң, басшылық қылып қайтсын, деп алып шыққан (Т.Қайыпбергенов). **Табы қашыў** – аўырыў, науқас болыў.

ТАП VI кел. Анық, дәл. Мантықтырды өмирдиң сум ағысы. Айтып турған қандай сырым *тап* усы (Т.Жумамуратов). Жаслығымда *тап* сениң жаңағы балларыңдай, керек десең олардан да сулыўырақ, узын бойлыдан келген сүлингир жигит болдым (М.Нызанов).

ТАП V к. с. Күшейтиў мәнисин бериў ушын басы «Т» сесинен басланған сөзге қосылады да оғада, күтә, жүдә, дым сөзлериниң мәнисин береди. *Тап*-таза. *Тап*-тақыр. *Тап*-тар. Мәнигүл келиншек болып түскен күнлери «Жайларымыз *тап*-таза, ийис-пийис жоқ» деп ойлайтуғын еди Нәзигүл (Ш.Сейтов). *Тап*-туйнақтай – жыйнақлы, тап-таза. Не буйырса да *тап*-туйнақтай етип орынлайды (Қ.Досанов). Нурхожа *тап*-туйнақтай сәтең кийинип жүретуғын, кеўили де сүттей аппақ, келбетли жуўас жигит еди (Ө.Хожаниязов). *Тап*-тақыр **а)** басында шашы жоқ, тып-тықыр. *Тап*-тақыр етип алынған басын сыйпап бираз турды (З.Иманбаев). **б)** Өсимлик өспеген тықыр жер.

ТАП-ТАР кел. Жиңишке, жүдә тар. *Тап-тар* қараңғы көшелердиң жан-жағы жыбырлаған үйлер екен (Р.Райымқулов)

ТАПАЛТАС кел. Келте, қысқа бойлы. Үйден *тапалтас* бир жигит шықты (Г.Изимбетов). Ол қыр мурынлы, *тапалтас* көсе еди (А.Бекимбетов). Ол болса толысып, *тапалтас* жиғит болыпты (М.Нызанов).

ТАПАНША ат. Жақын жерге ататуғын кишкене қол мылтық пистолет, револьвер.... Жасырып қойған *тапаншасы* менен Қоразбекти атты (Қ.Ирманов).

ТАПЖЫЛМАСТАН ф. Тырп етпестен, қозғалдырмастан. Ал Пайғамбарымыз болса оны еки-үш күннен бери *тапжылмастан* сол орында күтип тур еди (Интернет мағлыўматлары).

ТАПЖЫЛМАЎ ф. **1.** Қозғалмаў, жылжымаў, тырп етпеў. Жаманлығы шыбын жанды аларсаң, *Тапжылмастан* жасыл түсир басыма («Қырқ қыз»). Олар жақынлағанша, хеш ким орнынан *тапжылмады* (Т.Қайыпбергенов). Олар хәзирги қонысынан *тапжылмаў* былай турсын, Хорезмше кийим кийиўге еликлепти (Т.Қайыпбергенов). **2.** Қайтпаў, қарсы турыў. Ол өзиниң, ойлағанынан *тапжылмады* (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Тапжылтпай орынлаў** – сөзсиз (иркинишсиз) орынлаў. Тапсырманы *тапжылтпай орынлаў* ушын хәрекетке киристи (Ж.Аймурзаев).

ТАПЖЫЛЫЎ ф. Қозғалыў, хәрекет етиў.

ТАПҚЫР кел. Тез ойлап қыйын жағдайдан шыға алатуғын, тапқыш, зийрек, зейинли, билгиш. Себеби, жазыўшы әз қаҳарманы сыяқлы оғада ақыллы, *тапқыр*, дыққатлы болған (И.Матеков). *Тапқыр* хәм түсингиш адамлар – бул ойлаўы тез адамлар болады (Интернет мағлыўматлары). ◊ **Қудайдан тапқыр** – ғарғыс сөз. Буннан басқа да, айырым ата-аналар балаларына

«ийттиң баласы», «ийттиң туўғаны», «жүўернемек», «*қудайдан тапқыр*», «қанқусқыр» сыяқлы сөзлерди айтады (С.Есемуратова). **Берекет тапқыр** – таңлақ сөз. Әй, *берекет тапқыр!* Кейинги алты айда балаларыңды китапханаға, ойын майданшасына апардың ба? (О.Сапарова).

ТАПҚЫРЛЫҚ ат. Тапқышлық, билгирлик, даналық, зейинлилик, уқыплылық. Бул жүдә орынлы *тапқырлық* (Г.Есемуратов). *Тапқырлығыңыз* ушын сизлерге рахмет айтаман (Т.Қайыпбергенов).

ТАПҚЫШ қ. тапқыр. Жасынан тентек, қәпелимде *тапқыш*, өзиниң дөгерегиндеги адамларды жыйнағыш еди (М.Дәрибаев). ◊ **Ойлап тапқыш** – көп идеяларға ийе адам. *Ойлап тапқыш* П.Л.Капица, астрофизиклер А.Эддингтон менен А.Милн, математикалық физиканың виртуозлары Ч.Дарвин, Р.Фаулер ҳәм Д.Харди Кембриджде ислеўшилер дүньядағы барлық лабораторияларда нелердиң исленип атырғанлығын толық билип отырды (А.Назаров). **Кеўилин тапқыш** – разы етиў, қанаатландырыў. Әне мен қандай адамман! Бул жерде Кондратты адам емес, ал ҳәммениң *кеўилин тапқыш* бир әўлийе, алым сыпатында сүўретлеп атыр (М.Шолохов). **Мин тапқыш** – кемситкиш, айыплағыш. Ҳаял өзин жаман сезинсе: – ашыўшақ, *мин тапқыш* ҳәм гиналай беретуғын болып алады (Ж.Ийсаметова).

ТАПҚЫШЛЫҚ қ. тапқырлық. Ал Гуктиң характери де әпиўайы емес еди, бирақ онда жүдә сийрек гезлесетуғын ойлап *тапқышлық* талант (оның жүзден аслам ойлап тапқанлары бар еди) пенен данышпанлық интуиция бар еди (А.Назаров).

ТАПЛАНЫЎ таплаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Ол *тапланыў* температурасынан төмен температураға шекем қыздырылады, бул температурада сақлап турылады (Интернет мағлыўматлары).

ТАПЛАСЫЎ таплаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАПЛАТТЫРТЫЎ таплаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАПЛАТЫЎ таплаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАПЛАЎ I ф. Ыссы ҳәўирде услаў, отқа қыздырыў, отқа тутыў. Ҳә, зулым, өлмей колға түссең, арқаңды отқа *таплап* өлтирер едим (М.Дәрибаев).

ТАПЛАЎ II ф. Бир затты яки нәрсени женшип таслаў, басыў. Аш көзиңди турсаң ҳәзир қаяқта, Шашларыңды *таплайынба* аяққа (И.Юсупов).

ТАПОЧКА ат. сөйл. т. Өкшесиз жеңил ҳәм жумсақ аяқ кийим. Оксананың қарсылығына қарамай, иштен *тапочка* алдырып, өзиниң кабинетине баслап барды (М.Нызанов).

ТАПСЫРМА ат. Жүкленген, тапсырылған ўазыйпа, миннет, ис, жумыс. Темирхан атаға келеси күн ушын да *тапсырма* берди (Т.Қайыпбергенов). Ал Маманға тәнҳа *тапсырма*: Есенгелдини ертип, туўры ханның өзине барып хабарласыўы керек (Т.Қайыпбергенов). Түстен кейин сабақ баслап жанадан, *Тапсырманы* тексерип бир баладан (И. Юсупов). Қаржаўбай, саған *тапсырма*, – деди ғәптиң бағытын өзгертип (М.Нызанов).

ТАПСЫРТЫЎ тапсырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Математика факультетине *тапсыртыў* керек деп ҳәр бир муғаллим өз пәнинен қызықтырады (Интернет мағлыўматлары).

ТАПСЫРЫҚ к. тапсырма.

ТАПСЫРЫЎ ф. **1.** Тапсырма, миннетлеме бериў. Кәримовты машинаға отырғызып алып кетиўди лейтенант Бекниязов пенен жанындағы милиционер жигитке *тапсырды* (А.Бекимбетов). **2.** Бир затты биреўге тапсырыў, бериў. Алғаны Қарашаштың қолына *тапсырды* («Мәспатша»).... Зийбагүл бузаўларды қараўылға *тапсырды* (Ө.Айжанов). Атқосшылықты *тапсырыў* мен ушын ойламаған жерде ең қымбат мүлкимди жоғалтып алған менен бирдей болды (М.Нызанов). ◊ **Имтихан тапсырыў** – **а)** тәлим алыўшылардың билимлерин сынақтан өткериў. Ҳәмме экзаменлерди жүдә ағла *тапсырып* шыққанлықтан Зийбагүл пединститутттың өзинде муғаллим болып қалдырылған еди («Әмиўдәрья» ж.). Олардың бири сыпатында питкериўшилердиң артықша әўере болмаўы, тек ғана бир мәрте *имтихан тапсырыў* арқалы жоқары оқыў орынларына кириў имканиятын жаратыў нәзерде тутылмақта (И.Матеков). **б)** аўыс. Өмир қыйыншылықларынан өтиў. Биз *имтихан тапсырыў* жасынан өткенбиз! (М.Нызанов).

ТАПҚАН-ТУПҚАН кел. Тапқан, жыйнаган-терген. *Тапқан-тупқанын* қоржынға салып гүзде және барыпты (КДС).

ТАПТЫРТЫЎ табыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАПТЫРЫЎ табыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАПЫЛДАТЫЎ тапылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Аяғынды *тапылдатпайсаң*, жөтелмейсең (М.Нызанов).

ТАПЫЛДАТҚЫЗЫЎ тапылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАПЫЛДАЎ ф. **1.** Дүрсилдеў, тарсылдаў, дүбирлеў. **2.** Бадабат, шаўқым етиў.

ТАПЫЛДЫ ат. **1.** Дүбирли, тарсылды, дүрсилди, сес, даўыс. Бир ҳаялдың аяқ *тапылдысы* оның қыялын бөлип жиберди (Х.Сейтов). **2.** Бадабат, шаўқым.

ТАПЫР: тапыр-тупыр р. Тарс-турс, сарт-сурт, қатты дабырлаған даўыс. Орта бойлы томпақ киси, *Тапыр-тупыр* сөйлей қалды (Т.Жумамуратов). Көп ўақтан кейин қараңғыда *тапыр-тупыр* шапқыласып киятырғандай мақлуқлардың аяқларының сести еситилди (Б.Бекниязова).

ТАПЫРАҚЛАЎ ф. **1.** Годдаслаған, тайраңлаған шабыс, жүрис. Ғунан тарсылдыдан үркип *тапырақлап* шаўып кетти (С.Хожаниязов). **2.** аўыс. Жуўырыс, шабыс.

ТАПШАН ат. Ағаштан жасалған отырып дем алатуғын, және жататуғын орын. Олардың жасы үлкенлери дәлизге қойылған *тапшанға* тығылысып отыр, қалғанлары түргелип тур (М.Нызанов).

ТАР I кел. **1.** Кең емес, киши, көлемсиз. Бизлер салманың *тар* жеринен өттик. Көшемиз *тар* дейди, еки машын қабатласып өте алмайды дейди, асфальт жүргизилмегенине қырқ жыл болды, деп ядына түскен сәнени жазып қойыпты (М.Нызанов). **2.** аўыс. Қыйын, аўыр жағдай, қысыныспалы мәҳәл. Атты бақсаң ардақлап, тайға бермес *тар* жерде (ққ.х.н.). ◊ **Иши тар** – күншил, қызғаншақ. *Иши тар* адамға даўа жоқ (Интернет мағлыўматлары). **Териси тар** – шурт минез. **Минези тар** – қызғаншақ. **Қолы тар** – сараң, сықмар. Пейли тардың *қолы тар* (ққ.х.н.). **Тарлық ислеў** – қызғаныў.

ТАР II ат. Дуўтарды шертиў ушын тағылатуғын сымнан, сабақтан ҳәм қой-ешкилердиң ашшы ишеклеринен исленген зат. Жуп *тары* бар шарқанадан шыйырылған, Бүлбиллер турғандай ышқында сайрап (С.Нурымбетов). Бүгин *тарың* алтын сымнан, Халқым қайтадан туўылған (И.Юсупов).

ТАРАБА ат. гөн. дин с. Ораза ўақтында мешитте ямаса белгили бир жерге жыйналысып, оразашылар тәрепинен аўыз ашардан кейин оқылатуғын намаз. Бир күни ғаррылар менен *тараба* оқыўға барды (Ж.Аймурзаев).

ТАРАЙТЫЎ тарайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРАЙЫЎ ф. Киширейиў, тарылыў. ◊ **Сөз мәнисиниң тарайыў** – сөз мәнисиниң кемейиўи. Соның менен бирге *сөз мәнисиниң тарайыў* ҳәдийсеси де ушырасады. Бул усыл арқалы

да қарақалпақ тилинде сөз мәнисиниң аўысыўы пайда болады (Е.Бердимуратов).

ТАРАҚ ат. Шаш, сақал ҳәм т б. сол сыяқлы нәрсени жазып тарайтуғын қурал әсбап. Оң қолы менен столдың үстиндеги *тарағын* алды (Ж.Аймурзаев). ◊ **Алтын тарақ** – алтыннан исленген тарақ. *Алтын тарақ* қолға алып, Шашын сыйпап тарады («Қырқ қыз»).

ТАРАҚАН қ. нангөрек. *Тарақан* түнде шығады, ал күндиз асханадағы стол жарықларына, еденниң ернегине, плиталарға, жыллы ҳәм суў өтетуғын т. б. қуўысларға жасырынады (М.Садықова).

ТАРАҚАНДАЙ кел. Нангөрекке уқсас.

ТАРАҚТАЙ кел. **1.** Тараққа усаған, мегзес, тарақ сыяқлы, тақылетли, яңлы. **2.** аўыс. Жүдә аз, кишкене.

ТАРАҚШЫ ат. **1.** Тарақ ислеўши, соғыўшы, жасаўшы уста. Ата кәримиз *тарақшы* ҳәзирде тарақ соға аламан (А.Өтемуратов). **2.** *Тарақ* сатыўшы.

ТАРАҚЫ I кел. Нағыстың бир түри.

ТАРАҚЫ II кел. Миллий гүресте қолланылатуғын усылдың атамасы.

ТАРАЛҒЫ ат. Зәңгини ерге байланыстыратуғын жиптен, телетин қайыстан исленген баў. Бул *таралғың* қыйды әбден санымды, Қуў шөллерде ағызды қанымды («Қырқ қыз»).

ТАРАЛЫЎ тараў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТАРАМ ат. Бир нәрсениң тарам-тарам болып бөлшекленген бөлеги, тармағы, бөлими, саласы. Бул тынық суў қайсы дәрья *тарамы* («Мәспатша»). Ешкисиниң сүти жоқ, Ылағының путы жоқ. Тарам-тарам ет берер (ққ.х.с.ж.).

ТАРАМЛАНЫЎ тарамлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАРАМЛАЎ ф. Тарам-тарам етип бөлиў.

ТАРАМЫС I ат. Булшық етлерди, скелет сүйеклерин байланыстырып туратуғын созылмалы синир.

ТАРАМЫС II кел. Арықлаўдан келген, қарыўлы дене. *Тарамысланған* қоллары дир-дир етеди (К.Султанов).

ТАРАМЫСЛАЎ тарамлаў фейилиниң шериклик дәрежеси. Бармақлары бүгилип, қумға кирип кетпеўи ушын қолларымды оның бармақлары арасынан *тарамыслап* алдым (М.Нызанов). – Жақсы докторлар, балалар, ертеректе өтип кетти, – деди күни менен гәп қоспай, ўақты-ўақты сақалын *тарамыслап* отырған жасыл шекпенли бир ғарры (М.Нызанов).

ТАРАНТАС ат. Төрт дегершиликли адам тасыўға арналған жеңил арба. Өмирбек *тарантас* арбаға ат жегип кеңсениң жанына келди (Б.Майлин).

ТАРАНЫЎ тараў II фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАРАСЫЎ тараў II фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАРАТҚЫЗЫЎ тараў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРАТЫСЫЎ тараў II фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАРАТТЫРЫЎ тараў II фейилиниң өзгелик дәрежеси

ТАРАТЫЎ тараў II фейилиниң өзгелик дәрежеси. Хорезм ойпатшылыгына Ислам динин *таратыў* ушын келген Шамуннабий атлы руўханий арабтың Мазлумхан атлы сулыў қызы болады (М.Нызанов).

ТАРАЎ I ат. Бөлим, тарам, сала, тармақ. Жақында ғаражға медицина *тараўына* қәнигелескен таза сегиз «Москвич» келеди (М.Нызанов). Өзиңиз жақсы билесиз, ҳәзирги ўақытта халық хожалығының ҳәмме *тараўы* дерлик толық механизацияласқан (М.Нызанов).

ТАРАЎ II ф. **1.** Шаш, сақал, мурт ҳәм сол сыяқлы затларды тарақ пенен жазып бөлиў, тәртипке салыў, түтиў. Батыр туўған Хасен хан, Тулпардың жалын *тарайды* («Ер Зийўар»). Аўқаттан кейин ийилип табақ аламан, пәтияға қол жаяман, қолына суў қуяман, тәрбиялайман, кир-қоңын жуўаман, жуўып *тарайман*, басын қарайман (М.Нызанов). Бир жағында қыз-келиншеклер *таранып,* әткөншекте бир беткейлеў тур (К.Султанов). 2. Жәнжаққа кетиў, дағыў, тарап кетиў. Жеген нәрсесиниң бәри етине *тарала* бергенде қайда (М.Нызанов). Енди сизлер де үйли-үйиңизге *тараса* қойың! – деди (К.Султанов). **3.** Ен жайыў, кеңнен орын алыў. **4.** Хабарланыў, еситилиў, белгили болыў. Бул хабар көзди ашып жумғанша, «Алғабас»қа *тарап* кетти (Ө.Айжанов). Усы әўлийениң кәраматы ҳаққында былтырдан бери бир хабар *таралып* кетти (К.Султанов).

ТАРАЎЛЫ кел. Салалы, тармақлы, бөлимли. Хожели районы Республикалық көп *тараўлы* санаториясы балаларды қабыллаў ушын таяр ҳалға келтирилди (Интернет мағлыўматлары).

ТАРАЎСЫЗ кел. Тараўы жоқ, бөлимсиз, саласыз, тармақсыз. Ҳәр қандай өндирис тийкарында химиялық процесслер жатады, бул *тараўсыз* экономикада раўажланыў болмайды (Интернет мағлыўматлары).

ТАРАШ ат. Ылайдан салынған пақсаны, қазылған жаптың, салманың, үлкен арналардың қапталларына теғислеўдеғи исленетуғын ҳәрекет, ис.

ТАРАША ат. Самовар қайнатыўға ылайықлап кесилген ағаш. Бир отка *тарашалап* ағаш жағайық дейди (ҚДС).

ТАРАШЛАНЫЎ тарашлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАРАШЛАСЫЎ тарашлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАРАШЛАТТЫРТЫЎ тарашлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРАШЛАТЫЎ тарашлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРАШЛАЎ ф. Дүзетип тәртипке салыў. Биреўлери қазыў қазған, биреўлери шөпти шапқан, биреўлери раш қайтарған биреўлери салманы *тарашлаған* (Ж.Аймурзаев). Артқы аяғын тиреди, Қуйрықларын *тарашлап*, Майдан да ойнап береди («Мәспатша»).

ТАРБАЙТЫЎ тарбайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРБАЙЫЎ ф. Турып алыў, алшайып турыў.

ТАРБАҢ кел. Жай, әсте жүрис. ◊ **Тарбаңлап жүриў** – әсте жүриў. Баяғы жүре жайылып киятырған қойдың аяқ алысы пәсеңледи, тасбақа *тарбаңға салынды* (Интернет мағлыўматлары).

ТАРБАҢЛАНЫЎ тарбаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАРБАҢЛАТЫЎ тарбаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРБАҢЛАЎ ф. Исти тез питкериў ушын ҳәрекет етиў.

ТАРБАЯҚ р. Қарсыласыў, қарманыў, тырманыў, көнбеў бойсынбаў. Усланған балалар жылап, *тарбаяқ* атса да жиберилмеди (Ә.Шамуратов).

ТАРБАЯҚЛАЎ ф. Мелшийиў, табжылмаў, өжетлениў, қырсығыў, орнынан қозғалмаў. Қәдимги әдетинше ешеклер ярым шақырым жер жүрмей-ақ *тарбаяқлап* турып алады (кк.х.е.). Жыртқыш ҳайўан суўды көрип, турып алды *тарбаяқлап* (И.Юсупов).

ТАРҒЫЛ кел. Қызыл шубар түс. Бир күни анам қолыма *тарғыл* баспақты берди де, атызға апарып отлатып кел, деди (Ө.Айжанов). *Тарғыл* ала, тайпақ бас ақ бөксе баспақ (Ә.Шамуратов). Сақалы, мурты алқараған, сары тоны қанға боялып *тарғыл-тарғыл* болыпты (Т.Қайыпбергенов).

ТАРҒЫЛЛАЎ I кел. Түри, түси қызыл, шубарлаў.

ТАРҒЫЛЛАЎ II ф. Даўыстың қарлығыңқырап шығыўы. Даўысы *тарғыллаў* шықты (Ө.Хожаниязов). Қудиярдың ашыўға буўлыққан *тарғыл* даўысы шықты (М.Нызанов).

ТАРДАЙ кел. Кең еместей, көлеми жоқтай, кишидей. Кең дүнья *тардай* көринди (Ж.Аймурзаев).

ТАРЕЛКА ат. Аўқат салыўға ҳәм басқа нәрсе салыўға қолайлы кишкене жалпақлаў ыдыс. Еки кишкене *тарелка* үстине қойылған чашкалардағы кофелерден ийренлеген пуўлар жоқары көтерилип, соң жайылып көзге көринбей кетип атыр (М.Нызанов). Сиз ише бериң, мен ҳәзир, – деп Оксана мениң алдыма қағазлы шоколад салынған *тарелканы* жақынлатып қойды (М.Нызанов).

ТАРИҚАТ ат. Суффизм төлийматының усылы, руўхый жақтан көтерилиў, жаңа шынлықты мистикалық танып-билиў әмеллери. *Тариқат* яғный суўпы боламан деўши, өзин-өзи умытыўы керек, «ҳәр ким» бар деп ойламаўы керек, басқаша айтқанда мүрит болыўы керек (Қ.Шүлембаев)

ТАРИФ ат. **1.** Экон. Нызамластырылған төлеў нормасы, нырқ баҳа, көрсеткиш. Мәмлекет транспорт *тарифин* өзи белгилейди. **2.** Мийнет ҳақы мөлшериниң көрсеткиши, жумыстың ҳәр түрине белгиленген баҳа. Отыз тийинды қоспаса да *тарифтен* артық алған жоқ па? (К.Тоқаев). **3.** Коммуналлық ҳәм турмыслық хызмет көрсетиўши мәмлекетлик мекемелердиң фирмаларға ҳәм халыққа көрсететуғын ҳәр қыйлы хызметлери ушын ҳақы төлеў мөлшериниң системасы.

ТАРИФИКАЦИЯ ат. Тарифти анықлаў, ҳәр түрли жумыслардың дәрежеге бөлиниўин белгилеў усылы. Пуқараға 2-класстағы үй шараятында билим алып атырған оқыўшыны оқытыў ушын 8 саат сабақ бөлистирилип, *тарификациядан* өткерилип, 2022-жылдың 1-мартына шекем оқытылып келинген (Д.Абибуллаев).

ТАРИФИКАЦИЯЛА ф. Тарификация жумысларын ислеў.

ТАРИФИКАЦИЯЛЫҚ ф. Тарификацияға қатнаслы. Китапханашы мийнет стажына қарай айлық ис ҳақысын белгилейтуғын *тарификациялық* комиссиядан өте алады (Интернет мағлыўматлары).

ТАРИЙХ ат. **1.** Ҳақыйқат, шынлық, өмирдиң ямаса басқа бир нәрсениң раўажланыўы, өсиў барысы. Мийнеткешлер баслап жаңа уйымды, Өткен ислер *тарийх* болды досларым (С.Нурымбетов). **2.** Илим, пән. **3.** Болған бир ўақыя, ҳәдийсе. Бул үлкен *тарийх*, сен оны көргиң келсе, аўырыўдың мына карточкасына қара, бәри де усында жазылған (Ө.Айжанов). Енди болса тағы бирде және бир қонақты баслап келип,

Мазлумхан сулыў ҳәм Шамуннабий *тарийхын* айтып бере аламан, егер умытып қалмасам (М.Нызанов).

ТАРИЙХТАЙ кел. Тарийхқа уқсас. Узын ҳәм машақатлы жол.

ТАРИЙХШЫ ат. Тарийх илимлериниң маманы, тарийхты изертлеўши, тарийхтан сабақ оқытатуғын адам. Оксана археолог емес, *тарийхшы* емес (М.Нызанов).

ТАРИЙХЫЙ кел. Өткен дәўирди сыпатлайтуғын белгили бир дәрек, белгили бир мәҳәлге байланыслы болған ўақыя. Сен мени ҳеш қандай қызықлы яки усындай *тарийхый* орынларға мирәт етпейсең! (М.Нызанов).

ТАРҚАНАЛЫ кел. Қолы өнерли. Әли тарқаналы нәзик миянлым (Әжинияз)

ТАРҚАТЫЛЫЎ тарқаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАРҚАТЫС тарқаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАРҚАТЫЎ тарқаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРҚАТЫЎ ф. **1.** Жыйналған адамды қайтарыў, таратыў. Бул ойын Серкебайға айтқысы келип еди, ҳәзир ҳәммени *тарқатып* жибергенин еситкен соң пикиринен қайтты (Т.Қайыпбергенов). Оны он бес районға *тарқатыўым* керек (М.Нызанов). **2.** Жипти ямаса тоқылған затты ыдыратыў, сөтиў, жазып жибериў. Өрилген-шашларын *тарқатты* (Ж.Аймурзаев). **3.** Жанлы-жаныўарларды таратыў. **4.** Улыўма барлық затларды дағытыў. Қалған он үш себетти *тарқатыўға* жигирма алты адам жол машынға шығып кеттик (М.Нызанов). Лекин, диктордың *тарқатқан* хабары төбемнен муздай суў қуйғандай етти (М.Нызанов).

ТАРҚАЎ ф. **1.** Дағыў, ыдыраў, бөлинип-бөлинип ҳәр тәрепке тарап кетиў. Орыс әскерлери келген соң, хан нөкерлери *тарқап* кетти (Қ.Ирманов). **2.** аўыс. Қайғы, уўайым қусаған сезимлерден арылыў. ◊ **Қумары тарқаў** – кеўили жай табыў, рәҳәтлениў. Сүйсинсин қулағым, *тарқасын қумарым* (Абай). Барлығы да талпынып иске, *тарқаўға таяр қумары* (Т.Сейтжанов). **Базары тарқаў** – заманы өтиў, дәўраны өтип кетиў. **Шери тарқаў** – кеўили жай табыў, рәҳәтлениў. Жол жүрип *шери тарқап*, Айдосты қуўа берди (Бердақ).

ТАРҚЫЛДАҚ қ. даркылдақ.

ТАРЛАН кел. **1.** Тарғыл, шубар түсли таў бүркити. Әмет минген бос *тарланды* ойнатып, Минди сулыў полат суўлық шайнатып (И.Юсупов). *Тарлан* салмай өткен босқа, Суңқардың

қәдирин билмес (А.Дабылов). **2.** аўыс. Шыныққан, ысылған, көпти көрген. Бүркиттиң де еди *тарланы*. Қызлардың еди қыраны («Қырқ қыз»).

ТАРЛАНДАЙ кел. Тарлан сыяқлы, тарланға усаған, мегзес, тәризли. Рәҳәт және таслап кетеди мени, Далбайға келмеген үркек *тарландай* (И.Юсупов).

ТАРЛАЎ кел. Үлкен емес, кең емес, кишилеў. Антилопалар менен сайғақларды услаў ушын Үстиртте қырғызлардың таслы дийўал менен қоршалған, узынлығы 300-400 адым, жергиликли жағдай бойынша кеңлеў ямаса *тарлаў*, бийиклиги 3-4 фут, кишкене санлақлы орын бар (Е.Қанаатов).

ТАРЛЫҚ кел. **1.** Белгили бир орынның, кеңисликтиң, кийимниң кең емес қысыңқы болыўы. **2.** аўыс. Турмыс қыйыншылығы, аўырлығы. Кемлик *тарлық*, қорлық үшеў жолдасым, Қутыла алмай жүрмен аға бир басым (А.Дабылов).

ТАРМАҚ ат. Бир нәрсениң тараўы, бөлеги, саласы. Елеслетти көзине, Өмирдиң неше *тармағын* («Қырқ қыз»).

ТАРМАҚЛАНЫЎ тармақлаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Өткизгишлердиң ықтыярлы түрде *тармақланған*, оның хәр қыйлы участкаларында ғальваникалық элементлер ямаса тоқтың басқа да дереклери бар қурамалы шынжырды қараймыз (Б.Абдикамалов).

ТАРМАҚЛАСЫЎ тармақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАРМАҚЛАТТЫРТЫЎ тармақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРМАҚЛАТЫЎ тармақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРМАҚЛАЎ ф. Бөлшеклеў, тараўға бөлиў.

ТАРМАСЫЎ ф. Жақынласыў, жармасыў. Жанталасып, *тармасып*, таў басына шыққан (С.Сауырбеков).

ТАРНАЎ ат. Жаплардың, салмалардың, арналардың, дәрьялардың суўларын тығып, мөлшерлеп жибериў ушын исленетуғын бөгеў. Таўдан беккем бул *тарнаўдың* өринен, Дәрья суўын каналларға бурамыз (Ә.Шамуратов).

ТАРНАЎДАЙ кел. Тарнаў сыяқлы, тәризли, янлы; тарнаўға усаған, мегзес.

ТАРНАЎЛАЎ ф. Тарнаў салыў, ислеў.

ТАРНАЎШЫ ат. Тарнаў салыўшы, ислеўши.

ТАРПА р. Бирден, сол заматта, күтпестен. Аңшы ийт азғана жуўырды да,... қоянды *тарпа* басты (К.Султанов).

ТАРПАН ат. Жылқылар топарына киретуғын ҳәзирги ўақытта ушыраспайтуғын жабайы жылқының түри. *Тарпан* әййемги дәўирлерде Шығыс Европа мәмлекетлеринде кең тарқалған (Интернет мағлыўматлары).

ТАРПЫЎ ат. **1.** Ҳайўанатлардың алдынғы аяғы менен тартыўы, астына басыўы. Ақ түйедей *тарпып* кетсе, нешшелердиң қабырғасын унтаўға шамасы жетеди (Н.Бөрекешов). **2.** аўыс. Биреўдиң қәҳәрине, ғәзебине, қысымына ушыраў. Аймереке Елмураттың *тарпыўына* түсип туўласа да, қолынан шыға алмады (Ж.Аймурзаев).

ТАРРАШЛАЎ ф. Пақса ҳәм гербиштен салынған жайлардың сыртын әшекөйлеп ислеў. Жайдың *таррашын* бериў керек (ҚДС).

ТАРС: тарс етиў ф. Бир сестиң қатты шығыўы. Есикти *тарс* еттирип жаўып кетти (М.Абдреймов). Қатты ашылған қапы *тарс* етип қайта жабылды. (К.Смамутов). Соның арасынша шайы суўыңқыраған болса керек, бир тынбастан симирип ишип, кесаны *тарс* еттирип столға қойды (М.Нызанов). Ең ақырында қазан да, аўқат писирип атырған келиншек те дәскелерин көтерип ишке кеткеннен кейин бул да машинасының кабинасын *тарс* еттирип жаўып айдап кеткен екен (М.Нызанов).

ТАРСА-ТАРС ел. с. Тарс-тарс, тарс-турс, қатты еситилген даўыс, сес. *Тарса-тарс* мылтық атылды (Х.Сейтов).

ТАРСЫЛДАТЫЎ тарсылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРСЫЛДАЎ ф. Токылдаў, тарс етиў.

ТАРСЫЛДЫ ат. Тарсылдаған, тасыр-тусыр еткен даўыс.

ТАРСЫНЫЎ ф. Тар көриў, кишисиниў.

ТАРТҚЫ ат. **1.** Баланы бесикке бөлегенде ямаса қундақлағанда қолланатуғын баў. **2.** Тартыс, талас. **3.** Кейис, түртки, жәнжел. Кемпир-ғаррылардың *тартқысынан* қутылды (К.Султанов).

ТАРТҚЫЗЫЎ тартыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРТҚЫЛАЎ тартыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАРТҚЫШ I ат. Дигирманды қол менен айландыратуғын таяқ. Дигирманды *тартқыш* пенен айландырыў.

ТАРТҚЫШ II кел. Бир нәрсеге қунықкан, әдетленген, машықланған үрдисленген. Темеки *тартқыш*. Дуўтар *тартқыш*. Дигирман *тартқыш*.

ТАРТПА ат. Столдың суўырылып алынатуғын қутысы, бөлеги. Уезд халқының ашлықтан қырылғаны жөнинде рапорт

таярлаған Микелян стол *тартпасынан* қәлер-қәлемес кейпият пенен бир буўат қағазларды алып алдына қойды (М.Нызанов).

ТАРТТЫРЫЎ I тартыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРТТЫРЫЎ II ф. Еркек төлдиң аталық без тамырын үзиў, пишиў.

ТАРТЫҚ кел. Жыйырылған, тартылған. Қаслары қақайған мурны батық, Қулағы тикирейген, ерни *тартық* («Қырқ қыз»).

ТАРТЫЛЫС ат. Тартылыў, тартыў күши. *Тартылыстың* тәсиринен аспан тек эллипс емес парабола, гипербола жоллары менен жүре алады (Х.Әбишов). ◊ **Тартылыс нызамы** – тәбиятта болатуғын тартылыў нызамы. Ньютон пүткил дүньялық *тартылыс нызамын* ашқан (А.Қалығулов).

ТАРТЫЛЫЎ ф. **1.** Жулыныў, алыныў. Суўдың қурып қалыўы, азайыўы. Жүз жап, мың салмадан ҳағлап ағарсаң, Сонда да *тартылмас* суўың, Кегейли (И.Юсупов). Атам еки атыз жүўериниң ортасындағы жуўан шелге суў *тартылғаннан* кейин мениң бой өсериме келтирип думпешик үйеди (М.Нызанов). **2.** Қысқарыў, келтериў. Қайыпназар доктордың шеберлиғи, уқыплығы болмағанда күйген қолы *тартылып* қала жазлаған еди (Ж.Аймурзаев). Оның нерв жүйкелери *тартылған*, көпшилик алдында өзин тута алмайтуғын дәрежеге келген еди (М.Нызанов).

ТАРТЫМ кел. Шалым, орам. Мен басыма тартып қойған бир *тартым* орамалымды шештим (Ж.Аймурзаев). Гүлпаршын жеңгей бир *тартым* орамалды ушына түйилген теңгеси менен моллаға усынды. ◊ **Тартым жалғаў** – лингв. Бир нәрсени биреўге меншиклеў ушын сөз ақырына жалғанатуғын жалғаў. **Бир тартым буўдай** – кепшиктиң бетлеме шамасындағы бир писиримлик буўдай. **Бир тартым темеки** – бир шегиўге жететуғын темеки.

ТАРТЫМЛЫ кел. Кеўил аўдаратуғын, қызықлы. Оның қәлеминен дөрелген қосықлар, мине мен деген поэзия шайдаларының да кеўлинен шығатуғын дәрежеде *тартымлы* (М.Мамбетниязова).

ТАРТЫНҒЫШ қ. тартыншақ.

ТАРТЫНШАҚ кел. Жасқаншақ, уялшақ, натық. – Қызым, орны келген жерде күтә *тартыншақ* та болма (Т.Қайыпбергенов). *Тартыншақ* жолы жиңишке, Сарсылма қарақалпағым (И.Юсупов). Қыз сорап келген тәреп айып ислеген адамдай *тартыншақ* болады (М.Нызанов).

ТАРТЫНШАҚЛАНЫЎ ф. Уялыў, жасқаншақланыў.

ТАРТЫНШАҚЛАЎ кел. Уялшақлаў, жасқаншақлаў, натықлаў. Арзыўдың *тартыншақлаў*, уялшақлық минези бар (Ж.Аймурзаев).

ТАРТЫНШАҚЛЫҚ ат. Жасқаншақлық, уялшақлық, натықлық. *Тартыншақлық* жақсы әдет емес.

ТАРТЫНЫҢҚЫРАЎ қ. тартыншақлаў.

ТАРТЫНЫЎ ф. **1.** Көткеншеклеў, шегиниў, кейин тартыў. Қастын тигип қарақалпақ елине, Шайқастың хан қәҳәринен *тартынбай* (И.Юсупов). **2.** Жасқаныў, дәди бармаў, батыллық ете алмаў. Түсинбесем де сорауға *тартындым* (Ж.Аймурзаев). Ҳәзир жеке топылыўға бул да *тартынды* (К.Султанов). Изинен барыўға *тартындым* (М.Нызанов). Оксана екеўмиздиң ортамызда ышқы-мухаббат ҳаққында *тартынбастан* айтылған гәп сөзлерди Бийбисара үйде отырып сезип қойгандай өз-өзимнен қысынаман (М.Нызанов).

ТАРТЫҢҚЫ кел. Қымбат, шығыңқы.

ТАРТЫС ат. Айтыс, талас, гүрес, айқас. Шатыр иши өз ара *тартыс*, таласлар менен шаўқымға толды (Т.Қайыпбергенов). Ҳәзирги заман *тартыс* заманы, жамай тартысының гүжиген заманы (Қ.Ирманов). Бундай сөзди Зийбагүл күтпеген еди екеўиниң арасында бурын бундай *тартыс* болған да жоқ еди (Ө.Айжанов).

ТАРТЫСТЫРЫЎ тартысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРТЫСЫЎ ф. Айтысыў, таласыў, шайқасыў, гүресиў. Рәўшан менен бир неше рет шайқасып, талай *тартысты* (Ж.Аймурзаев). ◊ **Ылақ тартысыў** – ылақ ойнаў, көкпар шабыў. *Ылақ тартысыў* түўе, аяғында зәңги де жоқ (Т.Қайыпбергенов).

ТАРТЫЎ I ф. **1.** Бир затты орнынан қозғалтыў ушын хәрекет жасаў, орнынан суўырып жулып алыў, жулып таслаў. Гүржи менен көпеги, *тартыпты* сениң лашынды («Мәспатша»). Ойыншы қыз Оксананы қолынан *тартып*, ойынға мирәт етти (М.Нызанов). Кейин ала жаслардың өзи де бул бийтаныс қызды өзлерине *тартып*, сүўретке түсе баслады (М.Нызанов). Қарасам, түйениң бир аяғы оқпанға кирип кетип, *тартып* ала алмай буўырқанып атыр екен (М.Нызанов). Оны сеннен бөлип алып сүйген емеспен, Жулдызларға ракеталар кәрўанын *тартып* (И.Юсупов). **2.** Белгили бир сазды шертиў, сазенделик әсбабында ойнаў. Гернай қоймай *тартып*, Сырнай қоймай шертти (Бердақ). Ол айтты бир нама *тартып* бер енди, Қәле

Мақтымқулы, Қәле Бердақты (И.Юсупов). **3.** Байлаў, тағыў, шандыў. – Сизлерде де гежи орамал *тарта ма*? – дедим Оксанаға таңланып (М.Нызанов). Киреберисте оң қол тәрепимизде узын етип *тартылған* сымға ҳәр қыйлы халатлар, ҳаял ҳәм ер адамлардың кеселханада кийетуғын көйлек ҳәм балақ кийимлери илдириўли турар еди (М.Нызанов). Я усы жиптен бир ағашқа *тартып* байлап қойып, биреўимиз оған көз қулақ болып турсақ екен (А.Бекимбетов). **4.** Бир нәрседен қутылыўға көмеклесиў, жәрдемлесиў. Шығарып тереңнен *тартып* қолымнан, ярыў-дослар бир миндирди (А.Дабылов). **5.** Дән туқымларын дигирманнан, қараздан өткериў, жегизиў. Бир кепшик арпаны демде-ақ *тартып* келди (К.Султанов). **6.** аўыс. Туқымлас, ағайинлес адамлардың түр-түси, минез-қулқы т. б. қәсийетлери жағынан бир-бирине уқсас, үйлес келиўи. Кемпир «Қосыбайдың баласы болған соң әкесине *тартар*» деп қатты қайрым сөздиң басына бармай отыр еди (К.Султанов). Ер дайысына *тартады* (ққ.х.н.). Сениң туқымыңа *тартқан* (К.Султанов). Бет-әлпети маған онша усамайды, лекин, апама *тартқан* тәреплери көп (М.Нызанов). **7.** аўыс. Қызықтырыў, ынтықтырыў, кеўилин аўдарыў. Бәҳәрги ўақыт жер бети атластай дөнип адамның көзин, ойын өзине ерксиз *тартады* (М.Дәрибаев). ◊ **Тартып алыў** – басып алыў, ықтыярына қоймай зорлап алыў. Қолы-жолына қарамай *тартып алды* (кк.х.е.). Телефонымды *тартып* алды (Ө.Айжанов). **Баўырына тартыў** – ғамхорлық етиў, жәрдемлесиў. Ол миймандыбир қолы менен баўырына *тартып* жүзине ләбин тийгизди (М.Нызанов). *Дуз тартыў* – барыўға тийисли болған жерге барыў, сол жерде аўқатланыў. Дуз-несип *тартып* келген екенмен, енди сол бабамыздың аяғы тийген жерлерди көрмекшимен (М.Нызанов). **Мыйық тартыў** – жымыйыў, күлимсиреў. Әйсәнем *мыйығын тартып* күлди (Ж.Аймурзаев). Атызларда *мыйығын тартып*, Ашылады ақ алтын (Т.Сейтжанов). **Азап тартыў** – қыйналыў, жапа шегиў. **Жуўапқа тартыў** – жазалаў, айыплаў. Оны ислеген қылмысы бойынша *жуўапқа тартты*. **Жазасын тартыў** – жәбир көриў, жуўапқа тартылыў. *Жазасын тартсын* заңғар! – деди Қулбай күйгенинен (Ж.Аймурзаев). **Темеки тартыў** – шылым, папирос шегиў. **Қабағы тартыў** – маңлай терисиниң жыйырылыўы. **Сазайын тартыў** – жазасын алыў. **Табақ тартыў** – қонаққа аўқат бериў. **Жол тартыў** – сапарға шығыў, узақ жолға шығыў, жүрип кетиў. Көтерилип

сөзлер кеше ушқанда, *Жол тартып* қуяшлы Өзбекстанга (А.Дабылов). **Тилин тартыў** – сөйлемеў.

ТАРТЫЎ II ат. Сыйлық, сауға.

ТАРТЫЎШЫ ат. **1.** Бөлистириўши, үлестириўши. Табақ *тартыўшы*. **2.** Айыплаўшы, гүналаўшы, жуўапқа *тартыўшы*. **3.** Сүзиўши, аўлаўшы. Жылым *тартыўшы*. **4.** Шегиўши. Шылым *тартыўшы*. Темеки *тартыўшы*.

ТАРШЫЛЫҚ ат. Қыйыншылық, жоқшылық, мүтәжлик. Сол *таршылық* тусаў не екенин баланың өзи де сезбейтуғын еди (К.Султанов). Жүрегимди жарды *таршылық* заман, Қатар-қурбы теңлик бермеген жаман (Күнхожа).

ТАРЫ ат. **1.** Егистиң ең ақырында егилетуғын дәнли дақыллардың бир түри. Кимниң *тарысы* писсе, соның таўығы (құ.х.н.). Шымшықтан қорыққан *тары* екпейди (құ.х.н.). **2.** Сөк болатуғын дән. Жер аўдарса, тағы бир заң шығарса, бизден қалып бир қап *тары* ишерсең (И.Юсупов). Соқыр таўыққа бәри *тары* (құ.х.н.). Там басына *тары* жайдым, кепсин деп, мен ярыма хат жаздым келсин деп (құ.х.с.ж.). Сонда Шамуннабийдиң ҳаялы күйеўиниң аяғының астына *тары* шашады (М.Нызанов). Шамуннабий *тарыға* тайып, оң аяғын дизеден бүгиўге мәжбүр болады (М.Нызанов). ◊ **Тары гөже** – тарыдан писирилген тамақ, аўқат, ас. **Тарысы пискенниң таўығы болыў** – тураксыз, жарамсақ, қуяңқышылық етиў.

ТАРЫҒЫЎ ф. Қыйыншылық, кемтарлық, жоқшылық көриў, қыйналыў, ренжиў. Аўқаттан *тарығып* отыр (Қ.Ирманов). Жалғыз атын сойып берип қонаққа, Жаяў қалып бул халық талай *тарыққан* (И.Юсупов). Сендей болып жан бармекен *тарыққан*, Буны қарап көрген барма тарийхтан (А.Дабылов). ◊ **Қыя шөлде тарығыў** – дүзде, майданда қыйланыў. Қыя шөлде *тарығып*, Алпамыстай батырың, Атына сүрен салады («Алпамыс»).

ТАРЫҒЫЎШЫ ат. Қыйыншылық, кемтарлыққа ушыраўшы, жоқшылық көриўши.

ТАРЫҒЫЎШЫЛЫҚ ат. Қыйыншылық, кемтарлыққа ушыраў, жоқшылық көриў.

ТАРЫДАЙ кел. **1.** Тарыға уқсас. **2.** Жүдә көп, майда. Қудайдың *тарыдай* күни, өтип атыр белгисиз (М.Нызанов).

ТАРЫҚТЫРЫЎ тарығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРЫЛТЫЎ тарылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАРЫЛЫЎ ф. Белгили бир кеңисликтиң, кийимниң, заттың киширейиўи, тарайыўы. Қурысын бул дүнья заман *тарылды*,

Фәплеттен ғой жүрегимиз *тарылды* (Омар). Адамсыз адам жасар ма, Жалғызға дүнья *тарылып* (И.Юсупов). ◊ **Тынысы тарылыў** – ысылыў, ентигиў, демигиў. Аўыр дәрт жүрегин кернеп, өкпесин исирди ме, Әйтеўир, тынысы *тарылғандай* сийрек ҳәм терең демин алады (К.Султанов). **Териси тарылыў** – пейили қашыў, нийети бузылыў. **Заманы тарылыў** – өриси кемейиў, қыйыншылық болыў. Бул дүнья курысын *заман тарылды*, Зардабынан қара жер қақ жарылды (Әжинияз). **Пейили тарылыў** – пейили қашыў, бузылыў.

ТАРЫС ат. Айтыс, талас, тартыс. Бизиң ҳәзирги *тарысымызды* еситкен шығарсаң (Ө.Айжанов). Балалар менен *тарыста*, Қысқа жип келмей гүрмеўге (А.Дабылов). Бул журтты орыс патшасы менен Инқылыш деген елдиң патшасы «мен бурын қол астыма аламан» деп бәсеки *тарыста* екен (К.Султанов).

ТАРЫСЛЫҚ қ. тарлық.

ТАРЫСЫЎ ф. Айтысыў, тартысыў, таласыў, ежесиў, ерегисиў. Ешейинде биринің гәпин бири териске шығарып, кегирдеги қызарғанша *тарысатуғын* руў кәткудалары «қайсымыз жасаўылға жағынар екенбиз» дегендей өлшеўли сөйлеп, сыпайы мийзам көрсетип, танаўлары елп-елп етеди (К.Султанов). Орынсыз жерде *тарыспа* Ретинде сөйле, балам (Бердақ). ◊ **Абырайға тарысыў** – жетискенликке ерисиў. Теңиздей кең пейилине таныспан, Мәпимиз тең *абырайға тарысқан* (К.Султанов). **Табан жолға тарысыў** – алға умтылыў, ҳәрекет етиў, жарысыў. Абырай ушын *табан жолға тарысқан*, Теңлик ушын душпан менен алысқан (Қ.Ирманов).

ТАРХАН ат. Бурынғы патшалық дәўиринде патшаға унаған, жақын адамына берилетуғын атақ. Бул екисин *тархан* қылды, *тарханның* мәниси: Ол хан есигине келсе ҳеш кимнен руқсат сорамайды, өзи кирип, өзи шығады (Әбилғазы Бахадыр «Түрк шежиреси»).

ТАС ат. **1.** Таўдың үлкен ҳәм майда қатты жынысы, соның бөлшеклери. Таўда болар тарғыл *тас*, тарысса шығар көзден жас (ққ.поэз.ант.). Ал, ортада болса гиддиман, келисиксиз формадағы, мен атларын билмейтуғын қатты *таслар* жатыр (М.Нызанов). **2.** Зергерлик буйымларға салынатуғын баҳалы кымбат, *тас*. **3.** Адам денесинде (бүйрек, өт қалта, баўыр) зат алмасыўынан пайда болатуғын түйир зат. *Тас* жалғыз бүйректе емес, өт қабында да, баўырда да ушырасады (Е.Оразақов).

4. аўыс. Аўыр, зилдей. **5.** аўыс. Қатал, жаўыз. Ол бир жүрген *тас* минез адам екен (Аўызеки). ◊ **Шар тас** – пышақ, балта ҳәм соған усағанлардың жүзин егейтуғын тастың бир түри. **Көк тас** – тастың көк түри. **Шақмақ тас** – от тутандыратуғын тас. **Шағыл тас** – қурылыста қолланатуғын майда тас. **Сыйқақ тас** – жылтыр тас. **Үлкен тас** – тастың ириси. **Қумалақ тас** – тастың майда домалақ түри. **Дигирман тас** – **а)** дән тартыўға арналған тас. **б)** дигирман ислеўге қолайлы жалпақ тас. **Тас атыў** – душпаншылық ислеў. **Тас түнек** – оғада, дым қараңғы. **Тас баўыр** – мийримсиз, жаўыз. *Тас баўыр* хан еситсе ошағымыздың күлин суўырады (Т.Қайыпбергенов). **Тас болыў** – үндемеў. **Тас қылыў** – **а)** мықлаў, беккемлеў; **б)** табжылтпаў. **Тас жүрек** – мийримсиз. Ол *тас жүрек* жалғыз улын сойып жемекши болған (кк.х.е). **Тасын қалаў** – тийкарын салыў. Президентимиз бул станцияға тырнақ *тасын қалаў* мәресиминде Қарақалпақстанда әмелдеғи бес жыллықта қуўаты дерлик 1800 МВт болған 3 самал электр станциясы иске түсирилиўи, 2026 жылға барып мәмлекетимиз көлеминде 4000 МВт электр энергиясы ислеп шығаратуғын станциялар қурылысын ескертип өтти («Ел хызметинде»). **Тастай батып, суўдай сиңиў** – үйренисиў. *Тастай батып, суўдай сиңиў* деген даналық сөз қызбалаға ғана айтылмаған (М.Текесбаева). **Тасынды тер** – кет, жоғе. **Тас-талқан болыў** – қыйралыў, жоқ болыў. **Тас-талқан етиў** – қыйратыў, жоқ етиў. Нарбай сизлердиң планларыңыздың барлығын *тас-талқан етежақ* болды (Х.Сейтов). **Тас-тастан қалыў** – бир қәўипли нәрседен зорға қутылыў, зордан аман қалыў. Япырмай бала *тас-тастан қалған* екенсең, сен бахытлы адамсаң (Ә.Шамуратов.) **Тас түссе талайынан** – манлайға жазылған болады. **Тил көзим тасқа** – тилим тиймесин, бәледен аман болсын деген мәниде. *Тил көзим тасқа* усы келиним саў болса, биз еле шаўлығымыздың нанын жеймиз (Ә.Әлишев). **Тас ерең** – ҳеш нәрсени еситпейтуғын адам. **Тас төбе** – туўра дәл төбе. *Тас төбесине* шоқмар менен қойып қалды (кк.х.е.). **Тас етиў** – бекитиў, беккемлеў, шешилместей етип байлаў, бәнт етиў, жол қоймаў. **Тас кекил** – томпақ бужырланған қатты кекил. **Тас дәўири** – адамзат мәдениятының раўажланыўының ең узақ, әййемги тас қураллар жасалған ўақыттан мыс дәўирине дейин созылған тарийхый-мәдений дәўир. *Тас дәўири* үш дәўирге палеолит, мезолит ҳәм неолит болып бөлинеди. **Тасборан етиў** –

мусылманшылықта неке заңын бузған ҳаялларға, қыянеткер инсанларға қолланылатуғын жаза. *Тасборан етер* өлгенше халқың, Жерменликтиң де есап-китабы бар (А.Дәрменов).

ТАСА ат. Қуўыс, қолтық, бүркениш, бирден көзге түспейтуғын аўлақ жер. Парктиң *тасалаў* бир мүйешинен рейкасының биреўи алынып қалған, қараўсызлаў скамейка таўып алдым (М.Нызанов). Қашан, қәйерде, маған айтсаңыз, мен *тасарақ* жерден бақлап тураман (М.Нызанов). ◊ **Көзден таса болыў** – **а)** көзиниң алдында жүрмеў. Бир саат сабыр қылмай сағынады, *Көзинен таса болса* жолдасы тек (А.Байтурсынов). **б)** көринбей кетиў, қарасы үзилиў. Оңғарбай таяғын сүйретип *көзден таса болды* (Б.Майлин).

ТАСАДА р. Жасырын жерде, қуўыс-қолтықта. Бизлер адам көрместей *тасада* отырдық.

ТАСАДДЫҚ 1. Қурбан, пидә, садақа. Ишиме толды әрманым, *Тасаддық* тур шыбын жаның «Қырқ қыз». **2.** Даңқ, марапат, мақтаў, бәрекелла, яша, яшасын.

ТАСАЛАНЫЎ тасалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСАЛАТТЫРТЫЎ тасалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСАЛАТТЫРЫЎ тасалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСАЛАТЫЎ тасалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСАЛАЎ ф. Көрсетпеў, жасырыў, аўлақлаў, көлегейлеў. Көринген адамнан бой *тасалағым* келеди (М.Нызанов). ◊ **Бой тасалаў** – тығылыў, жасырыныў. Бирақ бой *тасалап* қарап отырыўға болмайды (Қ.Ертаев)

ТАСАЛЫ кел. Көзден таса, жасырын жер. Арыўлар айтқан сөзди қабыл алды, бөлинип бир *тасалы* жерге барды (Интернет мағлыўматлары).

ТАСБАҚА ат. Әстен жүретуғын, жер баўырлаўшылар топарына киретуғын сүйек саўытлы мақлуқ. Кесиртке менен *тасбақа*, Услатпады жеў ушын (Жийен жыраў). ◊ **Тасбақа жүрис** – әстен жүриў. Мына *тасбақа* жүрис пенен қашан жетемиз (С.Бердиқулов).

ТАСБАҚАДАЙ кел. Тасбақа сыяқлы, тәризли, тасбақаға усаған, мегзес.

ТАСҚЫН ат. Суўдың кәнарынан шығып қурғақ жерди басып кетиўи, суўдың тасыўы, көбейиўи. Буның нәтийжесинде таў алды ҳәм таўлы аймақларда сел-суў *тасқыны* ҳәдийселери жүзеге келиўи мүмкин (Интернет мағлыўматлары).

ТАСҚЫНЛАНЫЎ тасқынлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСҚЫНЛАТЫЎ тасқынлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСҚЫНЛАЎ ф. Асып-тасыў, ағылыў, төгилиў.

ТАСЛАҚ ат. Таслы жер, тасы көп.

ТАСЛАНДЫ кел. **1.** Қалдық, жарамсыз, ыпырындық, ләтте. **2.** Ата-анасы бас тартқан жетим баллар.

ТАСЛАНЫЎ таслаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСЛАСЫЎ таслаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАСЛАТТЫРЫЎ таслаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСЛАТЫЎ таслаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСЛАЎ I ат. Таслы жер, жайылып жатқан таслы аймақ.

ТАСЛАЎ II ф. **1.** Жибериў, безиў, шығарыў. – Ол гүлди мурнына жақынлатын көрип, бирден аяқ астына *таслап* жиберди (М.Нызанов). **2.** Ылақтырыў, зыңғытыў. ◊ **Иш таслаў** – үй ҳайўанларының төлин ўақтынан бурын өлилей туўыўы. Қойдың аш қалса *иш таслайтуғынын* билетуғын Аймуқан шөпти көбирек берип жүр (Ш.Дәрмағанбетов). **3.** аўыс. Урыў, мушлаў, дүмпишлеў.

ТАСЛЫ кел. Тасы бар, тасы көп.

ТАССЫЗ кел. Тасы жоқ, тасы аз.

ТАСПА ат. Ийленген, кеңнен тилинген қайыс, жиңишке баў.

ТАСПАДАЙ кел. Таспа сыяқлы, тәризли, таспаға усаған, мегзес. Оның тили *таспадай* узын.

ТАСТАЙ кел. Қатты, берик, беккем, мийтин. ◊ **Тастай түнек** – оғада қараңғы, дым қараңғы. **Тастай суўық** – қатты суўық. Тастай қатты **а)** бир орыннан қозғалмаў, тапжылмаў. **б)** даўыс шығармаў, жым-жырт болыў.

ТАСТЫЙЫҚЛАНЫЎ тастыйықлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСТЫЙЫҚЛАТТЫРЫЎ тастыйықлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСТЫЙЫҚЛАТЫЎ тастыйықлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСТЫЙЫҚЛАЎ ф. Бекитиў, мақуллаў. Байқошқар бий әдепки жуўабын қайта *тастыйықлады* (Т.Қайыпбергенов).

ТАС ШЫРА ат. Тастан исленген шыра. Өтемурат орнынан турып, қазан-табақ туратуғын жаққа барын, қармаланып жүрип *тас шыраны* услады (К.Султанов). Ортадағы *тас шыра* пәсейген еди (Т.Қайыпбергенов).

ТАСЫМАЛ ат. **1.** Бир жерден екинши жерге жеткизетуғын нәрсе. Арал теңизине усы *тасымал* менен қуяды (К.Султанов). **2.** грам. Бир қатарға сыймаған сөздиң буўынын екинши таза жолға көшириў яғный өткерме.

ТАСЫМАЛЛАНЫЎ тасымаллаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСЫМАЛЛАЎ ф. Бир затты екинши бир жерге өткериў.

ТАСЫНДЫРЫЎ тасыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСЫНЫЎ ф. Затларды әкелиў, апарыў, тасыў.

ТАСЫР е. с. Дүрсил, тарс-турс, еткен сес, үн. Киргеним сол, изимде *тасыр-тасыр* бола қалды (М.Нызанов).

ТАСЫРАЙЫЎ ф. Бадырайыў, қампайыў, бақырайыў. Аў суўырып атырған кемедеги еки адам да *тасырайып* көринди (К.Султанов). Түн пердесин алған соң жер дүнья жаланаш қалғандай, шымылдық астындағы гүдишеклер менен дәрьяның еки бойындағы шоқайтпа қамыслар ҳәм буйығып жатырған жан-жаныўарлар *тасырайып* қалды (К.Султанов).

ТАСЫРАҚЛАНЫЎ тасыраклаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСЫРАҚЛАЎ ф. Тарбаңлаў, ойнақлаў. Бир нәрсе *тасырақлап* ала қашты (К.Султанов). Ойын сөзге де *тасырақлап*, сиркең суў көтермейди (А.Бекимбетов).

ТАСЫРЛАНЫЎ тасырлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАСЫРЛАСЫЎ тасырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАСЫРЛАТТЫРЫЎ тасырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСЫРЛАТЫЎ тасырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСЫРЛАЎ ф. Тасыр-тусыр етиў. *Тасырлап* баратыр бағдың алдында, Биреў кесип өтти жолды сол ўақта (И.Юсупов). Ғайып хан көп ийтлердиң ортасында, ҳәр қайсысына нәше менен қарап тур еди, *тасырлап* шаўып киятырғанларды көз астынан көрди (Т.Қайыпбергенов).

ТАСЫРЛЫ ат. Тарсылды, дүрсилди. Муздың гедир-будырындағы шананың *тасырлысы* оның қулағына қуўып киятырған адамлардың аяғының дүрсилдисиндей еситилип, артына алақлап қарады (К.Султанов).

ТАСЫР-ТУСЫР е. с. Тарс-турс еткен қатты сес, үн. Усы ўақта есик *тасыр-тусыр* етип, бирден ашылып кетти (А.Бекимбетов).

ТАСЫС тасыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАСЫСЫЎ тасыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАСЫТҚЫЗЫЎ тасыў фейилиниң әзгелик дәрежеси.
ТАСЫТТЫРЫЎ тасыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
ТАСЫТЫЎ тасыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАСЫЎ I ф. **1.** Суўдың көбейиўи, кәнардан асыўы, басқа жерге жайылыўы ямаса суйық заттың ыдыстан асып төгилиўи, көбейиўи. Әмиўдәрья сен қусап, *Тасып* толғым келеди, Қайнаған сүт сен қусап, Қазаннан *тасып* төгилди (Т.Сейтжанов) Түркстаннан көшип келген жылы теңиз *тасып*, бес мың алтын бесикли бала суўға кетип еди (К.Султанов). **2.** аўыс. Кеўили, жигери, қуўаты, күши, дәўлети, мәртебеси артыўы, көбейиўи. Күши *тасып* қанасына сыймаған, Қоңыраттың ғайратлы жигити барды (Әжинияз). Бай болсаң *таспа*, жарлы болсаң саспа (ққ.х.н.). Бир әрманым мәртебемниң *тасқанын*, Атам менен анам ғәрип көрмеди (Т.Жумамуратов). Қызды көрип *тасады*, Шайқалып аяқ басады (А.Бегимов). ◊ **Өсек тасыў** – бир адам тәрепинен айтылған гәпти басқа адамға жеткизиў .

ТАСЫЎ II ф. Затты бир жерден екинши жерге жеткизиў, жеткериў, апарыў. Шөп *тасыйды*, атыз шабады (Т.Қайыпбергенов). Арбалылар ылай *тасыйды* (Қ.Ирманов). Ана екеўи кеседи, мен шанаға *тасыйман* (Ө.Айжанов). Үлкен үй менен отаўдың ортасында пәйик болып жуўырып, еки жигит дастурхан *тасып* жүр (К.Султанов). Қалтырап жүрип төменнен екинши қабатқа гә ылай, гә гербиш *тасыдым* (М.Нызанов).

ТАСЫЎШЫ ат. Бир затты биреўге ямаса бир жерден екинши жерге апарыўшы. Бир ўақытлары сүт *тасыўшы* машина келеди (М.Нызанов). Бул кәрада кеше ғана хат *тасыўшылыққа* адам алып қойыпты (Т.Қайыпбергенов). Жүк тасыўшы. ◊ **Сөз тасыўшы** – әсекшил, шуғыл.

ТАТ ат. Темирге тотығыў тийкарында жабысқан қызғылт дақ, зәң. Төменде кип-кишкене болып, бояўлары *тат* баса баслаған төрт-бес корабль қатара турар еди (М.Нызанов). ◊ **Тат бастырмаў** – тотықтырмаў, зөңлетпеў. *Тат бастырмай* күнде берип қолларға, Майлап қойдық қылышлардың қынабын («Қырқ қыз»). **Таты кетиў** – зәңи, таты кетиў. Мен күнде ислеген себептен, татым кетип, жарқырағанман деди гүнде (С.Мәжитов). **Тат баспаў** – тотықпаў, зәңлемеў. Алтынды *тат баспас* жатса да жерде, Қазып белбуўардан көмсең де жерге (Бердақ). Алтынды *тат баспайды*, деген-әм даналық бар (Т.Қайыпбергенов). **Тат басыў** – зәңлеў, тотығыў. Қаншама

тат басқан менен, ҳасыл полат айнымас (Ж.Аймурзаев). Мен халқыма ырзаман, *Тат басқан* полат найзаман (А.Дабылов).

ТАТ ф. татыў

ТАТАЛАЎ ф. Болмаған нәрсени айта бериў, мыжыў.

ТАТАМИ ат. Дзюдо гүреси ушын мөлшерленген, эластик гилем. 2023-жылдан баслап дзюдо спорт түрин оқыўшылар арасында галаба ен жайдырыў бойынша таңланған мектеплерди оқыў қолланба, *татами*, аксессуар ҳәм басқа да зәрүрли әнжамлар менен тәмийинлеў ушын Халық билимлендириў тараўында реформаларға көмеклесиў қорының қаржылары есабынан ҳәр жылы 5 миллиард сомға шекем қаржыларды қаратсын (Интернет мағлыўматлары).

ТАТАР ат. **1.** Татарстан Республикасының тийкарғы халқын қураўшы халықтың аты. Татар халқы. Татар миллети. Сол күнги нәўбетши гинеколог Фая Акчурина деген *татар* ҳаял екен. Үшинши болып киятырған көк көзли *татар* ҳаялды таныдым (М.Нызанов).

ТАТАРЛАР ат. **1.** Татарстан Республикасының тийкарғы халқын қураўшы, түркий тилде сөйлесиўши халық. **2.** Волга-бойы, Сибирь ҳәм Қырымда жасаўшы түркий тиллерде сөйлесиўши бир қанша елатлардың улыўма атамасы.

ТАТАРША р. **1.** Татар миллетине, тили, әдебияты ҳәм мәдениятына тийисли. *Татарша* қосық. *Татаршаны* үйрениў. *Татарша* сөйлесиў.

ТАТЛАНЫЎ татлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАТЛАЎ ф. Зәңлеў, тотығыў, тат басыў.

ТАТЛЫ I кел. Зәңли, тотыққан, тат басқан.

ТАТЛЫ II кел. Мазалы, шийрин. Не *татлы* бул дүньяда, *татлы* екен дуз, Не суўық, өлим суўық, жүректе муз (Әжинияз). Не деген менен ханның нөкериниң де жаны *татлы* ғой (К.Султанов). ◊ **Татлы турмыс** – жақсы, ҳәзли, рәҳәтли. *Татлы турмыс* өрнекли өмир ушын, туўысқанлар бәрҳәма жан аяма! (Ж.Аймурзаев). **Палдан татлы** – палдан мазалы, шийрин. Мына бала ул-қызымның баласы, *Палдан татлы* бул баланың анасы (ққ.х.н.).

ТАТРАН ат. Моншақ. Мойнына таққан *татраннан* ақылыңның кем екенин билип едим (КДС).

ТАТТЫРЫЎ татыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАТУИРОВКА ат. **1.** Ийне яки басқа қураллар жәрдеминде арнаўлы бояў менен сүўрет салыў, сөз жазыў. **2.** Усындай жол

менен түсирилген суўрет, жазылған сөз. Мен оның билегиндеги *татуировканы* көрип қалдым (П.Қадиров).

ТАТЫМ ат. Бир уртлам, бир жутым, азы кем.

ТАТЫМАЎ ф. Жеткиликли болмаў, жетиспеў.

ТАТЫМЛЫ кел. **1.** Татымы бар, татымы жақсы. **2.** аўыс. Жарамлы, кеўил толғандай. Сен бир *татымлы* дузсаң (Т.Қайыпбергенов). Нешше әдиўли ағалардың ақыл-кеңеслерин тыңлап, изине ерип, усы тараўдың жуқа, бирақ, *татымлы* нанына қәнәәт етип жасағанбыз (Х.Дәўлетназаров).

ТАТЫМСЫЗ кел. Татымы жоқ, татымы жақсы емес.

ТАТЫРЛЫҚ кел. Боларлық, жеткиликли. Қысқа, бирақ әлемлерге *татырлық* гәплер (А.Султанходжаев). Соңғы бес жыл даўамында елимизде бир нешше жылларға *татырлық* өзгерислер менен жаңаланыўлар жүз бермекте (Д.Абибуллаев).

ТАТЫСЛЫ кел. Аўызбиршиликли, иззетли-хүрметли адам мәнисинде. Кең қапыдан кеңеслим, Тар қапыдан *татыслым* (ҚДС).

ТАТЫСЫЎ татыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАТЫЎ I ф. **1.** Тамақтың дәмин көриў, байқаў, тағамланыў. Көп жыллық, нәсип еткен дузды *таттық* (Қ.Ирманов). Мен бул коньякты бурын *татып* көрмеген едим (М.Нызанов). **2.** аўыс. Турмыстың, өмирдиң ашшы-душшысын көриў, билиў. Бүгинги күн күлип, мийнетимниң палын *таттым* (Ә.Шамуратов). Қаслық сөз айтсам ырайдан қайттым, Дуздың зәҳәр уўларын *таттым* (Өтеш). **3.** аўыс. Тең келерлик, турарлық, барабар. Оны жеўге тамсанып тақыя *татыр* нәрсе жоқ (Жийен). ◊ **Онға татыў** – онға турарлық, боларлық. Душпаннан алар өши бар, *Онға татыр* күши бар («Мәспатша»). **Татып алмаў** – ҳеш жемеў, нәрсе билмеў. Қыз алдына қойылған тағамлардан *тәтып алмастан*, өңирине сулаған қап-қара өриминиң ушларын түтип, үнсиз отырар еди (Ш.Сейтов).

ТАТЫЎ II кел. Сыйласықлы, араз емес, хүрметли, иззетли, кеўили жақын. Ағайын *татыў* болса, ат көп, Абысын *татыў* болса, ас көп (ққ.х.н.). Тоқшылық пенен жоқшылықтың парқы сонда – жоқшылықта адам баласы бир-бирине мүтәж, бир-бири менен *татыў* болады екен дә, тоқшылықта ҳәмме нәрсе ағыл-теғил, биреўге биреўдиң иси түспейди (М.Нызанов). Мен үш жылдан бери кекселиктиң гәштин сүрип атырғанымды, көшемиз абаданласып атырғанын, ул-қызларым жумыс пенен тәмийинленгенин, шаңарағымыз бенен оғада *татыў* жасайтуғынымызды аўыз толтырып айттым (М.Нызанов).

ТАТЫЎЛАСЫЎ ф. Жарасыў, маўаса болыў, қайтадан жақынласыў, досласыў. Жумагүл өзиниң күйеўи менен бурынғыдан да *татыўласты* (Ө.Айжанов). Халайықлар, ойлап қара, *Татыўласар* кем-кем ара (Әжинияз). Орыс князьлери менен *татыўласып*, биринің жаўы екиншисине жаў, биринің досы екиншисине дос болып биригип кетеди (Т.Қайыпбергенов).

ТАТЫЎЛЫҚ ат. Сыйласықлы, дослық, жақсы қарым-қатнаста болыў. Бир-биреўимизге жәрдемлесип, жақсы оқып дослықты, *татыўлықты* күшейтейик (А.Бекимбетов). Көрмегенлер кел қонақ бол Нөкиске, *Татыўлықта* татысайық палды тең (И.Қурбанбаев). Сүттей *татыўлыққа* «уйытқы» болған тағы бир жагдай бар (К.Султанов).

ТАТЫЎШЫЛЫҚ ат. Сыйласықлы болыўшылық, қарым-қатнас жасаўшылық.

ТАЎ ат. Айналасындағы жерден көтериңки, бийиклик; оғада бийик таслы жер. *Таўды*, тасты жел бузар, Адамзатты сөз бузар (ққ.х.н.). *Таў* таўға қосылмас, Адам адамға қосылар (ққ.х.н.). Аўылдың арқасы менен батысы узынына жалғасқан пәскелтек *таў* дизбеклери еди (Т.Қайыпбергенов). – Киятырсын *таўдан* келип пе едик? – деди Оксана маган қарап. Бул мың жыллардан арыда *таў* басына салынған қорған (М.Нызанов). ◊ **Таўтеке** – жабайы ешкиниң еркеги. **Жанар таў** – вулкан. **Таўын жаздырмаў** – пәтин пәсеңлетпеў. **Таўы қайтыў** – бети қайтыў, диңкеси қурыў. **Таўы шағылыў** – бети қайтыў, деминен түсиў, пәти қайтыў. **Таўына қарай түлкиси** – таўлы жердеги жасайтуғын түлкилердиң жагдайы, турмысы. *Таўына қарай түлкиси*, Заманына қарай күлкиси (ққ.х.н.). **Таўда таста турмаў** – айрықшалық, айрықша шаққанлық. Ессиз ашықлығым көзим қыймайды, Ғайрат-күшиң *таўда-таста турмайды* («Мәстпатша»). **Таўды талқан қылатуғын** – күшли, ғайратлы, қарыўлы.

ТАЎАП: таўап етиў ф. **1.** Диний орынға ямаса белгили диний ўәкилге барып түнеў, табыныў. Ҳәрбир жерде жәрдем бергенмен саған, Аттан түсип, *таўап* ете бер маған («Мәспатша»). **2.** аўыс. Тәжим етиў, бас ийиў, қәдирлеў. Сениң ушын тәнде жаным қәбапты, Асықпайын көп етейин *таўапты* («Қырқ қыз»). Мақтымқулыны оқығанда, Сөзди *таўап* етер едим (Бердақ).

ТАЎАР қ. гезлеме. Ол шетте турған ақ *таўар* менен жабылған еки бейитти нусқады (М.Нызанов). Жүрегимдей пәк, ақ сүп *таўар* менен ақ жүзиңди сыпырғанда есиңизге түсип турарман (К.Султанов).

ТАЎДАЙ кел. **1.** Үлкен, зор, ири. Усы күнге еки аралықтағы қуры жерлер сол ўақлары толқыны *таўдай* болған жерлердиң асты екен (Қ.Ирманов). Көптен бери шабалмай жабығып жүрген шабарман да бий ағасынан *таўдай* мөртебе алған соң ҳәм сары жорғаның белине минген соң қолына ханның жарлығы тийген кисидей қурысланып шапты (К.Султанов). **2.** Таў сыяқлы, тақылетли, таўға усаған, мегзес. Алдыңғы шанада *таўдай* үйип тийеген жылым тордың үстинде қара алтын дизгинин услап киятырған усы Сағыйдулла еди (К.Султанов).

ТАЎЛАНЫЎ таўлаў фейилиниң өзлик дәрежеси. «Неге аў *таўланып* қалды!» – деп Жәмийла ҳайран болды (К.Султанов). Маман гөне торға түскен арысландай ыңырсый *таўланып*, үстиндеги ҳаяллар шынжырын серпип таслап тикейди (Т.Қайыпбергенов). Қуйын ҳақыйқатында да *таўланып-таўланып* барып, Сағынбайдың үйиниң дийўалына урылды ҳәм сол жердеги патты-саттыны қосып алып, аспанга көтерилди (М.Нызанов).

ТАЎЛАСЫЎ таўлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЎЛАТТЫРЫЎ таўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЎЛАТЫЎ таўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЎЛАЎ ф. Бураў, шыйратыў, қайыстырыў. Мине баслық муртын *таўлап*, көмпейтеди еки уртын (Т.Жумамуратов). Маман бий муртларын *таўлап* қойып, айбатлы нәзер менен жигитлерге бурылды (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Қолын таўлаў** – қолын бураў. *Мойнын таўлаў* – күш пенен басып бураў.

ТАЎЛАЎШЫ ат. Бураўшы, шыйратыўшы, қайыстырыўшы.

ТАЎЛЫҚ ат. Таўлы, таслы жер.

ТАЎЛЫ-ТАСЛЫ кел. Таў менен тасы көп жер.

ТАЎ-ТАЎ кел. Көп.

ТАЎМЫЯ ат. Таўда өсетуғын узын гернайлы жабайы өсимлик. *Таўмыядай* шашларын, Қатарға қойып өреди («Қырқ қыз»).

ТАЎРАТ ат. Муўса пайғамбардың қәўимине Алла тааладан түскен төрт китаптың бири. *Таўрат* ушын аятул курсын оқып бердим (Мәшҳүр Жусип).

ТАЎСИП: Таўсип етиў ф. Мақтаў, баянлаў, баҳа бериў.

ТАЎСЫЛМАС кел. Мәңги питпейтуғын, ада болмайтуғын. *Таўсылмас* көп олжа, Құдай саған берипти («Қырқ қыз.). Бул үлке ҳасла *таўсылмас*, Ақ алтынның мәканы (Т.Сейтжанов).

ТАЎСЫЛЫЎ ф. Түўесилиў, питиў, тамам болыў. От *таўсылады* деп қорықпаң (К.Султанов). Сабыр-тақаты, шыдамы *таўсылып*, енди турыўды әнтеклик көрген жигит илажсыз атқа минди.

ТАЎСЫЎ ф. Тамам етиў, қуртыў, түўесиў, адалаў. Тақат сабырын таўысып, ханның көшкисине қарай жүрди (К.Султанов).

ТАЎСЫЎШЫ ат. Тамамлаўшы, қуртыўшы, түўесиўши, адалаўшы.

ТАЎТЕКЕ ат. **1.** Жабайы ешкиниң еркеги, текеси. **2.** Таў да жүретуғын териси менен мүйизи, ети ушын аўланатуғын жабайы аң. Байекең бир *таўтекени* қулатты (К.Сегизбаев).

ТАЎЎА қ. тәйе.

ТАЎШАН ат. Қоян. Таўшанның туўған төбеси, ысық көринер өзине (кқ.х.н.). Ҳәр қәдем атқанда *таўшан* алса ҳәм Атасы Арабтан туўра келсе ҳәм, Әкеңниң көзини көрип қалса ҳәм, Өлтир көк ийтинди Дүйсен қәндекли (Әжинияз).

ТАЎЫҚ ат. **1.** Қораз ҳәм мәкийен болып айрылатуғын үй қусы. Соқыр *таўыққа* бәри тары (кқ.х.н.). Қақалаған *таўық* туўмай қоймас (кқ.х.н.). Қус фермасында баслықпан, Абырай алдым үйрек пенен *таўықтан* (К.Султанов). Ол ҳәр биримизге *таўық* гөшинен исленген еки сосиска менен бир мәйектен қуўырып, столға қойды. Ол болса сыртта түйе *таўықтың* сойылғанын, шертектиң астындағы қазанда писип атырғанын көрип отыра берипти (М.Нызанов). **2.** аўыс. гөн. с. Қарақалпақша жыл атының бири. Жийенимиздиң биреўи *таўық* жылы туўылған еди (М.Нызанов). ◊ **Таўық көз** – түнде көрмейтуғын көз аўырыўы. **Таўық қора** – таўықлар жасаўы ушын арналын исленген орын.

ТАЎЫҚТАЙ кел. Таўық сыяқлы, таўыққа уқсас.

ТАЎЫС ат. Қырғаўылға мегзес, сулыў қус. Ҳасыл кийим кийген соң, Хүр қызындай доланды, *Таўыс* қустай сыланды («Қырқ қыз».).

ТАЎЫСТАЙ кел. Таўыс сыяқлы, тақылетли, таўысқа усаған, мегзес. Пәр кенирен төсенип, пашшайы жегде жамылып, *таўыстай* доланып отыр (К.Султанов). Өткир қайшы шарт-шарт етти де, жаңа ғана *таўыстай* таўланып турған қоразды жупыны бир мақлуққа айландырды (М.Нызанов).

ТАХОМЕТР ат. Вал, дөңгелек хәм т.б. нәрселердиң айланыў тезлигин өлшейтуғын әсбап.

ТАХТ ат. Патша, ханлардың салтанат мәҳәлинде арнаўлы қабыл етип отыратуғын орны, ҳәкимликке ийелик белгиси, тахт. Патшаның алтын *тахтын*, Қалдырмай бәрин бузады («Қырқ қыз»). Қууып салды қалмақты, Алтын *тағын* қулатты («Ер Зийўар»). Мухаммед Әмин инақтың ақ көкиреклик пенен маған айтқан сырын қудай қуўатласа, хан *тахтына* шығады (Т.Қайыпбергенов). Басына тажы, үстине ғайры нағышлы, зерли жипек шапанларды қат-қат етип кийген жас жигит алтын гүмис пенен аралас қуйған *тахттың* үстинде қууыршақтай болып отыр екен (К.Султанов).

ТАХТА ат. Бөренени узынынан тилгенде алынатуғын еки жағы тегис ағаш кесиндиси, қурылыс материалы. Отаўға *тахта* пол салсам ба депте ойлаған еди (Қ.Айымбетов). Кебиў *тахта* әўели пысқып тутанды да, соңын ала шарпып жанды (К.Султанов). ◊ **Ҳүрмет тахтасы** – өндирис алдынғыларының аты жазылып, сүўрети илинетуғын жер.

ТАХТАЙ қ. тахта. Мынаў қара *тахтайға* хат жазасызлар, – деп дийўалға қағыўлы турған қара *тахтаны* көрсетти (Т.Қайыпбергенов). Соган өрмелеп, *тахтайдан* қурастырып соғылған есиктиң алдына келдик (М.Нызанов).

ТАХТАКӨПИР ат. Қарақалпақстан Республикасындағы арқа районлардың бири.

ТАХТАКӨПИРЛИ кел. Тахтакөпир районында жасаўшы.

ТАХТАПАРА ат. Тахтай бөлеги, кесиндиси

ТАҲАМ қ.тағам.

ТАҲИ к.с. та, шекем

ТАЧАНКА ат. Кеңес ҳүкимети дәўиринде пуқаралық урыста қолланылған пулеметтиң бир түри.

ТАЧКА ат. Зат тасыў ушын қолланылатуғын қол арба түри. Денсаўлығы мықлырақ кисилер *тачкаға* қойылды (М.Қаратаев)

ТАШДИД ат. Араб тилинде бир сестиң қосарлана айтылыўын билдиретуғын ҳәриптиң үстине қойылатуғын белги. Усындай ҳәриптиң үстине қойылатуғын *«ташдид»* белгиси даўыссыз сестиң қосарланып айтылатуғынын көрсетти (Ә.Кекилбай).

ТАЭКВОНДО ат. Қарсылас еки адамның қол хәм аяқлары қатнасында бир-бири менен гүрес алып барыўына арналған

спорт түри. *Таэквондо* олимпия ойынлары курамына 2000-жылы киргизилген (С.Тажибаев).

ТАЭКВОНДОШЫ ат. Таэквондо менен шуғылланатуғын спортшы. Маған Шығыс халықлары сүйсинип көретуғын гүрес – шамалаўымда мыңнан тулпар деген усы жигиттей-ақ болар – *таэквондошы* Мустафа Өзтүрк келген сайын сәлем береди (Д.Қонаев).

ТАЯҚ ат. Қурал орнына пайдаланылатуғын ҳәм де жүриў ушын қолға услайтуғын агаш, ҳаса. Мал бақтың қолында қайқы *таяғын*, Тилинип қырқ жарық болып аяғын (А.Дабылов). Қыйсық *таяғымды* қолыма алдым (Ж.Аймурзаев). Ким бел, ким балта менен, ким жаба, ким шоқмар, *таяқ* пенен жалпыламай жаўға шықты (Т.Қайыпбергенов). Сөз сүйектен, *таяқ* еттен өтер (ққ.х.н.). ◊ **Таяқ жеў** – сабалыў, сабаўға ушыраў. Ҳүрметли қайнағасынан *таяқ жеў* жаман екен (А.Дабылов). **Таяққа жығылыў** – таяқ жеў, соққыға ушыраў. Қосмағанбет *таяққа жығылып* атынан қулады. (Ө.Хошимов). **Таяқ тийиў** – соққы жеў, сөғис еситиў. **Таяғын ийт ғайзаў** – жумыссыз. Өзи де қатардан қалып *таяғын ийт ғайзағандай* болып жүрип еди («Алпамыс»). **Таяқ таслам жер** – жақын аралық, арасы таяқтың узынлығы қурақым жер. *Таяқ тасламда* шонтаңлап баратырған ийт артына қарап турды да қасына келип шоңқайды (Ш.Сейтов).

ТАЯҚЛАНЫЎ таяқлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТАЯҚЛАСЫЎ таяқлаў фейилиниң шериклик дәрежеси. Қуўыс-қолтықларда *таяқласыўлар*, былша-былш төбелеслер болып атырғаны (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯҚЛАТЫЎ таяқлаў фейилинин өзгелик дәрежеси.

ТАЯҚЛАЎ ф. Урыў, сабаў, жазалаў. Еки жас қосыламан десе – жағын сындырды, Қосылмайман десе – *таяқлап* көндирди (К.Султанов). Ҳаял буннан жигирма жыл бурын үйине жылап-еңиреп қайтып барғанда *таяқлап* қуўып шыққан өгей әкесин таныған еди (М.Нызанов).

ТАЯҚЛАЎШЫ ат. Таяқ пенен урыўшы, сабаўшы, жазалаўшы.

ТАЯҚЛЫ кел. Таяғы бар, қолына таяқ услаған.

ТАЯҚСЫЗ кел. Таяғы жоқ, қолына таяқ усламаған.

ТАЯҚША ат. **1.** Таяқтың киши түри, кишкене таяқ. **2.** Жуқпалы аўырыўдың микроскоп пенен көринетуғын қурты.

ТАЯЛТЫЎ таялыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЯЛЫЎ ф. Жақынлаў, тақалыў. Ушынан сынған қазықтай бүгилиўи менен қос атлы көзден ғайып болғанша турды, соң қуяшқа қарап, ўақыт *таялып* қалғанын билди (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯНДЫРЫЎ таяныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЯНЫЎ ф. Сүйениў. Онда басқа ғаррылардай ҳаса *таяныў*, бел бүгиў деген жоқ (А.Бекимбетов). Жоқ, жоқ, балам, әкең саған ат қылып ойна деп таяқ әкелип береди, сен әкеңе *таянып* жүр деп таяқ әкелип берерсең. (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Жер таянып қалыў** – аўыр қайғыға, үлкен шығынға ушыраў.

ТАЯНЫШ ат. **1.** Қулап кетпеў ушын салынған тиреў, тирепберди. **2.** аўыс. Қорғаўшы, қәўендер, қостар, арқа сүйер, ғамхор. Қудайдан басқа *таянышым* жоқ (Айбек). Тутқынлардың ғамхорлары бар екен, Арқа сүйер *таянышы* бар екен (Қ.Ирманов). **3.** Пед. Баслапқы, баслаўыш. Таяныш мектеп.

ТАЯР кел. Тайын, ҳәзир, таяр болған. Қәне, аўқат *таяр* болды, – деп Мәтеке қостың ишине төсек салды. (К.Султанов). Егер ол аўылына алып кетемен десе мен мектебимди таслап кетиўге *таяр* едим. Қол жуўмақшы болсам дәрҳал сүлгисин ийнине салып, ләген-қуман менен алдымда *таяр* болады (М.Нызанов).

ТАЯРЛАНДЫРЫЎ таярлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЯРЛАНЫЎ таярлаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Абылқайыр хан бир жаққа кетиўге таярланып атыр екен (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯРЛАСЫЎ таярлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТАЯРЛАТТЫРЫЎ таярлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТАЯРЛАТЫЎ таярлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Балықшыларға аў, нәрете, жылым жеткерип бериў, қайық, шана, шолпы, ҳәтте керек десе асай, ескек таяўға шекем *таярлатыў* – усы Мәтеке ғаррының мойнында (К.Султанов).

ТАЯРЛАЎ ф. Ҳәзирлеў, ғамлаў, ғамланыў, таярланыў. Кемпир чай-суў *таярлаўдан* қолы босаған соң, жайласып отырып әңгиме баслады (К.Султанов). Өзим сыйғандай орын *таярладым* (Ж.Аймурзаев). Сүўретши аппаратын *таярлап*, бизлерди күтти (М.Нызанов). Аўыл хожалығы жумысшылары келеси жыл ушын егис жер *таярлап* атыр (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯРЛАЎШЫ ат. Ҳәзирлеўши, ғамлаўшы.

ТАЯРЛЫҚ ат. Ҳәзирлик, ғамланыўшылық. ◊ **Таярлық көриў** – ҳәзирлениў, ғамланыў, күтиниў. Хийўадан келген

жасаўылбасы Есенгелдиниң *таярлық* ушын өтинип сораған мәўлетли жумасына шекем шыдамады, асықтырады (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯРЛЫҚЛЫ кел. Ғамланған, ҳәзирленген, таярлық көрген. Ябылардың *таярлықлы* Избасар баҳадыры жақында тарқатқан нөкерлерин бир ақшамда жыйнап алды (Т.Қайыпбергенов). Султан Барахтың ләшкерлери *таярлықлы* еди, ақыр-аяғында жеңиске еристи (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯРЛЫҚСЫЗ кел. Таярлығы жоқ, таярлық көрмеген, ғамланбаған, ҳәзирленбеген. Өзлери шелли атлары тәсилпаз болыўы тийис екен, *таярлықсыз* ойынға араласып бир жигитинен айрылды (Т.Қайыпбергенов).

ТАЯЎ I ат. Қайықшының қайықты жылыстырыўы ушын қуралы, сырық. Түпки жағына *таяў* шаншып көрди (Ж.Аймурзаев). Ескек ессе, *таяў* басса ҳәммениң алдында келетуғын усының қайығы (К.Султанов).

ТАЯЎ II ф. Тақаў, жақынлатыў. Қолындағы қанжарды, алқымына *таяды* («Мәспатша»).

ТАЯЎ БОЙЫ ат. Узынлық өлшеминиң бир түри. Бул өлшем тийкарынан *таяўдың бойлаўына* қарай алынған. Сумлығына *таяў бойламайды* (КДС).

ТАЯЎДАЙ кел. Таяў сыяқлы, тәризли, яңлы, таяўға усаған, мегзес.

ТАЯЎЛАЎ ф. Таяў менен жүриў, таяў басыў.

ТАЯЎЛАЎШЫ ат. Таяў менен жүриўши, таяў басыўшы.

ТАЯЎШЫ I ат. Кеме, усы сыяқлыларды таяў менен жүргизиўши, таяў басыўшы.

ТАЯЎШЫ II ат. Тақаўшы, жақынлатыўшы.

ТӘӘЖИП кел. Ҳайран қалған, таңланған. Ала жипти кесип атлар сызық, Қуры турған *тәәжиптен* не пайда (Омар).

ТӘӘНЕТ ат. Ғам, муң

ТӘӘТ қ. Тақат

ТӘБЕТ ат. Адамның аўқатланыўға болған кеўил-күйи. ◊ **Тәбети тартпаў** – тамақ ишиўге заўқы болмаў. Сапырылған шубаттың ийиси аңқыды: *Тәбетим тартпайды*, өзиң иш, – деди Махамбет (Т.Әлимқулов).

ТӘББЕТ ат. гөн. с. Ҳәптүйектиң бир сүресиниң аты. *Тәббетте* табақ, ижазада ылақ, қуранда қой апарыўды қәйтерсең? – деди (Ә.Шамуратов).

ТӘБЕРИК қ. теберик.

ТӘБИЗ ат. **1.** Иштей, мейил. Бул аўқатты *тәбизим* тартпады. **2.** Минез, қулқ, тәбият. Әжинияздың усы *тәбизин* сезди де Таўмурат та өткен иске өкингендей иштен тынып, өзин бир беткей алды (К.Султанов). Мен саған... - деп аўызын жасқап, батына алмай турған Қәлменниң *тәбизине* түсинип, Әжинияз әкесиниң: «Кийим ал» деп берген теңгесинен төрт тилланы санап берди (К.Султанов).

ТӘБИЙҒЫЙ қ. тәбийий.

ТӘБИЙИЙ кел. **1.** Ҳақыйқый, жасалмалы емес, заңлы, нызамлы, тәбияттың өзинде бар. Ҳәрбир ағаштың өзине ылайық *тәбийий* көрки, мийринди қандыратуғын пайызы бар (А.Бекимбетов). **2.** Таза, қоспасыз. Райондағы «Жылтырбас», «Судочье», ҳәм «Рыбаче» *тәбийий* суў ҳәўизлери турақлы пайдаланыў ушын берилди (Интернет мағлыўматлары). ◊ **Тәбийий газ** – химиялық қурамы менен физикалық қәсийетлери жағынан ҳәр түрли болып, геологиялық ҳәм геохимиялық жағдайларда ушырасатуғын газлардың улыўма атамасы. Бундай кеўилсиз жағдайлардың көпшилиги көмир, *тәбийий газ* ҳәм басқа да жаныўшы затлардың толық жанбаўы себебинен жүзеге келмекте (А.Сейтова).

ТӘБИП қ.тәўип.

ТӘБИЯ кел. Жақын, тән, дәрек, кеўиллес. Журт аўылма-аўыл ҳәрким өзине *тәбия* адамлар ийин қосысып отырды (С.Хожаниязов). Ҳәр бир аўылда бир дүркин болып өскен жигиттиң де, қыздың да өзине *тәбия* тартып, баўыр басатуғын курдасы болады. (К.Султанов). ◊ **Өзине тәбия қатар** – қурбылары менен келди (Т.Қайыпбергенов). **Ол бизге тәбия адам** – бизге жақын адам, бизге бейим, биз тәрептеги.

ТӘБИЯТ ат. **1.** Дүньядағы барлық нәрселердиң ҳәммеси. *Тәбиятты* бағындырып, Елди бәрҳә абат қылдық (Т.Сейтжанов). Бундай келбетти *тәбият* берерин берсе де Әжимуратқа сақал буйртпапты (К.Смамутов). Адамлардың жақсы нийетине *тәбият* та жәрдем еткиси келгендей, ҳаўа райы күннен-күнге жақсыланып баратыр (Т.Қайыпбергенов). Бизиң машинадан түскимиз келмес, бул тилсиз *тәбият* бизге «үстинен күлдирип қоймаў ушын» және бир қорқынышлы кәраматларын таярлап турғандай еди (М.Нызанов). **2.** Дөгеректеги таў, тоғай ҳәм басқалардың өсимлик байлығы. Кум, төбешик, қарағай, қайық, *Тәбияты* не деген көркем (И.Юсупов). **3.** аўыс. Ҳәр бир заттың предметтиң өзине тән

өзгешелиги, қәсийети. Ашық айтпақшыман: мениң *тәбиятым* бундай өтирик өмирди пүткиллей қабыл ете алмайды (С.Дәнияров). ◊ **Тәбияты алмаў** – жийиркениў, мейилсизлениў, иштейсизлениў. **Тәбияты жеңил** – ынжық, ерке. **Тәбиятты қорғаў** – адамзат жәмийети менен бүгинги ҳәм келешек әўладтың материаллық, мәдений ҳәм руўхый мүтәжликлерин тәмийинлеў мақсетинде тәбият пенен оның байлықларынан тийисли пайдаланыўға ҳәм қорғаўға арналған мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ис-илажлар системасы. **Тәбият ресурслары** – жәмәәттиң материаллық ҳәм мәдений мүтәжлигин қанаатландырыў ушын қолланылатуғын адамзатты қоршаған орталықтың ең әҳмийетли ресурслары. Экологиялық қадағалаў қоршаған орталықты қорғаў ҳәм *тәбийий ресурслардан* ақылға уғрас пайдаланыў саласындағы нызамшылық талапларының бузылыўының алдын алыў, оны анықлаў ҳәм оған шек қойыўға, тәбиятты қорғаў жумысы нәтийжелилигин асырыўға қаратылған мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик илажлардың системасы болып табылады (Экология).

ТӘБИЯТТАНЫЎ ат. Тәбият, жаратылыс туўралы түсиник.

ТӘБИЯТТАНЫЎШЫ ат. Тәбият, жаратылыс қубылысларын изертлеўши.

ТӘБЛЕ ат. Атлар туратуғын жай, атқора. *Тәбледе* бедеў көринсе, Ердиң үйи деседи (ққ.х.н.). Мажнүн деген тулпарды, сатып алып *тәблесине* байлады («Мәспатша»).

ТӘГӘРӘҢ р. Азмаз, сәл ғана. Тәгәраң қыймылдайын десе (КДС).

ТӘҒБИР ат. Түс жорыў.

ТӘҒДИР ат. **1.** дин. с. Жазмыш, талай, ығбал, буйрық. *Тәғдирге* бендениң барма шарасы, Бердақ шайыр өтти деди дүньядан (Өтеш). Мени де *тәғдир* шамалы ертерек ушырып, усы жақларға әкелип таслады. Бул *тәғдир* дегениң сондай қатал екен, атқан кесегиң излемейди де! (М.Нызанов). **2.** Өмир, турмыс, келешекте көретуғын күн. Ҳәзир дүнья даўылда, Толқынга түскен кемедей, Кемеге минген жаны бар, *Тәғдири* бар емеспе (И.Юсупов). Ҳәр кимниң *тәғдири* ҳәр түрли (М.Нызанов). ◊ **Тәғдир етиў** – **а)** өлиў, қазаланыў. **б)** буйырыў, несийип етиў. Сизлерди айттырған бизиң ағамыз, *Тәғдир етсе* сени бизлер аламыз («Алпамыс»). **Тәғдирге тән бериў** – разы болыў, көниў, шыдаў.

ТӘҒДИРЛЕС кел. Тәғдири бир, тәғдири сәйкес, уқсас. Өмирбай менен араз болсам да, оның менен өзимди бир

тәғдирлес сезер едим (Т.Қайыпбергенов). Тораңғыллары жаңа қоныс басқанлар менен *тәғдирлес* сыяқлы (Т.Қайыпбергенов).

ТӘҒРИП қ. тәрийип етиў. Ҳәрким *тәғрип* етер, арзыўлы ярын (Әжинияз).

ТӘҒЗИМ қ. Тәжим.

ТӘДБИР ат. Мәлим мақсетте шөлкемлестириўшилик пенен әмелге асырылатуғын жумыслар. *Тәдбирде* Өзбекстан мусылманлары басқармасының қәнигеси Ҳомидов Муҳаммадаюб быйылғы таңлаўдың әҳмийети ҳәм өткериў тәртиплери ҳәм төреши ағзалары менен жыйналғанларды таныстырды (Интернет мағлыўматлары).

ТӘЖЖАЛ ат. **1.** дин. с. Мусылман мифологиясында ақыр заман болғанда шығатуғын қыялый түсиникти билдиретуғын мақлық, айдарха. Бул нағыз ахырдың нышаны – *тәжжал* (И.Юсупов). **2.** аўыс. дин. с. Зулым, залым. Ханлар халық ушын шыққан *тәжжал* болды ғой (М.Дәрибаев). **3.** аўыс. дин. с. Апат, қырғын. Хорезмниң елине, шетинен *тәжжал* дарыған («Қырқ қыз»). Күн көрмеген қызлары, Дарыдыма *тәжжалдан* деп, Терезеден қарады («Мәспатша»).

ТӘЖЖАЛДАЙ кел. Тәжжалға усаған, тәжжал сыяқлы, янлы, тәризли.

ТӘЖЖАЛЛЫҚ ат. Залымлық, мийримсизлик, қаталлық.

ТӘЖЖИП қ. тәәжжип.

ТӘЖИК ат. Тәжикстан Республикасының тийкарғы халқын қураўшы халықтың аты. *Тәжик* халқы. *Тәжик* миллети.

ТӘЖИКШЕ р. **1.** Тәжик миллетине, тили, әдебияты ҳәм мәдениятына тийисли. *Тәжикше* қосық. **2.** *Тәжик* тили. *Тәжикшени* үйрениў. *Тәжикше* сөйлесиў.

ТӘЖИМ ат. Иззет, ҳүрмет. Сизге *тәжим*, әзиз устазлар (Интернет мағлыўматлары).

ТӘЖИМ ЕТИЎ ф. Иззет пенен бас ийиў, ҳүрмет етиў, сәлем бериў. Енди хызметинде мудам турыўға, Мен *тәжим етемен*, халқым алдында (И.Юсупов). Нуржамал қол қаўсырып, молла төрге шығып отырғанша тик аяққа минип, *тәжим етип* турды (К.Султанов). Маман бий еплеп тикейип, отырғанларға қайта-қайта ийилип *тәжим етти* (Т.Қайыпбергенов). – Ҳаў, қайнаға! – деп ийилип *тәжим етип*, сәлемге қолын созды (М.Нызанов).

ТӘЖИРИЙБЕ ат. Белгили бир исти мудамы ислеў, машқы өтиў нәтийжесинде пайда болған жумыс усылы. Дүнья жарыспақ қыйқыўды, Билим көңилге тоқыўды. *Тәжирийбе* де

бир оқыўды, Алға өрлеп асып турар (С.Мәжитов). Көп миллеттиң балаларын бир қосқан, Устаның бул иси уллы *тәжирийбе* (А.Дабылов). Мен Оксананы тексериўши емес, *тәжирийбе* өткериўге келгенин айтайын деп турдым да, буның ушын бәрибир екенин ойладым да, еситпегенге алдым (М.Нызанов). Ол *тәжирийбе* топлаў жолында түрли мәмлекетлерди аралайды (М.Нызанов). Жасы үлкенлердиң *тәжирийбесине* әмел қылып, ҳәр муқамнан тымсал келтирип көрдим (М.Нызанов).

ТӘЖИРИЙБЕЛИ кел. **1.** Тәжирийбеси мол, өз исиниң маманы болған адам. **2.** Әмелиятта мол ислеп жүрген исин толық меңгерип алған адам. Шамахмудов *тәжирийбели* өнерди, Таўып салып шеберлик ҳәм жигерди (А.Дабылов). **3.** Әдетленген, көниккен. *Тәжирийбели* еки өмирдиң дийқаны, Елдиң ғамын көп ойлаған ғаррысаң (Т.Сейтжанов). Көз жетпес бийиклерди аңсаған халықтың қыялын *тәжирийбели* Хийўа ханы уғып, салық жыйнаўға жиберген қырқ нөкериниң бос қайтқанына, жасаўылбасысының өлгенине гийне сақламапты (Т.Қайыпбергенов).

ТӘЖИРИЙБЕСИЗ кел. Тәжирийбеси жоқ, тәжирийбе алмаған. Олардың жайы тарлығын көрген мийзамкеш кемпир, алыстан аңсап келген ана жаңа турмыс қурған *тәжирийбесиз* қызы менен аўлағында сөйлесип, сырласып алсын деген ой менен: – Рахмет, шырағым. Той күни, әлбетте, бараман, – деп қалды (Т.Қайыпбергенов).

ТӘЖИРИЙБЕХАНА ат. Тәжирийбе өткеретуғын орын жай.

ТӘЙ-ТӘЙ т.с. Жас бала жүре баслаған ўақтында айтылатуғын сөз. *Тәй-тәй* басыў аяғын басып жүре баслаў. Баласының *тәй-тәй* басыўы үй ишиндегилерди қуўандырды (Халық аўызеки).

ТӘЙЙЕ ат. Асықтың турыўы, оның тегис жағының жоқарыға қарап турған жағдайы. Бул ойында «Пүк, шик, *тәййе*, алшы» деген сөзлер ислетиледи. Бул сөзлер асықты үлегенде оның қай ҳалда турғанына байланыслы болады (Интернет мағлыўматлары).

ТӘЙТИК кел. Қайқы, тәйтеңки. Узын сары киси *тәйтик* сөзлер сөйлеп кирди (М.Әўезов).

ТӘКАББИЛ кел. Уқсас, сәйкес, мегзес. Ләә, илаҳаиллалаҳууў... - деп қәлийма қайтарып, ешеги атқа *тәкаббил*, сәллесин диңкейтип ораған, жасына қарағанда

куўнақ сын-сымбатлы, семизшик, бетиниң қызылы еле басылмаған мәпилик ғарры жасаўраған көзлерин ақ орамал менен сыпырып, Маман бийге жақынлады (Т.Қайыпбергенов).

ТӘКАББИР кел. Менмен, өр көкирек. Жазы-қысы жалғыз турып, ол *тәкаббир* болып өскен (И.Юсупов). Әзиз бийлер, «ойланып қарасақ қосыўыспыз, бирақ *тәкаббир* елмиз (Т.Қайыпбергенов).

ТӘКАББИРЛЕНИЎ ф. Менменсиниў, өрлик етиў.

ТӘКАББИРЛИК ат. Менменлик, көкиреклик, өрлик. Жеңгейде азмаз *тәкаббирлик* бар (Т.Қайыпбергенов). Жасаўылдың бул *тәкәббирлигин* биреўлер жаманлыққа жорыса, екинши биреўлер, «дасмалшыға сол керек» деп орынсыз жорғалай берген бийди жазғырды. Еки жасаўылды үйден шығыўдан *тәкәббирлик* минези услады (К.Султанов).

ТӘКЕ: Тәке етиў ф. Сыйыныў, арқа сүйеў. *Тәке* етип ялбармышам қудаға (Әжинияз).

ТӘКИБАЙ ат. Балалар ойынында утылғанның басынан қол менен нукып алынатуғын ойын шәрти. Ким бурын тапса менен *тәкибай* алады (Т.Қайыпбергенов).

ТӘКИРАР ат. Қайталама, ежелеме. Молла болсаң *тәкирар*, Дийқан болса сүдигар (ққ.х.н.). Сабағымды *тәкирар* етейин деп тахтайыма қарамай оқып көрсем, «Джим менен ҳә» ден басқа ҳәрип есиме түспеди (Ә.Шамуратов). – Қәне, сарай? Көринбейди-ғо!-деп ол *тәкирар-тәкирар* сорай берер еди. (М.Нызанов).

ТӘКИРАРЛАНЫЎ тәкирарлаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Сол күни Маман бийдиң пөрманы екинши рет *тәкирарланды* (Т.Қайыпбергенов).

ТӘКИРАРЛАТТЫРЫЎ тәкирарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘКИРАРЛАТЫЎ тәкирарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Жандос байдың бир әдети – есигине келген жетимге, дийўанаға шаппаттай нан бергизсе, бул кимниң наны, қайсы руўдың наны соны *тәкирарлатып* пәтия еткизер еди (Т.Қайыпбергенов).

ТӘКИРАРЛАЎ ф. **1.** Қайталап екинши рет ислеў. **2.** Қайталаў, ежелеў. Жумагүлдиң нелерди *тәкирарлап* отырғанына түсинбей, ара-тура молла бир қарайды (Т.Қайыпбергенов). Бул сөзлерди *тәкирарлаў* менен ойыма басқа бир нәрселерди салды (Ж.Аймурзаев). Шайықтың ислегенин Маман бий де, Полат

жасаўыл да *тәкирарлады* (Т.Қайыпбергенов). Түс ўақтында ғарры және бағанағы гәпти *тәкирарлапты* (М.Нызанов).

ТӘКИРЛЕНИЎ тәкирлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӘКИРЛЕЎ ф. Биреўге анаў-мынаў сөз айтыў, ҳәкиренлеў, гүдиреклеў.

ТӘКИР: тәкир-түкир етиў ф. **1.** Тақылдайтуғын нәрселерден избе-из шығатуғын даўыслар. **2.** Биреўдиң екинши биреўге орынсыз сөйлеўи.

ТӘЛЕЙ ат. Талай, тәғдир, жазмыш.

ТӘЛИЙМАТ ат. **1.** Илим, айрықша турмыс, жәмийет ҳәм басқа да белгили илим тараўы бойынша теориялық нызамлардың жыйнағы. **2.** Оқыў, үйрениў. **3.** сөйл. т. Бағдар, жол-жоба, көрсетпе.

ТӘЛИМ ат. **1.** Илим-техника ямаса кәсип-өнер тараўлары бойынша билиўи зәрүрли болған мағлыўмат ҳәм көнлигиўлер жыйынтығы, билим. **2.** Тәлим-тәрбия. **3.** Тәлиймат, теория. **4.** сөйл. т. Көрсетпе, жол-жоба, бағдар. ◊ **Тәлим алыў** – билим алыў. **Тәлим бериў** – үйретиў, билим бериў.

ТӘЛИМЛИ кел. Жақсы тәрбияланған, әдепли, икрамлы, тәрбия көрген.

ТӘЛИМСИЗ кел. Әдепсиз, көргенсиз, икрамсыз, тәрбияланбаған. Өндирислик *тәлимсиз*, лабораториялық жумысларсыз қайсы бир оқыўшы өз кәсибиниң маманы болып шығар екен (К.Алламбергенов)

ТӘЛИМСИМЕЎ ф. Таңланбаў, керилмеў, созылмаў, назланбаў. *Тәлимсимей* келип мына отаўға, Уўқаласын әбден аяқ-қолымды («Қырқ қыз»).

ТӘЛИМСИЎ ф. Әлле қандай болыў, керилиў, созылыў, назланыў. Ийман исле шоқлықта, *тәлимсиген* молланың сәллеси қалар боқлықта (құ.х.н.).

ТӘЛИМ-ТӘРБИЯ ат. Тәлим ҳәм тәрбияға байланыслы жумыслар, педагогика. *Тәлим-тәрбия* системасында айрықша өрнек көрсеткен қарақалпақстанлы бир топар пидайылар Президент пәрманы тийкарында сыйлықланды (Интернет мағлыўматлары)

ТӘЛТИЙИЎ қ. шәлтийиў.

ТӘЛТИК қ. шәлтик.

ТӘМБИ ат. **1.** Есикти ашылмастай етип иштен бекитетуғын ағаш, тиреўиш. **2.** Дәкки, жаза ◊ **Тәмбисин бериў** – жазалаў, айыплаў. Бул гәплер Бийбисараға жақпаса да, апамның оған

бийтаныс адамның алдында сыр бермеўи ушын сыпайылап айтқан тәселлеси ҳәм *тәмбиси* еди (М.Нызанов).

ТӘМБИДЕЙ кел. Тәмби сыяқлы, тәмби тәризли, тәмбиге усаған.

ТӘМБИЛЕНИЎ тәмбилеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТӘМБИЛЕТТИРИЎ тәмбилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘМБИЛЕТИЎ тәмбилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘМБИЛЕЎ ф. Иштен басыў, ағаш тиреў.

ТӘМИЙЗ ат. Жаздың ең ыссы күни. Жаздың күни *тәмийзде* қус көтерип (Әжинияз).

ТӘМИЙИН: тәмийин етиў. ф. Үскенелеў, таярлаў. Оқыўшыларды оқыў қураллары менен *тәмийин* етиў. Машиналарды май менен *тәмийин* етиў.

ТӘМИЙИНЛЕНИЎ тәмийинлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси. Мен үш жылдан бери кекселиктиң гәштин сүрип атырғанымды, көшемиз абаданласып атырғанын, ул-қызларым жумыс пенен *тәмийинленгенин*, шаңарағымыз бенен оғада татыў жасайтуғынымызды аўыз толтырып айттым (М.Нызанов).

ТӘМИЙИНЛЕСИЎ тәмийинлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӘМИЙИНЛЕТТИРИЎ тәмийинлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘМИЙИНЛЕТИЎ тәмийинлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘМИЙИНЛЕЎ ф. Керек жарақты жеткерип бериў, таярлаў. Ишки туризмди жедел раўажландырыўды *тәмийинлеў* илажлары ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманы шықты (Интернет мағлыўматлары).

ТӘМИЙИНЛЕЎШИ ат. Керек жарақты жеткерип бериўши, таярлаўшы. Жақында 750 адамды жумыс пенен *тәмийинлеўши* тоқымашылық фабрикасы иске түседи (Интернет мағлыўматлары).

ТӘН I ат. Адамның тула бойы, денеси. Қудайға шүкир, *тәни*-жаным саў, – деди ол «диңкем бар» дегендей, даўысына күш берип (М.Нызанов). ◊ **Тәни тозыў** – қартайыў. Жасы улғаяды, *тәни тозады*, солай ма? (М.Нызанов).

ТӘН II кел. Ылайық, ыңғайлы, қолайлы, меншикли, тийисли. Нәрестеге *тән* қус уйқы ҳәмме балаларға да бир екен (М.Нызанов). ◊ **Тән алыў** – мақуллаў, мойынлаў. Жақсы

билемиз, сырт ел мәмлекетлик жоқары оқыў орнын питкерип алған диплом менен елимизде жумыс ислеў ушын оның *тән* алыныўына ерисиў керек (Интернет мағлыўматлары). **Тән алмаў** – мойынламаў, мақулламаў, менсинбеў. **Тән бериў** – мойынлаў, қайыл қалыў, исениў. Оксананың тәғдирге *тән бере* баслағанын усыннан сездим (М.Нызанов).

ТӘНА: Тәна қылыў ф. Гәп-сөз етиў, кемшилигин айтыў.

ТӘНЕ АТ. Өкпе, гийне.

ТӘНЕПИС ат. Дем алыс, аралықтағы кишкене үзилис. Балалар диктантты шаққан жазып болғаны ушын *тәнепистен* еки-үш минут бурын шаўқымласпай шығып ойнаўға руқсат берди. Ертеңине тап усындай *тәнепис* ўақтында устазы диктантларды оның алдына қойды (М.Нызанов).

ТӘНДАР кел. Қуўатлы, қуўнақ. Тәндар ғарры.

ТӘНДАРЛАНЫЎ ф. Қуўатланыў, қуўнақланыў.

ТӘНДАРЛАЎ кел. Қуўатлылаў, қуўнақлылаў.

ТӘНДАРЛЫҚ ат. Қуўатлылық, қуўнақлылық.

ТӘНҲА к. с. **1.** Тек ғана. *Тәнҳа* жалғыз Жаратқанға сыйынып (Интернет мағлыўматлары). **2.** Ҳеш кимниң қатнасыўысыз, жәрдемисиз. **3.** Ҳеш кимсиз, жалғыз өзи қалған. Жекке басы *тәнҳа* өзи, Бир қудаға сыйынып, Қалмақларға тийеди («Қоблан»). **4.** Теңи, тайы жоқ.

ТӘНҲАЛЫҚ кел. Жалғызлық жағдайы, жалғызлықтағы жағдай. *Тәнҳалық* журтына жарасар олар, Ўатаным, Анам, Жерим, *тәнҳа* Қуяшым! (Ш.Елмуратов).

ТӘҢИР ат. дин. с. Қудай, Алла. Шөмиштиң аласы, *Тәңирдиң* бәлеси. Қумырсқаның да тасының батпан екени *«тәңирге»* аян. Тамыр берген түйеден, Тәңир берген токлы артық (ққ.х.н.). ◊ **Тәңирдиң зарын етиў** – жалбарыныў, жалыныў. «Өмирди қәстерлең» деп, бәри бирден зинҳарлап, *тәңирдиң көп зарын* қылар (И.Юсупов). **Тәңир жарылқасын** – берекет тап, рахмет. Ҳарман, жигитлер! *Тәңир жарылқасын*, табанларыңыз тийген қумлық теңиздиң алпыс бес қулашлық ең шуқыр жери (Интернет мағлыўматлары). **Жер тәңириси** – улыўма жер жәҳәннің ийеси. **Көк тәңириси** – әлемди жаратыўшы. **Шөл тәңириси** – шөл жаратыўшысы. *Шөл тәңирисиниң* асқан арыў қызы бар.

ТӘҢКИЙИЎ ф. Арқайын, уўайымсыз жатыў.

ТӘП: тәп бериў ф. Бирден умтылыў. *Тәп* бергенде тай озар, Жуўыра келе ат озар (ққ.х.н.).

ТӘПСИ ат. Тәсир, жуғыс. Ешектиң қасына атты байласаң, ешектиң *тәпси* урады (ққ.х.н.).

ТӘПСИР ат. гөн. с. Анықлама, түсиндирме, түсиник. ◊ **Куранның тәпсири** – куранның түсиниги, анықламасы.

ТӘПСИРШИ ат. Диний уғымларға түсиник бериўши. *Тәпсирши*, диншил, суўпының китабын да оқыдым (Ш.Кудайбердиев).

ТӘП-ТӘЎИР кел. Жап-жақсы, әжептәўир. Оның қымсына усынған дәптерин алып қосықларын оқып көрсем гей биреўлери *тәп-тәўир* екен (С.Муқанов).

ТӘРБИЯ ат. Адамның жәмийетлик турмыс қәлиплестиретуғын, үйрететуғын минез-қулқы менен үрдиси. Усы *тәрбияны* көргеннен кейин өзим де таза жүриўге тырыстым (М.Нызанов). ◊ **Тәрбиясында болыў** – биреўдиң тәрбиясын көриў. **Тәрбия көрген** – әдепли, ийбели. **Төрбия көрмеген** – әдепсиз, қәсийетсиз, жаман. **Тәрбия ошағы** – тәлим-тәрбия көрсететуғын орын. Буннан басқа да илаж даўамында жасларға шаңарақ бул үлкен *тәрбия ошағы* екенлиги, шаңарақ қурыўдың жууапкершилиги ҳаққында да түсиник берип өтилди (Интернет мағлыўматы). **Тәрбия сабағы** – мектеплерде оқыўшыларға өтилетуғын сабақ. Оған ҳәр жақтан тымсаллап, керек болса ата-ананың ҳүрмети ҳаққында рәўиятлар айтып берип *тәрбия сабағын* өтесең (М.Нызанов).

ТӘРБИЯЛАНЫЎ тәрбиялаў фейилиниң белгисиз дәрежеси. Майыплығы болған балаларды өзиниң қарамағына алған шаңарақларға олардың *тәрбияланыў* дәўирин мийнет стажына қосып есаплаў тәртиби енгизиледи (Интернет мағлыўматлары).

ТӘРБИЯЛАСЫЎ тәрбиялаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӘРБИЯЛАТТЫРЫЎ тәрбиялаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘРБИЯЛАТЫЎ тәрбиялаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘРБИЯЛАЎ ф. **1.** Тәлим-тәрбия, өнер-билим бериў, өсириў, сақлаў, үйретиў, кәмалға келтириў. Қулласы, сол күни қайтаман дегенше «балларды дурыс *тәрбияламағаң*, қартайғанша жанның рәҳәтин билмейтуғын, жансебил» мен болдым (М.Нызанов). Оқыўшыларды заманагөй билим ҳәм тәжирийбе, миллий ҳәм улыўмаинсаныйлық қәдириятлар тийкарында *тәрбиялаў* процесинде мектеп, мәҳәлле ҳәм шаңарақтың бирге ислесиўин беккемлеў зәрүр (Интернет мағлыўматлары). **2.** Терек, мийўе, дийқаншылық сыяқлыларға қараў, өсириў, кәмалға келтириў.

ТӘРБИЯЛАНЫЎШЫ ат. Биреўдиң тәрбиясын көрген, тәрбияланған адам. Бақша *тәрбияланыўшылары* арасында да Республикалық жеңил атлетика бойынша жарысларды жоқары орынларды ийелегенлер көп болды (Интернет мағлыўматлары).

ТӘРБИЯЛАЎШЫ ат. **1.** Белгили бағытта өнер-билим, тәлим-тәрбия берип асыраўшы, өсириўши, сақлаўшы, үйретиўши, кәмалға келтириўши адам. Жасларды хадаллыққа, кеңпейилликке, жақсылыққа, мийнет сүйиўшиликке, билимли болыўға, кишипейилликке, сыйласықлы болыўға *тәрбиялаўшы* усындай шығармаларды үзликсиз тәлим системасында үйрениў мәмлекетимизде мәнаўыяттың раўажланыўында үлкен үлес қосады деп ойлаймыз («Қарақалпақ әдебияты» г.). **2.** Тәрбия берип қараўшы, өсириўши, күтиўши. Алдында отырған мына адам оған жаңа өмирдиң бағманы сыяқлы болып сезилди, өзи бир бағқа кирип, бул отағасы сол бағдың *тәрбиялаўшысы* сыпатында сезилип тур (Ө.Айжанов).

ТӘРБИЯЛЫ кел. Тәрбиясы бар, тәрбия етилген, жақсы тәрбияланған. *Тәрбиялы* екени билинип тур сәлеминен, Көргенлер ашық болып қосық тамар қәлеминен (Ереке Бесқалалы). Халқымызда биреўдиң баласы жақсы, үлгили азамат болса: – «Оның әкеси ямаса атасы жақсы киси еди, *тәрбиялы* жерден шыққан ғой», – деп жақсы сөзлер айтып, алғыслайтуғыны сонлықтан (Ш.Алламуратова).

ТӘРБИЯСЫЗ кел. Тәрбиясы болмаған, тәрбия етилмеген, тәрбиялаўсыз. Демек, ажырасқан шаңарақ көбейген сайын, ата-анасының тәрбиясын алмай, көше урысы, жынаятшылардың тәрбиясын көрип өскен, *тәрбиясыз* балалар саны артыўы анық (Интернет мағлыўматлары).

ТӘРБИЯСЫЗЛЫҚ ат. Тәрбия көрмегенлик, әдепсизлик. «Ойына не келсе соны айтыў – *тәрбиясызлықтың* бир түри», демеп пе еди Райхан (З.Шашкин).

ТӘРБИЯШЫ ат. Балалар бақшасында, оқыў орынларында жасларға тәрбия бериўши, қараўшы. Кеште бақшадан алыўға барсам, *тәрбияшы* қыз, «аға, балаңызды ертең кардиологқа апарың, туўма пароги бар екен» деп докторлардың берген қағазын қолыма услатты (М.Нызанов).

ТӘРЕЗИ I ат. **1.** Бир нәрсениң салмағын анықлайтуғын өлшеўши әсбап, қурал. Халық табысы *тәрезини* бассын деп, Ўатан байып, ел абаданлассын деп (И.Юсупов). Ҳаял

ериншеклик пенен орнынан турып, еки қаўынды *тәрезиге* тартты (М.Нызанов). **2.** Өлшем, көрсеткиш. Жасасын адам өлшейтуғын Халықтың қабақ *тәрезиси* (И.Юсупов). Уллы Өзбекстан қырманларында, Абырай өлшейтуғын *тәрезимбисең?* (И.Юсупов). ◊ **Тәрезиге салыў** – ойлап көриў, сынаў, салыстырыў. Оларға деген қатнасымды *тәрезиге салдым* (Интернет мағлыўматлары). **Тәрезиси басым** – абырайлы, мәртебели. Әдилликтиң *тәрезиси басым ба?* (Интернет мағлыўматлары).

ТӘРЕЗИ II ат. Тек қыстың күни ғана таңға жақын туўатуғын жулдыз, Орион. Үркер барып *Тәрезиге* таялар, Хызметкерлер хан қасынан жай алар («Алпамыс»). Кел, бир сөйлесейик рәҳәтке батып, Үркер *тәрезиге* таялғанынша (И.Юсупов).

ТӘРЕЗИМАН ат. Тәрези менен затларды өлшейтуғын, тәрези өлшеўши, тәрези тартыўшы. *Тәрезибан* тамаша халық, Ишинен бәрин билип қояр (И.Юсупов).

ТӘРЕЗИХАНА ат. Тәрезилер туратуғын орын, жай.

ТӘРЕЗИШИ қ. тәрезиман. Өмир, зор *тәрезиши*, не нәрсеге ылайық болсаң, соны береди... Тек арман-берман өткенде *тәрезиши* келиншек пенен ғана ҳәзиллеседи (Ш.Айтматов).

ТӘРЕЛКЕ қ. тарелка.

ТӘРЕП ат. **1.** Бир жақ, бет, бағыт, бағдар. Ийт алжасып қай *тәрепке* жүрерин билмей турды (Т.Қайыпбергенов). Не екен десек, еле ол *тәреплерде* кийим деген не екенин билмейтуғын жабайы адамлар бар екен (М.Нызанов). **2.** Бир қаптал, бир жақ. Гүлсәнем менен Айсәнем каналдың оң *тәрепине* қарай серпилди (Ж.Аймуразев). «Оң *тәрептен* жығылған екен-аў» деп қойды ишлеринен (М.Нызанов). **3.** Адамлар топары, бөлими. Абылла *тәрепи* басым бола берди (Ә.Шамуратов). **4.** Адамлардың минези, қулқы. Қай *тәрепте* бий ағаның мийзамы, Сыбырлап Қошқардың сарысын көрип (Әжинияз). **5.** Жән-жақ, тумлы-тус. Төрт *тәрепке* қарады, Бедеўдиң жалын тарады («Мәспатша»). Төртеўи *тәрепи* айланып қарады (Ж.Аймурзаев). ◊ **Тәрепин алыў** – қорғаў, болысыў, қоллап-қуўатлаў. Адамларда аңсатлық *тәрепин алыў* ҳаққында сөз барғанда: «Суў болмаса, таяммум», делинген екен, енди бул исти қыла беремиз», деп әдетке айланып қалған (Шайх Мухаммад Садық).

ТӘРЕПГӨЙ қ. тәреппаз.

ТӘРЕПДАР ат. **1.** Бир нәрсени, тәрепти қоллап-қуўатлаўшы, жақлаўшы. Шамурат та тез көшиўдин *тәрепдары* болды

(К.Досанов). Буның мәниси: келин-күйеўдиң (жас шаңарақта) келиспеўшилик шығып қалса, мурындық ата-ене олардың биреўине *тәрепдар* болып қалмаўы керек (Ш.Алламуратова). **2.** Бир ҳәрекетти қоллаўшы. Өзбекстан Республикасы Президентлигине партия электорaты, *тәрепдар* ҳәм белсендилер тәрепинен усыныс етилген Мақсуда Ворисова партияның курылтайында көрип шығыў ушын талабан сыпатында көрсетилди (Г.Бобаева). **3.** Белгили бир көзқарас, идея тәлийматты жақлаўшы, қорғаўшы, мақуллаўшы. Бул жерде ойлаў искерлиги ең алды менен ҳәр бир мотивке «қарсы» яки *«тәрепдар»* екенлиғин додалап, тийкарлаўдан ибарат болады (Интернет мағлыўматлары).

ТӘРЕПЛЕС ат. **1.** Бир жағының тәрепин алыўшы, тәрепдар. **2.** қ. тәрепдар.

ТӘРЕПЛИ кел. Тәрепи болған. Шар түйме – төрт *тәрепли* көринистеги көкирек безениў буйымы есапланып, ири сердолик қаслар ҳәм майда перуза таслар менен безеледи (Интернет мағлыўматлары).

ТӘРЕППАЗ кел. Бирин-бири қуўатлаўшы, өзине тән топар, дүзиўши.

ТӘРЕППАЗЛЫҚ ат. Өзине тән топар дүзиўшилик. Болды *тәреппазлық*, бос турыўшылық, Қайбир жерде өсти даў, урыўшылық (Қ.Ирманов).

ТӘРЕПСИЗ кел. **1.** Тәрепи жоқ, тәрепи болмаған. Мың үлпеттен бир дос яқшы *тәрепсиз*, Тәрийиплейсиз дийқан менен шопанды (Рүстем Мусырман). **2.** Қуўатланбаған, қолланбаған.

ТӘРЕПШИ қ. тәреппаз.

ТӘРЖИМА ат. Бир тилден екиншисине аўдарыў. Пүткил мусылман әлеминиң атынан сөйлеп, жөн алды қарабарақ даўрық салғанша, автор өзи жақсы таныс болған түркмен тилиндеги шығармаларды, ең алды менен өзи қарақалпақ тилине *тәржима* қылған Мақтымқулы дәретпелерин еле де көбирек, тереңирек үйреniўин усыныс еткен болар едик (А.Альниязов). Султан Хусайн заманында бул китап парсы тилине *тәржима* қылынды (ҚДС).

ТӘРИЗДЕ р. Түрде, формада, түсте. Бүгинге шекем пахта таярлаў жумыслары усы *тәризде* қызғын жүргизилди (Қ.Ирманов).

ТӘРИЗЛИ кел. Сыяқлы, уқсас, мегзес. Мениң де туўлаған жүрегим тақат таўып тынышланған тәризли (К.Смамутов).

Кейин ала, ишине хеш нәрсе салмайтуғын пирожнигиңиз бар ғой, ромба *тәризли*, майға пискен (баўырсақты айтып атыр) соны қатты жегим келип жүр (М.Нызанов).

ТӘРИЙИП ат. Даңқ, атақ, хабар. *Тәрийпиңди* сорап өткен кеткеннен, Сени бир көриўди әрман еткенмен (И.Юсупов). Ала қус *тәрийипи* журтқа жайылды, Соныңдай зәбердес бизиң ала қус (Әжинияз). ◊ **Тәрийип етиў** – **а)** хабарлаў, хабар етиў. б) сүўретлеў, сыпатлаў. Сол маманы сенлерге *тәрийип етемен* («Алпамыс»). Сениң шадлы заманыңды, Тынбай *тәрийип етиў* ушын, Шайырының қосығында, Жүреги де шын арналған (И.Юсупов).

ТӘРИЙИПЛЕМЕ ат. Баянлама, сүўретлеме, сыпатлама, минезлеме. Бул тараўда исленген жумысларға қысқаша *тәрийиплеме* бериў талап етиледи (Е.Бердимуратов).

ТӘРИЙИПЛЕНИЎ тәрийиплеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӘРИЙИПЛЕСИЎ тәрийиплеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӘРИЙИПЛЕТИЎ тәрийиплеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘРИЙИПЛЕЎ ф. Сүўретлеў, баянлаў, сыпатлаў, минезлеме бериў. *Тәрийплесем* бир гөззалды, Сулыўлығы асып түскен (Ә.Шамуратов). Ел қутылып қылыш пенен қамшыдан, Соны көрип *тәрийплеген* жыршыман (Т.Жумамуратов).

ТӘРИЙИПЛЕЎШИ ат. Баянлаўшы, сүўретлеўши, сыпатлаўшы, минезлеме бериўши. Дүнья еллериндеги орны, абырайы, гөззаллығын *тәрийиплеўши* миллий тилимиз ҳаққында кең түрде түсиниклер берилди (Интернет мағлыўматлары). Солай етип, соқлығысыўды *тәрийиплеўши* барлық шамалар анықланды (Б.Абдикамалов).

ТӘРИП ат. Топты қаққаннан кейин айланып қайтыў ушын белгиленген орын.

ТӘРК: тәрк етиў ф. **1.** Бас тартыў, қашыў. Ал десе хош болар кеўили молланың, Бер десе *тәрк* етер ҳәмрин Алланың (К.Султанов). **2.** Безиў, таслаў, жоқ етиў. Көше өлген адамларын, *Тәрк* етип қолда не барын, Ҳәр кимлерге айтып зарын, Қапа болып турған екен («Бердақ»).

ТӘРНЕК ат. Қаўын топарына киретуғын палыз дақылы. Кеше ғана дәслепки *тәрнекти* жеп көрип едик (К.Досанов).

ТӘРНЕКТЕЙ кел. Тәрнекке усаған, тәрнекке мегзес, тәрнек сыяқлы, тәрнек тәризли, тәрнек яңлы.

ТӘРТИП ат. Белгили бир жәмийет пенен шөлкем ағзаларына белгиленген режим, қағыйда. Ескертилген *тәртип* бойынша жөтелместен, пышық жүрис пенен тоғызыншы қабатқа шықтық. Тексериўши оқыўшыларды *тәртипке* шақырғандай, ручкасы менен столды тықылдатты (М.Нызанов). ◊ **Темир тәртип** – қатты, қатаң. Зәлели жоқ, армияның аты армия! *Темир тәртип* (М.Нызанов). **Жабайы тәртип** – жөнсиз, өресси, ерси, турпайы, жат. **Күн тәртиби** – жыйналыста қаралатуғын, талқыланатуғын мәселе. Жыйналыстың *күн тәртибине* әҳмийетли мәселелер қойылды. **Тәртип бериў** – бир нәрсени ислеўге буйрық бериў. **Тәртип бузыў** – белгили қәлиптеги режени сақламаў. **Тәртипке келтириў** – жөнге түсириў, ретлеў. Сиз әўеле қарамағыңыздағы адамларға ескертиңиз, бүгин тийисли қағазларын ретлеп *тәртипке келтирип* қойсын (Н.Ғабдуллин). **Тәртипке салыў** – жөнге келтириў, ретлеў. ...Мисли оған бизиң республика турмысын ийнесинен сабағына дейин изертлеў тапсырылған да, ал ол болса усы мысалда пүткил дүньяны *тәртипке салыў* ушын бел байлаған иләҳий периштеге усар еди (М.Нызанов). **Тәртипке түсиў** – жөнге түсиў. Жөни келсе ол да *тәртипке түсер* еди (Ж.Молдағалиев). **Тәртипке шақырыў** – тәртипли болыў кереклигин ескертиў, айтыў. Мәжилис баслығы Үрпек журттың дыбырлаған сөзин токтатып, *тәртипке шақырды* (Б.Майлин). **Тәртип орнатыў** – белгили бир режени, тәртипти қәлиплестириў, жөнге түсириў, ретке келтириў. Жаңа директор ай сайын мал есабын алып, кирис-шығысларын қатты қадағалап отыратуғын *тәртип орнатты* (Қ.Серикбаев). **Тәртип сақлаў** – қәлиплескен тәртипти бузбаў, әдеп сақлаў. Қәне *тәртип сақлап*, тыныш турып, гүрес қызығын көриңиз (Қ.Салғарин).

ТӘРТИПЛИ кел. Тәртиби бар, әдепли, тәрбияланған. Қамбар мектепке кейин келсе де сабақты жақсы оқыйды, *тәртипли* бала (С.Шаймерденов).

ТӘРТИПСИЗ кел. **1.** Қалай болса солай, жөнге келмеген, ретсиз. Бир нешшеңиз гедейликтен қырылдың, Бирликсиз, *тәртипсиз* надан қолдаўлы (Өтеш). Приём басындағы үшеўи де ғайыптан келген бул «балықшының» *тәртипсиз* өскен сақал-муртына, жүдеген келбетине, алба-далба кийим-кеншеклерине түксирейип қарап турды да, ғарры киси зәмбердиң екинши қапталын көтерди (К.Султанов). **2.** аўыс. Уятсыз, әдепсиз,

арсыз. Быйылғы келген балалардың ишинде қандай *тәртипсизлери* болды? (Т.Қайыпбергенов).

ТӘРТИПСИЗЛЕЎ кел. Әдепсизлеў, уятсызлаў, арсызлаў. Конвертти асығыс, *тәртипсизлеў* жыртып, хат сөзин сол тик турған қәлпинде оқыды (Ж.Жумаханов).

ТӘРТИПСИЗЛИК ат. Әдепсизлик, уятсызлық, арсызлық, бийбастақлық. Тыныш тур, Жийемурат, биреў сөз айтып турғанда *тәртипсизлик* етпе (А.Бекимбетов). Молла оған қарап жекиринип: ол қәлпең ғой, ол *тәртипсизлик* етпейди деди (Ә.Шамуратов).

ТӘСЕЛЛЕ ат. Жубатыў, тынышландырыў, кеўилин алыў. Саўыты жетпей дизесине, *Тәселле* берип өз-өзине, Жолға түсти Мәспатша, Ярын ертип изине («Мәспатша»). Оны қасындағы ерип киятырған адамлар *тәселле* берип токтатты (Қ.Ирманов). Мениң бир таңланғаным, олардың изинде Оксана ҳәм бағана оны күтип алған келиншек те кемпирге *тәселле* берип, ерип келер еди (М.Нызанов).

ТӘСИЙИН: тәсийин қалыў. ф. Ҳайран болыў, таңланыў. Екеўиниң гүресине *тәсийин* қалып турады («Мәспатша»). Бул артисттиң шеберлигине, ойынына *тәсийин* қалып тамашағөйлер оны қатты қол шаппатлаўлар менен узатып салды (Ө.Хожаниязов).

ТӘСИЛ ат. **1.** Белгили бир исти ислеў, оны бәржай келтириў ушын қолланылатуғын усыл, әдис, хийле. Шеберлик қыл, шекпениңе тийгизбе, Тийгизбестиң *тәсили* бар, жөни бар (Қ.Ирманов). Урылар қашарға жер де қалмады. Сонша *тәсил* ойласа да болмады (Ж.Аймурзаев). Костяның *тәсили* де жақсы нәтийже берген қусайды, қысым-қысым ақшаларды Женяға услатып, есесине хошамет еситетуғын болды (М.Нызанов). **2.** аўыс. Қуўлық, шаққанлық. Абылқайыр ханның *тәсили* жөнинде айтпай баратырсыз (Т.Қайыпбергенов).

ТӘСИЛЛИ кел. Хийлекер, усыллы, әдисли, мәккар, тәсилхор, тәсилпаз. Болды дейди *тәсилли*. Бир есаптан надан дейди (Т.Жумамуратов)

ТӘСИЛЛИЛИК қ. тәсил.

ТӘСИЛПАЗ кел. Хийлекер, мәккар, қуў, шайтан, сум. Алды менен көшкен *тәсилпаз* байлар болса керек (Т.Қайыпбергенов). Өзлери шелли атлары *тәсилпаз* болыўы тийис екен, таярлықсыз ойынға араласып бир жигитинен айырылды (Т.Қайыпбергенов). «Алды менен көшкен *тәсилпаз* байлар болса керек» деп ойлады Аманлық (Т.Қайыпбергенов).

ТӘСИЛПАЗЛЫҚ ат. Хийлекерлик, мәккарлық, тәсилхорлық.

ТӘСИЛСИЗ кел. Тәсил ислемейтуғын, хийле қылмайтуғын.

ТӘСИЛХОР кел. Тәсил менен ис алып баратуғын. Балықтың гүмис қалашы көриниўден қарманшының шәпиклиги де, шеберлиги де, *тәсилхорлығы* да керек (К.Султанов).

ТӘСИЛШИЛ қ. тәсилпаз.

ТӘСИР ат. **1.** Тәпси, тәпси тийиў, тәсирин тийгизиў. Апам өзине *тәсир* еткен жерлерин қайта-қайта оқыўға мәжбүр етеди (Ә.Шамуратов). Бул ўақта бийтап шаншыўдың *тәсири* менен бираз тынышланған еди (М.Нызанов). Он сегизге келдиң ҳәзир, Сөзим етсин саған *тәсир* (Қ.Ирманов). **2.** Сыртқы дүнья көринислериниң, предметлердиң яки сөзлердиң адамлардың түсинигинде, руўхында қалдырған изи. Бағларда сайрап турған бүлбиллердиң сести жүрегиңди қуўанышлы *тәсирлер* менен тастырады (Ж.Аймурзаев). Биз таярлаған күтилмеген саўға кимге қалай *тәсир* еткенин билмеймен, әйтеўир ҳаялдың алдында бойым қарыс көтерилип қалды. Мениң илимий мийнетимди оқыған адам, әдебий шығарма оқығандай *тәсир* алады (М.Нызанов).

ТӘСИРЛЕНДИРИЎ тәсирлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘСИРЛЕНИЎ ф. Бир нәрседен, сөзден тәсир алыў, пикир алыў.

ТӘСИРЛИ кел. Тәсирин тийгизетуғын, тәсирли, маңызлы, унамлы. Апамның сөзи бир мениң ушын емес, барлық тынлаўшылар ушын да күтә *тәсирли* болып тур (Ә.Шамуратов), Музыка, ойын-күлки, қосық – булардың бәри шаршағанды естен шығаратуғын ен *тәсирли* искусство (А.Бекимбетов).

ТӘСИРСИЗ кел. Тәсири жоқ, тәсири тиймеген, тәсир етпеген.

ТӘСИРШЕҢ қ. тәсирли.

ТӘСЛИМ: жан тәслим етиў ф. **1.** Өлиў, қаза табыў, дүньядан қайтыў. Жанын *тәслим* етеди. Жылап-жылап балалары, Басына белги салады (Жийен жыраў). Өз ана журтымда жан *тәслим* етиўге келдим (М.Нызанов). ◊ **Тәслим болыў** – бағыныў, бойсыныў берилиў. Солайынша бир неше тәғдирлерди қурбан еткен даўасыз бир кеселлик кейнинде инсаниятқа *тәслим болар* еди (М.Нызанов). Өтемурат аға *тәслим болған* мәниде

күлимсиреп, төмен қарады (М.Нызанов). **Тәслим болмаў** – бағынбаў, бойсынбаў. **Тәслим етиў** – бағындырыў, бойсындырыў. Сасық мазардың тусында, Қалмақлар *тәслим етеди* («Ер Зийўар»). Көрген адамды *тәслим етти*, Бундай жигит болган емес (Бердақ).

ТӘСПИ ат. гөн. с. дин. с. **1.** Алланы көтермелеп, мақтап оған шүкирлик қылып айтылатуғын сөзлер, дуўалар. **2.** Зикир ҳәм *тәспи* сөзлерин санап айтыў ушын, әдетте қурма шанғалағынан, рябина ағашынан исленген, отыз үш яки токсан тоғыз түйме дизилген ҳәм еки басы бирге байланған жип, дизбе, яғный диний адамлардың қолына услап санап отыратуғын қатара жипке өткерилген моншақлар дизбеги. Намазды оқып болған соң, Қойнындағы *тәсписин*, Ол қолына алғанды («Қоблан»). Бир нәрселерди быдырлап-былдырлап оқыды да қолындағы *тәсписин* таслап жумған көзин ашпастан басын жоқары көтерип «Әўмийин», – деди (Ә.Шамуратов). Ешнияз ахунның *тәсписин* көрдим (Т.Қайыпбергенов). Қолларында таяқ, билегинде *тәспи*, моншақлар (К.Султанов). ◊ **Тәспи тартыў** – Аллаға жалбарынып, тилек тилеў. Әкеси төмен қарап *тәспи тартып* еле табжылмай отыр екен (Ғ.Мустафин).

ТӘСПИДЕЙ кел. Тәспи сыяқлы, тәспи тәризли, тәспи янлы, тәспиге усаған.

ТӘТӘРРИК ат. Таярлық, ҳәзирлик. Ол қызыл, көк, сары, сабақлар менен кестеленген орамалын жыйнастырып чай қайнатыўдың *тәтәрригине* киристи (Ө.Хожаниязов).

ТӘЎАП: тәўап етиў ф. Ҳүрмет етиў, бас ийиў, сыйыныў.

ТӘЎӘЗЫҒ: Тәўәзығ алыў ф. Ийилиў, ҳүрмет етиў. *Тәўәзығлығ* алып берген сәлами (Әжинияз).

ТӘЎБЕ: тәўбеге келиў ф. Райдан қайтыў, өзин пәске алыў, шүкирлик етиў, қәлпине келиў, тәўбе қылыў. Бундай саўалды бизиң жақтың қызларына берер ме едиң, қайтып «ғың етпеўге» *тәўбе* қылдырар еди (М.Нызанов). ◊ **Тәўбеге келтириў** – қорқытыў. **Тәўбе етиў** – қанаат қылыў, шүкирлик етиў. Усы күнимизге *тәўбе етемиз*, шүкирлик қыламыз (С.Бақбергенов). **Тәўбесине таяныў** – қорқыў, райдан қайтыў.

ТӘЎЕКЕЛ ат. **1.** Ҳеш нәрседен тайсалмай ҳәрекет етиў, бел байлаў, қәўип-қәтерден қорықпаў. Бар, кете бер, жолың болсын Қаражан, Мен *тәўекел* шубарыма миндирдим («Алпамыс»). ◊ **Тәўекелге бел байлаў** – гүманлы бир иске таярланыў, келисим бериў. Киятырмыз *тәўекелге бел байлап,*

жоқшылық әрманы жүректи дағлап («Бозуғлан»). **2.** Ер адамның аты, исми. ◊ **Тәўекел етиў** – батырсыныў, жүрексиниў. Неғылайын бир *тәўекел етейин*, Жаным барда елатыма жетейин (Омар).

ТӘЎЕКЕЛШИ кел. Ҳеш нәрседен тайсалмайтуғын, қорықпайтуғын, батыр. Тәўекел батырлыққа баслайды, гейде көринип турған бәледен қутқарады, соның ушын халық: «*тәўекелшиниң* қайығы суўға батпас» дейди (М.Абдиреймов). Ақыллы ойланаман дегенше, *тәўекелши* дәрьядан өтеди (кк.х.н.).

ТӘЎЕКЕЛШИЛ қ. тәўекелши.

ТӘЎЕЛЛЕ ат. Өтиниш, жалбарыныў, жалыныў. Журттың *тәўеллесин* тыңламады ол, Жигиттиң алқымына бара салды қол (И.Юсупов). Мен өзим ҳеш қандай *тәўелле* айта алмадым. Жаназаларда *тәўеллеге* турмай, аўнап жылаған нашарларға кейип таслар, қуран оқып атырғанда болса ҳәммесин жыңқ еттирмей қояр еди. Мен бул *тәўеллелерге* тәўир жибисип, изимнен келиўинди күтип жүр едим. «Ушарымды жел билсин, қонарымды сай билсин» деп жөн алды қарабарақ ылағып баратырсам да, ебиндей сөзи өтимсиз байғустың *тәўеллесине* жибиским келмеди (М.Нызанов). ◊ **Тәўелле қылыў** – қәтере етиў, араға түсиў, жарастырыў. Жасаўыл басының қойына жамбас салажақ қыялыңды қоягөр шырағым, – деди *тәўелле қылды* (Қ.Ирманов). Сырымбет араға киси салып, баланың әкесине *тәўелле қылып* зорға дегенде даўды басты (Қ.Айымбетов).

ТӘЎИП ат. гөн. с. Хожа, моллалар сыяқлы ел арасында аўырыўды емлейтуғын адам. Кемпир сол елдиң ҳүрметлеп сыйлайтуғын бир *тәўиби* екен (Қ.Айымбетов). Оны хан сораўындағы ҳеш бир *тәўип* жаза алмапты (Қ.Аралбаев). Емлеўханада не ҳаққында гәп болар еди, қайсы шыпакер қандай, ким билгиш, ким шала сауат, қәйерде қандай аты шыққан *тәўип* бар, әңгиме сол әтираптан узақлап кетпес екен. Негизинде атақлы докторлардың, *тәўиплердиң* даңқы узаққа еки-үш есе бөрттирилип жетип барады (М.Нызанов).

ТӘЎИПТЕЙ кел. Тәўип сыяқлы, тәўип тәризли, тәўип янлы, тәўипке усаған, мегзес.

ТӘЎИПШИ қ. тәўип.

ТӘЎИПШИЛИК ат. гөн. с. Ел арасында жүрип адам емлеўшилик кәсиби. Ара-тура *тәўипшилик* ететуғын әдети бар

(Қ.Аралбаев). Жақсы, балам, егер сенің *тәўипшилигиң* болса, ертип барайын (Қ.Айымбетов).

ТӘЎИР кел. **1.** Жақсы, жарамлы. – Қап-қалың, *тәўир* костюм екен, – деди күлимсиреп (М.Нызанов). **2.** Күсейтуғын, қәлейтуғын. **3.** Пәкизе, өндамлы. ◊ **Тәўир болыў** – саўалыў, аўырыўдан жазылыў. Таңға таман *тәўир* болдым, Әстелеп орнымнан турдым (Бердақ). **Тәўир көриў** – унатыў, қәлеў, жаратыў. Апам дүкәнның булка нанынан гөре қолдан жабылған пәтирди *тәўир көреди* (М.Чимбергенов). Себеби, түйетаўық суўыққа төсин тутып жатқанды *тәўир көреди* (М.Нызанов). **Тәўир көрмеў** – унатпаў, қәлемеў.

ТӘЎИРЛЕНИЎ тәўирлеў I фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӘЎИРЛЕТИЎ тәўирлеў I фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӘЎИРЛЕЎ I ф. Аўырыўдан жазыла баслаў, бети бери қараў, жақсарыў, жақсылаў, жақсартыў.

ТӘЎИРЛЕЎ II кел. Пәкизе, әндамлы, жақсырақ. Соң қараңғыда ярым сааттай айланып, үстине азырақ пул қосып көзине *тәўирлеў*, ирилеў көринген бир баспақты сатып алыпты (ққ.х.е.). *Тәўирлеў* асын қоңсысына апарып беретуғын сый-хүрмет табағына айтылады (Интернет мағлыўматлары).

ТӘЎИРМИЯ ат. Далалы, суўсыз жерлерде өсетуғын, бийиклиги 5–40 см дей буршақ туқымласына киретуғын көп жыллық өсимлик.

ТӘФСИР ат. Қуран сүрелериниң мазмунын ҳәм ондағы ескирген сөзлердиң мәнисин түсиндиретуғын китаплар. Аллаҳтың атына өтирик тоқығанлар қутыла алмайды» аятын табысқа ериспейди ҳәм азаптан (ақырет азабынан) аман қалмайды, деп *тәфсир* қылған. Дүньяда азғана неъматланып қалса да, ақыретте олар ушын аўыр азап бар, деп *тәфсир* қылған (Интернет мағлыўматлары).

ТӘҲАРӘТ ат. дин. с. Диний үрп-әдет бойынша табыныўдан бурын мәжбүрий түрде жыныс ағзаларын ҳәм аяқ-қолларын жуўыў тазаланыў, ҳадалланыў. Үшеўи де *тәҳарәт* алыў ушын орынларынан турды (Айбек).

ТӘҲАРӘТЛИ кел. Тәҳарәт алған, тәҳарәти болған.

ТӘҲАРӘТЛИК: тәҳарәтлик суў ат. Тәҳарәт алыўға арналған суў.

ТӘҲАРӘТСИЗ кел. Тәҳарәтли болмаған, тәҳарәт алмаған, жуўынбаған.

ТӘҲАРӘТХАНА ат. Тәҳарәт алатуғын арнаўлы орын, жай. Молла қуманын алып, *тәҳарәтханаға* кетти (Ә.Шамуратов).

ТӘШИР ат. Балықтың бир түри (КДС).

ТӘШЎИШ ат. **1.** Машқала, машақат. Лекин, ол мени көриўге де жибермейди, деген гуман сени үлкен *тәшўишке* салды (М.Нызанов). **2.** Қозғаў, түртки. Сонда утасаң, – деди *Тәшўиш* берип өзине (Б.Қайыпназаров). Миллетиңиздиң келешеги Сизди *тәшиўишке* салмай ма?! (М.Нызанов). **3.** Қәўетер, қорқыныш. Пүткил дүньяны *тәшўишке* салып турған бул инфекция тез арада сапластырылып, кеселликти жуқтырып алған адамлардың саўалып кетиўин тилеймен (Интернет мағлыўматлары). ◊ **Тәшўишке қойыў** – әўере қылыў, әбигерлеў, қыйнаў. **Тәшўишке түсиў** – қыйналыў, қайғырыў, қәўетерлениў. **Тәшўиш шегиў** – қыйналыў, қәўетерлениў.

ТӘШЎИШЛИ кел. Ғам-тәшўишке ийе, ғамлы. Өз дининен кешип, түрли секталар жолынан жүргенлердиң жәмийетимизде ушырасып атырғаны әлбетте, *тәшўишли* жағдай (Интернет мағлыўматлары).

ТӘШЎИШСИЗ кел. Тәшўиши жоқ. Бул дүньяда қыйын, *тәшўишсиз* жүрмек, *Тәшўишлер* де дәрттен туўылар, демек (Г.Нурлепесова).

ТӘШЎИШЛЕНИЎ тәшўишлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӘШЎИШЛЕЎ ф. **1.** Машақатланыў. **2.** Қозғаў, түртки салыў. **3.** Қәўетерлениў, қорқыў, қәўиплениў.

ТВИСТ ат. Жуплықлардың импровизациясына тийкарланған жуп болып тез қыймыл ҳәрекетлер менен ойналатуғын ойын түри. Сен *твист* билетуғын ба еди? (Е.Домбаев).

ТВОРЧЕСТВО ат. Мийнет, дөретпе. Жазыўшының творчествосы.

ТЕАТР ат. **1.** Драмалық шығармаларды сахнада ойнаў көркем өнери. **2.** Опералық, драмалық шығармалар қойылатуғын орын, жай. **3.** Драмалық шығармалардың жыйнағы, спектакль. ◊ **Балет театр** – шығарманың мазмуны музыкалы хореографиялық образлар арқалы берилетуғын театр. Бул Моисеев басқаратуғын халық ойыншылар ансамбли емес, шын мәнидеги *балет театры* (газетадан). **Драма театры** – драмалық шығармаларды сахнада көрсететуғын театр. Өзбек миллий академиялық *драма театры* - Өзбекстанда жаңа сахна өнериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына кәрўанбасылық еткен театр жәмәәти ең ески театрлардан (Интернет мағлыўматлары). **Қуўыршақ театр** – қуўыршақ пенен ойналатуғын балаларға арналған театр. Нөкис қаласы ҳәм районлық мәденият

бөлимлериниң ҳәўескер халық театры жәмәәтлери ҳәм *қуўыршақ театр* жәмәәтлери арасында Республикалық таңлаў болып өтти. *Қуўыршақ театрлары* арасындағы таңлаўда болса, Нөкис қаласындағы Үлғили балалар, Төрткүл районындағы «Болажан» ҳәм Қараөзек районындағы *қуўыршақ театрлары* жәмәәтлери 1–2–3-орынларды ийелеўге миясар болды (А.Оразов). **Опера театр** – опералық қосықларды атқаратуғын театр. 1918-жылдан Ташкентте орыс *опера театры* өз искерлигин баслаған (Интернет мағлыўматлары).

ТЕБЕГЕН кел. Жанына ҳеш кимди жақынлатпайтуғын, теўип жиберетуғын, тебеўик. Жылқылардың ишинде ҳарам-қатқыр бир *тебеген* байтал бар еди (ққ.х.е.).

ТЕБЕН ат. Ийнениң ең ири жуўан түри. Шуўда ийирип күннен бурын, *Тебен* алып кемпир келип, Үзигиниң жыртық жерин, Жамап алмақ оның ойы (С.Мәжитов).

ТЕБЕНДЕЙ кел. Тебенге усаған, тебенге мегзес, тебен яңлы, тебен тәризли, тебен сыяқлы. Кирпиги қайысқан *тебендей* еди, Кумай көзлер мени жегендей еди (И.Юсупов).

ТЕБЕНЛЕЎ ф. Тебенге сабақ өткериў, сабақлаў.

ТЕБЕРИК ат. **1.** Әширепи, қымбатлы, қәдирли. **2.** аўыс. Кәраматлы, шарапатлы, бахыт бериўши, ҳүрметли. Журыннның гөне шапанын, Туўмай жүрген ҳаяллар, *Теберик* деп бөлисти («Қырқ қыз»).

ТЕБЕРИКТЕЙ кел. Теберикке усаған, теберикке мегзес, теберик яңлы, теберик сыяқлы, теберик тәризли. Батыр туўған Айдос бий, Ханның берген қағазын, *Тебериктей* иззетлеп, Еки қоллап алады (Бердақ).

ТЕБЕЎИК қ. тебеген. Таңланардай ҳеш гәп жоқ-ғо бул жерде, Бир атың *тебеўик*, бир атың ҳәкер (Ә.Қайпов).

ТЕБИЛИЎ тебиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЕБИНГИ ат. Тақымды, кийимди аттың теринен сақлаў ушын, ерге жалғастыра тигилген үзенгиниң үстин жаўып туратуғын былғары. *Тебенгиге* тер қатып, Тепсине алмай барады, Айпарша аўыр жаралы, Дем ала алмай барады («Мәспатша»).

ТЕБИНДИРИЎ тебиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕБИНИЎ тебиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕБИРЕНДИРИЎ тебирениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕБИРЕНИС ат. Жан толқыўы, толғаныс. Оның жан дүньясында бир *тебиренис* болғанын ишим сезди (Н.Ғабдуллин).

ТЕБИРЕНИЎ ф. Тула бойды, кеўилди, жүректи тербеў. Жаў қолында қазаланып, Қалдың да жер *тебиренди*, Ғарры Кавказ

ызаланып, Сени жоқлап еңиренди (Т.Сейтжанов). Бийгүна тийген таяқтың зардабы тула бойымды *тебирентип* баратыр (Ж.Аймурзаев). Жүректи *тебирентетуғын* ырғаққа қосылып иштеги ҳәўири сыртқа шықты ма деймен (К.Султанов).

ТЕБИСИЎ тебиў фейилиниң шериклик дәрежеси. Тайдай тебисиў.

ТЕБИЎ ф. **1.** Аяқ пенен қатты урыў, қағып жибериў, сәдделеў. Өз баланды өзекке *тепсең* де кетпейди, киси баласы кисенлесең де турмайды (ққ.х.н.). Кесе турған гүрсини *теўип* қулаттым да, қадала қалған апама жақынладым (К.Султанов). **2.** Аяққа сырғанақ (коньки) байлап ямаса шананың велосипедтиң үстине отырып сырғанаў, жылжыў. Еки-үш күн коньки *тебиўден* жалықпадым (И.Юсупов). ◊ **Әткөншек тебиў** – әткөншекке отырып тербелиў. Бир шетте *әткөншек тепкен* адамлар көринди (Т.Нәжимов). **Тепсе темир үзгендей** – күшли, куўатлы, қарыўлы, мыклы. *Тепсе темир үзгендей* табанлы таймастың өлим зәңгисине аяғын салып турғаны қалай? (М.Дәрибаев). **Тепки жеў** – урыў, сабаў.

ТЕБИЎШИ ат. **1.** Бир затты тебетуғын адам. Ең әўметсиз пенальти *тебиўши* футболшы, Пеленің пенальтиден урған 1000-голы (Интернет мағлыўматлары). **2.** Аяқ пенен сырғанаўшы.

ТЕГЕРАҢ р. Сәл-пәл, аз-маз, болар-болмас, әйтеўир. Мүмкин, *тегераң* нәрсеге кек етип тамағын да ишпейтуғын шығар (Т.Қайыпбергенов). *Тегераң* көзиңди ашсаң қар менен толады (С.Хожаниязов).

ТЕГИН I ат. Әййемги түркий халқында қаганнан кейинги лаўазым. *Тегин* қаганлықтағы жоқары лаўазым ийеси ретинде әскерлерге жолбасшылық еткен ямаса айырым улыслардың басқарыўшысы болған.

ТЕГИН II кел. Мут, мутқа, бийпул, босқа. Ексең егин, ишерсең *тегин* (ққ.х.н.). Бул жеңис бизлерге *тегин* келмеди. Жеңис ушын көплер басларын берди (Ә.Шамуратов). *Тегин* емес туўған топырақ, Безе алмайды адам деген (И.Юсупов). Дүньяға шыққандағы жалғыз қызың еди, «теңи келсе *тегин* бер» деген, рийзалығын алмай басып-женшип жылатып көкнаршыға келин қылып берсең исиңниң қырынға кеткени! (К.Султанов). ◊ **Тегин гөзлеў** – ешейин, қуры, мутқа. Сәтеңлер рәҳәтти *гөзлейди тегин*, Ыңыранса жалқаўдың күнлери кешер (И.Юсупов).

ТЕГИНГЕ р. Пулсыз, ешейинге. Ўақыт қымбат, ысырап етпе *тегинге*, Қыйынлықтан қыйпалақлап шегинбе

(И.Юсупов). Ийт *тегинге* жети ғәзийнениң бирине кирмеген (Ө.Өтеўлиев).

ТЕГИНДЕ р. Ҳасылы, сирә, шамасы, негизинде. *Тегинде* тәрбия сырттан келетуғын қураллардан емес, тереңнен иштен келетуғын қураллардан болады (Ж.Аймаўытов).

ТЕГИНЛИК қ. тегин.

ТЕГИНЛИКТЕ р. Аңсат емес, қыйын жағдай. Оған *тегинликте* оқ тиймейди (М.Нызанов). Мендеги сол беглик әпиўайы айдаўшы болып қатарға қосылғаннан кейин де *тегинликте* сынбады (М.Нызанов).

ТЕГИС кел. **1.** Ойы, қыры жоқ, жап-жазық, жалпақ. Ол тәреп ашық: аржағы *тегис* дала ҳәм от қәўпинен де аўлақ боламыз (М.Чимбергенов). **2.** Тутас, алағатсыз. Шықты деп толық нәл тегис, Арқайын болып жүрменлер (Б.Қайыпназаров). **3.** Бирдей, ҳәмме, түўел, барлығы. Бәри де *тегис* таяр тур, Туўылған жерди қорғаўға (Ә.Шамуратов). Мәрдикарға ҳәмме *тегис* бармайды, ақша тапқанлар адам жаллап жибереди (Қ.Әўезов). Қәне, *тегис* отырыңлар, Артистлер сизлерге ойын көрсетеди (Ө.Хожаниязов). Бармақларыңды *тегис* соз (М.Нызанов).

ТЕГИСИРЕК кел. Ойы-бәленти азырақ тегислеў. Сеннен де келбети *тегисирек* жигитке аўып кетпесин деп Сапар сүйеп салды сөз айтып еди (К.Султанов).

ТЕГИСЛЕНИЎ тегислеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕГИСЛЕСИЎ тегислеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕГИСЛЕТТИРИЎ тегислеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕГИСЛЕТИЎ тегислеў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Ток бағанасы көшениң дәл ортасына орнатылғаны, арнаўлы техника менен көшени *тегислетиў* кереклиги ҳаққында сынға алынған видеоматериал жәрияланды (Интернет мағлыўматлары).

ТЕГИСЛЕЎ ф. Ой-қырын кетириў, тегисирек етиў, артық-кемин жойыў, бирдей етиў, теңлигин келтириў. Бизиң атыздағы пақсаның түбинен тандырға орын *тегислеўге* киристи (М.Чимбергенов). Жер аўдарып ҳәм *тегислеп,* Дүзетер шел, оқ қарық, Жумыслардың ҳәммесин де, Роза жүр ғой басқарып (Т.Сейтжанов). Азы-кем төмен қарап отырды да, дастурханның шетинде турған сүлгини *тегислеп*, еки бүкледи (М.Нызанов).

ТЕГИСЛЕЎШИ ат. **1.** Бир нәрсени тегислейтуғын адам. **2.** Жолды, яки басқа да нәрселерди тегислеўге арналған қурал. Жол *тегислеўши* каток жәрдеминде соңғы басқыш – қапламаны

тегислеў жумыслары жүргизилди (Интернет маглыўматы). Усы ўазыйпалар шеңберинде республикамызга 200 жер *тегислеўши* лазер қурылмасын алып келиў белгиленди (Интернет маглыўматы). Басқарылыўшы тураклы ток өзгерткиши, инвертор, *тегислеўши* реактор, импульс-басқарыў системасы, инвертордың басқарыў системасы (Интернет мағлыўматы).

ТЕГИСЛИК ат. **1.** Жердиң, заттың бир тегис болып келиўи, бирдейлик. **2.** Геометриядағы тийкарғы түсиниклердиң бири. Тегисликтиң багыты усы *тегисликке* түсирилген нормалдың бағыты менен анықланады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЖЕЛИЎ тежеў фейилиниң белгисиз дәрежеси. Енди болса халықтың артықша әўерегершиликлерин сапластырыў, олардың артықша ўақтының ҳәм қәрежетиниң *тежелиў* имканияты жаратылды (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЖЕҢКИРЕЎ тежеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕЖЕСИЎ тежеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕЖЕСТИРИЎ тежеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕЖЕТИЎ тежеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕЖЕЎ ф. **1.** Қыстаў, асықтырыў, тезлеў. Арыўхан тезирек жетиў ушын ешегин *тежеди* (А.Бекимбетов). **2.** ауыс. Бетин қайтарыў, басыў. Шалағай ис көп ғой, оны *тежеп*, Жөнге салыўға ўақыт жоқ (А.Оразов). Өз қанасын кернеп тасқан гезинде, Мықлы ақыл менен *тежеп* сезимди, Оны қайта қуяр өз арнасына (И.Юсупов). ◊ **Тежеп-тергеў** – сарп-қәрежетлерди, тәлим-тәрбия ҳәм т.б. мәселелерди қадағалап, реже тийкарында ис тутыў.

ТЕЖЕЎШИ ат. Қыстаўшы, тезлетиўши, асықтырыўшы.

ТЕЗ I р. Жылдам, дәрриў, шаққан. Гүлайша *тез* оқып өтти де, Ербайға усынды (Т.Қайыпбергенов). Суўықта тоңып турған шығар, бар Дәўлет *тез* ашып кел. Дәўлеттиң барыўынан қайтыўы *тез* болды (М.Нызанов). ◊ **Тез болдырыў** – ҳә демей шаршаў, ҳарыў. Албыраған *тез болдырар*, Қайғыдан жүзин солдырар, Аўзындағысын алдырар (С.Мәжитов). **Тез ержетиў** – бой жетиў, камалға келиў. *Тез ержетип* камалыма, Салсаң бир нәзер ҳалыма (А.Дабылов). **Тез жәрдем** – бахытсыз ҳәдийселер ҳәм тосаттан пайда болған кеселликлерди көриўге арналған, күни-түни хызмет атқаратуғын медициналық жәрдем көрсетиўдиң түри. Арасында ана емлеўханадан мына емлеўханаға медикамент апарыў, районлардағы қатты болып қалған наўқасларға *«тез жәрдем»* хызметин көрсетиў, қулласы,

универсаль көлик болды. Бул жерде Нөкистегидей *«тез жәрдем»* тез-тез сирена сигналларын жағып кирип-шыға бермес екен (М.Нызанов). **Тез пейил** – сәл нәрсеге ашыўлана бериў.

ТЕЗ II ат. Кереге, уўық, тоғын т.б. ийетуғын ямаса дүзиўлейтуғын қурал. ◊ **Тезге салыў** – дүзеў, бойсындырыў, тәртипке салыў, жөнлеў.

ТЕЗЕК ат. Отын орнына пайдаланатуғын малдың кепкен қыйы, дәриси. Тере берсең *тезек* те қызық (ққ.х.н.). Тең теңи менен, *тезек* қабы менен (ққ.х.н.). Ийнинде *тезек* салатуғын қабы болғаны ушын екеўи де танымады (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Тезек териў** – тезек жыйнаў. Бенде болып қалмақлардың қолында, Жети жыл көшеде *тезек териппен* («Мәспатша»). Сонлықтан гедейлер хүкиметин қулатып, есиғинде сени *тезек тергизип*, маған от жақтыражақ (К.Султанов).

ТЕЗАУРУС ат. **1.** Белгили бир тилдеғи барлық сөзлерди қамтып алатуғын, олардың текстте қолланылыўын толық сәўлелендирип беретуғын сөзлик. **2.** Қандай да бир илим тараўына тийисли сөзлердиң семантикалық байланысы. *Тезаурус* синонимлер сөзлиги болып табылады, ол көбинесе өз ара байланыслы сөзлерди қамтыйды.

ТЕЗЕКТЕЙ кел. Тезек сыяқлы, тезек тәризли, тезек яңлы, тезекке усаған, тезекке меғзес.

ТЕИЗМ ат. Қудайдың барлығын, оның дүньяға, адамларға қарым-қатнасын тийкарлап түсиндиретуғын диний илим. Теизмди термин ретинде инглис философы Н.Ведворт енгизди.

ТЕИСТ ат. Теизмди жақлаў шы адам.

ТЕЙЛЕРИЙ ат. Қан қурамында өсетуғын мал аўырыўын қоздырыўшы вирус.

ТЕЙЛЕРИОЗ ат. Мал аўырыўының түри. Эритроцитлерде жасайтуғын бир клеткалы әпиўайы насекомалар – гемоспоридийлер қоздыратуғын аўырыў. Кененің бир ғана урпағы арқалы тарайтуғын болғанлықтан, *тейлериоз* ерте қан сорып, түлеп үлгерген кенелердиң урпағы арқалы август, сентябрь айларында екинши рет өршиўи мүмкин (З.Шойынбаев).

ТЕЙЛЕРИЯ ат. Малда болатуғын аўырыў түри. Малдың инвазиялық аўырыўларының екинши топарына *тейлерия* киреди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЗИС ат. Лекция, баянат ямаса шығармада баянлайтуғын тийкарғы қағазға түсирилген ойдың қысқаша сүлдери. *Тезислер*

өзбек, рус, инглис тиллеринде қабылланады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЗИРЕК р. Тезлеў, шаққанлаў. Мен де тезирек өлейин, еле жаспан демейин (М.Жумабаев).

ТЕЗЛЕНИЎ ф. Ўақыт бирлигинде дененің тезлигиниң өзгериўи. Әсте-ақырын *тезлениў* менен бир орыннан қысқа сериппели жулқыныў. Қозғалыстағы система ушын тәсир етиўши күшлер, айтайық *тезлениў* қозғалыстағы дененің координаталары аркалы берилсе, онда қозғалыстың дәслепки жағдайы ҳәм дәслепки тезлиги берилген ҳалда бул системаның қозғалысы толығы менен анықланады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЗЛЕСИЎ тезлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕЗЛЕСТИРИЎ тезлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Мәйиттиң исин *тезлестириў* ҳәм мүсәпирликтеги өлим («Ҳәдис ҳәм турмыс»). Турақ жай коммуналлық хызмет министрлиги және Суў хожалығы министрлигине Кризиске қарсы гүресиў қорынан қаржыландырылатуғын объектлерде курылысты *тезлестириў* ўазыйпасы жүкленди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЗЛЕТТИРИЎ тезлеў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕЗЛЕТИЎ тезлеў I фейилиниң өзгелик дәрежеси. Пахтаның раўажланыўын *тезлетиў*, агротехникалық илажларды өз ўақтында белгилеп, тийисли илажларды әмелге асырыў мақсетинде «Ылғаллы 30 күнлик» илажлары өткерилмекте (Интернет мағлыўматлары). Бажыханадағы рәсмийлестириўди *тезлетиў* ҳәм шегара бажыхана постларындағы гезекте турыўларды азайтыў мүмкиншилигин береди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЗЛЕЎ I ф. Шәпиклеў, жылдамлаў, шаққанлаў. Жигитлер қызды көрип қалайық, – деп *тезлеў* жүре баслады (К.Султанов).

ТЕЗЛЕЎ II ф. Кереге, уўық, тоғын сыяқлыларды тезге салып ислеў.

ТЕЗЛИК ат. **1.** Ҳәрекеттиң өсиўи, көбейиўи, таралыўы т. б. ўақытқа байланыслы басқарылыў дәрежеси. **2.** тех. Механизмлердиң жүриў, тартыў күши. Ол меннен мақуллаў күтпей-ақ *тезликти* асырды (М.Нызанов).

ТЕЗ-ТЕЗ р. **1.** Тезлик пенен, жедел, асығыў-үсигиў. Тез-тез жүриў. Мәмлекетимиздиң түрли аймақларында *тез-тез* бақланып атырған қум боранлары ҳаққында «Өзгидромет» мәлимлеме хызмети түсиник берди (Интернет мағлыўматлары).

2. Көп ўақыт өткермей. Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги жеке қурамы олардың ҳал-жағдайынан *тез-тез* хабар алып, ҳәр бир байрам сәнелеринде саўғалар тапсырып келмекте (Интернет мағлыўматлары).

ТЕК I ат. Арғы түби, шыққан жери, шығысы, нәсили, туқымы. Жақсыда кек болмайды, жаманда тек болмайды (ққ.х.н.). ◊ **Ата теги** – арғы атасы, заты, сүйеги. Биреў менен жолдас болсаң, *Ата тегин* билгейсиз (Бердақ). Биз қыздың *ата-тегин*, кәспи-кәрин сорастырып болып келип отырмыз (М.Нызанов). **Теги жаман** – ата-бабасы, туўысы төмен. *Теги жаман* адам. **Тегине тартыў** – ата-бабасына уқсаў, негизине тартыў.

ТЕК II р. Қуры, босқа, тыныш, бийкар, текке. Еситкенде сениң зарлы сестинди, Гүлайымжан *тек* жатпаспан гөримде («Қырқ қыз»). ◊ **Тек отырыў** – тыныш, ҳеш кимге сүйкенбеў. **Тек жүриў** – тыныш жүриў. *Тек жүрсең* ток жүрерсең (ққ.х.н.).

ТЕК III к.с. Дәслепки жай гәптен аңлатылған ис-ҳәрекет ўақыяға соңғы жай гәпти қарама-қарсы мәниде қойыўда (дөнекер), өзи қатнаслы сөзлерди басқа сөзлерден айырымлап, шеклеп көрсетиўде (жанапай) қолланылатуғын көмекши сөз. Апа, ҳәзир мениң қуўаныштан қус болып ушқым келеди, *тек* қанатым жоқ-дә (Ө.Хожаниязов). Орынлаў унамлы нәтийжеге алып келетуғын болса орынланады, кери жағдайда оны *тек* қағаз көтереди (М.Нызанов). Бул үйде «қудайы қонақ»тың мәнисин *тек* кемпир екеўимиз билемиз (М.Нызанов).

ТЕКЕ ат. Жанлықтың еркеги. Қасқырлар қағып таслапты, *Текелердиң* күйегин («Қырқ қыз»). ◊ **Теке сақал** – шоқланған, шошайған селдир сақал.

ТЕКЕДЕЙ кел. Теке сыяқлы, теке тәризли, теке яңлы, текеге усаған, текеге мегзес. ◊ **Текедей тиресиў** – бир-бирин жеңе алмаў.

ТЕКЛИК кел. Тыныш, жым-жырт, ҳәрекетсиз.

ТЕКЕМҮЙИЗ ат. Гилемге, кийизге текениң мүйизине уқсас етип салынатуғын қол өнериниң түри.

ТЕКЕНЕ ат. Сийле, көпшилик жағдайларда медициналық ислерде ораў, таңыў мақсетлери ушын керекли, сийрек етип тоқылған жуқа товар (КДС). Ҳаялдың басындағы шаршы болып тоқылған *текене* дүньяға белгили сабын менен суўдың шырайын көрмегенин билдирип тур (Қ.Ерманов).

ТЕКЕСАҚАЛ ат. Дәрилик, көп жыллық өсимликтиң түри. *Текесақалды* асқазан аўырыўларына қарсы ем ретинде қолланылады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕКЕСАРЫҚ ат. Халықтың түсинигинде Иран ели усылай аталған (ҚДС). *Текесарықтан* үш палўан келеди.

ТЕКЕТИРЕС ф. Бирин-бирин жеңе алмаўшылық. Көпке дейин *текетиресип*, сүзисип, бири қалай қарай бурылса, екиншиси солай бурылып, әбден демлери қурып шаршады (Ө.Бөкеев).

ТЕКЕШИК ат. Бир жасқа толмаған еркек ылақ, пиштирилмеген ылақтың түри.

ТЕКИЙМЕТ ат. Нағысланып исленген кишкене кийиз. Соннан кейин *текийметтиң* үстине жайған бир салым гилемшениң үстине барып малдасын қурынды (К.Султанов) ◊ **Өре текиймет** – нағысланбаған, түксиз үлкен текиймет. Аяғы жерге минөсип емес екен, – деп бир өре *текиймет* таслады («Қоблан»).

ТЕКИЙМЕТЛИК кел. Текийметке тийисли, тән, арналған.

ТЕКИЙМЕТСИЗ кел. Текиймети жоқ, текиймет төселмеген.

ТЕКЛЕС кел. **1.** Теги, шығысы, негизи бир. **2.** Бир нәрсеге уқсас, сол сыяқлы, мегзес.

ТЕКЛИ кел. Шығысы жақсы, жақсы нәсил, ҳасыл туқым.

ТЕКОДИН ат. Дәриниң түри.

ТЕКОРИЛ ат. Жутқыншақ безлери аязлағанда қолланылатуғын дәри.

ТЕКСЕРИЛИЎ тексериў фейилиниң белгисиз дәрежеси. Кеселликти ерте басқышында анықлаўдың ең жақсы усылы бул лабораторияда *тексерилиў* есапланады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕКСЕРИЛИЎЛИ кел. Изертлеўли, анықланған тексерип қойылған.

ТЕКСЕРИСИЎ тексериў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕКСЕРИЎ ф. Изертлеў, анығына жетиў. Ишин жарып *тексерип* көрсем, шынында да уўланған екен (Г.Изимбетов). Оны *тексериў* мәселеси пайда болса пүткил республикаға жайылады (М.Нызанов). ◊ **Тексериў орны** – тергеў жүргизетуғын өрын.

ТЕКСЕРИЎСИЗ кел. Тексерилип қойылмаған, тексерилмеген.

ТЕКСЕРИЎШИ ат. Изертлеўши, анықлаўшы. Мен Оксананы *тексериўши* емес, тәжирийбе өткериўге келгенин

айтайын деп турдым да, буның ушын бәри бир екенин ойладым да, еситпегенге алдым (М.Нызанов).

ТЕКСЕРТТИРИЎ тексериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕКСЕРТИЎ тексериў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Баламды ҳәмме кабинетке өзи ертип барып, *тексертти* (М.Нызанов).

ТЕКСЕРТКИЗИЎ тексериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕКСИЗ кел. Ҳаслы жаман, нәсили жаман, шығысы жаман.

ТЕКСТ ат. Қандай болмасын жазылған, көширилген яки баспада басылған дөретиўшилик мийнет, әдебий шығарма, ҳүжжет ямаса оның бир бөлими, үзиндиси. Ол дәрҳал орнына отыра сала телеграмманың *текстин* жазды (А.Бекимбетов). Оның мәсләҳәти бойынша сөйлейтуғын сөзимниң *текстин* кисеме салып мен де бардым (Ө.Айжанов). Бир ай бурын олардың конференцияда сөйлейтуғын сөзлериниң *текстлери* басылған китаплар адреслерине жиберилди (М.Нызанов). Әнжуманға қатнаса алмайтуғын айырым алымлардың адресине айтылған *текстлерди* алып таслап, оны издеги сөзлер менен байланыстырыў зәрүр болды (М.Нызанов).

ТЕКСТИЛЬ ат. **1.** Тоқымашылық санааты, өними. **2.** Тоқымашылық комбинаты. Буннан соң Жоқарғы Кенес Баслығы район орайындағы Бозатаў *текстиль* кәрханасы жумысларын көзден өткерди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕКСТОЛОГ ат. Текстология қәнигеси, текст изертлеўшиси.

ТЕКСТОЛОГИЯ ат. Ҳәр қандай көркем шығарма текстиниң қол жазбасы, түп нусқасы менен салыстырып изертлейтуғын филология илиминиң бир тараўы.

ТЕКСТОЛОГИЯЛЫҚ кел. Текстологияға қатнаслы.

ТЕКСТОНОВИНИТ ат. Буйымларды қаплаў ушын қолланылатуғын жасалма былғары.

ТЕКТОНИКА ат. Жер қатламын ҳәм онда болатуғын өзгерислерди изертлейтугын геология илиминиң бир тараўы. *Тектониканың* тийкарын XVII әсирде даниялы илимпаз Н.Стенон қалаған (газетадан).

ТЕКТОНИКАЛЫҚ кел. Тектоникаға тийисли.

ТЕКТОНОФИЗИКА ат. Тектониканың тектоникалық деформациялардың пайда болыўының физикалық жағдайларын изертлейтуғын тараўы.

ТЕКШЕ ат. **1.** Өжиреniң ишки қабырғасында кесе, чайник т. б. сондай затларды қойыў ушын исленген орын. Артындағы

текшеден бир тахтайды Сейтжанға өперип: – Кел, мында, сабақ үйретейин, – деди (Ә.Шамуратов). **2.** Ылайдан, тастан, топырақтан ҳәм басқа да затлардан бийиклетип салынған басқалдақлар. Каналдың еки жағындағы ырашты қайтарып, еки-үш адам қатар жүретуғындай *текше* жасап қойыпты (Н.Дәўқараев). Сол бәлентликтен ултанға қарай цемент пенен қуйылған сыпқанақ *текше* бар екен (М.Нызанов). Бахтыма онлаған саяхатшы топарласып, *текшеден* төмен түсе баслады (М.Нызанов). **3.** Вагонда отырыў ҳәм жатыў ушын тахтайдан арналып исленген орын.

ТЕКШЕЛЕНИЎ текшелеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕКШЕЛЕСИЎ текшелеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕКШЕЛЕТТИРИЎ текшелеў фейилиниң өзғелик дәрежеси,

ТЕКШЕЛЕТИЎ текшелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕКШЕЛЕЎ ф. Қат-қат етип, қабатлап, тахтайлап жыйнаў. Алыс жолдан шаўып келипсең, атыңды, *Текшелепсең* гүмис менен алтынды («Қырқ қыз»).

ТЕКШЕЛИ кел. Текшеси бар, текшеленген.

ТЕКШЕ-ТЕКШЕ кел. Текшеленген, қатар-қатар.

ТЕКШЕМЕ-ТЕКШЕ ат. Интерактив сабақ өтиў усылы.

ТЕЛЕ ат. **1.** Узақ аралықтан турып ҳәрекет етиўши ямаса әмелге асырыўшы. **2.** Телевизион мәнисине муўапық келиўши мәнилерди билдиреди. Мыс: телебайланыс, телебағдарлама, телекөрсетиў, телеминара ҳәм т.б.

ТЕЛЕВИДЕНИЕ ат. Барлық көринислерди, сүўретлерди узақ аралықларға электр ямаса радио толқынлар арқалы жибериў ҳәм қабыл етиў усылы. Дурыс болса былай ет, бир күн радиоға, бир күн *телевидениеге* барып, қосықларыңды лентаға түсир (М.Нызанов).

ТЕЛЕВИЗОР ат. Телевидение арқалы болған ўақыяны анық өзиндей етип, сүўрет ҳәм даўысты экран арқалы көрсететуғын ҳәм еситтиретуғын айналы аппарат. Не ушын радиодан, *телевизордан* реклама қылмайды?! Дәрҳал *телевизордың* алдында тоқтап қалдым. Үйде *телевизордың* пульти ақлықларда болады (М.Нызанов).

ТЕЛЕВИЗОРШЫ ат. сөйл. т. **1.** Телевидение қәнигеси. **2.** Телевизор дүзетиўши уста.

ТЕЛЕГА ат. Төрт дөңгелекли арба.

ТЕЛЕГЕЙ ат. Үлкен көлемдеги қурғақлықты басып атырған суў. Бир күни ассыз, нансыз кетип баратырса, жол жағалаған

телегей шалқар көк теңизге дуўшар болды (кқ.х.е.). ◊ **Телегей теңиз** – Ушы-қыйыры жоқ, көз жеткисиз.

ТЕЛЕГЕН ат. Көликке жегилетуғын дөңгелекли арбалардың бир түри. ◊ **Телеген арба** – төрт дөңгелекли арба. Сонлықтан, олардың барлығына *телеген арба* болса да көлик керек (Ж.Искендеров).

ТЕЛЕГРАММА ат. Телеграф арқалы жиберилген яки алынған хабар ямаса сол хабар жазылған қағаз, бланк. Ертеңине *телеграмма* қайтып келди (М.Нызанов).

ТЕЛЕГРАФ ат. **1.** Узақ жерлерге телеграмма, радиотелеграмма түринде асығыс хабар жибериў ушын электр ҳәм радио байланысының бир түри ҳәм оның әсбабы, қуралы. Баланың әкеси Эдисонга миннетдаршылық ретинде *телеграф* машинасын басқарыўды үйретеди (А.Дабылов). Почта - *телеграф* жөнелтпелери мәмлекетлик тилде ямаса пуқаралардың тилеги бойынша басқа тилде әмелге асырылады («Мәмлекетлик тил ҳаққындағы нызам»). **2.** Усындай хабарларды жиберетуғын ҳәм қабыллайтуғын байланыс мәкемеси ҳәм оның жайы. Қарақалпақстан хабар агентлиги 1954-жылы бурынғы Өзбекстан *телеграф* агентлиги ӨзТАГтиң Қарақалпақстан бөлими сыпатында жумыс баслаған (С.Есемуратова).

ТЕЛЕГРАФИСТ ат. Телеграммаларды жибериўши ҳәм қабыллаўшы телеграф хызметкери. Сүўретте усы байланыс бөлиминде *телеграфист* болып мийнет еткен (Интернет мағлыўматлары)

ТЕЛЕГРАФИСТКА ат. Телегарфист ҳаял-қыз.

ТЕЛЕГРАФИЯ ат. Илим ҳәм техниканың телеграф сигналларын таратыў менен оларды жүзеге асыратуғын қурылмаларды ислеп шығыў, телеграф байланысын қурыў принциплериниң ҳәм телеграф арқалы тарқатылған хабарды баҳалаў мәселелери менен шуғылланатуғын тараў. Радио байланысы дәслеп «Сымсыз *телеграфия*» деп аталған (С.Есемуратова).

ТЕЛЕЖКА ат. **1.** Кишкене телеген арба, арбаша. **2.** Базы бир машинаның ҳәм механизмлердиң тиркелип жүретуғын бөлими.

ТЕЛЕЖУРНАЛИСТ ат. Телевидение журналисти. Үшқудық халқының айтыўына қарағанда жол алыслығы себепли бул районға журналистлер, әсиресе *тележурналистлер* онша келе бермейди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЛЕЖУРНАЛИСТИКА ат. Арнаўлы техникалық қураллар арқалы жаңалықларды жеткеретуғын, жәмәәттиң ой-пикири менен дүньятанымын қәлиплестиретуғын көркем публицистиканың түри, тележурналистлердиң дәретиўшилик усылларын изертлейтуғын илимниң бир тараўы.

ТЕЛЕЖҮРГИЗИЎШИ ат. Телебағдарламаларды жүргизиўши журналист. Белгили россиялы *тележүргизиўши* Андрей Малахов «Россия-1» телеканалында, өзиниң ток-шоу көрсетиўи ўақтында қырғызстанлы мигрант Исламбек Акбаров ҳаққында: «Ол пулға россиялыны өлтириўи мүмкин, себеби ол кәмбағал ауылдан келген!» – деп пикир билдирди.

ТЕЛЕЗИЎ ф. Қаңғырыў, тентиреў, албыраў, адасыў (КДС).

ТЕЛЕИНСЦЕНИРОВКА ат. Телевидение арқалы берилетуғын инсценировка.

ТЕЛЕК ат. Дәнди сақлаў ушын исленген текшели орын. Пахта абзал ақ алтыннан, Телеклерим дәнге толған (И.Юсупов).

ТЕЛЕКАНАЛ ат. Телехабарлар ҳәм т.б. көрсетиўлерди шөлкемлестиретуғын мәкеме.

ТЕЛЕКОММУНИКАЦИЯ ат. Сигнал, белги, текст, көринис, ҳаўазлы ҳәм т.б. түрдеги хабарларды узатыў, қабыл етиў ҳәм қайта ислеў системалары жыйындысы.

ТЕЛЕКОМПАНИЯ ат. Арнаўлы түрде үскенеленген, телевизиялық студияға ийе болған, телекөрсетиўлер алып барыўшы жеке меншик яки мәмлекетлик кәрхана.

ТЕЛЕКОРРЕСПЕНДЕНТ ат. Телевидение арқалы берилетуғын хабарларды ўақыя орнына жеткеретуғын, баянлайтуғын журналист.

ТЕЛЕКС ат. **1.** Абонентлик телеграфтың халықаралық бөлими. **2.** Усындай байланысты әмелге асырыў аппараты.

ТЕЛЕМАРАФОН ат. Үзликсиз, сутка даўамында көрсетилетуғын, әдетте қайыр-сақаўат ислерин гөзлеп шөлкемлестирилген телевизиялық көрсетиў.

ТЕЛЕМАРКЕТИНГ ат. Телевидение арқалы товар ҳәм хызметлерди ен жайдырыў ҳәм сатыў.

ТЕЛЕМЕТРИЯ ат. Ҳәр қыйлы физикалық узынлықларды узақтан өлшеў ҳәм оның усыллары ҳаққындағы пән.

ТЕЛЕМЕХАНИЗАЦИЯ ат. Ислеп шығарыў процесслерин узақтан басқарыў ҳәм тексериўде байланыс қуралларынан пайдаланыў.

ТЕЛЕМЕХАНИК ат. Телемеханика кәнигеси.

ТЕЛЕМЕХАНИКА ат. **1.** Техниканың информацияларын кодлаў, оларды сымлы байланыс ҳәм радиобайланыс каналлары арқалы узатыў қуралларын ислеп шығыў, жаратыў ҳәм олардан пайдаланыў менен шуғылланыўшы бөлими. **2.** Хабарларды узақтан басқарыў ҳәм оларды тексериў мақсетинде оларды узатыў, қабыл етиў қураллары ҳәм усылларын ислеп шығыўшы пән. Автоматика ҳәм *телемеханика* тараўындағы илимий-изертлеў ислери.

ТЕЛЕМЕХАНИКАЛЫҚ кел. Телемеханикаға тийисли.

ТЕЛЕОЛОГИЯ ат. Тәбият қубылыслары ҳәм оның раўажланыўы ҳаққындағы илим. *Телеология* тәлийматы тәбият қубылысларына мақсетлерди себеп етип көрсетеди, бул мақсетлер қудай тәрепинен белгиленеди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЛЕОРАЙ Телеведение байланысы ушын хызмет ететуғын арнаўлы түрде үскенеленген орай ҳәм оның бинасы.

ТЕЛЕПАТИЯ ат. Айырым адамларда пикир ҳәм туйғыларын сезиў ағзалары қатнасыўысыз мәлим аралыққа узатыў қәбилети. Аралықтан берилетуғын *телепатияның* биринши түри өзинен-өзи болатуғынлықтан, буны тексериўге көп жағдайда мүмкиншилик болмайды (М.Муқанов).

ТЕЛЕРАДИОКОМПАНИЯ Телеведение ҳәм радио жумысларын шөлкемлестириўши ҳәм қадағалаўшы орай. Ушырасыў даўамында *телерадиокомпания* басшылары тәрепинен салада болып атырған көплеген өзгерислер, раўажланыўлар, радио ҳәм телевидение еситтириўлериндеги туўрыдан-туўры эфирлер ҳәм оны шөлкемлестириў жумыслары ҳаққында түсиник берип өтилди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЛЕСКОП ат. астр. Аспан денелерин, жулдызларды бақлаў, сүўретке алыў, үйрениў ушын белгиленген астрономиялық оптикалық әсбап. *Телескоп* – аспан денелерин фотографиялық, фотоэлектрлик ҳәм спектрал усылларда бақлаў ушын мөлшерленген астрономиялық, оптикалық әсбап (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЛЕСКОПИЯ астр. Аспан денелерин телескоп арқалы бақлаў.

ТЕЛЕСПЕКТАКЛЬ ат. Телевидение арқалы көрсетилетуғын спектакль. Қосымша түсирилген кинокадрлар сахна шеңберин кеңейтти, *телеспектакллерди* анағурлым тартымлы етти (Интернет мағлыўматлары).

ТЕЛЕСТАНЦИЯ ат. Телевидение арқалы сүўретли хабарларды жеткеретуғын станция.

ТЕЛЕСТУДИЯ ат. Телевизиялық орай қасындағы тиккелей телевидение көрсетиўлери алып барылатуғын студия.

ТЕЛЕТАЙП ат. Жазыў машинасына уқсас клавиатуралы, узақтан жиберилген хабарларды, қағаз лентаға автомат рәўиште жазып алатуғын механизмли телеграф аппараты.

ТЕЛЕТАМАШАГӨЙ ат. Телевизор арқалы берилетуғын көрсетиў ҳәм еситтириўлерди көриўши ҳәм еситиўши тамашагөй.

ТЕЛЕТИН ат. Ийленген тери. Аяғындағы майланған *телетин* етиги босап қалған (А.Бекимбетов).

ТЕЛЕТИНДЕЙ кел. Телетин сыяқлы, телетин тәризли, телетинге усаған, телетинге мегзес.

ТЕЛЕТИНШИ ат. Телетин ислеўши, маман қәниге.

ТЕЛЕФАКС ат. **1.** Баспа хабарларды узатыўға мөлшерленген халықаралық факсимилия телефон байланысы. **2.** Усындай байланысты әмелге асырыўға мөлшерленген, ҳәрип териў қурылмасы бар болған аппарат.

ТЕЛЕФИЛЬМ ат. Телевидение ушын мөлшерленип исленген фильм.

ТЕЛЕФОН ат. **1.** Электр қуўаты менен ислеўши байланыс түрлериниң бири. **2.** Узақта турып сөйлесиўге хызмет ететуғын қурылыс системасы. **3.** Усы системаның, қурылманың сигнал арқалы сөйлеўшиниң шақырыў, сөйлеў ҳәм тыңлаў трубкасы бар аппарат. Қолымдағы *телефонды* ҳәм кабинеттеги *телефонларды* да өширдим (М.Нызанов). **4.** Усы аппараттың номери. **5.** Қол телефон.

ТЕЛЕФОНИСТ ат. **1.** Телефон станциясының хызметкери. **2.** Телефон линияларын өткериўши қәниге, маман.

ТЕЛЕФОНИСТКА ат. Телефонист ҳаял-қыз.

ТЕЛЕФОНИЯ ат. Телефон ислери, жумыслары.

ТЕЛЕФОНЛАЎ ф. Телефон етиў.

ТЕЛЕФОНЛАС телефонлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕЛЕФОНЛЫ кел. Телефоны бар, телефон қурылған.

ТЕЛЕФОНОГРАММА ат. Телефон арқалы арнаўлы берилген, жаздырылған хабар, яки мағлыўмат.

ТЕЛЕФОНСЫЗ кел. Телефоны жоқ, телефон қурылмаған.

ТЕЛЕХАБАР ат. Телевидение арқалы берилетуғын жаңалық, хабар.

ТЕЛЛУР ат. Менделеев периодлық системасының VI топарына тийисли химиялық элемент, гүмиске уқсас, ақ кристаллы зат. Металлургияда теллур көбинесе шойынға, полатқа, мысқа, қорғасыға механикалық қәсийетлерин жақсылаў ушын қоспа ретинде қолланылады.

ТЕЛИЎ ф. таңыў, теңеў, ерттириў.

ТЕЛМИҢЛЕЎ ф. Жалтаңлаў, дәмелениў, жалтақлаў. Қыс болып түни бораған, Көп *телмиңлеп* қараған, Аш болғанда албыраған, Жөн тапсырмас баслық жаман (С.Мәжитов). Үш күн болды Сандал атым ҳаўлықты, Дәрбент жолға *телмиңлейди*, қарайды («Мәспатша»).

ТЕЛМИРИНИЎ телмириў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕЛМИРИСИЎ телмириў фейилиниң шериклик дәрежеси. «Ал, айта бер» дегендей, тексериўшиге *телмиристи* (М.Нызанов).

ТЕЛМИРИЎ ф. **1.** Тиғилиў, көз алмай дәмеленип қараў, қайғылана күтиў. Есик бетке *телмирип* карап отыр (К.Султанов). Келиншек гүўалардың бетине *телмирип* қарап, өзине керекли сөзди күтип турып қалды (Ө.Айжанов). Өзиниң даўасыз дәртке жолыққанын билгеннен кейин ҳәмме нәрсеге көзлери тоймай *телмирип* қарай беретуғын әдетти шығарды (М.Нызанов). **2.** Ынтығыў, жутыныў.

ТЕЛМИРИЎШИ ат. **1.** Дәмеленип қараўшы, тигилиўши. **2.** Ынтығыўшы, жутыныўшы.

ТЕЛМИРТТИРИЎ телмириў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕЛМИРТИЎ телмириў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕЛОГРЕЙКА ат. Алды сәдеп пенен илдирилетуғын, келте, пахталы үстки кийим.

ТЕЛОМЕРЛЕР ат. Хромосомалардың тәбийғый ушлары. *Теломерлер* хросомалардың бир-бири менен жақынласыўына зыян келтиреди («Биология» сабақ.).

ТЕЛОФАЗА ат. Аналық клеткадан еки жас клетка дүзилетуғын митоздың соңғы фазасы. *Телофаза* бөлиниўдиң соңғы фазасы. Бул басқышта хромосомалар полюске жетип, хроматин жипшелериниң аўысыўы қайтадан басланады («Гистология» сабақ.).

ТЕЛПЕК ат. Бас кийимниң бир түри, төбеси домалақ, қойдың сеңсең терисинен жийекленген, ыссы бас кийим. Белин буўып *телпегин* кийип, қолына ҳасасын алып кетиўге айланды (Ә.Шамуратов). Басына *телпек* кийген менен бәри еркек бола бермейди екен-ғо... (М.Нызанов).

ТЕЛПЕКЛИ кел. Телпеги бар, басына телпек кийген.

ТЕЛПЕКСИЗ кел. Телпеги жоқ, басына телпек киймеген.

ТЕЛПЕКТЕЙ кел. Телпек сыяқлы, телпек тәризли, телпек яңлы, телпекке мегзес, телпекке уқсас.

ТЕЛПЕКШИ ат. Телпек тигиўши, ислеўши.

ТЕМА ат. **1.** Илимий тексериў, мақала, көркем шығарма яки улыўма пикир жүритиў ушын таңлап алынған объект. «Оксана бул *теманы* бийкарға таңламаған екен ғой, оның үстине буны бизге жибериўи де тегин емес екен» деген қыяллар келди кеўлиме. Сиз тек өзиңиздиң *темаңыз* бенен шуғылланып жүрген жоқсыз, барған жериңизден негатив мағлыўмат жыйнап жүрсиз! Баратырып-киятырып улыўма бундай *темада* маған гәп ашпаған. Сол гәпимди ол *тема* қылып алағойыпты (М.Нызанов). «Мен кандидатлық *теманы* надурыс таңлап қәтелескенмен, – деди ол (М.Нызанов). **2.** Музыкалық шығармаға яки оның бир бөлимине тийкар болған мотив.

ТЕМАТИКА ат. Таңлап алынған исленген яки исленип атырған *темалардың* жыйнағы. Көркем шығармалардың тематикасы.

ТЕМБР ат. Бир пердедеги, бирдей жоқарылықтағы хәр бир сестиң өзине тән тәрепи. *Тембр* – хәр бир музыка әсбабының яки қосықшы хаўазының өзине тән характери.

ТЕМЕКИ ат. **1.** Паслен тукымына жататуғын үлкен жапыраклы өсимлик. Себеби, *темеки* туўылажақ нәреste ушын оғада кәўипли (М.Нызанов). **2.** Усы өсимликтиң кептирилип, унтаған жапырағынан таярланылған шегимлик. Бурын молшылығым бар еди, оны қойдым, Қуранның қағазына *темеки* орап тартатуғын болдым (К.Смамутов). Женя *темекини* бурқыратып, төбемде турады (М.Нызанов).

ТЕМЕКИДЕЙ кел. Темеки сыяқлы, темеки тәризли, темекиге усаған, темекиге мегзес.

ТЕМЕКИШИ қ. шылымкеш.

ТЕМИР ат. **1.** Химиялық элемент, гүмис түсли, салмақлы металл, шойын менен полаттың тийкарғы бөлеги. *Темир* менен тастың айырмасы бар дегендей жетим менен жетимлердиң де айырмасы бар екен (Ж.Аймурзаев). Ертеде усталар ең қатты тасларды сайлап алып, ол таслардың курамында *темир,* титан сыяқлы қатты металлар да болған, оларды еки мың-еки ярым мың градуста қыздырған (М.Нызанов). **2.** Сол металлдан исленген түрли зат, буйым. Анаў, шоқмар, қанжар, найза

жарағы, Мынаў турған ушлы *темир* таяғы (Ш.Артық). Ылай тасыйтуғын, *темирден* исленген зәмберимиз бар, кеминде сексен-токсан кило ылай сыяды (М.Нызанов). ◊ **Темирден түйин түйиў** – уста, өнерли, шебер. **Темирди қызғанда бас** – хәр нәрсени өз ўақтында исле деген мәнини аңлатады. **Темир тәртип** – қатаң тәртип, реже.

ТЕМИР-БЕТОН ат. Ишине темир, арматура сымларын орнатып қуйылған бетон. Мойнақта *темир-бетон* өнимлери, гербиш заводлары хәм нан цехы қурылмақта (Интернет мағлыўматлары).

ТЕМИРДЕЙ кел. Темир сыяқлы, темир яңлы, темир тәризли, темирге усаған, темирге мегзес.

ТЕМИРЕЎ ат. мед. Адамлардың хәм жанлы-жаныўарлардың денесине, яғный терисине түсетуғын түри ақтаңлақ дөңгеленип, бөртип шығатуғын жуқпалы тери аўырыўы.

ТЕМИРЕЎДЕЙ кел. Темиреў сыяқлы, темиреў тәризли, темиреў яңлы, темиреўге усаған, темиреўге мегзес.

ТЕМИРЕТКИ к. темиреў.

ТЕМИРТЕК ат. Қолдан исленген кишкене пышақ. Мен биреўдиң наҳақ қанына қалмақшы емеспен, Қанға емес, суўға шап *темиртек*, – деп қолындағы пышағын ылақтырып жиберди (Ө.Хожаниязов).

ТЕМИРТОН ат. Саўыт.

ТЕМИРТОНЛЫ ат. Жаўынгер, қаҳарман.

ТЕМИР ЖОЛ ат. **1.** Поезд, трамвай сыяқлы көликлерге арналған темирден исленген жол. Әйтеўир алдында *темир жол* бар дегенге солай қарай баратырған адамлар әкелип таслапты (Т.Ахтанов). **2.** Темир жол хызметин көрсететуғын мәкеме яки өндиристиң улыўма атамасы. Сибирь *темир жолларында* тас қазыўға жалланыў ушын еллеринен посып кеткенин көзлери көрген еди сонда (М.Дулатов). *Темир жол* вокзалы – жолаўшылар тасыйтуғын, темиржол транспорты хызметлерин шөлкемлестиретуғын орын, имарат. *Темир жол* станциясы – темир жол транспорты хәм жолаўшыларға хәр қыйлы хызметлер, жүклерди қабыллаў, оларды тийеў хәм түсириў, сақлаў хәм жеткизиў жумыслары жүргизилетуғын, локомотивлер менен вағонлардан қурастырылған хәм т.б. техникалық хызметлерди көрсететуғын жумыс орны.

ТЕМИРҚАЗЫҚ Темирқазық жулдызы. *Темирқазық* сиңип кеткен қараңғылыққа қулап баратырғанын сезди (К.Кәримов).

Соң бир орнынан табжылмай туратуғын *«Темир қазық»* жулдызды дөстаныса жүрди (Ө.Өтеўлиев).

ТЕМИР ОШАҚ ат. Аўқат писириўге ҳәм суў қайнатыўға арналған темирден исленген үш аяқлы ошақ.

ТЕМИРШИ ат. Темирди шөккишлеп, оннан түрли буйымлар ислейтуғын устасы. Еки жигит бунда мениң қолыма қарар, Бири токарь, екиншиси *темирши* бала (И.Юсупов).

ТЕМИРШИЛИК ат. Темир менен шуғылланыўшылық, кәсип.

ТЕМП ат. **1.** Музыка әсбапларын шертиў, әдебий оқыў, театр ҳәм спорт ойынларын орынлаўдағы тезлик дәрежеси, пәт. Ойын *темпин* (пәтин) пәсеңлетип жиберди. **2.** Бир исти орынлаўдың дәрежеси. Қурылыс *темпи*, Өндирис *темпиниң* өсиўи.

ТЕМПЕРАМЕНТ ат. психол. **1.** Адамның руўхый-психикалық қәсийетлериниң жыйнағы. **2.** Жигерлилик, қуўатлылық, йошлылық. ◊ **Темпераментли адам** – жигерли, қуўнақ адам. **Сангвистикалық темперамент** – қызба қанлы темперамент. **Флегматикалық темперамент** – салқын қанлы темперамент.

ТЕМПЕРАТУРА ат. Бир нәрсениң жыллылық, суўықлық дәрежеси. Пиллекешлер наўқан қуртларының туратуғын жайын мудамы 23–24 градус жыллылық *температурада* тутады («ЕҚ» г.). **2.** Тири организмдеги ыссылық дәрежеси. Оның *температурасы* жоқары.

ТЕМПЕРАТУРАЛЫ кел. Температурасы бар, температурасы көтерилиў. Жоқары температуралы ҳаўа райы шараятларында кәрханаларда ислеп атырған хызметкерлер ҳәм жумыс бериўшилер тәрепинен белгиленген тәртиптеги микроклимат бойынша санитариялық-гигиеналық қағыйдаларға әмел еткен халда жумысларын әмелге асырыўы талап етиледи (И.Матеков).

ТЕМПЕРАТУРАСЫЗ кел. Температурасы көтерилмеген, болмаған.

ТЕМПОЗИЛ ат. Ишкиликке қарсы қолланылатуғын дәри. *Темпозил* – Канаданың алкоголизмниң созылмалы түрин емлейтуғын дәриси (С.Субханбердин).

ТЕМУРИЙЛЕР XV–XVI әсирлерде Орта Азиядағы хәр қыйлы мәмлекетлерде ҳүкимранлық еткен Әмир Темур әўладлары. А.Бегдуллаева китап көргизбеси менен қатнасып *Темурийлер* салтанатының мүнәсип даўамшысы болған

Бабурдың китаплары ҳаққында мағлыўматлар берди (Интернет мағлыўматлары)

ТЕНАРДИТ ат. Сульфатлар класына киретуғын металл. Тенардит дузлы көллерде пайда болады.

ТЕНДЕНЦИЯ ат. **1.** Тийкарғы мақсет, ой пикир. **2.** Бағдар, алға умтылыў, өрлеў. **3.** Тенденция өсиў, раўажланыў. Бул *тенденция* реформаларымыздың нәтийжесин арттырыўға, жәмийетлик қадағалаўды, пуқараларымыздың жәмийетлик белсендилигин күшейтиўге хызмет етпекте (Интернет мағлыўматлары). **4.** Бир жақлама идея, бир жақлылық.

ТЕНДЕР I ат. Тиккелей паровозға тиркелетуғын, суў яки жанылғы қалдықлары, майлаў-тазалаў затлары сақланатуғын арнаўлы вагон. Жарқын қолына майлы шүберек алып, котел менен *тендерди* жарқыратып тазалады (Н.Ғабдуллин).

ТЕНДЕР II 1. Ол яки бул хызметлерди орынлайтуғын, арнаўлы жойбар ушын үскене хәм материаллар жеткерип беретуғын фирма яки компанияны анықлаў мақсетинде дағаза етилген таңлаў. **2.** Ашық түрдеги яки шекленген сандағы қатнасыўшылар ушын жабық түрдеги конкуренциялы саўда-сатық; буйыртпаны жайластырыўдың таңлаў формасы. Ашық *тендер.* Жабық *тендер.* Мәмлекетлик мүлкти сатыўда *тендер* саўдаларын өткериў бойынша мәмлекетлик комиссияның қурамы 4-қосымшаға муўапық тастыйықлансын (Интернет мағлыўматлары). **3.** Халықаралық базарда машина-үскенелер саўда ислеў, қурылыс-монтаж жумысларын орынлаў, инженерлик хызметлер көрсетиў ушын таңлаў тийкарында буйыртпалар бериў.

ТЕНЕ ат. Дене, беден, тән.

ТЕНЗОР ат. Координатлар бир системадан басқасына өткен ўақытта арнаўлы нызам тийкарында өзгеретуғын өлшем.

ТЕНЗОРЛЫҚ кел. Тензорға қатнаслы.

ТЕННИС ат. Қурыўлы тордың үстинен кишкентай топты қалақ пенен урып өткеретуғын спорт ойыны. *Теннис* ойыны XIX әсирдиң ақырында Уллыбританияда пайда болды (Интернет мағлыўматлары).

ТЕННИСШИ ат. Теннис ойнаўшы.

ТЕНОР ат. муз. Ерлерге тән ең жоқары даўыс, жуўан даўыслы қосықшы ер адам.

ТЕНОРИТ ат. Оксидлер класына киретуғын минерал. *Тенорит* оксидлениў зонасында мыстың басқа минераллары менен бирге қазып алынады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕНСАТРИН ат. Қан басымын төменлетиўге арналған дәри. *Тенсатрин* қан басымын пәсеңлетип, жүрекке қуўат беретуғын Венгрияда исленген дәри (С.Субханбердин).

ТЕНТЕК кел. **1.** Тәртипсиз, бузақы. *Тентегине* таяқ силтетип, жасаўыллардың намысына тийдик (К.Султанов). *Тентектен* туўған саў болмайды, Ешкиниң жүни аў болмайды (кк.х.н.). Төбелесте *тентек* жеңеди (М.Нызанов). **2.** Биймаза, шатақ.

ТЕНТЕКЛИК ат. **1.** Тәртипсизлик, бузақылық. Апарып қарсыға жабың, тамақты аз бериң, булардың тентеклиги пәсейсин (Қ.Әўезов). **2.** Биймазалық, шатақлық.

ТЕНТЕКТЕЙ кел. Тентекке усаған, мегзес, тентек сыяқлы, тәризли, яңлы.

ТЕНТИРЕКЛЕНИЎ тентиреклеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕНТИРЕКЛЕСИЎ тентиреклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕНТИРЕКЛЕТТИРИЎ тентиреклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕНТИРЕКЛЕТИЎ тентиреклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕНТИРЕКЛЕЎ ф. Шайқалыў, басы айланыў. *Тентиреклеп* барып жан айбатым менен жүўерилердиң арасынан шықтым (Ж.Аймурзаев). Оксана *тентиреклеп* барып, креслоның қырына жамбасы менен урылды (М.Нызанов).

ТЕНТИРЕНИЎ тентиреў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕНТИРЕСИЎ тентиреў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕНТИРЕТТИРИЎ тентиреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕНТИРЕТИЎ тентиреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕНТИРЕЎ ф. **1.** Қаңғырыў, гезиў, күн көриў ушын ел аралап кетиў. Жесир қатын, жетим уллар, *Тентиреп* ботадай бозлар, Шабаққа сатылды қызлар, Ҳәсирет қайғы болды заман (Күнхожа). **2.** Анда-мында қуры жүриў, босқа қаңғырып жүриў.

ТЕНТИРЕЎИК ат. Гезенде, қаңғыбас, саяқ.

ТЕҢ I ат. 1. Тай, байлам, буўат.

ТЕҢ II кел. **1.** Бирдей, қатар, барабар, сай. Аўқаттың *теңи* ярымын бизлер бетке салыпты. Ой-бу-ў, пүткил континентти айланып шыққанда оған *теңи* келетуғын аўқатты таба алмайды хеш ким! (М.Нызанов). **2.** Қатар-қурдас, жолдас. Душпанынды қойып доска ерипсең, Теңиң менен аз күн ойнап күлипсең («Қырқ қыз»). ◊ **Теңи-тайы жоқ** — әжайып, жүдә жақсы,

айрықша. **Тең көриў** – өзимсиниў, жатырқамаў. **Тең көрмеў** – менсинбеў. **Тең қурбы** – заманлас.

ТЕҢБЕ-ТЕҢ кел. Барлық жағынан бирдей, барабар. Егер де, кепиллик шәртнамасында басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, кепил кредитор алдында *теңбе-тең* көлемде жуўап береди (Б.Баймуратов).

ТЕҢБЕ-ТЕҢЛИК ат. Барабарлық, барлық жағынан бирдейлик, сайлық. Бул *теңбе-теңлик* Өзбекстан шахматшыларының жеңис мәнзили алдынан үлкен белеске шығыўын төмийинледи, десек қәте болмайды (Т.Рўзиев).

ТЕҢГЕ ат. **1.** Ақша, пул. Қолыма азлы-көпли *теңге* түссе, саған жибере беремен (К.Султанов). **2.** Металлдан исленген тийинлик ақша. Қырма тазға қырқ *теңге*, ойма тазға он *теңге* салық түсипти (құқ.х.е.). Кәткудалардың алдына төрт-бес *теңгеден* инам қойды (К.Аралбаев).

ТЕҢГЕБАЛЫҚ ат. Үстинде дөңгелек кишкене таслары бар балықтың түри. *Теңгебалық* майда, узынлығы 15–22 см, массасы 250–300 грамм («Биология» терм.)

ТЕҢГЕДЕЙ кел. Теңге сыяқлы, теңге тәризли, теңге яңлы, теңгеге мегзес. Жаз бойы *теңгедей* күн түспейтуғын туңғыйық жерлери де көп (К.Мәмбетов).

ТЕҢГЕРИЛИЎ теңгериў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЕҢГЕРИСИЎ теңгериў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕҢГЕРТТИРИЎ теңгериў фейилиниң өзгелик дөрежеси.

ТЕҢГЕРТИЎ теңгериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕҢГЕРИЎ ф. Бирдей етиў, барабарлаў, теңлеў. Ашты байга *теңгерди*, Ели-халқын меңгерди («Мәспатша»). Қандырып қуўрап жатқан шөллерди, Жеримди гүлленген гүлистанға *теңгерди* (И.Юсупов). Анам мени бай қызына *теңгерди*, Атам сорлы мени малдан кем көрди (И.Юсупов).

ТЕҢЕЛИСИЎ теңеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕҢЕЛИЎ теңеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕҢЕЛТИЎ теңеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕҢЕЎ ф. **1.** Барабарлаў, теңлеў. Өмир бойынша өз басыма *теңеймен* (М.Дөрибаев). **2.** Салыстырыў, өлшестириў. *Теңеў* деген, Табылғыш, излегенге асықпай-ақ, Сазенденің төрт саўсағы, мысалы төрт епшил аяқ (И.Юсупов). Қушағында ой-өрисим кеңейген, Ел мийримин жан анаға *теңеймен* (Т.Жумамуратов). Қызларымызды сол қыялындағы Ай-жулдызға *теңеп*, басын айландырып, мәңгүр етип қойыпты, – депти (М.Нызанов).

ТЕҢЕЎЛИ кел. Салыстырылған, өлшестирилген, теңленген.

ТЕҢЕЎСИЗ кел. Салыстырыўсыз, өлшестирилмеген, теңленбеген. Ол сонындай теңсиз, *теңеўсиз* тулға, Ол Ибрайым, Юсуп ахун перзенти (Д.Сейтназарова).

ТЕҢИЗ ат. Жән-жағы қурғақлық пенен тутасқан үлкен көлемли суў. Қара суўық қысты елди, Булт басып *теңиз* көлди (Бердақ). ◊ **Теңиз авиациясы** – бир қатар мәмлекетлердеги әскерий теңиз флоты күшиниң түри. Көплеген мәмлекетлердиң әскерий теңиз флотында *теңиз авиациясының* курамына ракеталық, қайыққа қарсы қолланылатуғын бузыўшы хәм барлаўшы арнаўлы авиация киреди (Интернет мағлыўматлары). **Теңиз алабуғасы** – теңизде тиришилик етиўши қызыл түсли, көзи үлкен алабуға. Атлантика океаны менен Тыныш океанның қубла бөлегинде қызыл түсли көзи үлкен *теңиз алабуғасы* тиришилик етеди (Интернет мағлыўматлары). **Теңиз балдыры** – теңиз суўында жақтылық түсип туратуғын тереңликте өсетуғын өсимлик. **Теңиз геодезиясы** – геодезияның теңиздеги илимий хәм пайдалы геодезиялық тәреплерин изертлейтуғын тараўы. **Теңиз геоморфологиясы** – океан менен теңиз ултанының қурылысын хәм раўажланыўын изертлейтуғын илим. **Теңиз жағалаўы** – теңиздиң шети. **Теңиздиң шегиниўи** – қурғақлықтың көтерилиўи, теңиздеги суўдың азайыўы. **Теңиз пияда әскери** – теңиз десантлары курамында урыс хәрекетлерин жүргизиўге, сондай-ақ, әскерий теңиз базаларының, портларды қорғаў хәм т.б. ўазыйпаларды атқарыўға арналған хәм арнаўлы таярланған әскерий флот. **Теңиз карталары** – теңиз ағысы, теңиз жоллары, тереңлиги хәм т.б.сәўлеленген арнаўлы географиялық карта. **Теңиз күшлери** – айырым мәмлекетлерде теңизде урыс жүргизиўге арналған жеке флот. **Теңиз операциясы** – белгили бир оперативлик хәм стратегиялық мақсетке жетиў жолында белгиленген реже бойынша әскерий теңиз флотының оперативлик топарлары арасындағы теңиз урысы. **Теңиз полигоны** – флоттың урыс хәм техникалық қуралларды санаў ушын ямаса кемелерди урысқа таярлаўға арналған теңиздеги белгиленген орын. **Теңиз саяхатшысы** – теңизде жүрип саяхат етиўши адам. **Теңиз суўы** – дузлылығы 24,695% тен жоқары, теңиз хәм океанларда топланған жер үсти суўлары. **Теңиз тактикасы** – теңиздеги әскерий бөлим. **Теңиз тасбақалары** – жүзиў қәбилети өзгеше раўажланған суўда тиришилик ететуғын

тасбақалардың тухымласы. **Теңиз толқынлары** – теңиз суўының тербелиўи. Сүмелекте *теңиз толқынларының* көриниси пайда болды (Интернет мағлыўматлары). **Теңиз фаунасы** – теңизде жасаўшы хайўанатлар дүньясы. **Теңиз шөгиндилери** – теңиздиң түбине шөккен жыйынтықлар. **Теңиз шөгиндилери 1)** теңиз түбине шөккен материклик шөгиндилер; **2)** орғанизмлердиң қалдықларынан пайда болған органикалық шөгиндилер; **3)** суўдағы хәр қыйлы дузлардың шөгиўинен пайда болған химиялық шөгиндилерден ибарат (Физика, география).

ТЕҢИЗДЕЙ кел. **1.** Теңизге уқсас. Жән-жақтың бәри *теңиздей* толқыған сағым (М.Жумабаев). **2.** аўыс. Көп, шексиз. Мендеғи сәл ғана муң, – *Теңиздей* қайғы еди оған (Ж.Жақыпбаев). ◊ **Теңиздей жалтыраў** – жып-жылтыр, жалт-жулт етиў. **Теңиздей тебириниў** – күшли сезимде болыў, толқыў. Чеховтың жаны *теңиздей тебиренеди* (Ә.Нуршайықов). **Теңиздей терең** – ушы қыйыры жоқ, шек-шегарасыз. Ол *теңиздей терең* ойға кетти. **Теңиздей толқыў** – ашыўланыў, астан-кестен болыў. *Теңиздей толқыған* көп халықтың қайнаған ашыўы қатты сескендирди. Асқардың ойы *теңиздей толқыды* (С.Муқанов) **Теңиз климаты** – океан яки теңиздиң атмосфераға тийгизетуғын тәсиринен пайда болған климат.

ТЕҢИЗШИ ат. Теңиз флотында ислеўши, қәниге адам. Жигит яки *теңизши*, яки ушыўшы болса керек (Ж.Молдағалиев).

ТЕҢИЗШИДЕЙ кел. Теңизши сыяқлы. Кәрўандағылардың тап хәзирги кеўил-күйи дүньяны толқыны менен тербеп атырған теңиз шетине шығыўға зар болған *теңизшидей* еди (Д.Досжанов).

ТЕҢКЕЙИСИЎ теңкейиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕҢКЕЙИЎ ф. Бадырайып көриниў, тасырайыў.

ТЕҢЛЕМЕ ат. мат. Берилген еки функцияның мәнилери өз ара тең болатуғын аргументти анықлаў хаққындағы есаптың аналитикалық түрде жазылыўы.

ТЕҢЛЕС кел. **1.** Жас жағынан қатар, қурбы. Мукаррама достымыздың да қосықларынан *теңлес* қурбы-қурдасларына қарағанда дүньяға көзқарасы әдеўир жоқарылап кеткенлигин билиў қыйын емес (М.Мәмбетниязова). Мениң менен *теңлес* жасларды көрсем жүдә хәўесим келеди өзи таңлаған кәсибин ийелеп, ғәрезсиз ана диярына өз үлеслерин қосып атыр (С.Авезов). **2.** Тең бола алатуғындай, бирдей, уқсас, дәрежелес. Ултым уллыларға болсын деп *теңлес*, Урпаққа үндеў салдың,

Аллаяр баба! (А.Сейтеков). Байбөри, Байсары деген еки *теңлес* бай болып, булар дүньяға келди («Алпамыс»).

ТЕҢЛЕСИЎ теңлеў фейилиниң шериклик дәрежеси. Мессидиң Марадона менен *теңлесиў* имканияты туўылмақта (Интернет мағлыўматлары). Әскерий хызметкерлердиң жаўынгерлик таярлығы, оперативлиги, ҳәзирги заман талабына жуўап беретуғынлығы менен раўажланған еллердиң заманагөй армияларына *теңлесиў* дәрежесинде (Ә.Жийемуратов).

ТЕҢЛЕСЛИК қ. теңлик.

ТЕҢЛЕСТИРИЎ теңлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Жуўмақлаўшы мәмлекетлик имтиханларын кириў тест сынақларына *теңлестириў*, яғный унификациялаў ҳаққындағы қарар жойбары ислеп шығылған ҳәм тийисли мәмлекетлик уйымға усынылған. (И.Матеков) Электрли байланысқан ҳаўа линиясын ҳәм байланыс ҳаўа линиясын қосыў яки үзиўден алдын бул бөлим потенциалын *теңлестириў* зәрүр (Интернет мағлыўматлары).

ТЕҢЛЕТИЎ теңлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕҢЛИК ат. **1.** Барабарлық, бирдейлик, сәйкеслик. **2.** Еркинлик, бостанлық. Балық аўлап *теңлик* алмаған соң орақшылыққа кетти (Қ.Ирманов).

ТЕҢЛИКЛИ қ. теңлик.

ТЕҢСЕЛДИРИЎ теңселиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕҢСЕЛИЎ ф. Шайқалыў, қозғалыў.

ТЕҢСЕЛМЕ кел. Теңселетуғын, шайқалатуғын.

ТЕҢСЕЛТИЎ теңселиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕҢСИЗ кел. Теңи-тайы жоқ, мәртебели. Өзбекстан халқының урыс майданларында ҳәм фронт артында көрсеткен *теңсиз* мәртлигин ҳәм жигерин тарийх бетлерине мөрлеў, жас әўладымызды Ўатанға муҳаббат ҳәм садықлық руўхында тәрбиялаў мақсети жәмленгени сизлерге жақсы мәлим (Интернет мағлыўматлары). Әзимбек Сапарбаев спорттың белбеўли гүрес түри бойынша 60 кг салмақта Қарақалпақстан көлеминде *теңсиз* деп табылғаны ҳаққында маглыўмат берген едик (Интернет мағлыўматлары).

ТЕҢСИЗЛИК ат. **1.** Әдалатсызлық, сәйкессизлик. Ол *теңсизлик* заманда-ақ, өзиниң бас бостанлығын, еркинлигин аңсаған қыз (Интернет мағлыўматлары). *Теңсизлик* ҳәм әдалатсызлықтың кескинлесиўи, климаттың айрықша төменлеўи, пүткил дүньяны қамтып алған машқалаларды

шешиўге өз үлесин қосыўы зәрүр (Интернет маглыўматлары). **2.** Математикалық термин. Теңсизликтиң еки тәрепине де бирдей санды қоссақ яки алсақ, онда *теңсизлик* өзгермейди (Математика)

ТЕҢШИЛИК қ. теңлик.

ТЕҢ ҲУҚЫҚЛЫЛЫҚ ат. Ҳәммеге тең болған конституциялық қағыйда. Қарақалпақстан Республикасында жасайтуғын тийкарғы 5 миллеттиң ўәкиллери сайланып, бул улыўма *тең ҳуқықлылық* принциплерин тастыйықлайды (Интернет маглыўматлары). Шөлкем жоқары билимлендириў тараўында билимлендириў процесин жетилистириў ҳәм басқарыў, соңдай-ақ, *тең ҳуқықлылық* ҳәм ҳәр түрлиликти тәмийинлеў жумысларын алып бармақта (М.Хусанова).

ТЕОДОЛИТ ат. Ашық орынларда горизонтал ҳәм вертикал мүйешлерди өлшеўге арналған әсбап. Аспан денелериниң горизонталь координаларын *теолит* деп аталатуғын универсал әсбап пенен өлшейди (Астрономия).

ТЕОГОНИЯ ат. Қудайлардың пайда болыўы ҳәм олардың туўысқанлық қарым-қатнасы туўралы аңыз әпсаналары, қудайлар шежиреси. Бул дәўирде Гесиод *«Теогония»* (яғный Қудайлар шежиреси), «Мийнет ҳәм күнлер» дәстанларын жазды.

ТЕОКРАТИЯ ат. Мәмлекетти басқарыў түри, мәмлекет басшысы бир ўақыттың өзинде диний басқарыўды да өз қолына алады.

ТЕОЛОГ ат. дин. с. Теология бойынша қәниге, диншил алым.

ТЕОЛОГИЯ ат. дин. с. Қудай, Алла аты менен дин догматларын дәлиллеп, барлыққа болған диний көзқарасларды үйретиўши диний тәлиймат. Диний китаплар *теологияның* тийкарғы дереклеринен есапланады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕОРЕМА ат. **1.** мат. Математикада дәлиллеўди талап ететуғын жағдай яки өзи ҳақыйқатқа тийкарланған қағыйда. Фалес математикадағы шынлықты дәлиллеў зәрүрлигин шәрт етип қойған, өзи бир неше *теоремалар* дәлиллепти деген дәрек бар (А.Көбесов). **2.** Қағыйда, реже. Теманы түсиниў ушын алдынғы үш *теореманы* билип алыў шәрт (Ә.Тарази).

ТЕОРЕТИК ат. Белгили бир теориялық мәселелер менен шуғылланыўшы алым, теорияшы. Бүгинги *теоретиклердиң*

бирқаншасы, әсиресе ески формалар, архаикалық түрлер жөнинде А.Н.Веселовский пикирлерине сүйенеди (Р.Нурғалиев).

ТЕОРИЯ ат. **1.** Әмелияттағы тәжирийбени жыйнақлап, тәбият, жәмийет ҳәм адам ойының нызамлықларын билдиретуғын илимий принциплердиң системасы, қағыйдасы. Билимлендириў процесинде *теория* менен әмелияттың бир пүтинлиги тәмийинленбегенлиги, шет елдиң билимлендириў мәкемелери менен нәтийжели бирге ислесиў толық жолға қойылмағаны сыяқлы кемшиликлер атап өтилген (Интернет мағлыўматлары). **2.** Белгили бир илимниң тараўына арналған қағыйдалар жыйнағы. Еритпелер ҳаққында *теория*.

ТЕОРИЯЛЫҚ ат. Теорияға байланыслы. Романның сюжети, жазыўшының қолланған усылы әдебиятымыздың алдына *теориялық* мәселелер қойып отыр (Ғ.Мустафин). ◊ **Теориялық конференция** – белгили бир илимий темаға тийкарланып өткерилетуғын конференция.

ТЕОРИЯШЫ ат. Белгили бир теорияны жақлаўшы адам.

ТЕОСОФИЯ ат. Сыйқырды, илаҳий күшлерди изертлейтуғын диний илим тараўы. Бирден-бир барлықты, ҳәмме нәрсени қамтып алыўшы қудай ҳаққындағы, барлық нәрселердиң илаҳий мәнис-мазмуны *Теософияның* теориялық тийкарын қурайды (Интернет мағлыўматлары).

ТЕОТАНИН ат. Шай қурамында болатуғын элемент. Атап айтқанда шайдың қурамында *теотанин*, кофеин, углевод, эфир майы, С витамин бар (С.Субханбердин).

ТЕП I к. с. Те буўыннан басланған сөзлердиң алдынан қосылып күшейтиў мәнисин береди. Теп-тегис, теп-терең.

ТЕП II қ. тебиў.

ТЕПЕЙ ат. Асық ойынның түри

ТЕПЕРИШ кел. **1.** Белсенди. **2.** Шебер, уста, искер. Төртинши класс ўақтында бул ләңки тебиўге *тепериш* еди, – деп гәп қыстырып қалды күтип алыўшылардың биреўи (М.Нызанов).

ТЕПЕРИШЛИК ат. **1.** Белсендилик. Ол жерге барыўы менен қурамалы және қыйын жағдайлар орын алған болса да, *теперишлик* пенен изертлеў жумысларын даўам етиўге кириспи (А.Абдикамалов). **2.** Шеберлик, усталық, искерлик.

ТЕПКИ I ат. 1. Аяқ пенен урыў, аяқ астына алып тебиў, қағыў. Сонда Айдос сөйледи, Тыңлаўға болмас сөзинди, *Тепкиге*

алып-бир-бирлеп, жулайынба шашынды (Бердақ). **2.** Азап, қорлық, дәкки. Қашанға шекем мийнеткеш халық байлардың, бийлердиң, молла-ийшанлардың *тепкисинде* жасайды (Қ.Ирманов). ◊ **Тепки жеў** – азапланыў. Дүньядан, турмыстан усыншама *тепки жеген* кисиниң кеўли қалмағанда, кимниң кеўли қалады (С.Муқанов). **Тепкиниң астына алыў** – барынша тебиў, аямай урыў. Шашынан сүйреп шық. Ал *тепкиниң астына* (И.Есенберлин).

ТЕПКИ II ат. Гейбир ҳайўанлардың аяғында болатуғын мүйизге уқсас дене ағзасы.

ТЕПКИЗ тепкилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПКИЗИЎ тепкилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПКИЛЕНИЎ тепкилеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕПКИЛЕСИЎ тепкилеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕПКИЛЕТТИРИЎ тепкилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПКИЛЕТТИРТИЎ тепкилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПКИЛЕЎ ф. Аяқ пенен бир нәрсени тебиў, соғыў, урыў, женшиў, басқылаў. Мени *тепкилеп* орнымнан турғызды да мектепхананың ишине салып кулып урды (Ә.Шамуратов). Хожа болды қорамыздан мал алды, *Тепкиледи* урамыздан дән алды (И.Юсупов). Шала жанған көйлекти *тепкилеп* өширди (М.Нызанов).

ТЕПКИЛЕЎШИ ат. Аяқ пенен тебиўши, аяқ астына алыўшы. Аталар нәсили, көргенсиз әўлад, *Тепкилеўши* қуллық өкшеси менен Пақыр-мискинлердиң ығбалын қорлап! (И.Юсупов).

ТЕПКИР қ. тепкиш.

ТЕПКИШ кел. Тебиўди жақсы билетуғын, тебеўик, тебиўдиң жолын билгиш.

ТЕПЛИЦА ат. Жыллы орын болып, қыста, суўық ўақытлары палыз егинлерин ҳәм т.б. өсимликлерди өсириў ушын арналған жай ямаса курылыс. Балықшылық, *теплица* қурыў, лимон ҳәм ғоза терегинен қосымша дәрамат көриў, банктен женилликли кредит алыў бойынша жүзеге келген машқалалары избе-из додалаў ҳәм әмелий жәрдем бериў мәселелери қойылды (Интернет мағлыўматлары). *Теплица* ушын ҳәм исбилермен болып дизимнен өтиўде районлық мәмлекетлик хызметлер орайына төленетуғын төлемлер ушын субсидиялар ажыратылатуғынлығы ҳаққында түсиндириў жумысларын алып барылмақта (Интернет мағлыўматлары).

ТЕПЛОВОЗ ат. Иштен жанатуғын двигатель жәрдеми менен жүретуғын локомотив. *Тепловоз* барынша бозлап, түн тынышлығын бузды (Ш.Муртазаев).

ТЕПЛОВОЗШЫ ат. Тепловоз басқарыўшы. Бул жер *тепловозшылардың* техникалық оқыўын жүргизетуғын, жыйналыслар өткерилетуғын орын есабында пайдаланылды (Интернет мағлыўматлары).

ТЕПЛОИЗОЛЯЦИЯ ат. Ҳәр қыйлы имарат ҳәм қурылмаларды ыссылық тәсиринен сақлаў ҳәм ыссылықтың жоқ болып кетиўине жол қоймаў ушын оларды ыссылық өткизбейтуғын материал менен қаплаў.

ТЕПЛОТЕХНИКА ат. Илим ҳәм техниканың ыссылық энергиясын пайда етиў ҳәм оннан пайдаланыў менен шуғылланатуғын тараўы.

ТЕПЛОХОД ат. Иштен жанатуғын двиғатель жәрдеми менен жүретуғын кеме. Берилген мағлыўматларға қарағанда *теплоходта* 208 адам болған (Интернет мағлыўматлары).

ТЕППЕ I ат. Дәнди түйиў ушын жерден ойып исленген орын, кели сыяқлы шуқыр. Мениң де мәнисим қашып отыр, салыны өзиң ақ *теппеден* шығар (Ж.Аймурзаев).

ТЕППЕ II ат. **1.** Белгили бир орынның бурын көл болып, соңынан қурғаққа айланып, тағы көлге айналған ўақтына айтылады. Усындай суўдың ҳәрекетине байланыслы балықлар бир жерге топланып жыйналады (КДС).

ТЕПСЕҢ ат. **1.** Аяқтың басылыўы менен қатып қалған жер, қатты жер. **2.** Шөпли жер, мал жайылымы. *Тепсең* жерде самал қанша ҳүўлеген менен топырақ бармайды (С.Мәжитов).

ТЕПСИНДИРИЎ тепсиниў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПСИНИЎ ф. **1.** Бир жерде турып аяқты көтерип басыў, көтерип таслаў, силкиў. **2.** Ашыў менен, ыза менен ҳәрекет етиў. **3.** аўыс. Алға умтылыў, урыныў, таслаў, жулқыныў. Ишинде *тепсинип* турған асаў жорға бар (К.Султанов). Арғымақлар жер *тепсинип* киснесип, Омыраўдан ойма көбик ақты тер (И.Юсупов).

ТЕПТИРИЎ тебиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПШИТИЎ тепшиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕПШИЎ ф. **1.** Онша жийи де, сийрек те емес орташа тигис. Сабақтың *тепшиўи* де белгили болып турыпты (Х.Сейтов). **2.** қ. тигиў.

ТЕР I ат. **1.** Денедеги айырым безлер арқалы шығатуғын суўық зат, суў. Ыссыда *тер* төгип еккен паядан, Жыйған пахтаң

сая болар, нан болар (И.Юсупов). Баслық адамлардың ийегинен *тери* сорғаласа да костюмын шешпейтуғын әдети бар дә! (М.Нызанов). **2.** ауыс. Адамның мийнети. Бул жерге ата-бабаларымыздың, өзимиздиң мийнетимиз, *теримиз* сиңген жоқ па? (Ә.Бөкейханов). ◊ **Ашшы тер** – артықша исленген мийнетке сарыпланған күш. **Терлеп-тепшиў** – шын терге түсиў, жүдә терлеў. Бала болса *терлеп-тепшип*, Жемисти алды көзи қыймай (Б.Исмайлов). **Қара терге түсиў** – **а)** жумысты ықлас пенен, интасы менен тер шығарып ислеў. Мен оннан сайын *қара терге түсип* ықласланып оқыйман (Ж.Аймурзаев). **б)** Қыйланғаннан, қысынғаннан тер шығарыў. **Маңлай тер** – ҳадал мийнет. Ол қарақалпақ елин *маңлай терин* төгип мийнет етиўге, адамға жақсылық қылыў ушын жанын пидә қылыўға, ардың туўын жоқары көтериўге шақырды (С.Мәўленов). **Маңлай тери менен табыў** – аянбай мийнет етиў, күш-жигерин сарыплаў. Усы күни *маңлай терим менен тапқан* ҳадал кәсибимди аңсап жүриппен (Ә.Нурпейсов). **Ҳарам тер болыў** – мийнети босқа кетиў, зая болыў. **Тери безлери** – адамның денесиндеги тер шығаратуғын безлер. **Тер бөлиниў** – тердиң тер безлери арқалы адам денесиниң сыртына бөлинип шығыўы. **Тер шығарыў** – адам терисиниң бет тәрепине орналасқан тер безлериниң тәсиринен пайда болатуғын жағдай. **Терин алыў** – белгили бир узақлыққа шаўып аттың терин алып баплаў.

ТЕР II қ. териў

ТЕРАКТ ат. Террорлық акт, террористлик ҳәрекет.

ТЕРАПЕВТ ат. мед. Ишки аўырыўларды анықлаўшы ҳәм емлеўши қәниге, шыпакер. Әсиресе *терапевтлер* менен педиатрларға зәрүрмиз (И.Жақанов).

ТЕРАПИЯ ат. мед. **1.** Ишки аўырыўларды хирургия қатнасыўынан басқа тийисли дәри-дәрмақлар, арнаўлы режим менен емлеў усыллары. **2.** Медициналық ишки аўырыўларды айыра билиў, белгилеў ҳәм анықлаў усылларын үйренетуғын бөлими.

ТЕРАПИЯЛЫҚ кел. Терапияға тийисли. Тамараның аўырыўы былай қарағанда *терапиялық* ҳәрекеттен деп жазылады (М.Сатыбалдиев).

ТЕРАТОЛОГИЯ ат. Өсимликлер, ҳайўанатлар, адамлардың раўажланыўы барысында ҳәр қыйлы өзгерислерди изертлейтуғын илим.

ТЕРБЕ қ.тербеў.

ТЕРБЕЛДИРИЎ тербелиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРБЕЛИЎ ф. Ырғалыў, теңселиў, ырғалысыў. Суўы әлле қашан тартылып, қуўрап атырған салманың ултанында әлжуўаз суўшигинлер самал менен зорға *тербелип* турар еди (М.Нызанов).

ТЕРБЕЛИС ат. **1.** Тербелиў, қыймылдаў, қозғалыў. Самолёттың билинер-билинбес *тербелиси* ерксиз маўжыратады (Ы.Жақаев). **2.** Физ. Белгили бир дәрежеде қайталанып туратуғын процесс. Физикалық системаның *тербелислери* ўақтында оның энергиясы бир түрден екинши түрге аўысып отырады. **3.** Линг. Даўыс ырғағының белгили бир жийиликтеги қозғалысы нәтийжесиндеги даўыс толқыны.

ТЕРБЕЛМЕЛИ кел. Тербелип туратуғын. Радиотолқын тарататуғын антенна *тербелмели* қозғалыс жасап, портты толығы менен шолып шығады (М.Бекбауов). ◊ **Тербелмели контур** – электрлик тербелислерди қоздыратуғын индуктивлиги L орама менен сыйымлылығы C конденсатордан қуралған электр системасы.

ТЕРБЕНИС қ.тебиренис. Ғанидиң қысқы каникулы усылай, биймаза тынымсыз *тербенислер* менен өтсе де, бирақ алға қарай жетелеген әрман менен үмит оның бәрин умыттырып, жумысқа бурынғысынан бетер қызығыўшылық пенен кириспи (А.Хангельдин).

ТЕРБЕНИЎ қ. Тебириниў.

ТЕРБЕНДИРИЎ тербениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРБЕЛТИЎ тербеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРБЕСИЎ тербеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕРБЕТИЛИЎ тербеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕРБЕТИЎ тербеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕРБЕЎ ф. **1.** Шайқаў қозғаў. Бағларда шешек атқан дарақлардың шақаларын елпип ескен самал *тербеп* тур. (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Айрықша тәсир етиў, сезимге салыў, *тебирендириў*. Сырнайдан шыққан жағымлы нама, мәўиж урған ҳәўижли сес, биреўлердиң жүреклерин елжиретип, кеўиллерин *тербеп*, ҳаўаға сиңип атыр (Ө.Хожаниязов). ◊ **Қәлем тербеў** – қағаз бетине жазыў, дөретиўшилик пенен шуғылланыў. Ҳадал мухаббат, гиршиксиз кеўил, минсиз сулыўлық шайыр *қәлемин тербейди* (С.Мәўленов).

ТЕРБЕЎШИ ат. Шайқаўшы, қозғаўшы.

ТЕРБИЙ ат. Мендеелев периодлық системасының III топарына киретуғын химиялық элемент. *Тербийди* фторидинен металлотермиялық оксидлендириў арқалы алады (Химия).

ТЕРГЕЛИЎ тергеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЕРГЕСТИРИЎ тергеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРГЕЎ ф. Тексериў, сораў, барластырыў, себебин ашыў. Жынаятшылар усланып, *тергеў* алынғаннан кейин ғана Қылышевтың өлиў себеби, оның жағдайлары толық анықланды (А.Бекимбетов). ◊ **Тергеў ҳәрекетлери** – жынайый ҳәрекетлерди ашыў ушын дәлиллер топлаў мақсетинде жүргизелетуғын ҳәрекетлер. **Тергеўге алыў** – жынайый ҳәрекетлери ушын сораў-жуўап ислеў. Қалада үйге киргизбестен услан алып, оңаша үйге анарын *тергеўге алды* (Д.Әбилев). **Тергеў изоляторы** – гүманланыўшылар менен айыпланыўшыларды ўақтынша қамақта услан туратуғын арнаўлы мәкеме. **Тергеў орны** – тергеў ҳәрекетин жүргизетуғын мәкеме.

ТЕРГЕЎЛИ кел. Тергеў жүргизилген. Өзиңниң достың менен душнанынды айыра алмасаң неге иштин? – деген сыяқлы *тергеўли* сөзлерди тынлаған мәскүнем жуўап таппай ернин тислей берди (Қ.Досанов).

ТЕРГЕЎСИЗ кел. Тексериўсиз, ислеген ҳәрекетиниң ағыс-қарасы анықланбаў. *Тергеўсиз*, сораўсыз апарып, түрмеге қамап таслады (Қ.Жумадилов).

ТЕРГЕЎШИ ат. юрид. Тексериўши, сораўшы, изертлен себебин ашыўшы. Мен *тергеўшимен*, дурыс жуўан беребер (Қ.Ирманов).

ТЕРГЕЎШИДЕЙ кел. Тергеўши сыяқлы. Ағаны сонша әўерелегениң не, *тергеўшидей* сораў қылып (Ә.Нуршайықов).

ТЕРГЕЎШИЛИК кел. Тергеўге байланыслы. Ал шынында, нағыз *тергеўшилик* қәбилетти көрсететуғын ислер жоқ гой бизде (К.Баялиев).

ТЕРГИЗДИРИЎ териў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРГИЗИЎ териў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРДИРИЎ териў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРДИРТИЎ териў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРЕЗЕ ат. Жайға жарық түсиў, ҳаўа кириў ушын дийўал аралығына қойылған, арнаўлы орынға орналастырылған әйнек. *Терезениң* тақылдысы ана менен улы арасындағы әңгимени бузып жиберди (Т.Қайыпбергенов). Ол қолындағы оқлаў менен *терезени* урын, айна көзлерди шил-нәрше етти (М.Нызанов).

ТЕРЕЗЕДЕЙ кел. Терезе сыяқлы, тәризли, яңлы, терезиге усас мегзес.

ТЕРЕК ат. Өсип турған ағаштың улыўма аты, дарақ. Қала жатыр қубла батыс тәрепте, Оранып көп бүртик жарған *терекке* (Т.Сейтжанов). Жиңишкениң бойында қонысың, Нәўше ақ *терегиң* бултты шолысын (И.Юсупов). Алпамыс уйқыдан турған, *теректиң* саясындағы әткөншекте жән-жаққа жаўтаңлап қарап жатырған екен (М.Нызанов). Бәхәрде мың *терек* отырғызылады, он бес күннен кейин ҳәммеси қуўрайды (М.Нызанов). ◊ **Күн бир жаўса терек еки жаўады** – үсти-үстине қыйыншылық келиў, азапланыў.

ТЕРЕКЕ ат. Ийесиз мүлк. Егерде өлген ериниң туўысқанларының ишинде турмысқа шықпайман деп турып алса, ҳаялдың турмысқа шыққан қызы болса, мал-мүлик ийеси адамның заты ретинде туўысқанлары ортасында бөлистирилген. Ол *«тереке»* деп аталған. *Терекениң* тәртиби бойынша мүлктиң 4/1 бөлеги хан менен қазыға қойылған, 8/1 бөлеги өлген кисиниң турмысқа шыққан қызына берилген. Қалғаны жесир қатынның пайына тийген (КДС).

ТЕРЕКЛИ кел. Тереги көп, мол.

ТЕРЕКЛИК ат. Өсип турған ағаштың мол жайласқан жери, тоғайлық, дарақлық.

ТЕРЕКСИЗ кел. Тереги жоқ, болмаған.

ТЕРЕКТЕЙ кел. Терек сыяқлы, тәризли, яңлы, терекке усаған. *Теректей* бой бергенше, түймедей ақыл бер (ққ.х.н.)

ТЕРЕҢ кел. **1.** Туңғыйық, түпсиз, түби, жоқ шуқыр. Шынар тамыры қанша кетсе де *тереңге*, Сонша беккем, сонша қойыў саясы (И.Юсупов). Көп қорқытады, *терең* батырады (ққ.х.н.). Шығарып *тереңнен* тартып қолымнан, Ярыў-дослар бир төбеге миндирди (А.Дабылов). **2.** аўыс. Белгили бир аймақтың ишки тәрепи, *тереңи*. Мотор даўысынан суў жаныўарлары үркип, *тереңге* кетеди (М.Нызанов). **3.** Жүдә қымбатлы, баҳалы, маңызлы. Өткир, *терең* мәнили қосықлары менен ноғай әлемине өзин жаслай танытқан Ғабдолланың өлими жақынларының, поэзияны таныўлардың жүреғин өртеди (М.Дулатов). **4.** аўыс. Ҳәр тәреплеме, жән-жақлы. *Терең* тексермей, асығып үстиртин нәтийже шығарсақ, бул нәтийжемиз қәте болады (М.Жумабаев). **5.** аўыс. Бай, көп, мол. Найза салса жетпейтуғын, Ақылға *терең* теңизим (Базар жыраў). ◊ **Қармақты тереңнен таслаў** – терең ойланып ис

жүргизиў. Отырды Дәўран қадалып, *тереңнен таслап қармағын* (А.Шамкенов). **Тереңге кетиў** – машқаланы түбиринен қозғаў, қыйынлатып жибериў. **Терең ой** – әҳмийетли, маңызлы ой. Әжайып қосық денени балқытып, адамға *терең ой* салмай ма (М.Жумабаев). **Терең ойлы** – **а)** Мәнили, әҳмийетли. *Терең ойлы* нақыллар Ғабит Мүсиреповта да көп (М.Алимбаев). **б)** Жүдә ақыллы. Кең пейил, *терең ойлы*, бир сөзли иним (К.Әзирбаев). **Терең орналасқан шөгиндилер** – 3 км.ден аслам тереңликте орналасқан теңиз шөгиндилери. *Терең орналасқан шөгиндилер* жүдә майда организмниң қалдықларынан, таў жынысларының бузылыўынан пайда болған майда бөлшеклерден, химиялық шөгиндилерден дүзиледи (Физика, география). **Түпсиз терең** – шегарасыз, шексиз.

ТЕРЕҢИРЕК кел. **1.** Шүңгилирек, шуқырырақ, тереңлеў. **2.** аўыс. Ҳәр тәреплеме, жән-жақлы. Бул тилимизди еле де *тереңирек* үйрениўге, жас әўладқа үйретиўге болған зәрүрликти бир қанша арттырды (Қ.Қадиров). Бундай илажлар сол дәўирдеги тарийхый ўақыяларды *тереңирек* билиў ҳәм дурыс баҳа бериў, халқымыздың зыялы перзентлериниң атын мәңгилестириў, жасларды ўатан сүйиўшилик руўхында тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе деп есаплаймыз (А.Алимбетов).

ТЕРЕҢЛЕНИЎ тереңлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЕРЕҢЛЕСИЎ тереңлеў фейилиниң шериклик дәрежеси. Дүньяның атақлы экспертлери тәрепинен билдирилип атырған пикирлерге қарағанда, бул дағдарыс 2009-жылда ҳәм 2010-жылда да даўам етиўи ҳәм *тереңлесиў* мүмкиншилиги күтилмекте (Интернет мағлыўматы).

ТЕРЕҢЛЕТТИРИЎ тереңлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРЕҢЛЕТИЎ тереңлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРЕҢЛЕЎ I ф. **1.** Түби төмен кетиў, алыслаў. Уры сай менен Ашшы сай, Ҳаўадан көрсең *тереңлеп*, Таў төсинде дөңгелеп, Көринеди зеренде (Т.Сейтжанов). 2. аўыс. Муқыят ойлаў, ойланыў. Ол бойын тиклеп *тереңлеп* кеткен сайын умытыўға урынды (Т.Қайыпбергенов).

ТЕРЕҢЛЕЎ II кел. Шүңгиллеў, шуқырлаў.

ТЕРЕҢЛИК ат. Шүңгиллик, түпсизлик. Егер труба белгиленген *тереңликте* көмилмеген болса қайта көрип шығыў зәрүр (Интернет мағлыўматлары). Халық аўызеки дөретпелерин жақсы билиўи ҳәм оларды өз шығармаларында шеберлик пенен

сиңдире алыўы оның дәретпесине көркем образлылық, *тереңлик* бағыш етеди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРИ ат. Адамзаттың, ҳайўанаттың ҳәм жанлы-жаныўарлардың денесиниң сыртқы қабы. Жақсы қатын ийлесе, Гүдары етер *терини*, Султан етер ерини, Жаман қатын ийлесе, Ғағырдақ етер *терини*, Қарыздар етер ерини (ққ.х.н.). Өткир пышақ кеселдиң *терисине* тийиўден кесилген жерден зымырап қызыл қан шықты (А.Бекимбетов).

ТЕРИДЕЙ кел. Тери сыяқлы, тери тәризли, тери яңлы, териге усас, териге мегзес. Пискен *теридей* жүзлери («Қырқ қыз»).

ТЕРИЛИЎ териў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЕРИМ ат. **1.** Зүрәәтти терип, жыйнап алыў. **2.** Жыйын, мәўсим. Пахта *терими* басланып кетти («Жеткиншек» газетасы).

ТЕРИМШИ ат. Жыйнаўшы, териўши. Оның анасы алдыңғы қатардағы *теримшилерден* еди («ЕҚ». г.).

ТЕРИОДОНАТЛАР ат. Жер баўырлаўшылардың жойтылып кеткен бөлеги.

ТЕРИОЛОГИЯ ат. Зоология илиминиң сүт емизиўшилерди изертлейтуғын тараўы.

ТЕРИПУРЫШ ат. Тери алып сатыўшы, тери саўдасы менен шуғылланыўшы адам.

ТЕРИС кел. **1.** Қәте, надурыс. Өмирбекке мәселениң жайын *терис* түсиндирипти (ққ.х.н.). **2.** Оң емес, шеп. Кәл бала асығыста көйлегин *терис* кийипти (ққ.х.е.). ◊ **Терис пәтия** – дин. с. гарғыс, нәлет айтыў, ески диний әдет бойынша қолды терис айландырып жайыў. **Терис путақ** – **а)** Теректиң тарбайып өскен зыят путағы. **б)** аўыс. Шеп минез, тик минез. *Терис путақ* көрсең көз бенен, Дүзетпей оны тез бенен (А.Дабылов). **Терис қараў** – жаратпаў, унатпаў. Есберген тоңқылдап *терис қарады* (К.Султанов). **Терис айиалыў** – **а)** жақтырмаў, унатпаў. Сөзим жанына түрпидей тийсе керек, пишини гүңгирт тартып *терис айланды* (К.Смамутов). **б)** шебине, керисине, артына, кейнине айланыў. **Терис аяқ** – терис минез, тик минез, терис жоңқа. **Терис қайтқан** – жолдан шыққан, бузақы. Тарт қолыңды *терис қайтқан*, Пириңмен деп едиң озалдан («Мәспатша»). **Териси қалың** – уятсыз, арсыз. **Териси жуқа** – өкпелегиш. **Терисине сабан тығыў** – қатты жазалаў, азап бериў. **Терисине сыймаў** – **а)** қатты ашыўланыў, ызаланыў. **б)** мақтаныў. **Терис минез** – өжет, қайсар. **Терис әйўан** – сырткы дәлиз.

ТЕРИСИЎ териў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЕРИСКЕН ат. **1.** Адамға суўық тийиўи, қанның өзгериўинен денеде сызлаўық сыяқлы пайда болатуғын кишкене исик, бөртик. **2.** Шөлли жерлерде өсетуғын, тикенли, тамырын қыста отын ушын пайдаланатуғын өсимлик. *Терискен* мал шаруашылығы ушын әҳмийетли өсимлик, оның бийиклиги 50-100 см.ге шекем жетеди, ярым путалы болып келеди. Көп жылға дейин өсе береди (КДС).

ТЕРИСКЕНДЕЙ кел. Терискен сыяқлы, терискен тәризли, терискен яңлы, терискенге усаған, терискенге мегзес. Кирпик астынан шыққан *терискендей*, пүткил қәўимди ығыр қылған мазасыз офицер (А.Сулейменов).

ТЕРИ-ТЕРСЕК ат. Тери ҳәм басқа да шийки зат. Келер ертең *тери-терсек*, Қудайға айтқан исек ... (Бердақ).

ТЕРИТИЎ териў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРИЎ ф. Бир затты алыў, жыйнаў. Бийтап қолы менен компьютердиң клавишаларын *терип* көрсетти (М.Нызанов). Жиззақ, Қашқадәрья, Сырдәрья ҳәм Ташкент ўәлаятларындағы пахта *териў* машиналары хызметинен пайдаланғанлық ушын қәрежетлердиң 30 процентин Финанс министрлиги тәрепинен қаплап бериў әмелияты 2020-жылда сақлап қалынады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРИЎЛИ кел. Терилген, жыйналған терилип алынған.

ТЕРИЎСИЗ кел. Терилмеген, терилип алынбаған. Қыр астында *териўсиз* қалған сулыў қызғалдағы есинен шықпас сирә (Д.Досжанов).

ТЕРИЎШИ ат. Затты алыўшы, жыйнаўшы. Ол усы ой менен саңыраўқулақ *териўшилер* менен сөйлескиси келди (С.Бақбергенов).

ТЕРИШИ ат. Терини ийлеўши, көнши.

ТЕРЛЕГИШ кел. Көп терлейтуғын. Өзим жүдә *терлегиш* болып кеттим (Ж.Өмирбаев).

ТЕРЛЕТТИРИЎ терлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕРЛЕТИЎ терлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Суйықлық иширип баланы *терлетиў*, мурынды дузлы еритпеде шайыў, ыссылық 38,5 нан жоқары көтерилгенде балалар парацетамолын бериў керек (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРЛЕТПЕ ат. Дененің ыссылығы көтерилип, аўыратуғын науқас, сүзек аўырыў.

ТЕРЛЕЎ ф. **1.** Денеден ҳөл, суў, тер шығыў. Қасындағылар сезбесе де, қысынып *терлей* баслады (Б.Қайыпназаров). **2.** аўыс.

Уялыў, қысыныў. Мен таныс емес адамнан жүдә қорқып жатып, қара суў болып *терледим* (А.Бекимбетов). **3.** Күйиниў, қыйналыў, жаны аўырыў. ◊ **Тер төкпеў** – мийнет етпеў, қыйналмаў. **Тер төгиў** – мийнет етиў, күш сарыплаў, қыйналыў. **Маңлайы терлеп көрмеген** – мийнет ислемеў. Сен дүньяға келгели *маңлай терлеп* жумыс ислегениңди көрмедим (кк.х.е.).

ТЕРЛИК ат. Терди жоқарыға шығармаў ушын аттың, ешектиң үстине салыўға арналып исленген зат. Астындағы жыртылып қалған жабыўын атқа *терлик* етип салды («Қоблан»).

ТЕРЛИКЛЕЎ ф. Терлик салыў. Ушығадан *терликлеп*, Саўаш ерин салады («Мәспатша»). Мақпал менен *терликлеп*, Гудары айыл шалады («Ер Зийўар»).

ТЕРЛИКШЕ кел. Терликтиң киши түри, кишкене терлик.

ТЕРМЕ ат. Толғаў сыяқлы поэзияның бир түри. Бирнеше *терме*, толғаўларды аз ўақыттың ишинде ядлап алдым (Қурбанбай жыраў).

ТЕРМЕДЕЙ кел. Терме сыяқлы, терме тәризли, терме янлы, термеге усаған, термеге мегзес.

ТЕРМЕЛЕЎ ф. Термелеп шубыртып айтыў. Баян етти *термелеп*, Журын менен Шунақтың, Қушақласып өлгенин («Қырқ қыз»). Қашан көрсең жыйналыста, ол *термелеп* сөйлеп тур (Б.Исмайлов).

ТЕРМЕЛЕЎШИ ат. Термелеп айтыўшы, сөйлеўши.

ТЕРМИД ат. Снаярд түри. Немецлер *термид* снаярды менен атты, болмаса олар оңайлық пенен берилмейтуғын жигитлер еди (М.Дүйсенов)

ТЕРМИН ат. Илимде, техникада, көркем өнерде, кәсип тараўларында т. б. белгили бир уғымды билдиретуғын анық түсиниги болған сөз яки сөз бирикпеси, атама, атама сөз. Қарақалпақ тилиндеги *терминлерди* бир қанша топарларға бөлип қарасақ болады (Е.Бердимуратов).

ТЕРМИНАЛ ат. **1.** тех. Есаплаў системасы курамына кириўши, хабарларды системаға киритиў ҳәм оннан шығарып алыў ушын мөлшерленген сыртқы қурылма (компьютерде ислегенде, монитор, тышқанша, клавиатура ҳәм т.б. терминал есапланады). **2.** Порттың (ҳаўа яки теңиз портының) контейнерли ҳәм дәстеленген жүклерди сақлаў ҳәм қайта ислеўге мөлшерленген бөлеги. **3.** Улыўма, үлкен муғдардағы жүклер, буйымлар ўақтынша, мәўсимлик сақланатуғын склад. **4.** Пластик карточкалар жәрдеминде ислейтуғын, ҳәр қыйлы

есап-санақ ҳәм төлемлерди әмелге асырыў ушын хызмет ететуғын электрон қурылма. Өзимниң пулымды *терминалыңнан* алып, пластигиме салып бересең! (М.Нызанов)

ТЕРМИНАТОР ат. **1.** астр. Планеталар ҳәм спутниклер шеңбериниң жақтылық ҳәм қараңғы ярым шарларын ажыратыўшы сызық, шегара. **2.** Жоқ етип, қырып таслаўшы робот; жоқ етип болмайтуғын адам тәризли робот. **3.** аўыс. Мийнеткеш, тыным билмейтуғын, шаршамайтуғын адам. Жумамурат – *терминатор*, ҳәзир ана дийўалды басы менен урады» десе, өзине исеним менен қоппыйып, соны барып ислейтуғын еди (Б.Айтмуратов).

ТЕРМИНЛИК ат. Терминге тән. Ҳәзирги күнде қарақалпақ терминологиясы системасында *терминлик* атамалардың жасалыў жоллары да нызамлылық сыпатында қәлиплескен (Е.Бердимуратов).

ТЕРМИНОЛОГИЯ ат. 1. Илим, техника, кәсипшиликтиң белгили бир тараўында қолланылатуғын терминлер жыйнағы, системасы. Илимий терминология. 2. Тил билиминиң терминлерди үйрениў, тәртипке салыў менен шуғылланыўшы тараўы. Терминология бөлими.

ТЕРМИНОЛОГИЯЛЫҚ кел. Терминологияға қатнаслы, терминологияға тән. ◊ **Терминологиялық сөзлик** – белгили бир тилдеги илим ҳәм техникаға байланыслы бир мәнили сөзлер. Жәмийетимиздиң раўажланыўындағы әҳмийетли ролине байланыслы көплеген изертлеўлер алып барылды, бир қанша *терминологиялық*, аўдарма, этимологиялық, түсиндирме сөзликлер, энциклопедиялар дүнья жүзин көрди (М.Элмуродов). **Терминологиялық орай** – терминлер, атамалар ҳәм т.б.тиллик мәселелерде жумыс алып барыўшы орай. Жоқарғы Кеңес Президиумының арнаўлы қарары тийкарында *терминологиялық орайдың* дүзилгенлиги, Шымбай районында қарақалпақ әдебиятының ири ўәкиллери болған Күнхожа ҳәм Бердақ шайырлардың хүрметине мақбара ҳәм музейдиң қурып питкерилгенлигин айрықша атап өтиўимиз тийис (Д.Абибуллаев).

ТЕРМИТ I ат. хим. Алюминий яки магнийдиң айырым металлар оксиди менен пайда болатуғын, жанғанда жүдә күшли ыссылық шығаратуғын унтақ араласпасы (техникада ҳәм әскерий мақсетлерде қолланылады). *Термит* бомба.

ТЕРМИТ II ат. Климаты ыссы мәмлекетлерде үлкен уяларда жәмәәт болып (бир неше жүзден, миллионға дейин) жасайтуғын

перде қанатлы насекома, ағаш, тери, қағаз ҳәм айырым егинлерге зыянкес. Қарақалпақстан Республикасы аймағында *термит* зыянкеслери жүдә көп тарқалған болып, олар топырақ пенен байланыслы ҳәр қыйлы экологиялық орталықларда топар дүзип тиришилик етеди (Газетадан).

ТЕРМО ат. Жыллылыққа температураға байланыслы бириккен сөзлердиң дәслепки бөлеги.

ТЕРМОГРАФ ат. Температура өзгерислерин автоматикалық рәўиште изшил жазып баратуғын әсбап.

ТЕРМОДИНАМИКА ат. Физиканың термодинамикалық тураклылық жағдайында болған системалардың улыўма өзиншеликлерин ҳәм бул ҳалатлар ортасындағы өтиў процесслерин (бунда ыссылық – энергияның басқа түрлерине айланады) үйрениўши тараў.

ТЕРМОКРАСТ ат. Музлықлардың ҳәм жер асты музларының ериўи нәтийжесинде пайда болатуғын жер бетиндеғи ҳәр қыйлы ойықлар.

ТЕРМОМЕТР ат. Температураны, ыссылық яки суўықлық дәрежени өлшейтуғын қурал, әсбап. Дене жыллылығы *термометр* деген бир қурал менен өлшенеди (М.Жумабаев).

ТЕРМОМЕТРИЯ ат. **1.** Физиканың температураны өлшеў усылларын изертлейтуғын бөлими. *Термометрияда* температуралық шкалалар белгиленеди, ҳәр түрли температураны өлшейтуғын *термометрлер* қурастырылады. **2.** Геол. Тәбияттағы минераллардың дүзилиў процесиниң *температуралық* жағдайы туўралы болжаў жасаўға мүмкиншилик беретуғын минераллық қурылмалар.

ТЕРМОПАР ат. Жыллылық өлшейтуғын әсбап. *Термопарлар* күнделикли турмыста холодильниклерде, автомобильлерде қолланылады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРМОПЛАСТЛАР ат. Қыздырғанда жумсарып, суўығанда қатаятуғын пластикалық массалар. *Термопластлар* әдеттеги шараятта қатты ҳалатта болады (Интернет мағлыўматлары)

ТЕРМОПСИС ат. Далалы жерде өсетуғын жабайы өсимлик.

ТЕРМОС ат. Ишиндеги заттың жыллылығын яки суўықлығын узақ ўақыт бир қәлипте сақлайтуғын ыдыс. Ол *термостағы* ыссы шайдың ең соңғы кружкасын төңкере қуйып берди (М.Әўезов).

ТЕРМОСТАТ ат. Затларды барлық жағдайда бирдей температурада сақлайтуғын арнаўлы аппарат. Қыяр тукымын,

егиўден алдын, үш суткаға дейин 50-51 дәрежедеги ыссылықта *термостатта* қыздырылып, сыя түр метилен еритпеси менен араластырылады («Пән ҳәм турмыс»).

ТЕРМОТАКСИС ат. Қарапайым насекомалардың температура өзгериўиниң тәсиринен пайда болған қозғалысы.

ТЕРМОТЕРАПИЯ ат. мед. Жыллылық пенен аўырыўды емлеў методларын үйренетуғын бөлими.

ТЕРМОРЕАКТИВЛЕР ат. Қыздырғанда балқымайтуғын, еримейтуғын түрге көшетуғын, жасанды үлкен молекулалы араласпалар.

ТЕРМОРЕГУЛЯТОР ат. Бөлме, печь ҳәм т.б. керекли температураны автомат рәўиште пайда ететуғын ҳәм сақлап туратуғын әсбап.

ТЕРМОФОСФАТ ат. Фосфорлы төғин. Тәбийғый фосфатқа ҳәр қыйлы қоспа қосыў арқалы алынған фосфорлы төғин *термофосфат* деп аталады (К.Иманғазиев).

ТЕРМОХИМИЯ ат. Ҳәр түрли процесслердиң жыллылық эффектлерин, затлардың жыллылық сыйымлылығын ҳәм оларға байланыслы басқа да қубылысларды изертлейтуғын физикалық химия менен химиялық термодинамиканың бир тараўы.

ТЕРМОЭЛЕКТРЛИК кел. Қатты өткизгишлердеги жыллылық ҳәм электрлик процесслердиң өз ара байланысынан пайда болған физикалық қубылыслардың жыйынтығы. Пельтьениң термоэлектрлик коэффициентлери.

ТЕРМОЭЛЕКТРОНЛЫҚ кел. Қызған қатты яки суйық денелердиң электронлар шығарыўы. Денелер қызғанда ушып шығатуғын электронларды *термоэлектронлар* деп те атайды (Б.Абдикамалов).

ТЕРМОЯДРОЛЫҚ кел. Термоядроға қатнаслы. Термоядролық бомба – ыдыраў реакциясынан энергия алатуғын ядролық курал. Себеби плазманы пайдаланыў арқалы басқарылатуғын *термоядролық* реакцияларды әмелге асырыў мүмкиншилиги пайда болады (Б.Абдикамалов).

ТЕРМОХИМИЯЛЫҚ кел. Термохимияға тийисли.

ТЕРРАКОТА ат. Қызыл ҳәм сары реңге күйдирилген ылай. *Терракотаны* саз ылайда қәлипте күйдиреди (Интернет).

ТЕРРАМИЦИН ат. Антибиотиклердиң түри. Антибиотиклердиң түри жүдә көп болғанлықтан, пенициллин, стрептомицин, *террамицин,* тетрациклин ҳәм тағы басқаларын ғана атаўға болады (Ж.Қодаров).

ТЕРРАРИУМ ат. Тәжирийбе яки көрсетиў ушын суўда ҳәм қурғақлықта жасаўшы ҳайўанатларды сақлаў, үйрениў ҳәм көбейтиўге мөлшерленген арнаўлы орын. Бақлаў постлары таўыс, кийик сақланатуғын кетекшелерде, қурбақа ҳәм жыланлар бағылатуғын *террариумларға* орнатылған (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРРАСА ат. 1. Жай алдындағы бастырма, бастырылған балкон. *Террасаның* алдында ойнап жүрген еки бала келди (Ғ.Мүсирепов). 2. геогр. Жарқабақ, жардың басқышы, жердиң майданшасы.

ТЕРРЕНКУР ат. Курортлар менен санаторияларда даўаланыў мақсетинде мәлим сызық бойлап пияда жүриў ушын таярланған, аралықлары көрсетилген арнаўлы жол.

ТЕРРИГЕН ат. Океанлар менен теңизлерге қурғақлықтан әкелинген майда шөгиндилер ҳәм таў жынысларының. Шөгиндилер – генезиси бойынша *терриген*, биоген, хемоген түрлерге ажыратылады (Б.А.Исаходжаев).

ТЕРРИКОН ат. Шығындылар, көмир кәнлери ҳәм басқа да пайдалы қазылмаларды жер астынан қазып алыў ўақтында, қазып алынып атырған затлардан яки таў жынысларынан жасалған жасалма төбелик. Бундай *терриконлар* узақ ўақыт сақланыўы нәтийжесинде қызып тутанады да өзин қоршаған орталыққа зыянын тийгизеди (Қаз.Тил.терм)

ТЕРРИТОРИЯ ат. Белгили шегара менен бөлинген жер, белгили бир мәкеме орналасқан жер, орын. ◊ **Мәмлекетлик территория** – белгили бир мәмлекет ийелик ететуғын жер шарының бөлеги.

ТЕРРИТОРИЯЛЫҚ кел. Белгили бир территорияға тән.

ТЕРРОР ат. Сиясий душпанға қарсы қолланатуғын зулымлық, өлтирип жоқ етип жибериўге шекем баратуғын зорлық сиясаты. Гитлердиң концентрациялық лагерлери барып турған ҳайўанлық пенен *террордың* көриниси (Қ.Аманжолов).

ТЕРРОРИЗМ ат. Террор жолы менен әмелге асырылатуғын сиясат ҳәм тактика, терроршылық. *Терроризм* сиясий қарсыласларын жоқ етиў яки қорқытыў, халық арасында тәртипсизликлерди келтирип шығарыў мақсетиндеги зорлық ҳәрекетлери (Энциклопедия)

ТЕРРОРИСТ к. терроршы. Ҳәзирги жағдайларда *террористлер* аманат алыўды, ҳәкимият имаратларын басып алыў, жарып жибериў, транспортлық қуралларды басып алыў,

жарып жибериў хәм т.б. ҳәрекетлерди ислемекте (Сиясий түсиндирме сөзлик).

ТЕРРОРИСТЛИК кел. Террорлық хәрекетке байланыслы. Интернет тармағынан *террористлик* ҳәм экстремистлик мақсетлерде пайдаланыўға қарсы гүрес бойынша тәжирийбе алмасылды. Интернет арқалы *террористлик* ҳәм экстремистлик идеологияны үгит-нәсиятлаўдың алдын алыў, бул иллетлерге шақырыўға, сондай-ақ, адам жаллаўға қарсы халықаралық бирге ислесиўди жетилистириў зәрүрлиги атап өтилди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРРОРЛЫҚ кел. Террорға байланыслы. Экстремистик ағымларды бирлестириўши улыўма тәрепи олардың ис-ҳәрекетлери зорлыққа, *террорға* тийкарланған.

ТЕРРОРШЫ ат. Өз пикир ҳәм мақсетин террор жолы менен әмелге асырыўшы адам, терроризм тәрепдары ҳәм қатнасыўшысы. Вашингтоннан ҳаўаға көтерилген 4 жолаўшы самолётларының басқарыўын қолына алған бир топар *терроршылар* Нью-Йорк қаласында жайласқан егизек имаратларға ҳәм Вирджиния штатында жайласқан АҚШ Қорғаныў министрлигиниң штаб-квартирасы – Пентагонға барып урылды (Интернет мағлыўматлары).

ТЕРРОРШЫЛЫҚ қ. терроризм. Сол күни АҚШта дүньядағы ең қорқынышлы *терроршылық* хәрекети әмелге асырылды. Бул ҳүжимлер «Аль-Каида» *терроршылық* шөлкеми басшысы Усама бен Ладенниң арнаўлы тапсырмасы тийкарында әмелге асырылғаны атап өтилди (И.Матеков).

ТЕРШЕҢ қ. тершил.

ТЕРШИЛ кел. Көп терлейтуғын, мудамы терлей беретуғын, тез терлейтуғын. Кисиниң кийими киршил, Кисиниң аты *тершил* (ққ.х.н.). Қапты арқалап киятырып, өзи *тершил* адам, бетин сыпырғанда, түсирип алған ғой (Т.Қайыпбергенов).

ТЕРШИЎ ф. Азы-кем тер шығарыў, терлей баслаў, терлеў.

ТЕРЦЕТ ат. Үш адамнан ибарат қосық атқарыўшыларына арнап жазылған музыка ҳәм курамында үш атқарыўшысы болған ансамбль.

ТЕРЦИЯ ат. Диатоникалық даўыс қатарының үш басқышын қамтыйтуғын интервал.

ТЕСИК ат. Бир заттың тесиги, саңлақ. Ортасы *тесик* тақта тур, ески парталар, отыра қалсаң шақыр ете түседи (Ж.Молдағалиев). ◊ **Кирерге тесик таппаў** – қатты уялыў.

Жадырап келип күлимлеп қолын созғанда Қоспан *киреге тесик таппай* көзи менен жер шуқып қалған еди (Т.Ахтанов). **Қырқ тесик** – саў жери жоқ, жыртық. **Тесиги жамалмаў** – иси ретленбеў. **Тесик моншақ жерде қалмас – а)** ҳасыл зат керексиз болып қалып қоймайды деген мәниде. Жазған соң *жерде қалмас тесик моншақ*, Биреўден биреў алып елге тарар (Абай). **б)** Күнлердиң күнинде бахты ашылады, турмыс қурады деген мәниде көбинесе ҳаял адамларға байланыслы қолланылады. **Тесик тийин қалмаў** – ҳеш нәрсеси қалмаў.

ТЕСИКЛИ кел. Тесиги бар, тесилген, пүтин емес. Адам тиришилигине керекли жети *тесикли* бир зат. Олар – еки қулақ, еки көз, еки танаў, аўызы (интернет мағлыўматлары).

ТЕСИКСИЗ кел. Тесиги жоқ, тесилмеген, пүтин, саў. Илимсиз шәкирт *тесиксиз* үйге, Мәрипатсыз саяхатшы қанатсыз қусқа (Сайфы Сарай).

ТЕСИКШЕ кел. Тесиктиң киши түри, кишкене тесик.

ТЕСИЛИЎ I тесиў фейилиниң өзлик дәрежеси. Егер ўақтында емленбесе, өкпеде тесилиў процеси жүзеге келиўи мүмкин (Интернет мағлыўматы).

ТЕСИЛИЎ II қ. тигилиў. Махсут еле бийдайға *тесилиўи* менен отыр (Н.Оразов).

ТЕСИРЕЙИЎ ф. Қозғалмаў, кирпик қақпаў, қадала қараў, тесилиў, тигилиў.

ТЕСИЎ ф. Бир затқа тесик ислеў, пүтин затты ойыў, шуқыў. Былғары етиктиң тумсығы қабырғамды *тесип* кеткендей болып еди, көйлегимниң етегин түрип қарасам көп-көмбек талақтай болған екен (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Кеўлине ғулғула салыў. Билип умытқан әрманың, көкирегинди *тесер* турар (С.Мәжитов). ◊ **Тесиле қараў** – көз алмай қадалып қараў. Сөзиң жасыңа ылайық емес, – деп биреў ғаррының сөзин бөлип жиберди, оған ғарры *тесиле қарады* (Ө.Айжанов).

ТЕСКИЗДИРИЎ тесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕСКИЗИЎ тесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕСКИЛЕЎ қ. тесиў.

ТЕСКИШ I ат. Бир затты тесиў ушын арналған ушы бар қурал, әсбап.

ТЕСКИШ II кел. Тесиўди жақсы тесетуғын, шебер билетуғын адам.

ТЕСЛА ат. Магнит индукциясының бирликлериниң халықаралық өлшем бирлиги.

ТЕССИТУРА ат. Музыкалық әсбаптың ямаса қосықшы даўысының диапозоны.

ТЕСТ ат. **1.** психол. пед. Шахстың ақылый раўажланыўы, қәбилети, тәжирийбе ҳәм көнликпелери, сондай-ақ, оның басқа руўхый өзгешеликлерин анықлаўда, тексериўде қолланылатуғын қысқа стандарт тапсырмалар. **2.** Анық социаллық изертлеўлер ушын пайдаланылатуғын материал сыпатында тарқатылатуғын сораўнама.

ТЕСТИРИЎ тесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕСТИРТИЎ тесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЕТАНИЯ ат. Денедеги жеке булшық етлердиң өзлигинен жыйырылып тартылыўы. Малды поезд бенен тасыған ўақытта мал тек жарақатланып ғана қоймайды, гей жағдайларда ҳәлсирен *тетания* аўырыўына да дуўшар болады (Ғ.Әбишев).

ТЕТЕ кел. **1.** Арасында басқа бала жоқ, биринен кейин бири өскен бала, соның кишиси, кишкенеси. Ол үйде маған тайлас жигит жоқ, еситиўимше, кемпир ғаррысы, өзинен *тете* үкеси бар (Ө.Хожаниязов). Оннан *тете*, үпелек жүнли көк атлысы, Есенгелдилер менен әўелги топарда көшкен кенегеслердиң ҳәзирги бийи Аманқул бий (Т.Қайыпбергенов). **2.** Қатар, сыбайлас, жақын. Дилўарлықты қоя турың кемпирлер, – деди оннан *тете* отырған кемпир (К.Султанов). Бәриниң басында Айдос, оннан *тете* – мектеплеси Қабыл отыр (Т.Қайыпбергенов).

ТЕТЕЛЕС кел. Сәл киши, жас жағы шамалас, қатарлас. Сабыр өзиме *тетелес* қонсы жигит еди, фронтта болдық (А.Оразов).

ТЕТЕЛЕЎ р. Кишилеў, жаслаў. – Аўа, Маман бий, – деди әўелги сөйлеген ғаррыдан *тетелеў* қара сақаллы киси (Т.Қайыпбергенов).

ТЕТИК I ат. **1.** Техникалық қурал әсбаптың, механизмниң бир бөлеги, соны жүргизип басқарып туратуғын шешиўши бир бөлеги, түйини. Тоқтаған мотордың *тетигин* таўып дүзетти де, машинаға ход берип жиберди (Ж.Аймурзаев). **2.** Истиң, ҳәрекеттиң ямаса бир нәрсениң негизи, сыры, шешиўши тийкары. *Тетигин* билип айдаған, Ержигит пенен мәрт қызлар (Б.Қайыпназаров).

ТЕТИК II кел. Тәндар, қуўатлы. Спорт пенен турақлы шуғылланыў адам организмин саламат ҳам *тетик* етиў менен бирге, инсанның ақылый раўажланыўына да унамлы тәсир етеди (У.Сабиров).

ТЕТИКЛЕНИЎ ф. Тетиклесиў, шаққанласыў.

ТЕТИКЛИК кел. Тетик, күш-қуўатқа толы. Чай өзинде сақлаўшы теин элементи себепли адамға *тетиклик*, күш-қуўат бағышлайды (Интернет мағлыўматы).

ТЕТРА басқа тиллерден кирген қоспа сөзлердиң биринши бөлеги болып, 4 саны менен байланыслы.

ТЕТРАКОР ат. Орайлық нерв системасын тынышландыратуғын дем алыў ҳәм қан айланыў жолларына тәсир ететуғын дәри.

ТЕТРАЛОГИЯ ат. Бир автордың бир идея, мазмун ҳәм образлар менен өз ара байланысқан төрт әдебий, музыкалы яки сахналық шығармасы.

ТЕТРАПОДЛАР ат. Негизинен қурғақлықта тиришилик ететуғын төрт аяқлы ҳайўанлар. *Тетраподларға* көпшилик сүт емизиўшилер, амфибиялар киреди (Интернет мағлыўматлары).

ТЕТРАЦИКЛИН ат. Адам денесиндеги бактериялық инфекциялардың айырым түрлерин емлеў ушын қолланылатуғын дәри. *Тетрациклин* ҳәр қайсысы өз қәсийетлери менен көзге түсетуғын үш препараттан турады (С.Субханбердин).

ТЕТРАЭДР ат. Ҳәр бир тәрепи өз ара тең үш мүйешликтен ибарат болған төрт тәрепли пирамида.

ТЕТРИЛ ат. Күшли партлаўшы зат. Тетрил ақ кристалл зат, жақтылықта сарғаяды (Қомус.Инфо).

ТЕТРОД ат. Төрт электродлы электрон лампа.

ТЕФЛОН ат. Аўқатты күйип кетиўден сақлаў ушын ыдыстың түбине жағылатуғын арнаўлы материал. Полимеризациялық пластиклердиң ишиндеги конструкциялық материал ретинде қолланылатуғыны тек ғана *тефлон* (Химия).

ТЕФТЕЛ ат. Аўқаттың түри болып, майдаланған гөшке гүриш, пияз ҳәм т.б. қосып, домалақ көринисте писириледи. *Тефтел* Швецияның тийкарғы миллий тағамларынан есапланады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕХНЕЦИЙ ат. Менделеев периодлық элементлер системасының VII топарына киретуғын химиялық элемент. Менделеев дәўирлик системадағы нызамлыққа тийкарланып 11элементтиң ашылыўы керек екенлигин (франций, радий, актиний, скандий, галлий, германий, протактиний, полоний, технеций, рений, астат) алдыннан айтып берди (Б.Таңирбергенов).

ТЕХНИК ат. **1.** Орта дәрежели техникалық билими бар қәниге, техника илим тараўының маманы. Мурап қайда, арық ақсақал қайда? *техник* қайда? (Қ.Ирманов). **2.** Техника тараўында ислеўши адам.

ТЕХНИКА ат. **1.** Өндирис қуралларының жыйнағы. **2.** Бир исти орынлағанда қолланылатуғын әдис, тәсил. Өз исиниң *техникасын* ийелеген, механизаторлардың саны жылдан-жылға көбейиўде (Ө.Хожаниязов).

ТЕХНИКАЛЫҚ кел. Техникаға тән, техникаға қатнаслы. Шынында бизиң конструкторлар жүдә талантлы *техникалық* билимлерди меңгерген адамлар (Ғ.Мустафин). **Техникалық бақлаў** – шығарылған буйымлар сапасының көрсетилген стандартлар менен техникалық талапларды қанаатландырыўын қадағалаў хәм өндирислик нуқсанды жибермеў мақсетинде кәсип-өнер орынларында атқарылатуғын жумыслардың жыйнағы. **Техникалық билим** – өндирис, қурылыс, байланыс, үй турмысындағы техникалық мәселелерди шеше билиўге арналған билимлердиң жыйнағы.

ТЕХНИКУМ ат. Арнаўлы ямаса орта дәрежели оқыў орны. Быйыл аўыл хожалық *техникумын* алпыс киси питкерип шықты («Жеткиншек»). Көп санлы ата-аналар, жаслар, соның ишинде, быйылғы жылы жоқары оқыў орынларына оқыўға кириў ушын жетерли балл топлай алмаған абитуриентлердиң колледж хәм *техникумларда* оқыў имканиятын жаратыў мақсетинде абитуриентлердиң хүжжетлерин онлайн қабыллаў мүддети узайтылды. (И.Матеков)

ТЕХНОЛОГ ат. Технология бойынша маман, қәниге.

ТЕХНОЛОГИЯ ат. Материалды ислеў, қайта ислеў усыллары менен процеслери ҳаққындағы билимлердиң жыйынтығы. Сол винолардың ислеў *технологиясын* билмейсең бе? (М.Нызанов).

ТЕХНОЛОГИЯЛЫҚ кел. **1.** Технологияға тийкарланған, тийисли болған. **2.** Материалларды технология бойынша ислеп шығарып бериўдеги метод хәм усыллары менен байланыслы болған. Сондай-ақ, *технологиялық* процесслерди автоматластырыў арқалы оны жедел қәлиплестириў жумыслары әмелге асырылады. Программалық өнимлерди ислеп шығарыў хәм *технологиялық* майданшалар жаратыў арқалы «санлы исбилерменлик»ти раўажландырыў мәселелери қарастырылады (Интернет мағлыўматлары).

ТЕХНОРУК ат. Техникалық басшы, техник, инженер.

ТЕХРЕДАКТОР ат. Техникалық редактор.

ТИГЕЛЬ ат. **1.** Ҳәр қыйлы материалларды қыздырыў ҳәм еритиў ушын пайдаланылатуғын графит ҳәм отқа шыдамлы материаллардан таярланған арнаўлы ыдыс. Мәмлекетимизде графиттен... реңли металлар еритилетуғын *тигеллер* жасаўда, буннан тысқары керамика, бояў өндирисинде пайдаланылады («Пән ҳәм турмыс»). **2.** Баспахана үскенесинде қағазды баспа қәлпине келтириў ушын қолланылатуғын металл плита.

ТИГИЛИЎ тигиў фейилиниң белгисиз дәрежеси. Ол маған узақ *тигилип* турды (М.Нызанов).

ТИГИНИЎ қ. тигиў.

ТИГИРЕК кел. **1.** Тиклеў, дүзиўирек. Көкиректи сәл көтерип, *Тигирек* бас аяғынды (И.Юсупов). **2.** Минези ашыўшағырақ, турпайырақ, шуртырақ.

ТИГИС I ат. Заттың тигилген изи, жип өткен жол.

ТИГИС II тигиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИГИЎ ф. **1.** Жип сабақланған ийне менен кийим тағы басқа затты бириктириў, жыртықты, тесикти жамаў, улыўма затларды тигиў. Мен келгенде Мийирхан кесте *тигип* отыр екен (Ө.Хожаниязов). **2.** Үй, шатыр т. б. Затты көтериў, қондырыў. Қайып өз алдына шаңырақ болғалы үйин Қосыбайға иргелес *тигип* киятыр (К.Султанов). **3.** Қандай да бир өсимликлерди, нәллерди отырғызыў, шаншыў. Нурбаев қула дүзден жаңа жер ашып, оған мийўалы ағашлардың нәллерин *тигипти* (А.Бекимбетов). ◊ **Көз тигиў** – кеўил аўдарыў, көз салыў, қараў, күтиў. Еки *көзин тигип* жолға, Рульди нық тутып қолға (И.Юсупов). **Қулағын тигиў** – дыққат пенен тыңлаў. *Қулағын тигип* аўзын ашып керилип, гүлдир-гүлдир киснеди («Мәспатша»). **Бас тигиў** – басты өлимге байлаў, жолына қурбан болыў. Басты тигип жолыңа, жүрмен «олла» ырасым (А.Бегимов). **Қастын тигиў** – ашыўланыў ғәзеп пенен қараў. *Қастын тигип*, қәҳәрленип, Қасарысып, байың ойран салыпты (К.Султанов).

ТИГИЎЛИ кел. **1.** Тигип қойылған, тигилген. **2.** Үй, шатыр т. б. Затты көтериў, қондырыў. Қап бул жерге қалай әкелингени ядымда жоқ, *Тигиўли* қара үйде есимди жыйдым (Ш.Айтматов). Қос қуўаныш бүгин, йошып турыппан, Қара үй *тигиўли*, келиң тойлаймыз (П.Сулайманов).

ТИГИЎСИЗ кел. Тигип қойылмаған, тигилип питпеген, тигилмеген.

ТИЙ кел. Түп, төмен

ТИЙГИЗИЎ тийиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЙДИРГИШ кел. Мерген, атқыш.

ТИЙДИРИЎ тийиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЙЕК ат. **1.** Муз. Дуўтардың сымын, сабағын, тарын көтерип туратуғын ағаштан исленген зат, ешек. Әсирлердиң аўыр шегин арқалап, Туқыл ашып жаўыр болған *тийегиң* (И.Юсупов). **2.** аўыс. Тетик, тутқа, гилт. Оның тетигин таўып турған қақпанның *тийегин* қайда екенин билмей отыр (А.Аймурзаев). ◊ **Тилге тийек етиў** – айтыўға арзырлық, мақтаўға турарлық. Қарақалпақ хатамтайлары ҳәм олардың бүгинги даўамшылары ҳаққында бир-еки аўыз сөз ... айтылатуғын бул адамның да саўаплы ислери *тилге тийек етиўге* турарлық. Усы 30 жыл даўамында мәмлекетимизде кең көлемдеги реформалар алып барылып, *тилге тийек етерлик* (Интернет мағлыўматлары).

ТИЙЕКЛЕЎ ф. Дуўтарға тийек салыў, қойыў, орнатыў.

ТИЙЕКЛИ I кел. Тийеги бар, тийек салынған, қойылған, орнатылған.

ТИЙЕКЛИ II ат. Қарақалпақ урыўы. Жаўынғырлар Қоңыраттың шеп қанаты есапланып, ол негизинен жети урыўға бөлинген. Булар: **1.** Теристамғалы, **2.** Бақанлы, (Шәўжейлини де тап усы урыў менен байланыстырады), **3.** Тийекли, **4.** Ырғақлы, **5.** Баймақлы, **6.** Қазаяқлы, **7.** Уйғыр (К.Мәмбетов).

ТИЙЕКСИЗ кел. Тийеги жоқ, тийек салынбаған, қойылмаған, орнатылмаған.

ТИЙЕКТЕЙ кел. Тийек сыяқлы, тәризли, яңлы, тийекке усаған, мегзес.

ТИЙЕЛИЎ тийеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТИЙЕСИ кел. Үлес, алатуғын, тийетуғын, сыбаға.

ТИЙЕСИЎ тийеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИЙЕТИЎ тийеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЙЕЎ ф. Бир нәрсеге жүкти ямаса басқа бир затты артыў, салыў, жүклеў. Мал менен қоса дәнди шүйелтип *тийеп* жүкли арбалар-арбаға қағысады (К.Султанов).

ТИЙЕЎЛИ кел. Тийелип турған, тийелген.

ТИЙЕЎСИЗ кел. Тийелип турмаған, тийелмеген.

ТИЙЕЎШИ ат. Бир нәрсеге жүкти, затты жүклеўши, салыўшы, артыўшы. Сол жақта шахтада жүк *тийеўши* деген жумыс таптым, келиншегим де өзим менен бирге ислейди, деди (М.Нызанов).

ТИЙИМЛИ кел. Пайдалы, қолайлы, ықшамлы. Ошақтағы оттың *тийимли* жерин еки баласы менен ҳаялына берип, өзи бир беткей отыр (К.Султанов).

ТИЙИМСИЗ кел. Пайдасы жоқ, пайдасыз.

ТИЙИН ат. Бир сомның жүзден бирине тең пул бирлиги. Усындай баҳаға ийе болған мыс, жез сыяқлы металлардан исленген майда *тийин* пул. – Әне, айттым саған, өзиңе сол керек! Сениң ҳақыйқатшыл, ҳадал болғаның адамлар ушын бир *тийин*! (А.Султанов).

ТИЙИНДИ ат. мат. Еки санды бөлгеннен кейин келип шығатуғын сан.

ТИЙИНЛИК ат. Пул бирлигиниң бир түри.

ТИЙИНСИЗ кел. Пулсыз қалыў.

ТИЙИП-ҚАШЫЎ ф. Бир нәрсени тыянақлы сарсылып ислемей анда-санда бардым-келдим ислеў, қол ушын тийғизиў. Соңда да өжет балықшылар *тийип-қашып*, бәндирги жерлерге аў сала береди (К.Султанов). *Тийип-қашпай* фраз. Ара арасында көриниў.

ТИЙИС қ. тийисли. Сөйтип, болыслар, уездлер, ўәлаятлар бойынша тез күнде жумысқа шақырылыўшылардың дизими алыныўы кереклиги, олардың өзлери менен бирге жыллы кийим-кеншек ҳәм аяқ кийимлерин алып жүриўи *тийис* екенлиги көрсетип өтилди (А.Султанов).

ТИЙИСИЎ тийиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИЙИСЛИ кел. Керекли, миннетли, ҳәжетли. Ертеңине Палўан өзине тийисли жумысты атқарып, бир шелдиң қасына отырды (Ө.Айжанов). Лекин, бәри бир Аллаяр бабамызға *тийисли* ўақыялар спектакльге сыймай, сахнадан тысқарыда қалып кете берди (А.Султанов).

ТИЙИСПЕ ат. Ҳәзил, күлки, дәлкек. Әбден кәмине келтирип пуштарлай баслады, ара-арасында маған да *тийиспе* етип сөз айтады (Ө.Хожаниязов). Бәрекелла, шырағым, келе ғой, – деп *тийиспе* етти (К.Султанов).

ТИЙИЎ ф. **1.** Бир заттың екинши бир затқа тирелиўи, соқлығыўы. Кескир қылыштың бир жүзи болмаса бир жүзи менен *тийип* кетеди (К. Султанов). **2.** Биреўге урысыў, урыныў, топылыс жасаў. Қаттырақ сөйлесем, болыстың кеўлине *тийип* аларман, – деп ойлап қойды ол (К. Ирманов). Көтерилисшилер оннан Хийўа ханы ҳәм яўмытлардың пуқаралардың намысына *тийиўине* шек қойыўын ҳәм бийбастақлықты тоқтатыўын талап

етти (А.Султанов). **3.** Биреўден бир затты алыў, қолга түсириў. Базар тарқағаннан кейин бирнеше деңгенешилер бир қашарды ортаға алып, қоллары қызылға *тийип* қумбыл болып атырған еди (Қ.Айымбетов). Күйеўге, ерге тийиў, турмысқа шығыў. Тәртип бойынша ерге *тийиўди* өзим де билемен (ққ.х.е.). Әкешешем бас болып, зорлап берди, мен көндим, *тийдим* (А.Бекимбетов).

ТИЙИЎШИ ат. **1.** Бир затты алыўшы, қолға түсириўши. **2.** Турмысқа, ерге, күйеўге шығыўшы. **3.** Биреўдиң кеўилин, зейнин қалдырыўшы.

ТИЙКАР ат. Белгили бир нәрсениң түп-тамыры болатуғын ишки мазмун, баслы белги, негиз, уйытқы. Караматдинди көп жибергиси келди де, сөздиң *тийкарын* басла деғендей болды (Ж.Аймурзаев). Усы жуўмақтың *тийкарында* Пүткилаўқамлық Орайлық комитетиниң Орта Азия бюросы 1926-жылдың 14-декабринде өз мәжилисинде Досназаров ҳаққындағы мәселени додалап, қарар қабыл етти (А.Султанов). *Тийкары* ат. Бир нәрсениң негизи, *тийкарғысы.*

ТИЙКАРҒЫ кел. Шешиўши, негизги, ең баслысы. *Тийкарғы* ўақыялардан сизге толық дәрек берип, сораўыңызға жуўап қайтарыўға жүдә шаршадым (А.Бекимбетов).

ТИЙКАРЛАНБАЎ Медицина илиминиң нызам-қағыйдаларына *тийкарланбаған* оның усынысларына муўапық хызметкерлер ҳәр күни хан сарайына балагат жасына келген бир қызды әкелиўи керек еди (А.Султанов).

ТИЙКАРЛАНЫЎ ф. Бир нәрсеге негизлениў, сүйениў.

ТИЙКАРЛЫ кел. Ҳәр тәреплеме изертлеп, үйренип айтылатуғын тыянақлы дәлилленген ой, пикир. Туўры ҳәм *тийкарлы* кеңес нызамы бойынша жуўапқа тартыў соралсын (Ж.Аймурзаев).

ТИЙКАРСЫЗ кел. Негизсиз, дәлилсиз. Ленинград области УНкВдсы айрықша үшлигиниң қарары да *тийкарсыз* еди (А.Султанов). Ол ҳешўақта да буныңдай *тийкарсыз* сөзлерге инанбайды (Ө.Айжанов).

ТИЙПУЛ ат. Базарда отыратуғын орынға салынатуғын салғырт, алым. Салғыртым деп бир алар, Зәкатым деп бир алар, *тийпулым* деп тағы алар,...

ТИЙРЕ ат. **1.** Бир тараўдың бөлеги, түри, шақабы, бөлими. Қосыбай ашамайлы урыўының, «сақыў» *тийресинен* еди (К.Султанов). Ҳаслым мүйтен, *тийреси* Абыз, Бүгин саған сөзи үстем емеспе (Өтеш). **2.** грамм, қ. тире. Тийреси ат.

ТИЙРЕЛЕЎ ф. **1.** Бир тараўды бөлеклерге бөлиў, бөлеклеў. **2.** Сызықша қойыў.

ТИЙТТАЙ кел. **1.** Оғада кишкене, мирттай. **2.** Аз, азғана, азмаз.

ТИЙТЫРНАҚ ат. Жайдың, пақсаның астына салынған тырнақ, астынғы тырнақ, тийдеғи тырнақ. *Тийтырнақтағы* меруерт тастан, Жарма қапы бир ағаштан (Бердақ).

ТИК I кел. Туўры, дүзиў. Бендеден ийбенбестен басын *тик* услап, айыбы жоқ адамдай алшаңлап келе береди (К.Смамутов).

ТИК II кел. Шурт, турпайы, ашыўшақ. ◊ **Тик минез** – минези жаман, ашыўшақ. Баршын қыз да болса, *тик минез*, маған азырақ мәўлет бериң (Н.Дәўқараев).

ТИК АЯҚТАН ТУРЫЎ фраз. Жақыннан жәрдем етиў.

ТИК КЕЛИЎ фраз.

ТИК ҚАРАЎ фраз. Тикленип, тесилип қараў.

ТИК МИНЕЗ фраз. Өжет, ҳеш нәрседен қайтпайтуғын.

ТИКЕЙИСИЎ тикейиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИКЕЙИЎ ф. **1.** Тик турыў, дүзиў, турыў. **2.** Түргелиў, турыў. Уйқыдан қәўип еткен Әмет шешинсе де, басын дастыққа қоймай, *тикейип* отырып қалды (Т.Қайыпбергенов).

ТИКЕЙТИЎ тикейиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКЕН ат. Базыбир өсимликлер менен мийўели ағашларға шығатуғын ийне сыяқлы ушы өткир, киретуғын зат. Тасла ол жийде ғой, *Тикен* бар онда, Сезбейсең қолыңның, қанағанында (И. Юсупов). Табанына *тикен* киргенине де қайылшылығы жоқ (Ө.Хожаниязов).

ТИКЕНДЕЙ кел. Тикен сыяқлы, тикен тәризли, тикен яңлы, тикенге усаған.

ТИКЕНЕК қ. тикен.

ТИКЕНЛИ кел. Тикени көп, тикени бар, тикенге ийе.

ТИКЕНСИЗ кел. Тикени жоқ, тикенге ийе емес, тикени болмаған.

ТИКЕШ ат. Жабылатуғын нанға болар-болмас ҳәртүрли тесик түсиретуғын жиңишке темирден, сымнан, таўық пәрлеринен исленген әсбап. Қызлар рәпийда, оқлаў, *тикеш,* астақталарды алып келиң (Б.Бекниязова). Апам Уғылжаннан алған *тикешин* жойтып алыпты (М.Чимберғенов).

ТИКЕШТЕЙ кел. Тикеш сыяқлы, тәризли, яңлы, тикешке усаған, мегзес.

ТИКЖАР ат. Жасқасы жоқ дәрьяның ямаса жаптың қанары. Салма *тикжар* болған менен онша терең емес (А.Бекимбетов). Абайлап *тикжардан* жасқаға түсти (Х.Сейтов).

ТИКИРЕЙИЎ ф. **1.** Қадалып, ашыўланып қараў, тулланыў. Жылтыр қара жақтырмай Шамуратқа *тикирейип* қарады (К.Досанов). **2.** Шоршыў, үркиў, үрпейиў. Жан жолдаслар бул сөзиме жуўап бер, Не себептен *тикирейипти* қулағы («Қырқ қыз»). Қасында еки ылағы. *Тикирейген* қулағы (Х.Тәжимуратов).

ТИКИРЕЙТИЎ тикирейиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКИРЕҢЛЕНИЎ тикиреңлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИКИРЕҢЛЕТИЎ тикиреңлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКИРЕҢЛЕЎ ф. Айбат шегиў, айбат етиў, қорқытыў, қоқыранлаў.

ТИККЕ р. **1.** Туппа-туўры жүрген, туўры кеткен. Ол бир-еки күнликте повестканы алып, *тикке* военкоматқа кетип қалған (К.Султанов). **2.** Төменге, жоқарыға *тик* қойылған, орнатылған.

ТИККЕЛЕЙ р. Туўрылап, туппа-туўры, дүп-дүзиў, туўра. Бул жынаятлы иске кимлердиң *тиккелей* қатнасы барлығы еле ашылған жоқ (Т.Сейтмуратов). Лекин, Түркстан шөлкеми Әмиўдәрья облгоркомының *тиккелей* наразылығына қарамастан партияның Пүткилаўқамлық Орайлық комитетиниң Орта Азия бюросы А.Қ.Досназаровты қарақалпақтың киши комиссиясының курамында өзгериссиз қалдырды (А.Султанов).

ТИККИЗДИРИЎ тигиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИККИЗИЎ қ. тиктириў.

ТИКЛЕНГЕН кел. **1.** Қурылған, салынған. Бунда ҳәрбир *тикленген* жай. Ҳәр бир түп терек. Сен өсирген нәлше тоғай. Топылыстан берер дәрек (И.Юсупов). **2.** Көтерилген, қадалған, желбиреген. Мәрт болып туўған ер жиғит. *Тикленген* туўды қулатпас, Елге жаўды жолатпас (Бердақ). **3.** Сайланған, қайылған, тайынланған, отырғызылған.

ТИКЛЕНДИРИЎ тиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКЛЕНИЎ тиклеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИКЛЕСИЎ тиклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИКЛЕТТИРИЎ тиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКЛЕТТИРТИЎ тиклеў фейилиниң ерксиз дәрежеси.

ТИКЛЕТИЎ тиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКЛЕЎ 1. ф. **1.** Көтериў, салыў, қурыў, дүзиў, орнатыў. Сержан дүс төменинен жығыла берип, қәддин зорға *тикледи*

(Т.Қайыпбергеков). **2.** Тайынлаў, қойылыў, отырғызыў, сайлаў. Хорезмге хан болып *тикленди* (К.Ирманов).

ТИКЛЕЎ II кел. Минези ашыўшақлаў, шуртлаў, турпайылаў.

ТИКЛЕЎШИ ат. Тиклеп қойыўшы, көтериўши, қурыўшы, дүзиўши, орнатыўшы.

ТИКСИНИЎ ф. **1.** Паңсыў, жеркениў. Тозаңнан *тиксинип*, аўзы-мурнын бастырды (Ж.Аймурзаев). **2.** Тартыныў, сезиклениў. Өтеген *тиксинип*, аржағын айта алмай турды (К.Султанов). Баланың ашыў толқыны бетине теўип турғанын сезген Жумабай қәҳәрин қайтарыў ушын *тиксинип* сөйледи (К.Султанов).

ТИКТИРИЎ тигиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИКТИРТИЎ тигиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛ ат. **1.** Адамлардың бир-бири менен қатнас жасайтуғын, пикир алысып өз ара түсинисетуғын қатнас қуралы. Жағым сиресип, *тилим* гүрмеўге келмей, сылқ етип қулағанымда, басымның аўырғанын сездим (Ж.Аймурзаев). **2.** Жанлы-жаныўарлардың дәм билдиретуғын, сес шығаратуғын бир организми, мүшеси. Басты бөлистирғенде төрт кемпирдиң биреўиниң шегине қашардың *тили* түсипти (Қ.Айымбетов). **3.** аўыс. Ҳәр бир халықтың миллий тили. Оқыў мүддетинде ол рус *тили* менен айрықша шуғылланды (А.Султанов). **4.** аўыс. Бир нәрсениң сыры, тетиги. Истиң *тилин* еркин түсине, Арқалықлар қолда жарқырар (Ш.Мәмбетмуратов). **5.** аўыс. Сааттың ўақыты (минутын, саатын) көрсетип туратуғын көрсеткиш. Сарсыла күткеним соншелли, илиўли турған саатқа қайта-қайта қарайман, оның *тили* бир орыннан қозғалмағандай көринеди (Ө.Айжанов). ◊ **Тили шығыў** – сөйлеў, ғәпти сөйлеўди үйрениў. Соңын ала ол да сөйлейтуғын болды, кем-кемнен *тили* шықты (Ө.Хожаниязов). **Тил алмаў** –өтиништи орынламаў, айтқанды тыңламаў, қылмаў ислемеў. Билгенлерден жөн сора, Нәмәрттиң *тилин алма* («Мәспатша»). Көрдиң бе, анасының *тилин алмай* жүргенин? (Т.Қайыпбергенов). **Тил қатпаў** – үндемеў, сөйлемеў. Әллен ўақытқа шекем сазарып, ҳеш қайсысы *тил қатпады* (К.Султанов). **Тилге ериў** – биреўдиң сөзине исениў, көниў, инаныў. Шуғыл сөзден қолындағы қызың да *тилге ереди* (К.Султанов). **Тилден қалыў** – **а)** сөйлеў уқыбынан айырылыў, сөйлей алмаў. Ол гүң адамдай сөйлесе алмай *тилден қалды* (А.Бекимбетов). **б)** аўырыўы қатты болып естен таныў. **Тили**

келмеў – **а)** айта алмаў, сөйлеўден қалыў. *Тилимиз келмей*, қазыдан неше рет таяқ жегенбиз (С.Хожаниязов). **б)** аўырыўдан тәўир болмаў, дүзелмеў.

ТИЛАЗАР кел. **1.** Тил алмайтуғын, айтқанды ислемейтуғын. **2.** Сөйлеп азап беретуғын, қорлайтуғын, жәбирлейтуғын. Зарлатып Есет гереңди, *Тилазары* бабаң сениң (Бердақ).

ТИЛГИЛЕЎ тилиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИЛДАР қ. дилўар.

ТИЛДИРИЎ тилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛДИРТИЎ тилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛЕК ат. Әрман, мақсет, мурат. Сени көрсем деген бир *тилек* пенен, Кеше клуб жаққа барып едим мен (И.Юсупов). Биреўге өлим *тилегенше*, өзиде жүрим *тиле* (ққ.х.н.). Оның *тилеги* орынланды, ол 1927-жылдың ноябринен тағы да Шығыс халықлары университетиниң тыңлаўшысы болып қабыл алынды (А.Султанов). Еркин заман деп *тилеги*, Шәўкилдеп турса жүреги (А.Дабылов).

ТИЛЕКЛЕС кел. Нийетлес, мақсетлес, мүддәлес. Шынаргүл дер сөзим тамам, *Тилеклесиң* ғәрип анаң (А.Дабылов). Мен сениң оқыўыңа *тилеклеспен*, – деди Дәлжан (Т.Нәжимов).

ТИЛЕКЛЕСЛИК ат. Нийетлеслик, мүддәлеслик. Бердақ көтерилисшилерге өзиниң *тилеклеслигин* билдирди (И.Сағыйтов).

ТИЛЕМСЕК қ. тиленшек.

ТИЛЕНИЎ ф. **1.** Өз ықтыяры менен, өз ерки менен сораныў, өтиниў. **2.** Ел аралап қайыршылық етиў, халыққа аўырманлығын салыў. Бар кете бер, Сен бул жерге ендигиден былай *тиленип* келиўши болма (Ө.Айжанов).

ТИЛЕНШЕК кел. Алымсақ, сораншақ, тилемсек. *Тиленшектиң* өзи тойса да, көзи тоймайды (ққ.х.н.).

ТИЛЕНШИ ат. Қайыршы, дийўана. *Тиленшиниң* мың да бир үйи бар (ққ.х.н.). *Тиленшиниң* сүйген асын ким берер (ққ.х.н.).

ТИЛЕНШИЛИК ат. Мусылманшылық, мийрим-шәпәәт бар бул қалада *тиленшилик* етсең де, жүрек жалғап, күн көриўге болатуғын еди (А.Султанов).

ТИЛЕСИЎ тилеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИЛЕТИЎ тилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛЕЎ ф. Сораў, өтиниў, жалыныў, жалбарыныў. Гүлленген басын ырғалтып, Пахталар ақ жол тиледи (Б.Қайыпназаров). ◊ **Тилек тилеў** – бир нәрсе ҳаққында *тилениў*. Кемпирлер тилек *тилеп* атырғандай басларын ийзейди (Ө.Хожаниязов).

ТИЛЕЎШИ ат. Тиленип сораўшы, жалыныўшы, жалбарыныўшы, өтиниўши.

ТИЛИК ат. Тилинген, кесилген бөлек. Есик алдында ойнап жүрген баланы шақырып алып, қолына бир *тилик* қаўын услатты (ққ.х.е.).

ТИЛИКЛЕНИЎ тиликлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИЛИКЛЕСИЎ тиликлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИЛИКЛЕТИЎ тиликлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛИКЛЕЎ ф. Қаўынды, ғарбызды кесиў, тилиў, жарыў.

ТИЛИМ ат. Кесик, бөлек. Шөлистанда көп күн адасып жүрип бир уртлам суў, бир *тилим* нанға зар болғанда, қойшынын қасына тап болды (ққ.х.е.).

ТИЛИМЛЕНИЎ тилимлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТИЛИМЛЕТИЎ тилимлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛИМЛЕЎ ф. Тилиў, жыртыў, бөлиў.

ТИЛИНИЎ тилиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТИЛИЎ ф. **1.** Жарыў, тиликлеў. **2.** Айырыў, кесиў. Ашыўы келип атаңыз, Табанын оның *тилипти* («Қырқ қыз»).

ТИЛКИМ ат. **1.** Жыртылған, тилинген нәрсе. **2.** Майдаланған, қыйқымланған зат, **Тилким-тилким болыў** – пыррым-пыррымы шығыў, жыртылыў. Темирхан атаның кийимлери *тилким-тилким болыпты* (Т.Қайыпбергенов).

ТИЛКИМЛЕЎ ф. **1.** Жыртыў, тилиў. *Тилкимлеп* оның табанын, Қырқ жарық қылған өкшелерин (Ж.Аймурзаев). **2.** Майдалаў, қыйқымлаў. Ақмақтың саўытын, *Тилкимледи* майданда («Ер Зийўар»).

ТИЛЛА ат. гөн. с. **1.** Химиялық элемент, сары қызғыш реңли баҳалы алтын. **2.** Усы металлдан исленген монета. Қосыбай кисесине қолын урып, еки *тилланы* молланың алдына қойды (К.Султанов). **3.** Усы металлдан исленген зат, буйым. Ақ отаўын тиктирсин, *Тилладан* маржан тақтырсын («Алпамыс»). **4.** аўыс. Бир нәрсениң екинши затқа, *тиллаға* теңлиги, барабарлыгы. Деп айтқанлар заманында көп болды, «Мын, *тиллаға* арзан бир басқан изи» (Омар).

ТИЛЛЕСИЎ ф. **1.** Сөйлесиў, бир-бири менен пикирлесиў. Жүмагүл түйинди, бирақ *тиллесиўге* батылы бармай, тек көз асты менен оған қарап қояды (Т.Қайыпбергенов). Әжинияз усы Гүлбий арқалы қыз бенен *тиллесермен* бе деп киятыр (К.Султанов). **2.** аўыс. Хабарласыў, ушырасыў, жолығысыў.

ТИЛЛЕСТИРИЎ тиллесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИЛЛИ кел. **1.** Шешен, сөзге жүйрик. Өзи жүдә *тилли*, көркем шырайлы, өткир ҳаял болған (Қ.Айымбетов). **2.** ауыс. Аўызлы, бийҳая.

ТИЛМАШ қ. дилмаш.

ТИЛМЕ кел. Бөлекленген, кесилген, тилинген.

ТИЛСИЗ кел. **1.** Гүңелек, сақаў, сөйлемейтуғын. **2.** Бирден сөйлемей қалатуғын, үндемейтуғын. ...оның сораўына жуўғарада жуўап бериўди ойламағандай, *тилсиз* қатып қалды (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Тилсиз жаў** – бирден болатуғын апат, от пенен суўдың ақыбети.

ТИЛСИМ ат. **1.** Сыйқыр, сырлы, астыртын сыр. Қулласы Джонды китаптың *тилсими* өз қушағына сондай етип тартқан еди, оқыған сайын әтирапқа, өмирге болған бийпәрўалықтың орнын қызығыўшылық пенен хәўес әстелик пенен болса да ийелеп алмақта еди (К.Кәримов). Ҳәр биреўге *тилсим* кести, Ҳәр биреўлер етип бести (Өтеш). **2.** ауыс. Ҳәрқандай сырлы нәрсе.

ТИЛСИМЛИ кел. гөн. с. дин. с. Сыйқырлы кәраматлы, жасырын сырлы. Театр, театр – *тилсимли* айна, Бир сырлы күш бар-аў сенде қалайда (И.Юсупов). Китаптан ашып оқылған, *Тилсимли* аспан сырларын (И.Юсупов),

ТИЛСУҚ кел. дин. с. гөн. с. Көз өтиў, көз тийиў. Қызында *тилсуқтан* жабысқан дәрт бар екен, тез суқ шығарып жибере ғой (К.Султанов).

ТИЛХАТ ат. Бир нәрсени алғанлығы жөнинде қол қойып тастыйықлап берилген гүўалық, ҳүжжет. Болыс Шерипти қарыздар етип, *тилхат* жаздырып алып қалған еди (Қ.Ирманов).

ТИЛШИ ат. Тил маманы, тилди изертлейтуғын, тил билими бойынша кәниге адам.

ТИМИСКИЛЕНИЎ ф. Излениў, караныў, түртиниў. Ах, сол гезде ийтлер *тимискиленип*, бизди тапты (И.Юсупов).

ТИМИСКИЛЕЎ ф. Излеў, қараў, тинтиў.

ТИНТИЎ ф. Излеў, қараў. Усы ўақытта Есенгелди жетип келди, жасаўыл үйме-үй *тинтип* киятыр (К.Султанов). Бизлер барған аўылды түнде нөкерлер *тинтти* (Қ.Досанов). ◊ **Тинтип қараў** – тумлы-тусты қалдырмай қарап шығыў, излеў. Ҳәр күни немец солдатлары еки-үш рет үйди *тинтип* қарап кетеди (Қ.Жуманиязов).

ТИНТИЎШИ ат. Излеўши, қараўшы.

ТИНТИНИЎ тинтиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИНТИСИЎ тинтиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИНТКИЛЕЎ ф. Тинтиў, қараў, излестириў. Бир тарда қайсыдур тактты ойнамақшы болып, көзлери менен смычокты *тинткиледи*, буның менен өзиниң Кэтиге деген наразылығын билдирмекши еди, бирақ излеген нәрсеси көзге түсти (К.Кәримов).

ТИП ат. әдеб. **1.** Түр, үлги, образ, характер. **2.** Минези, қулқы. Усындайды кәсип еткен, мениңде дым маман *тип* (Ш.Артық). **3.** биол. Жанлы-жаныўарлардың, өсимликлердиң бир-бирине уқсаслық түрлери.

ТИП-ТИК кел. Туп-туўры, дүп-дүзиў.

ТИП-ТИККЕ кел. Туўры, дүзиў.

ТИРАЖ ат. **1.** Китап, журнал-газета ҳәм басқа да нәрселердиң шыққан нусқалары, саны. «Правда» көп *тиражда* шығатуғын ҳәм таралатуғын газеталардың бири. **2.** Заём ямаса лотереяның утыў ойыны.

ТИРЕ ат. грамм. **1.** Горизонтал сызық (—) түриндеги иркилис белгиси. **2.** қ. сызықша.

ТИРЕК ат. **1.** Сүйениш, исеним, исениш. Перзент *тирек*, Кеўил хошы билгенге (Ә.Шамуратов). Суў болады халықтың күтә кереғи, Жер ислеўдиң ҳәм турмыстың *тиреги* (ққ.поэз.ант.). **2.** Бир нәрсени сүйеўге арналған зат. Жүзимлерге *тирек* әкелиўге кеткен қусайды (Айбек).

ТИРЕЛИЎ I ф. Ырғалыў, питиў.

ТИРЕЛИЎ II тиреў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИРЕНИЎ тиреў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИРЕНИШ ат. Бир нәрсени тиреп қоятуғын зат. Қыйын қыстаўда сүйенетуғын киси, қәўендери, батыры, қорғаны, тирек. Усы турған Саркоптың, Исеними сен едиң, *Тиреништи* сен едиң («Қырқ қыз»).

ТИРЕПБЕРДИ ат. Бир нәрсениң қулап кетпеўи ушын ҳәм көтерип турыўы ушын қойылатуғын зат.

ТИРЕСИЎ ф. **1.** Ийтерисиў, соқлығысыў, қағылысыў. **2.** Шубырысыў, теңселисиў. Көшеде адамлар бир-бирине ийин *тиресип*, сеңдей соғысады (Н.Дәўқараев). **3.** Айтысыў, тартысыў, қарсыласыў, шертисиў. Партылдаған бомбадан да ийбенбей, көкке қарсы ести қайта *тиресип* (Ө.Хожаниязов).

ТИРЕСТИРИЎ тиреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИРЕТИЎ тиреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИРЕЎ ат. **1.** Қоллайтуғын, сүйейтуғын, жақлайтуғын, ғамхор. Қаражанның қатты ашыўы келип, қарамаңлай хан қайғысыз Султан бизге хабарласпай, кимнен *тиреўи*, Кимнен сүйеўи бар екен, елге келген олжаны бизге кеңеспей өзи ала қояма екен,... («Алпамыс»). **2.** Бир нәрсениң қулап ямаса майысып кетпеўи ушын астына, қапталына сүйеп қоятуғын таяныш, өре, тирепберди. *Тирел* турған аспанды. Еки бирдей өре бар (Бердақ).

ТИРЕЎШИ ат. **1.** Бир нәрсени екиншиси менен көтерип, тиреп қойыўшы. **2.** аўыс. Қоллаўшы, сүйеўши, жақлаўшы, ғамхорлық етиўши.

ТИРИ кел. **1.** Тиришилик еткен, өмир сүрген, жаны бар, өлмеген. Айналада екеўинен басқа *тири* жан жоқ (К.Досанов). **2.** Өлмеген, саў, аман. Сап жүреги өртенипти дүт болып, *Тири* келдим ақыр түби қут болса (Т.Жумамуратов) Мен Сапарды *тири* деген дәмем бар (К.Султанов).

ТИРИЙЕК ат. Көкнар мағызынан исленген жент, опиум. Тирийек сатыў мәмлекет тәрепинен қадаған етилген.

ТИРИЙЕКТЕЙ кел. Тирийек сыяқлы, тәризли, яңлы, тирийекке усаған, мегзес.

ТИРИЙЕКШИ ат. **1.** Тирийек жеўге үрдисленген, нәшебент. **2.** Тирийек ислеўши, таярлаўшы.

ТИРИЙЕКШИЛИК ат. Тирийек ислеўшилик, тирийекхорлық, нәшебентлик пенен шуғылланыўшылық.

ТИРИЛЕЙ Р. Тири түринде, тири ҳалында.

ТИРИЛТИЎ ф. **1.** Жан питиў, тиришиликке ениў. Ҳаўазы жер жарған Бийбижан қыздың, *Тирилип* әкелгендей гөрдеги өли (Омар). **2.** аўыс. Мәўлен болса бурында шала жансар еди, енди көзи ашылып *тирилипти* (Ө.Хожаниязов). *Тирилипти* өмир кирип, Көтерилди күн қабағы (И.Юсупов).

ТИРИЛИЎШИ ат. **1.** Жан питиўши, тиришиликке өтиўши. **2.** аўыс. Жанарыўшы, жасарыўшы, түрлениўши.

ТИРИЛТИЎ тирилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИРИШЕ кел. **1.** Қандай да бир нәрсени ислеўге, питкериўге уқыплы, хәрекетшең, шаққан. Ол балам *тирише* болмас деп қорықты (Ө.Айжанов). Оның жаслайынан *тирише* болып, ақырында жоқары билим алып, колхозға баслық болғанына қуўанышлы еди (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Алғыр, өткир, кескир.

ТИРИШИЛИК ат. Өмир, күнделикли хәрекет. – Әйтеўир, *тиришилик* жақсы (К.Султанов). *Тиришиликте* не бар жасаўдан

зыят, Қайтып сүрсең, сөйтип өтер үстиңнен дәўран (И.Юсупов).

ТИРКЕЛИЎ тиркеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТИРКЕС кел. Қатар, жалғас, дизбек.

ТИРКЕСИЎ тиркеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИРКЕТИЎ тиркеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИРКЕЎ ф. **1.** Бир затты екиншисине жалғастырыў, бири-бирине дизиў. Флоттан қарағөрим қашықлықта теңиздиң ортасында 4-5 аштарқанды изине *тиркеген* катер гудок берди (К.Султанов). Еки дийқанның еки қос өгизди *тиркеп*, гүнде сүйретип киятырғанын көрипти (Т.Қайыпбергенов). **2.** Дизимге алыў, есапқа қосыў. Неше түрли сөздиң басын, Шандып *тиркеп* келеди (Б.Исмайлов).

ТИРКЕЎИШ ат. грам. Сөзлерден кейин келип, олардың мәнилерин толықтырып, сол дизбеклескен сөзи менен кейинги сөзлердиң ҳәр түрли қарым-қатнасын аңлатыўшы көмекши сөз.

ТИРКЕЎШИ ат. **1.** Бирин-бирине жалғастырыўшы, дизиўши. **2.** Дизимге, есапқа алыўшы.

ТИРСЕКЛЕЎ кел. Ҳәкислеў, ҳөккилеў, қырсықлаў.

ТИРСЕКЛИК ат. Ҳәкислик, ҳөккилик, қырсықлық.

ТИРСЕК ат. **1.** Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың буўыны, дизесиниң ишки жағы. Жети жасар бала дизесине түскен бөз көйлегиниң етеги менен, аяғын, *тирсегин* суўық самалдан қымтап бүрсеңлейди (К.Султанов). **2.** аўыс. Ҳәкис, ҳөкки, қырсық. *Тирсек,* ҳөкки, қырсық, қыңыр дейсең бе, Толып атыр не бөлелер тағы да (Б.Исмайлов). ◊ **Тирсек бала** – өжет, қайсар, минези шатақ бала.

ТИС ат. **1.** Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың тамақты шайнаўға ямаса бир нәрсени тислеп үзип алыўға бейимленген аўыз қуўыслығындағы сүйеклер дизбеги. Өзинше өкпели екенлигин өспиримниң қас қабағынан, жалған сөйлегегин қызарып кеткенлигинен аңламаған Зулайха төмен қарап, ернин *тислегенде* гүриштей аппақ тислери көринип кетти (К.Кәримов). Тула бойым түршигип, *тислерим* солқылдап, Жүрегимде кек ғазабы қайнады. (Ж.Аймурзаев). *Тиси* шыққан балаға, шайнап берген ас болмайды (ққ.х.н.). Қарсы алдынан қарасаң, *Тислери* мысал гүректей («Мәспатша»). **2.** аўыс. Аўыл хожалығына керекли жерди тырнайтуғын, топырақты майдалайтуғын тырма сүретуғын қуралдың ушы, жүзи. Тырманың *тиси* кетилип

қалыпты. ◊ **Тис қаққан** – көпти көрген, ысылған. **Тис жарыў** – **а)** жас баланың қызыл ийегине тиси шығыўы, көрине баслаў. **б)** аўыс. сөйлеў, пикир билдириў. Түстен кейин бәри де аш болғанын сезди, жейтуғын ҳешнәрсе болмағанлықтан бул туўралы бир-бирине *тис жарып* ҳешнәрсе айтпады (М.Абдрейимов). **Тис қайраў** – а) гижиниў. б) өшегисиў, ерегисиў. Қайғы менен қападан, *қайралды мениң тислерим* («Мәспатша»).

ТИСЕЛИЎ тисеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТИСЕСИЎ тисеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИСЕТТИРИЎ тисеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИСЕТИЎ тисеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИСЕЎ ф. Жарғы, пышқы, дигирман т. б. затлардың жүзин өткирлеў, тисин қайраў. Жумабай азаннан кешке шекем орақ *тисеў* менен болды (ққ.поэз.ант.).

ТИСЛЕМ ат. Нан ҳәм басқа да нәрселердиң бир бөлеги, қурттай, шаппаттай. Буларға жақын келип, ҳаял бир *тислем* нан сорап, бир сөз айтты («Мәспатша»). Өзлериниң нанынан, бир *тислем* нан бермеди («Қырқ қыз»).

ТИСЛЕНИЎ ф. **1.** Қатты ызаланыў, ашыўланыў, сыр бермей, ашыўын сыртқа шығармай, иште сақлаў. – Бизиң бекирени алды! – деп *тисленип* қызғанды (К.Султанов). Бир ўақытта ол *тисленип* турып, бир нәрселерди айта баслады (Т.Қайыпбергенов). Ғарры жағы қарысып қалғандай *тисленип* үн шығармады (Ө.Айжанов). **2.** Бир нәрсениң екинши бир нәрсе менен илинисиўи, усласыўы. **3.** Бир нәрседен жарақатланыў, жараланыў.

ТИСЛЕСИЎ тислеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИСЛЕТКИЗИЎ ф. Бир затты, нәрсени екинши бир затқа, нәрсеге тислетиў.

ТИСЛЕТТИРИЎ тислеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИСЛЕТИЎ тислеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИСЛЕЎ ф. Тис пенен бир нәрсени қымыў, шайнаў, тислеп жибермеў. Өткен иске өкинип, қапа сақал *тиследи* (Ө.Хожаниязов). Алыста жүрсе киснеген, жақында жүрсе *тислеген* (ққ.х.н.).

ТИСЛЕЎИК I кел. Тислеп алатуғын, тислегиш. Тислеўик бала.

ТИСЛЕЎИК II ат. Бир нәрсени екинши нәрсе менен тислететуғын зат, қурал, әсбап, атаўыз. Набатты *тислеўик* пенен майдалады.

ТИТИРЕНИЎ титиреў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТИТИРЕСИЎ титиреў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТИТИРЕТИЎ титиреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИТИРЕЎ ф. **1.** Қатты ашыўланғанда, қорыққанда ямаса қуўанғанда қалтыраў, дирилдеў, Ешимбеттиң тула бойы *титирип*, жүрегиниң соғыўы тезлесип кетти (А.Бекимбетов). Инилеринен қорқып Хийўа хан, Тәнинде *титирип* шийрин жан, Айдосқа қарсы турмады (Бердақ). **2.** Қатты күштиң тәсиринен жердиң, дөгеректиң силкингендей, козғалғандай аўхалда болыўы. *Титирип* қумның қойыны, Мың машина кетти қаплап (И.Юсупов).

ТИТИРКЕНДИРИЎ титиркениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИТИРКЕНИЎ ф. Денеси түршигиў, шимиркениў. Етим титиркенип, шоршып кеттим (Т.Қайыпбергенов). Тула бойым *титиркенип*, қайғының қара булты әтирапымды қаплап кеткендей болды (Ж.Аймурзаев).

ТИТИРКЕНТИЎ титиркениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТИШЎАН ат. Тиске жағатуғын ақ зат. Тислерине *тишўан* жағып, Ара берип өзине, Сүрме жағып көзине («Алпамыс»).

ТКАНЬ ат. биол. Тири заттың, организмниң, тор клеткасы, организм клеткаларының топары.

ТОБА ат. Бир нәрсеге таңланыўды ямаса ырайдан қайтып, өзинен-өзи шүкирлик етип қанаатланыўды билдиреди. Әжеп болды балам деп, Қабыл болды *тобаң* деп («Алпамыс»). ◊ **Тоба қылыў** – **а)** шүкирлик етиў, тәўбеге келиў. **б)** ҳайран болыў, тәслим қалыў. Ешек қылған сумлығына *тоба қылып*, қостан қутылды (ққ.х.е.). **Тоба** – шүкирлик етип қанағат етиўди билдиреди. Жаңылдым неғып *тобадан* (Бердақ). **Тоба етиў** ф. Шүкиршилик етиў. *Тәўбеге* келиў. *Тәўбеге* қылыў.

ТОБАНАЯҚ: тобанаяқ болыў, ф. **1.** Аяқ-қолы ислемей қалыў, мешел болып қалыў. **2.** аўыс. Бир нәрсени ислеўге қуралы болмай қалыў, иркиниште қалыў. Тобанаяқ болыў. Аяқ-қолы ҳәрекетке келмей қалыўы.

ТОБАРСЫТЫЎ ф. тобарсыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОБАРЫСЫЎ ф. Кебиў, қурғаў, исиў. Еки ерни *тобарсып*, пыт-шыт болып жарылып кеткен (Ө.Хожаниязов).

ТОБАРЫЎ ф. Кебиў, қурғаў. Ерни кеўип пақырдың, аўыз-басы *тобарды* («Қырқ қыз»). Шыдамай мәрттиң күшине, Қайтпас деген батырдың, Қызыл жүзи қабарды, Аўзы басы *тобарды* («Алпамыс»).

ТОБЫҚ ат. **1.** Аяқтың жилиги менен табанын байланыстырып туратуғын буўындағы дәнекер сүйек, жумыр сүйек. *Тобығы* ат. Мен аңғалақ ойнағанда таяқ тийгенликтен *тобығым* аўырып, кәтте жатыр едим (К.Смамутов). Жолға шықса ат айрылар *тобықтан*, Бенде қандай қутылады зорлықтан («Қырқ қыз»). ◊ **Дәрья тасса тобығына келмеў** — ҳеш нәрсени ойламайтуғын, пәрўайы пәнсери, уўайымсыз.

ТОБЫҚТАЙ кел. Тобық янлы, тәризли, сыяқлы, тобыққа усаған, мегзес.

ТОБЫЛҒЫ ат. Түри қызғыш ағашқа усаған жабайы гүл, таўлы жерлерде ушырайтуғын өсимлик, буннан көбинесе қамшыға сап ислейди. Қолында гүмис жалатқан *тобылғы* қамшы (К.Султанов). Сен не қылып отырсаң, — деди қамшысының өрими менен *тобылғы* сабын қосып услап (С.Хожаниязов).

ТОВАР ат. Сатыўға, сатып алыўға, алмастырыўға болатуғын, өзиниң белгили қуны, баҳасы бар зат, мийнет өними. Бир күни сатылып атырған *товарлардан* түскен пуллар менен қызыққан Джон сайтқа кирип еди, соңғы бир неше күн ишинде дүкәннің есап бетине түскен пуллардың тек ғана бир неше доллар екенлигин көрип, Кэти менен сойлесиўге асықты (К.Кәримов). Мынаў берген *товарын* жуўдырып тиктир (Ж.Аймурзаев). *Товар* экономикалық категория ретинде капитализм жойылғаннан кейин де, социализм тусында да сақлана береди (Сияс. сөзлик).

ТОҒА ат. Қайыс белбаў, айыл ҳәм зәңги баў қусаған затларды бир-бирине тутастырыў, бекитиў ушын металлдан исленген зат. Белимде үлкен *тоғалы* қайыс белбаў (К.Султанов). Қайыс *тоға* буўдым қыпша белиме, хош-хошласып кеттим салған елиме (Омар). Темир *тоға* ат. Темирден исленген буйым. *Тоғалы Тоғасы* бар.

ТОҒАДАЙ кел. Тоға сыяқлы, тоға тәризли, тоға янлы, тоғаға усаған, тоғайға мегзес.

ТОҒАЙ ат. Жабайы өскен қалың ағашлық, орман. Соқпақ *тоғай* ишинен өтетуғынлығын ойлаған баланың жүреги артына тартып кетти (К.Кәримов). Рота командири Сергеев үш солдатты таңлап алды да, қарағай кесип әкелиў ушын *тоғайға* жиберди (Ө.Айжанов). Ел аралаған сыншы болар, *тоғай* аралаған үйши болар (кк.х.н.). Ерназар қашқынды қуўған жоқ, *тоғайда* қалған жасаўылға қарай жүрди (К.Султанов).

ТОҒАЙДАЙ кел. Тоғай сыяқлы, тоғай тәризли, тоғай яңлы, тоғайға усаған, тоғайға мегзес.

ТОҒАЙЛАНЫЎ фейилдиң белгисиз дәрежеси.

ТОҒАЙЛЫ кел. Тоғайы бар, тоғайы көп. Тоғайлы жер.

ТОҒАЙЛЫҚ ат. Жабайы ағаштың қалың өскен жери, орманлық. Ол заманларда Мойнақ *тоғайлық* болған (А.Бегимов). Жағасы қалын *тоғайлық*, Қойны толы ақсазан, Бәҳәрде шалқып үстинен, Қумартып өткен бирғазан (Т.Сейтжанов).

ТОҒАЙСЫЗ кел. Тоғай өспеген, болмаған, тоғайы жоқ.

ТОҒАЙШЫ ат. Тоғай хызметкери, тоғайда ислеўши адам. Таня баслап түн аўғанда, *Тоғайшылар* ашты суўды (И.Юсупов).

ТОҒАНАҚ ат. Затларды байлаў, буўыў ушын арқанның бир ушына бекитилген ағаштан исленген аша ағаш. Және бир ушын арқанның, *тоғанақтан* өткерип, сырлатып тартып алады («Ер Зийўар»). ◊ **Тоғанақ салыў** – гүресте иштен илиў, шалыў. Арыслан барып тығылды, Жүн шығып кеткен омыраўға, *Тоғанақ* салды ишинен (Д.Дабылов). *Тоғанақ* салыў, ф.

ТОҒАНАҚЛЫ кел. Тоғанағы бар, тоғанаққа ийе. *Тоғанақлы* арқанын керегеде илиўли турған жеринен алып, әтештанның қасына жыйнады (К.Аралбаев).

ТОҒАНАҚСЫЗ кел. Тоғанағы жоқ, тоғанақ тағылмаған.

ТОҒАНАҚТАЙ кел. Тоғанақ сыяқлы, тоғанақ тәризли, тоғанақ яңлы, тоғанаққа усаған, тоғанаққа мегзес.

ТОҒАЛЫ кел. Тоғанағы бар.

ТОҒЫЗ сан. Сегиз бенен онның арасындағы сан. Турпатына қарасаң *тоғыз* жасар түлектей («Мәспатша»). Тойған жерге *тоғыз* кел (ққ.х.н.). *Тоғыз* жүз сан. Бир нәрсениң сан муғдарын билдиреди.

ТОҒЫЗ ҚАБАТ кел. Бир нәрсениң неше қабат екенлигин билдиреди.

ТОҒЫЗЛЫҚ кел. Бир нәрсениң өлшем бирлиги.

ТОҒЫЗЛЫҒЫ ат.

ТОҒЫЗЫНШЫ сан. Қатарлық санлық. Затлардың қатар тәртибин билдирип келеди.

ТОҒЫЛТЫЎ тоғытыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҒЫН ат. Арбаның дөңгелегине, үйдиң шаңарағына ийип исленген ярым дөңгелек ағаш.

ТОҒЫНДАЙ кел. Тоғын сыяқлы, тоғын тәризли, тоғын яңлы, тоғынға усаған, тоғынға мегзес.

ТОҒЫНШЫ ат. Тоғынды ислейтуғын адам, тоғын таярлайтуғын уста.

ТОҒЫС ат. астр. **1.** Күнге қарама-қарсы турған әлемдеги планеталардың турқы. **2.** Көбинесе бәҳәрде, гүзде белгили бир ўақытта келетуғын арнаўлы күнлер.

ТОҒЫСЫЎ ф. Дүгисиў, жақынлаў. Деғенинде жылап қызы, Токсанның *тоғысты* музы (Бердақ).

ТОҒЫТЫЎ ф. Бириниң изинен бирин айдаў. Хорезмли Хасен хан, Ләшкерлерин *тоғытып*, Қалаға ғаўлап киреди («Ер Зийўар). Арбаларды *тоғытып*, Ели-журтын ызғытып, Тастай қамал болыпты («Ер Зийўар»).

ТОҒЫРТҚА ат. Жаплардың, салмалардың суўларын ашыў, жабыў ушын ағаштан ҳәм басқа да затлардан исленген иши қуўыс арнаўлы зат, буйым.

ТОҒЫРТҚАДАЙ кел. Тоғыртқа сыяқлы, тоғыртқа тәризли, тоғыртқа яқлы тоғыртқаға усаған, тоғыртқа мегзес.

ТОҒЫРТҚАЛАЎ ф. Жап, салма т. б. тоғыртқа салыў, қурыў, орнатыў.

ТОҒЫРТҚАЛЫ кел. Жап, салмаларда тоғыртқалардың бар болыўы.

ТОҒЫРТҚАЛЫҚ ат. Тоғыртқа боларлық, тоғыртқаға жарарлық.

ТОҒЫРТҚАСЫЗ кел. Жап, салмаларда тоғыртқалардың болмаўы.

ТОЗ I ат. **1.** Шаң, шаңғыт. Гәҳи *тозын* көреди, гәҳи өзин көреди. Шақмақ оттай шығады, жулдыздай болып ағады («Қоблан»). **2.** қ. тозақ.

ТОЗ II қ. тозыў.

ТОЗАҢ ат. Қыймылдың, қозғалыстың, шамалдың тәсиринен ҳаўаға көтерилген шаң. Батырдың кеўили тасады, Бир төбениң *тозаңын*, Бир төбеге қосады («Алпамыс»). Шегиртке жеди арпаны, Қалыпты *тозаң* топаны. (Бердақ). Қурылысты иркердей-ақ, *Тозаң* бүркип етер қысым (И.Юсупов). Ат шапқанда көз қамасқан *тозаңы*, Сен инансаң хатқа жазған сөзи де («Алпамыс»). *Тозаң* ҳаўа. Шаң, патаслы ҳаўа.

ТОЗАҢҒЫТЫЎ ф. Шаңды көтериў, шаңғытыў. Колхоз аўылының арасын өристен қайтқан маллар *тозаңғытып*, шаңын аспанға шығарды (Т.Қайыпбергенов).

ТОЗАҢЛАТЫЎ тозаңғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЗАҢЛАЎ ф. Шаңның, патаслықтың шаңғытыўы.

ТОЗАҢЛАНЫЎ тозаңлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси

ТОЗАҢЛАНДЫРҒЫШ ат. Ҳаўаны патаслаўшы нәрсе, зат.

ТОЗАҢЛАНДЫРЫЎШЫ ат. Ҳаўаны патаслаўшы нәрсе, зат.

ТОЗАҢЛАНДЫРЫЎ Тозаңлаў фейилиниң белгисиз дәржеси.

ТОЗАҢЛЫҚ ат. Шаңлы, шаңғытлы жер. Балалар тозаңлықта ойнап жүр.

ТОЗАҢЛАЎ ф. Шаңғытыў, патас болыў.

ТОЗАҢЛЫҒЫ ат. Шаң, патас болып атырған жердиң атамасы.

ТОЗАҢЛЫ кел. Топырағы, шаңы шығып патас болып атырған жер.

ТОЗБАЎ ф. Гөнермеў, ескермеў. Кең кийим тозбас, Кеңесли ел азбас (ққ.х.н.).

ТОЗҒАҚ ат. Жекенниң басындағы собығының ушы тозаңлы жумсақ, ақ мамық зат. Гөне кемелердиң жарығын *тозғақ* пенен питеп, минип жүремиз (К.Султанов). *Тозғағы* ат.

ТОЗҒАҚЛЫ кел. Тозғағы бар, көп, тозғақ өсип турған жер.

ТОЗҒАҚСЫЗ кел. Тозғағы жоқ, тозғақ көгермеген.

ТОЗҒАҚТАЙ кел. Тозғақ сыяқлы, тозғақ тәризли, тозғақ янлы, тозғаққа усаған, тозғаққа мегзес.

ТОЗҒАН кел. Гөнерген, ескерген.

ТОЗҒАНЛЫҒЫ ат. Тозған сөзиниң тартымланып қолланылыўы.

ТОЗҒАНЛЫҚ ат. Гөнергенлик, ескергенлик.

ТОЗДЫРҒЫЗЫЎ тозыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЗДЫРТЫЎ тозыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЗДЫРЫЎ тозыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЗ-ТОЗ: тоз-тоз етиў, тоз-тоз болыў ф. Бөлек-бөлек етип ыдыратыў, бас-басына бөлип жибериў, ўайранын шығарыў, бузыў. Мына бала да *тоз-тоз* еткен екен (Ә.Атажанов). *Тоз-тоз* болып дәстем жатыр, Буны шашқан қандай батыр (Бердақ). *Тоз-тоз* қылып, душпанды, Алдына салып айдады («Қырқ қыз»). *Тоз-тоз* болыў. *Тоз-тоз* етиў. *Тоз-тоз* қылыў.

ТОЗЫҒЫ жетиў ф. Бир нәрсениң тозыўы, гөнериўи.

ТОЗЫҚ кел. Гөнерип, тозыўы жеткен, ескерип қалған. Қыз орамалды төрт бүклеп *тозық* қоржынның ишине тығып қойды (Ө.Хожаниязов).

ТОЗЫЎ ф. **1.** Гөнериў, ескериў. Тыныш таппай аяғы, тебингиси *тозады* («Мәспатша»). Шашым сипседей *тозғанша*

күтемен (К.Султанов). Ақ кеўиллиниң аты азбайды, тоны *тозбайды* (ққ.х.н.). Еки мәрттиң сағыты *тозған* тондай сөгилди («Ер Зийўар»). **2.** аўыс. Бас-басына қаңғырып кетиў, посыў, ылағыў. Хийўа ханының зулымлығынан жарлы-жақпайлар тум-туска *тозып* кетти (К.Ирманов). ◊ **Тозыўы жетиў** – гөнериў, ескериў, латтеси шығыў, пайдаланыўдан қалыў. Соңынан гөне қоржыннан *тозыўы жеткен* бир китапты алып, Әжиниязға усынды (К.Султанов). *Тозыўы жеткен* етиктиң баслығын айландырып ойып кесип, геўиш орнына кийип алыпты (Т.Қайыпбергенов).

ТОЙ ат. Турмыстағы қуўанышлы жағдайларға өткерилетуғын салтанатлы жыйын, мереке. *Тойға* барсаң бурын бар, бурын барсаң орын бар (ққ.х.н.). Айт атлыники, *той* тонлыники (ққ.х.н.). Бизиң бир жақын ағайинимиз *той* берип атыр, сени соған шақырып келдим (К.Султанов). ◊ **Той тойлаў** – тойға қатнасыў, барыў. Халқы менен, Гүлайым үлкен *тойды* тойлады («Қырқ қыз»), **Жаслық той** – жаслардың турмысындағы қуўанышлы мереке. Келиң, жаслар фестивальға. Келиң, жаслық *тойына* (И.Юсупов). **Той баслаў** – узатылған қыздың тойында айтылатуғын қәдели қосық. Отырыспалардың басланыўы «*Той баслар*» болады (Ә.Тәжимуратов). **Той-мереке** – салтанатлы жыйын, отырыспа. *Той-мереке* менен садақа, жыйын бир-бириниң қатнасығысыз өтпейди (Т.Қайыпбергенов). **Той-тамаша бериў** – салтанатлы мереке, ойын-күлки. Үш ағайинли жигит елине барып, *той-тамаша берип*, мақсет-мурадына жетеди (ққ.х.е.). **Той-тамаша болыў** – салтанатлы жыйынның болыўы. Мерген алтын қабақ атты, *Той-тамаша болған* екен (Бердақ).

ТОЙ-ТАМАША ат. Жуп сөз. Тамаша, тойда болатуғын қуўанышлы мәўритлерди билдиретуғын сөз.

ТОЙҒЫЗДЫРЫЎ тойыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙҒЫЗЫЎ ф. Аўқатты тойғанша жегиздириў, нәрлендириў. Тез-тез киримди жуўып берип, тамағымды кеўилдегидей *тойғызды* (Ж.Аймурзаев).

ТОЙДЫРТЫЎ тойыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙДЫРЫЎ ф. Аўқат жегиздириў, тойғызыў. Қасындағы қырқ қызды паллар менен *тойдырды* («Қырқ қыз»). Аш-арығын *тойдырып*, ел қуўантып пәтия алды («Мәспатша»). Нийетлери – арқадағы Аралды еслеп, көптен ҳөўес еткен балық қуўырдаққа қарнын бир *тойдырыў* еди (А.Султанов).

ТОЙЛАСЫЎ ф. Тойлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОЙЛАТЫЎ тойлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОЙЛАТТЫРЫЎ тойлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙЛАТЫЎ ф. Тойға қатнастырыў, жыйында, мерекеде болдырыў, тойға жибериў. Ели-халқын *тойлатты*, Аттың жалын тараттты, Мәспатшаның жолына, Алты түлик малының, Бәршесин қоймай тараттты («Мәспатша»).

ТОЙЛАЎ ф. Мерекелеў, байрамлаў, салтанатлы түрде жыйын өткериў, қуўанышты белгилеў.

ТОЙЛАЎШЫ ат. Тойға барыўшы, қатнасыўшы.

ТОЙТАҢЛАЎ ф.

ТОЙТАНЫЎ ф.

ТОЙТАРЫЛЫЎ тойтарыў фейилиниң белгисиз дәрежеси

ТОЙТАРЫСЫЎ тойтарыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОЙТАРЫТТЫРЫЎ тойтарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙТАРТЫЎ тойтарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙТАРЫЎ ф. Темир, полат ҳәм усы сыяқлы нәрсениң, бетин, жүзин қайтарыў, беккемлигин жумсартыў, жалпақлаў.

ТОЙТАРЫЎШЫ ат. Затты тойтаратуғын адам, киси.

ТОЙХАНА ат. Той болып атырған үй, жай, орын. Бул нағыз *тойхана* (Т.Нәжимов). Бизлер келдик, *тойханаға*, Жарма берди қонақларға, Мың бир нәлет Қулманбайға, Тең көрмеген ҳәммелерди (Бердақ).

ТОЙШЫ ат. Тойға барғанлар, қатнасқанлар. Буны көрип *тойшылар*, Жүдә ҳайран болады («Қырқ қыз»). Бала екеў болса, биреўи қойшы, биреўи *тойшы* болар (ққ.х.н.).

ТОЙЫМ ат. Қанаат, нәр. Келтирсем ақыл-ойымды, Дүньяның жоқдур *тойымы* (Әжинияз). Ҳаўа тап-таза, ҳеш *тойымы* жоқ, үсти-үстине симирип жута берсем екен деймен (Ө.Хожаниязов). Қулақтың аңлығаны гәп пенен сөз, оған *тойым* жоқ (С.Хожаниязов).

ТОЙЫМЛЫҚ ат. Бар нәрсеге қанаат етиў. Тойымлығы ат. Тойымлы кел. Тойымсызлығы.

ТОЙЫМСЫЗЛАНЫЎ ф. Тойымсызлық ат. Бар нәрсеге қанаат етпеў.

ТОЙЫМСЫЗ кел. Қанаатсыз, ашкөз, гөркаў. *Тойымсыздан* тон сорама (ққ.х.н).

ТОЙЫНДЫРЫЎ тойыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙЫНТЫЎ тойыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙЫНЫЎ тойыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОЙЫТЫЎ тойыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЙЫТ ф. Тамақты керегинше, тойғанынша жеў, нәрлениў, қанаатланыў. Шопан тамаққа *тойып* болып, жатыўға қолайласты (ққ.х.е.)

ТОЙЫЎ ф. Аўқатқа яки бирер нәрсеге қарны тойыў.

ТОК ат. Өткизгиштеги электр зарядының қозғалысы. Станокқа темир жумысы менен шуғылланыўшы, *ток* жиберип, оны ҳәрекетке келтирди (газетадан).

ТОКАРЬ ат. Токарлық жумыстың шебери, уста. Токари ат. Токарлық кел.

ТОКСИКОЛОГ ат. Диагноз етиўши, организмниң зәҳәрли затлар менен зәҳәрлениў себеплерин үйрениўши, емлеўши медицина қәнигеси.

ТОКСИКОЛОГИЯ ат. (грек. toxikon – *зәҳәр* ҳәм logiya – *илим*) – медицина тараўы, зәҳәрли затлардың физикалық ҳәм химиялық қәсийетлери, олардың тири организмлерге тәсири механизми, зәҳәрлениў белгилерин үйренеди.

ТОКСИН ат. Микроорганизмлердиң өмири даўамында пайда болатуғын зәҳәрли затлар.

ТОҚ кел. **1.** Ишетуғыны, жейтуғыны, кийетуғыны ҳәм басқа да керекли затлары мол, аўқатлы адам. Аш адам не жемейди, *Тоқ* адам не демейди (ққ.х.н.). Бекпанның балаларының тамағы *тоқ* ғой, олардың бизлердей қайғысы жоқ ғой. **2.** Аўқатланған, нәрленген, тамағы тойған. Наз бедеўлер жуўыра алмас *тоғынан*, Қудайым сақлагай жалын шоғынан («Мәспатша»). ◊ **Тоқ етерин айтыў** – гәпти созбай, болар жерин айтыў. *Тоқ етерин айт,* шырағым? Ол муғаллим менен гәплесип отырып, гәптиң *тоқ етерин айтты* (Ө.Айжанов). Тоқ-тоқ, тоқ-тоқ еткизиў, тоқ ишек, тоқ турмыс, тоқ қарын.

ТОҚАЛ ат. гөн.с. Биринши ҳаялдан кейин, оның үстине алынған ҳаял. Ерекең сулайтып салды шапанды, Бас үстине қойды еки *тоқалды* (Бердақ). Биреўи бәйбише, биреўи тоқал бола алмайды (Ж.Аймурзаев). *Тоқал* болыў ф.

ТОҚАЛЛЫҚ ат. Тоқал болатуғын, тоқал боларлық. Сол Арзыны *тоқаллыққа* алыўды, Ойлап узақ көп жумсады қарыўды (И.Юсупов). Аллаярдың бул қызын, *Тоқаллыққа* алмадым («Қырқ қыз»).

ТОҚАЛАҚ кел. Шақсыз, мүйизсиз, шақы жоқ, шақ шықпаған. *Тоқалақ* ешки мүйиз тилеймен деп, қулағынан айырылған (ққ.х.н.).

ТОҚҚЫЗ – тоғыз. *Тоққыз* атлы болыс келди бир жақтан (Бердақ).

ТОҚЛЫ ат. зол. Алты айдан бир жасқа шекемги қозы. Бир *тоқлыны* Ержан инимниң жолына қойды (К.Султанов). Ғарры жүзин солдырды, Сол *тоқлының* етлери, Мыс қазанды толтырды («Қоблан»).

ТОҚЛЫДАЙ кел. Тоқлы сыяқлы, тоқлы тәризли, тоқлы яңлы, тоқлыға усаған, мегзес.

ТОҚПАҚ ат. Бир нәрсени урыў ушын ағаштан шөккиш сыяқлы исленген қурал, әсбап. *Тоқпағы* күшли болса, кийиз қазық жерге кирер (ққ.х.н.). ◊ **Тоқпақ жеў** – аўыс. Таяқ. Ким жегиси келеди, залымлардың *тоқпағын* («Ер Зийўар»).

ТОҚПАҚЛАНЫЎ тоқпақлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОҚПАҚЛАСЫЎ тоқпақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОҚПАҚЛАТТЫРТЫЎ тоқпақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚПАҚЛАТЫЎ тоқпақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚПАҚЛАЎ ф. **1.** Тоқпақ пенен үсти-үстине урыў. **2.** Урғышлаў, дүмпишлеў. **3.** аўыс. Ғарғаныў, зарланыў. Ғарры жер *тоқпақлап* ғарғанды (С.Салиев).

ТОҚПАҚЛАЎШЫ ат. Тоқпақ пенен бир нәрсени урыўшы.

ТОҚПАҚТАЙ кел. **1.** Тоқпаққа усаған, тоқпаққа мегзес, тоқпақ сыяқлы, тоқпақ тәризли, тоқпақ яңлы. **2.** аўыс. Дуғыжым, жуўан, толық. Жаўырынлары қақпақтай, Билеклери *тоқпақтай* («Ер Зийўар»). Шашын *тоқпақтай* еки бурым етип артқа таслаған (Г.Изимбетов).

ТОҚСАБА – қыпшақлардың ураны. *Тоқсаба* уран болған екен (Бердақ).

ТОҚСАН I ат. Қыстық суўық мәўсими, төрт мәўсимниң бири. Жаздың күни болғанда, *Тоқсан* түсти жаўды қар («Қырқ қыз»). ◊ **Қыс тоқсан** – қыстың суўық айлары, мәўсими. Мыс қазандай қайнағанда Саражан, Берилмей ме *қыс тоқсанның* сазайы (И.Юсупов). Ҳәр наз еткенде *қыс тоқсанды* жаз етер (ққ.х.н.). **Тоқсан кириў** – қыс кириў, суўық түсиў, қыстың басланыўы.

ТОҚСАН II сан. Сексен менен жүздиң арасындағы онлық сан. *Тоқсан* кило ҳасыл алды, Ярым қуты пилледен (Т.Сейтжанов). ◊ **Тоқсан баслы** – аўыс. Тоқсан уўық. *Тоқсан баслы* ақ орда, Үй сеники яр-яр (ққ.х.қ;с.ж.). **Тоқсан кириў** ф.

Тоқсан түсиў ф. Тоқсан кило ат. Өлшем бирлиги. Тоқсан бир сан. Тоқсаныншы қатарлық сан.

ТОҚСАЎЫЛ ат. Жарысқан атлардың тоқтап өтетуғын жери. Кеше-күндиз уйқыламай, Бирде күлип ойнамай, *Тоқсаўылдың* орнына, ақ шатыр қурғызып, Халқына йупқа додақ, пилте бармақ он қыз жыйнап, Шашын азадалап қойыпты («Алпамыс»).

ТОҚТАЛЫЎ тоқтаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОҚТАМ ат. Жуўмақ, шешим, нәтийже, тоқтайтуғын жер.

ТОҚТАМҒА КЕЛИЎ ф. Бир шешимге келиў.

ТОҚТАМАСТАН хал фейил топламы. Ис-ҳәрекеттиң даўамлылығын билдиреди.

ТОҚТАМАСТАН ислеў ф. Ис-ҳәрекеттиң даўамлылығын билдиреди.

ТОҚТАСЫЎ тоқтаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОҚТАТТЫРЫЎ тоқтаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚТАТЫЛЫЎ тоқтаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОҚТАТЫЎ тоқтаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚТАЎ ф. **1.** Турыў, иркилип қалыў, жүриўди даўам етпеў, иркилиў, гидириў, жүрмеў. Арзыгүл тезлик пенен адым басып, сыпасының қасына келип тоқтады (Ж.Аймурзаев). Машина есик алдына келип *тоқтады* (С.Хожаниязов). **2.** Толысыў, нығайыў. **3.** аўыс. Түсиндириў, баянлаў. ... оларға баспа-бас *тоқтаў*, ҳәр тәреплеме дәлиллеў керек болады (газетадан).

ТОҚТАЎЛЫ кел. Бир ис-ҳәрекеттиң қозғалысқа түспеген жағдайы.

ТОҚТАЎСЫЗ кел. Иркинишсиз, гидириўсиз. Партизанлар *тоқтаўсыз* штабқа кирип, документлерди сыртқа шығара баслады (К.Досанов). Булардың ҳәммеси бизге қараңғы, сонлықтан ол *тоқтаўсыз* анықлады, тексериўди талап етеди (А.Бекимбетов).

ТОҚТАЎШЫ ат. **1.** Турып қалыўшы, иркилиўши, гидириўши, жүрмеўши. **2.** аўыс. Бир нәрсени түсиндириўши, баянлаўшы.

ТОҚШЫЛЫҚ ат. Молшылық, бардамлық, баршылық, мүтәжсизлик. Жыл жақсы келип, дийқаншылық та, шаруашылық та табыслы болды, елге *тоқшылық* самалы есетуғын болды (Т.Қайыпбергенов).

ТОҚЫЛДАҚ ат. Тик тумсығы менен қатты шоқыйтуғын, өпепек сыяқлы тоғайда жасаўшы жабайы қус. Балаларын

тойдырыўға жем болғандай қурт излеў ушын *тоқылдақ* таң сәҳәрден уясынан ушып шығып, тынбай тоғайды аралайды (газетадан).

ТОҚЫЛДАҚТАЙ кел. Тоқылдақ сыяқлы, тоқылдақ тәризли, тоқылдаққа яңлы, тоқылдаққа усаған, мегзес.

ТОҚЫЛДАТПАЎ ф. Бир нәрсени урмаў, тарсылдатпаў. Ескек, таяўын көп *тоқылдатпай*, узын аўларын дәрьяның ортасына киреди (К.Султанов)

ТОҚЫЛДАТЫЎ тоқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚЫЛДАЎ ф. Тоқ еткен сес шығарыў, тарсылдаў. Ат сүрниктиретуғын томарларды қопарған балталар қулақтың түбинде *тоқылдайды* (Х.Сейтов).

ТОҚЫЛДЫ ат. Тоқылдаған даўыс, сес. Жаңа ғана көзи илинген баслықтың ҳаялы дәрўазадағы қулақты жарып жибererликтей *тоқылдыны* еситип оянды (А.Бекимбетов).

ТОҚЫЛЫЎ тоқыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОҚЫМ ат. Аттың үстине, ердиң астына салатуғын кийиз, т. б. исленген зат. Ноқта салып басына, Жүўен салып аўзына, *Тоқым* салып астына, Писент етпей бул атты («Қоблан»). Ер *тоқымын* арқалады етип бәнт, Ешекти мингенде айтты көп нәлет (К.Ирманов).

ТОҚЫМ САЛЫЎ ф. Атқа отырыў ушын тоқым салыў.

ТОҚЫМА ат. Тоқылған материал, гезлеме.

ТОҚЫМАШЫ ат. **1.** Текстиль хызметкери, қәнигеси. **2.** Гезлеме тоқыўшы, хызметкер яки өнермент.

ТОҚЫМАШЫЛЫҚ ат. Тоқыўшылық кәсиби, усылы, өнери.

ТОҚЫМДАЙ кел. Тоқым сыяқлы, тоқым тәризли, яңлы, тоқымға усаған, тоқымға мегзес.

ТОҚЫМЛЫ кел. Тоқымы бар, тоқым салынған.

ТОҚЫМСЫЗ кел. Тоқымы жоқ, тоқым салынбаған.

ТОҚЫРАЎ ф. **1.** Тоқтаў, иркилиў, бир орында турып қалыў. Отыз жети, отыз сегиз, Келер ме жигирма бес ҳәргиз, Келди енди отыз тоғыз, *Тоқыраған* күнлерим (Бердақ). **2.** қ. тоқтаў.

ТОҚЫСЫЎ тоқыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОҚЫТТЫРЫЎ тоқыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚЫТЫЎ тоқыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҚЫЎ ф. **1.** Нағыслаў, кестелеў, торлаў. **2.** Бир затты тайын етиў, таярлаў, ислеў. Жүннен тоқылған ала қаптың қапталында саз ылайдан үшпелек соғып отырған баласына жекиринди (К.Султанов). **3.** Өриў, дизиў. Егин орыў, қамыс

тоқыў, пишен жыйнаў, шыпта, ший тоқыў – бәрин де қылдың (Қ.Ирманов). **4.** аўыс. Ядында услаў, билиў, сақлаў, ағарыў, үйрениў, айырыў. Қолында қағазы қойнында дөптери, Жоқ, бәринде мийинде *тоқыпты* заңғар (Ө.Айжанов). **5.** аўыс. Есапқа алыў, дизиў.

ТОҚЫЎЛЫ кел. **1.** Нағыслаўлы, торлаўлы, кестелеўли. **2.** Өриўли, дизиўли. **3.** аўыс. Ядында услаў, сақлаўлы. **4.** аўыс. Есапқа алыўлы, дизиўли.

ТОҚЫЎСЫЗ кел. **1.** Тоқылмаған, нағысланбаған, торланбаган, кестеленбеген. **2.** Өрилмеген, өриўсиз, дизиўсиз.

ТОҚЫЎШЫ ат. Тоқыў исиниң маманы, тоқыў кәсиби менен шуғылланыўшы киси, шебер, бир нәрсени тоқып ислеўши.

ТОҚЫЎШЫЛЫҚ ат. Тоқыў кәсиби, маманшылық, тоқыў иси менен шуғылланыўшылық.

ТОЛАЙЫМ кел. Барлық адамлар, көпшилик, ҳәмме. Толайым журт. Барлық адамлар, ҳәмме, көпшилик.

ТОЛАРЫМ р. Жалпы, тегис, бәри. Қаланың бир көшесин *толайым* әкелип қондырған сыяқлы (Т.Қайыпбергенов). Байдың келини аўқаттан соң атамның тарығып жазып жиберген хатын мынаў отырған адамларға *толайым* оқып береди (Қ.Айымбетов).

ТОЛАРСАҚ ат. Асық жиликтиң тобық пенен қосылысқан жериндеги бөлек туратуғын қыйсық сыйрақ, жилик, сүйек.

ТОЛАРСАҚТАЙ кел. Толарсақ сыяқлы, толарсақ тәризли, толарсақ яңлы, толарсаққа усаған, толарсаққа мегзес.

ТОЛҒАҚ ат. Жүкли ҳаяллардың, буўаз жанлы-жаныўарлардың балалаў алдындағы қыйналыў жағдайы. Усы пайыт оны толғақ тутты (К.Кәримов). *Толғақ* келип биресе турады, биресе жатады (Ө.Айжанов). Журт егин-тегинин жыйнап алған мәҳәлде Улбосынды *толғақ* қыстады (Н.Дәўқараев).

ТОЛҒАНДЫРЫЎ толғаныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЛҒАНТЫЎ толғаныў фейилинин өзгелик дәрежеси.

ТОЛҒАНЫЎ 1. ф. Ойланыў, қыйналыў, терең ойға кетиў. Жүректи қозғап жибериў. Ол жас талант қәлем алып *толғанған*, Мен де оған көптен таныс болғанман (И.Юсупов). Караматдийин екеўиниң *толғанып* тапқан ақылы еди (Ж.Аймурзаев). Ҳақ жол тилеп қаламан әсте, *Толғанаман* жазып жырымды (Т.Сейтжанов). **2.** қ. толғатыў.

ТОЛҒАНЫЎШЫ ат. Ойланыўшы, қыйналыўшы.

ТОЛҒАТЫЎ ф. Жүкли ҳаялдың, жанлы-жаныўарлардың босанарда қыйналып аўырыўы, толғақ тутыўы. Көриңлер бул ҳасыл затты, Еситиңлер илтиратты, Қәдир ақшамы *толғатты*, Айы-күни толған екен (Бердақ).

ТОЛҒАТЫЎШЫ ат. Толғақ тутыўшы.

ТОЛҒАЎ I ат. Жыраўлардың, халық шайырларының белгили бир ўақыяға ямаса биреўге арнап еғитилип айтқан жыры. Кемсеңлетип ғаррылардың ийеғин, «Посқан елди» *толғаў* еткен Жийениң (И.Юсупов). Бул сөзлерди қуп тыңлаңыз, Мәзи бир *толғаў* болмасын (С.Мәжитов).

ТОЛҒАЎ II ф. Жазыўшылардың, шайырлардың шығармаларын толғанып айтыўы, жырлаўы.

ТОЛҒАЎШЫ ат. Бир ўақыяны, қосықты, жырды айтыўшы, жырлаўшы.

ТОЛҚЫН ат. Самал менен даўылдың қатты турыўынан пайда болатуғын суў бетиндеги ерсили-қарсылы шайқалыс. Оның қас-кирпиклери жамғырлы, найзағайлы бултлардан жаратылған болып, бултлар егелиўди билмей көшер еди, ал көзлериниң орнында түпсиз көк-көнбек океан *толқынлары* шуўылдап жартасларға келип урылып атты (К.Кәримов). *Толқын* туўлап күшейтсе де ағысты, Үңгий алмас бизиң беккем жағысты (И.Юсупов).

ТОЛҚЫНДАЙ Жүрип киятырып, сап жүреги ағыстағы сүйриктей дирилдейди, *толқындай* туўлайды, батыл жүрекли жигит әлле неден қысынып-қаймығады (К.Султанов).

ТОЛҚЫНЛАНЫЎ толқынлаў фейилиниң озлик дәрежеси.

ТОЛҚЫНЛАСЫЎ ф. Суў ҳәм басқа затлардың қозғалысыўы, шайқалысыўы. *Толқынласын* қуў-қуўатлар, Бузайық жаўдың қорғанын (С.Нурымбетов).

ТОЛҚЫНЛАТТЫРЫЎ толқынлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЛҚЫНЛАТЫЎ ф. Суўды ҳәм басқа нәрселерди қозғалтыў, шайқалтыў. Бүгин жүзиң гүлдей жазық пахтакеш, Көкти *толқынлатып* даңқың пахтакеш (К.Султанов).

ТОЛҚЫНЛАЎ ф. Суў бетиниң ерсили-қарсылы шайқалыўы, қозғалыўы. Кең жерди көлденең кесип өткен канал мәўиж урып *толқынлап* ағып тур (Ж.Аймурзаев). Ол гейде силтидей тынып турады, Гейде *толқынлап* келип жарға урады (И.Юсупов).

ТОЛҚЫНЛЫ кел. Толқыны бар, толқынланған, толқын ескен.

ТОЛҚЫНСЫЗ кел. Толқыны жоқ, толқынланбаған, толқын еспеген. *Толқынсыз* теңиз болмайды (К.Султанов).

ТОЛҚЫТЫЎ ф. **1.** Суйықлықтың шайпалып қозғалыўы, толқынланыўы. **2.** Жигерлендириў. Йошландырыў, ҳәўижлендириў, тасыўы. Бул мәселе әсиресе, Сержанды *толқытты*. Оның сөзлери менин жүрегимди *толқытып* жиберди (К.Султанов).

ТОЛҚЫЎ ф. **1.** Толқынның суў бетинде ерсили-қарыслы қозғалыўы, шайпалыўы. **2.** Қозғалыў, тербелиў, тасыў, бурқасынлаў, күшейиў. **3.** Қозғаў, қубылыў.

ТОЛТЫРҒЫЗЫЎ толыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЛТЫРТЫЎ толыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЛТЫРЫЛЫЎ толыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОЛТЫРЫСЫЎ толыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОЛТЫРЫЎ толыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЛЫ I кел. Бос емес, тығыз орналасқан. Мениң анамның 335 жеўили *толы* дана екен, Мийи *толы* сана екен (А.Дабылов). Аў салса ақшам қайығы ақмарқаға *толы* еди (К.Султанов). Гүлниҳал жас *толы* көзлери менен тигилди (К.Кәримов).

ТОЛЫ II р. Көп, мол. Бул жер ҳәрдайым жас жигитлер менен қыз-келиншеклерге *толы* болатуғын еди (Ө.Айжанов). *Толы* журт. Ҳәмме адамлар. Көпшилик.

ТОЛЫҒЫСЫЎ толығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОЛЫҒЫЎ ф. Жетилиў, жуўаныў.

ТОЛЫҚ кел. Түўел, артық та емес, кем де емес. Дузын *толық* ақламадым журтымның, Еле талай қарызым бар бермеген (Т.Жумамуратов). Қоразбектиң сөзин *толық* тыңлады (Қ.Ирманов). **2.** аўыс. Семиз, ири, жуўан, тайнапыр. Денеси шойындай нық, *толық* денели, узын бойлы жигит екен (К.Султанов). Милиция начальниги қызыл шырайлы, *толық* денели жигит екен (Т.Қайыпбергенов).

ТОЛЫҚЛАНЫЎ толығыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОЛЫҚЛАЎ кел. Жетилискен, жуўанырақ.

ТОЛЫҚЛАЎЫШ ат. лингв. Баянлаўыштың объекти болатуғын екинши дәрежели гәп ағзасы. *Толықлаўыш* туўра, қыя толықлаўыш болып екиге бөлинеди (ққ.т.саб.синт.).

ТОЛЫҚЛЫҚ ат. Жуўанлық, семизлик, толысқанлық. Толықлыгы ат. Тартым жалғаўы

ТОЛЫҚСЫЗ кел. Толық емес, арық.

ТОЛЫҚСЫЗ фейил. лингв. Тил билиминдеги терминлердиң бири.

ТОЛЫҚСЫЎ ф. Кеўли көтерилиў, шадланыў, мәўиж урыў. Карточка табылған мәҳәлде, Жәмийла *толықсып* кетти (Ө.Айжанов). Жүз токсанлық жорғадай, *Толықып* ойнап барады («Алпамыс»). ◊ **Толықсып аққан суў** – суўдың толып, буркасынлап ағыўы. *Толықсып аққан суў* бәхәрде, жазда кәнарына сыймай еки жағасынан асырылып ағып, тармақ-тармақ бир неше өзеклерге бөлинеди (К.Султанов). **Толықсып аққан дәрьядай** – дәрьяның толып ағыўы, буркасынлаўы. *Толықсып аққан дәрьядай*, жүз токсанлық жорғадай («Алпамыс»).

ТОЛЫҚТЫРЫЛЫЎ толықтырыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОЛЫҚТЫРЫЎ ф. Көбейтиў, толтырыў, үстине қосыў. Бердақ шығармаларын жыйнаў, басылып шыққан топламын *толықтырыў* еле де даўам етип атыр.

ТОЛЫҚТЫРЫЎШЫ ат. Жетилистириўши, көбейтиўши, толтырыўшы, жетистириўши.

ТОЛЫСЫЎ ф. **1.** Жетилиў, ержетиў, камалына келиў. Бурынғыға қарағанда *толысайын* депти (Ж.Аймурзаев). Жылай-жылай күни өтти, Жолдас қылып қайғы-дәртти, *Толысып* Гүлим ержетти, Атасы қартайған екен (Бердақ). Жасым *толысқаннан* кейин қыз апамның қолына келдим (А.Бекимбетов). **2.** Семириў, жуўаныў.

ТОЛЫЎ ф. **1.** Бир нәрсениң иши затқа толы болыўы. Оның бир өжиреси китапқа *толды* (Ж.Аймурзаев). **2.** Йошланыў, жетилиў, ырза болыў. **3.** ауыс. Белгили бир жасқа толыў, шығыў, есейиў, жетилиў, үлкейиў, камалына келиў. Айтбайдың баласының жасы жетиге *толып* мектепке оқыўға барды. («Жеткиншек» г.). ◊ **Көкиреги шерге толыў** – дәрт болыў, қайғыланыў, қапаланыў. Нурекең өз қолы менен қурысқан колхозын ойлағанда, *көкиреги шерге толды* (Ө.Айжанов). **Кеўил толыў** – қайыл болыў, қуўаныў. *Кеўлим толып* бир сезимге, Сүўрет турған жерге бардым (И.Юсупов). *Кеўли толып* мәккелерди аралап, Гүлзийрасы мыйық тартты күлимлеп (Т.Сейтжанов). **Толып-тасып** – **а)** оғада көбейиў, тасыў. Әмиўдәрья *толып-тасып* акса да, Бойында отырып шөллеген едик (И.Юсупов), **б)** кеўиллениў, жигерлениў, йошланыў. Әмиўдәрья *толып тасқан*, Мол ғәзийнеге тилегим бар

(И.Юсупов). Ел күшине ырза болып, *Толып-тастым* қуўанғанда (Ж.Аймурзаев).

ТОЛҚЫН ат. Суўдың бетинде самал есиўи нәтийжесинде пайда болатуғын нәрсе.

ТОЛҚЫНЛАНДЫРЫЎ фейилдиң белгисиз дәрежеси.

ТОЛҚЫНЛАНЫЎ ф. қуўаныў.

ТОЛҚЫНЛАСЫЎ фейилдиң шериклик дәрежеси.

ТОЛҚЫНЛАТЫЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТОЛҚЫНЛЫ кел. Суўдың бетинде самал есиўи тәсиринде толқын пайда болыўы.

ТОЛҚЫНСЫЗ кел. Суўдың бетинде толқынның болмаўы.

ТОЛҚЫТЫЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТОЛҚЫЎ ф. Бир нәрсеге қуўаныў, кеўил кейпияты көтерилиў.

ТОЛТЫРЫЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТОЛТЫРЫСЫЎ фейилдиң шериклик дәрежеси.

ТОЛТЫРҒЫЗЫЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТОЛТЫРТЫЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТОМ ат. Базы бир шығармалардың бөлек-бөлек китап болып басылып шығыўы. Жолмурза Аймурзаев шығармалары 2 *том* болып қарақалпақ тилинде басылып шықты. ◊ **Тәжирийбе томы** – топланған, жыйналған тәжирийбе. Өзбек, ол пахтаның агрономы. Ҳәр басқан қәдеми тәжирийбе *томы* (И.Юсупов).

ТОМАҒА ат. Аңға салатуғын қуслардың көзин жаўып турыў ушын басына кийгизетуғын былғарыдан тигилген нықап. *Томағасы* менен суңқар ушарма, Қаршыға ийтелги қустың баласы (А.Дабылов). Қустай ушты ердиң аты, Алған янлы *томағасын* (Ж.Аймурзаев).

ТОМАҒАЛАЎ ф. Аң алатуғын қуска томаға кийгизиў. Томаға салыў ф. Томағасын алыў ф. Томағасы менен ушырыў ф.

ТОМАҒАЛАНЫЎ фейилдиң белгисиз дәрежеси.

ТОМАР ат. Сексеўилдиң, улыўма тоғай ағашларының қуўраған түбири. Қара үйдиң ишин *томардың* қойыў түтини қаплап кетти (Ж.Аймурзаев). Кәниз *томарларды* қапқа салды («Қоблан»).

ТОМАРДАЙ кел. Томар сыяқлы, томар тәризли, томар янлы, томарға усас, томарға мегзес. Ыққан томардай қанғып бир келдик-дә! (К.Султанов).

ТОМАРЛЫҚ кел. Томары көп жер. Томарлы көл – Порлы тау ҳәм Таллық дәрьясының арасындағы жер аты. *Томарлы* көлден суўғарып (Бердақ).

ТОМАРЛЫ кел. Томары көп болған жер.

ТОМАТ ат. Помидордан қайнатылып исленген аўқатлық зат.

ТОМАТЛАЎ ф. Томат салыў, косыў, араластырыў.

ТОМАТТАЙ кел. Томат сыяқлы, томат тәризли, янлы, томатқа усаған, томатқа мегзес.

ТОМАТ САЛЫЎ ф. Аўқатқа қызартатуғын помидордан исленген зат салыў.

ТОМЛЫҚ ат. Китаплардың бөлек-бөлек болып шығарыўы. Көп томлық.

ТОМАЎЫЛ – Шыңғыс ханның баласы. Бириниң аты Томаўыл (Бердақ). *Томаўылдың* қәҳәри қатты (Бердақ).

ТОМПАЙТЫЎ томпайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОМПАЙЫЎ ф. **1.** Көмпейиў, Дүмпийиў. Бүйири мысалы буўдайға толған қаптай *томпайып* шыға келди (Ө.Айжанов). Болысқа сайланған *томпайып* урты, Таяқ тислегендей сорайған мурты (Омар). **2.** ауыс. Бир нәрсеге өкпелеў, ренжиў.

ТОМПАҚ кел. **1.** Семиз, дуғыжым, былшыйған. Орта бойлы *томпақ* киси, Тапыр-тупыр сөйлей қалды (Т.Жумамуратов). *Томпақ* қыздың аты Перийза (Қ.Досанов). **2.** Денеси исик.

ТОМПАҚЛАЎ кел. **1.** Семизлеў, жуўанлаў, дуғыжымлаў. **2.** Дөңислеў, исиклеў.

ТОМПАҚЛЫҚ ат. **1.** Семизлик, жуўанлық, дуғыжымлық. **2.** Дөңислик, исиклик.

ТОМПАҢЛАНЫЎ томпаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОМПАҢЛАСЫЎ томпаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси:

ТОМПАҢЛАТЫЎ томпаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОМПАҢЛАЎ ф. Жас баланың асығып жүриўи, аяқты оңнан-соңнан басыўы. Атасының қолынан жаздырыла алмай *томпаңлап* жүрип киятыр (К.Досанов).

ТОМПАҢЛАЎШЫ ат. Томпаңлап жүриўши.

ТОМПЫЙЫЎ ф. Өкпелеў, түнериў, томпайыў.

ТОМПЫЛДАЎ ф. Томп-томп етиў, томпылдап түсиў.

ТОМПАҢ-ТОМПАҢ етиў ф. Жас баланың оңға-солға аўып жуўырыўы.

ТОМПАҢЛАНЫЎ томпаңлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОМПАҢЛАТЫЎ томпаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОМПАҢЛАЎ ф. Томпаң-томпаң етип жүриў.

ТОМПАЙЫЎ ф. Биреўге өкпелеў. Өкпелеп томпайып отырыў.

ТОМПАЙТЫЎ ф. Бир нәрсени исириў. Томпақ етиў.

ТОМПАЙТҚЫЗЫЎ Фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТОМП-ТОМП ЖЫҒЫЛЫЎ ф. Жүрип баратырып адым жерде жығылыў.

ТОМПЫЛДАЎ ф. Еркелеп жүриў.

ТОМПЫЛДЫ ат. Бир нәрсениң томп-томп еткен даўысы.

ТОМПЫР қ. топыр.

ТОМСЫРАЙМАЎ ф. Томсырайып турмаў, ашыўланбаў, тымсыраймаў, қатыўланбаў.

ТОМСЫРАЙТЫЎ томсырайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОМСЫРАЙЫСЫЎ томсырайыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОМСЫРАЙЫЎ ф. Жақтырмаў, туўланыў, түнериў. Қәмекбай алыстан *томсырайып* өтти (Ж.Аймурзаев). Төребай дәслеп бираз *томсырайып* отырды (К.Султанов). *Томсыраймас* ишимдегини билиң деп (И.Юсупов).

ТОМСЫРАЙЫЎШЫ ат. Томсырайып отырыўшы, түнериўши.

ТОМ-ТОРЫС кел. Үндемес, сөйлемес, ашыўшақ. Халқыңа *Том-торыс* суўық муз болма (А.Дабылов).

ТОН ат. Ийленген қой терисинен, жүн жағы ишине қаратылып тигилген жыллы кийим, постын. Ийнине қой терисинен тигилген *тон* кийген, көзлери әлемге меҳир менен бағатуғын хоширей жигит суғдлар патшасының қолларын сүйип, аяғына бас қойыўды қыялына келтирмеди (К.Кәримов).

ТОНАЛЫЎ тонаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОНАСЫЎ тонаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОНАТТЫРЫЎ тонаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОНАТЫЎ тонаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОНАЎ ф. Биреўдиң мүлкин, затын, кийим-кеншегин зорлық пенен тартып, басып алыў. Қарақшылар байды тутып алып, өзин өлтирип, астындағы атын, үстиндеги кийим-кеншегин *тонап* алмақшы болады (құ.х.е.).

ТОНАЎШЫ ат. Тонап, басып алыўшы, басқыншы.

ТОҢЫЎ ф. Адам денесиниң суўық ҳаўада суўыўы, музлаўы.

ТОҢЫЎШЫЛЫҚ ат. Хаўаның суўық болыўы себепли дененің тоңыўы.

ТОНЛЫ кел. Тоны бар, тонға ийе, тон кийген. Тоң *тонлыники*, ҳайт атлыныки (ққ.х.н.).

ТОНЛЫҚ кел. Тон ҳәм постын тигилетуғын материал.

ТОН ЖАБЫЎ ф. Сыйлы, жасы үлкен инсанға тон сауға етиў.

ТОН КИЙИЎ ф. Ҳаўа райының суўық болыўына байланыслы қалың кийиниў.

ТОННА ат. Мың килограммға тен аўырлық өлшеў бирлиги. Бизиң класстың оқыўшылары быйыл бес мың *тонна* пахта терип, колхозшыларға көмегин тийгизди (А.Бекимбетов).

ТОННАЛАЎ ф. Тонна етиў, тонна етип бөлеклеў.

ТОН ТИГИЎ ф. Мал терисинен исленген суўықта кийиў ушын тигилетуғын сыртқы кийим. ◊ **Тон пишиў.** фраз. Биреўдиң сыртынан билмей турып гәп айтыў, яки ойлаў.

ТОНУС физиол. Нерв орайлары, булшық ет тоқымалары ҳәм артериялар дийўалындағы булшық ет талаларының шаршамай, узақ ўақыт қозғалған ҳалаты.

ТОҢ ат. Суўықтан музлап қатқан топырақ қабаты. Қамыр яңлы жибисип жер *тоңлары*, Амурда сең жүрип, ериди музлар (Т.Сейтжанов). ◊ **Тоң май** – жанлы-жаныўарлардың майларынан шыжытып, күйдирилип алынып қатырған май. *Тоң майға* писирилген палаў да әкелинди («Әмиўдәрья» ж.).

ТОҢАЗЫЎ ф. Музлаў, тоңа баслаў, тоңыў.

ТОҢБАЎ ф. Музламаў, қатпаў. Кебир *тоңбас*, тентек оңбас. Шығымсыздың үйине қонақ келмес (ққ.х.н.).

ТОҢҒАҚ қ. тоңғыш.

ТОҢҒАҚЛАЎ қ. тоңғыш.

ТОҢҒЫШ кел. Суўыққа шыдамайтуғын, суўыққа шыдамсыз, тоңғақ.

ТОҢДЫРҒЫШ кел. Музлатқыш, тоңлатқыш.

ТОҢДЫРМАЎ Музлатпаў, тоңлатпаў. Тағы бир қәсийети, жесең етинди лаплатып, суўыққа *тоңдырмайды* (К.Султанов).

ТОҢДЫРТЫЎ ф. Музлатыў, тоңлатыў, қатырыў.

ТОҢДЫРЫЎ тоңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢҒАЛАҚ: тоңқалақ атыў ф. Жығылыў, домаланыў, ушып түсиў.

ТОҢҚАЛАҚ АСЫЎ ф. Домалаў, жерге жығылып домалаў.

ТОҢҚАЛАҚЛАТЫЎ тоңқалақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢҚАЛАҚЛАЎ ф. Басын төмен салып, аяғын жоқары көтерип айланыў, домалаў.

ТОҢҚАҢЛАНЫЎ тоңқаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОҢҚАҢЛАСЫЎ ф. Бүкшеңлесиў, буққышлаў.

ТОҢҚАҢЛАТЫЎ тоңқаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢҚАҢЛАЎ ф. Баўырын жерге тийгизбей, басын төмен салып бүкшеңлеп жүриў, буққышлаў. Тап сол ўақта берип-берип жиберсе мақаўлар *тоңқаңлап* түспесе еди, – деп Абат баба қызып кетти (Ө.Хожаниязов).

ТОҢҚАҢЛАЎШЫ ат. Бүкшеңлеўши, буққышлаўшы.

ТОҢҚЫЛДАҚ кел. Урысқыш, биймаза, бир нәрсеге тоңқылдай беретуғын. Бурында тоғыз *тоңқылдақ*, бир шәңкилдек он ағайинли киси болыпты, булар өз ара бәрҳама таласып, урысын турынты (ққ.х.е.).

ТОҢҚЫЛДАНЫЎ тоңқылдаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОҢҚЫЛДАСЫЎ тоңқылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОҢҚЫЛДАТТЫРТЫЎ тоңқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢҚЫЛДАТЫЎ тоңқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢҚЫЛДАЎ ф. Урысыў, сөйлениў, быжылдаў, гүбирлеў, биймазалық етиў. Даўысын көтерип, өзинен-өзи *тоңқылдады* (М.Тәжетдийнов). Кел, көмеклес қыршын, – деп *тоңқылдаған* даўыслар еситилди (К.Султанов).

ТОҢҚЫЛДАЎШЫ ат. Сөйлениўши, быжылдаўшы, гүбирлениўши.

ТОҢҚЫЛДЫ I ат. Гүбирли, быжылды.

ТОҢҚЫЛДЫ 1 кел. Гүбирлеген, быжылдаған.

ТОҢЛАНДЫРЫЎ тоңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢЛАНЫЎ тоңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОҢЛАСЫЎ тоңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОҢЛАТТЫРЫЎ тоңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢЛАТЫЎ тоңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОҢЛАЎ ф. Музлаў, қатыў.

ТОҢМОЙЫН кел. **1.** Айтқанға турмайтуғын, келисимге келмейтуғын, турпайы, гүдибузар, тентек, өз айтқаны болмаса, басқаға жеңиллик пенен көнбейтуғын қыңыр, шүрт минез адам! Ағажанлап алдымда, Ойнар ондай *тоңмойын* (Б.Қайыпназаров). **2.** Урыўдың аты.

ТОҢМОЙЫНЛЫҚ аўыс. мәни. Қырсығысыў, ерегисиў, карсы болыў.

ТОҢ ЖЕР Суўықтан қатып қалған жердиң бети. ◊ **Тоң май** – тоңлатылған май. **Тоң ет** – Суўыққа тоңдырылған гөш. **Тоң балық** – музлатқышта тоңдырылған балық гөши, ети.

ТОҢЫЎ ф. **1.** Суўық өткенликтен жаўраў, музлаў, аязлаў, тымаўлаў. Арбаға минсем, *тоңатуғын* болдым (Ж.Аймурзаев). **2.** Суўықтан жер ямаса басқа бир заттың музлаўы, қатыўы, сиресиўи, сәррийиўи. ◊ **Тоңып ояныў** – уйқыдан тоңып түргелиў. Келиншек таң азанда *тоңып оянды* (Х.Сейтов). **Тоңа баслаў** – аязлаў, қатыў, дирилдеў. Бойымды суўық қарып, *тоңа басладым* (Г.Изимбетов). **Қатты тоңыў** – жүдә аязлаў, музлаў. Бала *қатты тоңды* (А.Әметов).

ТОҢЫЎШЫ ат. Аязлаўшы, тымаўлаўшы, музлаўшы.

ТОП I ат. Жыйын, топар. Сайлаў кешиктирилди деп, *топты* дағытты (Қ.Ирманов). Бир *топ* атлы өтип кетти тусымнан, Соң үңгирге бет алғанын көрип-ем (И.Юсупов). Басы *топқа* кирмегенлер, Азамат қәдирин билмес (А.Дабылов). ◊ **Жигерли топ** – жеделли, йошлы, жыйын, топар. Қосқанаттай қуска питкен, *Жигерли топ* келип қалды (И.Юсупов).

ТОП II ат. Оқ ататуғын қуралдың бир түри, зәмбәрәк. Шүйкилдесип оқлар өтер қасыңнан, Гүўилдесип *топ* оғы өтер басыңнан (Ә.Шамуратов). Он мың әскер жыйнатып, Алты *топты* сүйретти («Қырқ қыз»).

ТОП III ат. Ойнаўға арналған шүберектен, жүннен, резинкадан исленген, жерге түскенде секиретуғын домалақ зат. Асық ойнаған азар, *Топ* ойнаған тозар (ққ.х.н.). *Топ* ойнаў, суўда шомылып қалақ ойнаў күтә аз болатуғын еди (Ә.Шамуратов).

ТОП АТЫЎ ф. Топты бир-бирине атып ойнаў.

ТОП ОҒЫ ат. Атыў қуралы. Техникалық қурал.

ТОП ОЙНАЎ ф. Топ пенен ойнаў.

ТОПАЙ к. топай.

ТОПАЛАҢ I ат. Жанлы-жаныўарларда пайда болатуғын аўырыў. Ветеринарлық жәрдем болмағанлықтан революциядан бурын *топалаңнан* көп қой қырылатуғын еди (газетадан).

ТОПАЛАҢ II ат. **1.** Топылыс, хүжим, көтерилис, басқыншылық. Қорғанда жатқан қалмаққа, *Топалаң*-тозаң салады («Ер Зийўар»). **2.** Астан-кестен, тәртипсизлик. Тағы шаўқым-сүрги, тағы *топалады* (К.Султанов). **3.** Әбигерлик, тынышсызлық. Тып-тыныш парахат отырған елге *топалаң* тийди (Ж.Аймурзаев). ◊ **Ала топалаң** – баса-бас, астан-кестен.

Ойламаған жерден Төрткүлдиң иши ала *топалаң* болды да қалды (Н.Дәўқараев).

ТОПАЛАҢШЫ ат. Топылысшы, хүжим жасаўшы, басқыншылық етиўши.

ТОПАН ат. Бийдай, арпа ҳәм басқа да дақыллардың түйеклеғеннен кейинги дәнин айырып, пақалының майдаланып унталған түри. Шегиртке жеди арпаны, Қалыпты тозаң *топаны* (Бердақ). ◊ **Терисине топан тығыў** – аўыс. көрмегенин көрсетиў, азап бериў, қыйнаў. Егер ол алдаса, *терисине топан тығамыз* (Т.Қайыпберғенов). **Топан тасыў** – бийдай, арпа писиктеги суўдың тасқыны. Сол ушын өз ара ғаўқылдасып, *топан тасыўда* суў көбейеди, тарыны мол егемиз десип турыпты (Т.Қайыпбергенов). **Топан суўдай** – бийдай писиктеғи суўдың тасыўы сыяқлы суў тасқыны. Әлем жийегинен бәҳәрги *топан суўдай* ақшыл думан көтерилип киятыр (К.Султанов).

ТОПАН ЕТИЎ ф. Майдалаў, езиў.

ТОПАНДАЙ кел. Топан сыяқлы, топан тәризли, топан яңлы, топанға усаған, топанға мегзес.

ТОПАНЛЫ кел. Топан қосылған, араласқан, топаны бар көп, мол. ...Ишин *топанлы* ылай менен сыбаған қақыраларына кирип атыр (Қ.Ирманов).

ТОПАНЛЫДАЙ кел. Топан қосылғандай, топаны бардай.

ТОПАНСЫЗ кел. Топан қосылмаған, араласпаған, топаны жоқ, көп емес.

ТОПАР ат. **1.** Жыйын, шоқ, топ. Балалардың бир *топары* дүмшелери менен суў әкелип, отқа басып атыр (Т.Қайыпбергенов). Фазыл бир аўылға барып, болыс-ақсақалларға наразы болып атырған бир *топар* жигитлердиң үстинен шықты (Қ.Ирманов). ...Көп узамай бир *топар* адамлар 1916-жылдың 8-январында Хожели қаласының аймағындағы қала ҳәкими Әўезжан бийдиң ҳәўлисине жыйналады (А.Султанов). **2.** Тәреп, группа. Гүлайымдай батырдың, Көбейди әбден *топары* («Қырқ қыз»).

ТОПАРЛАНЫЎ топарлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОПАРЛАСЫЎ топарлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОПАРЛАТТЫРЫЎ топарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПАРЛАТЫЎ топарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПАРЛАЎ ф. **1.** Топ-топқа бөлиў, классификациялаў. Жыйнаў, топлаў, жәмлеў. **3.** Айырыў, бөлиў, бөлшеклеў.

ТОПАРЛАЎШЫ ат. **1.** Топ-топқа бөлиўши, классификациялаўшы. **2.** Жыйнаўшы, топлаўшы, жәмлеўши. **3.** Айырыўшы, бөлиўши, бөлшеклеўши.

ТОПАС кел. Ладан, көргенсиз, билимсиз, мәдениятсыз. Бабахан *топас* зулым ермешилик, ақылсызлық қусаған қәсийетлерге ийе («Мәспатша»).

ТОПАС АДАМ – жаман адам мәнисинде.

ТОПАС БОЛЫЎ ф. Ладан болыў. Көргенсиз болыў.

ТОПАСЛАНЫЎ фейилдиң белгисиз дәрежеси.

ТОПАСЛЫҚ ат. Ладанлық, билимсизлик, көргенсизлик, турпайылық.

ТОПА-ТОРЫСТАН р. Күтпеген жерден, тосыннан, бирден. Усы ўақытта *топа-торыстан* есик ашылып молла кирди (Ә.Шамуратов). Зийбагүл телеграмма бериў орнына Атамурат пенен *топа-торыстан* қушақласып көрисиўди мақул көрди (Ө.Айжанов).

ТОПА-ТОРЫСТАН КЕЛИЎ ф. Бирден, тосаттан, айтпай келиў.

ТОПАЙ ат. Ойынның бир түри.

ТОПАЙ ОЙНАЎ ф. Топ пенен ойналатуғын ойынларды ойнаў.

ТОПЛАМ ат. **1.** Бир адамның ямаса көпшилик адамлардың мийнетлериниң жыйнағы. Қосықлар *топламы* шыққаннан хабарсыз еди (К.Әметов). **2.** Белгили бир тәртипте жыйналған нәрселердиң жыйынтығы.

ТОПЛАМЛЫ кел. Китап яки журналлардың көп нусқада шығыўы.

ТОПЛАМСЫЗ кел. Китап яки журналлардың нусқасыз шығарылыўы.

ТОПЛАНЫСЫЎ ф. Көп адамлардың бир жерге жыйналыўы.

ТОПЛАНЫЎ топлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОПЛАСЫЎ топлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОПЛАТТЫРЫЎ топлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПЛАТЫЎ топлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПЛАЎ ф. Жыйнаў, жәмлеў. Капитан қайтадан колхозға келип жаңа материаллар *топлап* жыйнады (А.Бекимбетов). Таҳполат залымхан ләшкерин *топлап* алады («Ер Зийуар»).

ТОПЛАЎШЫ ат. Жыйнаўшы, жәмлеўши.

ТОПОГРАФ ат. Топография илими менен шуғылланатуғын маман, қәниге.

ТОПОГРАФИЯ ат. **1.** Геодезияның жер бетиниң қурылысын планға, картаға түсиретуғын, изертлейтуғын тараўы. **2.** Жер бетиниң ҳәм бир районның айырым пунктлериниң көриниси.

ТОПОГРАФИЯЛЫҚ кел. Жер бетиниң яки бир орынның картаға яки сызылмаға түсирилиўи.

ТОПОНИМИКА ат. **1.** геогр. Белгили бир жердиң, аймақтың, географиялық атамалардың жыйынтығы. Қарақалпақстан топонимикасы. **2.** лингв. Лексикологияның географиялық атамаларды үйренетуғын бөлими, бөлекшеси.

ТОПОНИМИЯ Қ. топонимика.

ТОПОНИМИКАЛЫҚ кел. Географиялық атамалардың тил билиминиң бир бөлими сыпатында үйренилиўи.

ТОППЫ ат. Ишине пахта салып, сырылып тигилген балаларға арналған бас кийим. Жас балаларға *топпы*, гүпи, көйлек сатып, соның менен күнелтеди (Т.Қайыпбергенов). Бердимурат суўпы болды, Кимге мегзер сениң *топпың* (Бердақ).

ТОППЫДАЙ кел. Топпы сыяқлы, топпы тәризли, топпы яңлы, топпыға усаған, топпыға мегзес.

ТОППЫЛЫ кел. **1.** Топпысы бар, топпы кийген. **2.** сөйл. т. Аўырыўдың түри, жаман кесел, мақаў кесел.

ТОППЫСЫЗ кел. Топпысы жоқ, топпы киймеген.

ТОППЫШЫ ат. Топпы тигиўши адам, ислеўши киси.

ТОПСА ат. Есик, қапы, терезе, шкаф сыяқлы затлардың аңсат ашылып-жабылып турыўы ушын орнатылатуғын металлдан исленген зат, қуллап. Ливадияда сарай иши салқын, *Топса* менен тутқасы сары алтын (И.Юсупов).

ТОПСА САЛЫЎ ф. Қапыға, айнаға аңсат ашылып-жабылыўы ушын салыныўы.

ТОПСАЛАНЫЎ топсалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОПСАЛАСЫЎ топсалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОПСАЛАТЫЎ топсалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПСАЛАЎ ф. Есикке, қапыға, терезеге, шкафқа ҳәм басқаларға топса салыў, қойыў, орнатыў.

ТОПСАЛЫ кел. Топса салынған, топсасы бар, топсаға ийе.

ТОПСАСЫЗ кел. Топса салынбаған, топсасы жоқ, топсаға ийе емес.

ТОПТАЙ кел. Топ сыяқлы, топ тақылетли, топ тәризли, топ яңлы, топқа усаған, топқа мегзес. ◊ **Мәйек топтай думалаў** –домалақ заттың айланыўы, жумалаўы. *Мәйек топтай думалап*, ошақтың ишине ушып түсти (Ж.Аймурзаев).

ТОП-ТОҚАЛАҚ к. тоқалақ.

ТОП-ТОПЫР қ. топыр.

ТОП-ТОҚ кел. Организмниң керекли нәрселер менен тоқ болыўы.

ТОП-ТОМПАҚ кел. Бир нәрсениң әдеттегиден толық, томпақ, семиз болыўы.

ТОП-ТОП кел. Заттың көп болып, орам-орам болыўы. Топ-топ адам. Көп адам.

ТОПХАНА ат. гөн. с. әск. Топтан оқ ататуғын жер. Мине булар гезиндеги *топхана*, Буннан жаўға оқ атылған көп ғана (Т.Сейтжанов).

ТОПЫЛДЫРЫЎ топылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПЫЛЫМ ат. **1.** Жыйын, топар, топ. Тай тапсаң *топылымға* кирме (ққ.х.н.). *Топылымға* қосылған тайдай әўели озса да, узаққа шаба алмай кейинде қалып қойды (Ж.Аймурзаев). **2.** Топылыс, көтерилис, басабас.

ТОПЫЛЫНЫЎ топылыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОПЫЛЫС ат. әск. Алға қарай душпанга қарсы ҳүжим жасаў. Бирақ, мәртлер минут санап, Күшейтпекте *топылысын* (И.Юсупов). Керекли болған күшлерди топлап, таң атқан мәҳәлде *топылыс* басладық (Ө.Хожаниязов).

ТОПЫЛЫСШЫ ат. Душпанға қарсы ҳүжимге шығатуғын әскерлер яки адамлар.

ТОПЫЛЫСЫЎШЫ ат. Топылысқа шығыўшы адамлар.

ТОПЫЛЫСЫЎ топылыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОПЫЛЫЎ ф. Ҳүким етиў, ҳүжим жасаў, қарсы шабыў. Техникалық илим менен, *Топылдық* биз Шөлистанға (Т.Сейтжанов). Дәрбийке бир, шетте бултыйып бираз турды да, соңынан шыдамай жыламсырап, күйеўине *топылды* (К.Султанов).

ТОПЫЛЫЎШЫ ат. Ҳүжим жасаўшы, ҳүжим етиўши, қарсы шабыўшы.

ТОПЫР кел. Ушы қайтқан, жүзи қайтқан, өтпес. Ушы *топыр* көп оқлар, шешкен уақта белбеўди, Саўдырап түсти қойнынан («Қырқ қыз»).

ТОПЫР-ТОПЫР р. Көп адам яки жаныўарлардың бир жерден топарласып шығыўы.

ТОПЫРАҚ ат. **1.** Жердиң үстиндеги жумсақ қабаты. Тегисин айт бул даланың пахтадай, *Топырағын* айт мамық, пахтадай (Т.Сейтжанов). **2.** аўыс. Аймақ, қоныс. Кешеги Украина *топырағындағы* саўашта ғайбар ашыўы қайта қурсады

(К.Султанов). ◊ **Топырақтан тысқары болыў** – тири болыў, өлмеў. *Топырақтан тысқары болсақ* тағы да ушырасамыз, ҳәзирше керискенше хош саў бол! (Н.Дәўқараев).

ТОПЫРАҚЛЫ кел. Топырағы көп, мол.

ТОПЫРАҚЛЫҚ ат. Топырағы көп, шаңлы жер.

ТОПЫРАҚТАЙ кел. Топыраққа усаған, топыраққа мегзес, топырақ сыяқлы, топырақ тәризли, топырақ яңлы.

ТОПЫРЛАНЫЎ топырлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОПЫРЛАСЫЎ топырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОПЫРЛАТЫЎ топырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОПЫРЛАЎ I ф. Топырласып келиў.

ТОПЫРЛАЎ II кел. Өтпейтуғын, кеспейтуғын топыр.

ТОПШЫ ат. Топ атыўшы, зәнбәрәкши.

ТОР ат. **1.** Қерегениң көзиндей етип тоқылып исленген зат. Урыстың қытгершилик жыллары ғой, бир сүйем *тор* бир келеп жипектей қәдирли! (К.Султанов). Мурат үш қырғаўылды *торға* салып алды (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Балық, қус ҳәм басқа да нәрселерди аўлаў ушын тоқылған зат, аў. Ер жаңылып қолға түседи, Қус жаңылып *торға* түседи (ққ.х.н.).

ТОРАЙ ат. Шошқаның баласы, төли. Азан менен *торайлар* гә арман, гә берман қарай топарласып жуўырыў менен болды (Ө.Хожанов).

ТОРАЙДАЙ кел. Торай сыяқлы, торай тәризли, торай яңлы, торайға усаған, тоғайға мегзес.

ТОРАЙЛАЎ ф. Шошқаның төллеўи, балалаўы.

ТОРАҚ ат. **1.** Айранды сүзбе қалтаға қойыўландырып, қайнатып кептирип тулыпқа салып исленген аўқат, тағамның түри. Бул ийт урлық қылар жақын-жырақтан, Кимди айырар майдан, кимди *торақтан* (Әжинияз). **2.** аўыс. Таздың қотыры, таз бастың қайызғағы. Ата-анасы өлип қалып жасынан, Таз басып *торағы* ағып басынан, Жай таба алмай жүрген мынаў шопанлар (Күнхожа).

ТОРАҚЛЫ кел. Торағы бар, торағы көп, торақ қосылған.

ТОРАҚСЫЗ кел. Торағы жоқ, торақ қосылмаған.

ТОРАҚТАЙ кел. Тораққа усаған, тораққа мегзес, торақ сыяқлы, торақ тәризли, торақ яңлы.

ТОРАҚШЫЛ кел. Торақты жақсы көретуғын, тораққумар адам, киси.

ТОРАҢҒЫЛ ат. Тоғайда қыйсық шақалы болып өсетуғын үлкен жабайы дарақтың бир түри. Печьтиң қақпағын ашты

да, оған майдаланған *тораңғыл* отынды толтырып сала баслады (Т.Нәжимов).

ТОРАҢҒЫЛДАЙ кел. Тораңғылға мегзес, тораңғылға усаған, тораңғыл сыяқлы, тораңғыл тәризли, тораңғыл янлы.

ТОРАҢҒЫЛЛЫ кел. Тораңғылы мол, көп тораңғылдың өсип турған жери.

ТОРАҢҒЫЛЛЫҚ ат. Тораңғылы көп болып өсип турған жер.

ТОРАҢҒЫЛСЫЗ кел. Тораңғылы жоқ, тораңғыл өспеген, болмаған.

ТОРАП ат. Жолдың бир-бирине қосылысқан ямаса басқа нәрселердің кесискен жери.

ТОРҒАЙ ат. Денеси пәр менен жабылған мүйиз тумсықлы кишкене дала қус. Шәменлерде сайрап турған бүлбиллер, *Торғайша* жоқ қонар гүли болмаса (Әжинияз).

ТОРҒАЙДАЙ кел. Торғай сыяқлы, торғай тәризли, торғай янлы, торғайға усаған, торғайға мегзес.

ТОРҚА ат. Ең қымбатлы жипектиң бир түри. Тоғыз жасқа келгенде *торқадан* кийим кийгизди («Қырқ қыз»). *Торқа* кийим. *Торқадан* тигилген кийим.

ТОРҚАДАЙ кел. Торқа сыяқлы, торқа янлы, торқа тәризли, торқаға усаған, торқаға мегзес.

ТОРҚАЛЫ кел. Торқасы бар, торқадан исленген.

ТОРҚАСЫЗ кел. Торқасы жоқ, торқадан исленбеген.

ТОРЛАНЫЎ торлаў II фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОРЛАСЫЎ торлаў II фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОРЛАТТЫРЫЎ торлаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОРЛАТЫЎ торлаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОРЛАЎ ф. **1.** Қаўыннын, асқабақтың жетилип, сыртының писиўи, шақмақланып қотырланыўы. Олар ҳә демей *торлап* пискен төрт қаўынды көтерип қайтты (А.Бекимбетов). **2.** аўыс. Писик болыў, ҳәр тәреплеме қанық болыў. Жулдызлар мақпал көкти *торлап* тур (К.Султанов).

ТОРЛАЎ II ф. **1.** Кийим-кеншек т.б. буйымлардың жыртылған жерин сабақ пенен тигиў. **2.** Бир нәрсениң сыртын сабақ пенен тигиў, нағыс салыў. **3.** аўыс. Қаплаў, бүркеў. Жасыл бақа тосқын *торлады* үстин, Сайызлар тынысы тарыла түсти (И.Юсупов).

ТОРЛАЎШЫ ат. Тигиўши, нағыслаўшы, нағыс салыўшы.

ТОРМОЗ ат. Машина, механизм ҳәм усы сыяқлылардың ҳәрекетин пәсеңлетиў яки тоқтатыў ушын хызмет ететуғын бөлеги, механизм системасы.

ТОРМОЗ БЕРИЎ ф. Жүрип баратырған машина яки үскенени иркиў.

ТОРМОЗЛАЎ ф. Машиналардың, механизмлердиң ҳәрекетин пәсеңлетиў яки тоқтатыў, иркиў.

ТОРМОЗЛАЎШЫ ат. Машина, механизм ҳәм басқа да ҳәрекет етиўшилерге тормоз бериўши, иркиўши, тоқтатыўшы, турғызыўшы.

ТОРМОЗЛЫ кел. Тормозы бар, тормозы ислейтуғын.

ТОРМОЗСЫЗ кел. Тормозы жоқ, тормозы ислемейтуғын, тормозы тутпайтуғын.

ТОРПАҚ қ. топырақ.

ТОРПЕДА ат. **1.** әск. Кемелердиң суў асты бөлимлерине зыян тийгизиў ушын қолланылатуғын, өзи жүретуғын суў асты минасы. **2.** ав. Авиация бомбасының бир түри.

ТОРПЕДАЛАЎ ф. Кемелердиң астыңғы бөлимин зыянлаў ушын миналардан пайдаланыў. *Торпедалы* катер.

ТОРПЕДАЛЫ кел. Торпедасы бар.

ТОРС ел. с. Сеске еликлеўиш сөз. Бир нәрсениң түсиўи.

ТОРС ЕТИЎ ф. Бир нәрсениң жерге түсиўи.

ТОРСЫЙЫЎ ф. Исиў, көмпейиў. Бет-жүзи қызарып, көз қабақлары *торсыйды* (К.Аралбаев). Қарға суққан қоллары қып-қызыл болып *торсыйып* кетти (Ө.Хожаниязов).

ТОРСЫҒЫН БАЙЛАЎ ф. Денедеги исип, көмпейген жерин бир нәрсе менен байлаў.

ТОРСЫҚЛАНЫП ИСИЎ ф. Денениң зақым алған жериниң торсықланып исиўи.

ТОРСЫҚЛАНЫЎ ф. Торсықлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОРСЫҚЛАЎ ф. Торсық болыў.

ТОРСЫҚ I ат. Отқа, майға, денеге бир нәрсениң тийиўинен пайда болған зақым, жара, исик.

ТОРСЫҚ II ат. Қымыз қуйыў ушын териден исленген қалта, ыдыс, мес. Жаман атқа жал питсе, жанына *торсық* байлатпас, Жаман ерге мал питсе, жанына қонсы қондырмас (ққ.х.н.). Белинде *торсығы*, қолында уршығы, мың ярым қойдың изинде көзиниң жасын ағызып жүре берди («Алпамыс»).

ТОРСЫЛДАҚ ат. Балықтың ишинде болатуғын иши ҳаўаға толы қалтаға усаған, мәйек сыяқлы жуқа зат. Балықшыға қасын қаққан. *Торсылдақтан* түйме таққан, Қызларың бар сениң мүйтен (Бердақ)..

ТОРСЫЛДАҚТАЙ кел. Торсылдақ сыяқлы, торсылдақ тәризли, торсылдақ янлы, торсылдаққа усаған, торсылдаққа меғзес.

ТОРСЫЛДАТЫЎ торсылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОРСЫЛДАЎ ф. Бир заттың жерге түскенде торс етиўи, тырсылдаўы, томпылдаўы.

ТОРС-ТОРС ТҮСИЎ ф. Бир нәрсениң жерге торсылдап түсиўи.

ТОРТА I ат. Балықтың майда бир түри. Түўесилмес балығы, Ким сүймесин Аралды, Сүўен, сазан, *тортасы*, Жер жүзине таралды (Т.Сейтжанов).

ТОРТА II ат. Сары майды қайнатып күйдиргенде бетине шығатуғын көбик ыдыстың түбине тынған қалдық, қоқым. ◊ **Торта аў** – Майда шабақ сүзетуғын аў.

ТОРТА БАЛЫҚ биол. Балықтың бир түри.

ТОРТАДАЙ кел. Тортаға усайды, тортаға меғзес, торта янлы, торта киби.

МАЙДЫҢ ТОРТАСЫ Май қайнатылғанда түбине шөгетуғын шөгинди.

ТОРЫ кел. Сарғыш қоңырлаў түс, түр. Атаңа нәлет көрғенсиз, кимниң тойын бузады – деп, Токпақ жаллы *торы* атқа, бул да ерди салады («Алпамыс»). ◊ **Қара торы** – қара пәренг сарғышлаў түр. *Қара торы,* күйгелек көзли шырайлы ҳаял қапталымдағыға сыбырлады (К.Султанов).

ТОРЫ АЛА АТ зоол. Аттың бир түри. Қара торы кел. Затлардың реңки.

ТОС қ. тосыў.

ТОСАҢ кел. Әсте, ақырын, жай.

ТОСАҢЛАНЫЎ тосаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТОСАҢЛАСЫЎ тосаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТОСАҢЛАТЫЎ тосаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОСАҢЛАЎ ф. Әстелеп жүриў, ақырынлап ислеў, жай басыў.

ТОСАҢСЫЎ қ. тосаңлаў.

ТОСАТТАН р. Бирден, күтпегенде.

ТОСҚЫЗЫЎ тосыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОСҚЫНЛЫҚ қ. тосқын.

ТОСҚЫНЛЫ кел. Тосқынылық ететуғын заты бар.

ТОСҚЫНСЫЗ кел. Тосқынылық ететуғын заты жоқ.

ТОСҚЫНШЫ ат. Тосқынлық етиўши адам.

ТОСҚЫН ат. Қарсылық, иркиниш, бөгет.

ТОСҚЫНЛАЎ ф. Тосыў.

ТОСҚЫНЛАНЫЎ Тосқынлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОСТ ат. Биреўдиң жақсы хызметлерине, хүрметине айтылған сөз, жақсы тилек. Не бир шийрин сөзлер менен жақсы *тостлар* да айтылыўда еди (Б.Исмайлов). Уездной *тост* көтерди (К.Аралбаев).

ТОСТАҒАН ат. Ағаштан ямаса басқа заттан жасалған кишилеў дөңгелек ыдыс, кишкене табақ. Көкнар езип ишетуғын оның мыстан жасалған *тостағаны* бар (Ә.Шамуратов). Кишкене сырлы *тостағанға* гөже қуя баслады (К.Досанов). ◊ **Көзи тостағандай** – бадырайған үлкен дөңгелек көз.

ТОСТАҒАНДАЙ кел. Тостаған сыяқлы, тостаған тәризли, тостаған яңлы, тостағанға мегзес, тостаған сыяқлы.

ТОСТЫРЫЎ тосыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТОСЫЛЫЎ тосыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОСЫННАН р. Күтпеген, ойламаған жерден, тосаттан. *Тосыннан* қалаға келип қалды, ондағы ойы баласына костюм сатып алыў еди (Ө.Айжанов).

ТОСЫЎ ф. **1.** Күтиў, қарсы алыў. Жолды *тосып* жолаўшыны қамаса, Тартып жаза көрер ели тамаша (И.Юсупов). **2.** Жас бөпени, баланы далаға шығарыў. Жас баланы жатар алдында *тосқан* мақул. ◊ **Қулағын тосыў** – тыңлаў, сығалаў. Ол не? – деп Қәлмен сыртқа *қулағын тосты* (К.Султанов).

ТОСЫЎШЫ ат. **1.** Күтип алыўшы, қарсы алыўшы. **2.** Жас бөпени, баланы далаға шығарыўшы.

ТОТ қ. тат.

ТОТ БАСЫЎ ф. Темир буйымларының тат басыўы, зәңлеўи, қарайыўы.

ТОТЫҒЫЎ ф. Тат басыў, зәңлеў, қарайыў. Жигит ис пенен ысылып *тотыққанын* ашар жүрер (С.Мәжитов).

ТОТЫДАЙ кел. Тоты сыяқлы, тоты яңлы, тоты тәризли, тотыға усаған, тотыға мегзес.

ТОТЫҚЛАНЫЎ Тотықлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТОТЫҚЛАЎ ф. Тот басыў. Зәң басыў.

ТОТЫҚЛЫ кел. Зәңи бар, зәңлескен.

ТОТЫҚСЫЗ кел. Зәңи жоқ, зәңлеспеген.

ТОТЫ: тоты қус ат. **1.** Узын қуйрықлы қырғауыл тукымлас түрли түсте болатуғын сулыў қус. Тоғай түси *тоты* қустың пәриндей, Көрмейсең бе мың қубылып турғанын (И.Юсупов). **2.** Ҳаял-қызлардың аты, исми,

ТОТЫ ҚУСТАЙ кел. Тоты қуска усаған, тоты қуска мегзес, тоты қус сыяқлы, тоты қус тәризли, тоты қус яңлы. Сен өзиң Гүлбазар *тоты қустай* көзиң, Аспандағы айдай жарқырар жүзиң (Омар).

ТОТЫЯ I ат. Халық түсиниги бойынша таўдан табылатуғын дәриниң бир түри.

ТОТЫЯ II кел. **1.** Қәдирли, қымбатлы, ҳасыл, баҳалы. Көзиме *тотыя* излериң сениң, Жанымның жананы жаным Гүлайым (Омар). **2.** Ҳаял-қызлардың аты, исми.

ТОТЫЯДАЙ кел. Тотыя сыяқлы, тотыя тәризли, тотыя яңлы, тотыяға мегзес, тотыяға усаған.

ТОЧКА ат. **1.** Иркилис белгисиниң аты. Қос *точка.* Үтирли *точка.* **2.** Бәри, ҳәммеси. Қалдырмастан ҳәр *точкасын* ҳәр сөзиң, Оқып шық сен бул китапты он рет (Б.Исмайлов). **3.** Белги, дақ, қал. Алдынғы ыйығында еки қара *точкасы* бар (Ә.Жәлменов).

ТОЯТ ат. Қуска берилетуғын жем, тамақ, аўқат, көрек. Қустың жеми *тоят* болды, Қылған исиң уят болды (Бердақ).

ТОЯТ АЛЫЎ – кеўли толыў, қанаатланыў. Ислеримди көриўге кел, *Тоят алсын* көзим ғана (Б.Қайынназаров).

ТӨБЕ I ат. Топырақтан, кумнан ямаса тастан үйилип қалған бийик төбешик, дөң жер. Қудияр бир *төбеге* шығып, еки ийттиң қызығына қарады да турды (К.Султанов). Мәсләҳәт *төбеге* барайық, Айналайын инилерим (Бердақ).

ТӨБЕ II ат. **1.** Бастың ең үстиндеги бөлеги, үсти. Бул гәп мениң *төбеме* муз қуйғандай болды (Ә.Шамуратов). Гә қуўарып, гә бозарып келбет-нишини атып киятырған тандай қубылып, денеси безгек тийгендей қалтырап ғәзеби атлыққан Сапарға Сәлийманың *төбеси* жалпыйып шөккен қақырасының ҳаўасы тарлық еткендей өкпеси исти (К.Султанов). **2.** Жайдың жоқарғы жабылған жағы. Жайдың *төбеси* ортасына түсти (Т.Қайыпбергенов). **3.** Бир заттың ең бийик жери. ◊ **Төбеси көкке тийиў** – нийетине жетиў, тилеги орынланыў. *Төбеси көкке тийгендей* болды (Ө.Хожаниязов). **Төбе шашы тик турыў** – азарланыў, үрейи ушыў, ыза болыў. Тақ қалғаннан *төбе шашы тик турды* (Б.Исмайлов). **Жүреги тас төбесине шығыў** – қатты

қорқыў, шоршыў. Жолбарыстың даўысын еситкенде, *жүрегим тас төбеме шықты* (ққ.х.е.). **Төбесинен орын бериў** – ҳүрметлеў, иззетлеў. Устаз болған рус шайырларына, Мен *төбемнен орын бергим* келип тур (А.Дабылов). **Бир төбе – а)** бир затты бир неше зат пенен салыстырғанда оның айрықша, артық, жақсы екенлигин көрсетеди. Әне ер жигитке келген мәртебе, фашистлер бир жоқдур, Өзиң *бир төбе* (С.Нурымбетов). **б)** бөлек, дана.

ТӨБЕДЕЙ кел. Төбе сыяқлы, төбе тәризли, төбе яңлы, төбеге усаған, төбеге мегзес.

ТӨБЕЛ ат. Малдың маңлайында болатуғын киширек, дөңгелек ақ түс. *Төбел* торы атқа минин алып шабандозлы өнер көрсетти (К.Смамутов). *Төбел* торы жорға өз алдына бир турған жылқы еди, ҳеш қамшы сүймейди, тек дизгинин жаздырсақ болғаны, қустай ушады (К.Султанов). *Төбел* тон.

ТӨБЕЛДЕЙ кел. Төбел сыяқлы, төбел яңлы, төбел тәризли, төбелге усаған, төбелге мегзес.

ТӨБЕЛЕНИЎ төбелеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТӨБЕЛЕС ат. Жәнжел, урыс. *Төбелести* оғада жек көретуғын едим (Ж.Аймурзаев). *Төбелести* қысқартпақшы, Байлап таслап Зарманды (А.Дабылов).

ТӨБЕЛЕСИЎ ф. Жәнжеллесиў, жудырықласыў, айқасыў, урысыў. Жалғас өр көкиреклеў еди, тақыр жерден шаң шығарып *төбелесип* қала береди (К.Смамутов).

ТӨБЕЛЕСКИШ кел. Урысыўды, айқасыўды жақсы билетуғын, урысқыш.

ТӨБЕЛЕСТИРИЎ төбелесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨБЕЛЕТИЎ төбелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨБЕЛЕЎ ф. Бир нәрсени ҳәр жерге бөлиў, айырыў, бөлшеклеў.

ТӨБЕЛЕЎШИ ат. Бөлиўши, бөлшеклеўши, айырыўшы.

ТӨБЕЛИ кел. Төбеси бар, төбеге ийе, төбеси болған.

ТӨБЕЛИК ...Ески қорған қалдықлары бәлентликте жайласқанлықтан оған көтерилиў әдеўир қыйынлық туўдырды, әдетте ески қорғанлар алабындағы естеликлердиң барлығы да *төбеликлерде* жайласқан, олардың биразлары тәбийғый бийик орынлар болса, биразлары инсанның мийнети менен топырақтан үйилгенлиги көринип турар еди (К.Кәримов).

ТӨБЕСИ КӨККЕ ТИЙИЎ фраз. Адамның бир нәрсеге қатты қуўаныўы.

ТӨБЕСИЗ кел. Төбеси жоқ, төбеси болмаған.

ТӨБЕТ ат. Ийттиң көпеги, еркеги. Айдалада айға үрген *төбетлер*, Көштен қалып жол бойында гүм болар (И.Юсупов). ◊ **Төбет** - шериўши урыўының бабасы. **Шериўшиде төбет** - тайлақ (Бердақ).

ТӨБЕТТЕЙ кел. Төбет сыяқлы, төбет тәризли, төбет янлы, төбетке усаған, төбетке мегзес.

ТӨБЕ ШАШ Адамның басының орайына яки төбесине шаш өсирип қойыўы.

ТӨБЕШИК ат. Дөң хәм бийик болып турған жер, төбениң кишкене түри.

ТӨБЕШИКТЕЙ кел. Төбешикке усаған, төбешикке мегзес, төбешик сыяқлы, төбешик янлы, төбешик тәризли.

ТӨГИЛИЎ төгиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТӨГИН ат. Егис жерлерин азықландыратуғын дәрис ямаса химиялық жол менен исленген минерал затлар. Биреўлери *төгин* төксе, биреўлери қос айдайды (Т.Қайыпбергенов). Шор болып қалған жерине, ҳасыл *төгин* төккизди («Қырқ қыз»).

ТӨГИНДЕЙ кел. Төгинге усаған, төгинге мегзес.

ТӨГИНЛЕЎ ф. Жерге төгин төгиў, төгин бериў.

ТӨГИНШИ ат. Жерге төгин төгетуғын адам.

ТӨГИСИЎ Төгиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӨГИЎ ф. Затты бир орыннан екинши орынға ақтарыў, аўдарыў, шашыў, қуйыў. Ҳеш екиленбестен олжа ушын қан *төгиўге* таяр болған кеңесшилер бул сораўға жуўап бериўге таяр емес еди (К.Кәримов). Қора ишине аўмастырылып, таза қум *төгип* турады (Ө.Айжанов). ◊ **Нурын төгиў** – сәўлесин түсириў, жайыў, жарқыраў. Булт тарқап, жадырап күн шықты да, қуяш жер бетине *нурын төге* баслады (Ө.Айжанов).

ТӨГИЎШИ ат. Аўдарыўшы, ақтарыўшы, шашыўшы, қуйыўшы.

ТӨЗИМ ат. Шыдам, тақат. Даўылға *төзим* бермей базы бир тереклер қулап атыр («Жеткиншек» г.).

ТӨЗИМЛИ кел. Шыдамлы, беккем. Шынар тамыры қанша кетсе тереңге, Сонша бийик, сонша желге *төзимли* (И.Юсупов).

ТӨЗИМЛИЛИК кел. Шыдамлылық, беккемлик.

ТӨЗИМСИЗЛИК кел. Шыдамсызлық.

ТӨЗИМСИЗ кел. Шыдамсыз, беккем емес.

ТӨЗИЎ ф. Шыдаў, көниў, көнлигиў. Төздиң сен ыссыға, суўыққа, отқа, Сулыўлығың қарыйдарды молайтты (И.Юсупов).

ТӨЗИЎШИ ат. Шыдаўшы, көниўши, көнлигиўши.

ТӨККИЗДИРИЎ төгиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨККИЗИЎ төгиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨККИШ кел. **1.** Суйықлықты, бир нәрсени жақсы төге билетуғын адам. **2.** Суйықлықты бир жерден екинши бир жерге алып төгетуғын қурал, әсбап.

ТӨКПЕ кел. Хеш нәрсени аямайтуғын, қолы ашық. *Төкпе* шайыр. Қосық қатарларын ядтан турған жеринде айтыў.

ТӨКТИРИЎ төгиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨЛ ат. **1.** Малдың жас туқымы, баласы. Жер гүңирентти маллардьң, Жас *төллер* анасын емер таласып (С.Нурымбетов). **2.** аўыс. Урпақ, туқым, әўлад. Қысылғанда қол бермеген, тарықканда жәрдем етпеген, азғын *төлди* пахтадай түтсе қәйтеди (К.Султанов).

ТӨЛЛЕНИЎ төллеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӨЛЛЕТТИРИЎ төллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨЛЛЕТИЎ төллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨЛЛЕЎ ф. Туўыў, балалаў. Бәҳәрде мал да *төллейди*, отшөп те көгереди.

ТӨЛЛЕЎШИ ат. Туўыўшы, балалаўшы.

ТӨЛЕ ат. Жерди қазып, үстин бастырған баспана, отыратуғын жай. Ерлер жыйнап күши менен ғайратын, Жаўды куўды *төле* менен қорадан (Ж.Аймурзаев). Гөне *төлениң* аўзы алыстан-ақ көринди (Х.Сейтов). Сизиң жер *төлениң* аўзына барып жатайық (Т.Қайыпбергенов).

ТӨЛЕДЕЙ кел. Төле сыяқлы, төле тәризли, төле яңлы, төлеге усаған, төлеге мегзес.

ТӨЛЕМ ат. Керекли нәрсе, зат ушын төленетуғын ақша муғдары.

ТӨЛЕМЛИ кел. Пуллы, Ақша төлейтуғын нәрсе.

ТӨЛЕМСИЗ кел. Пулсыз. Ақша төлемейтуғын нәрсе.

ТӨЛЕНИЎ төлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТӨЛЕСИЎ төлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӨЛЕТТИРИЎ төлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨЛЕТИЎ төлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨЛЕЎ ф. Бир заттың ныркын, қунын, баҳасын өтеў. Мийманхананың сегизинши қабаттағы буфетте ишкен кофеси менен жеген бутерброд пулын *төлеў* ушын шыжланын ашқан жигит онда бир неше қағаз пуллардың қалғанлығын көрип,

пластик картадағы ақшаның қаяққа ғайып болғанлығын ойлай баслады (К.Кәримов).

ТӨЛЕЎЛИ кел. Төлеп қойылған, төленген.

ТӨЛЕЎСИЗ кел. Төлеп қойылмаған, төленбеген.

ТӨЛЕЎШИ ат. Заттың нырқын, баҳасын, қунын өтеўши, бериўши.

ТӨМЕН р. **1.** Жоқары сөзиниң қарама-қарсы мәниси, пәс. *Төмен* қарап, нуқырып балық таслаў менен: – Киров атындағы колхоздан, – деди (К.Султанов). Тақыр болған қара жер, Дизеден *төмен* қазылды («Қырқ қыз».). **2.** аўыс. Пәс, нашар. Турмысының *төмен* екенин көрди (К.Ирманов). **3.** аўыс. Ҳәлсиз, күшсиз.

ТӨМЕНДЕ р. Төменги тәрепте, пәсте.

ТӨМЕНГИ кел. Пәсте турған.

ТӨМЕНДЕГИ кел. Төмендеги қабат. Төменги басқыш.

ТӨМЕНЛЕНИЎ төменлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӨМЕНЛЕСИЎ ф. Жағдайдың, аўҳалдың ҳәлсиреўи.

ТӨМЕНЛЕТИЎ төменлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨМЕНЛЕЎ I ф. **1.** Кемиў, пәсейиў, азайыў. **2.** Пәслеў, жаманлаў. **3.** Төменге жақынлаў, сырқыў. **4.** Наўқастың ҳәлсиреўи.

ТӨМЕНЛЕЎ II кел. Пәслеў, жаманлаў, жарамсызлаў, насазлаў.

ТӨМЕНЛЕЎШИ ат. Төменге жақынлаўшы, сырқылыўшы. **2.** Ҳәлсиреўши, қыстаныўшы, болдырыўшы, шамаласыўшы.

ТӨМЕНСИЎ ф. Пәс көриў, менсинбеў, жерге урыў.

ТӨМЕНШИК кел. Уялшақ, насаз, жасқаншақ, натық.

ТӨМЕНШИКЛЕЎ кел. Уялшақлаў, натықлаў, насазлаў, жасқаншақлаў.

ТӨҢБЕК ат. Асқазан исип, көмпейип аўыратуғын аўырыўдың түри.

ТӨҢБЕКЛЕЎ ф. Асқазан исип, көмпейип аўырыўы, көмпейиўи, төңбеклениўи.

ТӨҢКЕРГИЗИЎ төңкериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨҢКЕРИЛИЎ төңкериў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТӨҢКЕРИС ат. Аўдарыспақ, өзгерис. Төңкерилис ат.

ТӨҢКЕРИСИЎ төңкериў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӨҢКЕРИЎ ф. Бир заттың үстин астына қаратып аўдарыў. Ылашықтың алдында адам көтергисиз үлкен қара қазанды *төңкерип* қойды да өзи ишкери кирди (ққ.х.е).

ТӨҢКЕРИЎШИ ат. Төңкерип қойыўшы адам.

ТӨҢКЕРТКИЗИЎ Төңкериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨҢКЕРТИЎ Төңкериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨППЕЛЕМЕ: төппелеме етиў ф. Бир затты екинши ыдысқа толтырып, үстине салыў, толтырыў,

ТӨР ат. **1.** Үйдиң, жайдың есигине қарама-қарсы бағытланған ең жоқарғы жағы. Егер шашы жоқ адам бейишке барса, Қәлийла *төринде* отырар деп шақалақлап күлди (К.Султанов). Аяғы жаман *төрди* былғайды, Өзи жаман елди былғайды (ққ.х.н.). **2.** аўыс. Түпкир, түп. Гейде сыңқ-сыңқ күлер шын ықласы менен, Күлкиси шыққандай жүрек *төринен* (И.Юсупов).

ТӨРАҒАСЫ ат. Жасы үлкен, орны төрден болған инсанлар.

ТӨРГИ БӨЛМЕ Үйдиң ең төринде жайласқан бөлме.

ТӨРГИ кел. Ең ишкеридеги, төриндеги нәрсе.

ТӨРЕ ат. **1.** Феодаллық жәмийетте үстемлик етиўши, бийлеўши адам, ақсүйек. Илаж қанша, бизиң елге *төре* әўлады аўыспайды (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Ҳасыл, жақсы. Ат кекилин бестен таллап өресең, Қыз да болсаң, ақ үйиме *төресең* («Алпамыс»). Ханға бермес қара бар, Бийге бермес *төре* бар (ққ.поэз.ант). *Төре* – хан ҳөмелдарларының аты. Ол ҳәм *төре* болған екен (Бердақ).

ТӨРЕ ӘЎЛАДЫ ат. Хан ҳәм ҳәмелдарлардың балалары.

ТӨРЕЛИК ат. Бийлик, шешим, қарар, жуўмақ. Дүйсенбайдың *төрелиги* керек емес (Т.Қайыпбергенов). *Төрелигиңизге* қуллық, қайнаға (К.Султанов). Сонда турып Арыслан, *төрелигин* береди («Қырқ қыз»).

ТӨРЕЛИК ЕТИЎ ф. Даў, жәнжел яки жарысларға басшылық етиў. Туўры қарар шығарыў.

ТӨРЕШИ ат. Даўласқан еки елдиң ямаса еки адамның арасына жақсы нийет пенен бийлик етиўши адам.

ТӨРЕШИЛИК Бийлик етиўшилик.

ТӨРКИН ат. **1.** Күйеўге шыққан қыздың туўған-туўысқаны, ел-журты. Нуржамалдың *төркини* бир тапқаны бир тапқанына жетпеген аш-жалаңаш еди (К.Султанов). *Төркини* менен тамырды, Бир қатар бәрин шақырды (А.Дабылов). **2.** аўыс. Түпки негизи, түп мәниси. Әбдирейим сөздиң *төркинине* түсинбеди (К.Досанов). Бул сөзлердиң төркининде хақыйқатлық бар еди (К.Кәримов).

ТӨРКИНЛЕС кел. **1.** Хаяллардың бир жерден болыўы, аўыллас. **2.** аўыс. Сыбайлас, сабақлас.

ТӨРКИНЛЕТИЎ төркинлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨРКИНЛЕЎ ф. Күйеўге шыққан ҳаялдың туўған-туўысқанларына, ел-журтына қыдырып барыўы.

ТӨРКИНЛЕЎШИ ат. Төркинге барыўшы, қыдырыўшы,

ТӨРКИНЛИ кел. Төркини бар, төркини болған.

ТӨРКИНСИЗ кел. Төркини жоқ, төркини болмаған.

ТӨРКИНШИЛ кел. Төркинди жақсы көретуғын, төркинге көп баратуғын.

ТӨРЛЕТИЎ төрлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨРЛЕЎ ф. Жоқары шығыў, төрге өрлеў.

ТӨРЛЕЎШИ ат. Жоқары шығыўшы, төрге өрлеўши.

ТӨРТ сан. Үш пенен бестиң арасындағы санақ сан. Қыдырнияздан *төрт* қыз, бир ул туўды (Ж.Аймурзаев).

ТӨРТ АЙЛЫҚ Бир нәрсениң яки ўақыттың муғдары.

ТӨРТ ЖАҚ ат. Бул дүньяның 4 тәрепи дегени билдиреди.

ТӨРТМҮЙЕШЛИ Күн сәске болмай атырып, қызып кеткен қуяш желкелерди аяўсыз күйдирмекте, алыста сағымға оранған таў қарайып көринеди, аяқ астында гүзе сынықлары менен анда-санда себелеп өтетуғын сахра жамғырлары шетлерин жемирген *төртмүйешли* гербишлер арасынан шөл кесирткелериниң жуўырып баратырғаны көзге тасланады (К.Көримов).

ТӨРТ ТҮЛИК Ҳәмме нәрсеси бар, өзине тоқ, бай.

ТӨРТ-БЕС Бир нәрсениң муғдарын шамалап айтыў.

ТӨРТ-БЕС БАЛА Адамлардың сан муғдары.

ТӨРТЕЎЛЕЎ ф. Төрт адам болын бир нәрсе ислеў.

ТӨРТЕЎ сан. Жыйнақлаўшы санлығы. Алтаў ала болса аўыздағы кетер, *Төртеў* түўел болса төбедеги келер (ққ.х.н.).

ТӨРТИНШИ сан. Қатарлық санлық. *Төртинши* күни ғана «Қазақдәрьяның» ырысқына шериклести (К.Султанов).

ТӨРТИНШИ КЛАСС Бир нәрсениң жас ҳәм қатар тәртиби.

ТӨРТЛИК ат. **1.** Төртти билдиретуғын цифр. **2.** Қосық түри.

ТӨРТ-ТӨРТТЕН Бир нәрсениң муғдарын топлап көрсетиў.

ТӨС ат. **1.** Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың қабырғасын бириктирип, геўдесин қурастыратуғын мүше. **2.** Үстине темир қойып соғатуғын үлкен домалақ темир, устаның қуралы.

ТӨС ҚАЛТА ат. Төсиниң қасына қыстырып қоятуғын қалта.

ТӨСЕК ат. Адамлардың астына төсейтуғын, жататуғын,

отырып дем алатуғын ҳәр түрли материаллардан исленген зат. Темирхан ата қапталдағы *төсекке* шығып, малдасын қурып отырып алды (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Төсек тартып жатып алыў** – науқасланыў, аўырыў. Күни-түни үйден шықпай, *төсек тартып жатып алды* (А.Бекимбетов). **Төсек жаңарыў** – қайта үйлениў, ҳаялды өзгертиў.

ТӨСЕКШЕ ат. Төсектиң кишкене түри, кишкене төсек.

ТӨСЕЛДИРИЎ төселиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨСЕЛИЎ ф. **1.** Бир жерге жығылыў, қулаў, жапырылыў. **2.** Жайнаў, жайраў. **3.** Төсектиң жайылыўы, салыныўы.

ТӨСЕНИЎ төсеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӨСЕНШЕ қ. төсекше.

ТӨСЕСИЎ төсеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТӨСЕСТИРИЎ төсеў фейилиниң шериклик дәрежеси

ТӨСЕТИЎ төсеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨСЕТТИРИЎ төсеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨСЕЎ ф. Төсек салыў, төсек жайыў.

ТӨСЕЎЛИ кел. Төселип қойылған, төселген.

ТӨСЕЎСИЗ кел. Төселип қойылмаған, төселмеген.

ТӨСЕЎШИ ат. Төсек салыўшы, төсек жайыўшы.

ТӨСЛИК ат. Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың көкирек сүйегиниң үстине питкен майлы ети, төси. Күйеўге *төслик* тартыў атамзаманнан киятырған ески дәстүрлердиң бири (Қ.Айымбетов).

ТӨСЛИКЛИ кел. Төслиги бар, төсликке ийе.

ТӨСЛИКСИЗ кел. Төслиги жоқ, төслиги болмаған.

ТӨТЕ кел. Жақын, дүзиў, туўры, тикке, туппа-туўры. *Төте* жол. *Төте* оқыў.

ТӨТЕ ЖОЛ ат. Ең жақын, туўрылап бара алатуғын жол.

ТӨТЕ СОҚПАҚ ат. Ең жақын адамлардың тез жетип барыўы ушын аяқ жол.

ТӨТЕЛЕНИЎ төтелеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТӨТЕЛЕТИЎ төтелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТӨТЕЛЕЎ ф. Туўрылаў, дүзиўлеў, шығыў.

ТӨТЕЛЕЎШИ ат. Туўрылап, дүзиўлеп, тикке шығыўшы, жүриўши.

ТӨТЕПКИ ат. Шыдам, сабыр. Аўырыўға *төтепки* бериў ҳәр кисиниң қолынан келмейди. Жарыс десе өжет минези өршеленип кететуғын Жәмийланың күшли билеклериниң пәтине ағыс та *төтепки* бере алмады (К.Султанов).

ТӨТЕПКИ БЕРИЎ ф. Қыйыншылыққа шыдаў. Сабырлы болыў.

ТӨТЕПКИЛИК ат. Төтепки.

ТРАГЕДИЯ ат. Көркем әдебияттың бир жанры. Ўақыялардың кеўилсизликлер менен тамамланыўы.

ТРАГЕДИЯЛЫҚ кел. Ўақыяның кеўилсизликлер менен жуўмақланыўы.

ТРАГИК АКТЁР ат. Трагедиялық рольлерди ойнаўшы актёр.

ТРАГИЗМ Ўақыялардың кеўилсизлик пенен жуўмақланыўы.

ТРАКТАТ белгили бир теманы талқылайтуғын ҳәм шешиў жолларын көрсететуғын.

ТРАКТОР ат. Өзи жүретуғын дөңгелекли, двигательли аўылхожалық машинасы.

ТРАКТОРШЫ ат. Тракторды жүргизетуғын, басқаратуғын, меңгеретуғын адам.

ТРАМВАЙ ат. **1.** Қалада электр қуўаты менен жүретуғын жер үсти темир жолы. **2.** Усындай жолдың поезды, вагонлары.

ТРАМВАЙПЫ ат. Трамвай хызметкери, трамвай паркинде ислеўши адам.

ТРАНСЛЯЦИЯ ат. Ўақыя, ис-ҳәрекетлерди түсириў. Радио ҳәм телевидениеде қолланылады.

ТРАНСЛЯЦИЯЛАЎ ф. Болып атырған ис-ҳәрекет, ўақыяларды көширип алыў.

ТРАНСЛЯЦИЯЛЫҚ кел. Көширип алыў жолы.

ТРАНСКРИПЦИЯ ат. лингв. **1.** Тил билиминде, белгили бир тилдеги сеслерди бузбай жазып көрсетиў ушын қолланатуғын жазыў. **2.** лингв. Сөздеги сеслердиң өзгешеликлерин дәл көрсетиў ушын қолланылатуғын таңбалар.

ТРАНСКРИПЦИЯЛАЎ ф. Тилдеги сөзлерди бузбай жазып көрсетиў.

ТРАИСКРИПЦИЯЛАМАЎ ф. Тилдеги сөзлерди бузбай жазып көрсетпеў.

ТРАНСМИССИЯ ат. Машинасазлықта машинаның жүриўи менен байланыслы қураллар ҳәм тийисли барлық механизмлер.

ТРАНСПАРАТ ат. Ақ қағаздағы дурыс, дүзиў жазыў ушын қара менен сызылған сызықлар.

ТРАНСПЛАНТАЦИЯ ат. Медицинада дененің бир мүшесин ямаса органын басқа орынға көшириў.

ТРАНСПОРТ ат. Бир орыннан екинши орынға тасыўшы қурал, техника. Усылай халық ҳәр тәреплеме албырап турған

бир пайытта Арал теңизи *транспортын* басқарыўшы Шилов топалаңшылар тәрепине өтип кетип, ол жерде барлаўшылар ҳәм байланысшылардың баслығы лаўазымын ийеледи (А.Султанов).

ТРАНСПОРТЛЫҚ кел. Тасыўшы техника яки қурал.

ТРАНСПОРТИР ат. (лат tranporto – *көширемен*). Сызылмаларда түрли мүйешлерди сызыў ҳәм өлшеўге арналған сызыўшылық қуралы.

ТРАНСПОРТЁР ат. (лат. transporta – *тасыйман*). **1.** Машинасазлықта – конвейердиң екинши аты, роликли Транспортёр рольганг, винтли транспортёр деп аталады. **2.** Аўыл хожалығында өнимлерди онша узақ болмаған аралыққа үзликсиз ямаса белгиленген ўақытта тасыў ушын арналған машина.

ТРАНСПОЗИЦИЯ ат. (лат. transpositio – *көшириў*) көп мәнили термин сөз. Тил билиминде бул бир сөздиң екинши сөздиң мәнисине өтиўи яки бир тил формасының басқасының ўазыйпасында қолланылыўы.

ТРАНСФОРМАТОР ат. (лат. Transformo – *өзгертемен*). Бул пәс күшлениўди жоқары күшлениўге, жоқары күшлениўди пәс күшлениўге айландырып беретуғын электростатик аппарат.

ТРАНСФОРМАЦИЯ – (лат. transformatio – *қайта өзгериў, қайта пайда болыў*). Клеткаға жат ДНК кириўи нәтийжесинде оның генетикалық қәсийетлери өзгериўи, прокариотларда генетикалық зат алмасыў усылларының бири.

ТРАНШЕЯ ат. Узын, терең қазылған шуқанақ, қазылған ор, қарым (окоп).

ТРАССА ат. (нем. Trasse – *Линия, жол жөнелиси*). **1.** Узақ мәнзилге созылған қатнаў жолы яки жол, канал, электр узатыў яки байланыс линиясы, жер асты жоллары сыяқлы жүдә узын жолды билдириўши сызық.

ТРАУЛЕР (анг. trawler – *жайма тор*). Балық ҳәм басқа теңиз жаныўарларын аўлайтуғын ҳәм оларға биринши ислеў бериўге арналған кеме.

ТРАПЕЦИЯ (гр. trapezion – *столша*). Еки қарама-қарсы тәрепи параллель болған төрт мүйешлик.

ТРАФАРЕТ ат. Нағыс, ҳәрип, сан, топонимикалық белгилер, машина ҳәм қурылмалардың шәртли график белгилери ҳәм басқа сызылмасы, реңли көринис яки нағысты сүўретлеўге арналған қурылма, ахта.

ТРАХЕИТ ат. (трахея ҳәм itis – *ириңлесиў*), Трахея жуқа пердесиниң ириңлесиўи.

ТРАХОМА ат. мед. Жуқпалы көз аўырыўы.

ТРЕНЕР ат. сп. Спорт ойынларын үйрететтуғын маман, шыныктырыўшы.

ТРЕСКА (балық).

ТРЕСТ ат. **1.** Бурынғы аўқамда бир тараўға тийисли болған бир неше өндирис орынларын шөлкемлестириў формаларының бир түри ҳәм оның басқарыў органы. **2.** Капиталистлик еллерде монополия формаларының бири, оған қарайтуғын кәсип орынлары өзлериниң өндирис ҳәм коммерция ислерин өзинше басқара алмай, тек ғана бир жерден басқарады.

ТРИАДА ат. (гр. triados – *үшлик*). Барлық ҳәм түсиник раўажланыўының үшинши басқышта екенлигин билдириўши түсиник.

ТРИБУНА ат. **1.** Оратор шығып сөйлейтуғын орын, минбер (минбәр). **2.** Спорт ҳәм басқа да ойынларында тамашагөйлер отыратуғын отырғыш.

ТРИБУНАЛ ат. Базы бир жоқары суд мәкемелериниң органы ҳәм усы органның суд мәжилиси. Әскерий трибунал.

ТРИГОНОМЕТРИЯЛЫҚ

ТРИГОНОМЕТРИЯ ат. Геометрияның үш мүйешлик тәреплерин ҳәм мүйешлердиң арасындағы қатнасықларды үйренетуғын бөлими.

ТРИКО ат. **1.** Сырт кийимге арналған жүннен ямаса пахтадан исленген гезлеме. **2.** Трикотаж гезлемеден тигилген, организмге жабысып туратуғын спорт костюмы.

ТРИЛЛИОН сан. Он екилик санаў системасында 1 ҳәм 12 ноль менен түсиндирилиўши сан.

ТРИЛОГИЯ ат. (гр. tri – *үш*, logos – *сөз*). Улыўма мазмуны, идеясы, тийкарғы қаҳарманлары, сюжетиниң өз ара байланыслы болған 3 томлық шығарма.

ТРИО ат. Үш қосықшы ушын жазылған музыкалық шығарма.

ТРИУМФ ат. (лат. Triumphus) – Ески Римде сәркарданың әскерлер менен пайтахтқа дәбдебели кирип келиў мәресими.

ТРОЛЛЕЙБУС ат. Электр қуўаты менен жүретуғын көп орынлы автобус сыяқлы пассажир машинасы — рельссиз қала транспортының бир түри.

ТРОМБ ат. (гр. thrombos – *лахта, тығын*). Организм тири ўақтында тамыр яки жүрек бослығында уйып қалған қан.

ТРОМБОН муз. Хроматик сеске ийе болған музыкалық әсбап.

ТРОПИК ат. Бул қуяш нуры тик түсетуғын ҳәм булттың кем болғанынан қуяш радиациясы көп болатуғын орынлар.

ТРОПОСФЕРА ат. (гр. tropos – *бурылыс ҳәм сфера*). Атмосфераның Жер бетине тәсири анық сезилетуғын тийкарғы орны.

ТРОТУАР ат. Көшениң еки жағындағы пиядалар жүретуғын жол.

ТРОФЕЙ ат. Урыста жеңилген жақтан, яғный душпаннан қолға түскен олжа, қурал-жарақ.

ТРУБА ат. **1.** Иши қуўыс түтин шығыў, суў ағыў, ҳәр түрли нәрселердиң жүриўи ушын арналған узын дөңгелек түтик. **2.** аўыс. Жезден жасалған күшли даўыс шығатуғын музыкалық әсбап, қурал, кәрнай, сырнай.

ТРУБКА ат. **1.** Темеки шегиўге арналған түтик, әсбап. **2.** Телефон аппараты аркалы сөйлескенде тыңлайтуғын зат. **3.** Жиңишке труба, найша. **4.** тех. Труба сыяқлы ҳәр қыйлы әсбаплар аты.

ТРУППА ат. (нем. Truppe – *топар*). Театр яки цирктиң дөретиўшилик жәмәәти.

ТРЮМО ат. Үлкен дийўалға яки жерге қойылатуғын айна.

ТУБА ат. Дәрьяның жай ағатуғын кишкене бир тармағы ямаса көл, қолтық, шығанақ. Ақ *тубаның* аққан суўы ылайды. Қазы ийшанға шатқан бизди қудайды, Еки дийқан үн қосысып жылайды, Дийқан аштан өлер болды қазы ийшан (ққ.х.қ.).

ТУБА ТИЛИ Түркий тиллердиң бири.

ТУБАДАЙ кел. Туба сыяқлы, туба янлы, туба тәризли, тубаға усаған, тубаға мегзес.

ТУБАЛАНЫЎ тубалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТУБАЛАТЫЎ тубалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУБАЛАЎ ф. Билмеў, албыраў, ҳайран болыў.

ТУБЕРКУЛЁЗ ат. мед. Адамлар менен жанлы-жаныўарлардың көбинесе өкпесинде болатуғын жуқпалы аўырыў.

ТУҒЫР ат. Асыранды аң алыўшы қусларды қондыратуғын орынлық. *Туғыр* – қус қондыратуғын ағаш. Суңқар түлеткен *туғыр* бар (Бердақ). Ол *туғырдың* қазығыны (Бердақ).

ТУЖУРКА ат. Астар салынып тигилген үстке кийетуғын лахталы сырмақ, қапламалы куртка.

ТУЖЫРТЫЎ тужырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЖЫРЫЛЫЎ тужырыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУЖЫРЫЎ ф. Бир нәрсени кесип таслаў, келтертиў, қысқартыў.

ТУЖЫРЫЎШЫ ат. Кесиўши, келтертиўши, қысқартыўшы.

ТУЙҒЫ ат. Сезим, аң. Яқуббай болса Зулайхаға деген ықласы туўысқанлықтан да артығырақ *туйғы* екенлиғин уғып жетти (К.Кәримов).

ТУЙҒЫН ат. Ақ алғыш жыртқыш қустың бир түри, қаршыға.

ТУЙНАҚ: тап-туйнақтай кел. Шаққан, туяна.

ТУЙЫҚ кел. Алға қарай жүриўге болмайтуғын, алды жабық, туйық көше. **2.** аўыс. Баланың кеўлиндеги қобалжыған гүптикей ойын ажарынан сезген апасы иштеги *туйық* сырын ашқысы келди (К.Султанов).

ТУЙЫНЫЎ ф. Сезиў, ақлаў, байқаў, билиў, аңғарыў, абайлаў.

ТУҚЫЛ ат. Тистиң омырылып қалған жағы, түби, түбири.

ТУҚЫЛЛАНЫЎ ф. Тистиң кемтилиўи, омырылып қалыўы.

ТУҚЫМ ат. **1.** Урпақ, зүряд, әўлад, нәсил. **2.** аўыс. Аўыл хожалық дақыллары менен түрли өсимликлердиң урығы, дәни.

ТУҚЫМГЕРШИЛИК ат. Туқым алыў кәсиби.

ТУҚЫМЛЫҚ ат. **1.** Туқымға арналған дән. **2.** Шағылысыў мүшеси, урық.

ТУҚЫМЛАНДЫРЫЎ туқымлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУҚЫМЛАНЫЎ туқымлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУҚЫМЛАС кел. Шығысы жағынан бир, нәсиллес, туўысқан.

ТУҚЫМЛАСЫЎ туқымлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУҚЫМЛАТЫЎ туқымлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУҚЫМСЫЗ кел. Туқымы жоқ, туқымы болмаған.

ТУЛ ат. **1.** Жесир, күйеўи өлген ҳаял. **2.** аўыс. Жетим-жесир, жалғыз-жарым. ◊ **Тул-жетим** – ата-анасы тири, бирақ ата-анасынан айырылған бала. *Тул-жетимниң* көзде жасы (Бердақ).

ТУЛА: тула бой ат. Пүткил дене, турқы. Айтбайдың түни менен тула бойы сырқырап шықты.

ТУЛА БОЙЫ Адамның пүткил пишими, организми.

ТУЛҒА ат. **1.** Сыртқы көринис, жота, пишим. **2.** аўыс. Тирек, сүйениш, ғамхор. Изимде қалған менен сен кимге *тулға* боласаң, – деди ғарры (ққ.х.е.).

ТУЛҒАЛЫ кел. Тулғасы келискен, денели, жоталы.

ТУЛҒАСЫ Нәтийжеде, Досназаровтың *тулғасын* толық көрсетиў нийетинде сизлерге усынылып отырған шығарма дүньяға келди (А.Султанов).

ТУЛҒАСЫЗ кел. Тулғасы келиспеген, жотасыз.

ТУЛЛАНЫЎ ф. Ашыўланыў, қырсығыў.

ТУЛПАР ат. **1.** Халық дәстанларында батырлар минетуғын қанатлы ат. **2.** аўыс. Куўса жететуғын, қашса қутылатуғын ең жүйрик ат. ◊ **Тулпар** ең жүйрик ат. Шәҳәрбайдың бул *тулпарын.* (Бердақ).

ТУЛПАРДАЙ кел. Тулпарға усаған, тулпарға мегзес, тулпар сыяқлы, тулпар яңлы, тулпар тәризли.

ТУЛЫМ ат. Жас баланың еки шекесинен салбыратып арнап қойылған азырақ шаш. Баланың *тулымы* салбырап тур.

ТУЛЫМШАҚ ат. Қыз баланың еки шекесинен арнап қойылған шаш. Қыздың өрилген *тулымшағына* оның көзи түсти («Әмиўдәрья» ж.).

ТУЛЫМШАҚЛЫ кел. Тулымшағы бар, тулымшақ қойылған.

ТУЛЫМШАҚСЫЗ кел. Тулымшағы жоқ, тулымшақ қойылмаған.

ТУЛЫМШАҚТАЙ кел. Тулымшақ сыяқлы, тулымшақ тәризли, тулымшық яңлы, тулымшаққа усаған, тулымшаққа мегзес.

ТУЛЫП I ат. Жаңа туўған малдың төли өлгенде, оның терисинин ишине сабан, шөп ямаса ҳаўа толтырып тигилген териси.

ТУЛЫП II ат. Ишине торақ тығылатуғын териден исленген қапшық сыяқлы ыдыс.

ТУЛЫПЛАЎ ф. Бир затты тулыпқа салыў, тығыў.

ТУЛЫПТАЙ кел. Тулып сыяқлы, тулып яңлы, тулып тәризли, тулыпқа усаған, тулыпқа мегзес.

ТУМАҒА – жаңа усланған қусты қолға үйретиў ушын басына кийгизетуғын териден бас кийим. *Тумағасы* зерли гүмис (Бердақ).

ТУМАҚ ат. Бас кийимниң бир түри, малақай.

ТУМАҚЛЫ кел. Тумағы бар, тумақ кийген.

ТУМАҚСЫЗ кел. Тумағы жоқ, тумақ киймеген.

ТУМАН қ. думан.

ТУМАР ат. дин. с. **1.** Диний түсиник бойынша көз тиймеў ушын молланың жазып берген дуўасын ишине салып қойыўға арналған, мыстан, гүмистен домалақ етип исленген зат ҳәм

үш мүйешли етип (таўардан), гезлемеден тигилип, кийимниң қупыя жерине тигип, тағып жүретуғын зат. **2.** Ҳаял-қызлардың кийим үстинен мойынға яки желкеге асып, қолтыққа түсирип жүретуғын заты. ◊ **Тумар** – үш мүйешли дуўа жазылған хат. Атларының мойны *тумарлы* келген (Бердақ).

ТУМАРДАЙ кел. Тумар сыяқлы, тумар яңлы, тумар тәризли, тумарға усаған, тумарға мегзес.

ТУМАРЛАЎ ф. Бир нәрсеге тумар тағыў.

ТУМАРЛЫ кел. Тумары бар, тумар тағылған.

ТУМАРСЫЗ кел. Тумары жоқ, тумар тағылмаған.

ТУМАЎ қ. тымаў. Тумаў-сүзек

ТУМАЎ ТИЙИЎ ф. Шамаллап аўырыў.

ТУМБОЧКА ат. Кроватьтың жанында туратуғын кишкене шкаф.

ТУМҒЫЙЫҚ қ. туңғыйық.

ТУМСЫҚ ат. **1.** Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың аўыз қууслығы. **2.** Географиялық атама, яғный өзиниң сүйирленген мүйеши менен теңизге ямаса көлге барып кирген қурғақ жердиң бир бөлеги. ◊ **Тумсығын көтериў** – менменсиў, тәкәббирлик етиў, ҳәдден асыў.

ТУМСЫҚЛЫ кел. Тумсығы бар, тумсыққа ийе.

ТУМСЫҚСЫЗ кел. Тумсығы жоқ, тумсығы болмаған.

ТУМСЫҚТАЙ кел. Тумсық сыяқлы, тумсық яңлы, тумсық тәризли, тумсыққа усаған, тумсыққа мегзес.

ТУННЕЛ ат. Жер асты жолы. Транспорт жүриўи, суў өтиўи, коммуникациялар жайласыўы ҳәм басқа мақсетлерге арналған жатық ямаса қыя жайласқан жер асты яки суў үсти жасалма имараты.

ТУМ-ТУСҚА Хәр жақта.

ТУМ-ТУСТАН Хәр жақтан.

ТУНЖЫРАСЫЎ тунжыраў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУНЖЫРАТЫЎ тунжыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУНЖЫРАЎ ф. **1.** Қабағын үйиў, түнериў. **2.** Қапаланыў, уўайымға салыныў, терең ойға кетиў. Оның сөзин тыңлап, *тунжырап* отырған Узақбаев гәпке араласты (К.Султанов).

ТУНШЫҒЫЎ ф. Дем ала алмаў, буўлығыў.

ТУНШЫҚТЫРЫЎ туншығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУҢҒЫЙЫҚ ат. Түпсиз, шуқыр, түби жоқ, орын. Қарсы алдында түнерип турған *туңғыйық* суўға өзин атып жибергиси

келди де, өлим есине түсип, өмир жамалына ынтықты... (К.Султанов).

ТУҢҒЫШ кел. Ең биринши, дәслепки. *Туңғыш* бала, дәслепки, *туңғыш* бала.

ТУППА-ТУЎРА қ. туўры.

ТУППА-ТУЎРЫ қ. тикке.

ТУР ат. Жарыс ҳәм оның бөлимлери. Биринши *тур*.

ТУРАҚ: турақ жай ат. Туратуғын орын, мәкан.

ТУРАҚ ЖАЙ Жасаў орны, Жасайтуғын жер.

ТУРАҚЛЫ ОРЫН Ҳәрдайым бир жерде туратуғын нәрсе, орын.

ТУРАҚ ТАБЫЎ ф. Жасайтуғын жер, баспана табыў.

ТУРАҚЛАНДЫРЫЎ турақлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУРАҚЛАНЫЎ турақлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТУРАҚЛАСЫЎ турақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУРАҚЛАТТЫРЫЎ турақлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУРАҚЛАТЫЎ турақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУРАҚЛАЎ ф. Бир жерде орнығып қалыў, орналасыў, турыў, орнығыў, дәйекленіў.

ТУРАҚЛАЎШЫЛЫҚ ат. Бир орында көп ўақыт турыў.

ТУРАҚЛАЎШЫ ат. Бир жерде орнығып қалыўшы, турыўшы.

ТУРАҚЛЫ кел. Табанлы, дәйекли, инабатлы, бир жерде орнығатуғын.

ТУРАҚЛЫЛЫҚ ат. Табанлылық, тыянақлылық, дәйеклилик.

ТУРАҚСЫЗ кел. Тыянақсыз, табансыз, аўмақай, дәйексиз, бир жерде орнықпайтуғын адам. Тураксызларға өндиристен орын жоқ.

ТУРАРЛЫҚ кел. Жарарлық, жетерлик, арзыйтуғын. Мақтаўға турарлық адам.

ТУРБАЖ ат. Көринис, түс, пишим, сымбат.

ТУРБАЗА ат. Туристлер базасы, туристлер тоқтайтуғын, қонатуғын орын, жай.

ТУРБИНА ат. Пуўдың, газдиң ямаса суўдың күши менен ҳәрекет ететуғын пәрикли двигатель.

ТУРҒЫСЫЗ Бир жерде турмайтуғын.

ТУРҒЫСЫЗ ЖАҒДАЙ Бир қәлипте турмайтуғын жагдай.

ТУРҒЫЗДЫРЫЎ турыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУРҒЫЗЫЛЫЎ турыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУРҒЫЗЫЎ турыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУРҒЫЯНСЫЗ кел. перзентсиз.

ТУРҒЫЯНСЫЗ КЕТИЎ ф Перзентсиз өтиў.

ТУРҒЫШ кел. Бир нәрсениң тик ҳалда турыўы.

ТУРИЗМ ат. Өз елинен басқа шет еллердиң турмысын пияда ҳәм көликли өткеретуғын саяхат.

ТУРИСТ ат. Туризм менен шуғылланыўшы киси, саяхат етиўши адам, саяхатшы. Оны абайлаған *турист* жигит қыздың кеўлин қәтиржам қылғысы келди ме, жанына жақынлап... (К.Кәримов).

ТУРИСТЛИК Гүлнихалдың сыртынан бағып турған тек Жаҳангир ғана емес, кейинги күнлери *туристлик* фирманың гид қызына деген ықласы артып баратырған Джонның көзлери де өзине қадалып турғанын көрген Гүлнихал қысынғанынан қызарып кетти (К.Кәримов).

ТУРҚЫ ат. Көринис, сыртқы мүше, пишими, тулға. Жигит қараңғыға жүзин жасырып, көзиниң астынан сығаланып Жәмийланың турқына қарады (К.Султанов). Айсулыў сыртқы *турқы* келискен келиншек екен («Әмиўдәрья» ж.).

ТУРҚЫ КЕЛИСИЎ фраз. Түр-түси, бет-әлпети келискен.

ТУРМАН: ер-турман ат. Ер ҳәм ерге тийисли басқа да барлық затлары.

ТУРМЫС ат. Ҳал-жағдай, тиришилик, күн кәрис. Әсиресе, олардың аўзына буралап тығып отырған гүмпей нанын, қырт-қырт етип тислеп атырған қантын, *турмыс* ҳәзлигин, ләззетлик пайызын көргенде димары қурып, жутқыншағы бүлик-бүлик етти (К.Султанов). ◊ **Турмысқа шығыў** – күйеўге, ерге тийиў.

ТУРНИК Темирден исленген спорт буйымы.

ТУРНИРИ Жарыс.

ТУРНИР ат. **1.** Бир неше кисиниң қатнасы менен жүргизилетуғын спорт жарысы. **2.** Ески заманларда батырлардың өз ара бәсеки жарысына түсиўи.

ТУРПАЙЫ кел. **1.** Сүйкимсиз, түри келиспеген, сыйқы жоқ, әжептәўир. **2.** аўыс. Қолайсыз, қопал.

ТУРПАЙЫЛАНЫЎ ф. Қопалланыў, Қолайсызланыў.

ТУРПАЙЫЛЫҚ ат. **1.** Сүйкимсизлик, әжептәўирлик, келиспегенлик. **2.** аўыс. Қолайсызлық, қопаллық.

ТУРПАТ ат. Түр-түс, келбет, сымбат. Кеменің ишинде еки адамның қылтыйған *турпаты* көринеди (К.Султанов).

ТУРПАТЛАС кел. Келбетлес, формалас, тулғалас, сымбатлас.

ТУРПАТЛЫ кел. Сымбатлы, келбетли, тулғалы.

ТУРПАТСЫЗ кел. Келбетсиз, сымбатсыз, тулғасыз.

ТУРЫЎ ф. **1.** Адамлардың ҳәм жанлы-жаныўарлардың тик аяқ үстинде болыўы, тоқтаўы. Отырғанлардың бәри де орнынан *турды*. **2.** Бир заттың белгили жерде болыўы. Аспа саат өжиредеги гилемниң үстиндеги мыйықта илиўли *турыпты*. **3.** Уйқыдан ояныў. Таң атыўдан орнынан турды. **4.** Өмир сүриў, бирге тиришилик етиў. Фатима күйеўи менен қырқ жыл *турды*. **5.** Бир нәрсениң бир жерде тоқтаўы, иркилиўи. Киятырған жолаўшы олардың жанына барып *турды*. ◊ **Ўәдесинде турыў** – сөзинен шығыў, айтқанын орынлаў.

ТУРЫЎШЫ ат. Бир жерде жасаўшы, қонысланыўшы.

ТУРЫШЛЫ қ. түршикли.

ТУС ат. 1. Қарама-қарсы жақ, қатары, тәреп. Айтбайдың үйи жаңылмасам усы *туста* болыўы керек. **2.** Заманында, дәўиринде, мөҳәлинде, ўақтында. Қарақалпақ әдебий тили кеңес хүкиметиниң *тусында* ғана қәлиплести ҳәм кең қулаш жайды. **3.** Жән-жаққа, ҳәр жаққа, ҳәр тәрепке, бағдарға. Оқыў тоқтаған соң оқыўшылар *тус-тусына* тарап кетти.

ТУСЫ Ҳәр тәрепи

ТУСАҚ ат. Еки жасқа қараған қой.

ТУСАҚ МАЛ Еки жасар қой.

ТУСАЛЫЎ тусаў II фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУСАСЫЎ тусаў II фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУСАТТЫРЫЎ тусаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУСАТЫЎ тусаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУСАЎ I ат. **1.** Көликтиң алысқа узап кетпеўи ушын алдынғы еки аяғына байлайтуғын қайыс ямаса қысқа жип, арқан. **2.** аўыс. Кесент, бөгет, иркиниш. Төркинине биротала кетейин десе, қолындағы еки жасар нәресте қызы Жумагүлдиң аяғына *тусаў* болды («Әмиўдәрья» ж.).

ТУСАЎ II ф. Көликтиң алысқа жайылып кетпеўи ушын, алдынғы еки аяғын байлап қойыў. Киятырған жолдан бираз шетирекке шығып, азмаз көз илдирип дем алыў ушын атын *тусады* да, Халмурат қыйсая кетти (газетадан). ◊ **Тусаўын кесиў** – жас баланың тез жүрип кетиўи ушын биринши қәдем таслап жүре баслағанда исленетуғын ырым, ҳәр түрли жип пенен аяқты байлап кесиў. **Аяғына тусаў салыў** – а) өз еркинде болмаў, қараслы болыў. б) аўыс. Үйлениў, аяқланыў.

ТУСАЎЫН КЕСИЎ Миллий дәстүрлерден бири. Кишкене баланың дәслепки жүрген ўақытларда иркилмей, тез жүрип кетиўи ушын исленетугын миллий дәстүрлерден бири.

ТУСАЎЫН САЛЫЎ ф. Жип бенен байлаў.

ТУСАЎЛАЎ ф. Көликтиң алдыңғы еки аяғын тусаў жип пенен байлаў.

ТУСАЎЛЫ кел. **1.** Алдынғы еки аяғы тусалған көлик. **2.** Тусаўы бар, тусаўға ийе, тусалған.

ТУСАЎСЫЗ кел. Тусаўы жоқ, тусаўланбаған.

ТУСАЎШЫ ат. Аяққа тусаў салыўшы, байлаўшы.

ТУС-ТУСТАН Ҳәр тәреплтен, ҳәр жақтан.

ТУТ I ат. Жапырағынан жипек қурты азықланатуғын наўқан, теректиң түри, наўқан.

ТУТ II ф. Услаў, тутыў. Ертеңине азанда усы қайғылы ҳәдийсеге байланыслы хожелишилер аза *тутты* ҳәм ханның қыз салығын жыйнаўшылары қалаға келгенде оларға ғәзеп пенен тас ылақтырып, көтерилиске шықты (А.Султанов). ◊ **Гүрес тутыў** – гүресиў, айқасыў.

ТУТ АҒАШ Бот. Мийўе терегиниң бир түри.

ТУТАМ ат. Белгили заттың көлемнин мөлшерин өлшейтуғын қолдық уўысы, бес саўсақты қысқандағы арасы. Өтириктиң қуйрығы бир *тутам* (ққ.х.н.).

ТУТАМЫ КҮШЛИ Услап-тутыўы күшли.

ТУТАМЛАЎ ф. Қолдың саўсақларын жумып өлшеў, тутамлап, қысымлап өлшеў.

ТУТАНАҒЫ ТУТЫЎ **1.** Кеселликтиң бир түри. **2.** фраз. Қырсығыў, ерегисиў.

ТУТАНАҚ ат. **1.** Есинен танып, аўзынан көбик шашып жығылып қалатуғын талма аўырыўы, қояншық. **2.** аўыс. Шаққан, шәпик. **3.** аўыс. Биймаза, шатақ, қыңыр, урныққыр.

ТУТАНҒЫШ кел. Жақсы жанатуғын, тутанатуғын, алысқыш.

ТУТАНДЫРЫЎ тутаныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУТАНДЫРЫЎШЫ ат. **1.** Жағыўшы, алыстырыўшы. **2.** Раўажландырыўшы, күшейтиўши. Урыс отын *тутандырыўшылар,* жынаят жуўапкершилигине тартылсын (газетадан).

ТУТАНЫЎ ф. **1.** От алып жана баслаў, алысыў. Қамыс қора бирден тутанып, жана баслады. **2.** аўыс. Ызаланыў, ашыўланыў, өшесиў, өсиў, өршиў.

ТУТАС кел **1.** Тегис, түүел, толық. Бизиң аўыл 1931-жылдың өзинде-ақ тутасы менен қолхозласып болды (газетадан). **2.** Бир бөлим, бөлек, жалғас.

ТУТАСЛЫҚ кел. Бир-бирине жақын.

ТУТАСТЫРЫЎ тутасыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУТАСТЫРЫЎШЫ ат. Еки арасын бириктириўши, жалғастырыўшы, байланыстырыўшы.

ТУТАСЫЎ ф. Байланысыў, жалғасыў, биригиў.

ТУТҚА ат. **1.** Есиктиң ямаса басқа заттың қолға услайтуғын жери. Қапының *тутқасы.* **2.** аўыс. Таяныш, сүйениш, тирек. Дүньяға хеш ким де жалғыз өзи *тутқа* бола алмайды.

ТУТҚА БОЛЫЎ ф. Тирек, сүйениш болыў.

ТУТҚАДАЙ кел. Тутқа сыяқлы, тутқа тәризли, тутқаға усаған, тутқаға мегзес.

ТУТҚАЛЫ кел. Тутқасы бар, тутқа орнатылған.

ТУТҚАСЫЗ кел. Тутқасы жоқ, тутқа орнатылмаған.

ТУТҚЫН ат. Бас паналығынан, еркинен айырылған, қамаўға алынған адам. Қорғанға басып кирген душпан Гүлдирсинниң әкеси Айоракты, қалыңлығы Күнорақты, олардан басқа ер адамларды өлтирип, өзгелерин *тутқынға* алыпты (К.Кәримов).

ТУТҚЫНХАНА ат. Тутқынға алынғанларды иркетуғын, қамайтуғын арнаўлы орын.

ТУТҚЫНШЫ ат. Тутқынға алынған адам.

ТУТҚЫР кел. Илгир, зейинли, тапқыр, өткир.

ТУТҚЫРЛЫҚ ат. Илгирлик, зейинлилик, өткирлик.

ТУТҚЫШ I ат. **1.** Қол күймеў ушын услайтуғын арнаўлы исленген зат. **2.** Келиниң түбине салынатуғын арнаўлы зат.

ТУТҚЫШ II кел. **1.** Тез услаўшы, алғыр. Қоянды тез тутқыш тазы. **2.** Тез көгериўши, тез илиўши. Тутқыш нәл.

ТУТЛЫҒЫЎ ф. Иркилип, үзип-үзип сөйлеў, тили гүрмелмеў,

ТУТЛЫҚПА ат. Иркилип сөйлейтуғын, тили гүрмелмейтуғын.

ТУТТЫРЫЎ тутыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУТЫЛЫЎ ф. **1.** Усланыў, қолға түсиўи. **2.** аўыс. Айдың, күнниң бетине көленке дақ түсиў. Айдың тутылыўы. Күнниң тутылыўы. **3.** Заттың бир жерге илдирилиўи, кыстырылыўы.

ТУТЫМ ат. Устамы.

ТУТЫМЫ ЖАМАН фраз. Услап-тутыўы қатты.

ТУТЫНЫЎ ф. Затты жумсаў, пайдаланыў. Кең тутыныў маллары көп муғдарда шығарылып атыр («ЕҚ» г.).

ТУТЫНЫЎ БУЙЫМЛАРЫ ат. Ол үйме-үй кирип, қарақалпақлардың миллий кийимлерин, тутыныў буйымларын жыйнады (А.Султанов).

ТУТЫНЫЎШЫ Жумыс излеўи керек! Өзиниң ислеген саўда базасына барып еди, базаны бир ўақытлары өзине «жақсылық» қылып, айлығының есабынан бир жүз жигирма манат қарыз берген, алдына киргенлерден көре пәтикке тигилиўди унататуғын *тутыныўшылар* жәмийетиниң семизшик баслығы сатып алып, қараўылына дейин жумыстан босатып, өзиниң жақынларын әтирапына жыйнап, барлығын меншиклестирип алыпты (К.Кәримов).

ТУТЫСЫЎ тутыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУТЫЎ ф. **1.** Бир нәрсени қол менен услаў. Гүреске түсиўден-ақ бирден жағасынан *тутып* сүйрей баслады. **2.** Жайдың, үйдиң қабырғасына гилем, кийиз қусағанларды илип қойыў. ◊ **Дос тутыў** – жақын көриў, жақын болыў. **Есинде тутыў** – есинде сақлаў, умытпаў. **Аза тутыў** – қайғырыў, ызаланыў. **Ораза тутыў** – гөн. с. ораза күнлери аўқат, ас ишпеў, жемеў.

ТУЎ I ат. Бир мәкеме ямаса шөлкемге арналып белгили бир түсли гезлемеден (полотнодан) жасалған жалаў, байрақ. Сол пайытта *туў* сыртынан шыққан таныс адамның даўысы оның ойларын бөлип жиберди (А.Султанов).

ТУЎ II кел. Ҳасла туўмаған, балаламаған, төллемеген. *Туў* бийе сойып, қонақ асы берди (кқ.х.е.).

ТУЎ ӘНЕ Ана жерде.

ТУЎ БИЙЕ Туўатуғын бийе.

ТУЎ СЫЙЫР Туўатуғын сыйыр.

ТУЎ УЗАҚ Дым узақ. Алыс.

ТУЎАЛАҚ ат. Үлкен қустың бир түри.

ТУЎАР I ат. Төрт түлик малдың урғашысы. ◊ **Қырқ туўар** – гөн. с. ески әдет бойынша берилетуғын қалың мал, қалыңлық.

ТУЎАР II ф. **1.** Босатыў, шығарыў. Арбаны туўар. **2.** аўыс. Тоқтатыў, қысқартыў. Сөзди туўар **3.** қ. туўыў.

ҚЫРҚ ТУЎАР ат.

ТУЎАР — туўатуғын калың мал. Артық баҳаң елиў *туўар* (Бердақ).

ТУЎАРЫЛЫЎ туўарыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУЎАРЫСЫЎ туўарыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУЎАРЫТЫЎ туўарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎАРЫЎ ф. Жегилген көликти тоқтатыў, жумыстан босатыў, шығарыў, қойыў.

ТУЎАРЫЎШЫ ат. Тоқтатыўшы, босатыўшы, шығарыўшы, қойыўшы.

ТУЎҒАН: ағайин туўған ат. Жақын ағайин, туўысқан. Ағайин *туўған* болама, Керегинде жаўға шаппаса, Қысылғанда: қол берип, Кеўилинди таппаса (ққ.поэз.ант.).

ТУЎҒЫЗДЫРЫЎ туўғызыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎҒЫЗЫЎ ф. Ҳаялларды, жанлы-жаныўарларды балалатыў, төллетиў, туўдырыў.

ТУЎДЫРЫЎ туўыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎЛАҒЫШ кел. Ойнақлағыш, ойнақлаўшы, асаў.

ТУЎЛАҚ ат. **1.** Төсениш орнына қолланатугын жүни алынбаған тери жарған, постек. **2.** аўыс. Жүдеў, арық, қатпа. Асқардың *туўлағы* шығып қалыпты («ЕҚ» г.).

ТУЎЛАНЫЎ туўлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТУЎЛАСЫЎ туўлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУЎЛАТТЫРЫЎ туўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎЛАТЫЎ туўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎЛАЎ ф. **1.** Секириў, ойнақшыў, ойнақлаў. Тай *туўлап*, үйиринен шықпас (ққ.х.н.). **2.** аўыс. Қатты агыў, бурқыраў. **3.** Ашыўланыў, тулланыў.

ТУЎРА кел. **1.** Дүзиў, тикке. Туўра жол. Туўра айтыў. **2.** Дурыс, нақ.

ТУЎРА ГӘП 1.Тил билиминдеги бир мәселе, тема. **2.** Туўрыдан-туўры айтылған, ҳеш қандай өзгериске ушырамаған гәп.

ТУЎРАДАН-ТУЎРА р. Туўрылан.

ТУЎРАЛАНЫЎ туўраў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТУЎРАЛЫ к. с. Ҳаққында, жөнинде. Жаслығымда батырлар туўралы айтылған ертекти мамамнан көп тынлайтуғын едим («ЕҚ» г.).

ТУЎРАЛЫЎ туўраў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУЎРАМА ат. Гөш пенен гүртиктен майда етип туўралған аўқат. ◊ **Жүўери туўрама** – жүўери унынан гүртик араластырып исленген аўқат. **Буўдай туўрама** – буўдай унынан исленген гүртик пенен гөш араластырылған аўқат.

ТУЎРАМА ИСЛЕЎ ф. Аўқатты туўрап таярлаў.

ТУЎРАСЫЎ туўраў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУЎРАТТЫРЫЎ туўраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎРАТЫЎ туўраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎРАЎ ф. **1.** Майдалап кесиў, тилиў. **2.** Бөлек-бөлек етип сындырыў. ◊ **Гөш туўраў** – гөшти майдалап қол ямаса пышақ пенен бөлеклеў. **Нан туўраў** – қол яки пышақ пенен нанды бөлеклеў.

ТУЎРАЎШЫ ат. Затты майдалаўшы, кесиўши.

ТУЎРЫ кел. **1.** Анық, дурыс, дәл. Иркилмей туўры сөйледи. **2.** аўыс. Ҳадал, ҳақ, ҳақ нийетли. *Туўрыға* өлим жоқ (ққ.х.н.). **3.** Туп-туўры, туппа-туўры, дүп-дүзиў. ◊ **Туўры адам** – ҳадал, ҳақ нийетли киси.

ТУЎРЫСЫ Сәлийма, бириншиден, қурдасының өкпесин аршығысы келсе, екиншиден, *туўрысы* ырыс мийнетти қыйып таслап кеткиси келмеди (К.Султанов).

ТУЎРЫ ЖҮРИЎ Тилемис шығып, *туўры* кеңсеге қарай *жүрди* (К.Султанов).

ТУЎРЫЛАНЫЎ туўрылаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТУЎРЫЛАСЫЎ туўрылаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТУЎРЫЛАТТЫРЫЎ туўрылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎРЫЛАТЫЎ туўрылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТУЎРЫЛАЎ ф. **1.** Дүзиўлеў, төтелеў. **2.** Дурыслаў, наклаў,

ТУЎРЫЛАЎШЫ ат. **1.** Тикке шығыўшы, дүзиў жүриўши. **2.** Дурыслаўшы, дүзетиўши, ақлаўшы.

ТУЎРЫЛЫҚ ат. **1.** Дурыслық, анықлық, ҳақыйқатлық. **2.** аўыс. Ҳадаллық, ҳақ сөзлилик. ◊ **Туўрылығын айтыў** – ҳақын, ҳақыйқатын, анығын айтыў.

ТУЎРЫ СӨЙЛЕЎ ф. Ҳеш қандай өтириксиз, тек ҳақыйқатлықты сөйлеў.

ТУЎРЫ СЫЗЫҚ Туўрыдан-туўры сызылған сызық.

ТУЎША ат. Еки жастағы тымса ешки.

ТУЎШАДАЙ кел. Туўша сыяқлы, туўша янлы, туўша тәризли, туўшаға усаған, туўшаға мегзес.

ТУЎЫЛЫЎ туўыў фейилиниң белгисиз дәрежеси..

ТУЎЫНДЫ ат. Бир нәрседен келип шыққан нәтийже, жуўмақ.

ТУЎЫРЛЫҚ ат. Қара үйдиң сыртынан белине шекем жабатуғын кийиз.

ТУЎЫСҚАН ат. Бир анадан туўылған ағайин, қарындас, қаналас. Ол әкесиниң инам қылған өмирин, анасының берген ақ сүтин, *туўысқанларының* баўырманлығын, қәўимлеслеринин

тилеклеслигин аяқ асты қылды, олардың өлимине себепши болды (К.Кәримов).

ТУЎЫСҚАНДАЙ кел. Бирге туўылгандай, баўырман дос, баўырлас.

ТУЎЫСҚАНЛЫҚ Атана-анасы бир болған адамлар.

ТУЎЫСҚАНСЫЗ Ата-анадан жалғыз, басқа туўысқанлары болмаған адамлар.

ТУЎЫСҚАНШЫЛ Өзинен басқа туўысқанлары менен жақсы қатнасатуғын адамлар.

ТУЎЫСҚАНШЫЛЫҚ ат. Туўысқанлық.

ТУЎЫЎ ф. **1.** Нәрестениң дүньяға келиўи, шығыўы. **2.** Ҳаялдардың туўыўы, жас босаныўы. Алым анадан *туўады* (құ.х.н.). Сол баяғы қарабахана жайдан әке-шешесин, ғәрип анасы Күнбийкеден *туўылған* қаналаслары — Алламберген менен Таңсықты таўып алды (А.Султанов). **3.** Жанлы-жаныўарлардың төллеўи. **4.** аўыс. Пайда болыў, жарыққа шығыў, бинә болыў, бинәят болыў, дөрелиў. ◊ **Туўған жер** — туўған мәкан, ел.

ТУЎЫЎШЫ ат. **1.** Балалаўшы, төллеўши. **2.** Пайда болыўшы, жарыққа шығыўшы, бинә болыўшы. **3.** Бала туўыўшы, жас босаныўшы.

ТУЎША Биринши мәрте буўаз болған жанлық.

ТУЎШАДАЙ туўшаға усаған, туўша сыяқлы.

ТУФЛИ ат. Қонышсыз, жеңил аяқ кийим. Турсын апасы таўық сатып, алып берген шүберек *туфлийин* ядына алды (К.Кәримов).

ТУШЬ ат. Сүўрет салыў, сызыў ямаса жазыў ушын арналып исленген түрли түрдеги өшпейтуғын сыя, бояў.

ТУЯҚ ат. **1.** Малдың аяғының басындағы, ушындағы жер басатуғын мүйиз табаны. Тәп бергенде тай озады, *туяғы* қыза ат озады (құ.х.н.). **2.** Малдың бас саны. Он туяқ мал. **3.** Урпақ, перзент. ◊ **Изинде туяқ қалмаў** — кейнинде урпақ қалмаў.

ТУЯҚЛЫ кел. Туяғы бар, туяғы болған.

ТУЯҚСЫЗ кел. Туяғы жоқ, туяғы болмаған.

ТУЯҚТАЙ кел. Туяқ сыяқлы, туяқ тәризли, туяққа усаған, туяққа мегзес.

ТҮБИ Бир нәрсениң ең түби, түпкири.

ТҮБЕК ат. Баланы бесикке бөлегенде денеси, жөргеги ылас болмаў ушын бесикти тесип астына орнатыў ушын ылайдан исленилип қумбызда писирилген кишкене гүзеше. Сәлкем еки жүз шаңарақ сексеўиллери қарағайдай болып өскен бир *түбекти* толтырып, мың жыллар бойы қалғып атырған

Қызылқум шөлиниң қойнын уйқыдан оятып жиберди (К.Кәримов).

ТҮБЕКЛИ кел. Түбеги бар, түбеги болған.

ТҮБЕКСИЗ кел. Түбеги жоқ, түбеғи болмаған.

ТҮБЕКТЕЙ кел. Түбек сыяқлы, яңлы, тәризли, түбекке усаған, мегзес.

ТҮБЕЛЕК ат. Қазанды ошақтан түсиргенде астына қойылатуғын ағаштан, темирден исленген дөңгелек зат.

ТҮБЕЛЕКТЕЙ кел. Түбелек сыяқлы, түбелек яңлы, түбелек тәризли, түбелекке усаған.

ТҮБИР ат. **1.** Өсимликтиң жерде қалған тамыры менен түби. Гөне *түбир* жоңышқаны бузып, орнына пахта екмек мақсетке муўапық болар деп ойлайман, – деди агроном (газетадан). **2.** грамм. Ҳеш қандай қосымтасыз сөз формасы. Сөздиң дәслепки мәнисин билдиретуғын ең кишкене бөлеги *түбир* деп аталады (Ққ.т.саб.).

ТҮБИРИ ат. Негизи, түп-тамыры.

ТҮБИР СӨЗ Негизги сөз, дәслепки сөз.

ТҮБИРДЕЙ кел. Түбир сыяқлы, түбир яңлы, түбир тәризли, түбирге усаған, мегзес.

ТҮБИРЛЕС кел. Түбири менен бир, тамырлас.

ТҮБИРЛЕС СӨЗ Түбири, тамыры, шығысы бир сөз.

ТҮБИРЛИ кел. Түбири бар, көп, түбири болған.

ТҮБИРСИЗ кел. Түбири жоқ, болмаған,

ТҮБИРШИК ат. Түбирдиң кишкене түри.

ТҮБИТ ат. Ҳайўанаттың қылшық жүниниң астындағы мамық жүни.

ТҮБИТЛЕНИЎ ф. Түбити көтерилиў.

ТҮБИТЛИ кел. Түбити бар, түбити болған.

ТҮБИТСИЗ кел. Түбити жоқ, түбити болмаған.

ТҮБИТТЕЙ кел. Түбит сыяқлы, тәризли, яңлы, түбитке усаған, мегзес.

ТҮЙ қ. түйиў.

ТҮЙГИЗИЎ түйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙГИЗДИРИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙГИЗИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙГИЛЕЎ қ. түйгишлеў.

ТҮЙГИШ кел. Түйиўди жақсы билетуғын.

ТҮЙГИШЛЕНИЎ түйгишлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮЙГИШЛЕЎ ф. Ийтермелеў, нуқыў, жудырықлаў. *Түйгишлеп* үйден зорға шығарды.

ТҮЙГИШЛЕЎШИ ат. Түйгишлейтуғын адам.

ТҮЙДЕК ат. **1.** Шыйырылып оралған зат. Бир *түйдек* жип. **2.** Тутас, буўдақ, бурқырап шыққан зат. Печьтиң түтини морыдан *түйдек*-түйдеги менен шығыўда.

БИР ТҮЙДЕК ҚАБЫҚ Бир орам балық.

ТҮЙДЕК-ТҮЙДЕК Буўдақ-буўдақ, Бөлек-бөлек.

ТҮЙДЕКЛЕНИЎ түйдеклеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮЙДЕКЛЕСИЎ түйдеклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮЙДЕКЛЕТИЎ түйдеклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙДЕКЛЕЎ ф. **1.** Шыйырып ораў, буўыў, түйиў. **2.** Буўдақлаў, үсти-үстине, бурқыраў.

ТҮЙДЕКЛЕЎШИ ат. Затты түйдеклейтуғын адам.

ТҮЙДЕКТЕЙ кел. Түйдек сыяқлы, яңлы, тәризли, түйдекке мегзес, усаған.

ТҮЙДИРТИЎ түйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙДИРИЎ түйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙДИРГИШ кел.

ТҮЙЕ ат. Бир ямаса еки өркешли, шөлге шыдамлы, гүйсейтуғын, табанлары үлкен, жалпақ, төрт түлик малдың бир түри. *Түйе* қартайса ботасына ереди (ққ.х.н.).

ТҮЙЕБАСТЫ ат. Топланысып, бириниң үстине бирин басып ойнайтуғын ойын.

ТҮЙЕБАСТЫ ИСЛЕЎ ф. Ойынның бир түри.

ТҮЙЕДЕЙ кел. **1.**Түйе сыяқлы, түйе тәризли, түйе яңлы, түйеге мегзес, түйеге усаған. **2.** Үлкен, нәҳән, гиддиман, тайнапыр.

ТҮЙЕК ат. Дәнли дақылларды сабанынан айырыў, дизип байланған ат, ешек, өгиз, тиркес. *Түйек* айдаў басланды.

ТҮЙЕК АЙДАЎ ф. Дәнди, дақылларды сабағынан айырыў.

ТҮЙЕКЕШ ат. **1.** Түйе жайыўшы, түйе бағыўшы. **2.** Түйе менен жүк тасыўшы.

ТҮЙЕКЕШЛИК ат. **1.** Түйе асыраў менен шуғылланыўшылық. **2.** Түйе менен жүк тасыў кәсиби.

ТҮЙЕКЛЕНИЎ түйеклеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮЙЕКЛЕСИЎ түйеклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮЙЕКЛЕТИЎ түйеклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙЕКЛЕЎ ф. Дәнли дақылларды сабанынан айырыў, айдаў.

ТҮЙЕКЛЕЎШИ ат. Түйек айдаўшы адам.

ТҮЙЕКШИ қ. түйеклеўши.

ТҮЙЕЛИ кел. Түйеси бар, түйеси болған.

ТҮЙЕСИЗ кел. Түйеси жоқ, болмаған.

ТҮЙЕТАБАН ат. Түйениң табаны, оған усаған улыўма затлардың формасы.

ТҮЙЕТАБАНДАЙ кел. Түйетабан сыяқлы, янлы, түйетабанға усаған, мегзес.

ТҮЙЕТАЙДЫ кел. Тик емес жалпақ жер, жасқа, жайпаўыт.

ТҮЙЕТАЙДЫ ҚЫЛЫЎ ф. Нәрсениң, жердиң теғис болыўы.

ТҮЙЕТАЎЫҚ ат. Мойыны узын, таўықтың үлкен түри.

ТҮЙЕШИ қ. түйекеш.

ТҮЙИЛИЎ ф. **1.** Байланыў, шийелениў. Түйилип қалған жип. **2.** Астын өңештен иркилип өтиўи, шақалыўы. Мен гөшке *түйилдим*. **3.** аўыс. Жаңа ғана жайдары минез аққуба жигиттиң қабағы *түйилип*, жүзи түнерди (К.Султанов). Әлле қандай күнниң шуўағы беденин жылытып, муздай бершимек, тастай *түйилген* жүрегин босатып, көкирегин ериткендей, емиренип кетти (К.Султанов). ◊ **Ишеги түйилиў** – ишектен ҳешнәрсе өтпей қалыў.

ТҮЙИН ат. **1.** Бир нәрсениң (жип, арқан) байланып қалған жери. **2.** аўыс. Жуўмақ, нәтийже. **3.** аўыс. Шатасық, былғасық. **4.** Дық, қайғы ҳәсирет. Оның жүрегинде үлкен *түйин* болды.

ТҮЙИНДЕЙ кел. Түйин сыяқлы, түйин янлы, түйин тәризли, түйинге усаған, мегзес.

ТҮЙИНИЎ ф. **1.** Тоқтаў, иркилиў, ойланыў. **2.** Затларды түйип қойыў, байластырыў.

ТҮЙИНЛИ кел. Түйини бар, түйилген.

ТҮЙИНСИЗ кел. Түйини жоқ, түйилмеген.

ТҮЙИНШИК ат. Оралып буўылған зат. Келиншектиң қолтығына қысылған бир *түйиншиги* бар.

ТҮЙИНШИКЛИ кел. Түйиншиги бар, түйиншикке ийе, түйиншик услаған.

ТҮЙИНШИКСИЗ кел. Түйиншиги жоқ, түйиншиги болмаған, түйиншик усламаған.

ТҮЙИР ат. **1.** Бир заттың кишкене бөлеги, усағы, қыйқымы. Ошағымыздағы от қуяштың бир *түйир* бөлегинен жаратылған, – деди Магупта (К.Кәримов). **2.** аўыс. Мазмуны, мәниси. *Түйири* жоқ. Сөзиниң *түйири* жоқ.

ТҮЙИРИ Көз ашып-жумғанша қумырсқалардан бир нешеўи иримшик *түйирине* аўыз салды (К.Кәримов).

ТҮЙИРЛЕНИЎ ф. Бир нәрсениң түйир болыўы.

ТҮЙИРЛИ кел. Түйири бар, түйири болған.

ТҮЙИРСИЗ кел. Түйири жоқ, түйири болмаған.

ТҮЙИРТПЕК ат. **1.** Суйықлыққа салынған заттың түйирлениўи, домалақланыўы. **2.** Безеўге уқсас денедеги майда-майда бөртик, бөртпек. Денесин *түйиртпек* басып кетипти.

ТҮЙИРТПЕКЛИ кел. Нәрсе яки заттың, домалақ түйиртпекли болыўы.

ТҮЙИРТПЕКСИЗ кел. Нәрсе яки заттың, домалақ түйиртпекли болмаўы.

ТҮЙИС фейилдиң шериклик дәрежеси.

ТҮЙИСИЎ түйиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮЙИСТИРИЎ түйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙИЎ ф. **1.** Затты келиге ямаса басқа нәрсеге салып майдалаў, унтақлаў, қабығынан айырыў. Көзди ашып жумғанша – салыны келиде *түйди де*, палаўға боларлықтай гүриш таярлады. **2.** Нуқыў, дүмпишлеў, мушлаў. **3.** Бир затты ямаса жипти *түйип* байлаў, шандыў, ораў.

ТҮЙИЎЛИ кел. Түйилип қойылған, түйилген, байлаўлы.

ТҮЙИЎСИЗ кел. Түйилип қойылмаған, түйилмеген, байланбаған.

ТҮЙИЎШИ ат. Түйип қойыўшы, байлаўшы.

ТҮЙМЕ ат. **1.** Теректиң домалақ болып туқымланыўы. **2.** Қой ҳәм ешкилердиң алқымындағы домалақ зат. **3.** Илгек, сәдеп.

ТҮЙМЕ ТАҒЫЎ ф. **1.** Теректиң туқымланыўы. **2.** Кийимге сәдеп қадаў.

ТҮЙМЕДЕЙ кел. Түйме сыяқлы, түйме яңлы, түйме тәризли, түймеге мегзес, усаған. Түйедей бойың болғанша, *түймедей* ойың болсын (ққ.х.н.).

ТҮЙМЕЛЕЎ ф. Түйме салыў, түйме пайда етиў.

ТҮЙМЕЛИ кел. Түймеси бар, түймеге ийе, түймеси болған.

ТҮЙМЕСИЗ кел. Түймеси жоқ, түймеси болмаған

ТҮЙНЕК ат. Палыз егинлериниң мийўеси, түйнеги. Колхоздың қаўын-ғарбызлары *түйнек* салып атыр.

ТҮЙНЕКЛЕЎ ф. Түйнек ямаса жемис салыў. Парникке егилген қыярлар менен помидорлар тегис *түйнеклеп* турыпты («Жеткиншек»).

ТҮЙНЕКЛИ кел. Түйнеги көп, түйнеги бар.

ТҮЙНЕКСИЗ кел. Түйнеги жоқ, түйнек салмаған.

ТҮЙНЕКТЕЙ кел. Түйнек сыяқлы, тәризли, яңлы, түйнекке усаған, мегзес.

ТҮЙНЕЎ ф. Жүректиң, қарыннық, ишектиң қатты шаншып аўырыўы.

ТҮЙРЕЛИЎ түйреў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮЙРЕТИЎ түйреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЙРЕЎ ф. Ушы истей бир затты екиншисине шаншыў ямаса өткериў.

ТҮЙРЕЎИШ қ. илмешек.

ТҮЙРЕЎЛИ кел. Түйрелип қойылған, шаншыўлы.

ТҮЙРЕЎСИЗ кел. Түйрелип қойылмаған, шаншылмаған.

ТҮЙРЕЎШИ ат. Бир нәрсени түйрейтуғын, шаншатуғын адам, киси.

ТҮГИ Жасы бир жайға барған, бирақ бетинде бир *түги* жоқ, сол ушын адамлар оның атына «көсе» лақабын қойып айтар екен, Бекчан әдеўир ойланып алды (К.Каримов).

ТҮК ат. **1.** Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың денесинде болатуғын майда жүн. Нийетбайдың бет-аўызын *түк* басып кетипти (газетадан). Ат аўнаған жерде *түк* қалады (ққ.х.н.). **2.** аўыс. Ҳештеңе, ҳешнәрсе. ◊ **Түк жоқ** – дым жоқ. **Жүрегиниң түги бар** – ҳешнәрседен қорықпайтуғын батыр. **Түк таслаў** – жүни түсиў, түлеў. **Түги жығылыў** – бети қайтыў. **Бетиниң түги шығыў** – ашыўланыў, тулланыў.

ТҮГИ ШАНШЫЛЫЎ фраз. ашыўлыныў, ғәзеплениў.

ТҮКИРГИЗИЎ қ. түпиргизиў.

ТҮКИРГИШ қ. түпиргиш.

ТҮКИРИК қ. түпирик.

ТҮКИРИЎ қ. түпириў.

ТҮКЛИ кел. Түги бар, түги көп.

ТҮКСИЗ кел. Түги жоқ, түги болмаған.

ТҮКСИЙСИЎ түксийиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮКСИЙТИЎ түксийиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮКСИЙИЎ ф. Қабағын үйиў, жаратпаў. Көмекбай үйге киргенлерге *түксийе* қарады (Ж.Аймурзаев).

ТҮКСИРЕЙИЎ Келбети суўық. Кемпир келбетине *түксирейип* қарап, «приёмнан сыбалғы сорауға киятырған боздың адамы шығар» деген қыялға келди (К.Султанов).

Жәмийлаға *туксирейип* бир қарады да, оннан соң иси болмады (Қ.Султанов).

ТҮЛЕН қ. тюлень.

ТҮЛЕНИЎ түлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮЛЕТИЎ түлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЛЕЎ ф. **1.** Жанлы-жаныўарлардың жазғы мәҳәлде жүнининң түсиўи. Жас жүрек асаў тайдай туўлап, *түлеген* қаршығадай әласпанды күсейди (Қ.Султанов). Азатлық таңында қуслардай *түлен*, Көзлериң шын бахыт нурларын көрди. (И.Юсупов). **2.** Адамлардың терисиниң қабыршақланып түсиўи, сыйырылыўы.

ТҮЛИК: төрт түлик мал ат. Шаруа малларының төрт түрининң жыйнақланған улыўма аты. Ақ ордалы ашамайлы қыяттың, Совхозында төрт *түлик* мал өседи (Қ.Султанов).

ТӨРТ ТҮЛИГИ САЙ Ҳәмме нәрсеси бар, бай.

ТӨРТ ТҮЛИК МАЛ Ҳәмме нәрсеси бар.

ТҮЛКИ ат. Ийт туқымлас узын тумсықлы сүт емизиўши сумлықлы жыртқыш аң. ◊ **Түлки малақай** – түлки терисинен тигилген малақай.

ТҮЛКИДЕЙ кел. Түлки сыяқлы, түлки тәризли, түлкиге усаған, мегзес. Ырасында да, еки арысланның қағыспасында қалып, өрисинен безиккен *түлкидей* Сәлийма қаңғалақлап шыққан еди (Қ.Султанов). Караматдийин *түлкидей* сөзди басқа жаққа бурды (Ж.Аймурзаев).

ТҮЛКИЛИК ат. Қуўлық, сумлық, хийлекерлик, жалатайлық.

ТҮЛКИШЕК ат. **1.** Түлкиниң күшиги, баласы. **2.** Балалар ойынының аты. Ҳәй *түлкишек-түлкишек*, түнде қайда барарсаң? (ққ.х.с.ж.).

ТҮЛКИШИ ат. Түлки аўлаўшы, услаўшы.

ТҮН ат. Күн батқаннан таң атқанға дейинги уақыт, ақшам. Январьдың бас гези, *түн* ҳәм ызғырық (Б.Қайыпназаров). Қараңғы *түнде* қара булттай түнерген дәрья жағасының пәренжесин серпкендей жамалы жарқ етти (Қ.Султанов). ◊ **Түн бойы** – түни менен. Олар узақ *түн бойы* сөйлесип жатты (Қ.Ирманов).

ТҮН ЖЕР Шығыстан түнерип келген *түн жер* жәҳәнге қара шымылдығын серипти (Қ.Султанов).

ТҮН БОЙЫ Түни менен.

ТҮН ОРТАСЫ Түнниң ярымы.

ТҮН ИШИНДЕ Түннин бир мезгилинде.

ТҮН ЖАРПЫ Түнниң тең ярымы.

ТҮНГИ кел. Түнниң бир мезгили.

ТҮНГИ ЖУМЫС Түн мезгилиндеги ўақыт.

ТҮНИ МЕНЕН Қақаман қыстың аязы аздай, *түни менен* жапалақлап қар жаўды (А.Султанов).

ТҮНЕК ат. **1.** Қараңғы, тас түнек. *Түнекти* жақты етер жүзиң гөззал қыз (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Қамаў, езиў, қуллық. Халық умытып ески *түнек* дәўирин, Мәңги тутты нәўбәҳәрдиң сәўирин (Т.Кабулов). ◊ **Тас түнек** – тастай қараңғы. Шыра өшкен жайдың иши *тас түнек* (А.Шамуратов).

ТАС ТҮНЕК Оғыры қараңғы. Ҳеш нәрсе көринбейтуғын қараңғылық.

ТҮНЕРИСИЎ түнериў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮНЕРИТИЎ түнериў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮНЕРИЎ ф. **1.** Булттың бир жерге топланып, жаўайын деп турған ўақыты. Аслан *түнерип*, қабағын қарсы жаўып тур (Н.Дәўқараев). **2.** аўыс. Қабағын үйиў, түйиў, ренжиў. – Жумабай әдеттеги аўыр минезинде теңиздей *түнерип* тур (К.Султанов). «Эҳ» – деди де ғарры қалды *түнерип*, Жас жигитти сөгетуғын түр берип (Т.Сейтжанов).

ТҮНЕРИЎШИ ат. Қабағын үйиўши адам, тулланыўшы киси.

ТҮНЕСИЎ түнеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮНЕТИЎ түнеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮНЕТТИРИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮНЕЎ ф. **1.** Қоныў, жатып шығыў, таңды атырыў. Нөкерлерге арнаўлы буйрық болғанынша, сол жерде *түнеп* қалыўға буйрық берилди (К.Султанов). – Жалғыз өзим анам шыққан жерде *түнеўге* қорқаман, – деди Зулайха адамлар кетип болған соң (К.Кәримов). **2.** аўыс. дин. с. Сыйыныў, жалыныў, жалбарыныў, тилек етиў мақсетиндеги диний уғым. Әўлийе қоймай тиледи, Масайық қоймай *түнеди* («Қоблан»).

ТҮНЕЎГИ кел. Баяғы, ана күнги. *Түнеўгиден* берли өлим үстинде нәмәртлик етким келмеди («Әмиўдәрья» ж.).

ТҮНЕЎШИ ат. **1.** Қоныўшы, жатыўшы. **2.** аўыс. дин. с. Сыйыныўшы, жалбарыныўшы.

ТҮНЛЕТИП КЕЛИЎ ф. Түнде жүриў.

ТҮНЛЕТИЎ ф. Түнде жүриў, ақшамлап қыдырыў.

ТҮНЛИК кел. Түн бойына тең. Бир түнлик жол екен (ққ.х.е.).

ТҮҢИЛДИРИЎ түңилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮҢИЛТИЎ түңилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮҢИЛИЎ ф. **1.** Үмитленбеў, гүдер үзиў. Шийрин жаннан *түңилип*, Айдос қашып барады (Бердақ). **2.** Қапаланыў, уўайымланыў.

ТҮҢЛИК ат. Қара үйдиң шаңарағының үстине жабатуғын төрт мүйешинде байлайтуғын жиби бар, кийизден ямаса басқа нәрседен исленген зат. *Түңликти* түсирип сөйлести олар. Есите алмадым, не дести олар (И.Юсупов).

ТҮҢЛИКЛИ кел. Түңлиги бар, түңлик жабылған.

ТҮҢЛИКСИЗ кел. Түңлиги жоқ, түңлиғи жабылмаған.

ТҮҢЛИКТЕЙ кел. Түңлик сыяқлы, түңлик тәризли, түңлик яңлы, түңликке усаған, мегзес.

ТҮП ат. **1.** Иши қуўыс ыдыстың ямаса басқа бир заттың ең төменги жағы, асты. Полат найза қап түбинде жатпайды (ққ.х.н.). **2.** Өсип турған ағаштың, шөптиң, өсимликтиң хәрбир данасы. Есиғимиздиң алдында еки *түп* ағаш өсип турыпты (Ө.Айжанов). **3.** Жаны, қасы. Тарам-тарам ет берер, оны қайда қоясаң? Тал *түбине* қояман (ққ.х.с.ж.). **4.** Ақыбети, шыққан теги, неғизи. Урлық – урлықтың *түби* қорлық. Жақсы менен тамыр болсаң *түби* билис болар, жаман менен тамыр болсаң *түби* урыс болар (ққ.х.н.). **5.** аўыс. Терек, шөптиң т. б. өсимликлердиң жерге кирип турған бөлими. Есик алдындағы байтеректиң биреўин *түбинен* шаўып жоқ етип, биреўин геллеклеп қайтыңыз деп, әмир етти (ққ.х.е.). ◊ **Түбине жетиў** – **а)** туқымын қуртыў, жоқ етиў. Бес тоқсан боп *түбиңизге жетемиз* (Омар), **б)** анықлаў, белгилеў, мәлимлеў. **Түп нуска** – дәслепки айтылған ямаса жазылған түри. **Түп тамырынан жоқ болыўы** – изи қалмай жойылыў, қурыў. Жынаятлы элементлер *түп-тамырынан жоқ болып*, милицияның бурынғы күтә аўыр, қыйын хәм қәўетерли иси ансатласып киятыр (А.Бекимбетов).

ТҮП НУСҚА ат. Тийкарғы нуска. Түп сағасы – ең әўели. *Түп сағасы* Ерназар бий (Бердақ).

ТҮПӘЛАМ т. с. Қуўанышта, таңланғанда айтылатуғын сөз.

ТҮПИРГИЗИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮПИРГИШ ат. **1.** Түкирик таслайтуғын ыдыс. **2.** Көп түпириўши адам.

ТҮПИРИК ат. **1.** Аўыз қуўыслығындағы безлердиң ислеген шығарыўшы ҳәм аўқатты шайнаўға хызмет ететуғын суйықлық, силекей. **2.** Усы суйықлықтың *түпирилетуғын* бөлеги. Түп дегенде *түпирик* жерге түспейтуғын суўық еди (кк.поэз.ант.).

ТҮПИРИКТЕЙ кел. Түпирик сыяқлы, түпирик тәризли, түпирик янлы, түпирикке усаған, тәризли.

ТҮПИРИНИЎ түпириў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮПИРИЎ ф. Түпирикти, силекейди аўыздан шығарып таслаў. Жамал жүреги айнып, жан-жағына *түкире* берди (газетадан).

ТҮПИРТИЎ түпириў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮПКИ кел. **1.** Әдепки, дәслепки, баслапқы. Адамлардың бәри... деген ой жаздың тамызында шексиз аспанда пайда болған бир пәрше булттың саясын паналамақшы болған жолаўшының кеўлиндеги тәме киби үмит оятқан еди, бирақ оны жүрегиниң *түпкиринен* бас көтерген бир туйғы бийкарлады (К.Кәримов). **2.** Негизги, тийкарғы. Суффикслер түбир сөздиң *түпки* мәнисин өзгертип жаңа мәниге көширеди (кк.т.грамм.). **3.** Ең төменги, пәски. Түркстан – ҳәзирги Түркстан қаласы. Ата журты Түркстанға (Бердақ, 65) Амангелди Түркстанда (Бердақ).

ТҮПКИ МӘНИСИ ат. Ең тийкарғы мәниси.

ТҮПКИ ШЫҒЫСЫ ат. Ең тийкарғы шығысы.

ТҮПКИЛИКЛИ кел. **1.** Турақлы, жергиликли. Аўқам дәўиринде Қазақстанда ҳәм Орта Азияда *түпкиликли* халықтың интеллигенциясы қәлиплести. **2.** Негизги тийкарғы.

ТҮПКИР ат. **1.** Ең шет, алыс жер. Келиншек көз көрмес қулақ еситпес *түпкирге* келдик ғой (Н.Дәўқараев). **2.** Ең төрги түби.

ТҮПКИРГЕ КЕТИЎ ф. Ең төрине кетиў.

ТҮПЛЕГИШ кел. Заттың түбин түплеўди жақсы билетуғын ислей алатуғын адам.

ТҮПЛЕНИЎ түплеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮПЛЕСИЎ түплеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮПЛЕТИЎ түплеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮПЛЕТТИРИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮПЛЕЎ ф. **1.** Муқабалаў, қаплаў. Диссертация *түплеўге* тапсырылды. **2.** Түби түскен шелекке жаңадан *түп* салыў. Темирши сәл ўақыт ишинде бес-алты шелекти *түплеп* болды.

ТҮПЛЕЎШИ ат. **1.** Муқабалаўшы, қаплаўшы. **2.** Түп салыўшы, түп орнатыўшы.

ТҮПЛИ кел. Түби бар, түп қойылған, исленген.

ТҮПСИЗ кел. **1.** Тесик, жыртық. *Түпсиз* шелек. **2.** аўыс. Терең шүңгил, шуңқыр. Оның қас-кирпиклери жамғырлы, найзағайлы булттардан жаратылған болып, бултлар егелиўди билмей көшер еди, ал көзлериниң орнында *түпсиз* көк-көмбек океан толқынлары шуўылдап жартасларға келип урылып атты (К.Кәримов). Қырқ қулаш *түпсиз* зинданға апарып таслатты («Қырқ қыз»). **3.** аўыс. Ойланбайтуғын, ойсыз, турпайы.

ТҮР ат. **1.** Ажар, пишим, әлпет, рең, түс, Ҳә бийкеш, бул не түриң қашып кетипти ғой (А.Бекимбетов). **2.** Тийре, қыйлы. Тартым жалғаўлары еки *түрли* болады. *Түри* суўық. *Түринде* қан қалмаў. *Түри* ағарыў.

ТҮРИ ат.

ТҮРИ ЖАҚСЫ Түр-түси жақсы.

ТҮРИ БУЗЫҚ фраз. Түр-түси жақсы емес.

ТҮРИ ҚАШҚАН фраз. Түр-түси жақсы емес.

ТҮР ҚӘЛЕМ Ҳәр түрли реңдеги қәлемлер.

ТҮР КӨРСЕТИЎ Фраз. Өзиниң бар екенлигин билдириў.

ТҮРГЕЛИЎ ф. **1.** Орнынан турыў, тикейиў. – *Түргел* не қылып атырсаң? – Қудай урды, мен винтовкадан айырылдым (Ө.Айжанов.) **2.** Уйқыдан ояныў, турыў.

ТҮРГЕЛТИЎ ф түргелиў.

ТҮРИК кел. Түрилген томпайған. Түрик ерин – түрилген салпы ерин. Өтенияз Ахметов сулыўшықтан келген, *түрик* еринлеў қара шашлы бала еди (Ж.Аймурзаев).

ТҮРИК ЕРИН Томпайып, түрилип туратуғын ерин.

ТҮРИКЛЕЎ кел. Сәл түрилген, томпайғанлаў.

ТҮРИЛДИРИЎ түриў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮРИЛИЎ ф. Қайырылыў, көтерилиў. *Түрилген* етек ашылып, Өз аяғына басылып, Жасырған сыры шашылып, Толы журтқа көринген бар (С.Мәжитов).

ТҮРИНИЎ түриў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮРИЎ ф. **1.** Қайырыў, көтериў. Еки жеңин *түрип* алған (Қ.Досанов). **2.** Тық-тықлаў, байқаў. Журт жолына қарап отыр, *Түрип* қулағын жаслар (С.Мәжитов). ◊ **Қулағын түриў – а)** кеўил қойып, ықлас пенен тыңлаў. Әмиўдеги асаў толқын даўысын. Еситкендей *түрилди* бир қулағы (Т.Сейтжанов). **б)** үмитлениў, дәмелениў.

ТҮРИЎЛИ кел. Қайырылыўлы, көтериўли.

ТҮРИЎСИЗ кел. Көтерилмеген, қайырылмаған.

ТҮРИЎШИ ат. Қайырып қоятуғын адам, көтериўши.

ТҮРК миллет, түркий тиллердиң бири.

ТҮРКЛЕР ат. Түркияның тийкарғы халқын қурайтуғын халық, түрк халқы.

ТҮРК ТИЛИ Түрк халқының миллий тили.

ТҮРКИЙ Түрк тиллес, аталас халықлар.

ТҮРКИЙ ТИЛЛЕС Соған қарамастан, айырым кимселер бул халықты кемситип, «қарақалпақ миллет емес, ол *түркий тиллес* халықлардың бир руўы» деген гәплерди тарқатып жүр (А.Султанов).

ТҮРКМЕН миллет, түркий тиллериниң бири.

ТҮРКМЕНЛЕР ат. Түркменстанның тийкарғы халқын қурайтуғын, пайда ететуғын халық, түркмен халқы.

ТҮРКМЕНШЕ түркмен миллетине тән нәрселер.

ТҮРЛЕНДИРИЎ түрлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮРЛЕНИЎ ф. **1.** Қулпырыў, өзгериў, гүллениў, жайнаў, дөниў. Кестесиндей шебердиң *Түрленип* жер жасанды (К.Султанов). **2.** грамм. Сеплениў, өзгериў.

ТҮРЛЕС Бир-бирине уқсас, бир-бирине жақын.

ТҮРЛЕСИЎ түрлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮРЛЕТИЎ түрлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮРЛЕТТИРИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮРЛЕЎ ф. **1.** Бир заттың үстине бояў жағыў. **2.** грамм. Сөзди сеплеў.

ТҮРЛЕЎШИ ат. **1.** Затты бояўшы, жағыўшы. **2.** грамм. Сөзди сеплеўши.

ТҮРЛИ кел. Ҳәрқыйлы, ҳәртүрли. Бирақ Сраоша менен Рашну хақкында яшытларды шаруўалар жақсы көреди, ол падаларды *түрли* көўип-қәтерден сақлайды (К.Кәримов).

ТҮРЛИ АДАМЛАР Ҳәр түрли адамлар.

ТҮРЛИ ЖЕРЛЕР Ҳәр түрли жерлер.

ТҮРЛИ-ТҮРЛИ Ҳәр қыйлы, рәңбәрең.

ТҮРЛИ-ТҮРЛИ КИЙИМЛЕР Ҳәр түрли кийимлер

ТҮРЛИЛИК ат. Ҳәр түрлилик

ТҮРЛИШЕ р. Ҳәр түрли, түрли-түрли, Жалғыз баласының белгисиз жоғалғанын қандай жоллар менен анықлаўға *түрлише* план дүзди (А.Бекимбетов).

ТҮРМЕ I ат. гөн. с. Қыз-келиншеклер басына орайтуғын ямаса жигитлер белине буўатуғын жипектен тоқылған гезлеме.

Аш-әптада, *түрме* кийими менен өз үйине кирип келгенде хаялы мойнына асылып, жылап жиберди (К.Каримов). Бақан қурды, жүўен салды, Белине *түрмесин* шалды (Бердақ).

ТҮРМЕ II ат. **1.** Жынаятлы адамларды услайтуғын жай. **2.** Суд тәрепинен белгиленип жыл берилген адамларды қамап қоятуғын орын, бина. *Түрмеге* салыў. *Түрмеге* қамаў. **3.** аўыс. Адамалардың турмыс кешириўи аўыр болған, экономикалық ҳәм сиясий жақтан езилиўде жасап атырған орын. Патша Россиясы халықлардың *түрмеси* болған.

ТҮРМЕ III қ. түрмеў.

ТҮРМЕЎ ф. Бир затты көтермеў, жыйнамаў, қайырмаў. Үйдиң есигин жоқары *түрмеў* керек, – деди ғарры (Қ.Айымбетов).

ТҮРМЕХАНА ат. Судланған, айыпланған, қылмыс еткен адамларды қамайтуғын, сақлайтуғын бөлме, қамақхана. Ол *түрмеханада* жатыр.

ТҮРП ат. Түри көгислеў болатуғын, шалғамға усаған, аўқатқа қосылып писирилмей желинетуғын палыз өсимлиги ҳәм оның түйнеги, өними.

ТҮРПИ ат. **1.** Бир нәрсени егейтуғын ямаса сүргилеп тазалайтуғын әсбап. Жезден ислеген куманның сырты тотығып кирлесе, оны *түрпи* менен сыпырады. **2.** аўыс. Сыйқы, түри. Жигиттиң тәрепи сондай, Аға беглер *түрпи* қандай, Ҳеш ўақытта адам бундай, Болған жерини көрмедим (Бердақ).

ТҮРПИ ЖЕЎ ф. Мийўе-палыз өними ҳәм оны пайдаланыў, жеў.

ТҮРПИ МЕНЕН АРТЫЎ ф. Нәрселерди артыў, тазалаў.

ТҮРПИДЕЙ кел. Түрпи сыяқлы, түрпи тәризли, түрпи яңлы, түрпиге усаған, мегзес.

ТҮРПИЛЕНИЎ түрпилеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮРПИЛЕСИЎ түрпилеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮРПИЛЕТИЎ түрпилеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮРПИЛЕЎ ф. Түрпи менен сүргилеў.

ТҮРПИЛЕЎШИ ат. Түрпи менен сүргилеўши.

ТҮРПИЙИЎ ф. Бир сыртқы күштиң тийиўи нәтийжесинде дененің исиўи, томпайыўы.

ТҮРТИНДИРИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮРТИНИЎ түртиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮРТИСИЎ түртиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮРТИЎ ф. Қолдың ямаса басқа бир заттың ушы менен биреўди ямаса бир нәрсени нуқыў, ийтериў. Жубаныш жанындағы Базарханды әсте *түртип* жиберди (Ө.Хожаниязов).

ТҮРТИЎШИ т. Ийтериўши, нуқыўшы.

ТҮРТКИ ат. **1.** Қозғаўшы, ийтериўши. **2.** Себепши, себепкер. Ташкентке оқыўға кетиўиме Қалендердиң сөзи маған үлкен *түртки* болды. **3.** аўыс. Биреўлердиң сыйыстырғысы келмеўи, кейнине түсиўинен керген жәбир, жапа. *Түртки* болыў.

ТҮРТКИ САЛЫЎ ф. Бир нәрсениң ислениўине себеп болыў.

ТҮРТКИЛЕЎ ф. Қайта-қайта түртиў. Аўқатланып болыўдан-ақ қайтайық деп Бектемирди *түртклеў* менен болды (Х.Сейтов). Олар бизди *түртклеп* қоймады (Х.Сейтов).

ТҮРТКИЛЕЎШИ ат. Түртетуғын адам.

ТҮРТКИШ кел. Түртиў, түртклеў.

ТҮРТКИШЛЕЎ қ. түртклеў.

ТҮРШИГЕРЛИК кел.

ТҮРШИГИЎ ф. Титирениў, дирилдеў, қалтыраў. Баяғы бақсыда берди ызаны, Сөйлесе *түршигип* денем қызады (С.Нурымбетов).

ТҮРШИГИЎШИ ат. Дирилдеўши, қалтыраўшы.

ТҮРШИК кел. Ашқылтым, ашшырақ.

ТҮРШИКЛИ кел. Ашқылтымлы, турышлы.

ТҮРШИКТИРЕРЛИК кел. Дененинң жағымсыз бир нәрседен түршигиўи.

ТҮРШИКТИРИЎ түршигиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮС I ат. Уйқылағанда ойға түсетуғын қыял, елес. ◊ **Түс көриў** –уйқылағанда қандай да болмасын бир хәдийсени көзине елеслетиў. Кеше кеште болған исти, Өткен ақшам *көрген түсти* (И.Юсупов).

ТҮС II ат. Күнниң мезгили, күн ортасы, күнниң ярымы. *Түс* ўағында тербеп самал, Турды сапқа нарт нәлшелер (И.Юсупов).

ТҮС III ат. Түр, келбет, рең. ◊ **Түси суўық** – ашыўлы, қәҳәрли, ғәзепли, зәҳәрли. Музапат буларды *суўық түс* пенен қабыл етғи (Қ.Ирманов). Турды орнынан, *түси суўық*, Қолда қанжар жарқылдап (И.Юсупов). **Түси оңыў** – өзгериў, бети қуўараў. Бийдиң *түси оңып* кетти (К.Султанов). **Ашыўлы түс** – қәҳәрли, ғәзепли. Айымжан бул ретте де *түсине ашыўлы* қарағаны болмаса, ҳеш жуўап қайтармады (С.Хожаниязов). *Түси* бузылыў. *Түси* қашыў. *Түсин* бермеў. *Түсин* бузыў. *Түсинде* көриў.

ТҮС КӨРИЎ ф. Инсанның уйықлап жатырып түсинде ҳәр түрли нәрселерди көриўи.

ТҮС ЎАҚТЫ Күнниң дәл ортасы.

ТҮСИ ат. Түри.

ТҮСИ СУЎЫҚ фраз. Бет-әлпети, түр-түси жағымсыз, сүйкимсиз болыўы.

ТҮСИ ӨЗГЕРИЎ ф. Адамның түр-түсиниң өзгерип кетиўи.

ТҮСИ ӨНИП КЕТИЎ фраз. Түри өзгерип кетиў.

ТҮСИК ат. **1.** Ўақты толмай жансыз туўылған төл, бала. **2.** аўыс. Бала, нәресте, ҳәмме. Әкемниң бизди таслап кеткенин аўылдың *түсигине* дейин билипти (Қ.Смамутов).

ТҮСИКТЕЙ кел. Түсик сыяқлы, түсик тәризли, түсик яңлы, түсикке усаған, мегзес.

ТҮСИМ ат. Өним, кирис, пайда. Былтырғыға қарағанда быйыл бизиң колхоздың *түсими* анағурлым артты (газетадан).

ТҮСИМЛИ кел. Өнимли, пайдалы, дәраматлы.

ТҮСИМЛИЛИК ат. Пайда, түсип турған нәрсе.

ТҮСИМПАЗ кел. Пайдакүнем, жырындыхор. Алламберген жас ўақтынан-ақ жырып жеўди, қалай да болса пул жыйып мал табыўды билетуғын, улыўма айтқанда *түсимпаз* жигитлердиң биреўи болып өсти («Әмиўдәрья» ж.).

ТҮСИМПАЗЛЫҚ ат. Инсанлардағы бар жағдайды түсиниўге болған қәсийет.

ТҮСИМСИЗ кел. **1.** Өнимсиз, пайдасыз. **2.** Түсиниги жоқ түсинбейтуғын.

ТҮСИМСИЗЛИК ат. **1.** Пайдасызлық, өнимсизлик. **2.** Түсиниги жоқлық, түсинбейтуғынлық.

ТҮСИНБЕСЛИК ат. Билмеслик, аңқаўлық. Ол бул мәселеде *түсинбеслик* ислепти (газетадан).

ТҮСИНБЕЎ ф. Болып атырған ис-ҳәрекет, ўақыяларды түсинбеў.

ТҮСИНБЕЎШИЛИК ат. Билмеўшилик, аңғармаўшылық. Буның бәри *түсинбеўшиликтен* шығып отыр (Ө.Хожаниязов).

ТҮСИНБЕЎШИ кел. Болып атырған ис-ҳәрекет, ўақыяларға түсинбеў.

ТҮСИНГИШ кел. Илгир, уққыш, түсимпаз.

ТҮСИНДИРИЛИЎ түсиниў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮСИНДИРИЎ түсиниў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Айдаўшы бул жерлик адамлардың арзымаған қол көмек, жәрдем

ушын пул алыўды әзлерине мүнәсип кәрмейтуғынлығын айтпақшы еди, бирақ оны *түсиндириўге* көп ўақыт сарыплаў кереклигин ойлады ма, ямаса инглисше сөзлигим жетпейди-аў, деп гүмансырады ма, қысқа ғана етип: – Бизде солай... (К.Кәримов).

ТҮСИНДИРИЎШИ ат. Билдириўши, уғындырыўшы, аңғартыўшы.

ТҮСИНДИРМЕ ат. **1.** Бир нәрсениң мәнисин, жағдайын ашып беретуғын сыпатлама. **2.** Болған ўақыяны жазба түрде баянлайтуғын анықлама. Қәлесеңиз *түсиндирме* жазып берейин ямаса аўызеки айтайын ықтыяр сизде («Әмиўдәрья»). ◊ **Түсиндирме сөзлик** – сөздиң және сөз тиркеслериниң хәм фразеологизмлердиң мәнилерин ашып, оларды тақлайтуғын сөзлик. ...тарийх тил хәм әдебияты институтының сөзликлер хәм терминология бөлими усынылып отырған қарақалпақ тилиниң *түсиндирме сөзлигин* иследи (ққ. т. түс. с. I. т.).

ТҮСИНГИШ кел. Ис-хәрекет, ўақыяларды дурыс түсинетуғын адам.

ТҮСИНИГИН БИЛИЎ ф. Бирер нәрсе ҳаққында түсинигин билиў.

ТҮСИНИК ат. **1.** Уғым анықлама. **2.** Пикир, ой.

ТҮСИНИК ХАТ ат. Болып атырған ис-хәрекет, ўақыяларды түсиндириўши хат.

ТҮСИНИКЛИ кел. Белгили, мәлим, анық, айқын. Қайсы тилде айтылып атырғаны нәмәлим, бирақ мәниси *түсиникли* еди (К.Кәримов). Алламбергенниң астарлы сөзи Оразгүлге де, моллаға да *түсиникли* болды (Ж.Аймурзаев).

ТҮСИНИКСИЗ кел. Белгили емес, анық емес, мәлим емес. Джонга менюдеги аўқатлар *түсиниксиз* еди (К.Кәримов).

ТҮСИНИСИЎ түсиниў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮСИНИЎ ф. Бир нәрсениң ямаса ҳәдийсе менен процесстиң ҳал-жағдайын, сыр-сыпатын билиў, уғыныў, аңғарыў. Қәйдем, өзи *түсинетуғын* да Индемес минезли Жумабай терең демин алып, жәбирленген кисидей сөйледи (К.Султанов).

ТҮСИНИЎШИ ат. Аңғарыўшы, уғыныўшы, билиўши.

ТҮСИНИЎШИЛИК ат. Болып атырған ис-хәрекет, ўақыяларды дурыс түсиниў.

ТҮСИМПАЗ кел. Илғир, уққыш, өткир. *Түсимпаз* ҳаял молланың тағы бир гәптиң ушлығын алып келгенин сезип, иши ғым етти (К.Султанов).

ТҮСИРГИШ ат. **1.** Затты бир жерден екинши бир жерге түсириўши. **2.** Сүўретке, киноға алыўшы.

ТҮСИРИЛИЎ түсириў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮСИРИСИЎ түсириў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮСИРИЎ ф. **1.** Машинаға ямаса бир нәрсеге тийелген ямаса көликтиң үстинде турған затларды, адамды жерге алып қойыў, таслаў. Оразгүлдиң үйине жақынлағанда мени аттан *түсирди* (Ж.Аймурзаев). Ақырғы төгинди *түсирип* болыўға жақынлаған еди, шыдап тура алмай өзи де жәрдемге барды (Ө.Айжанов). **2.** Қалдырыў, таслаў. **3.** Хүрмет тахтасынан көзин жазбырмай усы минезлерин есине *түсирип* турған Сапар енди Жәмийлаға бурылғанда, есик тарс етип ашылды (К.Султанов).

ТҮСИРИЎШИ ат. **1.** Затларды жерге қойыўшы, таслаўшы. **2.** Сүўретке алыўшы.

ТҮСИРТИЎ түсиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮСИРТТИРИЎ түсириў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮСИЎ ф. Заттың жоқарыдан төмен барып жерге ямаса басқа бир нәрсеге тирелиўи, келиўи, токтаўы. Аспаннан не *түспейди*, жер нени көтермейди (ққ. х.н.). ◊ **Қыс түсиў** – қыс болыў, қыс келиў. **Суўға түсиў** – **а)** суўдан жүриў, кешиў. **б)** жуўыныў, шомылыў. **Көзге түсиў** – белгили бир қәсийети менен атағы шығыў, мәлим болыў, көриниў. **Мийрими түсиў** – жаны ашыў, аяў. **Еңсеси түсиў** – мәниси қашыў, сүмирейиў, қапаланыў. **Жүреги орнына түсиў** – кеўили жай табыў, қорқыныштан қутылыў. **Қақпанға түсиў** – **а)** қақпанға усланыў, тутылыў. **б)** аўыс. алданыў, усланып қалыў. **Талаўға түсиў** – бар-жоғынан айырылып қалыў. **Изине түсиў** – қуўдалаў. **Шық түсиў** – түнге қарай өсимликтиң үсти ләмлениў. **Келин түсиў** – турмысқа шыққан қыздың күйеўиниң үйине келиўи. **Тутқынға түсиў** – қамаўға алыныў. **Сүўретке түсиў** – заттың көринисин өзинен айнытпай фотоаппарат арқалы қағазға түсириў. **Сәти түсиў** – оңайы келиў. **Ымырт түсиў** – геўгим түсиў, күн батып тас қарайыў. **Еске түсиў** – бир нәрсени көз алдына келтириў, ойына алыў.

ТҮСИЎШИ ат. Жоқарыдан ямаса бир нәрседен төменге келиўши, токтаўшы, тирелиўши.

ТҮСЛЕНДИРИЎ түслениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮСЛЕНИЎ ф. Түсте чай ишиўге, аўқатланыў, дем алыўға шығыў, отырыў.

ТҮСЛЕНИЎШИ ат. **1.** Түсликке шығыўшы. **2.** Түсленип кетиўши.

ТҮСЛЕС кел. Түси жағынан сәйкес келиў, бирдей болыў.

ТҮСЛЕСИЎ түслениў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮСЛЕТИЎ түслениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮСЛИ кел. Шырайлы, реңли, сәтли. ◊ **Түсли металл** – алтын, гүмис, мыс, жез, қорғасын т.б. усындай қазба байлықлардың улыўма атамасы.

ТҮСКИ Күнниң ортасындағы мәҳәл.

ТҮСКИ АЎҚАТ Күн ортасында жейтуғын аўқат.

ТҮСКИЛИК Бир неше хәпте бойы даўам етип киятырған *түскинликтен* кейин жигит сәл ғана өзине келгендей сезинди (К.Кәримов).

ТҮСЛИК I ат. Кубла тәреп.

ТҮСЛИК II ат. **1.** Түски ўақыт, мезгил, мапаз. **2.** Түс ўағында жейтуғын аўқат. – Пай, сен-әм қаяқтағы *түсликти* айтасаң-аў, ал мен болсам жумыстан пүткиллей босап қалдым (А.Султанов). ◊ **Түслик жер** – азанда көлик пенен шығып, түсте келип жететуғын еки аранын узынлық өлшеўи, бир мезгиллик аралық.

ТҮССИЗ кел. Түси, реңи жоқ.

ТҮССИЗ ГАЗ Түси, реңи жоқ нәрсе.

ТҮСТЕЙ кел. Түс сыяқлы, тәризли, яңлы, түске мегзес, усаған. Елеслер тап кеше көрген *түсимдей*, Мәртлик саўашларың сениң «Арсенал» (И.Юсупов).

ТҮСТЕН КЕЙИН рәў. Мезгилди билдириўши ўақыт.

ТҮТЕ ат. **1.** Жип хәм сабақ орайтуғын зат. Қурбангүл көйлек тигиў ушын дүканнан бир *түте* жип алды. **2.** Шийшеден, металлдан хәм басқа да затлардан исленген иши қуўыс зат. Қарасам пистолеттиң *түтеси* ушып кетипти (Ж.Аймурзаев). **3.** гөн. с. Шарықтағы ийиктен үлкен дүрбезеге кийгизилип сабақ орайтуғын үлкен нар қамыстан исленген, узынлығы 20 см. ге шамалас зат, түтик, най.

ТҮТЕДЕЙ кел. Түте сыяқлы, түте яңлы, түте тәризли, түтеге усаған, мегзес.

ТҮТЕЛЕНИЎ түтелеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮТЕЛЕЎ ф. Сабақты, жипти түтеге салыў, ораў.

ТҮТЕЛЕЎШИ ат. Сабақты, жипти түтеге ораўшы.

ТҮТЕНИЎ түтеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮТЕТИЛИЎ I түтеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮТЕТИЛИЎ II түтеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮТЕТИЎ ф. От жағып түтин шығарыў, пысқытыў. Бийбиайым өзиниң ошағын *түтетип*, келе қылсын (Т.Қайыпбергенов).

ТҮТЕТКИЗИЎ түтетиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮТЕТТИРТИЎ түтетиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮТЕЎ ф. Бир заттың жанар алдындағы пысқый баслаўы. Мине, жаңа ғана ҳәр жер, ҳәр жерден морылар *түтей* баслады (Т.Қайыпбергенов). Печи тартпай *түтеп* тур (Ө.Айжанов). *Түтеп* кетиў.

ТҮТЕСИ ШЫҒЫП КЕТИЎ фраз. Қатты ашыўланыў.

ТҮТИГИЎ ф. **1.** Ыссы күнде жумысты көп ислеген ямаса жол жүрген адамның қатты шаршап мазасызланыўы. Ол қап-қара болып *түтиккен*, қалт-қулт етип орнынан жүреди, тарамысланған қоллары дир-дир етеди (К.Султанов). **2.** Қыйналыў, қапаланыў.

ТҮТИК ат. Суйық зат өтетуғын сыбызғы сыяқлы жиңишке узынша зат, най. *Түтик* пенен суўлы бояў себилген (Т.Жумамуратов).

ТҮТИКШЕ ат. Түтиктиң кишкене түри, кишкене түтик.

ТҮТИЛИЎ түтиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮТИН ат. **1.** Оттан буўдақлап шығатуғын зат. Пысқып атырған *түтинди* көрип жетип келди (Т.Қайыпбергенов). Сапар орнынан өрре турып солдат гимнастеркасынан папиросын алып, тутандырып, исинген өкпесине буўдақ-буўдақ ашшы *түтинди* серипти (К.Султанов). Мылтықтан шыққан *түтинге*, Ай менен күнлер тутылды («Мәспатша»). **2.** аўыс. Өз алдына шаңарақ болып отырған хожалық, семья. Ол да өз алдына *түтин* түтетип бир шаңарақ болды (Н.Бөрекешов). **3.** аўыс. Қапалық, күйик. Сыртым пүтин, Ишим *түтин* (Бердақ).

ТҮТИНДЕЙ кел. Түтин сыяқлы, түтин тәризли, түтин яңлы, түтинге мегзес, усаған.

ТҮТИНЛЕТИЎ түтинлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮТИНЛЕЎ ф. Оттың жанбай түтеўи, пысқыўы.

ТҮТИНЛИ кел. Түтини көп.

ТҮТИНЛИК ат. Жаздың күни шыбынларды келтирмеў ушын шөп-шарды, тезекти алыстырып, пысқытып қойған үйинди. Ҳәммемиз дәрис тасыймыз, *түтинлик* саламыз (К.Досанов).

ТҮТИНЛИК САЛЫЎ ф. Шыбынларды кетириў ушын шөп-шарды түтетиў.

ТҮТИН ТҮТЕТИЎ ф. Шөп-шарды түтетиў.

ТҮТИНСИЗ кел. Түтини жоқ, түтемеген.

ТҮТИСИЎ түтиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮТИЎ ф. **1.** Жүнди, пахтаны ийириў ямаса басқа нәрсеге салыў ушын түйиртпегинен жазып жумсартыў, тазалаў, сабаў, созыў. Жүнлер киби *түтилди*, Қуйқадағы шашлары («Қырқ қыз»). **2.** аўыс. Тарқаў, тарап кетиў. Көкте болса *түтилген* ақ пахтадай, шубатылар тарғыл булттың дизбеги (М.Қарабаев). ◊ **Түтип жеў** – өз еркине қоймай бары-жоғын зорлық пенен алыў.

ТҮТИЎШИ ат. Жүнди, пахтаны жазыўшы, тазалаўшы.

ТҮТТИРИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси

ТҮТТИРТИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси

ТҮЎЕ к. с. Мойынламаў, бийкарлаў. Сөйлемек *түўе* демимди қаттырақ алыўға да батылым бармады (К.Смамутов).

ТҮЎЕЛ р. Толық, нақ, тегин, пүтин, кемис емес. Алты аўыз ала болса, аўыздағыны алдырар, Төрт аўыз *түўел* болса, төбедегини түсирер (ққ.х.н.). Он еки мүшеси *түўел* (Ө.Хожаниязов). Теңизге кеткен балықшылар еле *түўел* келген жоқ (М.Абдиреймов). ◊ **Аман түўеллик** – аман-есенлик, жағдай, аўҳал, турмыс. Әжинияз жеңгеси менен *аман түўеллик* сорасып отырды (К.Султанов).

ТҮЎЕЛ БОЛЫЎ ф. Ҳәмме нәрсениң толық болыўы.

ТҮЎЕЛ КЕЛИЎ ф. Ҳәммениң толық келиўи.

ТҮЎЕЛЛЕНИЎ түўеллеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮЎЕЛЛЕСИЎ түўеллеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮЎЕЛЛЕТИЎ түўеллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЎЕЛЛЕТТИРИЎ түўеллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮЎЕЛЛЕЎ ф. Бары-жоғын есапқа алыў, зат санының артық кемисин тексериў. Ўақтын-ўақтын шопанлар бағып жүрген қойын *түўеллеп* турады.

ТҮЎЕЛЛЕСИЎ фейилдиң шериклик дәрежеси

ТҮЎЕЛЛЕЎШИ ат. Артық-кемин тексериўши, дурыслаўшы.

ТҮЎЕСИЛИЎ түўесиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТҮЎЕСИЛМЕС кел. Таўсылмайтуғын, қурылмайтуғын, азаймайтуғын. *Түўесилмес* ғәзийнеге тап болды (ққ.х.е.). Оғы *түўесилмес* сур пулемётти, Тарийх тас үстине орнатып кетти (И.Юсупов).

ТҮЎЕСИЛМЕЎ ф. Таўсылмаў, қуртылмаў, азаймаў.

ТҮЎЕСИЎ ф. Таўысыў, қуртыў, тамам етиў.

ТҮЎЕСИЎШИ ат. Таўысыўшы, қуртыўшы, тамамлаўшы.

ТҮЎЕСТИРИЎ түўесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮФИЎ т. с. Күйиниўди, ашыўланыўды, ызаланыўды билдиреди. *Түфиў*, бети қара, жолама жаныма.

ТҮШКИРИК ат. Аўыздан, мурыннан шыққан ҳаўа, сес, пысқырық. Балаға *түшкирик* тийди.

ТҮШКИРИНИЎ түшкириў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТҮШКИРИСИЎ түшкириў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТҮШКИРИЎ ф. Ҳаўаны мурыннан да, аўыздан да тосыннан бирден ерксиз шығарыў.

ТҮШКИРТИЎ түшкириў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТҮШКИРГИЗИЎ фейилдиң өзгелик дәрежеси.

ТҮШКИРГИШ кел. Көп түшкиретуғын адам.

ТЫҒЫЗ кел. **1.** Қалың, жийи. Хан аўылында үйлер жүдә *тығыз* қонысласады екен (Т.Қайыпберғенов). **2.** аўыс. Асығыс, қыстаў. Ўақыт *тығыз* жумыслары көп. Жыйнақ қысқа өткерилди (Б.Исмайлов).

ТЫҒЫЗЛАНЫЎ тығызлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЫҒЫЗЛАСЫЎ тығызлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫҒЫЗЛАТЫЎ тығызлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҒЫЗЛАЎ I кел. Қалыңлаў, жийилеў.

ТЫҒЫЗЛАЎ II ф. Нықлаў, нығызлаў. Беккемлеп, көтерип *тығызлап* бойды. Ҳәр исти шешиўге жумсап мол ойды (Ә.Шамуратов).

ТЫҒЫЗЛЫҚ ат. **1.** Жийилик, қалыңлық. **2.** Нықлық, тарлық.

ТЫҒЫЗЫРАҚ кел. **1.** Қалыңырақ, жийирек. **2.** Нығырақ, нығызырақ. Сол дәўирде мийнеткешлерди бир мақсетке *тығызырақ* жәмлеўде оған Қоңырат районлық дийқанлар шөлкеминиң жуўаплы хатшысы Ораз Ерманов, жаслар шөлкеминиң хатшылары Пиржан Бекишев ҳәм Рахим Мәжитовлар, районлық халық ағартыў шақабының баслығы Сейфулғабит Мәжитов, пидәкерлик хызметине бола соң Қоңырат районлық комитеттиң ағзалығына сайланған Жаббарберген Бекишев ҳәм Аллақул Айтақовлар жақыннан жәрдем берди ҳәм исенимли қолғанатлар болды (А.Султанов).

ТЫҒЫЛЫНЫЎ тығылыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫҒЫЛЫС кел. Жийи, қалың.

ТЫҒЫЛЫСТЫРЫЎ тығылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҒЫЛЫСЫЎ тығылыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫҒЫЛЫЎ ф. **1.** Егинниң, өсимликлердиң жийилениўи, питиўи. **2.** Ыдыстың аўзының, пителиўи, бекитилиўи, жабылыўы. *Тығылатуғын* тесик таппаў.

ТЫҒЫН ат. Ыдыстың аўзына тығатуғын зат. Тығын-таяң болыў.

ТЫҒЫНЛАНЫЎ тығынлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫҒЫНЛАЎ ф. Ыдыстың аўзын питеў, жабыў, бекитиў.

ТЫҒЫНЛЫ кел. Тығыны бар, тығын тығылған.

ТЫҒЫНСЫЗ кел. Тығыны жоқ, тығын тығылмаған.

ТЫҒЫЎ ф. **1.** Шаншыў, суғыў, салыў киргизиў. **2.** Бекитиў, жабыў, питеў.

ТЫҒЫЎШЫ ат. **1.** Шаншыўшы, суғыўшы, салыўшы, киргизиўши. **2.** Бекитиўши, жабыўшы, питеўши.

ТЫЗЫЛДАТЫЎ тызылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЗЫЛДАЎ ф. Суйық заттың атлығып шығыўы, атлығыўы.

ТЫЙҒЫЗЫЎ тыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЙДЫРТЫЎ тыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЙДЫРЫЎ тыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЙПЫҚ кел. Ҳеш нәрсеси жоқ, тып-тыйпыл.

ТЫЙПЫЛ кел. Өтпейтуғын, ушы, жүзи жоқ.

ТЫЙТАҚЛАЎ ф. Қыйсақлаў, былғақлаў, ойраңлаў.

ТЫЙЫҚ ат. Қурал, жарақ.

ТЫЙЫЛДЫРЫЎ тыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЙЫЛТЫЎ тыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЙЫЛЫЎ ф. **1.** Тоқтатыў, қойдырыў, иркиў. **2.** аўыс. Болдырмаў, тыйым салыў.

ТЫҚҚЫЗЫЎ тығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҚҚЫШЛАЎ ф. Бир затты жасырыў, буйынтықлаў, тығыў.

ТЫҚПАЛАЎ қ. тыққышлаў.

ТЫҚСЫРМАЛАЎ қ. тыққышлаў.

ТЫҚСЫРЫЎ қ. тыққышлаў.

ТЫҚ-ТЫҚ ат. Түри көгис қурқылдайға усаған кишкене жабайы қус, ол көбинесе сағал, қасқыр жүретуғын жерлерде жүреди.

ТЫҚЫЛДАТЫЎ тықылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҚЫЛДАЎ ф. **1.** Бир заттың екинши бир затқа тийиўи, тақылдаў, тырсылдаў. **2.** Көбинесе жас балалардың шаққан сөйлеўи.

ТЫҚЫЛДЫ ат. Бир заттың екиншисине тийиўи нәтийжесинен пайда болған сес.

ТЫҚЫР кел. Көбинесе териниң келте, қысқа жүни.

ТЫҚЫРЛАНЫЎ тықырлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫҚЫРЛАСЫЎ тықырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫҚЫРЛАТЫЎ тықырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҚЫРЛАЎ ф. **1.** Тықырлаған сестиң шығыўы. **2.** Ҳеш нәрсесин қалдырмаў. **3.** Бир нәрсени изинен қалмай сорай бериў, мазаны алыў. **4.** Қелтертиў, қысқартыў.

ТЫҚЫРЛАЎШЫ ат. **1.** Сести шығарыўшы, тоқылдатыўшы **2.** Бир нәрсени тықырлап алыўшы.

ТЫҚЫРЛЫ кел. Тықырлап шыққан сес, тысырлы.

ТЫЛ ат. Урыс болып атырған елдиң фронт сызығы аржағындағы басқа аймақ. Екинши жер жүзилик урыс жыллары *тылда* ҳадал хызмет етиўдиң тарийхта болмаған мәртлик үлгисин көрсетти (газетадан).

ТЫЛТЫЙЫСЫЎ тылтыйыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫЛТЫЙЫТЫЎ тылтыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫЛТЫЙЫЎ ф. Өкпелеў, ашыўланыў, ызаланыў, тулланыў бултыйыў, қылтыйыў.

ТЫМАЎ ат. Суўық тийиўдиң нәтийжесинде мурыннан суў, сөзинен жас ағып, түшкире беретуғын аўырыўы, грипп.

ТЫМАЎРАЎ тымаўлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫМАЎЛАТЫЎ тымаўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫМАЎЛАЎ ф. Суўық тийип аўырыў, аязлаў. ◊ **Тумаў тийиў** – аязлап тоңып аўырыўы.

ТЫМАЎЛАЎШЫ ат. Суўық тийип аўырыўшы, аязлаўшы.

ТЫМПЫЙЫСЫЎ тымпыйыў фейилиниң шериклик дәрежеси,

ТЫМПЫЙТЫЎ тымпыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫМПЫЙЫЎ ф. Ҳешнәрсе билмегенсиў, сырын жасырыў, сам-саз болыў, сазарыў, бозарыў.

ТЫМПЫЙЫЎШЫ ат. Сазарыўшы, бозарыўшы.

ТЫМПЫҚ кел. **1.** Кишкене, келте, тапалтас. **2.** Ишинен тынған, ишкирне.

ТЫМПЫЛДАЎ ф. Шалт жүриў, шаққан жүриў аяғын дик-дик басыў.

ТЫМСАЛ ат. **1.** Болжаў, шама, тақмийин. **2.** Мысал, ўақыя. Ҳәдийсе. **3.** әд. Басня. **4.** – «Ахурамазданың *тымсалын* неде көрдиң?».

ТЫМСЫРАЙЫЎ ф. Тымсырайып отырыў, сазырайыў.

ТЫМСЫРАЙЫЎШЫЛЫҚ ат. Тымсырайып отырыўшы, сазырайыўшы.

ТЫМ-ТЫРАҚАЙ р. Тумлы-тусқа кетиў, жән-жаққа тараў, ыдыраў.

ТЫМ-ТЫРЫС р. Тып-тыныш, ҳешқандай сес-семир жоқ, тынышлық.

ТЫМЫҚ кел. Самалсыз. желсиз.

ТЫМЫҚЛАЎ кел. Самалы жоқ, самал еспеген.

ТЫМЫРАЙЫЎ д. тымсырайыў.

ТЫМЫРСЫҚ кел. Сыр шашпайтуғын, ишкирне, тымсырайған. *Тымырсық* болса ер оңбас, Тоңға жатса мал оңбас (ққ.х.н.).

ТЫН I қ. тыныў.

ТЫН II ат. Бир дана, биреў, данасы.

ТЫНБА ат. Суўдың айланып иркилетуғын жери, айланба шуқыр жер, суўдың тынып турған жери.

ТЫНБАЎ ф. Иркилмеў, тоқтамаў, ғидирмеў.

ТЫНДЫРТЫЎ тындырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫНДЫРЫЎ тыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫНЫҒЫЎ ф. **1.** Иркилиў, тоқтаў, дем алыў. **2.** Кеўиллениў, жеделлениў, йошланыў. Көңлим көтериңки сайрайды тилим, *Тынығып* сайрасам тыңлайды елим (Д.Назбергенов).

ТЫНЫҚ кел. **1.** Қарағанда жүзиң көринетуғын, мөп-мөлдир, шийшедей, таза. **2.** Тыныш, тымық.

ТЫНЫҚТЫРЫЎ тынығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫНЫМ ат. Тынышлық, дем алыс. Қуўыршақлар *тыным* билмес, бир орында турмас, бир нәрселердиң үстинде таласып-тармасып, жәнжеллесип, урысып, бир-бирин тис-тырнағы менен жарақатлап атар еди (К.Кәримов). Таң атқалы *тыным* таппай шаршаған изшилер палаўға да ширенип тойып алды (Т.Қайыпбергенов). Тыным таптырмаў. Тыным таппаў. Тыным көрмеў. Тыным бермеў. Тыным алмаў.

ТЫНЫМСЫЗ кел. **1.** Тынымсыз, биймаза, тәртипсиз, шатақ. **2.** Тынбайтуғын, ҳәрекетшең. Тентек хәм *тынымсыз* қуўыршақларды соғыўдан бир замат тоқтамаған баланың жасыл көзлериниң биринен *тынымсыз* моншақ-моншақ жаслар жамғыры төгилмекте, ал бир көзи жаз қуяшындай жадырап турар еди (К.Кәримов).

ТЫНЫМСЫЗЛЫҚ ат. **1.** Тынышсызлық, биймазалық, тәртипсизлик, шатақлық. **2.** Тынбайтуғынлық, ҳәрекетшеңлик.

ТЫНЫС ат. **1.** Дем алыс, иркилис. **2.** Тыныш, тыным. Елге душпан тийсе боларма *тыныс*, Ел ушын туўған ер жатарма тыныш? (Ж.Аймурзаев). Агасы бардың ырысы бар, Иниси бардың *тынысы* бар (ққ.х.н.).

ТЫНЫСПА ат. Иркилиспе, үзилиспе. Узақ күнге бир *тыныспа* етпеди (Т.Сейтжанов). Гәптиң бир *тыныспасында* Есенгелди баланы әкелгенин сездирди (Қ.Султанов).

ТЫНЫЎ ф. **1.** Токтаў, иркилиў. **2.** Питиў, болыў. **3.** Мөпмөлдир болыў, тазаланыў, тынықланыў.

ТЫНЫЎШЫ ат. Дем алыўшы, токтаўшы, иркилиўши.

ТЫНЫШ кел. Жайлы. қолайлы, жым-жырт! Уйқыла *тыныш* сүйген, ярым, Қаражан, Дүньядан әрмансыз өттим мен бүгин (И.Юсупов). Тынышын алыў. Тынышы кетиў. Тыныш таптырмаў. Тыныш отырмаў.

ТЫНЫШЛАНДЫРЫЎ тынышланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫНЫШЛАНЫЎ ф. Иркилиў, токтаў, басылыў, Бала анасының қолына келиўден *тынышланды* (Қ.Досанов).

ТЫНЫШЛАТЫЎ тынышланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫНЫШЛЫҚ ат. **1.** Жым-жыртлық, ҳәрекетсизлик. Өзиниң әкеси берген тойда бас байрақты алған Торықасқаны көрди де Төлесиннің тынышы бузылды, басқаларға *тынышлық* бермейди (К.Кәримов). Жайдың иши *тынышлыққа* бөленген (Ө.Айжанов). **2.** Парахатшылық, еркин өмир. *Тынышлық* мийнет ураның, Сен азатсаң, жақтысаң (И.Юсупов). Тынышлық таптырмаў. Тынышлық бермеў.

ТЫНЫШСЫЗ кел. Тынымсыз тынбайтуғын.

ТЫНЫШСЫЗЛАНЫЎ ф. Мазасы кетиў, биймаза болыў. Баласынан көптен хат-хабар келмегенге Гүлайым *тынышсызланыўда* еди.

ТЫНЫШЫЎ ф. Басылыў. тынышланыў, сабыр етиў.

ТЫҢ тын жер кел. Егин егилмеген, тазадан ашылған, партаў жер.

ТЫҢ ТЫҢЛАЎ Қулақ түрип, *тың-тыңлады*, шапқан аттай болып урған өз жүрегиниң дүрсилдисин еситти (К.Кәримов).

ТЫҢАЙТЫЎ тыңайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҢАЙЫЎ ф. Куўатланыў, нығайыў. Ўатан-ана мақсетине ылайық, Еле берин өсе бермек *тыңайып* (Ш.Сейтов).

ТЫҢЛАҒЫШ кел. Тыңлауды жақсы көретуғын, адам.

ТЫҢЛАНЫЎ тыңлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЫҢЛАСЫЎ тыңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫҢЛАТТЫРЫЎ тыңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҢЛАТЫЎ тыңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫҢЛАЎ ф. Еситиў, қулақ салыў, қулақ түриў. Тоқта полат майданда, Қызының сөзин *тыңлайды* («Ер Зийўар»).

ТЫҢЛАЎШЫ ат. Тыңлап отыратуғыш, тыңлайтуғын. Ол енди аўылына қайтса да, қәлеген ўақытта университетке келип оқыўын даўам етиў ҳуқықындағы *тыңлаўшы* болып қалған еди (А.Султанов).

ТЫҢШЫ ат. Жасырын түрде аңлыўшы жансыз, агент, шпион. Есенбай *тыңшыға* да, хабаршыға да, сеннен қолайлы жигит жоқ (К.Султанов).

ТЫҢШЫЛЫҚ ат. Жасырын түрде аңлыўшылық, жансызлық, шпионлық.

ТЫПЫРЛАНЫЎ тыпырлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫПЫРЛАСЫЎ тыпырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫПЫРЛАТЫЎ тыпырлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫПЫРЛАЎ ф. Бир орында турмаў, аяғын қозғап қыймылдатыў, тыпырыў. Алға қарай сермейди, Аяқлары *тыпырлайды* (Т.Жумамуратов).

ТЫПЫРШЫЛАЎ ф. Шыдамаў, тыпырлаў, бир жерде турмай қозғала бериў.

ТЫПЫРШЫЎ ф. Шыдамсызланыў, мазасы қашыў, тыпырлаў. Борис астынғы ернин тислеп *тыпыршып* турды (Ж.Аймурзаев).

ТЫРАҒАЙЛАЎ ф. Қашыў, зырлаў, зытыў, зып бериў. Пирнияздың тасасын алыўдан ийшан *тырағайлап* қашты (К.Ирманов) *тырағайлап* қаша бермең алдымда, Қатын қылып мен аларман ҳәммеңди («Қырқ қыз»).

ТЫРАН: тыран балық ат. Балықтың кишкене кеселеп өскен түри, жалпақ балық.

ТЫРБАҚАЙ кел. Кеселеў, жампыйған.

ТЫРБАНЫЎ ф. Талпыныў, тырмасыў, тырбақлаў, умтылыў. Ғарры да болсақ бизлерде, Бар күшти салдық *тырбанып* («Қырқ қыз»).

ТЫРБАҢЛАНЫЎ тырбаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫРБАҢЛАСЫЎ тырбаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРБАҢЛАТТЫРЫЎ тырбаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРБАҢЛАТЫЎ тырбаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРБАҢЛАЎ ф. Тырмасыў, компақлаў. Қырда қалған бақа тәризли *тырбаңлап* шығып кетти (Ж.Аймурзаев). Еки гөззал тыныш таппай *тырбаңлар* (И.Юсупов).

ТЫРБЫЙЫЎ ф. Келтериў, қысқарыў, жампыйыў. Келте ғана *тырбыйған* қарабарақларды омырып, атлар да адым атып киятыр (Т.Қайыпбергенов).

ТЫРБЫҚ кел. Келте, қысқа, тапал, мыртық, пәс, аласа.

ТЫРДАЙ: тырдай жалаңаш кел. қ. жалаңаш.

ТЫРЖАЛАҢАШ кел. Үстинде кийими жоқ, қыппажалаңаш. *Тыржалаңаш* шомылып ырашта қумға аўнап жүрген көп бала капитаннан уялып, өзлерин суўға атты (А.Бекимбетов).

ТЫРЖАҢЛАСЫЎ тыржаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРЖАҢЛАЎ ф. Ыржаңлаў, қыйсаңлаў.

ТЫРЖЫЙТЫЎ тыржыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРЖЫЙЫЎ ф. **1.** Тырысыў, жыйырылыў, бүрисиў. **2.** Қырсықланыў, қырсығыў. ҳәкисленіў, өжетленіў.

ТЫРЖЫҚ кел. **1.** Тырыс, бужыр. **2.** Кекшил, тырыс, тәкәббир.

ТЫРҚЫРАСЫЎ тырқыраў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРҚЫРАТЫЎ тырқыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРҚЫРАЎ ф. **1.** Қашыў, зытыў. **2.** Жаптағы суўдың әсте сызатланып ағыўы.

ТЫРМА ат. Орылған шөпти жыйнағанда ямаса сүрилген жердиң топырағын майдалап жумсартыўға арналған көликке, тракторға тиркеп қолланатуғын яки қол менен пайдаланатуғын ағаштан, темирден исленген тисли қурал.

ТЫРМАДАЙ кел. Тырмаға усаған, меғзес, тырма сыяқлы, яңлы.

ТЫРМАЛАНЫЎ тырмалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЫРМАЛАСЫЎ тырмалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРМАЛАТТЫРЫЎ тырмалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРМАЛАТЫЎ тырмалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРМАЛАЎ ф. **1.** Шөби орылған жердиң шөбин тырма менен жыйыў ҳәм де сүрилген жерди тырма менен тырнап кесеғин және қабыршағын майдалап босатыў, жумсартыў.

Шүдигарланған жерлерди бәҳәрде *тырмалаў* керек (А.Жалменов). Ҳәзирше бәҳәрги егис ушын колхозға плуглар, *тырмалар* бериледи (Т.Қайыпбергенов). **2.** Есикти, көмикти яки соған уқсас басқа бир затты ашыў ушын аяқ ямаса қол менен тырнаў. Алыңлар деп көп жылады. Дәрўазаны *тырмалады*, Асханаға кире алмаған пышықтай (И.Юсупов).

ТЫРМАСЫЎ ф. Асылыў, өрмелеў, умтылыў, жабысыў. Үлкен лардан машина тасбақадай *тырмасып* зорға шықты (Ж.Аймурзаев).

ТЫРМЫШ ат. Бир затты арқан менен еки ийинге байланған жер, айқастырылып байланған нәрсе. Ғарры *тырмышын* шешти де, арқасына таңған шөпшегин таслап, ...жигитлердиң алдына түсти (Т.Қайыпбергенов).

ТЫРМЫШЛАНЫЎ тырмышлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫРМЫШЛАТЫЎ тырмышлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРМЫШЛАЎ ф. Бир затты беккемлеп байлаў, тақыў.

ТЫРНА I ат. Аяғы менен мойыны узын жыллы жерде өсетуғын қус. Аспанда *тырна* тыр етсе, Жердеги ғаз қоркады. Үлкен үйде шаш алыспа болса, Киши үйдеги таз қоркады (ққ.х.н.).

ТЫРНА II қ. тырнаў.

ТЫРНАҚ ат. **1.** Аяқ, қолдың башпайындағы өсип, жетилип туратуғын сүйек қусаған қатты зат. Үш күнде бир рет моншаға салды. Шаштаразлар шашын, *тырнағын* алды (А.Дабылов). Түрпидей тырнайды ҳәр бир *тырнағы*, Мазандаран бәлесине усайсаң (С.Нурымбетов). **2.** Жайдың пақсасының ең астынғы қабаты, тырнақ, фундамент. ◊ **Тырнағына да турмайды** – тең емес, миясар емес. **Жаны тырнағының ушына келди** – жаны қысылды. **Әжел тырнағынан қутылды** – өлимнен аман қалды. Тырнақ астынан кир излеў. Тырнаққа зар болыў. Тырнағын батырыў. Тырнағына турмаў. Тырнағына арзымаў. Тырнағы батыў. Тыр жалаңаш.

ТЫРНАҚЛАЎ кел. Жайдың түбине тырнақ салыў, ислеў.

ТЫРНАҚТАЙ кел. **1.** Кишкене, мирттай, оғыры киши. **2.** Тырнаққа усаған, тырнаққа мегзес, тырнақ сыяқлы, янлы.

ТЫРНАҚША ат. гр. Туўра гәптиң, китап, мақалалардың, газета-журналлардың атлары және өз мәнисинде қолланылмайтуғын сөзлердиң еки жағынан қойылатуғын белги.

ТЫРНАЛАЎ қ. тырнаў.

ТЫРНАЛЫЎ тырнаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЫРНАСЫЎ тырнаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРНАТТЫРЫЎ тырнаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРНАТЫЎ тырнаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРНАЎ ф. Бир затты тырнақты батырып из қалдырыў яки бир заттың екиншисин жырып кетиўи. Ийнинде күнлик шапаны, Пақалға *тырналып* саны (Күнхожа).

ТЫРНАЎЫҚ кел. Тырнаўға үрдисленген, тырнап жиберетуғын.

ТЫРП: тырп етиў ф. Қозғалмаў, табжылмаў, қыймылдамаў. Ҳеш қайсысыңыз *тырп* етип қозғалмаң, нәўбетти бизге бериң (Н. Бөрекешов).

ТЫРПЫЛДАТЫЎ тырпылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРПЫЛДАЎ ф. Аяғын тик басып жүриў. Туяғы *тырпылдап* баспақлар да суў ишиўге жасқаға келди (А.Шамуратов).

ТЫРРЫЙСЫЎ тыррыйыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРРЫЙТЫЎ тыррыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРРЫЙЫЎ ф. **1.** Аяқ-қолын жайып сәррийип жатыў. **2.** аўыс. Кекшийиў, менменсиў, тәкәббирлениў, өзин жоқары санаў. Мурынын көтерип *тыррыйып* тойда, Бундай киси табылмайды ҳәр жайда (ққ.х.н.).

ТЫРРЫҚ кел. Тәкәббир, менмен, пан шыррық.

ТЫРРЫҚЛАЎ кел. Тәкәббирлеў, менменлеў паңлаў, шыррықлаў.

ТЫРС: тырс етпеў ф. Сес, даўыс шығармаў.

ТЫРСЫЙТЫЎ тырсыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРСЫЙЫЎ ф. **1.** Толыў, томпайыў, қампайыў. Желини *тырсыйып* жүрген көк қасқаның туўатуғын уақты жақынлады. (О.Айжанов). **2.** аўыс. Ашыўланыў, ызаланыў, исиниў.

ТЫРСЫЛДАТЫЎ тырсылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРСЫЛДАЎ ф. Тақырлаў, тоқылдаў, сықырлаў.

ТЫРСЫЛДЫ ат. Сес, үн, дыбыс, даўыс.

ТЫРТАҢЛАНЫЎ тыртаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ТЫРТАҢЛАСЫЎ тыртаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫРТАҢЛАТЫЎ тыртаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРТАҢЛАЎ I ф. Қолынан келмейтуғын, күши жетпейтуғын затқа жармасыў, босқа әўере болыў, компаңлаў, жыртаңлаў. Қарыз алсаң қарбаңлайды, Қарап турып *тыртаңлайды* (Өтеш).

ТЫРТЫҚ кел. Жараланыўдан денеге түскен дақ, таңба, белги. Тамақ ушын талап еттим, *Тыртық* болды күйип бетим (Бердақ). Ол *тыртық* кетпейди сыйпаған менен, Ол мәңи қалады маңлайымызда (И.Юсупов).

ТЫРТЫҢЛАТЫЎ тыртықлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРТЫҢЛАЎ I ф. Қарманыў, жыртаңлаў.

ТЫРТЫҢЛАЎ II кел. Жаралаў, жыртықлаў.

ТЫРТЫСТЫРЫЎ тыртысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРТЫСЫЎ ф. **1.** Тар, тығыз болыў. **2.** аўыс. Айтысыў, өжетлесиў.

ТЫРЫС I кел. Қақсал, арық.

ТЫРЫС II кел. Қызғаншақ, бүрис.

ТЫРЫСҚАҚ кел. Болар-болмасқа ашыўланатуғын, күйгелек, қызба, ашыўшақ.

ТЫРЫСПАЙ ат. мед. Ең қәўипли жуқпалы аўырыў. Апам пақырдың иси қайттыма, өкем ертерек *тырыспайдан* өлип қалды (К.Султанов).

ТЫРЫСТЫРЫЎ тырысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫРЫСЫЎ ф. **1.** Умтылыў, талапланыў, ҳәрекет етиў. Биринши күннен баслап-ақ баланың не ислеў керек екенин түсиндириўге *тырысты* (Ө.Айжанов). Жыллы сөйлеп бир жумыс ислеўге буйырса, күн деместен орынлаўға *тырысаман* (Ж.Аймурзаев). **2.** Дененің бүрисиўи, жыйырылыўы, қалтыраўы. Тимурдың *тырысып* қалтырап атырған денеси бир қанша жай тапты (А.Бекимбетов). **3.** Тулланыў, бүрисиў.

ТЫС ат. **1.** Бир заттың сыртқы қабаты, бөлеги, бети. **2.** Дала, сырт. **3.** Артық, бөлек, зыят.

ТЫСАЎ қ. тусаў.

ТЫСҚАРЫ р. **1.** Далаға, майданға, сыртқары. **2.** Зыятлық, бөлеклик, артықлық.

ТЫСҚАРЫЛАЎ кел. Бөлеклеў, былайлаў.

ТЫСЛАНЫЎ тыслаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ТЫСЛАСЫЎ тыслаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ТЫСЛАТТЫРЫЎ тыслаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫСЛАТЫЎ тыслаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ТЫСЛАЎ ф. **1.** Затты екинши зат пенен қаплаў, кийгизиў. **2.** мед. Денеге қызыл бөртиктиң шығыўы, бөртиўи.

ТЫШҚАҚ ат. Асқазанның бузылыўынан пайда болатуғын иш аўырыў, наўқас, кесел, бийтап.

ТЫШҚАҚЛАЎ ф. Иш өтиў аўырыўы менен аўырыў, наўқасланыў, кеселлениў, бийтапланыў.

ТЫШҚАН ат. **1.** Кемириўшилер топарына киретуғын жәнлик. Өли арысланнан тири *тышқан* артық (ққ.х.н.). **2.** Жыл аты.

ТЫШҚАНДАЙ кел. Тышқан сыяқлы, тышқан тәризли, янлы, тышқанға усаған.

ТЫШТАБАН ат. Аяқ кийимниң ең әпиўайы түри. Кәл бала аяғына қырқ жамаў *тыштабан* кийип, қолына иймек таяқ алып, жолға раўана болды (ққ.х.е.).

ТЫШТАБАНДАЙ кел. Тыштабанға усаған, тыштабан сыяқлы, тыштабан янлы, тыштабан тәризли.

ТЫЯНАҚ ат. **1.** Исеним, турақ. **2.** Сүйениш, тирениш.

ТЫЯНАҚЛАЎ ф. Исти питкериў, кеўилдегидей ислеў.

ТЫЯНАҚЛЫ кел. Тураклы, исенимли. Ол *тыянақлы* етип сөйледи (Т.Нөжимов).

ТЫЯНАҚСЫЗ кел. Тураксыз, исенимсиз, ўәдесиз. Оның *тыянақсыз* жүреги сениң менен жолдас емес (Ж.Аймурзаев).

ТЫЯНАҚСЫЗЛЫҚ кел. Тураксызлық, исенимсизлик.

ТЭ ат. «Т» хәрибиниң аты.

ТЮЛЕНЬ ат. Теңизде тиришилик ететуғын, гүрек аяқлы сүт емиўши жаныўарлардың бири.

ТЮРКОЛОГ ат. Тюркология бойынша қәниге. Тюркологиялық мийнетлер Түркий тиллери бойынша жазылған мийнетлер.

ТЮРКОЛОГИЯ ат. Түрки халықларының тиллерин, тарийхын хәм мәдениятын изертлейтуғын илим, илимлер жыйнағы.

ТЮРЬМА қ. түрме II.

ТЮРЬМАХАНА қ. түрмехана.

У

У ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң жигирма алтыншы хәриби хәм оның аты. **2. У** хәриби қулын, жулын, жулдыз, кундыз сөзлеринде тил арты қысқа айтылатуғын даўыслы сести билдирсе, физкультура сыяқлы сөзлерде созылыңқы болып айтылады, яғный бул еки жағдайда да У хәриби жазылады. ◊ У витамини – организмге керекли витаминлердиң бири.

УБЫРЫП-ШУБЫРЫЎ ф. Биринiң изинен бири дизилисип жүриў, шубырысыў, шубырыў, шожыў, ығылыў. Аўылдың маллары *убырып-шубырып* жайлаўға қарай кетти (Ө.Хожаниязов).

УВЕРТЮРА ат. муз. **1.** Опера, балет, кинофильм хәм т. б. музыкалы кириспе. **2.** Оркестр менен атқарылатуғын концертке тийисли музыкалық шығарма.

УГЛЕВОД ат. хим. Хайўанлар яғный жанлы-жаныўарлар менен өсимликлер организминиң тиришилиги ушын керекли углерод, кислород, водородтан турған көп санлы кең таралған органикалық бирикпелер топары.

УГЛЕВОДЛЫ кел. Қурамында углеводы бар, углевод болған.

УГЛЕВОДОРОД ат. хим. Углерод хәм водороддан қуралған органикалық бирикпе.

УГЛИКИСЛОТА ат. хим. Көмир кислотасы.

УГЛЕРОД ат. хим. Тәбияттағы барлық органикалық затлардың ең әҳмийетли бөлеги – химиялық элемент.

УҒЛАН ат. Жас өспирим ер бала. Атадан айрылып ғулпақлы *уғлан*, Сатылып басын әйледи (Әжинияз).

УҒЛАН-УШАҚ ат. тар. с. Ул-қыз, бала-шаға.

УҒРАС р. Сәйкес, сай, тең, жақын. Сулыўлығына ақылың *уғрас* келместей сарайлары бар («Әмиўдәрья» ж.)

УҒЫМ ат. **1.** Түсиник, ой, пикир. **2.** Белгили бир затты яки қубылысты танып билиў.

УҒЫМЛЫ кел. **1.** Түсиникли, айқын. Анық пикир *уғымлы* сөзлерди керек етеди (Г.Есемуратов). **2.** Түсингиш, зейинли, пәмли, ойлы.

УҒЫМСЫЗ кел. **1.** Түсиниксиз, тәсирсиз. **2.** Пәмсиз, зейинсиз.

УҒЫНДЫРЫЎ уғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УҒЫНЫЛЫЎ уғыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УҒЫНЫСЫЎ уғыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УҒЫНЫЎ уғыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УҒЫЎ ф. Түсиниў, аңлаў, билиў. Ҳаўа райын *уғып* болмас, Бар өзинде қандай қылық (И.Юсупов).

УҒЫЎШЫ ат. Түсиниўши, аңлаўшы, билиўши.

УДАЙЫ р. Үзиликсиз, бирдей, мудамы, бәрқулла, бәрҳама, ҳәмме ўақыт. Ол ораққа шықса, күнликши халқы Шадлы күлкилерге батар *удайы* (И.Юсупов).

УДАЙЫНА р. Бирдейине, бәрқулла, ҳәмме ўақытта. Жигит болсаң арысландай туўылған, Хызмет еткил *удайына* халық ушын (Бердақ).

УДАРНИК I ат. Атыў қуралының затворының оң капсюлин урып шығатуғын, от жандыратуғын қушлы бөлеги.

УДАРНИК II ат. Жумыс нормасын артығы менен орынлайтуғын алдағы искер, мийнеткеш.

УДМУРТ ат. Удмуртияда жасайтуғын, угро-фин тиллери топарына тийисли тиллердиң биреўинде сөйлесетуғын халық.

УДМУРТША р. Удмурт тилинде. Удмуртша сөйлеў. Удмуртша жазыў.

УЖЫБАТ қ. Ужыбатлы.

УЖЫБАТЛЫ кел. **1.** Әҳмийетли, абырайлы, инабатлы, тәсирли. Кенесбай отырғанларға *ужыбатлы* ҳеш нәрсе айта алмады (К.Султанов). **2.** Ғайрат, батыл. **3.** Жигерли, ғайратлы, батыл. **4.** Жарамлы, тәўир. Оның кысынғанына жаны ашығанынан жүрегинен шығарып бир *ужыбатлы* тәселле сөз жазып қойды-аў (Г.Есемуратова).

УЖЫБАТСЫЗ кел. Жигерсиз, ғайратсыз, батылсыз.

УЗАҒЫРАҚ кел. Алысырақ, көбирек, әдеўир, бираз бир талай. Бир мәҳәлде *узағырақ* жерден мылтықтың даўысы еситилди (Ә.Шамуратов).

УЗАЙТТЫРЫЎ Узайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЗАЙТЫЛЫЎ Узайыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЗАЙТЫЎ Узайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЗАЙЫЎ ф. Созылыў, керилиў, тартылыў. Адамның саясы жолдың шетине түсип, ой жерде *узайып* доң жерде қысқарып көринеди (Ө.Хожаниязов).

УЗАҚ р. **1.** Алыс, қашық. Теңизде жүрген балықшылар күтә *узаққа* кетипти (К.Султанов). **2.** Бирталай, бирқанша, көн, көп. Буннан кейин көрпеге екеўи де кирип *узақ* ўақыт сөйлести (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Узақ жаса** – өмириң узақ болсын. *Узақ жаса*, бахытлы бол қызым деп, Көрдим халықтың гүўлеп шаппат қағысын (К.Султанов). **Узақ сапарға шығыў** – алыс жолға шығыў. Ағаш устасы, зергер, молла үшеўи *узақ сапарға шығыпты* (Қ.Айымбетов). **Узаққа созылыў** – көпке даўам етиў, таўсылмаў. Отырыспа *узаққа созылды* (Қ.Айымбетов). **Өмири узақ болмаў** – көп жасамаў, өмири қысқа болыў. Бийшараның *өмири узақ болмады* (А.Дабылов).

УЗАҚЛАНЫЎ узақлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УЗАҚЛАСЫЎ узақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЗАҚЛАТТЫРЫЎ узақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси,

УЗАҚЛАТЫЎ узақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЗАҚЛАЎ ф. Алыслаў, қашықлаў. Көринбей *узақлап* кеткенше олар, Барлық халық қарап қозғалмай турды (Ж.Аймурзаев).

УЗАҚЛЫҚ ат. Алыслық, қашықлық. Жолдың *узақлығы* хәммени болдыртты (Қ.Айымбетов).

УЗАҚСЫНЫЎ ф. Алыссыныў, қашықсыныў.

УЗАҚША ат. Ғарғалар семьясына киретуғын, пәри қарамтыл қус.

УЗАҚШЫЛЫҚ қ. узақлық.

УЗАНҚЫРАЎ қ. узақлаў.

УЗАРТЫЎ узарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЗАРЫЎ ф. Созылыў созыў, узайыў. Қайта бул дәстүр бурынғыдан да жақсы болды, жол *узарып* барды (А.Оразов).

УЗАТТЫРТЫЎ узатыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЗАТТЫРЫЎ узатыў фейилиниң өзгелик дәрежеси,

УЗАТЫЛЫЎ узатыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЗАТЫСЫЎ узатыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЗАТЫЎ ф. **1.** Қол созыў, бериў, услатыў. Ол қолын Ерназарға *узатып* сәлем берди (К.Султанов). **2.** Қызды турмысқа шығарыў, күйеўге бериў. Ержанның қарындасын *узатып* жибериў бийдиң мойнында (К.Султанов). **3.** Биреўди шығарыў, жолға шығарып салыў, жибериў, атландырыў. Оны *узатып* салыў ушын гүллән бийлер атланды (Т.Қайыпбергенов).

УЗАТЫЎШЫ ат. **1.** Қол созыўшы, бериўши, услатыўшы. **2.** Қызды турмысқа шығарыўшы. күйеўге бериўши. **3.** Биреў жолға шығарып салыўшы, шығарыўшы, атландырыўшы.

УЗАЎ ф. Алыслап, қашықлап, жырақлап кетиў.

УЗЫН кел. **1.** Қысқа емес, үлкен. Сыртынан *узын* гөне шекпен кийип, белин буўған (Ж.Сапаров). **2.** Бийик төбе, шық. ◊ **Узын қулақ** – аўыздан-аўызға өтип, ел арасында тараған хабар. Сапарбайды үлкен жумысқа алады деген гәпти *узын қулақтан* еситтим (А.Оразов).

УЗЫНЛАЎ кел. Бир нәрсениң екиншисинен, басқасынан узынлығы, узынырақ.

УЗЫНЛЫҚ ат. Өлшем, бир нәрсениң узын бойы, турқы. Ол жер *узынлыққа* келгенде айтарлықтай емес, бирақ енли (Қ.Досанов).

УЗЫНЛЫ-КЕЛТЕЛИ кел. Узынлығы бирдей емес узын ҳәм келте, ҳәртүрли. Оның қолында *узынлы-келтели* еки шыбығы бар (Х.Сапаров).

УЗЫННАН-УЗАҚ р. Бир нәрсениң өне бойына созылыўы, узынлығы. Анаў *узыннан-узақ* жарқырап атырған Әмиўдәрья (Н.Дәўқараев).

УЗЫНША кел. Сопақлаў, созылыңқы, өне бойы, уп-узын. Ол *узынша* шайнектен шайды симирип атыр (К.Смамутов).

УЗЫНЫНА р. Узыны бойына, өне бойына. Көйлеги *узынына* жыртылған екен – деди бала кемпирге («Жеткиншек» г.).

УЙҒАРТЫЎ уйғарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙҒАРЫЛЫЎ уйғарыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЙҒАРЫЛ қ. уйғарыў.

УЙҒАРЫСЫЎ уйғарыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЙҒАРЫЎ ф. **1.** Белгили бир тоқтамға, шешимге келиў, ойды мақуллаў, келисиў, жуўмақлаў. Олар гезек пенен көзгир алыўды *уйғарды* (М.Абдреймов). **2.** Жорыў, шамалаў. Ғаррылардың өзлериниң *уйғарыўы* шығар (Г.Изимбетов).

УЙҚАС ат. **1.** Сәйкес, ылайық, уқсас. Жолаўшылардың түри, кийимлери де бир-бирине *уйқас* (А.Оразов). **2.** Қосықтың иши яки ақырының бир-бирине үнлес, сәйкес, болып келиўи. Баяғы тенеўлер, баяғы *уйқас* (Б.Исмайылов).

УЙҚАСЛАНЫЎ уйқасыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЙҚАСЛЫЛЫҚ кел. Бирдейлик, сәйкеслик.

УЙҚАСТЫРЫЎ уйқасыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙҚАСЫҚ ат. Ылайық, сәйкеслик, уқсаслық. Бундай орынлар көбинесе поэзиялық, *уйқасық* түринде сақланған (А.Кәримов).

УЙҚАСЫҚЛЫ кел. уйқасығы бар, уйқасыққа ийе.

УЙҚАСЫҚСЫЗ кел. уйқасығы жоқ, уйқасыққа ийе емес.

УЙҚАСЫМЛЫ кел. үйлесимли, байланыслы.

УЙҚАСЫМСЫЗ кел. Уйқасымы жоқ, уйқасыққа ийе емес

УЙҚАСЫЎ ф. Үнлесиў, үйлесиў, сәйкеслениў, сөзлердиң бир-бирине уқсасып келиўи. Ким билмейди қара сөз, *Уйқасып* келген нақылды айт (Бердақ).

УЙҚЫ ат. **1.** Адамлардың ҳәм жанлы-жаныўарлардың организминде белгили бир ўақытта қайталанып отыратуғын, сана хызметин токтататуғын физиологиялық тынышлық, дем алыў ўақты. Оны *уйқы* қыстағаны соншелли отыра алмады (С.Сәлийев). **2.** аўыс. Дәстүрли тынышлықтың басқа нәрседен хабарсыз халы. Аўыл тым-тырыс, тыныш *уйқыда* (Ж.Аймурзаев). ◊ **Уйқы ашар** – уйықлаған адамды сергек етиў. Уйқыда жатыў **а)** жатып дем алыў, уйқылаў. **б)** аўыс. мәңгилик көз жумыў, өлиў. **Уйқыға кетиў** – **а)** жатыў, уйқылаў. **б)** аўыс. о дүньяға кетти, дүньядан өтти. Камола көп аўырыўдан соң мәңгилик *уйқыға кетти* (С.Айний). **Түн уйқысын төрт бөлиў** – тыным бермеў, қайта-қайта турғызыў, оятыў, тынышын алыў. **Уйқылы көз** – уйқысын ашпай. Көзи жумыўлы түринде. Қус уйқылы, уйқысы қашқан, тез-тез ояна беретуғын.

УЙҚЫЛАТЫЎ ф. Уйқыға жибериў, жатқарыў.

УЙҚЫЛАЎ ф. Жатып дем алыў, көзди жумып уйқыға кетиў, уйқыда жатыў. Шаршаған Арзым келиўден *уйқылады* (С.Арысланов).

УЙҚЫЛЫ-ОЯЎ р. Шала уйқы болыў, қатты уйқыламаў, азы-кем уйқыда болыў. Апам усы күни бир аласаттың болатуғынын сезгендей *уйқылы-ояў* жатыр екен (К.Султанов).

УЙҚЫПАЗ қ. уйқышыл.

УЙҚЫСЫЗ кел. Уйқысы жоқ, уйқысы қашқан. Талай түним өтти *уйқысыз* қыйналып, Сени ҳаслан қыя алмадым ҳеш кимге (И.Юсупов).

УЙҚЫСЫРАЎ ф. **1.** Шала уйқыда болыў, уйқысы келиў, манаўсыраў, еснеў. Азанғы *уйқысыраў* дегеннен нышан да қалмады (Ш.Сейтов). **2.** Уйқыда жатып сөйлеў, сөйлениў, бастырыныў. Мехмет базда *уйқысырап* түнлерде, «Жанна!» деп бақырар, буўлығып жасқа (И.Юсупов).

УЙҚЫШЫЛ кел. Көп уйықлайтуғын, уйқыдан бас көтермейтуғын, уйқышыл.

УЙЛЫҒЫСТЫРЫЎ уйлығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙЛЫҒЫСЫЎ уйлығыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЙЛЫҒЫЎ ф. **1.** Самалдың күши менен түтиннің, шаңның, булттың бир орынға жыйналыўы, топланыўы. **2.** Топланыў, шоқланыў, бир жерге жыйналыў Қарсында *уйлығысып* қарлы таўлар, Таласып созар еди-аў саған қолын (И.Юсупов).

УЙЛЫҚТЫРЫЎ уйлығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙМА ат. Жайылып жатқан қойыў батпақ, батпақлық, балшық. Гейде ағаман деп омыраўлар жер, Бирақ, ултандағы *уйма* бермес жол (И.Юсупов).

УЙМАЛЫҚ кел. Батпақлық, балшықлық.

УЙПА-ЖУЙПА кел. Тәртипке салынбаған, әрре-тәрре. Дуўдарланған мойылдай қара шашлары да жабағы жүндей *уйпа-жуйпа* (Ө.Хожаниязов).

УЙПАЛАҚЛАНЫЎ ф. Былғасыў, хәррийисиў.

УЙПАЛАНДЫРЫЎ уйпаланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙПАЛАНЫЎ ф. Үрпейген, тәртипке келмеген, тикирейип турған. Шашлары да *уйпаланып* қалған... (С.Айний).

УЙПАЛАСЫЎ ф. Келисиў, сиңисиў, бирлесиў. Болса егер жапырағы жанымның, *Уйпаласып* ағар еди бул сеңге (Ж.Избасқанов).

УЙЫҚ ат. Суўдың түбине шөккен қойыў батпақ. Бир ғана күн тынып акса егер де, *Уйық* тебер еди Әмиўдәрьяда (И.Юсупов).

УЙЫҚЛАЎ I кел. Батпағы барлаў, ылайы барлаў, ылайлылаў.

УЙЫҚЛАЎ II қ. Уйқылаў.

УЙЫМ ат. **1.** Мәмлекетлик яки жәмийетлик шөлкем. Бүгинги күни мәҳәлленің қурамына мәмлекетлик *уйымлар* киргизилмекте («ЕҚ» г.). **2.** Белгили мақсет жолына апаратуғын адамлардың топары. Жас-үлкен шақырып жасап *уйымды*, Көпшилик арқалы шешип түйинди, (А.Дабылов).

УЙЫМЛАСТЫРТЫЎ уйымласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙЫМЛАСТЫРЫЎ уйымласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙЫМЛАСТЫРЫЎШЫ ат. **1.** Жәмлестириўши, бириктириўши, шөлкемлестириўши. **2.** Топластырыўшы, жыйнастырыўшы.

УЙЫМЛАСЫЎ ф. **1.** Жәмлесиў, биригиў, шөлкемлесиў. *Уйымласып* барлық күшти бириктирип душпанға қарсы турыў керек (А.Бекимбетов). **2.** Топланыў, жыйылыў. Дәўлет молла дәслеп елди *уйымластырып*, усы жерден зыяратқа келгенлер ықлап отырғандай қақра салдырды (М.Нызанов).

УЙЫМШЫЛ қ. уйымластырыўшы.

УЙЫСТЫРЫЎ уйысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙЫСЫЎ ф. **1.** Қунығыў, буйығыў. Мениңше шеп болған жоқ, тап адамлар *уйысып* қалды. («Әмиўдәрья» ж.). **2.** Биригиў, топланыў. Мурты сипседей, сақалы ажырықтай *уйысып* қалыпты,... (Қ.Айымбетов).

УЙЫТҚЫ ат. **1.** Сүтти уйытыў ушын салынатуғын азғантай қатық. Саўылған сүт шетинен писирилип, оған *уйытқы* салып хәм бастырылып қойылды (А.Оразов). **2.** аўыс. Тийкар, неғиз. Сүттей татыўлыққа *уйытқы* болған тағы бир жағдай бар (К.Султанов).

УЙЫТҚЫЛАЎ ф. **1.** Уйытқы салыў, уйытыў. **2.** қ. уйытқыў.

УЙЫТҚЫТЫЎ уйытқыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЙЫТҚЫЎ ф. Шаңның, қардың самал менен үйирилип қуйынға айланыўы. Сендеги дүбелей *уйытқып*, қозғалмас ҳасла (С.Салиев).

УЙЫТЫЛЫЎ уйыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЙЫТЫЎ ф. **1.** Суйық затты қойылтыў, сүттен қатық ислеў. **2.** аўыс. Тынлаўшыларды еликтириў, ықласландырыў Ол, узын жийрен сақалына ушып келип жабысқан гөне жылдың қамыс үпелеғин ара-тура бир сыйпалап, тынымсыз сөйлеп, жолдасларын әңгимеге *уйытып* киятыр (Т.Қайыпбергенов).

УЙЫЎ ф. **1.** Қатықтың қойыўланыўы, биригиўи. **2.** аўыс. Қол яки аяқтың жаны қозғалтпай кетип уйып қалыўы. Мардыйған жигитлер, туяна қызлар, Аяқ *уйыса* да, өтсе де ызғар, (И.Юсупов). **3.** аўыс. Ықлас қойыў, зейин салыў, тынлаў. Отырысын бузбай сәҳәрге дейин, Бақсы тынлар еди *уйып*, енағар (И.Юсупов). **4.** Бирликли, аўызбиршиликли. Тилла дарды қурғызар, *Уйып* жатқан халыққа, Бүлик салған найсапты, Гүнасын қойып мойнына, («Ер Зийўар»). **5.** дин. с. Намаз оқыўанда молланың изинде турып бирге намаз оқыўы. Матрос казаклардың муңлы қосығын, Балықшылар *уйып* тынласар, әне (И.Юсупов).

УКАЗ ат. Ҳүкиметтиң нызам күшине ийе болған қарары.

УКРАИН ат. Украинада жасаўшы тийкарғы халық атамасы, усы халықтың айырым адамы, ўәкили.

УКРАИНША р. **1.** Украин тилинде. **2.** Украин сыяқлы.

УКРОП ат. бот. Аўқатқа пайдаланылатуғын ийисли көк шөп.

УКСУС ат. Аўқатқа қосылатуғын, себетуғын қышқылтым дәмли суйықлық, сирке.

УҚҚЫЗДЫРЫЎ уққызыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УҚҚЫЗЫЎ ф. Айтып түсиндириў, уқтырыў, билдириў, аңлатыў.

УҚҚЫШ кел. Түсингиш, ақлағыш, зийрек, алғыр.

УҚСАС кел. Сәйкес, мегзес, төризли, секилли. Қоңырат руўының қоңысласқан жери Жаңақенттен атлыға бир мезгиллик қублада, Аралға жақын. Батысы теңиз, қалған үш тәрепи бир-бирине *уқсас* (Т.Қайыпбергенов).

УҚСАСЛАЎ кел. Сәйкеслеў, мегзеслеў.

УҚСАСЛЫҚ ат. Сәйкеслик, биргелкилик, мегзеслик. Олардың арасында аз да болса *уқсаслық* бардай сезиледи (Қ.Камалов).

УҚСАСТЫРЫЎ уқсасыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УҚСАСЫЎ ф. Мегзесиў, усасыў, сәйкес келиў.

УҚСАТЫЎ уқсаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УҚСАЎ ф. Бир нәрсениң, адамның, малдың ис-хәрекеттиң яки ўақыяның өзиндей басқа бир затқа, ўақыяға сәйкес келиўи, сол сыяқлы болыўы. Шопан да басқа күнликши талапкерлерге *уқсап* өзин базарға салады (Қ.Айымбетов).

УҚТЫРҒЫЗЫЎ уқтырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УҚТЫРЫЛЫЎ уқтырыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УҚТЫРЫЎ ф. Түсиндириў, билдириў, аңлатыў. – Бул пәрманды бериўиме сиз себепкер болғаныңызды дуйым журтқа *уқтырыңыз!* (Т.Қайыпбергенов).

УҚЫП ат. Еп, зейин, ийкем. Өзинде *уқып* жоқ халық байлардан көп азап көрди (С.Арысланов).

УҚЫПЛЫ кел. Епли, зейинли, пысық. Ҳақыйқатында да Жумагүл *уқыплы* басшы болған (Т.Қайыпбергенов).

УҚЫПЛЫЛЫҚ ат. Пысықлылық, ийкемлилик, зейинлилик. Қайыпназар доктордың шеберлиги, *уқыплығы* болмағанда оң аяғы жазылмас еди (Ж.Аймурзаев).

УҚЫПСЫЗ кел. Епсиз, салақ, олақ, ийкемсиз. Ол улыўма *уқыпсыз* еди (И.Қурбанбаев).

УҚЫПСЫЗЛЫҚ ат. Зейинсизлик, ийкемсизлик, олақлық, салақлық. *Уқыпсызлықтан* бәрҳәма жумыстан босатылған (А.Әлиев.).

УҚЫПШЫЛ қ. уқыплы.

УЛ ат. Ер бала. Ҳаялы *ул* туўды, оның атын Шынберген қойды (Ж.Аймурзаев).

УЛАМА ат. дин. с. Дин ийелериниң ең сауатлы, билимли, молла, алым адамы. *Улама* менен ғаррынды, Елиннен жыйнап алғанды, Қуўырдақты қуўырып Дара табақ қойғанды («Қоблан»).

УЛАПА I диал.с. **1.** Зыяпат. Үлкен қазанға асып *улапа* тарқатайын деп атырсыз ба? **2.** Пай, үлес. Патшалықтан *улапасын* берди... (Д.Насыров, О.Доспанов).

УЛАПА II ат. тар. с. Сый, саўға.

УЛАСҚЫЗЫЎ уласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛАСТЫРЫЎ уласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛАСЫЎ ф. **1.** Жалғасыў, ушласыў, бир-бирине қосылып тутасып кетиў. Куслар намасы бир-бирине *уласып* алыстан еситиледи (Қ.Досанов). **2.** Жетисиў, байыў, раўажланыў, қурғынласыў. Кеше әтирапың жатса қулазып, Бүгин көрсем турмыс кеткен *уласып*, ... (Б.Қайыпназаров).

УЛҒАЙТҚЫЗЫЎ улғайтыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛҒАЙТҚЫШ кел. Күшейткиш, зорайтқыш.

УЛҒАЙТТЫРЫЎ улғайыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛҒАЙТЫЛЫЎ улғайыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЛҒАЙЫЎ ф. **1.** Үлкейиў, көбейиў, асырыў, өсиў. Қырман басындағы сүрен кем-кем *улғайып* аўылдың ишине келди (К.Султанов). **2.** Жасы үлкейиў, есейиў. Нәлше өсти жапырақ жайып, ғүл жайып, Ораз келген жылғы баллар *улғайып*, ... (И.Юсупов). **3.** Қайталаў, азығыў, күшейиў, зорайыў, асқыныў. Патша алды халықтың айын, Дәртлер күн сайын *улғайып*. (Бердақ). Аўырыў сәл жерде *улғайып* кеткен (Ж.Сапаров).

УЛЛЫ кел. **1.** Үлкен, зор, күшли. Халық деген бир *уллы* күш (С.Хожаниязов). **2.** Кең пайтахт. *Уллы* атаклы, даңклы болыў. Адам болып *уллы* атақ алмаға, Есигинде үйир-үйир мал керек (Бердақ). **3.** Ер балалы. ◊ **Уллы ис** – әҳмийетли, пайдалы жумыс. **Уллы мәртебе** – аты шығыў, жақсы атлы болыў, даңқы көтерилиў. Олар қызды ханға берип, *уллы мәртебеге* ийе болыўға умтылады (З.Насуруллаева). **Уллы сәске** – түске жақынлаған ўақыт. *Уллы сәскеде* оянып көзин ашса жер бети аппақ қарға малыныпты (К.Султанов). **Уллы болыў: а)** дәрежели болыў, мәртебели болыў; **б)** ер балалы болыў. Өзбек жасында үйленди. Он бесинде *уллы* болды (Бердақ).

УЛЛЫЛЫҚ ат. **1.** Салтанатлылық, ҳүрметлилик. Тамырларда кернеп күшли кек қаны *уллылыққа* және бөленди Грек (И.Юсупов). **2.** Үлкенлик, нәҳәнлик. – Мениңше, бул қала жердиң ең бийик шоққысына ғана салынған емес, өзи *уллылықтың* ең бийик шыңы, – деди Сағындық баҳадырлар (Т.Қайыпбергенов).

УЛЛЫРАҚ кел. Үлкенирек, нәҳәнирек.

УЛЛЫСЫНЫЎ I ф. үлкенсиниў, нәҳәнсиниў.

УЛЛЫСЫНЫЎ II кел. Өзин басқалардан жоқары санаў.

УЛПА кел. Жүдә майда зат. Салма ишине *улпа* топырақ толып қалған, аяғыңды бассаң бурқ етеди (Ш.Сейтов).

УЛПАЛАНЫЎ ф. **1.** Майдаланыў, унталаныў. **2.** Түтилиў таралыў. Қойыў қара булт *улпаланып*, Күн нурына жол берди (Қ.Досанов).

УЛТ қ. миллет.

УЛТАБАР ат. Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың қарнының бир бөлеги яғный тоқ ишек пенен үлкен қарынды байланыстырып турған ағза.

УЛТАН т. **1.** Аяқ кийимниң табанга басылатуғын, жерге тийетуғын жери, табаны. Шерим етигиниң *ултаны* түсип аяғына тас батты (С.Хожаниязов). **2.** Қайық, кеме ҳәм т. б.усы сыяқлы төменги жағы, асты, ишинин төменги жағы, түби. **3.** Жап, дәрья ҳәм т. б. ишки төменғи жағы. Жыйналған халық жап-салмалардың *ултанына* түсти (Ж.Аймурзаев).

УЛТАНДАЙ кел. Ултанға усаған, ултан сыяқлы.

УЛТАНЛАНЫЎ ултанлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УЛТАНЛАТЫЎ ултанлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛТАНЛАСЫЎ ултанлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЛТАНЛАЎ ф. Ултан салыў, ултан қойыў, ултан орнатыў.

УЛТАРАҚ ат. Аяқтың табанына жумсақ, жыллы болыў ушын кийизден яки басқа заттан кесип алып, аяқ кийимниң ишки жағының ултанына салынатуғын нәрсе.

УЛТАРАҚЛАНЫЎ ултараклаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УЛТАРАҚЛАСЫЎ ултараклаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЛТАРАҚЛАТТЫРТЫЎ ултараклаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛТАРАҚЛАТЫЎ ултараклаў фейилиниң өзгелик дәрежеси

УЛТАРАҚЛАЎ ф. Аяқ кийимге ултарақ салыў, қойыў.

УЛТАРАҚЛЫ кел. Ултарақ салынған, ултарағы бар.

УЛТАРАҚСЫЗ кел. Ултарақ салынбаған, ултарағы жоқ.

УЛТАРАҚТАЙ кел. Ултараққа усаған, ултарақ сыяқлы, тәризли.

УЛТАРЫЎ ф. Етикке улыўма аяқ кийимге жаңадан ултан салыў. Қызыл тақырдың майданында аяғында жаңа *ултараған* етиги бар биреў жүрди (Қ.Ирманов).

УЛЫ-ДҮБИРЛИ: улы-дүбирли болыў ф. **1.** Қәўетерлениў, сескениў, қәўиплениў. Бир сөз айтпаса болар еди деп иши *улы-дүбирли* болды (Қ.Ермаков). **2.** Басабас, шаўқым, тәртипсизлик.

УЛЫҚПАН ат. Ишип жейтуғын азық-аўқат, напақа, бары. *Улықпаның* да бар болса қалдырмай аламыз (С.Арысланов).

УЛЫ-ҚЫЙҚЫЎ улы-қыйқыў салыў ф. Шаўқым шығарыў, бақырыс болыў. Биреўлер *улы-қыйқыў* салып қосық айтады (Қ.Айымбетов).

УЛЫ-ТАСЫРЛЫ улы-тасырлы болыў. ф. Ҳәр қыйлы сес шығарыў, аласапыран болыў. Жайдың иши *улы-тасырлы* болып кетти (Х.Сейтов).

УЛЫЎ I ат. **1.** Суўда жасайтуғын жанлы-жаныўар, мақлуқ, әпсаналық әжайып үлкен жылан. Суўда не түрли жәнлик болмайды, солардың бири *улыў* да суўда жасайды (А.Оразов). **2.** Халық астрономиясындағы сол жәнликке бағышлап қойылған жылдың аты. Жигирмаға кирдим, жылымыз *улыў*... (И.Юсупов).

УЛЫЎ II ф. Ийт, қасқыр яки шағалдың даўысын созып қаңсылаўы, сес шығарыўы. Тоғай жақта қасқыр *улып,* шағаллар шуўласты (Ш.Сейтов).

УЛЫЎМА ат. Жалпы, барлығы, бәри.

УЛЫЎМАЛАНЫЎ улыўмалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УЛЫЎМАЛАСТЫРЫЎ улыўмалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛЫЎМАЛАСТЫРЫЎШЫ улыўмаластырыўшы сөз кел. лингв. Гәп ишиндеги биргелки ағзаларды жәмлеп, улыўмаластырып келеди.

УЛЫЎМАЛАСЫЎ улыўмалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЛЫЎМАЛАТЫЎ улыўмалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЛЫЎМАЛАЎ ф. **1.** Жуўмақлаў, жәмлеў. **2.** Жалпылаў, ҳәммесин қамтыў.

УЛЫЎМАЛЫҚ кел. **1.** Бирдейлик, уқсаслық, мегзеслик. **2.** Жалпылық, ҳәммелик. Исте *улыўмалық* бағдарды есапқа алған мақул болады («Әмиўдәрья» ж.).

УЛФА диал.с. Қамырды ашытып гүртик, кеспас т.б таярлаў алдынан ун себелейди. Усындай мақсет ушын қолланылатуғын уннық ең майда түри *улфа* деп аталады (Д.Насыров, О.Доспанов).

УЛЬТИМАТУМ ат. **1.** сияс. Халықаралық жағдайларда яки урысларда ең қатты шаралар көрилетуғынлығын ескертетуғын дипломатиялық талап, нота. **2.** сөйл.т. Қәўипли, қатты талап.

УМАЖЛАЎ диал.с. Бир нәрсени мыжырықлаў, жыйрықлаў ямаса ийлеў (Д.Насыров, О.Доспанов).

УМАРА ат. тар.с. Хан сарайындағы жоқары лаўазымлы шахс.

УМБАР-ЖУМБАР кел. Домаланған, айқасқан. Атылған қырғаўыл *умбар-жумбар* болып түсти («Әмиўдәрья» ж.).

УММАН ат. Океан, бул жерде: түпсиз туңғыйық. *Умманлар* қырларды жутпақшы болар, Қырлар... *Умманларды* көмбекши – олар (Б.Генжемуратов).

УМРА ат. Ислам дәстүрлеринде киши ҳаж сапары, зыярат; Қуран аяты ҳәм Пайғамбар алайҳиссалам сүннети менен пайда болған әмел (Умраны жыл он еки айда орынлаў мүмкин). Мүбәрек Рамазан ҳайыты ҳәм Қурбан ҳайыты байрамларын кеннен белгилеў, Ҳаж ҳәм *Умра* зыяратларына барыў бойынша жана имканиятлардың жаратылыўы – елимизде Ислам динине болған жоқары ҳүрмет-итибардың нәтийжеси болып табылады («ЕҚ» г.).

УМТЫЛДЫРЫЎ умтылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УМТЫЛЫСЫЎ умтылыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УМТЫЛЫЎ ф. **1.** Алға жүриў, ентелеў, омыраўлаў, сүриў. Ешимбет көкирегин ашып, алға қарай *умтылды* (А.Бекимбетов). **2.** Белгили бир мақсет жолында талпыныў, талапланыў. Үстиңизге алғансыз сизлер. Аўыр блокларын заманның, Кран болып көтересизлер, *Умтылыўлар*, бәлентке ушыўлар (И.Юсупов). **3.** Оқталыў, гезениў, тәўекел етиў. Автоматты душпанға гөзеп, оқ атыўға *умтылдым* (Х.Сейтов).

УМЫТ умыт болыў ф. Естен шығыў, умытылыў, *Умыт* болды енди маған, Қыйынлық ислер түскени («Мәспатша»).

УМЫТШАҚ кел. Естен көп нәрсени шығаратуғын, есте сақламайтуғын, шалағай, алағадалық, жаңылғыш, умытатуғын. Күтә *умытшақ* екенсең, сол есинде жоқпа (Х.Сейтов).

УМЫТШАҚЛЫҚ кел. Умыта бериўшилик, есте сақламаўшылық.

УМЫТТЫРЫЎ умытыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УМЫТЫЛЫЎ ф. Естен шығыў, ядта болмаў, ядтан шығыў.

УМЫТЫЎ ф. Естен шығарыў, ядында сақламаў, ядына келмеў. Баяғы урысқанды да *умытып* кеткен еди (Т.Қайыпбергенов).

УН ат. Дәнди дигирман яки қаразға тартып майдалаў арқалы таярланған шийки аўқаттың майда түри.

УН//УНАСЫ//УНАШЫ диал.с. Кеспас, бийдайдың унынан исленип, майда-майда белекшелерге бөлинетуғын суйық тамақтың түри. Буны қарақалпақ тилиниң қубла диалектинде

уна, арқа диалектинде *унасы//унашы* түринде жумсалады (Д.Насыров, О.Доспанов).

УНАМЛЫ кел. Жақсы, пәкизе, тәўир. Ойы *унамлы* болған соң ол қуўанып кетти (С.Арысланов).

УНАМЛЫЛЫҚ ат. Пәкизелик, жағымлылық, тәсирлилик, унайтуғын.

УНАМСЫЗ кел. Унамлы емес, жағымсыз, тәсирсиз. Онда *унамсыз* қәсийет хеш болған емес (Ж. Сапаров).

УНАМСЫЗЛЫҚ ат. Унамлы емеслик, жағымсызлық, тәсирсизлик.

УНАТТЫРЫЎ унаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УНАТЫЎ I унаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УНАТЫЎ II ф. Қопарып алыў, қопарыў, түсириў.

УНАЎ ф. Жақсы көриў, қәлеў, жағыў, жағыныў. Оның барлық әдети, минези Жумашовқа *унап* қалған еди (А.Бекимбетов).

УНИВЕРМАГ ат. Хәр түрли затларды сататуғын үлкен дүкән. Қаслары қырылғандай жиңишке, кийинип көшеге шықса, услап алып *универмагтың* әйнеги алдына витринаға қойыўға болады (Т.Қайыпбергенов).

УНИВЕРСАЛ I ат. Хәр түрли қәнигеге ийе адам. – Бизиң Әмет хақыйқат *универсал* адам. Ол колхоздың экспедиторы, пилле таярлаўшысы, пахта тапсырыўшысы, хәттеки, ол колхоздың бөтен жаққа аўысып кеткен хақысын өндириўши юрист – консультанты да (А.Бекимбетов).

УНИВЕРСАЛ II кел. **1.** Хәр қыйлы, хәр тәреплеме билиўши. **2.** Хәр түрли нәрсени ислеўге арналған.

УНИВЕРСАМ ат. Таяр затларды қарыйдарлардың өзлери алатуғын дүкән.

УНИВЕРСИТЕТ ат. Хәр қыйлы қәнигелерди таярлап шығаратуғын жоқарғы оқыў орны, билим беретуғын арнаўлы орын.

УНСЫЗ кел. Уны жоқ.

УНСЫЗЛЫҚ ат. Уны жоқлық.

УНТАҚ ат. Майда, усақ, қыйқым. Онда хәмме нәрсе орынлы орнында сыяқлы еди, ал мынаў жайдан *унтақ* күлдиң қалай төгилип кетпейтуғынына таңланып, жоқары бир қарады да, Қудияр сейистиң сабаяқтың үстинен алып төсеген қара кийизиниң шетине отырды (Т.Қайыпбергенов).

УНТАҚЛАНЫЎ унтақлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УНТАҚЛАСЫЎ унтақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.
УНТАҚЛАТЫЎ унтақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УНТАҚЛАЎ ф. Майдалаў, қыйқымлаў, усақлаў, унтаў.
УНТАЛАНЫЎ унтаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УНТАЛАЎ унтаў фейилиниң өзлик дәрежеси.
УНТАЛЫЎ унтаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УНТАСЫЎ унтаў фейилиниң шериклик дәрежеси.
УНТАТТЫРЫЎ унтаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УНТАТЫЎ унтаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УНТАЎ ф. Майдалаў, ундай етип езиў. Өмирбек үйге келип оклаў менен дәнди *унтай* баслады (ққ.х.е.).
УНТАЎШЫ ат. Майдалаўшы, езиўши.
УНТЕР қ. унтер-офицер
УНТЕР-ОФИЦЕР ат. әскер. Патша хүкиметинде хәм басқа да сырт еллердеги армия солдатларының арасынан шыққан киши командир дәрежеси, сол дәрежеге ийе болған әскерлер.
УНЫРАТЫЎ унырaў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УНЫРАЎ ф. Омырылыў, майдаланыў, унырап түсиў.
УҢҒЫ I ат. Бел, кетпен, шөккиш, шот, балта әсбапларының сап туратуғын жери, орнататуғын тесиги.
УҢҒЫ II Жарақтың ойық тусы. *Уңғысы* пәрең ақ найза, Ақ найзаны қолына алып, Ары келип күйип-жанып, ... («Қырқ қыз»).
УҢҒЫЛАНЫЎ уңғалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.
УҢҒЫЛАСЫЎ уңғылаў фейилиниң шериклик дәрежеси.
УҢҒЫЛАТЫЎ уңғылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УҢҒЫЛАЎ ф. Бел, кетпен, шөккиш, шот, балталардың уңғысын ислеў, соғыў.
УҢҚЫЛ-ШУҢҚЫЛ ат. Толығы менен, майда-шүйдесине дейин қалдырмастан, түўел, толық, хәммесин бастан-аяқ. Бул көзқараста «хәмме *уңқыл-шуңқылды* сен айтып берип жүрген жоқсаң ба» дегендей гүман сезилип турды (М.Нызанов).
УППЫҚУЛ ат. тар.с. Гүрес тәсили.
УП-УЗАҚ кел. Дым алыс, оғада алыс, житирим.
УП-УЗЫН кел. **1.** Бийик, жоқары. Есиктиң алдындағы терек *уп-узын* болып өскен (А.Әлиев). **2.** Дым узын, әдеўир узын, бираз узын.
УР қ. урыў.

УРА ат. **1.** Дәнди, картофель, гешир ҳәм т. б. сақлаў ушын жерден қазылған орын, шуқыр. **2.** Шығынды, керексиз нәрселерди таслайтуғын орын, ой жер. – Усы қала ма! – деди келиўден айнадан сыртты көрсетип. – Азанлы-кеш қоланса сасыйды. Бахты ашылмаған қала бул! Шығынды таслайтуғын *ураның* өзи! (М.Нызанов).

УРАЛАЎ ф. Дәнди ураға салыў, ураға көмиў.

УРАН I ат. Сиясий мәнили шақырық, үндеў.

УРАН II ат. **1.** хим. Атом энергиясын алыў ушын қолланылатуғын радиоактивлик химиялық элемент. **2.** Радиоактивли қәсийетлери бар ақ түсли металл.

УРАН III ат. Сүрен, баслама, қурал. Алпамыслар *уран* етип урыста, Бердақ сени қурал етип саплаған (И.Юсупов).

УРАШЫ ат. Ура қазыўшы адам, киси.

УРҒАШЫ кел. Адамзаттың ҳәм жанлы-жаныўарлардың нашары, нашар түри.

УРҒЫЗДЫРЫЎ урыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРҒЫЗЫЎ урыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРДЫРТЫЎ урыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРДЫРЫЎ урыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРҚАН ат. **1.** Палыз ҳәм ҳәрқыйлы өсимликлердиң гүллеў алдында жаңа шығып киятырған кишкентай сабағы. **2.** Шарықтың пәриги менен ийикти тутастырып айландыратуғын жип, сабақ.

УРҚАНАТЫ УШЫЎ//УРҚАНАТЫН УШЫРЫЎ диал.с. Хүрейлениў, сезиклениў, гүманланыў. Соң Назарбайға қарады, жигиттиң *урқанаты ушып* тур (Д.Насыров, О.Доспанов).

УРҚАНЛАНЫЎ урқанлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси,

УРҚАНЛАЎ ф. Урқан шығарыў, урқан жайыў.

УРЛАНЫЎ урлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УРЛАСЫЎ урлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УРЛАТТЫРЫЎ урлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРЛАТЫЎ урлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРЛАЎ ф. Басқа биреўдиң затын жасырын алыў, билдирмей алыў. Бузаўды *урлаған* өгизди де урлайды (ққ.х.н.).

УРЛАЎШЫ ат. Биреўдиң затын жасырып алыўшы, билдирмей алыўшы, ийелеўши.

УРЛЫҚ ат. Биреўдиң затын, мүлкин, ийесине билдирмей, оннан руқсатсыз меншиклеў түриндеги қылмыс, кәсип, қылық. Пара жеў, қосып жазыў, *урлық* деген. Бәлени көмген жерден қазып алды (И.Юсупов).

УРЛЫҚШЫ ат. Урлық ислейтуғын адам, қарақшы киси, уры, гәззап. *Урлықшы* өлген адамды гүўа тутады (ққ.х.н.).

УРЛЫҚШЫЛЫҚ ат. Урлық етиўшилик, урлық пенен шуғылланыўшылық.

УРНЫҒЫЎ ф. Тәртипсизлик етиў, тынышсыз, тынымсыз. *Урнығып* өлгир сен, Мордар, Өз пейлиңнен таптың сен («Ер Зийўар»).

УРНЫҚҚЫР кел. Тәртипсиз, биймаза, шатақ. Жаста – *урныққыр*, хәзир – тек тил екени, Буннан Улбийкениң хабары болар... (И.Юсупов).

УРПА ат. Ийленген қамырды жайғанда қамырдың үстине салынатуғын ун. Сыпыранда уның болса, *урпа* неге излейсең, Қалынлығын бар болса, Басқаны неге гөзлейсең (ққ.х.н.).

УРПАҚ I ат. Тукым, нәсил, әўлад. Наўайының *урпақлары*, Қолларында тилла тары, ... (И.Юсупов).

УРПАҚ II урпақ қар. Жумсақ майда қар.

УРПАҚЛЫ кел. Урпағы бар, урпақ салынған, урпаққа ийе.

УРПАҚСЫЗ кел. Урпағы жоқ, урпақ салынбаған.

УРТ ат. Жақ сүйеги менен ийектиң аралығын тутастырып туратуғын ет, аўыз қуўыслығы. Дүньяның барлық халқы *урт* толтырып үплесе, даўыл турып, күн гүркирер (И.Юсупов).

УРТЛАМ ат. Бир жутым, урттың толыў мөлшери, жутым. Аңқамыз кеўип баратыр, бир-еки *уртлам* суў жутайық, – деди әўели сөз баслаған жигит (А.Султанов).

УРТЛАНЫЎ уртлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УРТЛАТТЫРЫЎ уртлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРТЛАТЫЎ уртлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРТЛАЎ ф. Уртлап ишиў, уртын толтырып жутыў.

УРШЫҚ I ат. Сүйектен, ағаштан, тастан, кесектен, ярым шар формасында исленген сабы узынша болып келген, жүн яки пахта ийириў яшын қолайланған әсбап, қурал. Жас түўе, *уршық* ийирип отырған шешелерим, Ырғалып ықлас пенен тыңлаған талай сапар (И.Юсупов).

УРШЫҚ II ат. Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың асық жилиги менен ортан жилиғиниң жумыр басы.

УРШЫҚЛЫ кел. Уршығы бар, уршыққа ийе.

УРШЫҚТАЙ кел. Уршыққа усаған, уршық сыяқлы, тәризли.

УРЫ ат. Урлық ислейтуғын адам, қарақшы киси. Хан келди йурты тоқ болды, *Уры*-қарақшы йоқ болды, ... (Бердақ). ◊ **Уры**

көз – ҳешкимге билдирмей жасырын түрде қараўшы адамның қараған көзи.

УРЫҚ I ат. Ҳәр қыйлы жанлы-жаныўарда, адамзатларда болатуғын туқым.

УРЫҚ II ат. Жумсақ жерлерде өсетуғын, майда жапырақлы, бийиклиги бир метрге шамалас, киши бойлы баслайтуғын өсимлик.

УРЫҚЛЫ//УРЫҚЛЫҚ ат. тар.с. Отлақ.

УРЫҚЛЫҚ I кел. Адамзатта, жанлы-жаныўарларда болатуғын туқымлық.

УРЫҚЛЫҚ II кел. Урық өсип турған жер, майданлық.

УРЫҚСАТ қ. руқсат.

УРЫЛЫЎ урыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УРЫМ-ПУТАҚ қ. үрим-путақ.

УРЫНДЫРЫЎ урыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРЫНШАҚ кел. Жулпыс, тынышсыз.

УРЫНЫЎ ф. Талпыныў, тырысыў, умтылыў. Тириликке *урынасаң*, тириликке урыныўдың өзи-өзиңе өлим излеў (Т.Қайыпбергенов). **2.** Соқлығысыў, дүгисиў, қағысыў.

УРЫНЫЎШЫ ат. **1.** Талпыныўшы, умтылыўшы, тырысыўшы. **2.** Соқлығысыўшы, дүгисиўши, қағысыўшы.

УРЫНЫЎШЫЛЫҚ ат. **1.** Талпыныўшылық, умтылыўшылық, тырысыўшылық. **2.** Соқлығысыўшылық, дүгисиўшилик, қағысыўшылық.

УРЫС ат. **1.** Қураллы көтерилис, саўаш, соғыс. Оннан соң тағы сондай *урыслар* болды (К.Ирманов). **2.** Гүрес, төбелес, жәнжел, кейис, тартыс.

УРЫС-КЕЙИС ат. Кейис, сөгис, бақырыс, жәнжел.

УРЫС-ҚАҒЫС қ. урыс-кейис.

УРЫСҚАҚ кел. Ашыўшақ, даўкес, жәнжелпаз, урысқумар. Аш адам *урысқақ*, арық адам тырысқақ (кк.х.н.).

УРЫСҚАҚЛЫҚ ат. Ашыўшақлық, даўкеслик, жәнжелпазлық, урыспазлық.

УРЫСЛЫ кел. Жәнжелли, тартыслы, кейисли.

УРЫСПАЗ қ. урысқақ.

УРЫСПАЗЛЫҚ қ. урысқақлық.

УРЫСТЫРЫЎ урысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УРЫСЫМАҚ қ. урыға уқсаған.

УРЫСЫЎ I ф. **1.** Төбелесиў, айқасыў. Сарыбай менен Айман кишкене пышық үстинде қәпелимде *урысып* қалды

(«Жеткиншек» г.). **2.** Жәнжеллесиў, бақырысыў, ашшыласыў. **3.** Қағысыў, дүгисиў.

УРЫСЫЎ II урыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УРЫЎ I ат. **1.** Кәўим, тийре. Ҳәр *урыўға* хабар салды, Қоныр ат минип Майқы келди, ... (Бердақ). **2.** Нәсил, урпақ.

УРЫЎ II ф. Сабаў, соғыў. Алтақлама, талтақлама, Биреў *урды* деп жылама, ... (Бердақ). ◊ **Қулаш урды** – тамамланды, алға умтылды. **Шарқ урды** – ҳалласланыў, талпыныў, ғезиў.

УРЫЎЛАС кел. Бир урыўдан, тийрелес, кәўимлес. Ағайин болсаң *урыўлас*, Арымыз ушын даўлас (кқ.х.н.).

УСАҒАН қ. усаў.

УСАҒЫРАҚ кел. Майдарақ, қыйқымырақ, унтағырақ.

УСАҚ кел. **1.** Майда, бир нәрсениң майда түри, усағы. **2.** Киши, шағым, майда.

УСАҚЛАНЫЎ усақлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УСАҚЛАСЫЎ усақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УСАҚЛАТТЫРЫЎ усақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УСАҚЛАТЫЎ усақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УСАҚЛАЎ I ф. Майдалаў, унталаў, қыйқымлаў, бөлиў. – Отын *усақлаўға* шамам жоқлаў, қәйним. Көмеклес (Т.Қайыпбергенов).

УСАҚЛАЎ II кел. Кишилеў, шағынлаў.

УСАҚЛЫҚ ат. **1.** Майдалық, қыйқымлық, унтақлық. **2.** Кишилик, шағынлық, майданлық.

УСАҚ-ТҮСЕК ат. Майда-шүйде, ол-пул, анаў-мынаў. – Чтонды қойып тур, сөзди тынла, – деп, қалайы кәтке диз бүктим де *усақ-түсигине* шекем қалдырмай ҳәммесин айтып бердим (Ш.Сейтов).

УСАҚ МАЛ диал.с. Қой менен ешкини бирликте усылай атайды (Д.Насыров, О.Доспанов).

УСАС кел. Сәйкес, мегзес. Бердимурат суўпы болдың, Сен кимлерге *усас* болдың? ... (Бердақ).

УСАСЛАЎ кел. Сәйкеслеў, мегзеслеў.

УСАСЛЫҚ кел. Мегзеслик, сәйкеслик.

УСАСЫЎ усаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УСАТҚЫШ кел. Бир нәрсени екинши бир нәрсеге мегзеткиш, сәйкеслендиргиш, салыстырғыш.

УСАТТЫРТЫЎ усаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УСАТТЫРЫЎ усаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УСАТЫЎ I усаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УСАТЫЎ II ф. Майдалаў, бөлеклеў.

УСАЎ ф. Сәйкес келиў, уқсас болыў.

УСҚЫН диал.с. Түр, келбет, сымбат. Мен зор деген қызлардың, *Усқыны* болар өзинде... (Д.Насыров, О.Доспанов).

УСЛАҒЫШ кел. **1.** Услап алғыш, тутқыш. **2.** Бир заттың услайтуғын арнаўлы жери, орны. Миздакхан комплексине төменнен жоқарыға шығатуғын арнаўлы текшелер, текшениң еки тәрепине темирден услап минетуғын *услағыш* исленип, естеликлерди көриўге қолайлы шараятлар жаратылған («ЕҚ» г.).

УСЛАНЫЎ услаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УСЛАСЫЎ услаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УСЛАТТЫРТЫЎ услаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УСЛАТТЫРЫЎ услаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УСЛАЎ ф. **1.** Бир нәрсени қол менен тутып турыў. – Не?! – Тирилип келген ҳәмелдар шеп көкирегин *услаўы* менен бирден ларс етип қулады (М.Нызанов). **2.** Қамалға алыў, тутқынға алыў. ◊ **Өзин услаў** – **1.** бек болыў, өз орнында турыў. **2.** Өзине тән тәреплерин көрсетиў. Жүрис-турысы, сөйлеўи шалт болғаны менен усындайда *өзин услаўға* академик Сабыр Камаловтан қалыспайтуғын яшуллымыз Телепберген Қайыпбергенов ... (Т.Мәтмуратов).

УСТА ат. **1.** Темирден, ағаштан т. б. нәрселерден буйым, зат ислейтуғын шебер адам, қәниге адам. *Уста* жигит, мине, сөйтип, масайрап, Жумысқа түсирди Фарҳад қашаўын (И.Юсупов). **2.** Қолынан ҳәр нәрсе келетуғын өнерли киси, устаз. «*Уста* қайним, әкелдим саған сүт, Мә, ишип ал маўқыңды басып (И.Юсупов).

УСТАВ ат. Жумыс тәртиби, оның орынланыўының, пайда болыўын белгилейтуғын нызам қайғыйдаларының жыйнағы. – Және бир мәселе, сени басланғыш шөлкемниң ендиги жыйналысында партияға өткериў мәселесин усыныс етпекшимен. *Уставты* оқынқырап жүр (М.Нызанов).

УСТАДАЙ кел. Уста сыяқлы, усаған, уста яңлы.

УСТАЗ ат. **1.** Өнер, кәсип үйретиўши. **2.** Ақыл бериўши, муғаллим. Келип-кетти не бир дана *устазлар*, Ақыл-ойын келешекке сарп етип! (И.Юсупов)

УСТАКӘР ат. тар.с. Атақлы уста, усталардың устасы.

УСТАЗЛЫҚ ат. **1.** Өнер, кәсип үйретиўшилик. **2.** Ақыл, жол-жоба бериўшилик.

УСТАЛЫҚ ат. Еплилик, шеберлик, уқыплылық, билгишлик.

УСТАХАНА ат. Ҳәр түрли нәрселерди соғатуғын жай, орын. Сыртта жайлардың бирин *устахана* етип, сениң жонған ағаш қыйқымларыңды, сүйеклерди, желимлерди, ағашларды сол жерге қоямыз (К.Рахманов).

УСТАШЫЛЫҚ ат. Түрли өнер менен шуғылланыў, кәр, кәсип. Бул жерде барлық ўәлаятлардан келген делегация ағзалары тәрепинен этнографиялық қалашалар жаратылып, ҳәр бир ўәлаят өзиниң миллий қәдириятларының үлгилерин, өнерментшилик, зергерлик, ағаш *усташылық*, кестешилик, сүўретшилик, үй руўзыгершилик буйымлары көргизбесин шөлкемлестирип, мийманларға өзиниң аймағына тән фольклор-этнографиялық өнерлерин көрсетип, қосық айтып, аяқ ойын ойнап, тамашалар көрсетти («ЕҚ» г.).

УСТАҚАН ат. Тартылған аўқаттағы гөштен ҳәр бир адамға берилетуғын пай, үлес.

УСТУХАН диал.с. Сүйек, дене мәнисинде. *Устуханым* ағыр келди (Д.Насыров, О.Доспанов).

УСТЫҚАН ат. Жилик

УСТЫҚАНЛЫ кел. тар.с. Боласынлы, дәўлетли.

УСЫЛ ат. Өнер, ҳәдис, жол, тәсил. Ис үстинде табылған тыңнан, Озық *усыл* табыс дөретер... (И.Юсупов).

УСЫЛКЕР қ. ҳийлекер.

УСЫЛКЕРЛИК қ. ҳийлекерлик.

УСЫЛПАЗ қ. ҳийлекер.

УСЫЛПАЗЛЫҚ қ. ҳийлекерлик.

УСЫНДЫРЫЎ усыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УСЫНЫЛЫЎ усыныў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УСЫНЫС ат. Тилек, пикир, өтиниш. Кимде қандай *усыныс* бар, жолдаслар, Кимлер қандай үлес қосады буған? (И.Юсупов).

УСЫНЫЎ ф. **1.** Бир нәрсени басқа биреўге инам етиў. **2.** Қолын созыў, бериў. **3.** Белгили бир мәселеге таярлаў, белгилеў. **4.** Тилек билдириў, пикир айтыў, усыныс киргизиў.

УТИЛЬ ат. сөйл. т. Пайдаланыўдан қалған ҳәр түрли зат, тасланды.

УТҚЫЗДЫРЫЎ утыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УТҚЫР қ. утқыш.

УТҚЫШ кел. Ута беретуғын, утқыр.

УТОПИЯ ат. **1.** Турмыска аспайтуғын қыял, фантазия. **2.** әд. Жәмийет дүзиминиң идеал келешегин сүўретлеўши көркем шығарма.

УТТЫРТЫЎ утыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УТТЫРЫЎ утыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УТЫЛЫЎ утыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УТЫРЫ ат. рети, пайыты, қолайы. Жерге маңлайдан тер төгип, *утырын* таўып, хызмет етсең бәрқулла сени бағады («ЕҚ» г.).

УТЫС ат. **1.** Жеңис, табыс. **2.** аўыс. Утыстан түсетуғын олжа, пайда, түсирим.

УТЫСЛЫ кел. Табыслы, сәтли. Болыс *утыслы* сөзлер айтқысы келди (Қ.Айымбетов).

УТЫСЫЎ утыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УТЫЎ ф. **1.** Түрли жарысларда жеңиске ерисиў. **2.** Ҳәр түрли жағдайларда өзиниң табысқа жетиўи, жеңиўи.

УЎ ат. Денеге зердабы жайылатуғын, адамды өлтиретуғын химиялық зат, дәри, зәҳәр. Билмей жүрген екенмен, Душпанлар *уў* салыпты, ишетуғын асыма (Бердақ). ◊ **Уў шашыў** – аўыс. қәҳәрин тигиў, зәҳәрин жыйыў, ашыўы келиў.

УЎАЙЫМ ат. Қайғы, қапа, муң, зар. Жәнеўит келер деп еситсе де, журттың көп *уўайымы* болмады (Қ.Ерманов). ◊ **Уўайым жеў** – қапаланыў, қайғыланыў. Бир нешеден *уўайым жеп*, қайғыланды кеўлим мениң (Бердақ). **Уўайым-қайғы** – муң, қапа. Қаратаўдың тасындай аўыр *уўайым-қайғы* баса баслады (Ж.Аймурзаев).

УЎАЙЫМЛАҒЫШ кел. Бир нәрсени уўайымлай беретуғын, қайғыра беретуғын.

УЎАЙЫМЛАНЫЎ уўайымлаў фейилиниң өзлик дәрежеси,

УЎАЙЫМЛАСЫЎ уўайымлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УЎАЙЫМЛАЎ ф. Қайғырыў, қапаланыў. *Уўайымлап* болдым қатты қайғырып, Әжим енип, қатты етлер беттеги (А.Дабылов).

УЎАЙЫМЛАЎШЫ ат. Қайғыра бериўши, уўайым етиўши.

УЎАЙЫМЛЫ кел. Қайғылы, муңлы, ҳәсиретли, зарлы.

УЎАЙЫМСЫЗ кел. Бийғам, арқайын, қайғысыз. Бир неше ойнап күле алмай, Жайнатып кийим кийе алмай, *Уўайымсыз* бир жүре алмай, Көп азаплар көрген екен (Бердақ).

УЎАЙЫМСЫЗЛЫҚ ат. Арқайынсызлық, бийғамсызлық, қайғысызлық.

УЎАЙЫМШЫЛ кел. Уўайымға берилгиш, қайғышыл. Ол жүдә күйгелек ҳәм *уўайымшыл* еди (А.Әлиев).

УЎАЛАНЫЎ уўалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

УЎАЛАСЫЎ уўалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.
УЎАЛАТТЫРТЫЎ уўалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УЎАЛАТТЫРЫЎ уўалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎАЛАТЫЎ уўалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎАЛАЎ ф. **1.** Мыжғылаў, мыжымырлаў. **2.** Майдалаў, уўқалаў, уўатыў.
УЎАТЫЛЫЎ уўатыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УЎАТЫЎ ф. Майдалаў, унтаў, бөлеклеў, езиў. Өзлеримиз шай *уўатып* жараға тартатуғын едик (Ә.Шамуратов).
УЎДАЙ кел. Жүдә ашшы, дым зәҳәр, зәҳәрдей. Ашшы болсаң *уўдай* бол, Тийген жерин күйдирсин (ққ.х.н.). ◊ **Уўдай ашыў** – қыйнаў, күйдириў, қатты ашыў. Көриң, қандай екен ышқының күши! Ханның *уўдай ашып* өртенди иши (И.Юсупов). **Уўдай ашшы** – өткир, тәсирли.
УЎДЫР-ЖУЎДЫР ел. с. Уллы-сынғырлы, шаўдырлы.
УЎҚАЛАНЫЎ уўқалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УЎҚАЛАСЫЎ уўқалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.
УЎҚАЛАТТЫРТЫЎ уўқалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎҚАЛАТТЫРЫЎ уўқалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎҚАЛАТЫЎ уўқалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎҚАЛАЎ ф. **1.** Мыржыў, мыжғылаў. Бийбимәрям, арқамды азғана *уўқалап* жибер (Т.Алланазаров). **2.** Майдалаў, унтаў.
УЎҚАЛАЎШЫ ат. **1.** Мыжыўшы, мыжғылаўшы. **2.** Майдалаўшы, унтаўшы.
УЎЛАҒЫШ кел. Бир нәрсени уўландыратуғын, зәҳәрлегиш.
УЎЛАНДЫРЫЎ уўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎЛАНЫЎ уўлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.
УЎЛАТТЫРТЫЎ уўлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.
УЎЛАТТЫРЫЎ уўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎЛАТЫЎ уўлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.
УЎЛАЎ I ф. **1.** Организмге уў таратыў, жайыў, шашыў, зәҳәрлеў. Кетти барлық ишкен асым денемди *уўлап*, Отырғанда бала-шағам тынбай шуўлап (Күнхожа). **2.** аўыс. Белгили бир пикирдиң яки психикалық фактордың санаға сиңиўи, кириўи.
УЎЛАЎ II диал.с. Аўлаў, услаў, тутыў. Балығ уўлап жүр. Ғаза салып балыг *уўладым* (Д.Насыров, О.Доспанов).
УЎЛАЎШЫ ат. **1.** Уў таратыўшы, зәҳәрлеўши. **2.** аўыс. Көнликтириўши, бағындырыўшы.
УЎЛЫ кел. Уўы бар, уўландырғыш, зәҳәрлендириўши. Қуртпасақ *уўлы* жыланды, Келтирер бир күн зыянды (С.Нурымбетов).

УЎМАҚ-ШУЎМАҚ кел. Жумбаршақланған, былғасқан.

УЎМАШ ат. Сорпаның майына нан былғап исленген аўқат, тағам.

УЎ-ШУЎ ат. Шаўқым, бақырыс.

УЎЫЗ ат. **1.** Жаңа босанған ҳаялдың, төллеген малдың дәслепки сүти. Мениң жетимлигим анамның *уўыз* сүтин емген күннен басланыпты (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Жас, нәрестe, бала. **Уўызында тоймаў** – аўыс. ҳеш нәрсеге жарымаў, молшылықты көрмеў, ашкөз.

УЎЫЗДАЙ кел. **1.** Уўызға усаған, уўыз сыяқлы. **2.** аўыс. Баладай, нәрестедей. Камалына келмеген мына *уўыздай* жас жигиттиң меннен де дәртли болыўына қара (Ө.Хожаниязов). ◊ **Уўыздай дене** – жас, сүйеги қатпаған. *Уўыздайын денеге*, Ашшы қамшы тийген соң, Жадыгердей жас бала, Шырқырап үйге киреди («Алпамыс»). **Уўыздай уйыў** – аўызбиршиликли болыў. Урыстан бурын қандай *уўыздай уйып* отыр едик (Ө.Хөжаниязов).

УЎЫЗЛЫ кел. Уўызы бар, уўызы көп, уўызға ийе.

УЎЫЗСЫЗ кел. Уўызы жоқ, уўызға ийе емес.

УЎЫҚ ат. Қара үйдиң негизги бөлеклериниң бири, иймек жағы керегениң басына бекитилип, сүйирленген ушы шаңарақка киргизилип, оны көтерип туратуғын қада, сырық. Биреў *уўық* соғып атырған, тағы биреўлер ший жыйнап атыр (Ш.Сейтов).

УЎЫҚЛЫ кел. Уўығы бар, уўыққа ийе.

УЎЫҚЛЫҚ кел. Уўық боларлық, уўыққа турарлық.

УЎЫҚТАЙ кел. Уўыққа усаған, уўық сыяқлы, уўық тәризли, уўық яңлы.

УЎЫЛДЫҚ қ. уўылдырық.

УЎЫЛДЫРЫҚ ат. Балықтың аналық урығы, түйиршик мәйеклердиң жыйынтығы. Балықшылықта сазан, шортан, *Уўылдырық* деген түрлери бар (Н.Дәўқараев). ◊ **Уўылдырық шашыў** – уўылдырықлаў, суўға уўылдырық жайыў. Суўында *шашылған уўылдырықтан*, Өршиген бир шабағынман, Кеғейли (И.Юсупов).

УЎЫЛДЫРЫҚЛЫ кел. **1.** Уўылдырығы мол, уўылдырық салынған, уўылдырық қосылған, уўылдырық араласқан, уўылдырыққа ийе. **2.** Уўылдырығы бар, уўылдырығы көп.

УЎЫЛДЫРЫҚСЫЗ кел. Уўылдырығы жоқ, уўылдырық салынбаған, уўылдырық қосылмаған, уўылдырық араласпаған, уўылдырыққа ийе емес.

УЎЫЛДЫРЫҚТАЙ кел. Уўылдырыққа усаған, уўылдырық сыяқлы.

УЎЫЛДЫРЫЎ уўылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЎЫЛДЫ-ШУЎЫЛДЫ ат. Ҳәр қыйлы сес, даўыс, шаўқым.

УЎЫЛЖЫТЫЎ уўылжыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЎЫЛЖЫЎ ф. **1.** Мийўелердиң жетилисип писиўи. Алмамекен дедим *уўылжып* пискен, Бойынан ышқының сәўири ескен, ... (И.Юсупов). **2.** Ҳәр түрли аўқаттың жақсы писиўи, ылжыраўы.

УЎЫЛЫЎ ф. Ыссы аўқат ишкенкен аўыз терилериниң тилдиң үстинги қабатларының жараланып турыўы, порсылдаўы. ◊ **Тумсығы уўылыў** – пәнт жеў, айтқаны болмаў, пәти қайтыў. Талай есиклерге барып дегени болмай, *тумсығы уўылып* қайтты (Қ.Айымбетов).

УЎЫС ат. Қолдың бармақларын бүккендеги алақандағы шуқыр. Кемпир *уўысындағы* топырақты қалтасына салды (К.Султанов).

УЎЫСЛАНЫЎ уўыслаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УЎЫСЛАТЫЎ уўыслаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УЎЫСЛАЎ ф. Уўысын толтырып услаў, қосыўыслаў. Жекенди қолларым менен *уўыслап*, жапыраклар менен жумсақ порсылдақларын бетиме тутаман (Б.Бекниязова).

УЎЫСТАЙ кел. Бир уўысқа шамалас, қосыўыстай.

УЎЫТ ат. Усыл, әдис, жол. Астына ат тийип жетимнен нөкер болғанлардың көпшилиги қазыўға белдар деп саналды, еплилери бир-бири менен шериклесип бәҳәрги егиске жер таярлап, *уўытын* таўып егин ексе руқсат етилди (Т.Қайыпбергенов).

УЎЫЎ ф. Нанды, сөкти ҳәм усы сыяқлыларды майға араластырыў, былғаў.

УЧАСТКА ат. **1.** Жердиң белгили бир бөлеги. Өз алдына бөлек *участка* алып ислеп атырған екен (Н.Дәўқараев). **2.** Ҳәкимшилик, аймақлық бийлик ететуғын аймақ, бир нәрсениң бөлими.

УЧАСТКАЛЫҚ кел. участкаға тийисли, участкаға тән, участкаға байланыслы.

УЧИЛИЩЕ ат. **1.** Мәмлекетлик оқыў орны, мектеп. **2.** Орта мағлыўматлы қәнигелер таярлайтуғын арнаўлы оқыў орны. Және де әкесиниң жийи-жийи: «Қуда қәлесе, қызым доктор болады, аўылға бир доктор керек, аўырсақ өзи емлейди» – деген гәплери де түртки болып, мектепти тамамлаған соң

хүжжетлерин Нөкис медициналық *училищесине* тапсырады («ЕҚ» г.).

УШ ат. Бир нәрсениң шети, соңы, жийеги, таўсылған жери, аяғы. Басындағы орамалының *ушы* менен бетин сыпырды (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Көз ушында** – алыста, узақта. **Қол ушы бериў** – жәрдем етиў, көмек бериў. **Еки ушлы** – еки ойлы, нәмәлим, белгисизлеў. **Тил ушында турыў** – еске келмеў, ядына түспеў.

УШАБАС ат. Жоқарғы ушы, ең бәленти, төбеси, бийиги. Қәпелимде қораның *ушабасында* отырған қоразды көреди (Қ.Айымбетов). ◊ **Уша бийик** – ең жоқарғы төбеси, жоқарысы. Барғанымда Алатаўдың қасына, Қарай бердим *ушабасына*.

УШАН//УШАК диал.с. Жергиликли адамлардың аўызеки сөйлеў тилинде аў қайықтың ең үлкен түри усылай аталады. Күнде *ушан* қайда? Ушан қайықтың салып киятырған көтерме жылымына илинип шығады (Д.Насыров, О.Доспанов).

УШКЕТБАЎ диал.с. Желқомды тартып туратуғын жип (Д.Насыров, О.Доспанов).

УШҚАЛАҚ кел. Жеңил минезли, бир жерде турмайтуғын, тураксыз. Ол жүдә *ушқалақ* болып кетипти («Әмиўдәрья» ж.).

УШКАЛАҚЛАЎ кел. Жеңил минезлилеў, тураксызлаў, пәпелеклеў.

УШҚАЛАҚЛЫҚ кел. Жеңил минезлилик, тураксызлық.

УШҚАРЫ р. **1.** Ушына таман, шетине жақын. **2.** аўыс. Үстиртин, қопал, жеңил-желпи. Бирақ, усылардың бәри менен бирге, европалық поэзиядан да азықланбасаң бираз жолдан қаласаң. Пушкин, Лермонтов, Байрон, Гёте, Гейне, Шиллер Шекспир – буларды оқымай, шайырлық дүньясының мәңги булақларынан суўсынладым дегениң *ушқары* ғәп болады (И.Юсупов).

УШҚАРЫЛЫҚ ат. **1.** Ушына таманлық, шетиреклик. **2.** аўыс. Қопаллық, жеңил минезлик.

УШҚАРЫРАҚ кел. Ушына таманырақ, шетирек.

УШҚЫН ат. **1.** Қызған ҳәм жанған оттың шашыраған майда жалыны, шоғы. *Ушқын* ушар зуўлап оттың папиросынан, Биримлеп сөнбекте сансыз айналар (И.Юсупов). **2.** аўыс. Белги, нышан. Оның жүзлеринде шадлы қуўаныштың *ушқынлары* жылтырайды (Ө.Хожанов).

УШҚЫНДЫРЫЎ ф. Урыў, бежериў, қағындырыў. Шырт уйқыда жатқанда, Минди байдың үстине, *Ушқындырып* хүрресин, Өкпесин осып қуў тазың, ... («Қырқ қыз»).

УШҚЫНЛАНЫЎ ушқынлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШҚЫНЛАСЫЎ ушқынлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УШҚЫНЛАТЫЎ ушқынлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШҚЫНЛАЎ ф. Жапалақлаў, шашыраныў. Қар *ушқынлап* жаўып тур (Қ.Досанов).

УШҚЫНЫЎ ф. Урыныў, бүлдириў.

УШҚЫР кел. Тез ушатуғын, жылдам, жулдыздай ағыў, жүргиш, ушқыш. Көктен келсен *ушқыр* сунқар зымырап, Аэропортта машиналар зымырар (И.Юсупов).

УШҚЫРЛЫҚ ат. Жақсы ушыў уқыплылығы.

УШҚЫШ I ат. Самолёт айдаўшы, лётчик. *Ушқышлардың* дүньядағы зоры един, Көрнекли, әдиўли бири един (С.Нурымбетов).

УШҚЫШ II кел. Тез ушатуғын, ушқыр.

УШҚЫШЛЫҚ ат. Ушқырлық, уша билиў уқыплылығы.

УШЛАСТЫРЫЎ ушласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЛАСЫЎ ф. **1.** Жалғасыў, байланысыў, қосылысыў. Қуў далаға *ушласып* кететуғын майданлықты бастан-аяқ аралады (Ж.Аймурзаев). **2.** Жетиў, жетисиў.

УШЛЫ кел. Ушы бар, сүйирли. Асқар менен Мамыт алдынала белгиленген кәсиби бойынша қолларына *ушлы* сүймен, қашайтуғын саплы балға алып, кән қазатуғын болды (А.Бекимбетов).

УШЛЫҒЫ ат. Дереги, тийкары. Иси келиспегенликтен бе, апам менен әкемниң арасында келиспеўшилик көбейип кетти, ол гәплердиң *ушлық*-пушлығын гейде мен де еситип қалатуғын едим (А.Султанов).

УШЛЫҚ ат. Оқыўшылардың сыя менен хат жазатуғын заты, перосы.

УШПА ат **1.** Жанлы-жаныўарларға келетуғын аўырыў, иллет, қырғын. **2.** аўыс. Ҳаўа кемеси, самолёт.

УШПАЛАТЫЎ ф. Ушпа аўырыўы менен аўырыў.

УШПАҚ ат. тар.с. Жәннет, о дүнья. Ҳәддиясы көп суўпылар, *Ушпаққа* иркилмей барар («Қырқ қыз»).

УШПАҚ ат. тар.с. Қырқына шықпай қайтыс болған нәрсете.

УШТЫРТЫЎ қ. ушырыў.

УШЫҒА ат. Жүннен исленген хасыл зат, гезлеме, маўыты. Қарап көрсең, турған жериң бостандай, Услап көрсең, *ушығаның* жумсағы (И.Юсупов).

УШЫҒАДАЙ кел. Ушыға усаған, ушыға сыяқлы.

УШЫҚ I ат. Аўқат ишиўден аўыз дөгерегинде пайда болатуғын бөртик, жара.

УШЫҚ II ат. Дәнниң писпей қалғаны, пушы, кепеги.

УШЫҚЛАНЫЎ ушықлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

УШЫҚЛАСЫЎ ушықлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УШЫҚЛАТТЫРЫЎ ушықлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫҚЛАТЫЎ ушықлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫҚЛАЎ ф. **1.** дин, с. Ушынып аўырған адамды хәр түрли нәрсе менен қағыў, суў бүркиў, хәр қыйлы шөплер менен қағыў, диний жол менен емлеў. Қолы епли кемпирлерге *ушықлатып* та атыр, хеш пайдасы болмады (С.Салиев). **2.** Пушлаў, кепеклеў.

УШЫ-ҚЫЙЫРЫ кел. Ушы-қыйыры жоқ. Шексиз, есапсыз, сансыз, шети жоқ. *Ушы-қыйыры* көз жетпес майданға келгенде, жүрислери әбден тосанлады (Т.Қайыпбергенов).

УШЫН к.с. Себепли, мақсетти анлатыўшы тиркеўиш.

УШЫНДЫРЫЎ ушыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫНЫМ қ. ушық I.

УШЫНЫЎ ф. **1.** Қолайсыз, жағымсыз, аўқаттан тиксинип аўырыў, наўқасланыў. **2.** қ. ушқыныў.

УШЫРАСТЫРЫЎ ушырасыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫРАСЫЎ ф. Гезлесиў, дусласыў, жолығысыў, көрисиў. Ара-тура мени емлеген врач пенен *ушырасып* тураман (А.Бекимбетов).

УШЫРАТТЫРТЫЎ ушыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫРАТТЫРЫЎ ушыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫРАТЫЎ ушыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫРАЎ ф. Жолығыў, гезлесиў, дус болыў.

УШЫРАЎШЫ ат. Жолығыўшы, гезлесиўши, дусласыўшы.

УШЫРТЫЎ ушырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УШЫРЫСЫЎ ушыраў фейилиниң шериклик дәрежеси.

УШЫРЫЎ ф. **1.** Бир нәрсени хаўаға жибериў. **2.** Бир нәрсени тазалаў, суўырыў. **3.** Қусларды хаўаға жибериў, үркитиў. **4.** Самолёт пенен жибериў, жоллаў.

УШЫРЫЎШЫ ат. Ушырып жибериўши.

УШЫЎ ф. Аспанға, көкке көтерилиў, хаўалаў, жоқарылаў. Көк жүзин кәрўан дүзип тырналар *ушты* (Ж. Аймурзаев). ◊ **Ушып-қонып** – қуўанғаннан тыным таппаў. *Ушып-қонып* перийзат,

Болар исти ойлады («Ер Зийўар»). **Оққа ушыў. а)** оқ тийип қулаў, жығылыў. **б)** өлиў, қазаланыў. **Ушып турыў** – жылдам тез, шаққан турыў. Орнынан *ушып турып,* жән-жағына қарады (А.Әлиев). **Зәрреси ушыў** – қорқыў шоршыныў, сескениў. Жылан шаққандай *зәрреси ушып* кетти (Ө.Хожаниязов). **Мурттай ушыў** – қулаў, жығылыў. Қаўын қоста *мурттай ушып*, Аўырды да қысылды дем (И. Юсупов). **Көзинен бир-бир ушыў** – сағыныў, интизар болыў. Көргенлердиң *көзлеринен бир-бир ушып* (С.Нурымбетов). **Қустай ушыў** – тез жүриў, алға умтылыў, тезлигин жоқарылатыў. Машина гүрилдеп, *қустай ушып* алға жөнелди (С.Хожаниязов).

УШЫЎШЫ ат. Аспанға, ҳаўаға кетерилиўши.

УЯ ат. **1.** Қуслардың, пал ҳәрресиниң, жырткыш ҳайўанлардың ҳәм тағы басқалардың жайы, жатақ орны, үйи, ини. Бир шайқус суўдың қапталындағы жарқабаққа *уя* салып еди (Қ.Айымбетов). **2.** Белгили бир шөлкемлердиң орайы. **3.** Тукымларды егиў ушын исленген орын, қазылған шуқыр, ой. **4.** Адамлардың ушырасатуғын, топланысатуғын орны, жайы. **5.** Бир зат яки нәрсениң пайда болған жери, орны. Айтты: «Әжем байғус өлди әрманда, Бир *уяда* жалғыз қалдым мен сонда (И.Юсупов). **6.** грамм. Бир түбирден жасалған сөзлердиң топары. ◊ **Көзи уясынан шығыў** – қорқыў, ҳүрейлениў. Бул хабарды еситкенде Әметтиң *көзи уясынан шығып* кетти (А.Әлиев). **Күн уясынан шығыў** – күнниң шығатуғын жери, орны, горизонты.

УЯДАЙ кел. **1.** Уяға усаған, уя сыяқлы. **2.** Жақсы, пәкизе.

УЯЛАС кел. Уясы бир, бир уяда, бирге.

УЯЛАТЫЎ уялаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЯЛАЎ ф. **1.** Қустың, тағы басқалардың уя салыўы. **2.** Мәкан басыў, орналасыў.

УЯЛТТЫРЫЎ уялыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЯЛТЫЎ уялыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

УЯЛШАҚ кел. Тартыншақ, ынжық, уялғыш. Садулла Атажанов жүдә *уялшақ* ақыллы бала (А.Бекимбетов).

УЯЛШАҚЛЫҚ ат. Тартыншақлық, ынжықлық. Арзыўдың тартыншақлаў, *уялшақлық* минези бар (Ж.Аймурзаев).

УЯЛЫ кел **1.** Уясы бар, уяға ийе. **2.** Көп уялы, уясы көп. **3.** Сымсыз телефон. Жақында еки «Шалола»шы қызымызға районымыз ҳәкими А.Сапарбаевтың баҳалы саўға – *уялы* телефон инам еткени де пикиримизди тастыйықлайды («ЕҚ» г.).

◊ **Уялы байланыс** – сымсыз телекоммуникациялық байланыс. – Ҳәзирғи ўақытта, байланыс ҳәм мәлимлемелестириў тараўында республикамыз халқына «Өзбектелеком» АҚ Қарақалпақстан Республикасы филиалы сымлы байланыс, «Билайн», «Ucell», «UMS», «Perfectum Mobile» ҳәм «UzMobile» – *уялы байланыс* операторлары тәрепинен заманағөй, сапалы байланыс хызметлерин усынбақта («ЕҚ» г.).

УЯЛЫҢҚЫРАЎ қ. уялыў.

УЯЛЫЎ ф. Қысыныў, қызарыў, бозарыў. Енди *уялыў* гезеги Маман бийге аўысып, көзлерин дастықтың тасасына жасырып, жас бала ойынын қылды (Т.Қайыпбергенов).

УЯҢ кел. **1.** Майда, жумсақ, өлпен. **2.** Жатық минез, төменшик, жуўас, бос. Айыўдың қара *уяң* жүнлери дир-дир етеди (А.Атажанов). ◊ **Уяң даўыс** – әстен шығатуғын, жиңишке еситилген сес.

УЯҢЛАЎ кел. **1.** Жумсақлаў, майдалаў, өлпеңлеў. **2.** Әстелеў, пәслеў. Бирақ, бул ретте оның даўысы *уяңлаў* шықты (Ө.Хожаниязов). Әдебият муғаллими әри-бери түсиндирмекши болып еди, даўысы уяң екен, көпшилик басып кетти (М.Нызанов).

УЯҢЛЫҚ ат. Өлпеңлик, төменшиклик, тартыншақлық.

УЯСЫЗ кел. Уясы жоқ, инсиз, уяға ийе емес.

УЯТ ат. Ар-намыс, әдеп. Ҳаў қудайым айтқаныма қулақ сал, Саған *уят* жерге барыў («Қырқ қыз»). ◊ **Уят болыў** – әдепсизлик, бийабырай болыў. **Уятқа қалыў** – уялыў, қысыныў.

УЯТЛЫ кел. Уяты бар, намыслы, әдепли.

УЯТСЫЗ кел. Инсапсыз, арсыз, бетсиз, әдепсиз, қәсийетсиз.

УЯТСЫЗЛЫҚ ат. Намыссызлық, арсызлық, бетсизлик, әдепсизлик, бийәдеплик, инсапсызлық, қәсийетсизлик. Бул *уятсызлық*, ҳәтте арсызлық емес пе түсинген адамға («Әмиўдәрья» ж.).

УЯТСЫНЫЎ ф. Намыссыныў, әдепсиниў, арсыныў, дурыс көрмеў, мақул көрмеў.

Ү

Ү ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң жигирма жетинши ҳәриби ҳәм оның аты. **2.** Ү ҳәриби даўыслы сести билдиреди.

ҮБИРЛИ: үбирли-шүбирли кел. Өнген, өскен, көбейген, бала-шағалы, көп балалы, өсип-өрбиген, үрим-путақлы, өнип-өскен. Сапардың қосласы Айгүл көп жыллық аўырыўдан қайтыс болып, *үбирли-шүбирли* балалары қалды (А.Әлиев).

ҮГИНДИ ат. Ҳәр қыйлы исленген затлардан түсетуғын майда қалдық. Устахананың ишинде ағаштың, темирдиң *үгиндиси* үйилип жатыр (А.Бекимбетов).

ҮГИТ ат. Ҳәр қыйлы нәрселерди түсиндириўде берилетуғын түсиник, ақыл, кеңес, нәсият. Ҳәр кимге өзинше *үгит* үйретеди (Т.Қайыпбергенов).

ҮГИТЛЕЎ ф. Биреўди айтқанына көндириў, өз тәрепине тартыў, айландырыў. Ҳәзир қулақ сүймес пәнди-*үгитлер*. Сонда да айтайын: досларың болсын (И.Юсупов)

ҮГИТЛЕЎШИ ат. Көндириўши, тартыўшы, айландырыўшы адам. Жуманияз көпшиликти *үгитлеўши* екен (С.Салиев).

ҮГИТ-НӘСИЯТ ат. Белгили бир мәселени көпшиликке аўызша яки баспасөз жүзинде түсиндириў ушын ҳәрекет жүргизетуғын жумыс. Бундай *үгит-нәсият* жумысларын алып барыўдан тийкарғы мақсет – ҳәр бир сайлаўшының сайлаў бойынша ҳуқықый билимлерин арттырыўдан ибарат («ЕҚ» г.).

ҮДЕТИЎ үдеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮДЕЎ ф. **1.** Зорайыў, қозыў, күшейиў. Түни менен бурқасынланған боранның пәти қайтар емес, еле де *үдеў* даўам етпекте (Ш.Сейтов). **2.** физ. Бир өлшем ўақыт ишиндеги тезлик муғдарының өзгерисин көрсететуғын шама.

ҮЖИБАТЛЫ к. ужыбатлы.

ҮЗБЕЛЕЎ ф. Бир нәрсени үзип-үзип таслаў, үзиў.

ҮЗБЕН ат. **1.** Жүўериниң қамырын үзип-үзип салынатуғын айран ямаса қатық қуйып ишетуғын аўқат. **2.** аўыс. Кишилеў садақаға таярланылған аўқат.

ҮЗБЕНДЕЙ кел. Үзбен сыяқлы, үзбенге усаған, үзбен тақылетли.

ҮЗБЕНЛИК ат. Үзбен болатуғын нәрсе, үзбен боларлық зат. *Үзбен,* оннан кейин палаў келди (С.Салиев). Аздан кейин *үзбен* де тайын болды (К.Султанов).

ҮЗБЕЎ ф. Ис-ҳәрекетти даўам ете бериў, тоқтатпаў, ирикпеў. Бақсы айтып отырған қосығын *үзбей* даўам ете берди (К.Султанов). Сапар аўылға изин *үзбестен* үш хат жазды (Г.Изимбетов).

ҮЗБЕНТАЙ диал.с. Жүүериниң унынан исленген быламық. Көп қыдырған жолығар *үзбентайға* (ққ.х.н.)

ҮЗГИЗИЎ үзиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЗДИРИЎ үзиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЗДИРТКИЗИЎ үзиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЗДИРТТИРТИЎ үзиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЗДИРТТИРИЎ үзиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЗДИРТИЎ үзиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЗЕНГИ ат. Аттың, ешектиң ерлерине аяқ салып минетуғын етип жиптен исленген зәңги. Қуралбай *үзенгиге* аяқты тиреп, көтерилип турып жән-жағына қарады (К.Султанов). ◊ **Үзенги баў** – зәңги баў, аяқ салатуғын зәңги.

ҮЗЕНГИЛЕС кел. Жасы, дәреже жағынан шамалас, қатар-қурбы. Омар Қалман менен *үзенгилес* еди (Т.Жумамуратов).

ҮЗИК I ат. Қара үйдиң уўығының үстин айландырып жабатуғын кийиз. Жуманның таза үйи ақ *үзик* пенен жабылып, хәмме тәрепи келистирилген (С.Арысланов).

ҮЗИК II кел. Үзилген, бәлек, кесик, қыйынды. Сапар әрибери қарап сымның *үзик* жерин таба алмады (А.Оразов).

ҮЗИКЛЕЎ ф. Қара үйди үзик пенен жабыў, үзик салыў.

ҮЗИКЛИ кел. Үзиги бар, үзик пенен жабылған.

ҮЗИКСИЗ кел. **1.** Үзиги жоқ, үзик пенен жабылмаған. **2.** Үзиги болмаған, үзилмеген.

ҮЗИЛГИШ кел. Үзиле беретуғын, әззи. Бос есилген арқан ҳәр ўақыт *үзилгиш* келеди (Қ.Ерманов).

ҮЗИЛДИ-КЕСИЛДИ кел. Тийимли, орынлы, тыянақлы, тужырымлы. Аманов пикирин *үзилди-кесилди* айтып салды (С.Арысланов).

ҮЗИЛИС ат. Белгили ис-ҳәрекеттиң тоқталыў ўақты, иркилис, тыныс. Жыраў суў ишкиси келип азмаз *үзилис* жасады (Қ.Ерманов).

ҮЗИЛИСИҮ ф. Иркилисиў, тоқтасыў.

ҮЗИЛИСПЕ ат. Иркинишпе, бел үзди, гедерги, тыныспа, тоқтама. Жүрип турған станок қәпелимде *үзилиспеге* ушырады (К.Смамутов).

ҮЗИЛИССИЗ кел. Иркинишсиз, тоқтаўсыз.

ҮЗИЛИҮ I үзиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЗИЛИҮ II ф. **1.** Жан тәслим етиў, жан тапсырыў, дүньядан өтиў, өлиў. **2.** Байлығы таўсылыў. **3.** Мийирбанлық пенен елжиреў. ◊ **Үмит үзилиў** – күткени болмаў, исеним жоғалыў, **Қарасы үзилиў** – көзден ғайып болыў, жоқ болыў.

ҮЗИЛ-КЕСИЛ р. Шешиўши түрде, биротала. Абат жумысқа бармайтуғыны туўралы *үзил-кесил* айтты (Ш.Сейтов).

ҮЗИМ ат. Бир нәрсениң үзип алынған кишкене бөлеги, данасы, қыйқымы. Бир *үзим* етти қолына алып, алдыма жуўыра шықты (А.Әлиев).

ҮЗИНДИ ат. Белгили бир шығармадан бөлинип алынған жекке бөлеги, пүтиннің бөлшеги, бөлими. Романнан азы-кем *үзиндилер* оқылды (К.Султанов).

ҮЗИСИҮ үзиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЗИҮ ф. **1.** Бир затты екиге бөлиў, ажыратып алыў, бөлеклеў, жулыў. Сабыр жүзимниң бир солқымын *үзип* алып, жей баслады (С.Салиев). **2.** аўыс. Ис-ҳәрекеттиң бирден тоқталыўы, жумысты даўам еттирмеў, иркип қалыў. **3.** аўыс. Мудамы, бәрҳа, бәркулла. **4.** аўыс. Өмирин жойыў, жоқ етиў. Қәҳәрге буўлықкан Аман ешкиниң жулынын да ҳә демей-ақ *үзди* (А.Әлиев). ◊ **Гүдер үзиў** – үмитленбеў, үмитин жоғалтыў. Айгүл Сапардың келиўинен *гүдерин үзди* (К.Султанов). **Үмит үзиў** – исенимин жоғалтыў, үмит еткенди қойыў. **Қол үзиў** – айырылыў, ажыратыў. Ол быйыл оқыўға ықласланбай ақыры оқыўдан *қол үзди* (Т.Қайыпбергенов). **Қарасын үзиў** – көринбеў, алыслаў, узақлаў, қашықлаў.

ҮЗЛИКСИЗ р. Тоқтамастан, иркилместен, тоқтаўсыз. Мотор *үзликсиз* ислеп турды (А.Әлиев).

ҮЙ I ат. **1.** Адам отыратуғын хожалық, семья. Бизде үй жоқ күндиз илип отырған, Апақ-шапақ жайнап күлип отырған (И.Юсупов). **2.** Ўатан, шаңарақ. **3.** Белгили бир жәмийет пайдаланатуғын, жасайтуғын орын, мәкеме. Сөйтип, Төреш балалар *үйине* тапсырылды (Н.Дәўқараев). ◊ **Үй тигиў** – хожалық болыў, шаңарақ көтериў, бала-шағалы болыў. Халмурат бай *үй тикти* деп аўылдың бәри жыйналды (Қ.Ирманов). **Үйди**

басына көтериў – шаўқым салыў, уў-шуў болыў. Балалар ҳә демей-ақ *үйди басына көтерди* (Ә.Шамуратов). **Үйли-жайлы болыў** – хожалықлы, дүнья-маллы болыў, турмысы жақсыланыў. **Ақ үйли болыў** – сүргинге жибериў, жер аўдарыў. Арзым полиция тәрепинен *ақ үйли болды* (С.Арысланов). **Үй машқаласы** – хожалық жумыслары, семья жумысы. *Үй машқаласы* оны тәўир-ақ албыратты (Қ.Камалов). **Үйден шықпаған** – аўыс. турмыс қурмаған, күйеўге шықпаған. Ол еле *үйден шықпаған* қыз (С.Хожаниязов).

ҮЙ II қ. үйиў.

ҮЙГИЗДИРИЎ үйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙГИЗИЛИЎ үйиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙГИЗИЎ үйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙДИРИЎ үйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙДИРТИЎ үйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙДИРТКИЗИЎ үйиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙЕЛДЕЙ кел. Шамадан тыс, үлкен, нәмнаған. Мына *үйелдей* адамды атпаға оғым болмай, әбден ызаланып сыртқа жуўырып шықтым (К.Смамутов).

ҮЙЕЛЕЎ ф. Жатқан жеринен тура алмаў, қозғала алмаў.

ҮЙ-ЖАЙ ат. Үйге тән мүлк және хожалық затлары, үскене. Болмай көбиниң *үй-жайы*, Иши дәртке толған екен (Бердақ).

ҮЙИЛДИРИЎ үйиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҮЙИЛИСИЎ үйиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙИЛИЎ үйиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙИН ат. Бир заттың топланған көдди, бир төбе, күтә көп жыйын. Еки көшениң биринде *үйин-үйин* шығынды (М.Нызанов).

ҮЙИНЛИ ат. Төбе-төбе болып жыйналған қалдық, көп жыйынды, топлам. Таслардың майда *үйиндиси* жолдың шетинде жатыр (Қ.Камалов).

ҮЙИНШИК ат. **1.** Бир заттың кишкене болып жыйналған үйиндиси, киши болып көриниўи, үйинди. Ол жер силкиниў нәтийжесинде таў басынан қулаған *үйиншик* тасларға усап жайылып атыр (Т.Қайыпбергенов). **2.** Балық услаў ушын ағаштан ишин қуўыс етип исленген зат, қурал, әсбап.

ҮЙИНШИКЛЕЎ ф. Затларды бир жерге үйип жыйнаў, топлаў.

ҮЙИР I ат. 1. Бир айғырдың қараўындағы жылқының топары, дүркини. Таўлардан асып бир *үйир* жылқы булаққа

пайда болды («Мәспатша»). **2.** Туўып өскен орталық, қатар-қурбы, туўған-туўысқанлық, жақын-жуўықлық. Бузылған соң өрисинен *үйирим,* Туўысқанға бурып тура-ақ бүйирим, Сақыўға болмады жалғыз сыйырым, Бир басқа бир заман болды яранлар (Күнхожа). ◊ **Үйирине қосылыў** — қатар-қурбы, жора-жолдасларына қосылыў. Ер жигит үйиринен шықса да, *Үйирине қосылады* (ққ.х.н.). **Үйир-үйир болыў** — топар-топар болыў, дүркин-дүркин болыў. Адам болып уллы атақ алмаға, Есигинде *үйир-үйир болса* мал (Әжинияз).

ҮЙИР II Үйир болыўы. ф. Адамға үйрениў, үйренисиў. Сол күннен баслап Жийемурат ағаға *үйир* болдым (Ж.Аймурзаев). ◊ **Үйир болыў** — бир жерге қайта-қайта келе бериў, орала бериў, үйренисиў. Жаман менен *үйир болма*, Ақыры басыңа жетер (ққ.х.н.). **Үйир болмаў** — пуш болыў, ҳеш нәрсе болмаў. Жарма суйық болды түйири болмады, Сол жылғы дәнде де *үйир болмады* (Қ.Айымбетов).

ҮЙИРИЛГИШ кел. Бир жерге топланғыш, жыйналғыш.

ҮЙИРИЛИЎ ф. **1.** Бир жерге жыйналыў, топланыў, шоғырланыў. Қозылар *үйирилип* жайылғанда оған қумарланып қарадым (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Бир жерде шыр гүбелек айланыў, дөңгелениў. Жуўап орнына самал суўырып зуўлата қуўғынға түскен жапыраклар *үйириле* келип бетиме урды (К.Смамутов).

ҮЙИРИМ қ. үйир

ҮЙИРИЎ ф. **1.** Бир жерде дөңгелендирип шыр айландырыў. Трактордың ылақшы аттай *үйирип*, табаннан айландырды (К.Султанов). **2.** Бир жерге үйирип топлаў, жыйнаў. Жумагүлдиң гәплери кем-кемнен ҳәммени *үйирип*, шүйиркелестире берди (Т.Қайыпбергенов). **3.** Бир нәрсени жоқары көтерип айландырып былғаў. Ораз аталық қамшысын колхозшылардың үстинде *үйирип*, қатты қәҳәрде турды (А.Әлиев). ◊ **Зәребесин үйириў** — ашыўы келиў, қәҳәрлениў, зәҳәрин өткериў. Ол *зәребесин үйирип* Қосыбайға алып умтылды (К.Султанов). **Ийманын үйириў — а)** қорқытыў, зәребесин үйириў. Ол таң алдында мылтық атып, ҳәммениң *ийманын үйирди* (Ш.Сейтов). **б)** адам өлер алдында жатқанда оқылатуғын қуран. Өз *ийманын үйирип*, «Дүньяға келип болдым», деп көзин тастай жумады....(«Ер Зийўар»). **Тил үйириў** — мазалы, шийрин, жүдә татлы. Оның тандырларында жабылған пәтирлер жумсақ болып, аўзына салғанда *тилиңди үйирип* кетеди (Х.Сейтов).

ҮЙИРЛИ кел. Топар-топар болып жыйналған, үйир-үйир топланған, шоқланған. Балықшының айтыуына қарағанда жақын жерде *үйирли* балық жоқ (К.Султанов).

ҮЙИРМЕ қ. шөлкем.

ҮЙИРСЕК кел. **1.** Адамға жақын, баўырман. Орта бойлы жас жигит маған *үйирсек* бола қалды (А.Бекимбетов). **2.** Жанлы-жаныўарлардың айырылып шықпайтуғын үйиринен айырылмайтуғын үйренискен топары. Көп жылқыға *үйирсек* болған ғунан қорадан шыққысы келмейди (Ә.Тәжимуратов).

ҮЙИРСЕКЛЕЎ кел. Баўырманлаў, жақынлаў.

ҮЙИРСЕКЛИК ат. Жатырқамаўшылық, үйренискенлик.

ҮЙИРТИЎ үйириў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙИСИЎ үйиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙИЎ ф. Бир затты, нәрсени, белгили бир жерге жыйнаў, топлаў. Қуўаныш пенен алған азықларын балалар бир жерге *үйип* атыр (Т.Қайыпбергенов). Балалар айтылған сөз бойынша пиязды *үйип* қойды (С.Салиев). ◊ **Қабақ үйиў** – ашыўланыў, түнериў, қәҳәрлениў. Геннадий *қабағын үйип* мийи айланған басын төмен ийди (А.Бекимбетов). **Үйилип-төгилип отырыў** – топланысып отырыў, көп болып жыйналыў. Олар *үйилип-төгилип отырыўы* менен қала берди (Ж.Аймурзаев). **Үйип-төгип әкелип таслаў** – ағыл-тегил етиў, бир жерге топлаў, жыйнаў. Почтальон газеталар менен хатлардың бар-жоғын *үйип-төгип әкелип таслап* кетеди (Ө.Хожаниязов).

ҮЙИЎЛИ кел. Жыйнаўлы, топлаўлы. Жерде *үйиўли* турған темирлердиң көпшилиги маған таныс (С.Салиев).

ҮЙ-ИШИ ат. **1.** Үйдеги барлық керек затлар, буйымлар. **2.** Үйдеги адамлар, бирге жасайтуғын хожалық ағзалары. Апам олар менен көрисип, *үй-иши* аманлықларын тегис сорап атыр (К.Смамутов).

ҮЙКЕЛЕНИЎ үйкелеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙКЕЛЕСИЎ үйкелеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙКЕЛЕТИЎ үйкелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙКЕЛЕЎ ф. Еки нәрсени бир-бирине тийгизиў, бир-бириниң бети менен қайта-қайта жонып ысқылаў, сыйпалаў. Оларды көплеген бузаўлар қоршап алып тумсығы менен *үйкелеп*, жағымпазлық етти (А.Бекимбетов).

ҮЙКЕЛИС қ. үйкелеў.

ҮЙКЕЛИСПЕ қ. үйкелеў.

ҮЙКЕЎ ф. Бир нәрсени екинши нәрсениң бети менен күшлеп ысқылаў, үйкелеў, сыйпалаў. Сәрсен тахтадағы жазыўды қолындағы шүберек менен *үйкеп* өширди (А.Бекимбетов).

ҮЙЛЕНДИРИЎ үйлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙЛЕНДИРТИЎ үйлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙЛЕНИЎ ф. Камалға келген жигиттиң ержеткен қыз бенен турмыс қурыўы, келиншек алыўы, үйли, бала-шағалы болыўы. Журт оны жас ўағында *үйленди* деп гәп ететуғын еди (Ө.Айжанов).

ҮЙЛЕСИМ ат. Сәйкеслик, ылайықлылық. Бүгин жаслардың тәлим-тәрбиясы саласын модернизациялаў «Өзбекстан Республикасының 2022—2026-жылларға мөлшерленген раўажланыў стратегиясы» ҳәм мәмлекетимизде «Инсан қәдирин улығлаў ҳәм белсенди мәҳәлле жылы» Мәмлекетлик бағдарламасында белгиленген процесслер менен *үйлесимли* болыўы талап етилип атыр («ЕҚ» г.).

ҮЙЛЕСИМЛИ кел. Бир-бирине ылайықлы, жарасықлы. Формасы жағынан ҳәр түрли болған менен ҳәр бир бөлеги бир-бирине *үйлесимли* (Қ.Камалов).

ҮЙЛЕСИМЛИЛИК ат. Сәйкеслилик, ылайықлылық.

ҮЙЛЕСИЎ ф. Сәйкес келиў, жүдә сай келиў, келисикли. Және адам күлдириўге күтә шебер, сөзлери *үйлесип* келе қалады (Г.Изимбетов).

ҮЙЛЕСТИРИЛИЎ үйлесиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙЛЕСТИРИЎ үйлесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙЛИ кел. Үйи-жайы бар, өз алдына турмыс қурған, хожалығына ийе адам. Он мың *үйли* өзбектен, Алты санлы алаштан, Түсинде көрген сулыўдың, Ҳеш дерегин таппады («Мәспатша»).

ҮЙЛИ-ЖАЙЛЫ кел. Өз алдына дәске дүзген, шаңарақ қурған, турмыс қурған, хожалық болған. Бурын ҳеш бир *үйли-жайлы* болмаған қырқ бес хожалық жаңа үй тикледи (Ж.Аймурзаев). Аралда өз алдына *үйли-жайлы* болып өсти (Ә.Айжанов).

ҮЙЛИК кел. Үйге жарайтуғын үйге боларлық. Устаның исеними артып, *үйлик* талды шабыўға өзи кетип, өзи таңлайтуғын дәрежеге жетип қалды (Т.Қайыпбергенов).

ҮЙМЕ-ЖҮЙМЕ ел.с. Бир нәрселердиң бир жерге топланыўы, жыйналыўы. Оның бет-аўзына *үйме-жүйме* болып шыбын қонып тур (Қ.Айымбетов).

ҮЙМЕЛЕНИЎ үймелеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҮЙМЕЛЕСИЎ үймелеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙМЕЛЕТИЎ үймелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙМЕЛЕЎ ф. Бир жерге жыйналыў, шоқланыў, топланыў. Жыра бойы көп узамай қақырап, Шөл қузғыны *үймеледи* өликке (И.Юсупов). Сержан ағаның үйи алдында адамлар *үймелесип* тур екен (Қ.Досанов).

ҮЙРЕК ат. Бармақларының арасы перделенген, жуқа тери менен бекленген, қыска мойынлы, жалпақ тумсықлы, суўда жүзетуғын қус. Қасқалдақ, *үйрек*, саўысқан, Қопаға кирди паналап (К.Султанов).

ҮЙРЕКЛИ кел. Үйреги көп, үйреги бар.

ҮЙРЕКТЕЙ кел. Үйрекке усаған, үйрекке мегзес, үйрек сыяқлы, үйрек тәризли. Есикти желпиндирип, сүңгип шыққан *үйректей* Меңлибай аға үшеўимиз бирден зоңқ-зоңқ үйден шығыстық (Ш.Сейтов).

ҮЙРЕНГИШ кел. Тез билетуғын, уғынатуғын.

ҮЙРЕНИСИЎ үйрениў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙРЕНИЎ ф. **1.** Басқадан хәр нәрсени билиў, кеўилге токыў, түсиниў. Дурысын айтасақ, ал буның бәрин мектепте *үйренип* алғанбыз (Ө.Хожанов). **2.** Танысып билиў, көзи үйрениў. Оның үстине техниканы да *үйренип* киятыр едим (Ө.Айжанов).

ҮЙРЕНШИК кел. Тазадан үйренип киятырған. Ауыздағы өжиреде кийинип атырып, «Мынаў шопан сағынышларында» шопан сағынып отырған жоқ, – деди. – Таза *үйреншик* уағында салған ба? (Ш.Сейтов).

ҮЙРЕНШИКЛИ кел. Бурыннан билген, таныс, белгили. Оның *үйреншикли* үлкен қоллары қалтасынан насыбай излеўде (Т.Қайыпбергенов). **2.** Әдет, қылық.

ҮЙРЕТИЛИЎ үйретиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙРЕТИЎ ф. **1.** Бир нәрсеге шыныктырыў, билдириў, әдетлендириў, оқытыў. Еки жүз жигитин әскер ойынына *үйретип* турған (Қ.Ерманов). **2.** Асаўды жөнге салыў, келеге келтириў, мойынлатыў. Аллан асаў ғунанды зордан қолға *үйретип* алды (А.Әлиев).

ҮЙРЕТКИЗИЎ үйретиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙРЕТКИШ кел. Шыныктырыўға шебер, уста, уғындырғыш. Ол хәр нәрсени өзине тез *үйреткиш* адам еди (Ж.Сапаров).

ҮЙРЕТТИРИЎ үйретиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙРЕТТИРТИҮ үйрениў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙСИЗ кел. Жайсыз, панасыз, ҳеш нәрсеси жоқ. Қоразбек ақсақал *үйсиз* қалды (Қ.Ирманов).

ҮЙСИЗЛИК ат. жайсызлық, панасызлық, үйи жоқлық.

ҮЙТИЛИҮ үйтиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҮЙТИСИҮ үйтиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙТИҮ ф. **1.** Малдың, таўықтың т.б. терисин, жүнин ҳәм пәрин отқа тутып күйдириў, шарпытыў. Жеңгей шаққан ҳәрекет етти, таўықты пәрден тазалап отқа *үйтти* (Ө.Хожаниязов). **2.** аўыс. Бүлдириў, ўайран етиў, қылықты күшейтиў.

ҮЙТКИЗИҮ үйтиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙТПЕ кел. Отқа күйдирилген, жалынға шарпылған гәш. ◊ **Үйтпе қылыў** – көбинесе семиз қойды териси менен отқа үйтиў, жүнин күйдириў, жүннен тазартыў. Сойдың оны қалдырмай, *үйтпе қылдық* ҳәммесин (ққ.х.қ.).

ҮЙТПЕЛЕҮ ф. Үйтпе қылыў, үйтпе етиў, үйтиў.

ҮЙТТИРИҮ үйтиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙ-ҮСКЕНЕ қ. үскене.

ҮЙШИ ат. Үй соғыўшы, ағаштан үй жасаўшы, уста. Ел аралаған сыншы болар. Тоғай аралаған *үйши* болар (ққ.х.н.).

ҮЙШИК I ат. **1.** Орылған егинниң, мал отының ҳәм басқа да затлардың тикке жыйналып қойылыўы. **2.** Келеплеген жипти салып қоятуғын ағаштан исленген хожалық буйымы, әсбабы, қуралы. Сәнем төрден *үйшик* алып, үйине кетпекши болды (Қ.Аралбаев).

ҮЙШИК//ҮЙШҮК II диал.с. Жипти орайтуғын ағаш қурал (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮЙШИКЛЕНИҮ үйшиклеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЙШИКЛЕСИҮ үйшиклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮЙШИКЛЕТТИРИҮ үйшиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙШИКЛЕТИҮ үйшиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЙШИКЛЕҮ ф. Орылған егинди яки басқа нәрселерди бир жерге жыйнаў. Арзым орылған барлық гүнжисин бир жерге *үйшикледи* (Ө.Атажанов).

ҮКЕ ат. Өзинен кишкене ул ҳәм қыз.

ҮКИ I ат. Түнде ушатуғын иймек тумсықлы, шырайлы жыртқыш қус.

ҮКИ II ат. Суў алыў ушын музды ойып қолайланған орын, шуқыр ой. Жетер жерде ойылған *үки* жоқ (Г.Изимбетов). Тезлик

пенен шанада жатырған жылым ҳәм басқа да қурал-сайманларды түсирип, ҳәр биримиз үш-төрт адымнан музды ойып, *уки* ислеўге кирисип кеттик («Саза» ж.).

ҮКИДЕЙ I кел. Үкиге усаған, үки сыяқлы, үки тәризли, үки яңлы. Барлық ақыл-хуўышын бөлип, *укидей* үңилип отырды (Ж.Аймурзаев).

ҮКИДЕЙ II кел. Ойылған, үкиге усаған, үки сыяқлы, үки тәризли, үки яңлы.

ҮЛБИРЕК кел. Дым жуқа, илбирек, рәпәнек. Қәдимги, үй хызметин басқаға аўыстырмайтуғын, айналып ғана кетейин, аппақ қызлар, қараўытпаған, *үлбирек* қызлар қызыл бүрли жыңғыллардан сипсе буўып келип тораңғылдың астын сыйырыстырып-сыпырыстырып, суў себистирип, пайызлы етиў менен айналысып, қала бердидағы, мийнеттиң зорына бизлер кеттик (Ш.Сейтов).

ҮЛБИРЕТИЎ үлбиреў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЛБИРЕЎ ф. **1.** Мамықтай жуп-жумсақ болыў. Айдалған топырақ *үлбиреп*, Мәлҳәм болды жаўында (Қ.Султанов). **2.** аўыс. Жараның тобарысып турыўы, томпайыўы, көмпейиўи. Дизелери сырқырап табаны *үлбиреп*, ойылып қалды (Н.Бөрекешов).

ҮЛГЕРГИШ кел. Қандай да болмасын бир нәрсени үлгере алатуғын, уқыплы.

ҮЛГЕРИЎ ф. **1.** Бир нәрсени ислеп болыў, тамамлаў, питиў, жетисиў. Балтабай оннан бурын айтылған жерди қазып *үлгерди* (Қ.Досанов). **2.** Оқыўда жақсы нәтийжелерге ерисиў. Барлық сабақлардан «4», «5» баҳасына *үлгерип* жүрмен (А.Бекимбетов).

ҮЛГЕРТИЎ үлгериў фейилиниң әзгелик дәрежеси.

ҮЛГИ ат. Тәлим, өрнек. Оның ис тәжирийбеси тез күнде өз жолдаслары арасында ғана *үлги* болып қойған жоқ (Т.Қайыпбергенов). **2.** Көрсеткиш қурал ретинде пайдаланатуғын зат. Сарыгүл тигилетуғын барлық кийимлерди *үлги* бойынша пишти (С.Салиев). **3.** аўыс. Нускә. Халық аўызеки дөретиўшилигиниң ески үлгилери жыйналды (К.Айымбетов). ◊ **Үлги алыў** – үйрениў, еликлеў. **Үлги көрсетиў** – өрнек болыў, ҳәммеге ис усылын көрсетиў. **Үлги болыў** – алда болыў, ис көрсетиў.

ҮЛГИЛИ кел. Тәртипли, унамлы, жақсы минезли, тәрбиялы. ...өзиниң ең жақсы *үлги* ислери менен көптиң көзине түсип, атағы шықты (Ж.Сейтназаров).

ҮЛГИСИЗ кел. Нускасыз, тийкарсыз. *Үлгисиз* тон пишилсе, бой боларда, сын болмас (ққ.х.н.).

ҮЛЕК ат. Нар түйениң жас еркек буўрасы, бир өркешли буўра.

ҮЛЕКТЕЙ кел. Үлек сыяқлы, үки тәризли, үки яңлы, үлекке усаған. Чаржаўдан жүклесең таўар маўыты, *Үлектей* буркырап нәзер усайсаң (С.Нурымбетов).

ҮЛЕС ат. Сыбаға, пай. Кимде қандай усыныс бар, жолдаслар, Кимлер қандай *үлес* қосады буған? (И.Юсупов). ◊ **Үлес қосыў** – жәрдем етиў, көмек бериў. Үлкен *үлес қосып* канал тойында, ... (С.Нурымбетов).

ҮЛЕСИЎ ф. Бөлисиў, пайласыў, сыбаға ушын бөлисип алыў. Кеўнимжай тапқан олжасын жолдаслары менен *үлесип* алды (Н.Бөрекешов). Қолындағыны қасындағы балалар менен *үлесип* ал (С.Салиев).

ҮЛЕСТИРГИШ кел. Бир нәрсени басқаларға үлестирип бергиш.

ҮЛЕСТИРИЎ үлесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЛЕЎ ф. Асықларды ҳәр түрли ҳалда турғызыў ушын жоқарылатып жерге таслаў. Өрмек қурған жылы туўылған бала, Гилем питкен жылы асық *үледи* (И.Юсупов).

ҮЛКЕ ат. Ел, аўыл, елат, үлкен аймаққа ийе республика. Сүйикли Қарақалпақстанымыз тәрийиплеўге тил жетпейтуғын әжайып *үлкеге* айланды (К.Рзаев).

ҮЛКЕЙИЎ ф. **1.** Көлеми артыў, зорайыў, кеңейиў. Шар жел берген сайын *үлкейип* баратыр («Жеткиншек» г.). **2.** аўыс. Өсиў, ержетиў, жасы жетиў, қартайыў. Жасы *үлкейип*, бойы өссе де, еле балалығы қалмаған (М.Абдреймов). **3.** аўыс. Хызмет дәрежеси жағынан жоқарылаў, әмели көтерилиў. Жумабай *үлкейип* анаў-мынаўды менсинбейтуғын болды (Ш.Сейтов).

ҮЛКЕЙТИЛИЎ үлкейиў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮЛКЕЙТИЎ үлкейиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЛКЕЛИК кел. Елатлық, аўыллық.

ҮЛКЕН кел. **1.** Қарамы жүдә зор, нәҳән. Ертең түнде *үлкен* кеме алып келеди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Көпти көрген, көп жасаған, жасы уллы. Жасы *үлкен* ағамыз және Мәтсейит, Бизге келди айырылмас дөҳмет (Өтеш). **3.** Кең көлемли, майданлық, кеңислик. **4.** аўыс. Жоқары хызметкер, ҳәмелдар. Қайдан билесең, бәлким Сапар оннан да *үлкен* болып келер (Ө.Хожаниязов). **5.** Ири, бийик, нәҳән, әўдийген. ◊ **Үлкен адым**

– алға илгерилеў, өсиў. **Үлкен әҳмийетке ийе** – әҳмийети зор, әҳмийетли. Халықлардың усы үлеслериниң бир бөлеги болыўы *үлкен әҳмийетке ийе* (Б.Исмайылов). **Үлкен гүзар жол** – кең, ашық жол. *Үлкен гүзар жол* үш тараўға бөлинеди (Ж.Сапаров). **Үлкен қәўип** – қорқынышлы, қәўетерлилик, қәўиплилик. Барыў *үлкен қәўип* болды... Үйренискен буларга (Жийен жыраў). **Үлкен өзгерис** – көп жаңалық, өзгешелик, айырмашылық. Қарақалпақ халқының өмир тәғдиринде, күн көрисинде *үлкен өзгерислер* болды (Қ.Айымбетов). **Үлкен сапар** – узақ жолға шығыў, талап пенен атланыў. Ол усы жолға *үлкен сапарға* атланды. (Ж.Сапаров). **Үлкен табыс** – мол жеңис, мол саўға. Ақ алтынға толып быйыл қырманлар, Тойга *үлкен табыс* пенен барайық (Д.Қасымов). **Үлкен талап қойыў** – ўазыйпалар, жуўапкершилик жүклеў. Районның алдына *үлкен талаплар қойдық* (Ж.Аймурзаев). **Үлкен ўақыя** – уллы өзгерис, әжайып жаңалық, бурылыс. Мине усы *үлкен ўақыя* қарақалпақ халқы ушын жаңалық болды (Г.Есемуратов). **Оғада үлкен** – **а)** жүдә зор, баҳалы. Қымбат баҳалы бул тастың баҳасы *оғада үлкен* (кк.х.е.). **б)** нәҳән, бийик, гиддиман.

ҮЛКЕНИРЕК кел. **1.** Бийигирек, узынырақ, нәҳәнирек. **2.** Жасы жағынан уллырақ.

ҮЛКЕНЛЕЎ кел. **1.** Нәҳәнлеў, үлкенирек. **2.** Жасы жағынан уллылаў.

ҮЛКЕНЛИК ат. **1.** Жасы жеткенлик, жасы барғанлық. Ол еки үйге де жасы *үлкенлик* етти (Қ.Досанов). **2.** аўыс. Менменлик, тәкаббирлик. Өзи де ҳадал адам онда ҳеш *үлкенлик* тил нышаны жоқ (Ө.Хожаниязов).

ҮЛКЕНСИНИЎ үлкенсиў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҮЛКЕНСИЎ ф. **1.** Өзин үлкен санаў, жоқары тутыў, менмен. **2.** Жасы үлкен болыў. Сапарды өзинен *үлкенсинди* (Ж.Сапаров). Алым жасы жағынан өзин Сапарбайдан *үлкенсинди* (Қ.Камалов). **3.** аўыс. Гәрдийиў, тәккаббирлениў. Болар-болмас иске *үлкенсип*, гәп тыңлағысы келмейди (Ж.Сапаров). Сәл нәрсе ушын *үлкенсине* береди (Ә.Атажанов).

ҮЛӨК диал.с. Еркек түйенин түри, өркеши биреў болады (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮЛПЕТ ат. Жора, дос, курдас, қатар, курбы. Олардың адамлар менен *үлпети* сөйлесиўлери, турмысқа көзқараслары оғада басқаша (Ж.Аймурзаев).

ҮЛПЕТЛИК ат. Татыўлық, дослық, кеўиллеслик. Булар арасындағы қарым-қатнаслық, *үлпетлик* бурынғыдан да бетер күшейди (ққ. КСМ. атл.).

ҮЛПИЛДЕК кел. Назлы, кербаз, наз қылықлы. Оның өзи сондай *үлпилдек* болған (Қ.Камалов).

ҮЛПИЛДЕТИЎ үлпилдеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮЛПИЛДЕЎ ф. Наз етиў, назланыў, кербазланыў. Сәнем онша *үлпилдеў* дегенди билмейди, жумыс десе тақ турғаны (А.Әлиев).

ҮЛПИЛДЕЎШИ ат. Назланыўшы, кербазланыўшы.

ҮМБЕ-ДҮМБЕ: үмбе-дүмбе болыў ф. **1.** Затлардың тәртипсиз түрде турыўы, биринің үстинде бири жайғасыўы. **2.** Топарласыў, дүбирлесиў. Адамлар көшениң арғы басында *үмбе-дүмбе* болып атыр (С.Салиев).

ҮМИТ ат. Белгили бир ўақыяның иске асыўына билдирилген исеним, тилек, әрман, нийет. Қалай да жаснармыз деген бар *үмит,* Жаснамасақ сум дүньяда не пайда (Омар). ◊ **Үмит етиў** – дәмелениў, нийетлениў, исениў, тилек етиў. **Үмити жоқ** – дәмеси, нийети жоқ. **Үмит қылыў** – исениў, дәмеси болыў. **Үмит үзиў** – гүдер үзиў, исенимди жоғалтыў. Буны еситкен бөри өзиниң алданғанын билди, баладан *үмит үзип* кетти (ққ.х.е.).

ҮМИТГӨЙ қ. үмитли.

ҮМИТКЕР кел. Белгили бир нәрседен дәмели, талапкер болған, үмитленген, дәмеленген. Жолаўшы машинаға *үмиткер* болып қолын созды (Ж.Сапаров).

ҮМИТЛЕНДИРИЎ үмитлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮМИТЛЕНИЎ ф. Дәмелениў, исеним артыў. Оның ықласынан бир нәтийже шығар деп *үмитленди* (Ө.Айжанов).

ҮМИТЛИ кел. Белгили бир нәрседен дәмели, үмиткер, исенимли. Телмирген *үмитли* муңлы көзлердиң нәпси булт астынан шыққан күндей жарқ етеди (К.Султанов).

ҮМИТСИЗ кел. Исенимсиз, нийетсиз, дәмесиз.

ҮМИТСИЗЛЕНДИРИЎ үмитсизлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮМИТСИЗЛЕНИЎ ф. Дәмеленбеў, исенимсизлениў, нийетсизлениў.

ҮМИТСИЗЛИК ат. Исенимсизлик. дәмеленбеў, нийетсизлик. Онда *үмитсизлик* ҳәм сары уўайымшылық кейин пайда болды (Қ.Султанов).

ҮММЕТ ат. дин.с. Мухаммед пайғамбардың диннің жолын услаўшы адам.

ҮН ат. **1.** Даўыс, сес. Қызларда ҳеш қандай *үн* жоқ (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Ҳаўаз, нама, саз. Саз уласты, *үн* қосылды, Таза жолдан жүрсек нетер (Қ.Ирманов). ◊ **Үн қатыў** – сөйлеў, сес шығарыў. Шамам жетсе турайын деп, Шерип зордан *үн қатты* (Қ.Ирманов). **Үн қосыў** – даўыс қосыў, бирге сес шығарыў. **Үни өшиў** – **а)** сес шықпаў, сөйлемеў, үндемеў. Хийўа ханның сум дәўиринде *өшти үниң* (С.Нурымбетов). **б)** Сөзден утылыў, жеңилиў. Алым сөзден жеңилип, бирден *үни өшти* де қалды (С.Салиев).

ҮНДЕМЕС кел. Үндемейтуғын, сөйлемейтуғын. *Үндемеске* бәле бар (ққ.х.н.).

ҮНДЕМЕЎ ф. Сөйлемеў, жуўап бермеў. Жийемурат печьтиң куўысына шығып, жайласып отырды, бирақ *үндемеди* (Т.Қайыпбергенов).

ҮНДЕМЕЎШИ ат. Сөйлемеўши, гәплемеўши, үн шығармаўшы.

ҮНДЕЎ I ат. Көпшиликтиң нәзерин белгили мақсетке аўдарыў ушын жазылған уран, шақырық. Фронт күнлеринде тынбай ислеген, *Үндеўлерге* жуўап бердиң ис пенен (С.Нурымбетов). ◊ **Үндеў белгиси** – грамм. шақырық, биреўлерди өзине қарататуғын сөзлердиң, гәплердиң соңына қойылатуғын белги.

ҮНДЕЎ II ф. Сөйлеў, бир нәрсе туўралы айтыў. ◊ **Үндей алмаў** – сөйлей алмаў, дым үндемеў. Сапаргүл әкесиниң алдында *үндей алмай*, қызарып отыр (А.Бекимбетов).

ҮНЕМ ат. Ишип жейтуғын тамақ, азық-аўқат, напақа, тағам. Аўзына тийген *үнемди* алып, инине қарап умтылады (Ж.Аймурзаев).

ҮНЕМИ р. Бирдейине, барлық ўақытта.

ҮНЕМЛЕТИЎ үнемлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮНЕМЛЕЎ ф. Бир нәрсени ысырап етпей, тәртип пенен услаў, уқыплы түрде тутыныў, жумсаў, пайдаланыў. Бул жаратылған аралықтан нотариус хызмети халқымызға материаллық жақтан да, ўақытты *үнемлеў* бойынша да қолайлы («ЕҚ» г.).

ҮНЕМЛИ кел. Шығынсыз, орынлы, пайдалы. Өндиристе электр күшин *үнемли* пайдаланыў керек (Ж.Сапаров).

ҮНЕМСИЗ кел. Тәртипсиз, орынсыз, бийтәртип, шығынлы.

ҮНЕМШИЛ кел. Үнемлейтуғын, тәртиплейтуғын, шығынсыз, орынлы жумсайтуғын.

ҮНЛЕС кел. **1.** Ылайық, сәйкес. **2.** Қайғылас, муңлас, сырлас. Бердақ шығармаларының идеясы халық турмысы менен *үнлес* (И.Сағыйтов).

ҮНЛЕСИЎ ф. Муңласыў, сырласыў, қайғыласыў.

ҮНЛЕСЛИК ат. Бир-бирине сәйкес келиў, сай болыў. ◊ **Үнлеслик нызамы** – грамм. жақын сөзлердиң, буўынлардың сеслердиң илгери-кейинли бир-бирине тәсир етип өз ара уқсас болыўы.

ҮНЛИ кел. Даўысы зор, хаўазы күшли, ашық, анық. ◊ **Үнли даўыслы сес** – грамм. даўыссызлардың үнлесиўи, уқсас болып келиўи (з, д, ғ, к ҳәм т. б.).

ҮНСИЗ кел. Сөйлеместен, сес шығармастан, сессиз. Қосыбай жалынлы көзлерин бир ноқатқа қадап, *үнсиз* қалды (К.Султанов). ◊ **Үнсиз даўыссыз сес** – грамм. даўыссыз сеслердиң бир топары (с, т, қ, ш ҳәм т. б.).

ҮҢГИ қ. үңгиў.

ҮҢГИГИШ кел. Үңгий беретуғын, үңгиўди жақсы билетуғын.

ҮҢГИЛИЎ қ. үңгиў.

ҮҢГИР ат. Тегис жерде яки таўлы орынларда тәбийғый ямаса қолдан қазылған қуўыс, қуўыслық *Үңгирден* еснеп Птоломей шығады. Сақалы белине түсип, мурты қулағына оралып кеткен (И.Юсупов).

ҮҢГИРЛЕНИЎ үңгирлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҮҢГИРЛЕСИЎ үңгирлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮҢГИРЛЕТТИРИЎ үңгирлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮҢГИРЛЕТТИРТИЎ үңгирлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮҢГИРЛЕТИЎ үңгирлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮҢГИРЛЕЎ ф. Қазыў, ойыў, геўлеў, үңгиў.

ҮҢИРЛИК ат. Қазылған, ойылған, геўленген, үңгиртленген жер.

ҮҢГИЎ ф. Бир жерди геўлеп қазыў, үңгирлеў. Бир қуныққан хәрре оның ишине *үңгип* кеткен екен («Әмиўдәрья» ж.).

ҮҢИЗ диал.с. Арпаўлы түрде қазылған, хаўыз есабында саналатуғын жер. *Үңизлөрдө* бар суў, оның да суўы бузылған (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮҢИЛДИРИЎ үңилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮҢИЛИСИЎ үңилиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮҢИЛИЎ ф. Көзин айырмай қараў, тигилип қараў, қадалып қараў, сығалаў. Сағынбай оның қасына келип, бетине *үңилди* (Т.Қайыпбергенов).

ҮҢИЛТИЎ үңилиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮҢИРЕЙГЕН кел. Ойылған, қопарылған, үңирек. Қәдир гөрдей *үңирейген* қараңғы қоска кирди (К.Султанов).

ҮҢИРЕЙИЎ ф. **1.** Тегис нәрсениң бир жериниң тесилиўи. Жайдың бир қапталы ызғарлықтан қулап, *үңирейип* қалды (Ш.Сейтов). **2.** аўыс. Әжептәўир болып көриниў. **3.** аўыс. Орны толмай бос қалыў. Бирақ, үйдиң ишинде бир адамның орны бәрҳама *үңирейип* турғандай («Әмиўдәрья» ж.).

ҮҢИРЕЙТИЎ үңирейиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮҢИРЕК кел. Ишке кирип кеткен, батыңқы, ойық, қуўсыйыў. Ойнақшыған киши *үңирек* көзлери жылтылдап көринеди (А.Әлиев).

ҮПЕЛЕК ат. Қамыста, ақбаста, ағашта ҳәм т.б. өсимликлерде болатуғын үлбиреген жеңил зат. Адамлардың айтыўы менен *үпелек* жабыстырып қойыпты (Ж.Аймурзаев).

ҮПЕЛЕКЛИ кел. Үпелеги бар, үпелеги көп.

ҮПЕЛЕКСИЗ кел. Үпелеги жоқ, үпелеги болмаған.

ҮПЕЛЕКТЕЙ кел. Үпелекке усаған, үпелек сыяқлы.

ҮПИК: үпик сары кел. Төрт түрдиң бири, сарғыш, ашық, сары. Узын бойлы *үпик* сары бала үйге келди (Ш.Сейтов).

ҮПИЛДИРИК ат. Қамыстың, ақбастың жеңил заты, тозаңы. Гүз жайлаўлар кеңейип суў тартылар, *үпилдирик* ушып, жапырақ қалтырар (М.Қарабаев).

ҮПЛЕГИШ кел. Үплеўди жақсы билетуғын, үплей алатуғын.

ҮПЛЕНИЎ үплеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮПЛЕСИЎ үплеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮПЛЕТТИРТИЎ үплеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮПЛЕТТИРИЎ үплеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮПЛЕТИЎ үплеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮПЛЕЎ ф. Аўызды толтырып ҳаўа шығарыў. Ол шоқты *үплеп* от жақты (К.Султанов).

ҮПЛЕЎШИ ат. Аўызды ҳаўа менен толтырып шығарыўшы адам, үплеўши.

ҮП-ҮЛКЕН кел. Дым үлкен, жүдә үлкен, оғада нәҳән. *Үп-үлкен* қол менен аймалап, сүйдим, Сениң кип-кишкене аяқларыңды (И.Юсупов).

ҮПШИН ат. тар.с. Аттың ер-турманы.

ҮРГИЗДИРИЎ үриў фейилинин өзгелик дәрежеси.

ҮРГИЗИЎ үриў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРГИН ат. Қардың самал менен бир жерге жыйналып қалыўы. Даўыл болды, *үргин* үрди, Қосымның қамысын түрди, Думан басты аспан жерди, Пуқараға жаз келер ме? (Бердақ).

ҮРГИШ кел. Үре беретуғын, қабаған, биймаза.

ҮРДИРИЎ үриў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРДИРТИЎ үриў фейилинин өзгелик дәрежеси.

ҮРДИС ат. Әдет, дәстүр. Барлық исти ислеўди ол *үрдис* етти (ЖАймурзаев).

ҮРДИСЛЕНДИРИЎ үрдислениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРДИСЛЕНИЎ ф. Әдетлениў, бейимлениў, үйрениў, дәстүрге айланыў.

ҮРИМ-ПУТАҚ ат. Туқым-теберик, ағайин-туўған, туўған-туўысқан. Қутлыхожа Әзиз ийшан тәрепинен салынған медресениң хәр жерде бөлек-бөлек дийўаллары ғана қалған. Мәмлекетимиз ғәрезсизлик алғаннан кейин оның *үрим-путақлары* сол қулаған имараттың қасынан жаңа медресе қурады («ЕҚ» г.).

ҮРИНДИ қ. үргин.

ҮРИС қ. үриў.

ҮРИЎ I ф. Ийттиң арсылдаўы, сес шығарыўы. Арсылдап *үрип* шыққан ийтлер үйге жолатпайды (А.Бекимбетов).

ҮРИЎ II ф. Самал есиў, ызғырыў, үрлеў. Үргин *үрип*, оған бурылар бетиң, Ағысты бөгейди пәтиң, Қызылқум (Күнхожа).

ҮРКЕК кел. Әйтеўир нәрседен қорқатуғын, сескенетуғын асаў, жанлы-жаныўарлар. Бирақ, жорға *үркек* болады дейди, сол рас па? (Қ.Досанов).

ҮРКЕКЛЕЎ кел. Шоршыныңқыраў, қорқақлаў, асаўлаў.

ҮРКЕКЛИК ат. Қорқақлық, хүрейи ушыўшылық, асаўлық.

ҮРКЕР ат. астр. Шоқ жулдыз. Адамлар шала-шарпы кийинип далаға шыққанда, *үркер* еле батқан жоқ екен (А.Бекимбетов).

ҮРКЕРДЕЙ кел. үркерге усаған, үркер тәризли, үркерге мегзес.

ҮРКИТТИРИЎ үркиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРКИТИЎ үркиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРКИЎ ф. Өзи сәтем алған нәрседен шоршыныў, қорқыў. *Үркип* турды Журыннық, Гүйсеп жатқан қойлары («Қырқ қыз»).

ҮРЛЕГИШ кел. Үплегиш, хүўлегиш.

ҮРЛЕНИЎ үрлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮРЛЕЎ ф. Үплеў, жел жибериў, есиў, хүўлеў, суўырып кетиў. Қум *үрлеп* кеткен тақырлықта қойдың қумалағындай майда таслар жатыр (Ш.Сейтов).

ҮРМЕ: үрме қар, үрме қум кел. к. үргин.

ҮРП ат. Улыўма халық тәрепинен қабыл етилген тәртип, қағыйда, әдет, дәстүр.

ҮРП-ӘДЕТ ат. Дәстүр, тәртип, минез-қулық.

ҮРПЕЙИСИЎ үрпейиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮРПЕЙИЎ ф. **1.** Шаштың, жүнниң хәм т. б нәрсениң тәртипсиз түрде тикирейип турыўы. Кепканың астынан оның бир қысымдай сары шашы тәртипсиз *үрпейип* тур (Қ.Досанов). **2.** аўыс. Шоршып әжептәўир болып турыў, жатырқаў, үркиў. Бийтаныс адамды көрип балалар *үрпейип* қуўысқа тығылған (Н.Дәўқараев).

ҮРПЕЙТИЎ үрпейиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРПЕЙТКИЗИЎ үрпейиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮРПЕК кел. Тәртипке салынбаған, тикирейген, тозаққыған, үрпейген, шашыранды. Ана бир *үрпек* путалар шоңқайып отырған жолбарыстай суўық (К.Султанов). ◊ **Үрпек бас** – шашы тикирейген бас. Аманлық болғанда анаў *үрпек бас* қарындасы менен жүретуғын дийўана ма? (Т.Қайыпбергенов). **Үрпе-шүрпе** – майда, киши. *Үрпе-шүрпе* қызыл қанат, шырағым. Еле сизлер не көрдиңиз, балаларым (Бердақ). **Үрпек шаш** – шашы тикирейген, тикке өскен шаш.

ҮРПЕКБАС диал.с. Жыңғылдың түри. *Үрпекбас* жыңғыл сипсе ушын пайдаланыўға жүдә қолайлы (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮРПЕКЛЕНИЎ ф. Үрпек болыў, тикирейлениў.

ҮРПЕ-ШҮРПЕ ат. Гилең майда балалар топары, кишкене балалар. Ығбалыңыз артсын, *үрпе-шүрпеңиз* көбейсин! Қәне, Нурабылла сен? – деди Маман бий (Т.Қайыпбергенов).

ҮСИК ат. **1.** Бармақтың кеселлениўинен пайда болған жара. Суўық алып тобарсыған жара. **2.** Суўықтың тәсиринен пайда болған исик. ◊ **Үсик бармақ** – аўырыў бармақ.

ҮСИКТЕЙ кел. Үсикке усаған, үсикке мегзес, үсикке сыяқлы, үсик тәризли, үсик янлы.

ҮСИР I ат. гөн.с. Қырман қызылланғанда тоғыз кепшиктен кейинги оныншысы, моллаға берилетуғын садақа. Атың сениң молла Сайым, Қырман пайты – сениң ғайың. *Үсир*, питир болар тайын, Кеткен тоныңа қыйналма (Бердақ).

ҮСИР II ат. Ҳеш уқсаслық, сәйкеслик. Ҳәзирги Сырдәрьяның төменине келип қонысласқан алпыс мың үй жуңғар шабыўылынан әўелги қарақалпақлардың *үсири* шелли жоқ (Т.Қайыпбергенов).

ҮСИР-ПИТИР ат. гөн.с. дин.с. Малдан, дәннен, ақшадан ҳәм. т. б. нәрселерден моллаға берилетуғын бөлик, зат. Моллаға *үсир-питирди* молдан берип атырман (К.Султанов).

ҮСИЎ қ. үсик

ҮСКЕИЕ ат. Керек-жарақ, үй-үскене, үйдеги затлар. Дәўлетбийке апа бөлмедеги *үскенелерди* бирме-бир қонақ қызға таныстырды (М.Нызанов).

ҮСКЕНЕЛЕНДИРИЎ үскенелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮСКЕНЕЛЕНИЎ үскенелеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮСКЕНЕЛЕЎ ф. Үйди, басқа да орынларды керек затлар менен тәмийинлеў.

ҮСКЕНЕЛИ кел. Үскенеси бар, үскенеси көп, үскенеге ийе.

ҮСКЕНЕСИЗ кел. Үскенеси жоқ, үскенеге ийе емес, үскенеси болмаған.

ҮСКИ: үски биз кел. Биздиң бир түри.

ҮСКИН: үскини қуйылыў ф. Мәниси қашыў, мазасы болмаў, иси алға өрлемеў. Бийдиң түси суўып, *үскини* қуйылып тур (ЖАймурзаев).

ҮСТ қ. үсти.

ҮСТЕМ кел. Басым келетуғын, үстемлик ететуғын, ҳүким сүретуғын, басым. Ата не шара бар зорға, Байлар *үстем* биздей сорға (Бердақ).

ҮСТЕМЕ ат. Қосымша, қосымта. Оннан қала берсе *үстеме* пайда табыў жолын излейди (Ж.Сапаров).

ҮСТЕМЛИК ат. **1.** Бийлик, ҳәкимлик. Биреў етер ғәрипсең деп *үстемлик*, Күшлери болса да Рүстем дәстанлық (Өтеш). **2.** Артықшалық, басымлық. ◊ **Үстемлик сүриў** – бийлигин халыққа жүргизиў, өмир сүриў, езиў.

ҮСТЕМШИЛИК ат. Ҳәкимшилик, басымшылық, бийлик етиўшилик.

ҮСТИ ат. **1.** Белгили бир нәрсениң жоқарғы жағы, үстинги бети. Аршаның *устине* жыйналған көрпе-төсек оның дыққатын өзине аўдарды (Т.Қайыпбергенов). **2.** Тула бойы, адамның үсти-басы. Сен ойлама, мен моторист *усти* май, Мен ешейин ис адамы нәментай (Г.Есемуратов). Күни менен *усти*-басын ыласлап жыйнаған қолызлығы урланды (Қ.Айымбетов). **3.** Дусмалдан көрсетилген орын, мәкан. Аўыл *устинде* байрақ тынбай желбирейди (С.Хожаниязов). **4.** аўыс. Биреў туўралы, ҳаққында. Салый Жуманның *устинен* шағым етип қазыға талай барған (С.Арысланов). **5.** аўыс. Белгили бир ҳақыйқат, ўақыяның нақ болып атырған ўақты, мәҳәли. Шын батыр сын *устинде* танылар (құ.х.н.). **6.** аўыс. Бир нәрсеге екиншисин қатар қолланыў, ҳақыйқат болыўы. Оның *устине* мәрдикардың себебинен көрген азабын қәйтерсең (Ә.Шамуратов). ◊ **Ат үсти – а)** жол-жөнекей, жолшыбай. **б)** жеңил-желпи, үстиртин. **Жол үсти** – жол бойынша, кесе белден. Муҳаббат жөнинде *жол усти*, сөз қыласаң (Қ.Камалов). **Ис үстинде** – жумыс ўақтында. **Үсти-үстине дүрсилдеп соғыў** – тез, жылдам, шаққан ҳәрекет пенен, тынбастан. Қууғаным соншелли жүрегим *усти-устине дүрсилдеп соқты* (Ө.Хожаниязов). **Кемшиликтиң үстин ашыў** – қәтелерин көрсетиў, шешиў. Ол *кемшиликлердиң устин ашып* тасламағанына өкинди (С.Салиев). **Мәселе үстинде** – мәселе туўралы, жөнинде, ҳаққында. Усы *мәселе устинде* дурыс ойланып көрер деп исенди (Т.Қайыпбергенов). **Нийет үстинде** – мақсетте, тилекте. Әне, сол *нийеттиң устинде* бай бели бүгилип, көзде жасы төгилип, келе берди («Мәспатша»). **Сениң үстиңде гүзе сыиыў** – сен ҳаққында, сен туўралы, сениң ушын. **Тапсырмалар үстинде** – сол жөнинде, ўазыйпалар ҳаққында, жөнинде, туўралы. Бүгинги жыйналыста болған *тапсырмалар устинде* ойласып атыр (Т.Қайыпбергенов). **Ҳал үстинде жатыў** – аўыр аўҳалда, қыйын жағдайда. *Ҳал устинде жатырған* Шерип үн қатпады (Қ.Ерманов). **Үстинен түсиў – а)** ўақыяның тап сол мәҳәлде болып атырған ўақтында гезлесиў; **б)** ойындағысын табыў. **Үстинен шығыў** – дәл төбесинен түсиў, гезлесиў, жолығыў, ушырасыў.

ҮСТИ-БАСЫ ат. Барлық үстиндеги кийимлери. Бирақ, *усти-басы* жупыны. Үйде басқа ҳеш ким жоқ (М.Нызанов).

ҮСТИНГИ кел. Жоқарыдағы, жоқарысы, бир заттың жоқарғы төрепиндеги. Ол дигирманның *үстинги* тасын зордан босатып алып, жерге қойды (А.Бекимбетов).

ҮСТИНДЕ р. Жоқарысында, басында, төбесинде.

ҮСТИРТ ат. Бийиклеў болып келетуғын жер, төбешик, қыр, дөң. Теңизден ушқан ғаз көлинди жайлар. *Үстирт* кийиклери шөлинди жайлар (И.Юсупов).

ҮСТИРТТЕЙ кел. Үстирт сыяқлы, үстиртке усаған, үстирт тәризли.

ҮСТИРТИН р. Қалай болса солай, жеңил-желпи, ат үсти. Турмысты терең мәнинде емес, ал *үстиртин* ап-аңсат, жеңил-желпи түсинесиз (Ж.Аймурзаев).

ҮСТИРТЛИК ат. Бийиклик, кеңислик, майданлық.

ҮТИР ат. грамм. Гәпте биргелкили ағзалардың, қоспа гәптиң араларына, сондай-ақ, кирис сөз, қаратпа сөзлерди ажыратыў ушын қойылатуғын белги, иркилис белгиси.

ҮТИРДЕЙ кел. Үтирге усаған, үтир сыяқлы, үтир тәризли.

ҮТИРЛИ кел. Үтири бар, үтир қойылған, үтирге ийе.

ҮЎҲ т.с. Иштен аўыз арқалы шыққан ҳаўа.

ҮЎҲЛЕЎ ф. Иштен аўыз арқалы шаршаған ҳалды шығарыў

ҮШ сан. Екиден кейинги санақ санлық. Сениң мүтәжинди айтып *үш* рет бардық («Мәспатша»). ◊ **Үш мүйешлик** – өз ара кесилетуғын үш дүзиў сызық пенен шекленип жасалған геометриялық фигура ҳәм қурылысы жағынан усыған уқсас зат.

ҮШ АҒАШ ат. тар.с. Дар мәнисинде. Айдос бий дәрьядай тасты, *Үш ағаш* қурып киси асты, ... (Бердақ).

ҮШЕК I ат. Жайдың төбеси, жоқарысы. Бирақ, тамның *үшегинен*, Еки рет атылған оқ, Еки ийтти жайлап бирден, Жаўдың дийдин болдырған жоқ (И.Юсупов).

ҮШЕК II диал.с. Жайдың сыртқы төбесине ылайды шығарыў ушын орнатылған ағаш (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮШЕЎ сан. Үш нәрсениң бөлекленген жыйындысы, жыйнақлаў санлығы. *Үшеўи* ықласы менен қараса да, бирақ таба алмады (Ж.Аймурзаев).

ҮШЕЎЛЕЎ ф. Үш адам биригип ҳәрекет етиў, биригиў, жәмлесиў. Екеўлеп, *үшеўлеп* Жийемураттың соңына түседи (Қ.Ерманов).

ҮШИНШИ сан. Санаўда екеўден (екиншиден) соң келетуғын қатарлық санлық. *Үшинши* күни бос гүзени арқалады (К.Султанов).

ҮШКҮЛ кел. **1.** Кийимге салынатуғын сүйир мүйешли үш мүйешлик, үлги. Үш дегенде не жаман *үшкилсиз* пишкен тон

жаман (Қ.Айымбетов). **2.** сөйл.т. Балалар оқыйтуғын жай, орын, мектеп. Рус тилиндеги «школ» сөзиниң аўызша өзгерген варианты.

ҮШКИЛЛЕЎ ф. Кийимге үшкил қойыў, үшкүл қойып тигиў.

ҮШЛЕНИЎ үшлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҮШЛЕСИЎ үшлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҮШЛЕТТИРИЎ үшлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮШЛЕТТИРТИЎ үшлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮШЛЕТИЎ үшлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҮШЛЕЎ ф. Ғаўашаны, мәккени, палыз егинлерин ҳәм т.б. усы сыяқлыларды ҳәр шанақта үш-үштен қойып сийреклетиў, жулып азайтыў. Бирледиң, *үшледиң* ғаўашаңды жастан, Жақсы тәрбиялап өсирдиң бастан (С.Нурымбетов).

ҮШЛИК ат. Үш сомлық ақша. Көмек балаларға *үшлик* ақшадан үлестирип берип атыр (А.Оразов).

ҮШ МҮЙҮЗ диал.с. Нағыстың түри (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮШПЕЛЕК I ат. Ылайдан, каучуктен, қаңылтырдан исленилип, аўыз бенен үплегенде сес шығаратуғын әсбап, буйым. Ойын басланар алдында судья *үшпелек* шертип жиберди (С.Салиев).

ҮШПЕЛЕК II диал.с. Ойынның атамасы (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҮШПЕЛЕКТЕЙ кел. Үшпелек сыяқлы, үшпелекке усаған, үшпелек тәризли.

ҮШТӘРИП диал.с. Кереге, уўық, шаңарақ үшеўи усылай аталады (Д.Насыров, О.Доспанов).

Ў

Ў 1. Қарақалпақ әлипбесиниң жигирма сегизинши хәриби хәм усы хәриптиң аты. **2.** Ў хәриби қос ериннің алға қарай созылыўынан пайда болатуғын даўыссыз сес.

ЎАҒЛАЎ ф. **1.** Хәзлесиў, рәҳәтлениў. **2.** Ыссы затқа суўық нәрсениң тийиўи нәтийжесинде сестиң шығыўы. Күйип турған майға түскен таўық *ўағлап* қазанда қайнады (Ж.Аймурзаев).

ЎАҒЫРЛАСЫЎ ўағырлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЎАҒЫРЛАЎ ф. Бақырысып сес шығарыў, ғаўырласыў, шуўласыў. Муғаллим классқа кирмеген соң балалар *ўағырласып* отыр (Ш.Сейтов).

ЎАҒЫРЛЫ ат. Шаўқым, бақырыс. Жайдағы *ўағырлы* суў серипкендей тынды (Ә.Шамуратов).

ЎАЖЫЛДАҚ кел. Ўажылдайтуғын, бажылдайтуғын.

ЎАЖЫЛДАСЫЎ ўажылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЎАЖЫЛДАТЫЎ ўажылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАЖЫЛДАЎ ф. **1.** Хәр түрли сес шығарыў, бажылдаў, бақырысыў, шуўласыў. **2.** Қуўырылыў, қайнаў, быжырлаў. Қарыўлы темиршиниң төсине түсип салмақлы балғаға тап болған суўық темирдей, ерксиз қызып, суўық суўға тасланғандай биресе *ўажылдады*, биресе балға күшине шыдамай ушқынланып унырап кетти (Т.Қайыпбергенов).

ЎАЖЫЛДЫ ат. **1.** Күйген майға бир затты таслағанда шығатуғын сес. **2.** Шаўқым, бақырыс.

ЎАЗ ат. Оқылған лекция, түсиник, баянлаў. Бир адам халыққа *ўаз* айтты, Бахыт келди деп қалаға (Д.Қасымов). Баршынның түрин *ўаз* етип берди («Алпамыс»). ◊ **Ўаз кешиў** – бас тартыў, үмитин үзиў, жоламаў. Жаман адам достан қашар, *ўаз кешер* (Әжинияз).

ЎАЗЫЙПА ат. **1.** Мақсет, миннет. – Шайнаў емес тистин бас *ўазыйпасы*, Ол сыртқа шығармай тилди бағып тур... (И.Юсупов). **2.** Тилек, әрман.

ЎАЗЫЙПАЛЫ кел. Миннетли, ҳақылы, жуўапкершиликли. Тағы қалған *ўазыйпалы* ислерин, Толық орынладық ныклап бежердик (Ж.Аймурзаев).

ЎАЗЫЙПАЛЫҚ кел. Ҳақыйқат миннетли ис.

ЎАЗЫЙПАСЫЗ кел. Миннетсиз, жуўапкершиликсиз.

ЎАЗЫЛДЫ қ. ўаз.

ЎАЙ т.с. Сөйлеўшиниң артықша дыққат аўдарып, басқаларды өзине қаратыўға қолланған сөзи, таңланыў сезими. *Ўай,* дүньясы қурғыр, не себептен бундай (Н.Дәўқараев).

ЎАЙРАН ат. Бүлгин, опат. Ким билсин: бир гезде усы жерлерди, Гүннлардың ләшкери ўайран қылғанды (И.Юсупов).

ЎАЙРАНЛАНЫЎ ўайранлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЎАЙРАНЛАСЫЎ ўайранлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЎАЙРАНЛАТЫЎ ўайранлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАЙРАНЛАТТЫРЫЎ ўайранлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАЙРАНЛАЎ ф. Бүлдириў, қыйратыў, бузыў, опат етиў. Үздим беккем жалғаўымды, Талқан етип *ўайранлап*, Жықтың бийик таўымды, ... («Қырқ қыз»).

ЎАЙРАНДАЎ ф. Былғақлаў, қыйрақлаў.

ЎАЙ-ЎАЙ т.с. Қыйналыў сезимин аңлататуғын сөз. Жыласаң да *ўай-ўай* салып, Кеткенлер қайтып келер ме? (Бердақ).

ЎАЙ-ЎАЙЛАСЫЎ ўай-ўайлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЎАЙ-ЎАЙЛАТЫЎ ўай-ўайлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАЙ-ЎАЙЛАЎ ф. **1.** Қатты бақырыў, сес шығарыў. Олар *ўай-ўайлап* бақырысады (Қ.Досанов). **2.** Даўыс шығарыў, жылаў.

ЎАҚ қ. ўақыт.

ЎАҚТЫНША қ. ўақытша.

ЎАҚТЫ-СӘТИ ат. Рети, мәҳәли, утыры, пайыты, қолайлы. Бәлки *ўақты-сәти* менен адамзат бул сөзди мәңги умытып та кетер (Ө.Хожаниязов).

ЎАҚТЫ-ЎАҚТЫ р. Ретинде, тез-тез, базыда, айырым ўақытта, ара тура. *Ўақты-ўақты* қолындағы таяғын жерге урып қояды (Ө.Айжанов).

ЎАҚТЫХОШ кел. Қуўанышлы, кеўилли, шадлы. Қарашаш *ўақтыхош* болды, Қапа кеўли йош болды («Мәспатша»).

ЎАҚТЫХОШЛЫҚ ат. **1.** Кеўил хошлық, ўақтышадлық, шадлық, қуўанышлық. *Ўақтыхошлық* басқы менен, Түски аўқат болды тамам (Ә.Шамуратов). **2.** Заўықлық, ойын-күлкилик.

ЎАҚ-ШАҚ ат. Қуўаныш, ойын-күлки. Солайынша *«ўақ-шақ»* пенен күнлер өте берди (А.Султанов).

ЎАҚЫМ ат. Биреўге тийисли жер, ҳеш ким тиймейтуғын орын, биреўге тийисли меншик жер. Бул жер ийшанның *ўақымы* шығар (С.Мәжитов). ◊ **Ўақым жер** – биреўдиң ийелеп қойған орны, жери.

ЎАҚЫТ ат. **1.** Философ. Үзликсиз ҳәрекет етиўдеги материяның өмир сүриўи ушын объектив жағдайы. **2.** Мезгил, саат, жыл, мәҳәл. Сол *ўақытта* келген жәллад, Салды мойнына аманат (Бердақ). **3.** Белгили бир заманда, дәўирде деген мәниде. Ол *ўақытта* он алты жасқа жаңа шыққан еди (М.Дәрибаев). ◊ **Ўақыт жоқ** – қол тиймейди, бос емес. Аўылға бара бериўге *ўақыт жоқ* (Қ.Айымбетов). **Көп ўақ болыў** – бираз, кән, бир талай ўақыт болыў. Сол гезде *көп ўақ болды*, оқыўда мен жүриппен, Сағынаман сүйген ярды жасымда (Х.Сейтов).

ЎАҚЫТЛЫ кел. Мәҳәлге тийисли, ўақытқа байланыслы. Бул заманда дослық – қысқа *ўақытлы*, Бузар есап, бийпәрўалық, минезиң, ... (И.Юсупов).

ЎАҚЫТСЫЗ кел. Мәҳәлсиз, биймезгил, бийўақ. Бул рет *ўақытсыз* ушырасып қалдық (Ә.Аманов).

ЎАҚЫТША р. Ҳәзирше, белгили бир ўақытқа, азғана, тураклы емес, өзгермели. Биз *ўақытша* усы жерде туратуғын болдық (Ө.Айжанов).

ЎАҚЫЯ ат. Қандай да бир әҳмийети бар нәрсе, ҳәдийсе, жағдай. Бул *ўақыя* Әўезов пенен Дәрменбайды қатты ойландырды (Т.Қайыпбергенов). ◊ **Ўақыяны ашыў** – сырды анықлаў, билиў. Биз Шүкиржан арқалы *ўақыяны аштық* (А.Бекимбетов). **Ўақыяны баянлаў** – болған барлық нәрсени қалдырмай айтыў. Ол Ырза менен Төреге *ўақыяны баян* етти (К.Султанов).

ЎАЛАЯТ ат. Ел, елат, журт. Сондай-ақ, базарларымызда айырым түрдеги азық-аўқат өнимлерин қолайлы баҳаларда басқа *ўалаятлардан* алып келиў де жолға қойылған («ЕҚ» г.).

ЎАЛАЯТЛЫҚ кел. Ўалаятқа тийисли, ўалаятқа қараслы. Ашыў менен *ўалаятлық* басқармаға жаздым (М.Нызанов).

ЎАҢҚЫЛДАТЫЎ ўаңқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАҢҚЫЛДАЎ ф. Ашшы даўыс шығарыў, сыңсыў, қаңсылаў.

ЎАҢҚЫЛДЫ ат. Ўаңқылдап шыққан сес, даўыс.

ЎАРҚЫЛДАҚ кел. Жеңил минезли, ушқалақ, мақтаншақ.

ЎАРҚЫЛДАСЫЎ ўарқылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЎАРҚЫЛДАТТЫРТЫЎ ўарқылдаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЎАРҚЫЛДАТТЫРЫЎ ўарқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАРҚЫЛДАТЫЎ ўарқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАРҚЫЛДАЎ ф. **1.** Қатты күлиў, ўаҳаҳалап күлиў, барқылдаў. Ишке арақ барғаннан кейин олар енди бир-бириниң гәпин жупкерлеп, *ўарқылдасып* күлди (А.Султанов). **2.** Бақылдаў, барқыраў.

ЎАРСАҚЫ ат. Мәниссиз әңгиме, сөз. Буралқы мал миниўге жақсы, *Ўарсақы* сөз күлиўге жақсы (ққ.х.н.).

ЎАРЫЛДАЎ ф. **1.** Гүрилдеў, ҳарылдаў. **2.** Ири даўыстың шығыўы, дарылдаў.

ЎАРЫЛДАТЫЎ ўарылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎАРЫЛДЫ ат. Ўарылдап шыққан сес, даўыс.

ЎАСПЫ ат. Тәрийипи, ата-теги. *Ўаспын* айтып хатқа салсақ, Ҳәм еситип, ҳәм көргеним (Бердақ).

ЎАСЎАС кел. **1.** Мылжың, көп сөйлеўши, тынышсыз. Лекин, қам сүт емген бенде бул адам, Қулақ асар шайтан *ўасўасасына* (И.Юсупов). **2.** Гүдибузар, самсам.

ЎАСЎАСЛЫҚ ат. **1.** Мылжыңлық, езбелик. **2.** Гүдибузарлық, бузыўшылық, самсамлық.

ЎАТАН ат. **1.** Туратуғын орын, мәкан, үй, баспана. *Ўатан* десем толып тасар жүрегим, Исен маған, исен халқым – тирегим (Б.Қайыпназаров). **2.** Адамның туўылып өскен ҳәм өзин оның азаматы болып есапланған мәмлекет, ана журт. Ана *Ўатан*. **3.** Адамның туўылып өскен үлеси, қаласы яки аўылы, журты.

ЎАТАНЛЫ кел. Ўатаны бар, елге ийе, мәканы бар.

ЎАТАНЛАС кел. Бир мәмлекетте туўылып өскен адамлар, ўатаны бир, жерлес.

ЎАТАНСЫЗ кел. Елсиз, жерсиз, мәкансыз.

ЎАТАНСЫЗЛЫҚ кел. Мәкансызлық, елсизлик, Ўатаны жоқлық.

ЎАХ т.с. Бир нәрсеге өкиниште, иреништи билдиретуғын таңлақ сөз.

ЎАХ-ЎАХ т.с. Қатты өкиниш, иреништи билдиреди.

ЎАХ-ЎАХЛАЎ ф. Өкиниў, иренжиў, пәнтлениў.

ЎӘДЕ ат. Биреўге берилген ықрар, шәрт, исеним, ант. *Ўәде* бойынша қасқыр ертеңине айланып келипти (Қ.Айымбетов). ◊ **Ўәде бериў** – ўәделесиў, келисиў. Сөз берди жигитлер, *ўәде берди*, алға жүриўин даўам етти (Қ.Ерманов). **Ўәде байласыў** – келисиў, шәртлесиў, шешимге келиў. Жаңа жерге барыўға жигитлер *ўәде байласты* (Т.Нәжимов). **Ўәдеден тайыў** – сөзинде турмады, шәртин бузды, айныў. Ол ҳә демей-ақ *ўәдеден тайды*. **Ўәде етти** – ўәделесиў, келисиў. Ол усы жерге келмеўге *ўәде етти*. **Ўәдеге опасыз** – ўәде бузыўшылық, сөзинде турмаўшылық.

ЎӘДЕЛЕСИЎ ф. Бир шешимге келиў, келисиў, шәртлесиў. Хабар алып Бердиханның бағынан, Бир қыз бенен *ўәделескен* усайсаң (С.Нурымбетов).

ЎӘДЕЛЕСТИРИЎ ўәделесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎӘДЕЛИ кел. Шәртлескен, келискен, белгиленген. *Ўәдели* күн өткенде, Керек жарағын сайлап, Тиктирейин ақ отаў («Мәспатша»).

ЎӘДЕПАРАЗ кел. Көп ўәде беретуғын, ўәдешил.

ЎӘДЕСИЗ кел. Тураксыз, ықрарсыз, тыянақсыз, паянсыз, исенимсиз.

ЎӘДЕСИЗЛИК ат. Тураксызлық, тыянақсызлық, паянсызлық, ықрарсызлық, исенимсизлик. Қыз сол жерде *ўәдесизлик* иследи (С.Хожаниязов).

ЎӘДЕШИЛ кел. Ўәдени көп беретуғын, ўәдепараз.

ЎӘЖ ат. Зат, буйым, нәрсе-қара. Бул базарға Аўғанстаннан, Уйғырстаннан, Қырғыздан келген кәрўанлар токтап, әкелген затларын сатқан. Шымбайдан керекли *ўәжин* алган («ЕҚ» г.). ◊ **Ўәжге аспаў** – иске аспаў, жарамлы болмаў. Алған ағашларының ҳеш бири *ўәжге аспады* (С.Мәжитов). **Ўәж гәп** – ҳақ, дурыс, орынлы, мақул. Әне, бул айтқаның *ўәж гәп* (Қ.Султанов). **Ўәжге келиў** – келисимге келиў, шешимге келиў. Күни менен бақырыспай-ақ *ўәжге келиўге* болады (А.Оразов). **Ўәжге турыў** – айтқанды тыңлаў, келисиў. Өз алдына бақыра бермей, азы-кем *ўәжге тур* (К.Султанов).

ЎӘЖЛЕСИЎ ф. Сөйлесиў, пикир алысыў. Сениң менен *ўәжлесиўге* бола ма яки жоқ па? (К.Султанов).

ЎӘЖЛЕСТИРИЎ ўәжлесиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЎӘЖЛИ кел. **1.** Дүнья-мүлкли, дүнья-маллы, нәрсе-қаралы, буйымлы, затлы. Ол үй жүдә *ўәжли* бай хожалық екен!

(А.Оразов). **2.** аўыс. Салдамлы, айтқанға туратуғын. Кәримбай басқаларға қарағанда *ўәжли* адам екен (С.Салиев).

ЎӘЖСИЗ кел. **1.** Буйымсыз, затсыз. **2.** Мыж-мыж, быжық дузсыз, езбе.

ЎӘЖСИЗЛИК ат. **1.** Буйымсызлық, затсызлық. **2.** Мыж-мыжлық, быжықлық, дузсызлық, езбелик.

ЎӘЗИР ат. **1.** Бурынлары хан яки патшаның ең жақын ақылгөйи, жәрдемшиси, кеңесгөйи. Патшаның *ўәзири* оған сүўрет салыўды үйрететуғын еди (Қ.Айымбетов). **2.** Айырым мәмлекетлердеги министр.

ЎӘЗИР АҒЗАМ ат. тар.с. Уллы ўәзир.

ЎӘЗИРЛИ кел. Ўәзири бар, ўәзирге ийе.

ЎӘЗИРЛИК ат. Ўәзир болып ислейтуғын хызмет орны, шөлкем. Ҳақыйқатында да, билимлендириўди үлкен бир корабль десек, усы корабльдиң рулин басқарып отырған – бул *ўәзирлик* («ЕҚ» г.).

ЎӘЗИРСИЗ кел. Ўәзири жоқ, ўәзирге ийе емес.

ЎӘЙ т. с. Биреўге қарата айтылған жекириниў мәнисиндеги таңлақ сөз. *Ўәй*, кәмбағал-ай, – деди әкем Абат бабаға (Ө.Хожаниязов).

ЎӘКИЛ ат. **1.** Белгили бир елдиң, мәкемениң ямаса шөлкемниң атынан жумыс ислеўге ҳуқық алған, исеним билдирилген жеке адам. – Сен райкомның *ўәкили* болып барасаң ба? – деди оған (Қ.Досанов). **2.** Белгили мәмлекет яки шөлкемниң тапсырыўы бойынша басқа елге барып оның аты менен жумыс ислеўши адам, елши. **3.** Белгили бир тараў, айрықша топар, жәмийет ҳәм усы сыяқлыларға тийисли адам. Оған таңлаў шөлкемлестириўшилери, қатнасыўшылары менен ғалаба хабар қуралларының *ўәкиллери* қатнасты («ЕҚ» г.).

ЎӘКИЛ БАЛА ат. тар.с. Қыяметлик бала.

ЎӘКИЛЛИК ат. **1.** қ. ўәкил. **2.** Бир мәмлекеттиң екинши бир мәмлекеттеги сауда ҳәм т.б. мәселелерди әмелге асыратуғын органы, сол мәселелерди иске асырыўға исенимлик, ерклик, ҳуқықлық. Орыс адамларына кимлердиң барыўы жөнинде узақ тарыс болмады, бул сапары *ўәкиллик* үш адамға тапсырылды (Т.Қайыпбергенов). **3.** қ. елшихана.

ЎӘКИЛСИЗ кел. Ўәкили жоқ, ўәкилге ийе емес.

ЎӘКИЛХАНА қ. елшихана.

ЎӘКИЛШИЛИК ат. Ўәкил болып ислейтуғын хызмет, атқаратуғын атақ, дәреже.

ЎӘЛИЙ ат. **1.** Әўлийе, көзи ашық, болжап айтыўшы, алдағы болажақ нәрсени, ўақыяны алдын ала билетуғын адам. «*Ўәлий*» синоптиктиң прогнозына, Бири баслап, екиншиси хошлады, ... (И.Юсупов). **2.** Билгир, тапқыр. – Сен көзи ашық *ўәлий* қусайсаң, – деди ҳаяллардың биреўи (Ө.Хожаниязов).

ЎӘЛИЙЛИК ат. **1.** Болжаўшылық, көзи ашықлық, алдын билип айтыўшылық, әўлийелик. Бир бәленің болғанын, *Ўәлийлик* пенен биледи, ... («Ер Зийўар»). **2.** Билгирлик, тапқырлық. Соның ушын меннен өш алайын деген мақсет пенен сени маған жумсаған деп *ўәлийлигин* айтады (Қ.Айымбетов).

ЎӘРЛИК диал.с. Кеменің белгили бир бөлиги. Ушан кеменің *ўәрлиги* (Д.Насыров, О.Доспанов).

ЎӘСИЯТ ат. **1.** Мархумның өз жақынларына айтып ямаса жаздырып қалдырған тапсырмасы, нәсияты. Ашылсаң, ашыла берер бу дүнья. Өткенлердиң *ўәсиятын* яд әйле, ... (И.Юсупов). **2.** Белгили адамлардың, ата-бабалардың өз досларына, әўладларына айтып яки жазып қалдырған үгити, көрсетип кеткен жол-жобасы, нәсияты. «Бир *ўәсият* айтып кет онда», Деп сорапты оннан улы, ... (И.Юсупов). **3.** Ақыл, кеңес, мәсләҳәт, нәсият. Сен де сөз қозғап тур ермек болғандай, Кейниңизде *ўәсият* сөз қалғандай (Өтеш).

ЎӘСИЯТНАМА ат. **1.** Жазба ўәсият. **2.** Ўәсият тексти жазылған қағаз, ҳүжжет. Себеби, нотариус бар болмаған аймақтағы ўәсият етиўши аўыр науқас адам болған жағдайда *ўәсиятнаманы* тастыйықлаў ушын нотариус өзи хызмет көрсететуғын аймақтан сыртқа шығыўға ҳақылы болады («ЕҚ» г.).

ЎӘСИЯТШЫЛ кел. Ўәсият айтыўшы, ўәсият бериўши, мәсләҳат етиўши, нәсият қылыўшы адам.

Ф

Ф. 1. Қарақалпақ әлипбесиниң жигирма тоғызыншы ҳәриби ҳәм усы ҳәриптиң атамасы, таңбасы. **2.** Еки еринниң бир-бирине жақынласып ҳаўаның аўыз қуўыслығынан шығыўы арқалы жасалатуғын сес. Бул еринлик тислик даўыссызды билдиреди де сөзлердиң басында, ортасында ҳәм ақырында келип: фабрика, буфет, шкаф ҳ.т.б. сөзлерде қолланылып ЭФ бирикпели даўыссыз сестиң орнына жазылады. **3.** қ. Эф.

ФА а. муз. Музыкалық грамманың төртинши даўыссыз сести ҳәм оның нота белгиси.

ФАБ ат. Қысқартылған қоспа сөзлердиң фабрика деген мәнисин билдиретуғын биринши буўыны. Мәселен, фабком, фабзавком ҳ.т.б.

ФАБЗАВКОМ ат. фабрика-завод комитети, фабрика ямаса заводларда басланғыш профсоюз шөлкемининиң сайланған органы.

ФАБЗАВУЧ ат. Ҳәр қыйлы кәнигеликке үйрететуғын кәрхана қараўындағы фабрика-завод училищеси (оқыў-үйрениў мектеби).

ФАБКОМ ат. Фабрика комитети. **1.** Фабрикадағы басланғыш профсоюз шөлкемининиң сайланған органы. **2.** сөйл.т. Усы комитеттиң баслығы.

ФАБРИКА ат. машина менен шийки затты ислеп шығаратуғын, гезлемелер тоқыў орны, санаат кәрханасы. Тор тоқыйтуғын *фабрика* рабочийлары (К.Султанов). *Фабрика*-завод пенен жерди өзиниң ҳақыйқый ийелери болған адамларға, дийқанларға бериў керек деген пикирлерин билдирген, ... (С.Мәжитов). ◊ **Тоқыў фабрикасы** – ҳәр түрли гезлемелер ислеп шығаратуғын кәрхана. *Тоқыў фабрикасынан* бир гөззал мениң қолыма хат берди, ... (Н.Жапақов). **Фабрикалар елеслеў** – ойға түсиў, еслеў, сәўлелениў. Көзимниң алдынан үлкемниң кен жазықлары менен жайлаўлары ири санаат орынлары, завод, *фабрикалары елеследи* (С.Салиев). **Фабриканы басқарыў** –

басшылық етиў, басқарыў, меңгериў. Венераның өзи сөйтип әкемниң орнына *фабриканы басқарып* қалды, онда ол дым жас еди (Ә.Пахратдинов).

ФАБРИКАЛЫҚ ат. фабрикаға тийисли, фабрикаға тән, фабрикаға байланыслы.

ФАБРИКАНТ ат. Фабриканың ийеси, фабрикашы капиталист. Ол бурын Шығыс Германиядағы, усы Кенигбергтен үлкен *фабриканттың* қызы еди (Ә.Пахратдинов).

ФАБРИКАТ ат. фабрикада ямаса санаат кәрханасында ислеп шығарылған зат, буйым.

ФАБРИКАЦИЯ ат. **1.** Фабрикада ислеп шығарылған ўәж, фабрикада таярлап шығарылған зат, өндирилген өним. **2.** аўыс. Өтирик, өсек, жалған.

ФАБРИКАШЫ қ. Фабрикант.

ФАБУЛА ат. әд. Әдебий шығармадағы сүўретленген ўақыялардың, қаҳарманлардың ҳәрекетлериниң раўажланыў-ындағы қысқаша мазмуны, сюжетлик схемасы.

ФАВОРИТ ат. **1.** Жоқары дәрежели кисиниң жақсы көретуғын адамы. **2.** Жолы бузық, ойнас. **3.** сп. Бәйгиде озып келиўге мүмкиншилиги бар ат, бәйгиде озған жылқы.

ФАЗА ат. **1.** Қандай да бир қубылыстың, ҳәдийсениң ямаса процесстиң раўажланыўындағы дәўир, басқыш, мүддет, ўақыт. Карадринаның аўқатланыў режими тек ғана оның раўажланыў *фазаларына* тәсир етип қоймастан, оның барлық жағдайларына мүмкиншилик береди (В.И.Ганский, Г.Ш.Шамуратов). **2.** астр. Қандай да бир нәрсениң шегиниң ямаса жағдайының ҳәрекетиниң өзгериўиндеги айырым жағдайы, ўақыты, дәўири. Маятниктиң тербелиў *фазасы*. **3.** хим. Бир нәрсениң биргеликли жағдайы. Суйық фаза. **4.** тех. эл. Генератордағы сым ораўының айырым топары ҳәм оған оралған электр сымлары.

ФАЗАЛЫ кел. Фазаға қатнаслы, фазаға байланыслы, фазаға тән, қатнаслы. Үш *фазалы* ток системасы. Фазалы индикатор.

ФАЗАН қ. Қырғаўыл.

ФАЗЫЙЛЕТ ат. **1.** Жақсы сапа яки айрықшалық, унамлы қәсийет. **2.** Ҳаял-қызлардың аты, исми.

ФАЗЫЙЛЕТЛИ кел. Жақсы, фазыйлети бар, унамлы қәсийетке ийе. Фазыйлетли адам.

ФАЗЫЛ ат. Унамлы қәсийет, турарлық, турарлылық, қәдирлилик, баҳалылық. Ҳүжданы пәк өзи жасыл, Өзи алым өзи *фазыл* (С.Мәжитов).

ФАКТ ат. Ҳәўес ете алмайтуғын бар нәрсе, ҳақыйқый ўақыя, ҳәдийсе. Буны шайыр конкрет *факт* тийкарында жазған (Н.Жапақов). Аллергия ҳаққында пайда болған ҳәр бир *факт* – бизиң билимимизди арттырады (Т.Ещанов). Мине ҳақыйқатлықтың *фактлери* – оны көрсетти (Т.Нәжимов). **2.** Қандай да бир нәрсе ҳаққында жуўмақ шығарыў, ҳақыйқат бир пикирге келиў ушын хызмет ететуғын нәрсе, тийкар. Биз қарақалпақ тилинде қолланылып киятырған гейпара сөзлериниң мәнилериниң тарийхый дәўирлер даўамында өзгериў *фактлерин* қарастырып көрейик (Е.Бердимуратов). **3.** Анық, шын, рас, мысал, дәлил, ҳүжжет. Қызды тексергенде табылған *фактлерди* жуўмақластырып тез ўақыттың ишинде суд-медициналық экспертиза оны тексериў орынларына тапсырды (Ә.Пахратдинов). Әжинияздың қызларды мақтаған шығармалары шығыс поэзиясының тәсиринде болғанлығынан дәрек беретуғын *фактлер* сезиледи (Қ.Айымбетов).

ФАКТЛИК ке. Фактке туўры келетуғын, тийкарланған, фактке негизленген, анық ҳақыйқый. *Фактлик* материаллар. *Фактлик* дәлиллемелер. *Фактлик* қәтелер.

ФАКТОР ат. Бир процессти, ўақыяны, ҳәдийсени пайда етиўши яки ҳәрекетке келтириўши күш, себеп, шәрт, из, элемент. Қандай да болмасын бир процесстиң туўдырыўына, ҳәрекет қылыў, сизде сол *фактор* бар (А.Бекимбетов). Бундай надурыслық еки *фактор* тийкарында келип шығыўы мүмкин (Е.Бердимуратов). Оның өмири ҳаққындағы ғамхорлықтан жоқары оған және де қосымша тәсир етиўши *фактор* бар ма? (Ә.Пахратдинов).

ФАКТОРИЯ ат. **1.** Төмен раўажланған еллер ҳәм ярым колониялы үлкелердиң аймақларында орналасқан шет ел саўда конторасы. Саўда-сатлық факториялары.

ФАКТУРА I ат. **1.** Көркем өнер шығармаларында шеберлик техникасының айрықша өзиншелиги. **2.** Қандай да бир материаллардың, затлардың өзиншелик айрықшалығы ҳәм дүзилиси.

ФАКТУРА II ат. Қарыйдарларға сатыў ушын жиберилген затлардың аты, баҳасы ҳәм муғдары көрсетилген арнаўлы қағаз, ҳүжжет, счёт. Затты фактура менен бериў.

ФАКУЛЬТАТИВ к. Факультативлик.

ФАКУЛЬТАТИВЛИК кел. Факультатив, мәжбүр болмаған, мәжбүрленбеген, миннетли түрде шәрт емес, еркли түрде қәлеп алынатуғын, қәлеўли, ықтыярлы.

ФАКУЛЬТЕТ ат. Жоқары ҳәм арнаўлы оқыў орынларында илимниң белгили бир қәнигеси бойынша оқытылатуғын бөлими, тараўы, тармағы, шақабы. Филология *факультети*. Илимий конференцияға институттың қарақалпақ тил ҳәм әдебияты *факультетиниң* студентлери де қатнасты (К.Айымбетов).

ФАКУЛЬТЕТЛИК ат. Факультетке тийисли, факультетке арнаўлы.

ФАМИЛИЯ ат. Адам атларына қосылып келип, усы адамның ата-тегинен, туқымынан-туқымға, бабасынан яки анасынан көшип киятырған, оның нәсилин билдиретуғын ҳәм атының жанында айтылатуғын ат, нәсил атамасы. – Стулға отырың, атыңыз, *фамилияңыз* ким болады, – деди капитан (А.Бекимбетов). Мәселен,... *фамилиялардың* жыныслы аңлатыўшы-ов, -ова аффикслери қарақалпақ тили ушын жаңа ҳәм ең актив аффикслерден есапланады (Е.Бердимуратов). Басқа бир *фамилияны* жазады, биз өзлеримиз түсинемиз (Ә.Пахратдинов).

ФАМИЛИЯЛАС кел. Фамилиясы бир, бир фамилиядағы. *Фамилиялас* адамлар. ...ал Орта Азия халықларының да базы биреўлери *фамилиялас* болып келеди (Ә.Пахратдинов).

ФАНАТИЗМ ат. **1.** Диний көзқарасларға ҳәдден тыс берилиў, динге исениў, басқа диндеги адамларды көре алмаўшылық. Диний фанатизм. **2.** Белгили бир нәрсеге қызығыўшылық, берилгенлик, исенгенлик, ышқыпазлық, қумарпазлық. **3.** Басқаларды тынламай, өзин аўлағырақ алыў, шетлеў.

ФАНАТИК I ат. **1.** Диний жолға түсип, оны ҳақыйқат жақсы көрген адам, тақыўа. **2.** аўыс. Бир идеяға бар интасы менен берилген адам.

ФАНАТИК И кел. **1.** Фанатизмге берилген, фанатизм менен суўғарылған. **2.** аўыс. Бир нәрсеге ямаса идеяға дым берилген.

ФАНДИ-НӘСИЯТ қ. Пәнди (Пәнди-нәсият).

ФАНЕР ат. **1.** Жүдә жуқа ағаш тахталарды бир-бирине жабыстырып таярланған қурылыс материалы. Бир тахта фанер. **2.** Мебельлердиң сыртына қаплаў ушын пайдаланылатуғын жуқа тахта, пластинка.

ФАНЕРА қ. Фанер.

ФАНЕРЛЕНИЎ фанерлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ФАНЕРЛЕСИЎ фанерлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ФАНЕРЛЕТТИРИЎ фанерлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ФАНЕРЛЕТИЎ фанерлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ФАНЕРЛЕЎ ф. Фанер менен өжиреиң төбесин жабыў, фанер қағыў. Өжиреиң төбесин фанерлеўди баслады. **2.** Фанер менен қандайда бир затты ислеў, питкериў. Сандықтың қақпағы фанерлеп, кейнинен сырланады.

ФАНТАЗЁР ат. Ҳәр түрли қыяллар менен машқул болыўшы, ҳөр қыйлы қыяллаўды жақсы көриўши, қыялпараз, қыялшыл адам, киси. Көрдиң бе, Омар, өзиң түсинбейсең, жигирмаланшы әсирдиң романтиклерин, *фантазёрларын* айтасаң (С.Салиев).

ФАНТАЗИЯ ат. **1.** Адамның белгили бир нәрсени шығарыў, елеслетиў ушын уқыплылығы, дөретиўшилик қыял, дөретиўшилик ой, *фантазиясы* күшли адам. Бул бурынғы замандағы қыялый ертеклерден алынған фантазия емес (И.Сағыйтов). **2.** Иске асырыў қыйын болған яки мүмкин болмаған қыялый әрман, ой, қыял, арзыў. **3.** Өтирик, жалған нәрсе. **4.** Ерси нәрсе, ерси әдет. **5.** муз. Еркин формадағы музыкалық шығарма.

ФАНТАЗИЯЛЫҚ қ фантастикалық.

ФАНТАЗИЯШЫЛ қ. Фантазёр.

ФАНТАСТИКА ат. 1.Қыялда пайда болған ой-пикир, тәбийғый ҳәдийсе, әжайып образларды көз алдыңа келтириў. Илимий фантастика. 2.Турмысқа аспайтуғын нәрсе, қыял.

ФАНТАСТИКАЛЫҚ кел. **1.** Фантастикаға тийкарланған, фантастикадан ибарат болған, фантастика менен суўғарылған. *Фантастикалық* қаҳарманлар, *фантастикалық* роман, *фантастикалық* ертеклер өз-ара екиге бөлинеди (Қ.Айымбетов). **2.** Әмелге аспайтуғын, қыялға, сыймайтуғын, ядтан шығарылған, жасалма, қыялый, фантастикалық ўақыя. Ҳайўанлар ҳаққындағы ертеклер де қыялый-*фантастикалық* ертеклерге киреди (Қ.Айымбетов).

ФАР қ фара.

ФАРА ат. Автомобиль, трактор ҳәм усы сыяқлылардың алды бетине орнатылған, жолға жақты бериў ушын хызмет ететуғын жарық шашатуғын фонары, айна. Киятырған машинаның *фарасының* жақтысы көзди қамастырып аштырар емес,... (Қ.Айымбетов).

ФАРАОН ат. Әййемги Мысыр патшасы.

ФАРВАТЕР ат. Теңиз, дәрья, көл ҳәм басқа да суўы бар жерлерге кеме, пароход, судно ҳәм басқалардың шыра сигнал

белгилери менен жүре алатуғын суў жолы. Дәрьяның *фарватери* шөгиндиден үзликсиз тазаланып турады (А.Г.Артемьева).

ФАРМАКОЛОГ ат. мед. Фармакология бойынша қәниге, маман.

ФАРМАКОЛОГИЯ ат.мед. Организмге дәрилердиң тәсир етиўин тексеретуғын илим.

ФАРМАН қ. пәрман.

ФАРМАНА қ. пөрмана.

ФАРМАНАЛЫҚ қ. пәрманалық.

ФАРМАНЛАЎ қ. пәрманлаў.

ФАРМАНЛЫҚ қ. пәрманлық

ФАРМАНЛЫЛЫҚ қ. пәрманлылық.

ФАРМАНСЫЗ қ. пәрмансыз.

ФАРМАНСЫЗЛЫҚ қ. пәрмансызлық.

ФАРМАНШЫ қ. пәрманшы.

ФАРМАЦЕВТ ат. мед. Фармацевтика мағлыўматына ийе болған дәрихана хызметкери, фармацевтика қәнигеси.

ФАРМАЦЕВТИКА ат. мед. Дәри-дармақларды табыў, таярлаў, сақлаў ҳәм наўқасларға жазып бериў ҳаққында илим.

ФАРМАЦЕВТИКАЛЫҚ кел. мед. Фармацевтикаға байланыслы, фармацевтикаға тийкарланған, фармацевтикаға тән.

ФАРС қ. парсы I–II.

ФАРСИЗМ қ. парсизм.

ФАРСЫ I қ. парсы I.

ФАРСЫ II қ. парсы II.

ФАРСЫХАН қ. парсыхан.

ФАРСЫША I қ. парсыша I.

ФАРСЫША II қ. парсыша II.

ФАРТУК аи. **1.** Мойынға асып, алдына байлап, ишине зат салыў ушын исленген кишкене қалташа. Сәлийма пахта толы *фартуғын* төгип келиўге кетип баратыр (Ө.Хожаниязов). **2.** Тәртип бойынша кийимниң патас болмаўы ушын кийимниң сыртынан кийилетуғын, белге байланатуғын ҳәм де аспазлардың алдына байланып жүретуғын гезлемеден ямаса кленкадан исленген зат, хожалық буйымы. Алдына *фартук* байлаған аспазға барды, ... (Қ.Айымбетов).

ФАРЎАЗ: Фарўаз етиў қ. пәрўаз, пәрўаз етиў.

ФАРФОР ат. **1.** Жоқарғы сортлы ақ ылайға ҳәр түрли затлар қосып исленген минерал масса. **2.** Усындай массадан арнаўлы

исленген ҳәр түрли затлар, буйымлар. Бурын талай рет кофе ишкен *фарфор* кесениң иши-сыртын көрип, бир неше мәртебе ернине тийгизди (А.Бекимбетов).

ФАРФОРЛЫ кел. Фарфоры бар, фарфор қосылған, фарфор жалатылған, араластырылған. *Фарфорлы* ыдыслар, унлар бәри суўға қарай аўдарылды (Ә.Пахратдинов). Шкаф ишинде турған ақ *фарфорлы* тарелканы столға әкелип қойды (Ә.Пахратдинов).

ФАРШ ат. Бир нәрсениң ишине майдалап салынған ет, гөш.

ФАРЬЯД қ. парияд.

ФАСАД ат. Үлкен театр, клуб үйдиң ҳәм тағы басқалардың алды бети, кирер жери, аўзы.

ФАСОН ат. **1.** Үст-кийимниң, аяқ кийимниң ҳәм басқаның пишими, сыртқы көриниси, формасы, модели. Жаңа фасонда тигилген туфли. **2.** сөйл. т. Бурын көрилмеген, жаңа нусқадағы, жаңа форма яки моделде тигилген, жаңа. Фасон көйлек. Фасон туфли. **3.** сөйл.т. Формалы болып жүретуғын, өзин тик алып жүретуғын, сәтең, қақай.

ФАСОНЛЫ кел. Белгили бир фасон, форма бойынша исленген, фасон сақлап кийинип жүретуғын. Жаңа *фасонлы* кийим.

ФАСОНША р. Фасонын келтирип, фасон сақлап. *Фасонша* кийинген.

ФАСЫЛ ат. **1.** Бир жылды пайда ететуғын төрт мәўсимниң бир бөлеги, мәўсими (қыс, бәҳәр, жаз, гүз). Каўын-ғарбызлары төрт *фасылда* ада болмайды (Ж.Аймурзаев). **2.** гөн.с. Шығармаға тийисли бабы, бөлими. Китап төрт *фасылдан* ибарат.

ФАТАЛИЗМ ат. Тәғдирге, пешанаға жазылғанына исениўден ибарат болған диний-идеалистлик дүньяға көзқарас, жазмышқа исениў.

ФАТАЛИСТ ат. Фатализмге берилиўши, тәғдирге ҳәм жазмышқа исениўши адам, киси.

ФАҲМ қ. пәм.

ФАШИЗМ ат. Капитализмниң улыўма кризиси ўақтында капиталистлик еллерде пайда болған империалистлик буржуазияның шеттен тыс реакцияшыл және агрессияшыл күшлердиң мәпин жақлайтуғын сиясий ағым, басқыншылық урысларды таярлаў ҳәм баслап жибериў сиясатын иске асырыўшы империалистлик буржуазия диктатурасының ашық формасы. Әй, пүткил жәҳән, көтерил, қозғал. *Фашизмди* курт

(Ж.Аймурзаев). Ол империализмниң ең жеркенишли дөретпеси болған *фашизмди* қыйратты. *Фашизм* де, дәл усындай. Келди бизиң нурлы елге (Н.Жапақов).

ФАШИСТ ат. Фашизмге берилген ҳәм оның руўхын көтериўши реакционер, фашизм тәрепдары, фашистлер шөлкеминиң ағзасы. *Фашист* деген ийттиң баласына урысайық деп ескерттик пе? (К.Султанов). Соңғы ўақытларда ол Батыс Германиядағы немец-*фашистлериниң* арасында кеңнен пайда болған қурал (Ә.Пахратдинов).

ФАШИСТЛИК кел. Фашистке тәнлик, фашистке тийисли, фашистке байланыслы, фашист сыяқлы. Олар жаңадан жаңа бузақылық қастыянлықлары халық массасын тынышсызландырғаннан кейин *фашистлик* жолға түсти.

ФӘНДИ-НӘСИЯТ қ. пәнди (Пәнди-нәсият).

ФӘРИЯД: фәрияд етиў ф. Жарылқаў, қоллаў. Қараңлар ҳаслы затыма, *Фәрияд* еткил шын дадыма.

ФӘҲИМ қ. пәм.

ФЕВРАЛЬ ат. Календар жылының айы, жаңаша жыл есабы менен екинши ай. Февраль айы да күн суўық болып мал шаруашылығына аңсат болған жоқ,...

ФЕДЕРАЛИЗАЦИЯ ат. сия. Белгили бир мәмлекетте федератив дүзимин пайда етиў, орнатыў.

ФЕДЕРАЛИЗМ ат.сия. **1.** Федерация системасына, яғный принциплерине тийкарланған мәмлекет дүзими. **2.** Усындай мәмлекет дүзимин орнатыўға умтылыўшы сиясий ҳәрекет.

ФЕДЕРАЛИСТ ат. Федериализм тәрепдары.

ФЕДЕРАТИВ кел. сия. Федерация тийкарында дүзилген, федерацияға тийкарланған.

ФЕДЕРАЦИЯ ат. **1.** сия. Өз алдына болған мәмлекетлердиң бирлесиўине тийкарланып дүзилген мәмлекетлер бирикпеси, бирлеспеси. **2.** Айырым жәмийет яки шөлкемлер бирлеспеси, аўқам. Буржуазиялық *федерация* тек бул үстемликти бүркеў ғана болып табылады (А.Г.Артемьева).

ФЕЙИЛ I қ. пейил

ФЕЙИЛ II ат. грамм. Предметтиң ис-ҳәрекетин, ҳалжағдайын билдиретуғын сөз шақапларының бири. Тилимиздеги фейил сөзлер сөз дизбеклерин жасаўда, гәп дүзиўде айрықша орын ийелейди. Бул сөз атлық, фейил мәнисинде де қоллыныла алады.

ФЕЙИЛЛИК кел. грамм. Фейилге тийисли, фейилге байланыслы, фейилге тән, фейил сыяқлы, фейилге усаған. ...

айырым жағдайларда жоқарыдағы бул сөзлер өзиниң *фейиллик* мәнисин сақлап келеди, ...

ФЕЛЬДМАРШАЛ әс. **1.** Патша Россиясы армиясында ҳәм айырым шет ел армияларындағы ең жоқарғы генераллық атақ. **2.** Усы атаққа ийе болған адам, киси. Мамыт оннан бурын генерал *фельдмаршал* Фридрих Паулюстиң салынған үлкен жайлары, сарайлары, бағлары бар деген менен оны өткен сапары Стеша мене барып көрген де еди (Ә.Пахратдинов).

ФЕЛЬДМАРШАЛЛЫҚ ат.әс. Фельдмаршал дәрежеси, фельдмаршал ўазыйпасы, фелдмаршал хызмети.

ФЕЛЬДШЕР ат. Орта мағлыўматлы медицина хызметкери, врач жәрдемшиси. Полктың дежурныйы қазанларды тексерип көриў ушын дежурный *фельдшер* шақырып келинсин деди. Бас врачты үйине шақырмай-ақ дежурный *фельдшердиң* өзи де оны госпиталға жөнелтиўге ҳақылы еди (Ә.Пахратдинов).

ФЕЛЬДШЕРЛИК а. Фельдшер хызмети, фельдшер ўазыйпасы. – Жоқ, мен доктор емеспен, *фельдшерликти* атқарып жүрмен. Ол полкта *фельдшерликти* кеўилдегидей атқарып жүрипти. Мен ушын *фельдшерликти* атқарыў қыйын болған жоқ (Ә.Пахратдинов).

ФЕЛЬЕТОН ат. Күнделик турмыстағы пайда болатуғын кемшиликлерди өткир тил менен критикаланып жазылған актуаль темадағы газета яки журнал мақаласы. Соңғы газета ҳәм журналлар бетлеринде *фельетон* аз ушырасатуғынлығы сезиледи. Әсиресе, ҳәзирги күнниң турмысы жөнинде *фельетон* жазыўдың кереклиғин ескертти.

ФЕЛЬЕТОНШЫ ат. Фельетонлар жазыўшы адам, киси. Ҳәзирги жағдайдың қандай екенлиғи ҳаққында *фелетоншыларымыз* дурыс баҳалаўы керек, – деди баянатшы.

ФЕНОЛ ат.хим. Медицинада антисептика ҳәм дезинфекциялаў ушын, сондай-ақ, синтетикалық смола, бояўлар, жарылғыш затлар ислеўге пайдаланылатуғын органикалық қосылма. – Карбол кислотасы деп те аталатуғын *фенол* кристаллық, реңсиз, характерли ийиси бар зат (Л.А.Цветков)

ФЕНОЛОГ ат. фенология қәнигеси, фенология маманы.

ФЕНОЛОГИЯ ат.биол. Биологиядағы өсимликлер менен ҳайўанлардың жыл мәўсими бойынша өзгериўине байланыслы периодлық өзгериўин үйрететуғын илим, бөлим.

ФЕОДАЛ ат.тар.с. Феодализм дәўириндеги крепостной дийқанларды эксплуатация қылыўшы ири жер ийелеўши, помещик. Түркмен *феодаллары* Бозатаўды адам айтқысыз етип шабады. Бирақ, қыздың феодал ағасы қарындасының сөзин тыңламайды (Н.Жапақов). Қарақалпақ халқы... Хийўа ханлығына сатылған өз *феодал* бийлери, байлары, молла ийшанлары, жермен атқа минерлер тәрепинен аяўсыз езилди (Ә.Пахратдинов).

ФЕОДАЛИЗМ ат.тар.с. Өндирис қурал-өсбаплары, жер ийелеўши дийқанлар биротала феодаллардың меншиги болып есапланатуғын және олардың аймағында мәмлекет бийлигин жүргизиў ушын ҳуқық берилетуғын жәмийетлик қубылыс, капитализмнен бурынғы, яғный алдында болған жәмийетлик формация. Буның бәри бизиң тилимизде қалған *феодализмниң* қалдығы, буны жоқ етиўге бизлер тырысыўымыз керек (Ә.Пахратдинов).

ФЕОДАЛЛАРША р. Феодалға тән, феодалға тийисли, феодаллардай. Капиталистлик жәмийетте аш-әптадалық тәртиби *феодалларша* үстемлик етти.

ФЕОДАЛЛЫҚ кел. Феодалға тийкарланған, феодалға сүйенген. Бизлер ондай *феодаллық* қалдықтың ширик пикирлерин ислемек түўе ойлаўымыз да керек ғой (Ә.Пахратдинов). Ески *феодаллық* жазба тил қарақалпақ халқының сөйлеў тилинен алыс еди (Е.Бердимуратов).

ФЕРИ қ. пери.

ФЕРМА I ат. **1.** Колхоз ҳәм совхоздың аўыл хожалығының белгили бир тараў менен шуғылланыўшы шаруашылық бөлими, хожалық. Оқыў басланғанша совхоздың *фермасына* барып жәрдемлесетуғын болдық (Ө.Хожанов). Өз қолынан салды Жуман, *Ферма* ушын талай жайлар (Н.Жапақов). Он бес жылдан асламырақ, *фермада* мен жылқы бақтым (Н.Жапақов). **2.** Капиталистлик еллердеги өз жеринен яки арендаға, яғный пайына алынған жердеги жеке хожалық.

ФЕРМА II ат. тех. Ағаштан, темирден ҳәм басқа да затлардан бир-бирине бекитип исленген инженерлик қурылыс.

ФЕРМАШЫ ат. Ферма хызметкери, фермада ислеўши. Бизлер жақынлағанда колхоз кеңсесинен *фермашы* шықты.

ФЕРМЕНТ ат.биол.хим. Тири организмниң өсиў процесинде пайда болатуғын ҳәм организмде болып турған химиялық реакцияларды тезлетиўге жәрдем беретуғын органикалық зат.

ФЕРМЕНТЛИ кел. Курамында фермент болган, фермент қосылған, фермент араласқан.

ФЕРМЕНТАЦИЯ ат. биол хим. Ферментлердиң тәсиринен органикалық затлардың ашыўы.

ФЕРМЕР ат. Капиталистлик еллердеғи ферманы (ферма 2-мәниси) арендаға (майына) алыўшы адам яки ферма ийеси. Ол да үлкен *фермердиң* баласы (Ә.Пахратдинов). Майда *фермерлер* ондай техникаға ийе емес ... (А.Г.Артемьева).

ФЕРМЕРЛИК ат. Хожалықта фермер системасын. ... расында да *фермерликтен* қара пуқара адам артық (Ә.Пахратдинов).

ФЕСТИВАЛЬ ат. Ҳәр түрли көркем өнерлерди көзден өткеретуғын көркем өнердиң белгили бир тараў яки барлық тараўы бойынша ўақты-ўақты өткерилетуғын массалық көрсетпе ҳәм усыған байланыслы болатуғын жәмийетлик байрам, ойын, сейил. *Фестиваль* қосығы (И.Юсупов). Москвада өткерилетуғын *фестивальға* таярлықлар қызғын ҳәўиж алмақта.

ФЕТИШИЗМ ат. **1.** Динге бас ийиў, жансыз затларға сыйыныў, табыныў исениў. **2.** аўыс. Бир нәрсеге қуры исениўшилик, дәлилсиз сыйыныўшылық, табыныў, соқырларша исениў.

ФИДА қ. пидә.

ФИГУРА ат. **1.** Геўдениң дүзилиси, кәдди-бойы, пишими, сын, сымбаты. **2.** аўыс. Белгили бир нәрсениң тийкары, жетекши образ, белгили адам, ғайраткер киси. Қарақалпақ әдебияты тарийхында әдебиятқа үлес қосқан *фигураның* бири Сейфулғабит Мәжитов болып есапланады (Ә.Пахратдинов). Әжинияз Қосыбай улы қарақалпақлардың XIX әсирдеги шайырларының ишинде ең үлкен *фигураға* ийе (Қ.Айымбетов). **3.** сп. Шахмат ойынындағы ат, король, пил ҳәм.т.б. **4.** әд. Сөйлегенде аўыспалы мәниде қолланылатуғын сөзлер. Риторикалық *фигура*. **6.** сп. Гимнастика ҳәм усы сыяқылардағы форма, көринис, түрли қозғалыс жасаў. **7.** көрк. ө. Адамның ямаса ҳайўанлардың сүўрети. **8.** ав. Самолёттың ҳаўада түрли формада ушыўы. **9.** карт. Карта ойынындағы гүлдәсте, найза ҳ.т.б.

ФИГУРАЛЫ кел. Формасы келискен, формалары болған, сынлы, сымбатлы. Солдат *фигуралы* жигит есиктен кирип келди (С.Мәжитов).

ФИЗИК ат. **1.** Физика бойынша қәниге, маман, алым. *Физиклердиң* семинары питиў алдында тур, ... **2.** Физика менен

қызықсыныўшы, *физика* әтирапына жыйналыўшы, топланыўшы. Оның үстине *физиклер* арасында ҳәзирдиң өзинде-ақ хәр қыйлы багдарлар бар, ... **3.** Жоқары оқыў орнында физика бөлиминиң студенти.

ФИЗИКА ат. Тәбият қубылысларының барлық заңлылықларын, материяның қәсийетлери менен қубылысын және оның қозғалыс заңларын изертлейтуғын илим. Мәселен, сериппелик деген термин тек *физика* тараўында пайдаланылады (Е.Бердимуратов).

ФИЗИКАЛЫҚ кел. физика көринислерине байланыслы, физикаға тән, физика сыяқлы, физика менен байланыслы болған. Физикалық ҳәдийселер. Физикалық тәжирийбелер. Физикалық процесслер. Анимизмниң пайда болыўына байланыслы өлгеннен кейин *физикалық* өмир сүриўи биротала токталады (Х.Есбергенов). Бир неше рет отырып түргелип *физикалық* шыныгыўларда иследи (Ә.Пахратдинов). **2.** Адам организминдеги сыртқы кемшилик. **3.** Қол күши менен исленетуғын, дене күши, булшық еттиң хызмети. Физикалық хызмет. Бул сырттан, тосыннан *физикалық* күшлердиң себебинен өлген емес. Сонда да олар денеге сырттан болған *физикалық* күшлердиң себебинен жәбирленип өлген деп гүманланбайды, олар басқа да бир нәрселерди ойлайды (Ә.Пахратдинов).

ФИЗИОЛОГ ат. Физиология бойынша қәниге, маман, алым.

ФИЗИОЛОГИЯ ат. Тири организмниң өсимликлердиң тиришилик процесиниң барысын, раўажланыўын және зат алмасыўы заңлылығын изертлейтуғын илим. Деген менен, олардың барлығының *физиологиядағы* көп багдарлар менен туўысқанларша уқсаслығы бар, ... **2.** Организмниң функциялары, хызмети және оларды ретлестирип турыўшы заңлылық.

ФИЗИОНОМИЯ ат. **1.** Бет, жүз, сықыл, пишин, әпшер. **2.** аўыс. Сыртқы көринис. **3.** аўыс. Беталысы, багдары.

ФИЗИОТЕРАПЕВТ ат.мед. Физиотерапия бойынша қәниге маман, алым, врач.

ФИЗИОТЕРАПИЯ ат.мед. Медицинаның тәбияттағы физикалық күшлериниң суў, жыллылық, электр энергиясы ҳәм усы сыяқлылардың организмге тәсирин үйрениўши ҳәм оларды науқасларды емлеўде иске асырыў бөлими.

ФИЗКУЛЬТУРА ат. Организмди ҳәр тәреплеме шынықтырыў ҳәм жетистириўге қаратылған физикалық шынығыўлар. Денсаўлық ушын *физкультура* менен шуғылланыў пайдалы.

ФИЗКУЛЬТУРАШЫ ат. Системалы түрде яки мудамы кәсип сыпатында физкультура менен шуғылланыўшы адам, спортшы. ... *Физкультурашылардан* кейин басқалар дизилип киятыр. ... парадтың биринши қатарында *физкультурашылар* киятыр.

ФИЗМАТ ат. физика-математика деген сөзлерден жасалған қысқарған қоспа сөз (физика-математика факультети). Мәмлекетлик экзаменлерди *физмат* факультетиниң студентлери табыслы тапсырып шықты.

ФИКСАЖ ат. Фотоқағазға, пластинкаға яки плёнкаға түсирилген сүўретлердиң сақланыўы ушын қолланылатуғын химиялық еритпе.

ФИЛ қ. пил.

ФИЛАРМОНИЯ ат. Концертлер, музыкалық көркем өнерди, аяқ ойынларды ҳәм ҳәр қыйлы көркем өнерди таратыў, пропагандалаў менен шуғылланатуғын мәкеме ҳәм де жәмийет. Қарақалпақстан мәмлекетлик *филармониясы* пахтакешлерге концерт бермекте. *Филармония* ағзалары районларға шығып концерт қойыўға таярлық көрип атыр.

ФИЛИАЛ ат. Белгили бир кәрхананың ҳәм ири мәкемениң жергиликли жердеги бөлими яки жәмийетлик шөлкеминиң еркли, ғәрезсиз тараўы. Бул материал ӨзР Илимлер академиясы *филиалының* фондында сақлаўлы тур (Қ.Айымбетов). Шайырдың қолжазбасы Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан *филиалының* китапханасында бар (Н.Жапақов).

ФИЛОЛОГ ат. **1.** Филология илими бойынша жетик кәниге адам, оқымыслы киси, алым, илимпаз. Қарақалпақстанда сонғы жыллары көп ғана *филологлар* жетилисти, ... **2.** Филология факультетиниң студенти.

ФИЛОЛОГИЯ ат. Қандай да бир халықтың тилин, әдебиятын ҳәм мәдениятын изертлеўши илимлердиң улыўма аты, жыйнағы. *Филология* Илимлериниң докторы Н. Дәўқараев қарақалпақларда жазыўдың пайда болыўындағы жағдайлар ҳаққында орынлы пикир жүргизеди (Е.Бердимуратов).

ФИЛОЛОГИЯЛЫҚ кв. Филологияға тән, филологияға тийисли, филологияға байланыслы. Жыйналыста Н.Дәўқараевтың *филологиялық* хызметлери атап өтилди, ...

ФИЛОСОФ ат. **1.** Философия алымы, философия илимине жетилискен маман, дүньяға көзқарас мәселелерин тексериў менен шуғылланыўшы қәниге. Қай *философ* шығып орнатты. **2.** Философия менен шуғылланыўшы адам, абстракт пикирлеўге ойланыўларға ҳәўес киси, қумар адам. Өзбек халқының уллы шайыры Әлийшер Наўайы менен түркмен халқының данышпаны, *философы* шайыры Мақтымқулы күшли тәсир еткен.

ФИЛОСОФИЯ ат. **1.** Тәбият, жәмийет ҳәм ойлаўдың раўажланыўының улыўма нызамлықлары ҳаққындағы илим. **2.** Белгили бир илим яки билим тараўының тийкарын пайда етиўши теориялық, методологиялық ҳәм басқа да принциплери. Тарийх философиясы. Математика философиясы. Нызам философиясы. **3.** Кимниң болса да философиялық тәлийматы. **4.** сөйл.т. Бир нәрсе ҳаққында абстракт, шебекейине пикир жүргизиў, орынсыз ақыл айтыў.

ФИЛОСОФИЯЛЫҚ кс. Философияға байланыслы, философияға тән, философияға тийис.

ФИЛЬМ ат. **1.** Тутас бир сюжеттиң плёнкаға тәртипли түрде орналасқан фотографиялық көринислериниң жыйынтығы. Атасы әжайып көп *фильмлердиң*, Мархум Довженконы бир рет көрдим (И.Юсупов). **2.** Экранда көрсетиў ушын таярланылған кинематография шығармасы, кинокартина.

ФИЛЬМОСКОП ат. Кинолентадағы сүўрет, ҳәдийсени сүўретлеп көрсетиў ушын пайдаланылатуғын арнаўлы проекциялық аппарат.

ФИЛЬМОТЕКА ат. **1.** Кинофильмлерди жыйнаўшы ҳәм сақлаўшы фильмхана. **2.** Киноленталар жыйындысы, киноленталар архиви.

ФИЛЬТР ат. тех. **1.** Суйық затларды керексиз қосымталардан тазартыў ушын хызмет ететуғын әсбап ҳәм усындайларға қолланылатуғын сүзгиш. Противогаз фильтри. **2.** Гей бир жақтылық нурларын, электр токты, сеслерди, электромагнитли толқынларды өткизбейтуғын арнаўлы қурал, әсбап. Электр фильтри.

ФИН ат. **1.** Ақша (финанс) бөлими, Ақша (финанс) бөлими деген сөзлердиң қысқарған түри. **2.** қ. финлер.

ФИНАГЕНТ ат. Ақша (финанс) бөлими бойынша ағент, ўәкил.

ФИНАЛ ат. **1.** Қандай да бир нәрсениң ақыры, нәтийжеси, жуўмағы, соңы, аяғы. **2.** көрк.ө. Музыка, театр яки әдебий

шығарманың ақырғы жуўмақлаў бөлими. Комедиянын финалы. **3.** сп. Спорт жарысларының ең соңғы жуўмағы, жуўмақлаўшы бөлими, шешиўши ойын. Волейбол жарысының финалы.

ФИНАЛШЫ ат. сп. Финалға қатнасыўшы, финалда ойнаўшы.

ФИНАНС ат. **1.** Халық хожалығының ақша айланысының элементи болып табылатуғын қәрежет, қаржы. Колхоздағы *финанс* ҳәм хожалық жумысларына басланған ревизия ҳаққында бираз гүрриңлести (А.Бекимбетов). **2.** сөйл.т. Ақша, улыўма ақша ислери. Финанс жағы нашар.

ФИНАНСЛАЎ Ф. Финанс пенен тәмийин етиў.

ФИНАНСПЕКТОР ат. Финанс инспекторы.

ФИНИШ ат. **1.** Тезлик бойынша өткерилетуғын спорт жарысының соңғы үлеси. Финиш жарысларында қатнасыў. **2.** Қандай да бир нәрсениң ақыры, нәтийжеси, жуўмағы. *Финишке* биринши болып жетип келиў.

ФИНЛЕР ат. Финландияның тийкарғы халқы, жасаўшы адамлары. Халқының 90 процентten асламы *финлерден* ибарат (А.Г.Артемьева).

ФИНТ ат.сп. Надурыс ҳәрекет, надурыс исленген хүжим, алжастырыў, алдаў ҳәрекети.

ФИНШЕР 1. Финландияға, фин халқына, финлердиң әдебиятына ҳәм мәдениятына байланыслы, тийисли. **2.** Финн тили. Сен финше билесең бе?

ФИРМА ат. **1.** Әсиресе, капиталистлик мәмлекетлерде өз маркасы менен зат ислеп шығарыў яки сатыў ҳуқықына ийе саўда яки санаат мәкемеси, шөлкеми. Химия санаатының үлкен орайы-Киельн, Рейнниң бойындағы қалаларда орналасқан ири химия *фирмаларын* атаўға болады,... (А.Г.Артемьева).

ФИРУЗА ат. **1.** Безеў буйымлары ушын пайдаланылатуғын, ҳаўа реңли, көгилдир реңли, онша тынық, яғный ашық болмаған қымбат баҳалы тас. *Фирузаның* гүлиндей, сулыўлықтың бар шегинен шығыпты (И.Юсупов). **2.** аўыс. Көк, аспан реңи, ҳаўа реңи. **3.** Ҳаял-қызлардың аты исми.

ФЛАГ ат. Бир жағы таяққа яки жипке бекитилген гербли ҳәм эмблемалы ҳәр қыйлы түрде тоқымалы гезлеме, байрақ, жалаў. Өткир көзлери *флаг* услаған қызға тигиледи (К.Султанов). Келген жигит азат етилген қалалардың төбесине қызыл *флагларды* тигип шықты (К.Султанов).

ФЛАГМАН ат. **1.** Үлкен әскерий кемелердиң ири бирикпесине команда етиўши ҳәм оның турағын орны болған кеме. **2.** Флагманлық кеме. **3.** аўыс. Басқарып ҳәм баслап жүриўши, барыўшы.

ФЛАГШТОК ат. Кораблларде, арнаўлы жайларда ҳәм басқа да орынларда флаг орнататуғын узын тик қада.

ФЛАКОН ат. Суйық затларды, әсиресе, ийис суў, вино ҳәм басқа да суйықлықларды қуйыў ушын байланылатуғын шийше ыдыс.

ФЛАНГ ат. Армия қатарының оң яки сол тәрепи, қапталы, қанаты.

ФЛЕЙТА ат.муз. Ағаштан исленген, қақпақлары (клапанлары) бар, най сыяқлы үплеп шертилетуғын музыкалық әсбап.

ФЛЕЙТАШЫ ат. Флейта шертиўши, флейтада ойнаўшы.

ФЛЕКСИЯ ат. лингв. Сөздиң түрлениўиндеги, сеплениўиндеги өзгерип турағын жалғаўы, морфема.

ФЛЕКТИВ кел. лингв. Флексияға тийисли, флексия жәрдеми менен грамматикалық формалар жасайтуғын.

ФЛОРА ат. Белгили бир жердиң ямаса геологиялық дәўирдиң барлық өсимликлердиң жыйнағы, өсимликлер дүньясы.

ФЛОРИН ат. **1.** Батыс Европа еллериндеги ески алтын яки гүмис ақша. **2.** Нидерландлардың ақша бирлиги.

ФЛОТ ат. **1.** Бир елдеги ямаса теңиздеги, дәрьядағы әскерий саўда мәкемелериниң жыйындысы. Балық аўлаў флоты. Бекбосын самалдың түрин жаман көрди де, қайығын *флоттың* ық жағына әкелип байлады (К.Султанов). **2.** әск. Әскерий теңиз кемелериниң ири бирлеспеси курамы. Теңизлердеги, Қызыл *флота*, жаўынгер пароходта,... (Ә.Шамуратов).

ФЛОТИЛИЯ ат. **1.** Дәрья ҳәм көллерде айырым жағдайларда үсти жабық теңизлерде хызмет ететуғын әскерий кемелер жыйынтығы, бирлеспеси. Кәспий флотилиясы. **2.** Белгили бир жумыс тапсырылған кемелер отряды. Кит аўлаўшы флотилиясы. Арал *флотилиясының* кемелери жүре баслады (Ж.Үббиниязов).

ФЛОТШЫ ат. Флота, әскерий теңизде хызмет етиўши адам.

ФЛЮГЕР ат. Узын агашқа бекитилген ҳәм самалдың бағытын көрсететуғын пластинка.

ФЛЮС I ат. мед. Аўырыў тистиң себебинен пайда болған исик.

ФЛЮС II ат.тех. Руданы ериткенде керекли металлды тазартыў ушын қосылатуғын зат.

ФЛЯГА ат. **1.** Ийинге, жаўырынға яки белге байлап жүретуғын жалпақ тығынлы ыдыс. **2.** Әдетте суйық нәрселерди салып жүретуғын тутқалы, қақпақлы үлкен ыдыс. Сүт қуйылатуғын *фляга*. Май қуйылатуғын *фляга*.

ФОЛЬКЛОР ат. **1.** Халық дөретпеси, халық аўызеки дөретиўшилиги. Аўызеки әдебияттан басқа Аббаз қарақалпақ *фольклорының* баслаўшыларының бири болды (Қ.Айымбетов). Аббаз шайырдың «Баҳадыр» дәстаны қарақалпақ *фольклорына* бай жемис берген көлеми әдебият мийрасы (Қ.Айымбетов). **2.** Улыўма халықтың үрп-әдетлери, жырлары, ертеклери бойынша жыйнақ. Қарақалпақ *фольклорында*... Халық әрманлары әне даналығының изин көриў мүмкин (Н.Дәўқараев). Аўыз әдебияты менен музыкалық *фольклорын* қоса сөз қылған мақул (Қ.Айымбетов). Аўыз әдебияты менен музыкалық *фольклор* органикалық жақтан тығыз байланысқан (Қ.Айымбетов).

ФОЛЬКЛОРИСТ ат. Фольклорды үйрениўши ҳәм изертлеўши адам, фольклористика тараўының кәнигеси, маманы. *Фольклорист* А.Диваев тәрепинен «Алпамыс» эпосының Жийемурат жыраў Бекмуҳамед улынан жазып алынған варианты басылды (Қ.Айымбетов).

ФОЛЬЛОРИСТИКА ат. Фольклорды үйрениўши ҳәм изертлеўши илим. Шынында да, бул *фольклористикада* қыйын мәселелердиң бири (Қ.Айымбетов).

ФОЛЬКЛОРЛЫҚ кел. Фольклорға тән, тийисли, фольклорға байланыслы, фольклор сыяқлы. Дәстанның көриниси бойынша *фольклорлық* ертеклик қәсийетлерге ийе,...(Н.Жапақов).

ФОЛЬКЛОРШЫ ат. Халықтың еки дөретиўшилигин үйрениўши ҳәм изертлеўши, жыйнаўшы, фольклорист. *Фольклоршылар* конференциясы. Қарақалпақ халық аўыз еки дөретиўшилиги белгили *фольклоршылар* тәрепинен жыйналды (Қ.Айымбетов).

ФОН I ат. **1.** Негизги түр, тийкарғы рең. **2.** аўыс. Улыўма жағдай, айлана дөгеректеги аўҳал.

ФОН II ат. Сестиң жоқарылығы, сестиң қаттылығы, күшлилик дәрежеси.

ФОНАРИК қ. Фонарь.

ФОНАРЬ ат. **1.** Қараңғыда жағып услап жүретуғын шыра, паныс. ...барлық қазанлардың қақпақларын ашып, қол

фонарының жарығы менен сығалап көрди (Ә.Пахратдинов). Көрип қалдым үйинде бир *фонарын*,... (Б.Исмайлов). **2.** Жақтылық түсиў ушын үйдиң, жайдың жоқарысына орнатылған пәтик, терезе, айна.

ФОНАРШЫ ат. Фонарь жағып жүриўши.

ФОНАЦИЯ ат. лингв. Тилдеги сеслердиң айтылыў, жасалыў процеси, жаңғырық.

ФОНАЦИЯЛЫҚ кел. лингв. Фонацияға тийкарланған, фонацияға негизленген, фонацияға байланыслы, фонацияға тән, фонациялық аппарат.

ФОНД ат. **1.** Мәмлекеттиң, мәкемениң, шөлкемниң ҳәм басқалардың ҳәр түрли мақсетлери ушын ажыратылған пулы, ақшасы, материаллық байлығы. Ис ҳақы *фонды*.. Валюта *фонды*. **2.** Белгили бир нәрсеге ямаса адамлардың пайдасына жыйналған пул, ақша. Өз ара жәрдем *фонды*. **3.** Таярлап, ықтыятлап, ғамлап қойылған керекли нәрсе, байлық запас, ең баҳалы жыйынды. Елимиздиң тийкарғы өндирислик *фондлары* бес жыл ишинде бир ярым есе дерлик көбейди. Түпкиликли сөзлер қарақалпақ халқының тилиниң сөзлик *фондының* элементлери болып табылады (Е.Бердимуратов). Қарақалпақ тилиниң сөзлик *фонды* да сөзлик составы усап раўажланып, кеңейип отырады (Е.Бердимуратов). **4.** Дөретиўшилик мийнет пенен шуғылланыўшы, яғный сүўретши, жазыўшы, архитектор ҳәм басқаларға материаллық жәрдем беретуғын мәкеме, шөлкем.

ФОНЕМА ат. лингв. Қандай да бир тилде сөз яки морфемалардың мәнилерин айырыў ушын хызмет ететуғын тийкарғы сес қурылысының типлик бирлиги.

ФОНЕМАЛЫҚ кел. лингв. Фонемаға тийисли, фонемаға байланыслы, фонемаға тән.

ФОНЕТИКА ат. лингв. **1.** Тилдиң сес қурылысы, сес қурамы. Қарақалпақ тили *фонетикасы*. **2.** Тил билиминиң, тилдиң сес қурылысын изертлейтуғын бөлими. Улыўма *фонетика*. Тарийхый *фонетика*.

ФОНЕТИКАЛЫҚ кел. лингв. Фонетикалық тийисли, фонетикаға тән, фонетикаға байланыслы. Сырттан кирген сөзлер қарақалпақ тилиниң ишки раўажланыў нызамларына байланыслы *фонетикалық* ҳәм морфологиялық жақтан енисип кете береди (Е.Бердимуратов).

ФОНЕТИКАШЫ ат. Фонетиканы изертлеўши, фонетиканы билиўши, маман, кәниге.

ФОНЕТИСТ ат. Фонетика илиминиң маманы, қәнигеси.

ФОНОГРАММА ат. **1.** Фоноғраф жәрдеми менен плёнкаға, пластинкаға, фотоқағазға хәм т.б. жазып алынған сес. Графикалық фонограмма. **2.** Усы сыяқлы жазыўлары болған плёнка, пластинка, лента, фотоқағаз хәм т. б.

ФОНОГРАФ ат. Сеслерди жазып алатуғын және соңынан оларды қайтадан еситтирип беретуғын аппарат.

ФОНОГРАФИЯЛЫҚ кел. Фонографқа тән, фонографқа тийисли, фонографқа байланыслы. *Фонографиялық* жазыў.

ФОНОЛОГИЯ ат. лингв. **1.** Тил билиминде фонемалар системасын хәм олардың қасийетлерин изертлейтуғын бөлими. **2.** Тилдеғи фонемалар системасы.

ФОНОЛОГИЯЛЫҚ кел. лингв. Фонологияға тийисли, фонологияға байланыслы, фонологияға тән. Фонологиялық тексериў. Фонологиялық система.

ФОНОМЕТР ат. лингв. Сестиң шығыў, яғный тербелиў күшиниң қандай дәрежеде екенин өлшейтуғын әсбап, қурал, аппарат.

ФОНОСКОП ат. лингв. Сеслердиң өзгериўинде айырым сеслерди айтыўдағы бет мускулы менен ерин хәрекетин өлшейтуғын әсбап, қурал, прибор.

ФОНЕТИКА ат. Фонограммалар, сеслер жазылған ленталар менен пластинкалардың архивтеғи жыйнағы, архиви.

ФОНТАН ат. **1.** Күшли басымның жәрдеми менен трубадан жоқарыға қарай атлығып шығып турағуғын суў. Суў сеўип сүйгеннен соң *фонтанда* тур, Өскен гүлдиң өкшесин суўға жуўып (Ж.Аймурзаев). **2.** Суўдың атлығып шығыўын төмийинлейтуғын арнаўлы қурылыс, сооружение. Салқын суўға бетин жуўып, Келди Таня *фонтан* бетке (И.Юсупов). **3.** Өз басымының тәсири менен жер астынан атлығып шығып турған суў, нефть, газ хәм тағы басқалар.

ФОРИНТ ат. Венгрия Халық Республикасының пул бирлиги.

ФОРМА ат. **1.** Предметтиң сыртқы көриниси. Қала қорған *формасында* салынған (Ә.Пахратдинов). Ол бул жүргенинде гражданлық *форма* кийген, онын қолына көтерген хеш нәрсеси де жоқ (Ә.Пахратдинов). **2.** Адамның пишини, келбети, сымбаты, сықылы. Адамның тири уақтындағы дене *формасының* анатологиялық қурылысына онын дене дүзилисине қарай да тексериў керек (Ә.Пахратдинов). **3.** Адамға хәр қыйлыша исленип кийилетуғын кийим. Капитан гражданлық *формада*

кийинген еди (Ә.Пахратдинов). **4.** Арнаўлы графаға бөлинип исленген қағаз, үлги. Муғаллим оқыўшыларға жаңағы көрсетилген *форма* бойынша тапсырманы ислеп келиўди ескертти,... **5.** Қандай да бир нәрсениң белгиленген нусқасы. Сызылма формасы. Справка, протокол формасы. **6.** Белгили түр, мәлим көринис. Грипптиң жеңил формасы. Ревматизмниң аўыр формасы. ... аллергиялық кеселликлердиң өткир формаларын емлеў ушын тийисли илажларды қолланыў зәрүр (Т.Ещанов). **7.** Белгили дәрежели адамлар ушын арнаўлы тигилген ҳәм басқа белгилери жағынан бир қыйлы кийим. Әскерий форма. Лётчик формасы. Милиция формасы. Ол бүгин жаўынгерлик *форманы* таслаған, үстине гражданлық кийимлер кийген (Ә.Пахратдинов). **8.** Қандай да бир нәрсениң қурылысының яки дүзилисиниң түри, типи. **9.** полигр. Баспасөзде қолланылатуғын үлги, қәлип. Баспа формасы. Жазба формасы. **10.** тех. Бир затты екинши бир заттың түрине келтириў, үлгисине әкелиў, қәлипке түсириў. Шойын еритиндилерин қуйыў формасы. **11.** Қандай ба болса бир нәрсениң қабыл етилген нормасы, муғдары, түри. Ҳәзир қарақалпақ әдебий тили тил мәдениятының ең жоқарғы *формасы* сыпатында қолланылмақта (Е.Бердимуратов). **12.** лингв. Гәп ҳәм сөзлердиң өз ара байланыслары ҳәм де грамматикалық категорияларды сыртқы жағынан түсиндириў усылы, жолы шарасы. Қарақалпақ тилинде күнделикли пикир алысыў практикамызда ҳәр түрли сөз *формалары* ушырасады (Е.Бердимуратов). Сөйлеў тили – бул халықтың күнделикли турмыста бир-бири менен туўрыдан-туўры қатнас жасаўының актив *формасы* (Е.Бердимуратов). Сыртқы форма – тысқары үлгиси. Өликтиң сыртқы *формасы* бойынша ҳеш нәрсе ойлап табыўға мүмкиншилик болмады (Ә.Пахратдинов). Басқа форма – бөтен үлги, өзгеше үлги. Халық өмириниң өзгериўи менен шешенлик сөз жарыстырыў кем-кем басқа *формаға* өткен соң қалып кеткен (Қ.Айымбетов).

ФОРМАЛИЗМ ат. **1.** Қандай да бир нәрседеги, истеги тек сырткы тәрепине итибар бериў, сақлап қалыўшылық. **2.** Логикада, көркем өнерде, әдебиятта реакцияшыл идеалистлик ағым. **3.** Буржуазия мәденияты менен әдебиятында мазмунлы формадан айырып, формаға яки оның айырым элементлерине негиз етип қараў ҳәм тийкарғы орын бериўге қаратылған агым.

ФОРМАЛИН ат. хим. Дизенфекция қылыў ушын пайдаланылатуғын күшли ийисли дәри, өткир ийисли зат.

ФОРМАЛИНЛЕЎ ф. Формалин менен дизенфекция қылыў, формалин септириў, дәрилеў.

ФОРМАЛИСТ ат. **1.** Бир нәрсеге (формализм 1 мәниси) формаль қарап, форманы ғана сақлаўға тырысыўшы адам. **2.** Формализм (формализм 2 мәниси) тәрепдары.

ФОРМАЛИСТЛЕРШЕ р. Формалистке, формализмге тийис жағдайда.

ФОРМАЛИСТЛИК кел. **1.** Формализм (формализм 2 мәниси) принциплерине тийкарланған, сүйенген, негизленген. **2.** Формализмнен ибарат.

ФОРМАЛЫ кел. **1.** Қымбатлы, келбетли, сықыллы, сулыў. Жигиттиң үстиндеги костюм-шалбар *формалы* болып тигилипти, – деди ғарры. **2.** Арнаўлы формада тигилген кийим кийген, форма кийген. Формалы курсант. **3.** Арнаўлы формада тигилген . Формалы кийим.

ФОРМАЛЫҚ кел. Белгили бир қәсийетке, сапаға ҳәм нәтийжеге ийе болған. Сонлықтан бундай *формалық* уқсаслықты терминологиядағы омонимиялық қубылыс деп атаўға болады (Е.Бердимуратов). Тилдеги синонимлик фразеологизмлер белгили системаға түсирилип, олар *формалық* уқсаслығыда сақланып сөзликке бериледи (М.Қәлендеров).

ФОРМАНТ ат. **1.** қ. морфема. **2.** Сөздиң мәнисин өзгертетуғын қосымталар.

ФОРМАСЫЗ кел. 1. Келбетсиз, сымбатсыз, сықылсыз, секилсиз, сулыў емес. ... *Формасыз* тигилген кийимди маған неге усынасаң, – деп ғарры бирден ашыўланды. **2.** Арнаўлы формаға, ийе емес, ийе болмаған. Формасыз солдат. Формасыз лётчик.

ФОРМАТ ат. полигр. Китаптың, газета-журналлардың, карточкалардың ҳәм ҳәр қыйлы қағазлардың көлеми, үлкен-кишилиги, үлгиси, размери. Карточка *форматы.* Қағаз *форматы.*

ФОРМАТЛЫ кел. Белгили формаға ийе болған. Кишкене форматлы карточка. Үлкен форматлы китап.

ФОРМАЦИЯ ат. **1.** Бир жәмийеттиң раўажланыўындағы белгили бир дәўири ҳәм сол раўажланыў дәўирине тән қубылыс. **2.** аўыс. Көзқараслар ҳәм пикирлер системасы. **3.** геол. Бир ўақытта ҳәм ҳәр қыйлы усылда пайда болған геологиялық қатламлар ҳәм таў жынысларының жыйындысы.

ФОРМУЛА ат. **1.** Нызамның қағыйдаларына, идеяға ҳәм усыллар сыяқлыларға қысқа ҳәм анық сөз бенен берилген

түсиник, анықлама. **2.** Қандай да бир нәрсениң қысқа ҳәм анық түсиниги, белгиси. **3.** мат. Бир нәрсе ҳаққында шәртли белгилер, элементлер, арқалы жазылған түсиник, анықлама. Математикалық формула. Алгебралық формула. **4.** хим. Затлар курамының химиялық белги ҳәм элементлер арқалы белгиленген, таңбалары түсиниги, анықламасы.

ФОРМУЛИРОВКА ат **1.** Бир пикирдиң қысқа ҳәм анық түсиниги, анықламасы. Теореманың формулировкасы. **2.** Қысқа ҳәм анық айтылған пикир, жағдай, формула. Сөзди белгилеўдеги формулировка.

ФОРМУЛЯР ат. **1.** Қурылыс, механизм, прибор ҳ.т.б. пайдаланыў, олардың бузылыўы, ремонтлаў ҳәм т.б.лар ҳаққында избе-из тәртип пенен жазылатуғын, жазып беретуғын арнаўлы дәптер яки бланк. Самолёт формуляры. **2.** Китапханаларда яки бир китап ишине салып қойылатуғын ҳәм усы китап ҳаққындағы мағлыўматлар жазылған киширек карточка. Китапхана формулярлары.

ФОРПОСТ ат. **1.** әск. Бөлимди қорғап турыўшылардың алдынғы қатардағы отряды. **2.** Шегарадағы беккем орналасып алған сақшы бөлими. **3.** аўыс. Бир нәрсениң ылғаллы, алдағы бөлими, авангард.

ФОРТ ат. әск. Қорғанды қараўыллаў системасы, онша үлкен болмаған бекинис, кишкене қорған.

ФОРТЕПЬЯНО ат.муз. Пианино, рояль сыяқлы бармақ пенен басып шертилетуғын клавишли музыка әсбапларының улыўма аты, музыкалық әсбап.

ФОРТЕПЬЯНОШЫ ат. Фортепьяноны шертиўши, усы әсбапта ойнаўшы.

ФОРТИФИКАЦИЯ ат.әск. **1.** Урыс майданын беккемлеў ҳаққындағы әскерий-инженерлик илим. **2.** Усы илимниң тийкарларын оқытыў предмети, пәни. **3.** Беккемлеў қорғанларын дүзиў.

ФОРТОЧКА ат. Бөлмениң, үйдиң ишин шамаллатыў мақсетинде терезеге орнатылған, оны ашып жабылатуғын арнаўлы кишкене көзи.

ФОРТУПА ат. Тәғдир, жазмыш, ўақыя, бахыт.

ФОРУМ ат. **1.** тар. Әййемги Римде халық жыйылатуғын суд ҳәм басқа процесслер өткизилетуғын, қаланың жәмийетлик турмысы жәмленетуғын майдан. **2.** Жыйналыс орны, майданы. **3.** Кең ўәкилли жыйналыс, съезд.

ФОСГЕН ат. хим. Дем алыў органларын зәхәрлендириўши, яғный хлордың углерод окиси менен биригиўинен пайда болған түссиз газ.

ФОСФАТ ат. **1.** Фосфор кислотасының дузы. **2.** Фосфор кислотасынан алынған минерал төгин. **3.** Төгин сыпатында, сондай-ақ, медицинада ҳәм техникада да қолланылады. Кальций фосфаты.

ФОСФАТЛАЎ ф. Фосфат қосыў, фосфатлы етиў.

ФОСФОР ат. Базы бир минераллардың, ҳәйўан ҳәм өсимлик клеткаларындағы болатуғын түри ақ қараңғыда нурланып, жарық берип турыўшы химиялық элемент. Қызыл фосфор. Себеби, енди азот берме, *фосфор* бер, деп жүр (К.Досанов).

ФОСФОРИТ ат. Қурамында фосфор көп болып, тийкарынан төгин сыпатында пайдаланылатуғын таў жынысы. Султан бабадан бес шақырымдай бир жерден *фосфорит* табылды.

ФОСФОРИТ кел. Фосфоритке байланыслы болған, фосфориттен таярланған. Фосфорит минераллар.

ФОСФОРЛЫ кел. Қурамында фосфор болған, фосфордан турған, фосфорлы кальций.

ФОТО ат. **1.** Фотография менен түсирилген сүўрет. **2.** Фотография. **3.** Фотографиялық деген сөздиң мәнисин билдиретуғын қоспа сөздиң биринши бөлеги.

ФОТОАЛЬБОМ ат. Фотокарточкалар орналастырыў ушын арнаўлы исленген альбом.

ФОТОАППАРАТ ат. Фотосүўрет түсиретуғын әсбап, фотография аппараты. Олар бағана бизлерге сыйлыққа алған *фотоаппаратын* мақтаныш пенен көрсетип, көзимизди қыздырды (А.Бекимбетов). Билесең бе неше мың *фотоаппаратлар*, пластинкалар, ойыншықлар, неше мың түрли таяр кийимлер ҳәм тағы басқа затлар (Ә.Пахратдинов).

ФОТОАТЕЛЬЕ ат. Сүўретке түсиретуғын, басып шығаратуғын, таярлайтуғын мөкеме.

ФОТОБОМБА ат. Түнде ҳаўада, яғный аспанда фотоға (сүўретке) түсириў ўақтында қолланылатуғын жақтыртқыш авиация бомбасы.

ФОТОВИТРИКА ат. Фотосүўретлер көргизбеси, фотосүўретлер қойылатуғын витрина.

ФОТОГАЗЕТА ат. Фотосүўретлерден ҳәм оларға берилген қысқа текстлерден ибарат газета.

ФОТОГРАФ ат. Фотография қәнигеси. Фотоаппарат менен алыўшы, түсириўши қәниге.

ФОТОГРАФИЯ ат. **1.** Арнаўлы оптикалық аппараты менен жарықлық сезетуғын қағазға, пластинкаға яки плёнкаға сүўрет алыў жолы, усылы. Фотография кружогы. **2.** Усындай усыл менен алынған сүўрет. Реңли фотография. **3.** Сүўретке алатуғын мәкеме, жумыс орны, кәрхана.

ФОТОГРАФИЯЛЫҚ кел. **1.** Фотографияға байланыслы, тийисли, фотографияға тән. Фотографиялық көркем өнер. **2.** Фотография ушын белгиленген, жарамлы. Фотографиялық әсбаплар. Фотографиялық камера. **3.** Фотография жолы менен исленген, алынған. Фотографиялық карточка. Фотографиялық сүўрет. Фотографиялық репродукция.

ФОТОКАМЕРА ат. Фотоаппараттың пластинка яки плёнка салынатуғын ишки бөлими.

ФОТОКАРТОЧКА ат. Фотографиялық карточка, фотосүўрет.

ФОТОКОПИЯ ат. Хүжжет хәм басқа да усы сыяқлылардың фотографиялық нусқасы, фотографиялық усылда алынған көширмеси, фотонусқа.

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ қ. фотохабаршы.

ФОТОҚАҒАЗ ат. Бетинде жарыққа сезимтал эмульциялық қабаты бар, фотосүўрет түсирилетуғын қағаз.

ФОТОЛАБОРАТОРИЯ ат. Фотосүўрет ислеў хәм көбейттириў ушын айрықша үскенеленген арнаўлы бөлме, кабинет, лаборатория.

ФОТОЛИТОГРАФИЯ ат. Фотографияны қолланыўға тийкарланған литография.

ФОТОЛИТОГРАФИЯЛЫҚ кел. Фотолитография жолы менен исленген баспа.

ФОТОМАТЕРИАЛ ат. **1.** Фотосүўретлер алыўға пайдаланылатуғын плёнка, фотоқағаз хәм хәр түрли химикат материаллар. Фотоматериаллар сатып алыў. **2.** Бир түрли мақсет ушын пайдаланыўға мүмкин болған хәр түрли фотосүўретлер. Көргизбе ушын *фотоматериал* таярлаў.

ФОТОМЕТР ат. **1.** физ. Жарықлық күшин, дәрежесин өлшейтуғын оптикалық әсбап, прибор. **2.** астр. Жулдызлардың жарықлығын анықлайтуғын оптикалық әсбап.

ФОТОМЕТРИЯ ат. **1.** физ. Оптиканың жарықлық хәм еритиў күшин, олардың өлшеў усылларын үйренетуғын бөлими. **2.** астр. Жулдызлардың жарықлық дәрежесин белгилеў менен шуғылланатуғын бөлими.

ФОТОМЕТРИЯЛЫҚ кел. Фотометрияға байланыслы, фотометрияға тийкарланған, фотометрияға тән. Фотометриялық метод.

ФОТОМЕХАНИКА ат. тех. Иллюстрациялардың копияларын бериўге фотографиялық ҳәм химиялық процесслерге тийкарланған илажлар жыйнағы.

ФОТОМЕХАНИКАЛЫҚ кел. тех. Фотомеханикаға тийкарланған, фотомеханикаға байланыслы, тән. Фотомеханикалық процесслер.

ФОТОМОНТАЖ ат. **1.** Белгили бир темада алынған сүўретлерди яки олардың айырым бөлеклерин бир-бирине қосып, оларды улыўма бир жағдайға әкелиў. **2.** Усы усылда таярланылған фотосүўрет, фотоплакат ҳәм тағы басқалар.

ФОТОН ат. физ. Электромагнит нурланыўының кванты, нур толқыны.

ФОТОНУСҚА к. фотокопия.

ФОТООБЪЕКТИВ ат. Бир неше линзалардан туратуғын фотоаппараттың бир бөлшеги, объективи.

ФОТОПЛАСТИНКА ат. Фотография пластинкасы.

ФОТОПЛЁНКА ат. Фотографияда затты түсирип алыў ушын пайдаланылатуғын жарық сезгиш лента. Сол ўақытлары барып полковник оның *фотоплёнка* екенлигин аңғарды. Подполковник өзиниң алдындағы *фотоплёнкаларды* жазып көрип отырып: – биринши *фотоплёнка* менен тупа-туўры келген өзинен шыққан *фотоплёнка* қайсысы екен деп бир *фотоплёнканы* қолына алды (Ә.Пахратдинов).

ФОТОРАЗВЕДКА ат. әск. Барлаўшының барған жерин сүўретке түсирип алып жүриўи.

ФОТОРЕЛЕ ат. тех. Фотоэлемент жәрдеми менен ҳәр түрли механизмлерди автомат түрде ҳәрекетке келтиретуғын реле.

ФОТОРЕПОРТАЖ ат. Сүўретке алып таярланылатуғын репортаж.

ФОТОРЕПОРТЁР ат. Репортаж ушын сүўрет алыў менен шуғылланыўшы фотограф.

ФОТОСИНТЕЗ ат. бот. Жоқарғы басқыштағы жасыл өсимликлердиң хлорофилл ҳәм басқа да фотосинтезлик пигментлер арқалы күн сәўлеси энергиясын сиңириўи нәтийжесинде организмлердиң тиришилигине керекли қоспалы органикалық затлар, дүзиўи, пайда етиў процеси.

ФОТОСҮЎРЕТ ат. Фотография жолы менен түсирилген, алынған сүўрет, фоткарточка.

ФОТОТЕКА ат. Фото сүүретлер яки олардың негативлериниң жыйнағы, олардың сақланатуғын архиви.

ФОТОСФЕРА ат. астр. Қуяштың көзге көринетуғын жақты бетин пайда еткен қатламы. Қуяштың көринерлик бети *фотосфера* деп аталады (Астрономия).

ФОТОТЕЛЕГРАММА ат. Фототелеграф арқалы берилетуғын, жибертилетуғын яки алынатуғын телеграмма, хат, хүжжет х.т.б. Фототелеграмма жибериў.

ФОТОТЕЛЕГРАФ ат. Телеграф ямаса радио арқалы орнынан қозгалмайтуғын затлардың сүүретин узақ жерлерге берип туратуғын әсбап, қурал.

ФОТОТЕЛЕГРАФИЯ ат. Электр токын өткергиш сым арқалы узақ жерлерге сүүрет тапсырыў, жибериў, Фотоэлементлерин фототелеграфия, телевидение ҳәм сесли кинода пайдаланыў.

ФОТОТЕРАПИЯ ат.мед. Жақтылық нурларының жәрдеми менен науқасты емлеў.

ФОТОТЕХНИКА ат.тех. Сүүрет түсириў техникасы.

ФОТОТИФИЯ ат. тех. **1.** Фотография жәрдеми менен сүүретлерди ең дурыс басыў жолы, усылы. **2.** Усы усыл менен басып шығарылған сүүрет.

ФОТОТОВАР ат. Сүүрет түсириў ушын керекли затлар.

ФОТОУВЕЛИЧИТЕЛЬ ат. Фотосүүретти қағазға копиялап сүүретти үлкейттирип түсириўши аппарат, проекциялық аппарат.

ФОТОХАБАРШЫ ат. Қандай болса да баспасөзде сүүрет түсириў менен шуғылланыўшы, фотограф.

ФОТОХИМИЯ ат. Химияда затлардағы жақтылық тәсири менен пайда болатуғын реакция ҳәм өзгерислерди үйрениў бөлими.

ФОТОХИМИЯЛЫҚ кел. **1.** Фотохимияға байланыслы, тийисли, фотохимияға тән. Фотохимиялық процесс. **2.** Фотографияда (1 мәниси) қолланылатуғын химиялық препаратларға байланыслы. Фотохимиялық өнимлер.

ФОТОХРОНИКА ат. Фотосүүретлер арқалы күнделикли жаңалық ўақыяларды көрсетиў.

ФОТОЦИНКОГРАФИЯ ат. тех. Басып шығарыў ушын цинк клишелерди фотомеханикалық жол менен жасаў жолы, усылы.

ФОТОЭЛЕКТРОН ат. физ. Заттан жақтылық энергиясының тәсири менен бөлинип шыққан электрон.

ФОТОЭЛЕМЕНТ ат. физ. Жақтылық яки нур энергиясын электр энериясына өзгертетуғын әсбап, прибор.

ФОТОЭФФЕКТ ат.физ. Жақтылық яки нур энергиясынның электр энергиясына туурыдан-тууры өзгерилиўиниң көриниси, формасы.

ФРАГМЕНТ ат. **1.** Белгили бир көркем шығарманың айырым бөлеги, бөлими. Операдан алынған фрагмент. **2.** Текстиң бир бөлеги, бөлими, тийкары, өзеги. Бурынғы қолжазбаның фрагменти. **3.** Художниклик, скульптуралық, архитектура сыяқлы көркем өнер шығармаларының сақланып қалған бөлеги, үзиндиси.

ФРАЗА ат. **1.** Тил билими менен музыкада қолланылатуғын термин. **2.** Тамамланған ойды билдиретуғын сөзлер дизбеги, гәп. **3.** Мазмунсыз яки мазмунның жалған болыўын өз ишине алатуғын жақсы түсиник, мазмунсыз яки мәниссиз сөз жыйынтығы, сөзлер дизбеги. **4.** муз. Бир неше дизбектен қуралған музыкалық сөз, нама.

ФРАЗЕОЛОГИЗМ ат. лингв. **1.** Екинши бир тилге сөзбе-сөз аўдарыўға болмайтуғын турақлы сөз дизбеги, оборот. Гейпара илимпазлар нақыл ҳам мақалларды *фразеологизмнен* бөлип қарайды (М.Қәлендеров). Соның менен қатар синонимлик *фразеологизмлер* белгили системаға түсирилип сөзликте бериледи (М.Қәлендеров). **2.** Семантикалық жақтан бөлинбейтуғын болғанлықтан гәпте бир сөз орнына жүретуғын сөз дизбеги, идиома. Сондай-ақ, *фразеологизмлердиң* өзлериниң лексика-грамматикалық қәсийетлерине қарай отырып, төмендеги топарларға бөлемиз (М.Қәлендеров). *Фразеологизмлер* семантикалық жақтан бөлинбейди, ал мәниси жағынан гәптиң пүтин ағзасы болып есапланады (М.Қәлендеров).

ФРАЗЕОЛОГИЯ ат. лингв. **1.** Тил билиминиң белгили бир тилге тийисли болған турақлы сөз дизбеклерин изертлейтуғын тараўы. Ал, кейинги жыллары қарақалпақ тилиндеги айырым мийнетлерди *фразеологияға* байланыслы мақалаларды ушыратыўға болады (М.Қәлендеров). **2.** Белгили бир тилге тән турақлы сөз дизбеклери, фразеологизмлер жыйынтығы. Бул нарсе *фразеологияның* обьектин дәл белгилеўде бираз ойландырыўды туўдырады (Е.Бердимуратов). *Фразеология* сөйлеў тилинде турақлылық қәсийетке ийе болып аўыспалы образлы мәнилерди аңлатады (М.Қәлендеров).

ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ кел. Фразеологияға тийисли. Фразеологияға байланыслы, фразеологияға қатнасы бар, фразеологияға караслы, фразеологияға тән. Бунда бир

фразеологиялық сөз дизбеги екинши бир фразеологиялық сөз дизбеги менен мәнилик жақтан жақын болады (Е.Бердимуратов). Ал, мына синонимлик сыңарлар *фразеологиялық* соз дизбеклериниң өзинен турады (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* өтлеспе – тураклы сөз дизбеклеринен жасалып мәнилери аўыспалы образлы болып келген сөз дизбеги. Ал, керисинше *фразеологиялық* өтлесиўлер екинши бир өткир ҳәм пүткиллей аўысып кеткен пүтин мәниге ийе (Е.Бердимуратов). Бунда *фразеологиялық* өтлесиў жеке бир гәп хызметинде де қолланылып тур (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* дизбек – бир сөз екиншиси менен тығыз байланысып дизбеклесип келиўи. *Фразеологиялық* дизбеклер көбинесе образлылыққа ҳәм мәнилик өткирликке ийе болып келеди (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* дизбеклердиң тураклылығы айқын нәрсе (Е.Бердимуратов). *Фразеологиялық* бирлик – тураклы сөз дизбегиниң қәсийетине ийе болып, айырым сөзлердиң туўра мәнисин пүткиллей жоғалтпай, аўыспалы мәниге ийе болып келеди. Қарақалпақ тилиндеги *фразеологиялық* бирликлер де мине усы тийкарғы белгилер менен характерленеди (Е.Бердимуратов). *Фразеологиялық* бирликлер әдебий шығармаларда жийи қолланылады, себеби сөз образлылығы көркем сүўретлеўдиң тийкарғы элементлери болып табылады (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* аңлатпа (сөзлер) – нақыл-мақаллар, афоризмлер, гөнерген образлы сөзлерден қуралған сөз дизбеги. *Фразеологиялық* аңлатпаға гейпара қанатлы сөзлер ҳәм сөз дизбеклери жатады (М.Қәлендеров). Қарақалпақ тилинде *фразеологиялық* аңлатпалар жийи ушырасады (Е.Бердимуратов). *Фразеологиялық* байланыс – сөзлердиң бир-бири менен мәнилик жағынан қатнаслары. Олардың тийкарғы типлери еркин *фразеологиялық* байланыслы функциональлық-синтаксислик лексикалық мәнилерден ибарат (Е.Бердимуратов). Олар еркин *фразеологиялық* байланысқан ҳәм басқа сөзлер менен дизбеклесип келип бир сөз екиншиси менен байланысады (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* оборот – сөзлердиң белгили бир грамматикалық қәсийетлерге ийе тил бирликлериниң синтаксислик бирикпеси, топламы. Оларды *фразеологиялық* оборотлар деп те атайды (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* синонимлер – белгили бир тилдеги фразеологияға байланыслы сөз дизбеклеринен болған синоним сөзлер. *Фразеологиялық*

синонимлерде эмоциональлық-экспрессивлик, стильлик мәни оғада күшли сезиледи (М.Қәлендеров). *Фразеологиялық* сөзлик – белгили бир тилдеги *фразеологиялық* сөз дизбеклериниң жыйындысынан дүзилген сөзлик. *Фразеологиялық* сөзлик дүзиў-процесинде жоқарыда келтирилген лексика-грамматикалық белгилерин нәзерде тутып, хәр бир сөзге белгили анлатпа көрсетиледи (М.Қәлендеров). Бул айтылғанлар қарақалпақ тилиниң *фразеологиялық* сөзлигин дүзиў процесинде тийкарғы жол-жоба болады (М.Қәлендеров).

ФРАКЦИЯ I ат.сия. **1.** Капиталистлик еллерде сиясий партиялардың парламентте хәм тағы басқа шөлкемлерде өз партиясының сиясатын жүзеге асырыў мақсети менен қурылған депутатлар топары. **2.** Сиясий партия ағзаларының ишиндеги базы биреўлериниң партия жолына бағынбай айырылған топары.

ФРАКЦИЯ II ат. хим. Қосынды затлардың белгили температурада ажыратылған бир бөлеги.

ФРАКЦИЯШЫ ат.сия. Фракция ағзасы, қатнасыўшысы.

ФРАНК ат. Франция, Белгия, Швейцария, Монако, Люксембург хәм тағы басқа бир қанша мәмлекетлерде ақша бирлиги.

ФРАНЦУЗ I ат. **1.** Францияның тийкарғы халқы. **2.** Франция халқының айырым бир адамы, ўәкили.

ФРАНЦУЗ II кел. Францияға байланыслы, францияға тийисли, францияға тән, францияға қараслы. Белгили Француз физиги Анри Пунакаре.

ФРАНЦУЗЛАР ат. Францияның тийкарғы, негизги жасаўшысын пайда етиўши халық, француз халқы.

ФРАНЦУЗША р. **1.** Францияға, француз халқына, әдебияты хәм мәдениятына тийисли. Французша қосық. **2.** Француз тили. Французша сөйлеў.

ФРАХТ ат. **1.** Жүкти суў арқалы тасығаны ушын төленетуғын ақы. **2.** Кирейге алынған кеме менен жиберилетуғын жүк.

ФРЕЗА ат. тех. **1.** Металлды, ағашты кесетуғын хәм жонатуғын айланбалы көп тисли әсбап. **2.** Жерди жумсартатуғын машина.

ФРЕСКА ат. Еле кеўип қатпаған жаңа сыбаўдың үстине айрықша нағыслап исленген сүўрет.

ФРИЗ I ат. Дийўал, пол, төсек, гилем сыяқлылардың шетине нағыслап исленген жийек әдип.

ФРИЗ II ат. Гезлеме түриндеги түкли қалың материал.

ФРИКАТИВ қ. фрикативлик.

ФРИКАТИВЛИК кел. лингв. Артикуляциялық ҳаўаның сөйлеў ағзалары тийип өтиўи арқалы жасалатуғын шаўқымлы Ф,Х,С,З сыяқлы даўыссыз сеслер. Фрикативлик сеслер.

ФРОНТ ат. әск. **1.** Қатара дизилген әскерлердиң яки колоннаның алдындағы тәрепи. **2.** Саўаш ҳәрекетлери болып атырған аймақтың, районның алдынғы тәрепи, урыс майданы. Көп кешикпей *фронтқа* түстик, март айының басы, жер көшип кеткен, батпақ дизден келеди, барарға орын, жатарға жай жоқ (Ө.Айжанов). **3.** Саўаш ҳәрекетлери болып атырған аймақтағы барлық қураллы күшлер жыйынтығы. Ерлерге сыйлық торы ат, жолланды бүгин *фронтқа* (Н.Жапақов). **4.** урыс ўақтындағы бир командирдиң басшылығы астында ең үлкен армия топары. Фронт штабы. **5.** Урыс болып атырған жер, сол жердеғи районның бир бөлеғи, айырым бир бөлими. **6.** Саўаш ўақытларында басқа да хызметкерлери менен ис көрсетиў. *Фронтқа* қандай ғайрат, қандай уқып, батырлық керек болса, пахтада да ислеў ушын сол шәртлер болыўы керек (С.Хожаниязов). **7.** Урыста жан-тәнин аянбай ислеў. *Фронтта* да истиң аўырын бежерип неше душпанларды жер менен жексен еткен едик (С.Хожаниязов). **8.** Саўашқа ҳәр түрли жәрдем, көмек көрсетиў. Биз *фронттан* пахта түўе жанымызды аяп отырмыз ба? Өзимиз гүйзелиске түссек те, алдымыздағы асымызды, қолда барымызды бердик (С.Хожаниязов). **9.** аўыс. Белгили бир республикада (үлкеде) жумыс ислеў ушын бирлескен жәмийетлик күшлер. **10.** аўыс. Саўаш ўақтында көпшиликтиң жәмлескен ҳәрекети. – Саған деп ол мениң бир өзимдики емес – ҳәмменики, мәмлекеттики, фронттики (С.Хожаниязов). ◊ **Мийнет фронты** – аўыс. Урыс ўақтында атызда, заводта, фабрикада ҳәм т.б. орынларда хызмет етиў, жумыс ислеў. Енди мениң орным – *мийнет фронты* (А.Бекимбетов).

ФРОНТОВИК қ. фронтшы.

ФРОНТША р. Фронттағыдай, фронтқа тийис, фронт талабына муўапық түрде. Фронтша ислеў күшимизге-күш, қуўатымызға-қуўат, ғайратымызға-ғайрат қоспақта.

ФРОНТШЫ ат. Фронта хызмет еткен, урыс ўақтында, урыс мәҳәлинде ҳәрекет еткен адам, киси. Олар фронтшы.

ФРУКТОЗА ат. Айырым өсимликлердиң жапыраклырында, жемислеринде ҳәм т.б. болатуғын мазалы зат, мийўе канты.

ФТИЗИАТР ат. мед. Фтизиатрия бойынша қәниге, маман, врач.

ФТИЗИАТРИЯ ат. мед. Медицинаның өкпе аўырыўы ҳәм оны даўалаў жолларын үйренетуғын бөлими.

ФТОР ат. хим. Химиялық элемент, өткир ийисли түссиз газ.

ФТОРЛЫ кел. Курамында фторы бар, фтор болған. Фторлы водород.

ФУГАС ат. әск. Жерге көмилетуғын яки суў астына қойылатуғын жарылғыш заттың заряды.

ФУГАСКА ат.әск.сөйл.т. Келип түскен жерин тесип өтип жарылатуғын авиабомба яки снаряд.

ФУГАСЛЫ кел. Жарылыў ўақтында пайда болған газдиң күши менен ҳәрекетке келетуғын. Фугаслы бомба.

ФУКЕР ат. Түрли жемис ҳәм жасалма суўларды, вино ҳәм т.б. ишиў ушын арналған үлкен бокал.

ФУНДАМЕНТ ат. **1.** Курылыслардың, конструкциялардың тас яки бетон негизи, тырнағы. Жайдың фундаменти. **2.** аўыс. Бир нәрсениң тиреги, негизи, базасы.

ФУНДАМЕНТАЛЫЛЫҚ кел. **1.** Үлкен, беккем, берк. **2.** Терең, пукта, негизли. **3.** Негизги, бас. **4.** аўыс. Үлкен әҳмийетке ийе болған терең ислетилген, тийкарғы.

ФУНДАМЕНТЛИ кел. **1.** Фундаменти бар, фундаментке ийе. **2.** Терең изертленген, жетерли тексерилген. **3.** Негизленген, тийкарланған.

ФУНДАМЕНТСИЗ кел. **1.** Фундаментке ийе емес, фундаменти жок, фундаментли емес. **2.** Тийкарланбаған, негизленбеген. **3.** Жетерли изертленбеген, терең тексерилмеген.

ФУНКЦИЯ ат. **1.** Мәни, роль. Олай болмағанда тил өзиниң тийкарғы *функциясынан* айырылған болар еди (Е.Бердимуратов). **2.** биол. Бир орган яки организмниң ислеп турыўы, ол өзгергенде өзгеретуғын қубылыс, көринис. **3.** Бир қыйлы көриниске байланыслы болған болған ҳәм ол өзгерген өзгеретуғын қубылыс, көринис. **4.** аўыс. Биреўге ямаса бир нәрсеге жүкленген ис, ўазыйпа, жумыс. **5.** мат. Басқа муғдардың өзгериўлерине қарап өзгерип турватуғын өзгергиш муғдар, шама.

ФУНКЦИОНАЛЬЛЫҚ кел. **1.** Функцияға байланыслы. Тийкарланған, негизленген. Функцияға тән. Функционаллық анализ. **2.** Дүзилиўине емес, активлигине, хызметине, функциясына байланыслы болған. Сөздиң лексикалық мәнилериниң үшинши типи *функциональлық*-синтаксислик шекленген мәниден ибарат (Е.Бердимуратов).

ФУНТ I ат. **1.** Россиядағы бурынғы 409,5 граммлық өлшем, кадақ. **2.** Англиядағы 453,6 грамм ҳәм бурынғы ески Европа еллериндеги өлшем, кадақ. Фунт стерлинг-Англияда 20 шиллингке тең ақша бирлиги.

ФУНТ II ат. Египет, Ливан, Ливия, Сирия ҳәм Суданда ақша бирлиги.

ФУРАЖКА ат. Ерлердиң дөңгелек ернекли ҳәм қысқа саяманлы бас кийими.

ФУРАЖКАЛЫ кел. Басында фуражкасы бар, фуражкаға ийе. Фуражкалы адам.

ФУРАЖКАСЫЗ кел. Басында фуражкасы жоқ, фуражкаға ийе емес. Фуражкасыз адам.

ФУРГОН ат. Үсти жабық жүк тасыйтуғын арба, ал оған усаған үсти жабық жүк тасыйтуғын кишкене автомобиль.

ФУТ ат. 30, 48 сантиметрге тең узынлық өлшеми.

ФУТБОЛ ат. Еки командадан дүзилип, аяқ пенен теўип гейде бас пенен ҳәрекет етип дәрўазаға топ өткерип ойнайтуғын спорттың түри. Футбол командасы. Футбол тобы. ... гүздиң бир күнинде балалар *футбол* ойнап жүр еди (Қ.Айымбетов).

ФУТБОЛКА ат. Жеңи қысқа тор, яғный трикотаж спорт көйлеги.

ФУТБОЛШЫ ат. Футбол ойнаўшы адам.

ФУТЛЯР ат. Сынатуғын қымбатлы затларды салып қоятуғын қаплама, қап, қын, қуты, қынап тағы басқалар.

ФУТУРИЗМ ат. XX әсирдиң басларында көркем өнерде ҳәм әдебиятта пайда болған реализмге қарсы буржуазиялық формалистлик ағым, бағыт.

ФУТУРИСТ ат. Футуризмниң тәрепдары.

ФУТУРИСТЛИК кел. Футуризм идеялары менен суўғарылған, футуризмге тийкарланған, футуризмге негизленген.

ФУФАЙКА ат. **1.** Алды бети илдирип қойылатуғын, ишине пахта салынып сырылған келте куртка. **2.** Ыссы трикотаж яки жүннен тоқылған, келте үст кийим.

ФЮЗЕЛЯЖ ат. ав. Самолёттың корпусы, геўдеси.

Х

Х ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң отызыншы ҳәриби ҳәм усы ҳәриптиң таңбасы. **2.** Аўыздың керилип ашылыўы, таңлайға тилдиң тийиўи арқалы пайда болған даўыссыз сести билдирип келеди. **3.** Бул ҳәрип сөздиң басында, ортасында, ақырында жазыла береди. **4.** к. ха.

ХА ат. Х ҳәрибиниң аты.

ХАБАР ат. **1.** Биреўге, бир нәрсеге яки бир ҳәдийсе ҳаққындағы мағлыўмат, жаңалық. Жақында пайтахтымыздағы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектеби оқыўшыларының жетискенликлери ҳаққындағы хош *хабарды* еситип қуўандық («ЕҚ» г.). **2.** Даңқ, атақ. Усы жасларына келип Гүлайым, Дүньяның жүзине түсти *хабары* («Қырқ қыз»). **3.** Биреў тәрепинен тапсырылған, жеткерилген, жазылған хат. Ҳәр урыўға *хабар* салды, Қоңыр ат минип Майқы келди, ... (Бердақ). **4.** Мақала, информация. Қарақалпақстан хабар агентлигиниң шолыўшысы («ЕҚ» г.). **5.** Қатнас, байланыс. Өрт пайда болғанда тезлик пенен «101» телефон номери арқалы өрт қәўипсизлигине *хабар* бериң («ЕҚ» г.). **6.** Биреўдиң турмысы, жағдайы, ҳалы ҳаққында. Республика ҳәм район басшылары болса, ҳәр жыл сайын аймақларда мал қыслатыў мапазына таярлықтың барысы менен танысыў мақсетинде, олардың ҳал-жағдайынан *хабар* алып, шопанлар ушын керекли болған азық-аўқат, кийим-кеншек ҳәм от-жем менен тәмийинлеў илажларын көреди («ЕҚ» г.). **7.** Жар, даўырық. Қасыңа жаршы алсаң да, Жаҳанға *хабар* салсаң да, ... (Бердақ). **8.** Бир нәрсе ҳаққында билиў, мағлыўматқа ийе болыў. *Хабарың* бар дәўир көзқарасынан, Төбеңе нәзер сал тал арасынан! (И.Юсупов). **9.** Дереги. Той *хабарын* еситип, Булар да келди бул тойға ... («Ер Зийўар»). **10.** лингв. Гәптиң ийеси ҳаққында хабар ететуғын ҳәм грамматикаға бағынатуғын бас бөлеги. **11.** аўыс. Дурыслы анықланбаған сөз, мыш-мыш гәплер. «Туўылар жаңа дала Дантелери», – Деген *хабар* бардай

отырысында... (И.Юсупов). ◊ **Хабар-атар** – мағлыўмат. **Хабар-атар болмаў** – дәрексиз, биймәлим. Үмит еткен жақсылықтан да *хабар-атар болмай* қалды (Қ.Ирманов). **Хабар гәп** – лингв. гәптиң хабарлы түри.

ХАБАРДАР кел. **1.** Хабары, сезими бар. Буның ҳәммесинен Изимбетов *хабардар* еди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Бир нәрсеге қатнаслы, байланыслы. Бир-биреўимизден *хабардар* болғайлы (К.Аралбаев). ◊ **Хабардар болыў** – **а)** хабары болыў, билиў, еситиў. **б)** күтип турыў, дыққат бөлиў.

ХАБАРДАРЛЫҚ ат. **1.** Хабары, сезими барлық. **2.** Қатнаслық, байланыслық.

ХАБАРЛАНДЫРТЫЎ хабарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХАБАРЛАНДЫРЫЎ хабарлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ХАБАРЛАНЫЎ хабарлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ХАБАРЛАСЫЎ хабарлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ХАБАРЛАТТЫРТЫЎ хабарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХАБАРЛАТЫЎ хабарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХАБАРЛАЎ ф. Билдириў, мәлимлеў, дағазалаў. Ол дүмпектиң аржағындағы жылғалық пенен бир топар немец армиясының киятырғанын *хабарлады* (Ө.Хожаниязов).

ХАБАРЛАЎШЫ ат. Билдириўши, мәлимлеўши.

ХАБАРЛЫ кел. **1.** Мағлыўматлы, жаңалықлы. **2.** Қатнаслы, байланыслы.

ХАБАРСЫЗ кел. **1.** Бийдәрек, бийхабар, дәрексиз, изсиз, белгисиз. Ол мениң бул жерге келгенимнен *хабарсыз* екен (Ө.Хожаниязов). **2.** Хабары жоқ, мағлыўматсыз.

ХАБАРСЫЗЛЫҚ ат. **1.** Бийхабарлық, дәрексизлик, бийдәреклик. **2.** Мағлыўматсызлық, хабары жоқлық.

ХАБАРШЫ ат. Хабар жеткериўши, айтыўшы. Алдынан шыққан *хабаршы* менен сөйлескеннен кейин әўелги гүптикейи және пайда болды (Т.Қайыпбергенов).

ХАКАС I қ. хакаслар.

ХАКАС II кел. Хакас халқына тийисли. Хакас халқына тән. Хакас тили.

ХАКАСЛАР ат. Хакас үлкесинде жасайтуғын, түркий тиллер топарына киретуғын халық.

ХАЛАТ ат **1.** Ҳәр қыйлы товардан тигилген жалаң қабат кийим. Тек мен бе екен десем, оның өзи де ушырасыўға таярланыпты, бағанағы *халатын* шешип, үстине гүлли бир көйлек кийипти, жаздырылып кеткен шашларын тарап

ҳоппыйтқан қусайды, ол суп-сулыў болып, аппақ дийдарын әбден гөззал етип көрсетип тур (А.Султанов). **2.** Үйде, хожалық жумысларына кийетуғын жумыс кийими. **3.** Медицина, саўда, басқа да хызмет көрсетиў орынлары хызметкерлериниң ақ гезлемеден тигилген арнаўлы жумыс кийими. Тутанған көйлегин өширип ақ *халатқа* орап алды (А.Оразов). Сатыўшы дәрҳал *халатын* кийип, затлардың баҳалары жазылған ярлықларды тәртиплестирип шықты («ЕҚ» ғ.). **4.** Емлеўханада аўырыўлардың кийетуғын кийими.

ХАЛАТЛЫ кел. Халаты бар, халатқа ийе.

ХАЛАТСЫЗ кел. Халаты жоқ, халатқа ийе емес.

ХАЛЫҚ ат. **1.** Белгили бир елди, мәмлекетти мәканлаўшы адамлар. Теңизде аў салса да ҳәргиз балық жоқ, Бизди асырар шадықуррам *халық* жоқ (Күнхожа). **2.** Миллет. Уллы рус *халқын* сүйген инилик жүрек пенен, Сүйемен рус қосығы, мәдаткар лирам менің (И.Юсупов). Қарақалпақ *халқында*, Сәрдары деген урыўында, ... («Қоблан»). Белгили бир кәсиптиң адамлары, қәўими. Дийқан *халқы* ҳақ нийетли кисидур, Тамған тери тиришиликке дәнекер (И.Юсупов). Шопан *халқы* – шыныққан шөл перзенти (И.Юсупов). **3.** Журт, көпшилик, халайық, аламан, жыйналған топар. *Халық* қатары күн кеширип, әкеси Жумамураттың бары-жоғын билдирмеўди ойлады (Т.Қайыпбергенов). **4.** сөйл. т. Адам, киси, инсан. ◊ **Халықаралық аўҳал** – мәмлекетлердиң сыртқы сиясаты, қатнасы, жағдайлары.

ХАЛЫҚЛЫҚ кел. Халыққа тән, халыққа тийисли, халыққа байланыслы, халыққа жақын. Сизлер менен бирге уллы *халықлық* иске қуў даланы гүллендириўге топылыс жасаймыз (Ж.Аймурзаев).

ХАЛЫҚШЫ қ. халықшыл.

ХАЛЫҚШЫЛ кел. Халық пенен күшли байланыста болған, халықтың қызығыўшылығына, мәдениятына, сапасына, руўхына туўры келетуғын.

ХАЛЫҚШЫЛЫҚ ат. Халықшыл болыўға байланыслы өзгешелик.

ХАН ат. **1.** Бурынлары мәмлекет басында турып, елди, халықты басқарған адам. Хийўа *ханы* көтерилис тапты, Барып қазақты шапты (Бердақ). **2.** Айырым еллерде, халықларда атадан-балаға, нәсилден-нәсилге киятырған дәреже хәм усындай дәрежедеги адам. **3.** аўыс. Бир истиң маманы яки бир топар адамлардың жасы үлкени, басшысы. Ҳайтта,

мерекеде қызлардың *ханы*, Дүньяда бир өзиң болдың Паршагүл (Әжинияз). **4.** аўыс. Қурғын, бай. Пышақ хақың еки сыйыр бир ғунан, Малың болса, өзиң патша, өзиң *хан* (И.Юсупов).

ХАНА I ат. **1.** Пүтин заттың бир бөлеги, данасы. **2.** Бөлме, өжире, жай. Ҳәр *ханада* күннен түскен жарықтың, Сүттей уйығанын, пәклигин көрдим (И.Юсупов). **3.** Асхана, дәрихана, чайхана, устахана, ғәзийнехана т. б. сыяқлы сөзлерди пайда ететуғын кәсипти, орынды билдириўши аффикс (аффиксоид). **4.** аўыс. Өзлиги, ишки дүньясы. Өз *ханаңа* сыймайсаң, Сөл нәрсеге исинип (И.Юсупов). Халықтың халыққа деген кеўил *ханасы*, Дослық мийманына толыдур бәрҳа (И.Юсупов). **5.** аўыс. Адамның ишки организми, жүрек-баўыры, мүшеси. Бузып тағы да *ханасын*, Қуртып оның да шарасын, Қызды туўған анасын, Дарға асып өлтирген екен (Бердақ).

ХАНА II Белгили бир орынды билдириўши аффиксоид. Асхана, китапхана, чайхана, дәрихана ҳәм т.б.

ХАНАЗАТ ат. **1.** Бир хожалықта туўылып алынған тәрбия, күтим. **2.** аўыс. Жүйрик, тулпар, шапқыр, ақыллы, Жылқының бир түри, Батыр минген *ханазат*, Ақылы адамнан зыят, Басына ис түскен жерде, Сөйлейди екен ҳайўанат («Алпамыс»).

ХАНАЛАС кел. Туўысқан, баўырлас. Батыр менен *ханалас*, Аты нашар демесең, Ер жигитке басма-бас, Бир синлиси бар еди, Атын сорасан Қарлығаш («Алпамыс»). Тамырында қаны шерик, *Ханалас* сөз «туўысқанлық» ... (И.Юсупов).

ХАНАТЛАС кел. Кийимлик материалдың ең жақсы түри, яғный қызыл атлас деген мәниде. Өзбек бәҳәринде гүллер шырайы, Кийгениң беҳасам *ханатлас* шайы (И.Юсупов).

ХАНАЎАЙРАН ф. тар.с. Үй-жай, мал-мүлкинен жуда болыў.

ХАНБИЙКЕ ат. тар.с. **1.** Ҳаял-қызлардан болған хан. **2.** Ханның ҳаялы.

ХАНЗАДА ат. **1.** Шығысы хан тукымынан болған адам. *Ханзадалар* ханымлар, Ол залымнан ақыл алма (Өтеш). **2.** Ҳаял-қызлардың аты.

ХАНЛЫҚ ат. тар.с. **1.** Ханға берилген атақ, дәреже. Бул сөзиме инан достым, *Ханлық* маған жоқ екен, Күни кеше сизлердиң, Тиллериңизди алмадым (Бердақ). **2.** Ханның карамағындағы ел, журт, халық, мәмлекетлик дүзим. *Ханның* дийўанбегисине көп пул бердим де, ханлықтың арқа шегарасындағы еллери менен сөйлесик жүргизетуғын исенимли елшиси деген жарлық хат жаздырып алдым (Т.Қайыпбергенов).

3. Ханның қарамағындағы байлық, бийлик, әмел, атақ. Ата-бабасында *ханлық* жоқ, ханлықты келистире ме? – деди (Т.Қайыпбергенов).

ХАНИМАРДАН диал.с. Балықты аўлайтуғын қустың түри. Үш метр суўдың астындағы балықты да ала алады (Д.Насыров, О.Доспанов).

ХАНЫМ ат. **1.** Ҳаял-қызларды иззет етиў, хүрметлеўдеги атама. Жалаў керип жән-жағына қарадың, Не себептен *ханым* қалдың сен ойға (Өтеш). **2.** Ханды хүрметлеп атаў. – Журт ийеси *ханымыз*, Байрақ не? – деп сорады («Қоблан»). **3.** аўыс. Турмысқа шыққан ҳаялға хүрметлеп айтылатуғын сөз. *Ханымлар* шөллесе «боржомий» сорап, Ханның қызынан-да өткерер еди... (И.Юсупов). **4.** аўыс. Таныс емес ҳаялға қарата айтылатуғын сөз. **5.** аўыс. Бийтаныс ҳаялды хүрмет пенен атаў.

ХАНЫМША ат. Ҳаял-қызларды хүрметлеп, еркелетип айтылатуғын сөз. *Ханымша*, сорпа ишиңиз, жазыласыз (Т.Қайыпбергенов).

ХАРАКТЕР ат. **1.** Минез, қәсийет, қылық, пейил. **2.** Сыпат, қәсийет, өзгешелик, айырмашылық. **3.** Әдебиятта, көркем өнерде белгили бир топар адамлардың типин, улыўма өзгешелигин көрсететуғын образ, тип. Шайыраның «Анамның анасына», «Балам», «Назлымға», «Жеңгелер», «Қәнигүл кишеме», «Кемпирлер» ҳәм т.б. қосықларында өз халқының туўған-туўысқан, жақын адамларының, әсиресе, ҳаял-қызларымыздың миллий *характери* менен психологиясы барынша шебер ашылады (Г.Шамуратова).

ХАРАКТЕРИСТИКА ат. **1.** Бир нәрсеге тийисли анықлама, сыпатлама, минезлеме. Жақсы *характеристика* берип жиберипти, – деди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Биреўдиң хызмети ҳәм жәмийеттеги хызмети ҳаққында рәсмий түрде берилетуғын жазба минезлеме.

ХАРАКТЕРЛЕНИЎ характерлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ХАРАКТЕРЛЕЎ ф. **1.** Минезлеў, сыпатлаў, анықлаў, қәсийетлеў. **2.** Сүўретлеў, баянлаў. Оның мына монологы батырлығын тағы да айқынырақ *характерлейди* (Қ.Мақсетов). **3.** мат. Онлық логарифминиң пүтин сан бөлшеги.

ХАРАКТЕРЛИ кел. **1.** Белгили бир характерге ийе болған жумсақ характерли адам. **2.** Биреўдиң ямаса бир нәрсениң өзине тән өзгешелигин анықлайтуғын, оны басқалардан

парықлап, ажыратып көрсететуғын белги. **3.** Сыпатлы, қәсийетли, өзгешелиги. **4.** Айырықша тән.

ХАРАКТЕРСИЗЛИК ат. Айтарлықтай характерге ийе емеслик.

ХАСАМ диал.с. Ант, салтанатлы буйрық. Хан *хасам* етипти (Д.Насыров, О.Доспанов).

ХАТ ат. **1.** Басқа жердеги биреўге яки мәкемеге хабар бериў ямаса пикирлесиў мақсетинде почта арқалы жиберилетуғын текст жазылған қағаз. Мүмкин, почтальон оған да ағасынан *хат* әкелген шығар (Т.Қайыпбергенов). **2.** Оқыў ҳәм жазыў, саўат, билим. Ескиликтиң қара, түнлигин туўрап, Жаңа әлип дүзип, *хатты* сулыўлап, ... (И.Юсупов). **3.** Хатқа жазылған текст. Хат тексти. Хат жазыў. **4.** Қандай да бир нәрсеге жазылған, сызылған яки үйилген белгилер, жазыў яки текст. Шайырлар қәлем алғалы, *Хатқа* туўры салған емес (Бердақ). **5.** Қандай да бир хабар, мағлыўмат яки ҳәр қандай текст жазылған қағаз. Төртисиден зүрияд қалды, Жазылған шежире *хат* қалды, ... (Бердақ). **6.** Жазыў ушын пайдаланылатуғын графикалық белгилер, ҳәриплер системасы, графика. **7.** Ҳәриплерди жазыўдағы өзине тән усыл, жазыў түри, көринис. Сулыў жазылған хат. **8.** Жазыўдағы ҳәр бир қатар. **9.** Сызық, қатар. **10.** Бир нәрсени жазба түрде көрсетиў, дизимге алыў, дизим. Хатқа алыў. Хатқа түсириў. Жасырып қойған болмасын, Хатланбай нәрсе қалмасын, Бәрин *хатқа* сал, деди («Қоблан»). **11.** Рәсмий қағаз, ҳүжжет. Мен буннан алдынғы ислеген мәкемемде директорға наразы болып, район ҳәкимиятына *хат* жазған едим (М.Нызанов). **12.** Буйрық, пәрман, көрсетпе. Еккиси саўдагер болды, Ханнан жығалы *хат* алды, ... (Бердақ). Қәлендер ушын жораларының гәпи *хат* пенен кәлем еди (А.Султанов). **13.** аўыс. Таза, пәк, гирбинсиз. *Хат* түспеген қағаздайын ақ едим, Жигитликтиң гүнасынан пәк едим (И.Юсупов). ◊ **Тил хат** – исеним, гүўанама. **Хат-хабар** – улыўма белгиленген жерге жазба түрдеги ямаса аўызеки хабардың бәрин жыйнақлаў түринде билдиретуғын жуп сөз. Умытпайман – деди ол – *Хат-хабарсыз* кетсең де (Б.Қайыпназаров). **Хат-саўат** – хатты жазалатуғын, оқый алатуғын саўатлылық. **Талақ хат** – тар.с. Ерли-зайыплылардың бир-биринен ажырасыўы ҳаққындағы рәсмий қағаз, ҳүжжет.

ХАТИР ат. тар.с. Ой-пикир, нийет.

ХАТКЕР қ. хатшы.

ХАТКЕРЛИК ат. гөн. с. Секретарлық.

ХАТЛАНЫЎ хатлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ХАТЛАСЫЎ хатлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ХАТЛАТТЫРТЫЎ хатлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ХАТЛАТЫЎ хатлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХАТЛАЎ ф. Дизимге алыў, есапқа алыў, хатқа жазыў. Республикамыздағы аўыр шараятта жасап атырған, *хатлаўдан* өткерилген пуқаралардың турақ жайларын орнына барып көриў, оларға әмелий жәрдем көрсетиў, үйлерин онлап бериў бағдарында жумысларды нәтийжели жолга қойыў мақсетинде тийисли тараў басшыларынан дүзилген жумысшы топарлар тәрепинен аўыр шараятта жасап атырған пуқаралардың жасаў шараятларын жақсылаў, олардың турмыс абаданлығын тәмийинлеў бойынша ийгиликли баслама ямаса «Меҳир ҳәрекети» шеңберидеги қайырқомлық илажлар даўам етпекте («ЕҚ г.).

ХАТЛАЎШЫ ат. Дизимге алыўшы, есапқа алыўшы, хатқа жазыўшы.

ХАТ-ХАБАР ат. Хат ҳәм хабар, дәрек.

ХАТ-ХАБАРСЫЗ кел. Хат ҳәм хабарсыз, дәрексиз, изсиз, дым хабарсыз.

ХАТ-ҲҮЖЖЕТ ат. Хат ҳәм ҳүжжетлер.

ХАТ-ҲҮЖЖЕТСИЗ р. Хат ҳәм ҳүжжетсиз, хеш қандай ҳүжжетсиз.

ХАТШЫ ат. **1.** Белгили бир мәкеменің ис қағазларын жүргизиўши хызметкер, секратарь. Хат әкелди *хатшысы:* «Эй, Хан Мөде, пияда жур! Жараспас ат мингенің! (Б.Генжемуратов). **2.** Хат жазыўшы, хаткер.

ХАТШЫЛЫҚ ат. Секретарлық, хызметкерлик, хаткерлик.

ХАТМ ЕТИЎ ф. тар.с. Ақырына жеткериў,питкериў.

ХӘНИЗЛИ ЖЕР диал.с. Кебир, шоры бар жер. Ал *хәнизли кебир жерлерди* үш, төрт рет суўғарамыз (Д.Насыров, О.Доспанов).

ХИМИК ат. **1.** Химия илими бойынша маман, қәниге, алым. **2.** Химия санаатының хызметкери. ... Әбиў Али Ибн Сино атындағы жас биологлар ҳәм *химиклердиң* қәнигелестирилген мектеп-интернаты (кейинги орынларда — қәнигелестирилген мектеплер... («ЕҚ» г.).

ХИМИКАТ ат. Химиялық усылда таярланған препаратлар, химиялық затлар. 1950-жылы пахташылықта техника кем, ҳәр

қыйлы минерал төгинлер менен *химикатлар* жоқтың қасында еди (О.Әбдирахманов).

ХИМИЯ ат. Тәбият илиминиң бир тараўы – затлардың дүзилисин, өзгешелигин, сондай-ақ, бир заттың басқа бир затқа айланыўын изертлейтуғын илим.

ХИМИЯЛАСТЫРЫЎ ф. Техникада, санаатта ҳәм аўыл хожалығында затларды химиялық жол менен ислеў усылларын ҳәм химия тараўындағы байлықларды тәжирийбеде қолланыў.

ХИМИЯЛЫҚ кел. **1.** Химияға байланыслы, химияға тийисли. Химиялық анализ. **2.** Химия илимине тийкарланған жағдайда таярланған. Химиялық препарат. **3.** Өндиристе, хожалықтың ҳәр түрли тараўларында қолланыўға арналған, бағышланған. Химиялық жетистириў. **4.** Химия методлары менен исленген, жетистирилген. Химиялық бояўлар. **5.** Химия санааты өнимлерин урыс мақсетлеринде қолланыўға яки қолланыўына тийкарланған. *Химиялық* қураллар. *Химиялық* снарядлар.

ХИРУРГ ат. Хирургия қәнигеси, операция маманы. *Хирург* өз жумысын даўам етти (А.Бекимбетов).

ХИРУРГИЯ ат. **1.** Медицина илиминиң операция жолы менен емлейтуғын тараўы, бөлими. **2.** Аўырыўды операция жолы менен емлеў.

ХИРУРГИЯЛЫҚ кел. **1.** Хирургияға тийисли, байланыслы. Ақырында медицина хызметкерлериниң араласыўы менен *хирургиялық* операция жолы менен Жумаништың тамағындағы сүйек зорға алынды (Қ.Айымбетов). *Хирургиялық* әмелиятқа мүтәж 36 кексе анықланып, соннан 19 нураныйға *хирургиялық* әмелият өткерилген («ЕҚ» г.). **2.** Операция ўақтында пайдаланатуғын зат. *Хирургиялық* қайшы. **3.** Хирургиялық шаралар менен басқарылатуғын.

ХЛОР ат. хим. Механикада және санитарияда дезинфекция қуралы ретинде қолланатуғын, урыста зәҳәрлендириўши затлар жасаўға пайдаланатуғын химиялық элемент, зәҳәрли газ. Самолёт ушқанда, қонғанда барлық орынлар *хлор* менен жуўылып, хызметкерлер антисептикалық қорғаныў усылларынан пайдаланбақта («ЕҚ» г.).

ХЛОРЛАЎ ф. Хлор қосып дизинфекция ислеў.

ХЛОРЛЫ кел. Қурамында хлоры бар, хлордың араласпасы бар элемент. *Хлорлы* органикалық дәрилер (Ә.Жәлменов).

ХЛОРОФОРМ ат. мед. Наркоз ретинде қолланылатуғын, ийисли, жағымлы хлорлы суйық элемент. Буннан *хлороформның* емескилеў ийиси келип турады (Ә.Жәлменов).

ХЛОРОФОС ат. хим. Зыян келтиретуғынларға, зыянкеслерге қарсы гүресиў ушын қолланылатуғын фосфорлы органикалық препарат.

ХЛОРПИКРИН ат. хим. Ийиси мурынға тәсирли, аўыл хожалық зыянкеслерине қарсы гүресиўде, дезинфекция жасаўға ҳәм зәҳәрлеўши зат есабында қолланатуғын аўыр суйық зат. *Хлорпикрин* – тынық түрдеги зат (Ә.Жәлменов).

ХОЖА ат. **1.** гөн.с. дин.с. Мусылман динининң ўәкили. Молла, *хожаны* жыйдырды, Ҳәр түрден жемис үйдирди («Алпамыс»). **2.** Бир нәрсени бийлеўши, басқарыўшы, ийелеўши. Жер-суўдың халықлар *хожасы* болды, Еркинлик шадлыққа кеўили толды (Н.Дәўқараев). **3.** Үй ийеси, басшысы. **4.** Биреўдиң ямаса бир нәрсениң ийеси, хожайыны. Үйдиң хожасы. Жақсы жердиң қәдирин, *Хожасы* билмес қул билер (ққ.х.н.). **5.** тар.с. Биринши болып ислам динин қабыл еткен жерли адам, кейин ала диншиллердиң исениими бойынша төрт Халифаның биреўиниң әўлады. Қалендер менен шайықты, *Хожаларға* қарғатқан,... («Ер Зийўар»). **6.** Орта Азияда бурыннан артықмашлыққа ийе болған ақсүйеклер және олардың әўладлары. **7.** Ер адамлардың атларына қосылып келеди. Аюпхожа, Мамутхожа.

ХОЖАБЕКА ат. **1.** Хожайынның ҳаялы. **2.** Хожайын ҳаял.

ХОЖАЗАДА ат. **1.** Хожайынның ер баласы. **2.** Ақсүйеклер әўладынан келип шыққан адам.

ХОЖАЙЫН ат. Малға, мүлкке, жерге, суўға, үйге, жайға ийелик етиўши, бир нәрсени басқарыўшы, мүлк ийеси.

ХОЖАЙЫНЛЫҚ ат. Бийлеўшилик, басқарыўшылық, меңгериўшилик, ийелеўшилик.

ХОЖАЛЫҚ ат. **1.** Қандай да бир жәмийетлик қурылыстағы өндирис қатнасықларының жыйынтығы, усылы. Өткен жылы бул алдынғы *хожалық* 100 мың манатқа жақын пайда алды («Әмиўдәрья» ж.). **2.** Үйди дүзиў, үй, жай, мүлкке ийе болған шаңарақ. Кеши жоқ дәўлет, камалдың, *Хожалық* болдым кенелген, Ырысқы берген ким екен? (К.Султанов). Сонда сотта маған айтқан гәпи: «Сен келе болмайсаң, халық қатарына қосыла алмайсаң, пара алмай бир айлық пенен жасайсаң, *хожалықты* сүйрей алмайсаң, сениң менен қослас болып

кемтарлықта жасағанымнан, жесир болып еркин жасағаным абзал», – деди (А.Султанов). **3.** Ис, жумыс. *Хожалық* машқаласын көтеремен дегендей биреў болса дым жақсы («Әмиўдәрья» ж.). **4.** Ислеп шығарыўды тәмийин ететуғын, оны әмелге асыратуғын, пайда ететуғын бирлеспе. Фермер *хожалықлары* ресурс тежейтуғын технологиялар – тамшылатып суўғарыўды жолға қойыўы ҳәм (илгери) алдын суўғарылмаған жерлерди өзлестириўи мүмкин («Қарақалпақ университети» г.). **5.** Ислеп шығарыўдың белгили бир тийкары, тараўы, тармағы. **6.** Бир адамның мәкеме яки халық ықтыярындағы байлық, мүлк. **7.** Аўыл хожалығындағы өз жер, суў, мүлкке, ислеп шығарыў мүмкиншилигине ийе болған ҳәр бир айрықша ислеп шығарыў бирлиги. **8.** Ҳәр қандай ислеп шығарыўдағы айрықша кәрхана. **9.** Үй жағдайлары, жасаў шараяты. Соның менен бирге Нәдирбаевтың *хожалық* жағдайын да есапқа алыўымыз керек (М.Нызанов). ◊ **Хожалық баслығы** – бир мәкеме яки кәрхана ықтыярындағы мүлк ҳәм буйымды басқарыўшы адам, киси.

ХОЖАЛЫҚЛЫ кел. Хожалығы бар, хожалыққа ийе.

ХОЖАЛЫҚСЫЗ кел. Хожалығы жоқ, хожалыққа ийе смес.

ХОККЕЙ I ат. сп. Муз үстинде ямаса жаңа шығып киятырған көк өсимликтиң (майса шөптиң үстинде) қарсы тәреплтиң дәрўазасына топ яки шайба киргизиўден ибарат болган спорт ойыны.

ХОККЕЙ II кел. Хоккейге байланыслы, хоккейге тийисли, хоккей ушын белгиленген. Хоккей тобы. Хоккей ойыны. Хоккей майданы. «Шайба, шайба!» деп гүўлеп бақырысқан, Муз үстинде *хоккейге* усап кетер (И.Юсупов).

ХОККЕЙШИ ат. Хоккей ойнайтуғын адам, спортшы. Утылса, сонғы айламнан үмит еткен, *Хоккейшидей* өңменлеп жуўыраман... (И.Юсупов).

ХОЛЕРА ат. мед. Қусыў ҳәм иш өтиў менен болатуғын жуқпалы аўырыў, тырыспай. Буннан жигирмалаған жыл бурын Қарақалпақстанда *холера* эпидемиясы пайда болған еди. Эпидемия заманагөй медицина құдиретиниң арқасында сапластырылды (О.Әбдирахманов).

ХОЛЕЦИСТИТ ат. мед. Өт қалтаның исинип аўырыўы.

ХОЛОДИЛЬНИК ат. **1.** мех. Суўытыў, музлатыў қәсийетке ийе болған арнаўлы механизм қуралы, суўытқыш. Пар машинасының *холодильниги*. **2.** Азық-аўқатларды сақлаў ушын арнаўлы жай яки қурылыс. Гөш комбинатының *холодильниги*.

3. Хожалық жағдайында ҳәм тағы басқаларда азық-аўқат сақлаў яки музлатып қойыў ушын арнаўлы аппарат, суўытқыш, тоңдырғыш. Өзимиз көрип гүўасы болғанымыздай 5 жақтыландырыў шырағы, *холодильник*, телевизор бир ўақыттың өзинде ислеп тур («ЕҚ» г.).

ХОР I т. **1.** Азап, ақырет, жәбир, зулым, қыйыншылық. Кимселер ҳәдден зор болды, Биразлар шыннан хор болды, ... (Бердақ). **2.** Кәмбағал, жарлы, ғәрип, бийшара. Бердақ дер, сөзимди айтып кетейин, Бақ болмаса *хор* өмирди нетейин, ... (Бердақ).

ХОР II ат. **1.** Бокал қосықларына қосылып атқаратуғын қосықшылардың топары. Хор ансамбли. **2.** Усы сыяқлы қосық айтыў ушын жазылған көп даўыслы музыкалық шығарма. **3.** Көпшилик, жыйын, топ, топар. Кимлер екен *хорға* басқан қуўанып, Жүр барайық жаңа канал бойына (И. Юсупов).

ХОР III Белгили бир қәсийетке ийе адамды билдиретуғын аффикс. Арақ*хор*, қан*хор*, чай*хор* ҳәм т.б.

ХОРДА ат. **1.** Дүнья, мүлк, байлық. **2.** Уйым, шөлкем. Бизиң арамызда жоқ емес еле. Бул гүрес дойнағы таплап *хордасын*, ... (И. Юсупов).

ХОРЕК ат. Напақа, азық, тамақ, аўқат. Қолында адам көп екен, Ханың күтә зулым екен, *Хореги* оның нан екен, Қорқып соннан айта алмадым (ққ.поэ.ант.).

ХОРЕНИШ кел. **1.** Төмен, пәс. **2.** Пәжмүрде, жупыны. Олардың үсти басының тозып өзлериниң де *хорениши* тартылғанын көрип Есен ҳүрмет етеди (ққ.х.е.). **3.** Аянышлы, көримсиз. **4.** қ. кореныш.

ХОРЕОГРАФ ат. Хореография шебери, устасы, балетмейстер.

ХОРЕОГРАФИЯ ат. Аяқ ойын ҳәм балет (музыкалық) шығармаларын сахнада атқаратуғын аяқ ойыны және балет көркем өнери бағдары. ... таңлаўда «Бақсышылық», «Қосықшылық», «Көркем оқыў», *«Хореография»* бағдарлары бойынша жеңимпазлар анықланып, олар шөлкемлестириўшилер тәрепинен баҳалы саўғалар ҳәм диплом менен сыйлықланды («ЕҚ» г.).

ХОРЕОГРАФИЯЛЫҚ кел. Хореографияға тән, хореографияға байланыслы, хореографияға тийисли, хореографияға қатнаслы.

ХОР-ЗАР I ат. Аўыр, қыйын, машақат.

ХОР-ЗАР II кел. **1.** Аянышлы аўҳалға түскен, аўыр жапа шеккен, азапланған, қыйналған, жәбирленген. Бирақ, қашан

қай бир ўақ киси бендеси барған жеринде ол да *хор-зар* болмасын (Қ.Аралбаев). *Хор-зар* болып жат елде, Тентиреп шала жансаң ба? (Б.Қайыпназаров). **2.** Жүдә кәмбағаллық, мүтәжлик.

ХОР-ЗАРЛЫҚ қ. хор-зар II

ХОРЛАНЫЎ қ. қорланыў.

ХОРЛАТЫЎ қ. қорлатыў.

ХОРЛАЎ қ. қорлаў.

ХОРЛЫҚ қ. корлық.

ХОРМЕЙСТЕР ат. **1.** Хор басқарыўшысы, дирижёры. Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, композитор, дирижёр, *хормейстер*, профессор Қурбанбай Заретдиновтың 70 жасқа толыў мүнәсибети менен дөретиўшилик кешеси өткерилди («ЕҚ» г.). **2.** қ. хор II.

ХОРХОР ат. Темекини түтикше менен тартатуғын нәше. Гейпаралар бул аўысық күшти *хорхорға*, тирийекке жеңдиреди («Әмиўдәрья» ж.).

ХОШ I қ. с. Адамлардың бир-бири менен айырылысарда, бөлек кетеринде аман-саў болыўына тилеклеслик билдириў ушын айтылатуғын сөз. Елатым, *Хош*, досларым жанажан, *Хош* бол енди ақ сүт берген анажан (И.Юсупов).

ХОШ II кел. Кеўилли, шадлы, қуўанышлы. Буны еситип Ҳәсен хан, Ўақты шандан *хош* болды. («Ер Зийўар»).

ХОШ III т. с. **1.** Биреўдиң сөзин мақуллаў, таңланыў мәнисиндеги қолланылатуғын таңлақ сөз. **2.** Яқшы, мақул, дурыс. *Хош*, көптен бери дәрексиз жүрген аўылдың бир жигитлеринен хат келип бир жасап қалдық (Ө.Хожаниязов). ◊ **Хош ҳаўаз** – ҳаўазлы, даўысы, жақсы, жүдә жағымлы даўыс, айтқыш. *Хош ҳаўазың* тал жипектей суўдырап, Лапызындай шайқатылған қобыздың (К.Султанов). **Хош ийис** – жақсы ийис. Ол аўзын ашып, еснеп, *хош ийисли* азанғы ҳаўадан терең демин алды (А.Бекимбетов). **Хош болыў** – мақул көриў. Ал десе, хош болар кеўли молланың, Бер десе, тәрип етер ҳәмирин Алланың (Әжинияз). **Хош келиў** – ўақтында келиў, жүдә жақсы келиў. *Хош келдиңиз*, деди Айшагүл жақынласып қызларға (Ө.Хожаниязов). **Хош көриў** – унатыў, жақсы көриў. Егер кеўлиңиз *хош көрсе* оны алып келемен, ... (А.Бекимбетов). **Кеўли хош** – йошлы, мәс. Заўық етпеди залымлар *кеўлимниң хошын*, Жедик бәрҳа байдың дүмпишин, мушын (Өтеш). **Ўақты хош** – жүдә кеўилли, жүдә мәс. Рәўшанның оғада *ўақты хош* (Ж.Аймурзаев). **Хош қылықлы** – қуўанышлы, кеўилли. Қәлем

қаслы *хош қылықлы* нигарым, Зарыгирян етти неге келмеди (Әжинияз).

ХОШАЛЛАЯР ат. Хошласыў, ырзаласыў. Әлбетте, көзимнен ағар қанлы жас, *Хошаллияр* айттым, қал енди (Әжинияз). Әсиресе, ғарры, маңлайын қос қоллап дүмпишлеп, бул дүнья менен *хошаллаяр* айтысып, өлгиси келди (А.Султанов).

ХОШАМЕТ I қ. қошамет I.

ХОШАМЕТ II қ. қошамет, II.

ХОШАМЕТГӨЙ қ. қошаметгөй.

ХОШАМЕТГӨЙЛИК қ. қошаметгөйлик.

ХОШАМЕТГӨЙШИЛИК қ. қошаметгөйшилик.

ХОШАМЕТЛЕЎ қ. қошаметлеў.

ХОШАМЕТЛЕЎШИ қ. қошаметлеўши.

ХОШ МУЛАҚАТ кел. Хошпейил, сүйкимли.

ХОШҲАЎАЗ кел. Даўысы жағымлы, ҳаўазы жақсы, лапызлы. Оның үстине бақсының әри сазенде ҳәм *хошҳаўаз* Аннақул деген баласы менен Ещан қыяметлик дос болған (Қ.Мақсетов).

ХОШИРЕЙ кел. Шырайлы, келбетли, жақсы, формалы. Алма көзли, қызыл жүзли *хошире́й* («Алпамыс»).

ХОШИРЕЙЛИЛИК кел. Шырайлылық, формалылық, кслбетлилик. Ол қыйыншылықты бастан кеширее де муңаймайтугын, сазенделиги, ҳаўазы өзиниң *хошире́йлигине* жарасқан, келисиги келген жигит болған (Қ.Мақсетов).

ХОШЛАСТЫРЫЎ хошласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХОШЛАСЫЎ ф. Айырылысып хош деў, бөлеклесип хош бол деў, бөлинип хош айтысыў. *Хошласып* мен қалдым интизар, Тәнимде қалмады бир зәрре мәдәр (Әжинияз).

ХОШЛАТЫЎ хошлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХОШЛАЎ ф. Биреўдиң ислеген исин, пикирин қоллаў, мақуллаў, дурыслаў. Әўмийин, әўмийин, – деп бий байдың сөзин *хошлады* (К.Султанов). Аўа-дә, – деди үй ийеси буны *хошлап*. – Қайнагаңа айтаман келгениңди, ақылын береди ғой ол да (А.Султанов).

ХОШМИНАЙЫМ кел. Минез-қулқы жақсы, әдепли, әлпайым. Жаның алсын жәннет көзи, *Хошминайым* болсын өзи (Әжинияз).

ХРЕН ат. Тамыры узын және тармақланған ҳәм аўқатқа дәм бериўши сыпатында пайдаланылатуғын өсимлик.

ХРЕСТОМАТИЯ ат. Белгили бир тараў бойынша сайлап алынған шығармалар ямаса олардың үзиндилери жыйнақланып басылған оқыў китабы, оқыў қуралы. Бул материаллардың барлығы *хрестоматияларда* дағазаланғанлығына тоқтап отырмағанның өзинде өз алдына китап болып шығарылды (Б.Исмайлов).

ХРИСТИАН ат. Христиан динининң тәрепдары, христиан дининдеги адам.

ХРИСТИАНЛЫҚ ат. **1.** Христиан динининң тәртип интизамлары бойынша өткерилетуғын, белгилейтуғын, усы динге байланыслы, тийкарланған, тән. **2.** Ийса пайғамбарға, яғный Исус Христосға исендириў тийкарында эрамыздың I әсиринде пайда болған дин. Христиан динин таратыў. Христиан динине көшиў.

ХРОМ I ат. хим. Қатты еритпелер, бояўлар ҳәм тағы басқаларды таярлаўда қолланылатуғын гүмис сыяқлы металл. Хром кислотасы. Булардан тысқары, оларда *хром*, литий ҳәм углеводород дөгерек-әтирапқа елеўли зыян келтиреди («ЕҚ» г.).

ХРОМ II ат. Хром дузлары менен исленип таярланылған жумсақ, жылтыр жуқа тери. Хромнан тигилген етик. Хром етик. Хром туфли. Аяғында қара *хром* етиги жаңа майлатқандай жалт-жалт етеди (Т.Қайыпбергенов).

ХРОМЛЫ кел. хим. Қурамында хромы болған, хром қосылған. Хромлы бояў.

ХРОНИКА ат. **1.** Тарийхый избе-изликте жазылған шығарма, шежире. **2.** Әдебий шығарма. **3.** Баспасөз арқалы берилетуғын күнделик хабар. **4.** Ўақыяларды хроникалық тәртипте көрсететуғын ҳүжжетли фильм.

ХРОНИКАЛЫҚ кел. Узақ даўам ететуғын, мудамы, даўамлы. 1978-жылы муғаллимлердиң пүткил аўқамлық съездине делегат болып қатнасып, бул бойынша сол жылы Өзбекстан ҳүжжетли *хроникалық* киностудиясының Қарақалпақстан филиалы тәрепинен «Муғаллим» атлы қысқа метражлы фильм түсирилди («ЕҚ» г.). ◊ **Хроникалық кеселлик** – мудамы даўам ететуғын аўырыў, кеселлик. *Хроникалық кеселликлери* бар наўқаслар (өкпе кеселликлери, бронх астмасы, хроникалық бронхит, жүрек-қан тамырлары кеселликлери, қантлы диабет ҳ.т.б.) («ЕҚ» г.). **Хроникалық тәртип** – ўақыялар ҳәм мағлыўматлардың избе-из, тәрипли түрде берилиўи, орналастырылыўы. Әдетте, сайланды шығармалар топламлары шайыр, жазыўшылардың

юбилейлерине байланыслы шығарылады ҳәм онда шығармалар *хроникалық тәртипте* жайластырылады.

ХРОНИКАШЫ ат. **1.** Хроника менен шуғылланыўшы, хроника жазыўшы. **2.** Газета ҳәм журналда хроника бөлиминде ислеўши ҳәм усы бөлимге материал таярлаўшы.

ХРОНОЛОГИЯ ат. **1.** Ўақыяның болған ўақтын өз рети менен дизип отыратуғын избе-излик. ... Назлымхан сулыў естелигинде ҳәм Халифа-Ережеп мешитинде археологиялық бақлаў жүргизип, қаланың топографиялық жойбарын алып, табылған археологиялық материаллар тийкарында естеликтиң *хронологиясын* анықлайды («ЕҚ» г.). **2.** Тарийх илимниң ўақыя және ҳүжжетлердиң ўақтын анықлаў иси менен шуғылланыўшы жәрдемши тараўы.

ХРОНОЛОГИЯЛЫҚ кел. **1.** Заттың, қубылыстың, ўақыяның пайда болыўдағы ўақты, рети менен келетуғын гезеги. ... бул табылған өжирениң гербишлери *хронологиялық* жақтан Хорезмшахлар ҳәм Алтын Орда дәўирине тән болып, олар XII–XIV әсирлер менен, яғный Ҳәким ата Сулайман Бақырғаний жасаған дәўир ҳәм оннан кейинги дәўирлер менен сыбайласады («ЕҚ» г.). **2.** Хронологияға байланыслы, хронологияға тийкарланған, хронологияға тән. Сөзликтиң бәри *хронологиялық* ретте бериледи (кк.р.с.).

ХРОНОМЕТР ат. **1.** Жүдә тезлик пенен жүретуғын қалта сааты. **2.** Жүдә тезлик пенен жүретуғын балансирли астрономиялық саат.

ХРОНОМЕТРАЖ ат. Қандай нәрсеге болса да сарп етилген ўақыт есабын өлшеў, есаплаў. ... заманагөй лаборатория үскенелерин енгизиў, штат кестеси ҳәм лаўазым миннетлемелерин үйрениў, хызмет жүклемесин таллаў, *хронометраж* тексериўге тийкарланған ҳалда жумыслардың көлемин хызметкерлер арасында дурыс бөлистириў («ЕҚ» г.).

ХРОНОМЕТРАЖЛАЎ ф. Хронометраж жасаў, ислеў.

ХРОНОМЕТРАЖШЫ ат. Хронометраж жасаўшы, хронометражлаў ўазыйпасын атқарыўшы.

ХРУСТАЛЬ ат. **1.** Жақтыны қубылтып көрсетиў уқыбына ийе болған жоқарғы сортлы шийше. **2.** Усы шийшеден исленген қымбат ҳасыл ыдыс, буйым.

ХУДОЖНИК ат. **1.** Сүўретши, сүўрет салыўшы. Секретарь болып сайланбастан бурынғы Атамурат дийўалы газетаның *художниги* ҳәм редакторы еди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Сүўрет

салыўда басқаларға танылған адам. Себеби, Мураттың уллы *художник* болатуғынына көзим жетпейди, екиншиден, дүньяға адам ушын адам шығады, оны билемен (Ш.Сейтов).

ХУЛИГАН ат. Жәмийет тәртибин бузыўшы, тәртипсизлик етиўши адам. Жүрген жерде, тийген жерден қан алса, *Хулиган*, жулик деп балаң саналса, ... (А.Дабылов).

ХУРМА ат. бот. **1.** Тропикалық және субтропикалық мәмлекетлерде балдағы жуўан ири болып өсетуғын жапырақлы, жийдеге усаған мазалы мийўели терек. **2.** Усы теректиң, өсимликтиң мазалы ҳәм жийде сыяқлы мийўеси.

ХУРМАЗАР ат. Хурма тереклери, өсимликлери егилген жер, майдан, көлем.

ХУРШИЙД ат. тар.с. Қуяш.

ХУТБА ат. тар.с. Бул жерде: неке қыйылып атырғанда оқылатуғын дуўа.

ХЫЗМЕТ ат. **1.** Белгили бир жумыс яки мийнет пенен шуғылланыўдағы ҳәрекет, жумыс, мийнет, ис, кәсип. Дәслеп *хызмет* еткен болды берилип, Кем-кем кисилиги тутты керилип, ... (И.Юсупов). **2.** Биреўдиң жумысын питкериў, жәрдем бериў, жақсылық ислеў, жақсылық. Ҳәр бир балларында бир өнер болды, Не *хызмет* буйырса шарп етер болды (А.Дабылов). **3.** Лаўазым, жумыс орны. Сениң *хызмет* орның қысқарды, ҳәзирден баслап жумыстан азатсаң, кеңсеге кирип, есапласып, хызмет хақыңды ал да кете бер, төрт жағың қубла енди! (А.Султанов). **4.** Бир шөлкемде яки мәкемеде ислеў. Нәтийжеде кимсең «пәленшениң» ҳаялы болып, үйде жумыс ислемей отырған апам, ески таныс-билислериниң арқасында бир мәкемеге ебиндей *хызметке* орналасты (А.Султанов). **5.** Ўазыйпа, тапсырма. Хожайын меннен күтеди *хызмет* (Д.Айтмуратов). **6.** Мийнет, ҳәрекет. Халық баҳалап *хызметиңди* үлгили, Өңирине тақты хүрмет белгини (И.Юсупов). *Хызмет* етпе, *хызмет* етсең – миллет етпе (ққ.х.н.). **7.** Тараў, бағдар. Ақыр, Перийзаттың әкеси Камал Муқанов көп жыллардан берли саўда *хызметинде* «майлы орынды» ийелеп, ҳәмме оған қол қаўсырып сәлем беретуғын сур папақлы «Камал аға» деген ат көтерди... (А.Бекимбетов). **8.** Жумыс, ўазыйпа. – Мен ГРЭСтиң авариялық *хызмет* бойынша инженеримен (М.Нызанов). **9.** Армияда яки флотта болыў, әскерий ўазыйпаны өтеў. Медициналық комиссия солардың себебинен мени әскерий *хызметке* жарамайсаң деген жуўмақ шығарды

(А.Бекимбетов). **10.** Армия курамындағы айырым қәнигелескен тараўлар яки шақаплар. ◊ **Хызмет ҳақы** – исленген исине берилетуғын ҳақы. **Хызмет көрсеткен** – мийнети есапқа алынған адамларға берилетуғын мақтаў грамоталар сыяқлыларда пайдаланылады. **Хызмет көрсетиў** – адамлардың талабын қанаатланарлық ис көрсетиў. **Хызмет орны** – жумыс ислейтуғын жери, орны. ...ислеп жүрген *хызмет орнын* өзгертпекши болып, қәўетерленип жазған хатының мазмуны менен таныстырды (А.Бекимбетов). **Хызмет сапары** – жумыс барысында белгили бир мақсет пенен басқа орынларға барыў, тапсырмаларды орынлаўға шығыў. Москваға бары-жоғы бес күн мүддетке шаңарағын көширип келиў ушын *хызмет сапарына* жиберилген Аллаяр, Зәкийраға Оренбургқа барып жүриўге имканияты жоқлығын айтты (А.Султанов).

ХЫЗМЕТКЕР ат. **1.** Бурынғы байлардың (ҳәмелдарлардың) хызметин, үй-ишиниң жумысларын атқарыўшы адам. **2.** Халық яки жәмийет пайдасы ушын хызмет етиўши кәсип ийеси. Ал, әдебий *хызметкер* болса еле ғырс етер емес («Әмиўдәрья» ж).

ХЫЗМЕТШИ ат. **1.** Белгили бир мәкемеде яки кәрханада жазыў-сызыў менен шуғылланыўшы адам, жумысшы. **2.** қ. хызметкер.

ХЫЗМЕТШИЛИК ат. **1.** қ. хызметши. **2.** Хызметкердиң жағдайы.

ХЫЙШЫ АҚРАБА ат. тар.с. Туўған-туўысқанлары.

Х

Х ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң отыз биринши хәриби хәм оның таңбасы. **2.** Х хәрибин айтқанда аўыздың толық керилип ашылыўынан жасалатуғын даўыссыз сести билдирип, ол сөздиң басында, ортасында хәм ақырында жумсалады. **3.** қ. ха I хе II

ХА I ат. Х хәрибиниң аты.

ХА II т. с. **1.** Адамның қатты даўыслап күлгендеги хаўазын қағазға жазба түринде белгилеў ушын қолланатуғын графема. **2.** Кеўлин, дыққатын өзине қаратыў ушын қолланылатуғын сөз. *Ха*, жоралар усы күнде сизиң үйге хәр ким бара береди («Алпамыс»). **3.** Мал хәм басқа да жанлы-жаныўарларды қуўыў ушын қолланылады. **4.** Бир нәрсеге ырза болмаўшылық, итибарсызлық пенен қараў ушын қолланылады. **5.** Ғәзеплениўде, ашыўланыўда, қәҳәрлениўде, ренжиўде қолланылады. **6.** Қуўаныў хәм шадланыўда қолланылады. **7.** Бирден шоршыныўды билдиргенде қолланылады. **8.** Ҳайран қалыўды билдиреди. Ха, солай дең.

ХА III к. с. **1.** Биреў ямаса бир нәрсе туўралы сөйлескенде, көбинесе, айтқандай, айтпақшы сыяқлы сөзлериниң мәнислеринде қолланылады. Ха, айтқандай. **2.** Биреўдиң шақырғанына жуўап ретинде қолланылады. Ха? не дейсиз? **3.** Биреўди шақырыў, қаратыў ушын қолланылады. Муратбек, ха Муратбек, маған қара.

ХАҒЛАТЫЎ хағлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ХАҒЛАЎ ф. **1.** Алға басыў, умтылыў, күшлеп тартыў, зымыраў, зытыў, зыңғыў. Шуў дегенде гүўлеп хағлар. *Хағлап* тартар бизиң өгиз (Өтеш). **2.** Көз илмей қатты зымыраў, қатты ағыў. Тақыятастан уллы қурылыс қурылмақ, Әмиў тағы *хағлап* ағар зуўылдап (Ә.Шамуратов).

ХАДАЛ кел. **1.** Таза, пәк, пайдаланыўға жарамлы, иске асатуғын. Душпанға олжа болмастай, Ишим дәртке толмастай, Атамның *хадал* малынан, Бир ябы услап бер дейди

(«Алпамыс»). **2.** аўыс. Ҳақ нийет, туўры, дурыс, әдил, ҳақыйқат. – Сөзим *ҳадалдур*, ҳарам жоқ, Ханның өзине шарам жоқ ... (Бердақ). ◊ **Ҳадал мийнет** – ҳақыйқат ислеў, дурыс ислеў. *Ҳадал мийнет* ислеўде, Қашан ҳарып-талыпсаң? (И.Юсупов). **Ҳадал кеўил** – шын ыклас, шынлық. Менсиреген *ҳадал кеўлиң*, ал бирақ, Мендей көрип сүйе алмады басқаны (И.Юсупов).

ҲАДАЛЛАНЫЎ ҳадаллаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲАДАЛЛАСЫЎ ҳадаллаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲАДАЛЛАТТЫРТЫЎ ҳадаллаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲАДАЛЛАТЫЎ ҳадаллаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАДАЛЛАЎ ф. **1.** Алған ҳақысына қарай мийнет етиў, иске ылайық хызмет ислеў. **2.** Таза емес мәкириў затларды пөк етиў, ҳарам нәрсени тазалаў. Алты қойды *ҳадалладым*, Қолымда бар еди пышақ («Қырқ қыз»).

ҲАДАЛЛЫҚ ат. **1.** Тазалық, пөклик. **2.** Туўрылық, әдиллик, дурыслық, шынлық, тазалық. Өйтсе де усы қылышта *ҳадаллықты* таныйтуғын қәсийет бар («Әмиўдәрья» ж.).

ҲАДАЛСЫНЫЎ ф. Ҳадал деп түсиниў, тазасыныў, пөксиниў.

ҲАЖАТ м.с. тар.с. Ҳәжет, керек, зәрүр.

ҲАЖЫ ат. дин.с. **1.** Каабаға зыярат, сапар. Ол 1899-жылы *ҳажы* сапарына барып, ол жерден муфтий атағына ийе болып қайтады («ЕҚ» г.). **2.** Каабаны зыярат етип, ҳаж еткен адам. Буны усы көшеде жасаўшы *ҳажы* ана Гүлзар Нәўбетуллаеваның тилеклеринен де билсек болады («ЕҚ» г.). **3.** Сондай берилетуғын атақ. Ийшан *ҳажыға* баратуғын болғай (Т.Қайыпбергенов).

ҲАЖЫХАНА ат. Ҳажы жолындағы қалаларда ҳажылар қонып дем алатуғын арнаўлы жай, мийманхана.

ҲАЗАР қ. азар.

ҲАЙ I қ. с. **1.** Биреўдиң кеўлин, дыққатын аўдарыў. **2.** Биреўди шақырыў ушын қолланылады. *Ҳай*, перзент батыр ерлер, Жаўды жерге жексен етер (Ж.Аймурзаев).

ҲАЙ II ҳай бериў ф. Өзин-өзи тоқтатыў, иркиў. ...анаў күнги Қулымбет бийдиң бир ешки беремен деген ўәдеси есине түсип өзине-өзи *ҳай* берди (К.Султанов).

ҲАЙРАН р. **1.** Әжайып, қызықлы, таңқаларлық, тәслим қаларлық. **2.** Не ислеўди, не деўди билмей қалған, лал болған. ◊ **Ҳайран қалыў** – таң талыў, сарсаң болып қалыў. Еситкен *ҳайран қалады*, Тамашагөй халайық, Тәлим қылып турады («Алпамыс»). **Ҳайран болыў** – ойланып қалыў. Бул не гәп өзи, аға, *ҳайран* болдым ғой (А.Бекимбетов).

ҲАЙРАНЛЫҚ р. Таңқаларлық, тәслим қаларлық.

ҲАЙТ I ат. дин.с. Мусылманлардың белгили күнлерде өткеретуғын байрамы, мерекеси. Усы жыл 5-июнь – сәршемби күни Мүбәрек Рамазан ҳайты мүнәсибети менен республикамыздағы 50 жомъе мешитинде ҳайт намазлары оқылып, оларға 15 мыңнан аслам журтласымыз қатнасты («ЕҚ» г.).

ҲАЙТ II т. с. Ҳайўанларды қозғаўда, айдаўда шығарылатуғын, қолланылатуғын сөз. ◊ **Ҳайт қойыў** – жөнеп кетиў, кетип қалыў. Көш-қоланың жыйнастырды да, ҳеш қайсысымызға ойласып отырмастан бир күнде аўылға *ҳайт қойды* («ЕҚ» г.).

ҲАЙТЛЫҚ ат. дин.с. Мусылманлардың ҳайт байрамына арнап өткерген мерекеси, қудай жолына арнап берген садақасы.

ҲАЙТЛАЎ ф. дин.с. Ҳайт байрамын өткериў, мерекелеў, қыдырыў.

ҲАЙЎАН ат. **1.** зоол. Сезиниў ҳәм ҳәрекетке келиў уқыбына ийе, от жеп гүйис қайтарыўшы омыртқалы жанлы-жаныўар. Бул *ҳайўан* жүдә кекшил болады (Ә.Шамуратов). **2.** Адамзаттан басқа ҳәр бир жанлы-жаныўар. Кийик болса – *ҳайўан* ол, Қанша ҳүрмет етсең де, Иззетти ҳеш билмейди, ... (ққ.х.н.). **3.** аўыс. Жыртқыш, зулым, залым, өр минез. Бул *ҳайўанлардың* өмири питип еди ғой (Ж.Аймурзаев).

ҲАЙЎАНАТ ат. Тири мақлуқ, жанлы-жаныўар, ҳайўанлар дүньясы. Батыр минген қаназат, Ақылы адамнан зыят, Басына ис түскен жерде, Сөйлейди екен *ҳайўанат* («Алпамыс»).

ҲАЙЎАНДАЙ кел. Ҳайўанға усаған, ҳайўан сыяқлы, ҳайўан тәризли.

ҲАЙЎАНЛАРША р. Ҳайўанларға тән, ҳайўанға усап.

ҲАЙЎАНЛЫҚ ат. **1.** қ. Ҳайўан. **2.** аўыс. Зулымлық, мийримсизлик, тәкаббирлик. Жәлладлар келип кеткели, *Ҳайўанлық* исин еткели, Арадан бир түн өткели, Өз ғамларын еткен екен (Бердақ). **3.** аўыс. Мәдениятсызлық, пәскешлик.

ҲАЙЎАНШЫЛЫҚ қ. ҳайўанлық.

ҲАЙЫҚПАЎ ф. тар.с. Қорқпаў, сескенбеў.

ҲАЙ-ҲАЙ т. с. **1.** Ҳәзликти, жағымлылықты, рәҳәтлениўди билдиретуғын таңлақ сөз. Шай ишкенде *ҳай-ҳай*, Пулына келгенде ўай-ўай (ққ.х.н.). **2.** Ҳай.

ҲАЙ-ҲАЙЛАЎ ф. **1.** Рәҳәтлениўди, жағымлылықты, ҳәзликти билдириў. **2.** Биреўге яки бир нәрсеге бақырыў, даўыслаў.

ҲАЙЯЛАЎ ф. Жубатыў, әлпешлеў, камалға келтириў. *Ҳайялар* бизди өмирге, жетелер екен аталар (Ж.Аймурзаев).

ҲАЙЯР кел. **1.** Жан аяр, жалқаў, ериншек. Арамызда қосжақпаслар еле бар, Жәмийетлик иске болады *ҳайяр* (С.Нурымбетов). Сана-сезим, пикир жүргизиў қәбилети пәс. Таярға *ҳайяр* болып қалмақта («ЕҚ» г.). **2.** аўыс. Сум, ҳийлекер. Балықтай жылпылдақ, мәстандай *ҳайяр* (И.Юсупов). *Ҳайяр – ҳайярға* сөгис таяр (ққ.х.н.).

ҲАЙЯРЛАНЫЎ ф. Жалқаўланыў, ериншеклениў, гежирлениў.

ХАЙЯРЛЫҚ ат. Жан аярлық, жалқаўлық, ериншеклик, гежирлик.

ХАЙЯРШЫЛЫҚ қ. ҳайярлық.

ҲАҚ кел. **1.** Ҳадал, таза. Ол сырын билмегенлерге *ҳақ*, дурыс адамлардай болып көринеди (Қ.Ирманов). **2.** Гүмансыз, айыпсыз. **3.** аўыс. Қудай, жаратқан, тәңир. *Ҳаққа* әсилик әйлемеспен, Дәнекерсиз жүйлемеспен, ... (Бердақ). ◊ **Ҳақ адам** – ҳадал, таза, хүжданлы. Өзимди ар-намыслы, жүдә *ҳақ адамман* деп есаплайман (А.Бекимбетов). **Ҳақ жүрек** – әдил, таза. Бул дийдар *ҳақ жүрек* инсанға бағар, портрет, бюст ҳәм естеликлерден (Т.Сейтжанов). **Ҳақ кеўил** – ҳақ, ақ пейил, кеўилшек. *Ҳақ кеўилли* шын адамға жақыныгерлик ис үйретти (Т.Сейтмамутов). **Ҳақ нийет** – ҳадал, таза кеўил. Бул ўақыяға қуўанбаған *ҳақ нийетли* инсан бар ма (Т.Қайыпбергенов).

ҲАҚЛАНЫЎ ҳақлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲАҚЛАСЫЎ ҳақлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲАҚЛАТЫЎ ҳақлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАҚЛАЎ ф. **1.** Қайыр сораў, дийўанашылық етиў. Үш баланың мойнына дорба асып *ҳақлаўға* жиберди (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Бир нәрсени тилениў, сораныў. **3.** аўыс. Бәле-қәтерден қутқарыў, тазартыў. **4.** аўыс. Биреўди жаладан қорғап алып қалыў, жақлаў. Аллаярдың гезеги болыўына қарамастан, азанда үш баланың мойнына дорба асып, *ҳақлаўға* жиберди, өзлери Маманға жолығыўға келди (Т.Қайыпбергенов).

ҲАҚЛАЎШЫ ат. **1.** Дийўанашылық етиўши, қайыр сораўшы. **2.** Бир нәрсени тилениўши, сораныўшы. **3.** аўыс. Биреўди жаладан қорғап алып қалыўшы, жақлаўшы.

ҲАҚЛЫҚ ат. Шынлық, дурыслық, ҳақыйқатлық. Бул ялғаншы *ҳақлық* қайда, Таба алмадық ислеп пайда, Бундай азап бәрҳа ойда, Жайнап бизге жаз келер ме? (Бердақ).

ҲАҚЛЫЛЫҚ қ. ҳақлық.

ҲАҚЫ ат. **1.** Ислеген хызметине, мийнетине алатуғын аласысы, тийисли заты. Мен апамды сөктирип қоймайман,

ҳақымды бер (Ш.Сейтов). **2.** аўыс. Иси, жумысы, даўы. Тыныш-лық көптиң тилеги, Бүркеўге кимниң *ҳақы* бар (С.Нурымбетов).

ҲАҚЫЙҚАТ ат. Рас болған ўақыя, шын, анық, дурыс, ҳақыйқый аўҳал. Сөзим зая болды талай гереңге, *Ҳақыйқат* дос бүгин өзин билдирди (И.Юсупов).

ҲАҚЫЙҚАТЛАНЫЎ ҳақыйқатлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲАҚЫЙҚАТЛАСЫЎ ҳақыйқатлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲАҚЫЙҚАТЛАТТЫРТЫЎ ҳақыйқатлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲАҚЫЙҚАТЛАТЫЎ ҳақыйқатлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАҚЫЙҚАТЛАТЫЎШЫ ат. Анығына, дурыслығына, шынлығына шығарыўшы.

ҲАҚЫЙҚАТЛАЎ ф. Анықлаў, дурыслаў, шынлаў, раслаў.

ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ ат. Шынлық, дурыслық, гүмансызлық. Тапсам излеген достымды, Жақыннан салып қосымды, Саўдаға салмай басымды, *Ҳақыйқатлық* ислер едим (Бердақ).

ҲАҚЫЙҚАТСЫЗЛЫҚ ат. Ҳақыйқат ис етпеў, надурыс ис пенен жүриўшилик, әдалатсызлық.

ҲАҚЫЙҚАТТАН р. Шын кеўилден, шынтлап, шыннан.

ҲАҚЫЙҚАТШЫЛ кел. Ҳақыйқат шынлықты сүйиўши, дурыслықты қәлеўши.

ҲАҚЫЙҚЫЙ кел. **1.** Анық, туўры келетуғын шынлық, дурыслық. Ал енди ўақыя әбден анықланып, *ҳақыйқый* жынаятшы табылғанға шекем дигирманның ийесин қамаққа алыў керек (А.Бекимбетов). **2.** Толық ҳуқықлы, ҳақыйқат.

ҲАҚЫЛЫ кел. **1.** Адамгершилик ҳуқыққа ийе болыў, азаматлық парызы. **2.** Бир жумысты орынлаўға нызамлы, ҳуқыққа ийе, ҳуқықлы. Бирақ, бул мәҳәлде ол қандай да болмасын биреўге көз қыйығын салыўға *ҳақылы* емес еди (Ө.Айжанов). **3.** Бир нәрсени ислеўге тийкары бар, аткарыўы орынлы, туўры. **4.** Ҳақыйқатқа туўры келетуғын, орынлы, туўры. **5.** Аласысы, тийислиси.

ҲАҚЫЛЫЛЫҚ қ. ҳақылы.

ҲАҚЫСЫЗ кел. **1.** Бир нәрсеге яки ис-ҳәрекет етиўге ҳақысы жоқ, ҳуқықынан айырылған. **2.** Сайлаўға ҳәм сайланыў ҳуқықынан айырылған. **3.** Орынсыз, натуўры. **4.** Қандай да бир ис-ҳәрекет етиў ушын тийкары жоқ, орынсыз яки натуўры ислейтуғын.

ҲАҚЫСЫЗЛЫҚ кел. **1.** Қандай да бир ҳуқықтан айырылғанлық. **2.** Заңнан тысқарылық, теңсизлик.

ҲАЛ ат. **1.** Күш-қуўат, шама, ҳал-жағдай, дәрман. Сен кеткен соң қыйын болып бизиң *ҳал*, қараңғыда келип тийди, бес көк жал («Қырқ қыз»). **2.** Ҳал-жағдай, күн көрис, аўҳал. **3.** Саўлық, турмыс. ◊ **Ҳал-жағдай, ҳал-жай** – аўҳалы, турмысы. *Ҳал-жағдай* сорасыў узаққа созылмады (Ж.Аймурзаев). Қарамайды *ҳал-жайыңа*, Өлседағы урып басқа (Өтеш).

ҲАЛАҚА ат. Басқа оралған материалдың төмен қарай артқа салбыраған бир ушы. *Ҳалақасын* узын таслап, Пес қылықты өзи услап (ққ.х.қ.). Өзине пардоз берип, узақ жолларды баслап, *ҳалақаны* да узын таслап, ҳасыл затларды тағынып, сыртынан бир астарсыз шапанды да жамылып, ҳеш кимге көринбей ҳәм билдирмей Қоблан отырған жерге жүрис қылады («Қоблан»).

ҲАЛАҚАДАЙ кел. Ҳалақаға усаған, ҳалақа сыяқлы, ҳалақа тәризли.

ҲАЛАЛА ат. Шаўқым, бақырыс.

ҲАЛАТ ат. **1.** Аўҳал, ҳал, жағдай, ўақыт, мезгил. Таңлайы кеўип өлер *ҳалатқа* келген екен («Мәспатша»). Қыз туўар *ҳалатқа* жетти, Басқа илаж тапқан емес (Бердақ). **2.** Ўақыт, мезгил. Бинәй өмиримде қосық шығарып көрген емеспен, бәлким шайырлар қосық шығарар *ҳалатта* усы мендей «жинли» болып алатуғын шығар, билмедим (Ш.Сейтов).

ҲАЛҚА I қ. ҳалақа.

ҲАЛҚА II диал.с. Қурсаў, шеңбер, сақыйна, жүзик, сырға мәнилерин билдиреди (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲАЛҚА III Ат. тар.с. Шынжыр; бул жерде: әўлад.

ҲАЛҚАП КӨЙЛЕК диал.с. Ҳаяллардың кийетуғын көйлегиниң, бир түри, оның алдынғы бети нағысланған болады (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲАЛҚАС I ат. Суйық аўқатқа қосып ишилетуғын, желинетуғын түйирлик аўқат, тағам. ◊ **Шай ҳалқас** – шай ишиў, шай менен бирге бир нәрсе ишиў. *Шай ҳалқас* үстинде баяғы мәселеге қайта оралдық (М.Нызанов). Азанғы *шай ҳалқасына* Қаймақ қойып пал қасына, ... (И.Юсупов).

ҲАЛҚАС II диал.с. Азанда жейтуғын аўқатты усылай атайды (Д.Насыров, О.Доспанов). *Ҳалқасқа* аўқат таяр етилген еди, биротала жеп шығыңлар, – деди шайық (Т.Қайыпбергенов).

ҲАЛЛАНЫЎ ф. **1.** Күш жыйнаў, қуўатланыў, ғайратланыў. **2.** Қурғынласыў, байыў, турмысы жақсыланыў.

ҲАЛЛАСЛАЎ ф. **1.** Бир нәрсеге шад болыў, көтерилиў, жайнаў, куўаныў, жеделлениў. Ердиң үстинде денесин жыйнап, ҳаўалап ушатуғын қустай ҳаплығып, *ҳалласлап* тур (К.Султанов). **2.** Шадланыў, йошланыў. Сәлийма ҳалласлап, куўыршағын ала жуўырды да апасының қасына келди, ... (Г.Есемуратов). Пахта ашылып пискен ўақта жетилип, *ҳалласлап* өрлеп алға умтылып (А.Дабылов).

ҲАЛЛЫ кел. **1.** Қурғынлы, бар. Ашлық жоқ ҳәмме қурғынлы, *ҳаллы* (Н.Дәўқараев). **2.** Куўатлы, ғайратлы, күшли. Өзи сондай арық болса да, исине *ҳаллы* еди (С.Салиев).

ҲАЛЫҚЛАЎ ф. Деми жетпей қысылыў, дем алыўға қыйналыў, ҳаплығыў. Әне бойдан кетип диңке димары, *Ҳалықлайды* гейде аўзын ашады (Т.Сейтжанов).

ҲАЛЎА ат. Өсимлик дәнинен қант, май, ун, гүнжи ямаса пал қосып қайнатылып исленген мазалы аўқат, тағам. Кимлер *ҳалўа*, қант, набат сатып атырса, кимлер шәңгекте гөш сатып атыр (Ш.Сейтов).

ҲАЛЎАДАЙ кел. Ҳалўаға мегзес, ҳалўа сыяқлы.

ҲАЛЎАПАЗ қ. ҳалўашы.

ҲАЛЎАПУРЫШ ат. Ҳалўа сатыўшы, ҳалўашы.

ҲАЛЎАШЫ ат. **1.** Ҳалўа таярлаўшы қәниге, ҳалўапаз. **2.** Ҳалўа сатыўшы, ҳалўапурыш.

ҲАМАЛ қ. әмел.

ҲАМРА ат. Ең жақын сырласы, кеңесши, сырлас, жора, дос, ярдос. Бир кеше күн *ҳамра* болдым (Әжинияз).

ҲАНАЛ диал.с. Маланың оғын еки жағынан услап туратуғын ағаш (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲАПЖЫЛАН ат. тар.с. Үлкен уўлы жылан (әбжылан).

ҲАПЛЫҒЫЎ ф. **1.** Ҳаўлығыў, қысылыў, буўлығыў. Ол *ҳаплығып* айтатуғын сөзлерин дурыслап айта алмай атыр (Ө.Хожанов). **2.** Өкпеси аўзына тығылыў, исиниў. Солардан бири тағы мине, *Ҳаплығып* жуўырып киятыр (К.Султанов).

ҲАПЛЫҚПА ат. **1.** Албыраўшылық, ҳаўлығыўшылық. **2.** Асығыслық, қыстаўлық.

ҲАПЛЫҚТЫРЫЎ ҳаплығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАРАМ кел. **1.** дин. с. Мусылманшылық бойынша адамның ишип-жеўине ҳәм пайдаланыўына болмайтуғын мәкириў зат. Мениң жеп отырған наным *ҳарам* болды (Ж.Аймурзаев). **2.** аўыс. Жаман, бузық, қыянет. Ортада отыр көп ҳаял, Оларда жоқ *ҳарам* қыял. Патшаның кеўлинде мәлел, Сол отаўға кирген

екен (Бердақ). **3.** Жыныслық қатнастан кейин жуўынбаған, тазаланбаған, шомылмаған. ◊ **Ҳарам нийет** – оңбаған, бузық ой, пикир. Аўыр гүна азғын өсек, *ҳарам нийет*, Берерме едим оған ақыл болғандай (И.Юсупов). **Ҳарам өлиў** – баўызланбаў, пышақланбаған. *Ҳарам өлип* дүзде көниң, Қалатуғын түйе екенсең (Күнхожа). **Ҳарам тамақ** – мийнет сүймейтуғын, жатып ишер. Ал, сизлер усаған *ҳарам тамақлар* рәҳәтин көреди (Ж.Аймурзаев). **Ҳарам қан** – **а)** таза емес, пәк емес. Залымлардың зулымы артып, ҳарам қанға етек толып, ... (А.Дабылов). **б)** аўыс. бузық ой, жаман қыял, пикир. *Ҳарам қан* бойға таралып (Ә.Шамуратов). **Ҳарам шөп** – жабайы көгерген шөп, егинге араласып өскен шөплер. Айлап тур культивация, *ҳарам шөп* қоймай пәркия, Кешленсе де түсленбейди, Пахтаға берип тәрбия (А.Дабылов). Көп жерлерге урқан кеткен, Бир түйир жоқ *ҳарам шөптей* (А.Дабылов). **Ҳарам тер** – босқа әўереленген, қуры далаға кеткен.

ҲАРАМЗАДА I ат. аўыс. Зулым, бузық, сум, залым.

ҲАРАМЗАДА II кел. Жас төллердиң жасына толмай гүйге келген ўақты.

ҲАРАМЗАДАЛЫҚ ат. Қара нийетлилик, залымлық, бузықлық, бузақылық. Халықтың айбатынан айырған ол қандай *ҳарамзадалық* (Т.Қайыпбергенов).

ҲАРАМЛАНЫЎ ҳарамлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲАРАМЛАСЫЎ ҳарамлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲАРАМЛАТТЫРТЫЎ ҳарамлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲАРАМЛАТЫЎ ҳарамлаў фейилиниң әзгелик дәрежеси.

ҲАРАМЛАЎ ф. дин. с. Таза нәрсеге патас затларды қосыў, былғаў, ыласлаў, ипласлаў. Кемпирдиң ишейин деп отырған суўына тезек таслап, Жаббақлар суўды *ҳарамлап* кеткен (Б.Кербабаев).

ҲАРАМЛЫҚ ат. **1.** Намыссызлық, арсызлық, уятсызлық. **2.** аўыс. Патаслық, ипласлық. Сөзимде ҳеш *ҳарамлық* жоқ, Ханның өзине шарам жоқ. Ал, саған берер парам жоқ. Кимсең дегей Ерназар бий (Бердақ). **3.** аўыс. Жаўызлық, зулымлық.

ҲАРАМЫ кел. **1.** аўыс. Бузық, сум, зулым. Бизиң бул заманды *ҳарамы* бийлеп, Заман ҳәр түрлерге дөнди яранлар (Күнхожа). **2.** қ. ҳарамзада II.

ҲАРАМЫЛЫҚ ат. **1.** аўыс. Бузақылық, ҳарамзадалық. Сөйтип *ҳарамылыққа*, урлық-ғарлыққа толы бул жақты дүньяны талақ еттим (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Сатқынлық,

опасызлық. *Харамылықларды* көргиси келмей, бул дүньяны тәрк етип өлди (Т.Қайыпбергенов). **3.** Ойнаслық, опасызлық.

ҲАРЛАНЫЎ ҳарлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲАРЛАТТЫРТЫЎ ҳарлаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲАРЛАТЫЎ ҳарлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАРЛАЎ ф. **1.** Қатты даўыстың шығыўы, гүрилдеўи. Суўдың ҳәм басқа да заттың қатты пәт пенен сес шығарып ағыўы. Сонлықтан теңизге барғанша ийрими көп ағыс, *ҳарлаған* бул да тентек дәрья (К.Султанов).

ҲАРМАСЫН: ҳармасын айтыў ф. Жумыс ислеўшилерге тилеклеслик айтыў, кеўлин алыў. Қыз-келиншек айта ғойса *ҳармасын*, Аш қарынды тойдырғанды паллары (И.Юсупов).

ҲАРЫҒАНЛЫҚ қ. ҳарыў.

ҲАРЫЛДАТЫЎ ҳарылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАРЫЛДАЎ ф. Гүрилдеў, қорылдаў.

ҲАРЫЛДЫ ат. Суйық заттың ағыў барысында шығарған сес, даўыс. Базы бир дәрьяның шоқ *ҳарылдысы*, Көккөл жағындағы көпирдиң тусы (И.Юсупов).

ҲАРЫМАЎ ф. Шаршамаў, болдырмаў. *Ҳарымай* трактор айдаўды билген Гүлсәнем журттың көзине түсти (Ж.Аймурзаев).

ҲАРЫТЫЎ ҳарыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАРЫЎ ф. Шаршаў, болдырыў, диңкеси қурыў. *Ҳарығанлық* па бираз ўақыт теридей бүрисип жатты да, көзи илинип кетти (К.Султанов).

ҲАРЫЎШЫ ат. Диңкеси қурыўшы, шаршаўшы, болдырыўшы.

ҲАСА ат. Узынлығы бир ямаса бир ярым метр шамасындағы адамлардың қолына услап ҳәм таянып жүретуғын таяқ. Онда басқа ғаррылардай бел бүгиў, *ҳаса* таяныў деген жоқ (А.Бекимбетов).

ҲАСЛА р. Ҳеш қашан, ҳеш қандай. Оның айтқан гәплери *ҳасла* есимнен шығар емес (Ә.Шамуратов).

ҲАСЛАН қ. ҳасла.

ҲАСЛЫ ат. Тийкары, негизи, шығысы, теги. *Ҳаслы* қарақалпақ Қоңыраттың қызы, Биреўдиң сақлаған айдай жулдызы (С.Нурымбетов).

ҲАСЫЛ кел. **1.** Жақсы, таза, қунлы, баҳалы. *Ҳасыл* кийим кийиндим, Тәжим берип ийилдим (ққ.х.қ.). **2.** Жерге егилген дийқаншылықтан ҳәм мийўе өсимликлеринен алынатуғын дән, мийўе, өним. ... күниге 200 килограммнан асыра *ҳасыл* терип, фартугинен 6 тонна пахта төксе, хожалық күнине 27,5 тоннадан зыят жоқары сортлы өним тапсырыўға ерискен... («ЕҚ» г.).

3. ауыс. Қымбатлы, қәдирли. Жақсының аяғы сегиз, *Ҳасыл* сүйгенде болар негиз (кк.х.н.). ◊ **Ҳасыл туқымлы** – туқым жақсыланған зат. Бул фермадағы *ҳасыл туқымлы* сүтли сыйырлардың биреўи (Ө.Айжанов). **Ҳасыл тас** – ҳәр түрдеги баҳалы тас, қымбат тас. *Ҳасыл тас* бар. Қаратаўда, Деп қалтаға қолын суқты (И.Юсупов). **Ҳасыл жер** – көп өним беретуғын жақсы жер. **Ҳасыл зат** – сапасы жағынан жақсы нәрсе, буйым.

ҲАСЫЛДАР кел. **1.** Өними жақсы, көп ҳасыл беретуғын, өнимдар. Жер *ҳасылдар* екен, бәлким абайсыз тасланған бир шаңғалақтан көгерген шығар (Т.Қайыпбергенов). **2.** Баҳалы, қунлы, пайдалы. «Қубла» Регионал сәркардалығы сәркардасы тәрепинен *ҳасылдар* атларға жоқары баҳа берилди («ЕҚ» г.).

ҲАСЫЛЛАНДЫРЫЎ I кел. Жақсы туқым, сайланды туқым, ҳасылдар.

ҲАСЫЛЛАНДЫРЫЎ II ф. Нәсилин жақсылаў, сайланды етиў. Малды *ҳасыллаидырыў* ушын мәмлекетимиздиң көрсетпелерине тийкарланып қолланған илажларын оғада мақул тапты (Ж.Аймурзаев).

ҲАСЫЛЛЫ кел. Ҳасылды көп беретуғын, өнимли.

ҲАСЫЛЛЫЛЫҚ ат. **1.** Ҳақ нийетлилик, кең пейиллилик. **2.** Қәдирлилик, көрнеклилик, сулыўлық.

ҲАСЫЛСЫЗ кел. Көп ҳасыл бермейтуғын, ҳасылды аз беретуғын яки бермейтуғын.

ҲАЎ т.с. Ҳайран қалыўды, күйиниўди, өкиниўди, таңланыўды билдиретуғын таңлақ сөз. – *Ҳаў*, мына бала бүгин ерте турыпты ғой («Жеткиншек»).

ҲАЎА ат. **1.** Реңсиз, дәмсиз, көзге көринбейтуғын, қолға услап болмайтуғын, улыўма жер шарын қаплап турған азот және кислород сыяқлы газлер араласпасынан ибарат зат. Шәҳәрлер көп мәлим дүнья жүзине, *Ҳаўа* жутсаң, түтин урар көзиңе (И.Юсупов). **2.** Жер үстиндеги ҳаўа менен толған бослық. **3.** Аспан, көк. **4.** Атмосфераның аўҳалы, ҳаўа райы, күн. Ашық *ҳаўа* – *Ҳаўа* жаўса айдын көллер сел болсын, Күннен-күнге бул дәўлетиң мол болсын («Ер Зийўар»). **5.** Белгили бир жердиң ҳаўа шараяты, жағдайы. Таўда *ҳаўа* қәпелимде өзгерер, Бираз жигитлердиң көзқарасындай (И.Юсупов). ◊ **Ҳаўа райы** – күннің бағдары, жағдайы, рабайы. Бүгин *ҳаўа райы* күндегиден басқаша (Ө.Хожаниязов).

ҲАЎАЗ ат. Жағымлы сес, жаңлаған даўыс. Сениң бүлбилгөя *ҳаўазың* есте, Қалайша «яд етип жүрмедиң» дерсең? (И.Юсупов).

◊ **Хош ҳаўаз** – жүдә жағымлы даўыс. Кеўил тасып *хош ҳаўазлар* жаңлайды, Халық ушын дүньяда қызық сөз екен (С.Нурымбетов).

ҲАЎАЗА ат. **1.** Даңқы, атағы. Оның ҳаўазасы жәҳәнге жайылып кетти (ққ.х.е.). **2.** Даўыс, сес, ҳаўаз. Жағымлы ҳаўаза.

ҲАЎАЗЛЫ кел. Хош ҳаўазлы, даўысы жағымлы, қосықшы.

ҲАЎАЙЫ кел. Көгис, ашық көк, аспан көк. Енди жоқ ол арыў – жигиттиң яры, Жоқ сол *ҳаўайы* көз, солған гүл-лала (И.Юсупов). ◊ **Ҳаўайы реңи** – ҳаўа тәризли, ашық көк. Сапаргүл аршадағы *ҳаўайы реңдеги* жеңсиз костюмын алды да, кийине баслады (А.Беғимов).

ҲАЎАЛАНДЫРЫЎ ҳаўаланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАЎАЛАНЫЎ I ҳаўалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲАЎАЛАНЫЎ II ф. Биреўдиң кеўлиниң басқа жаққа өзгериўи, бузылыўы, айныўы. Ырасын айтсам, *ҳаўаландым*. Өзге журтты көргим келди (М.Нызанов).

ҲАЎАЛАТТЫРТЫЎ ҳаўалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲАЎАЛАТЫЎ ҳаўалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАЎАЛАЎ ф. Жоқары көтерилиў, аспанға шығыў. Жерден көтерилген самолёт *ҳаўалап* кетти де, көзден ғайып болды (А.Бекимбетов).

ҲАЎАЛЫ I кел. Ҳаўасы бар, ҳаўаға ийе болған.

ҲАЎАЛЫ II кел. Бийик, жүдә жоқары. Көше бойында аспан менен тиллесип турған *ҳаўалы* жайлар қалаға сән берип тур (С.Салиев).

ҲАЎА СОҚЫ диал.с. Тостаған. Буған дуз, насыбай түйеди (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲАЎЛЫҒЫСЫЎ ҳаўлығыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲАЎЛЫҒЫЎ ф. Қорқыў, сескениў, шоршыныў. Омар бүгин кеш жатқанлықтан ба, азанда *ҳаўлығып* орнынан турды («Әмиўдәрья» ж.).

ҲАЎЛЫҚПА кел. Ҳәўликпе, көтерилме. Сонлықтан, сен ойлан, *ҳаўлықпа* қуры, Мен қыз емеспен ғой, ҳаялман ақыры (И.Юсупов).

ҲАЎЛЫҚТЫРЫЎ ҳаўлығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲАЎЫЗ ат. Дөңгелек ҳәм төрт мүйеш етип, тереңлеп қазылған суў сақлайтуғын орын, суў сақлағыш, ой. *Ҳаўыз* бетте таўыслар жүр доланып (И.Юсупов).

ҲАЯЛ ат. Қатын, зайып, ерлердиң жубайы. Ер жигиттиң атын *ҳаял* шығарар, ... (Бердақ). ◊ **Ҳаял-қыз** – ҳаял затына

тийисли, тән. Минасыпсаң мың дәстанда мақтаўға, *Хаял-қыз* намысын бийик саклаўға, ... (И.Юсупов).

ҲӘББЕН диал.с. Шанақ. Қаўынды *ҳәббен* шаўып егеди (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘДДИ ат. Шама, аўҳал, жағдай. Анда патша айтты, Айдос қарақалпақ, Енди хийўалы болмаға *ҳәддиңе* бақ (Бердақ). ◊ **Ҳәдден асыў** – күшейиў, зорайыў. Турды Таня жаны ашып, Жас ағашлар арасында, Кетти аўған *ҳәдден асып*, Ол душпанын аясын ба? (И.Юсупов).

ҲӘДИЙСЕ ат. **1.** Тәбиятта, жәмийет турмысында болатуғын ўақыя, хәрекет, жағдай. Бул *ҳәдийсе* Ҳүрзияның да басына түсти (М.Дәрибаев). Жолда ол және бир күтилмеген *ҳәдийсеге* ғезлести (Т.Қайыпбергенов). **2.** Тәбиятта, жәмийет турмысында пайда болатуғын өзгерис.

ҲӘЖДЕ қ. сәжде.

ҲӘЖЕТ I м. с. **1.** Мүтәж, зәрүр, керек. Билиўдиң *ҳәжети* болар ма саған, Шайырлардың қәйтип кийетуғынын?! (И.Юсупов). **2.** Тийис, лазым, өтиниш.

ҲӘЖЕТ II ат. тәҳаратке шығыў. Үйде болса *ҳәжетке* шығыўдан басқасына қыймылдамайман (М.Нызанов).

ҲӘЖЕТЛИ кел. **1.** Мүтәжли, зәрүрли, керекли. **2.** Тийисли, өтинишли, лазымлы.

ҲӘЖЕТСИЗ кел. **1.** Мүтәжсиз, зәрүрсиз, керексиз. **2.** Тийиссиз, лазымсыз, өтинишсиз.

ҲӘЖЕТХАНА ат. Дәретхана, бәдирапхана. *Ҳәжетхананың* қасына апарып түсирди (Ш.Сейтов).

ҲӘЖЖЕ қ. әжже.

ҲӘЗ ат. **1.** Рәҳәт, ләззет. Бул ақ қустың әрманы көп, *Ҳәз* етпеди аң аўлап жеп, ... (Бердақ). **2.** Кеўли хош болыў, кеўилли дем алыў. Мийнеттен *ҳәз* таўып сиз хәр бириңиз, Махмуд Эйвазовтың жасын көриңиз (И.Юсупов). **3.** Шадлық, тамаша, мәслик. *Ҳәз* берер бийдәўлет шағалалардың, Шын кеўилден келип шақақлаўлары (И.Юсупов). **4.** Тынышлық, хәзлик. Сизге *ҳәз* жоқ хәзирги гезде (И.Юсупов).

ҲӘЗИЛ ат. **1.** Күлки, ойын, дәлкек, дегишпе. Ал, сен де *ҳәзилге* үйренеди екенсең (С.Салиев). Орынлы *ҳәзил* жарасықлы ғой (Ж.Сапаров). **2.** Ермек, мысқыл.

ҲӘЗИЛКЕШ кел. Ойыншыл, дәлкекшил, күлкишил, ойынпаз. Шын *ҳәзилкеш* болды өзи, Сәдде-сәдде палдай сөзи (Ә.Шамуратов).

ҲӘЗИЛКЕШЛИК ат. Дәлкекшиллик, ойыншыллық.

ҲӘЗИЛЛЕСИЎ ф. Күлисиў, дәлкеклесиў, басқыласыў. Жел де бүгин қытықлайды кеўилди, Бийкеш пенен *ҳәзиллескен* жеңгейдей (И.Юсупов).

ҲӘЗИЛЛЕЎ ф. Ойнаў, басқылаў, дәлкеклеў. Десип атыр курдаслары да *ҳәзиллеп* (Ж.Аймурзаев).

ҲӘЗИЛПАЗ қ. ҳәзилкеш.

ҲӘЗИЛШИЛ кел. Ойыншыл, күлкишил, дәлкекшил, күлкипаз. Дуўтар шерткиш *ҳәзилшил* өзи, Көпти көрген көргиш өзи (Ә.Шамуратов).

ҲӘЗИР р. **1.** Тез, жаңа, көп узамай. Қәне, мининлер! *Ҳәзир* жетемиз (Т.Қайыпбергенов). **2.** Бул күнде, усы ўақытта, енди. Усы мениң айтып отырған Есмурзам *ҳәзир* Куйбышев атындағы совхозда рабочий болып ислейди (Ж.Аймурзаев).

ҲӘЗИРЕТ ат. дин.с. **1.** Дин улама адамлардың мәртебеси, ўазыйпа яки атларына қосылып айтылатуғын сөз. Тасаддықдур башы, малы, Ҳиммет берген *Ҳәзирети* Әлий, ... (Бердақ). **2.** Патша, хан, бек, бий, аталық сыяқлы жоқары дәрежелилердиң атына қосылып айтылатуғын сөз. Датқаға келген адамды, Хан *ҳәзиретке* жибермей («Ер Зийўар»). **3.** Атақ, дәреже. Ертеде усы аўылға *ҳәзирет* келетуғынын адамлар әлле қашан-ақ еситипти (Ә.Шамуратов). **4.** Уллы, мәртебели. *Ҳәзирети* Наўайы, Әжиниязлар, Қәлем тарта-тарта таўысқан емес (И.Юсупов).

ҲӘЗИРИНШЕ қ. ҳәзирше.

ҲӘЗИРЛЕНИЎ ҳәзирлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲӘЗИРЛЕТИЎ ҳәзирлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЗИРЛЕЎ ф. Бир нәрсени тайын етиў, таярлаў. Ақшам *ҳәзирлеп* жатқан бир қысым қамыстың белинен бир бүклеп сындырып, аяғының астына салып пышыр-пышыр езди де, ошақты геўлеп ыссы күлге басты (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘЗИРЛЕНИЎ ф. таярланыў, тайын болыў. Убайдулла султан оларды киши үйге баслап кирип, аўқат *ҳәзирленемен* дегенше, дем алыўға руқсат етти (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘЗИРЛИК ат. Таярлық, күтимлик, күтиниўшилик.

ҲӘЗИРШЕ р. Ўақытша, азғана, тек ғана. *Ҳәзирше* қала қапталынан бир участка нәл ағашын егиўге қабыл алдық (И.Юсупов).

ҲӘЗЛЕНИЎ ф. Рәҳәтлениў, ләззетлениў. Шубар сыйыры *ҳәзленип* өз күшин жыйнады (Ә.Айжанов).

ҲӘЗЛЕСИЎ ф. Рәҳәтлесиў, ләззетлесиў.

ҲӘЗЛЕТИЎ ф. Рәҳәтлетиў, ләззетлетиў.

ҲӘЗЛИК ат. Рәҳәтлилик, жағымлылық, пайызлылық. Алған ҳаялға мақтанар, *Ҳәзлик* жағын билген екен (С.Нурымбетов).

ҲӘЗСИЗ кел. Рәҳәтсиз, ләззетсиз, жағымсыз, пайызсыз.

ҲӘЙЙИЎ т. с. Жас балаларды уйқылатыўдағы айтылатуғын сөз. Анам туўып, *ҳәййиў* айтып, Сөйлеп жүрип тил үйреткен, ... (И.Юсупов).

ҲӘЙЙИЎЛЕЎ ф. Ҳәййиў айтыў, тынышландырыў, уйқылатыў.

ҲӘЙКЕЛ I ат. Адам ямаса ҳайўан геўдесиниң гипс, тас, металл, ағаш ҳәм т.б. қатты материалдан жонып, ойып исленген көриниси. ... Миллий бағда, сондай-ақ, ўәлаят ҳәм қалаларда орнатылған *ҳәйкеллерге* гүл қойыў мәресимин шөлкемлестирсин («ЕҚ» г.)

ҲӘЙКЕЛ II ат. Мыс, ямаса гүмистен исленген, ҳаял-қызлардың көкирегине тағып жүретуғын зат, безениў буйым. Өңир моншақ, *ҳәйкел* таққан қызлар үйге изли-изинен кире баслады (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘЙЯ қ. ҳәййиўлеў.

ҲӘЙЯЛАЎ қ. ҳәййиўлеў.

ҲӘК ат. Жайды ағартыўға ҳәм сыбаўға пайдаланыў ушын тасты күйдирип исленген ақ зат. ◊ **Ҳәк ашыў** – ағаштан исленген буйымлардың, затлардың ғажып кетиўи, ашылыўы. Гүлмыйығы сепсип *ҳәк* ашқан арба, Гейде турып қалар омбалап қарға (И.Юсупов).

ҲӘКӘК диал.с. Ҳәкке. Пәриниң ушы ақ болып, *ғарғалар* топарына жатады (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘКЕРИ ат. **1.** Таз, тазша, тазыке. *Ҳәкери* таздың дәмеси, Шул қызлардан болған екен (Бердақ). **2.** Ҳөкки, ҳәкис, қырсық. Жүсип *ҳәкери* болған соң оның сөзин ҳеш ким уры бериге алмайтуғын болды (Ш.Сейтов).

ҲӘКЕРИЛЕНИЎ ф. Ҳәккилениў, қырсықланыў, ҳәкислениў.

ҲӘКЕРИЛИК ат. Қырсықлық, ҳәкислик, ҳөккилик.

ҲӘКИМ ат. **1.** Белгили бир (район яки қала) аймақты басқарыўшы, басшы. Бир өзинди неше жыл бир шәҳәрде *ҳәким* етип қойдық («Мәспатша»). Деген ҳәмелдарға: «Аўа сен келсең, Қала *ҳәкими* де болажақ ...» деген (И.Юсупов). **2.** аўыс. Дана, данышпан, билгиш. Кәраматлы тәўип *ҳәким* Улықман (И.Юсупов).

ҲӘКИМЛИК ат. Үстемлик, зорлық. Ҳәр қайсысы бир журтты ң *ҳәкимлигин* беремен деп халқына дағазалады («Мәспатша»).

ҲӘКИМШИЛИК ат. Басқарыўшылық, ҳәкимшилик орынлары, ел бийлеўшилик. Ҳаялға *ҳәкимшилик* тийсе, аттан түсип, от жаққыш болыўдан басқа немиз қалды (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘКИРЕҢЛЕЎ ф. Гүдиреклениў, ашыўланыў, көтерилиў. Нурым бий *ҳәкиреңлеўи* менен ауылға кетти (Ө.Хожаниязов).

ҲӘКИС кел. Қырсық, өжет, кесир. Төребай кемпирдиң *ҳәкис* сөйлегенин жақтырмай сыртқа шығып кетти (К.Султанов).

ҲӘКИСИНЕ р. Керисине, терисине, қырсығына. *Ҳәкисине* қыс ерте басланып, қалың жаўған қар астынан жол табалмай, ҳәптелеп иркилген уақытлары да болды (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘКИСИНШЕ р. Керисинше, терисинше.

ҲӘКИСЛЕНДИРИЎ ҳәкисленіў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘКИСЛЕНИЎ ф. Қырсықланыў, өжетленіў, ерегисиў. Сен неге әйтеўир нәрсе ушын *ҳәкисленип* жөниңди айтпайсаң? (А.Әлиев).

ҲӘКИСЛЕСИЎ ҳәкисленіў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘКИСЛЕТТИРТИЎ ҳәкисленіў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲӘКИСЛЕТИЎ ҳәкисленіў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘКИСЛИ кел. Қырсықлы, гежирли. Көзи *ҳәкисли* болса да бираз нәрсени аңғара алады (С.Салиев).

ҲӘКИСЛИК ат. Қырсықлық, гежирлик, өжетлик.

ҲӘККЕ ат. Ғарғалар семьясына киретуғын, ала қанатлы, қуйрығы узын, жабайы қуслардың бир түри. – *Ҳәкке* қайда? – Уясында! – Не қылып атыр? –Кесте тигип атыр (ққ.х.к.).

ҲӘККЕДЕЙ кел. Ҳәккеге усаған, ҳәкке сыяқлы, ҳәкке тәризли.

ҲӘККЕЛЕНИЎ ҳәккелеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲӘККЕЛЕСИЎ ҳәккелеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘККЕЛЕТТИРТИЎ ҳәккелеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲӘККЕЛЕТИЎ ҳәккелеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘККЕЛЕЎ ф. Бир аяқты көтерип екинши бир аяқ пенен

секирип жүриў. Жумагүл қуўанышы бөлинип *ҳәккелек* атып ойнады («Жеткиншек»).

ҲӘККЕЛЕЎШИ ат. Ҳәккелеп жүриўши адам.

ҲӘКЛЕНИЎ ҳәклеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲӘКЛЕСИЎ ҳәклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘКЛЕТТИРИЎ ҳәклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘКЛЕТИЎ ҳәклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘКЛЕЎ ф. Жайды ҳәк пенен ақлаў, ағартыў. Аўыл бойынша бир *ҳәкленген* жай бар, Сол бир гөне тамды «мектеп» дер еди (И.Юсупов).

ҲӘЛЕК: ҳәлек болыў ф. **1.** Әўере болыў, барып қайтыў, машқатланыў. *Ҳәлек* болып ким алып жүр шашымды (К.Султанов). **2.** аўыс. Қыйралыў, жоқ болыў, опат болыў, ўайран болыў. Кетсең дәў қолында *ҳәлек* боларсаң, Хазан урған қызыл гүлдей соларсаң («Ер Зийўар»).

ҲӘЛЕККЕ диал.с. Жүдә суўлы болып келетуғын қаўынның түри (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘЛЕКЛЕНИЎ ф. Әўерелениў, машқатланыў. Бул жайдан шықпаймыз, мениң тағы жай излеп *ҳәлекленип* жүрер жағдайым жоқ (Қ.Айымбетов).

ҲӘЛЕКЛЕТИЎ ҳәлеклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЛЕКЛЕЎ ф. Қуры далаға барып қайтыў, машқатқа түсиў, бостан-босқа ҳәлеклеў, қайта-қайта қатнаттырыў. Судья әдил болғанда урланған малдың ийесин, тракторшы хәм сулыў қыз туўған ҳаялды қамап жиберип, Әширбайдан қуры *ҳәлеклегени* ушын кеширим сораўы тийис еди (М.Нызанов).

ҲӘЛЕКШИЛИК ат. Қайта-қайта келе бериўшилик.

ҲӘЛЛЕНДИРИЎ ҳәлениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЛЛЕНИЎ ф. Күшине келиў, қарыўланыў. Соңғы сөзлери оған қуўат берди, бираз *ҳәлленди*... (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘЛЛИ кел. Күшли, қарыўлы, димарлы, дәрманлы.

ҲӘЛСИЗ кел. Күшсиз, қарыўсыз, димарсыз, дәрмансыз, димары қурыған.

ҲӘЛСИЗЛЕНИЎ ф. Қарыўы қайтыў, күши кетиў, димарсызланыў, дәрмансызланыў.

ҲӘЛСИРЕЎ ф. Әззилениў, болдырыў. Урыста *ҳәлсиреген* Нәдир шаҳ бул жерде беккем ҳүкимдарлық ете алмады (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘМ к. с. Сөз бенен сөзди, гәп пенен гәпти байланыстырыў ушын қолланылатуғын көмекши сөз.

ҲӘМДӘМ ат. **1.** Биреў менен бирге болыўшы адам, кеңесши, дос, яран. Отырыспаға барғанында, Қызға *ҳәмдәм* болғанында, Бир кесе чай алғанында, Жумсақ сөзли бол биймәлел (А.Дабылов). Азамат сайлап яр-дос тут, Нәмәрт пенен *ҳәмдәм* болма («Мәспатша»). **2.** Ерлердиң аты, исми.

ҲӘМЕЛ ат. **1.** Халықты басқаратуғын жумыстың аты, ўазыйпасы, дәреже, атақ. Бир күни бийликтен түсти, Белли күшти қайдан тапты, Уллы *ҳәмелге* жетипти, Сөйтип аталық болды (Бердақ). **2.** Ҳийле, тәсил, әдис, сумлық. Қоблан жамбас салады, Түрли *ҳәмел* қылмақлық, Бурынғы бир жол болып, Палўанлардан қалады («Қоблан»).

ҲӘМЕЛДАР ат. Ҳәмели бар адам, елди ҳәм журтты басқарыўға ҳуқықы бар киси, хызметкер. *Ҳәмелдар* ҳақысын алар тум-тустан, Олардың бәрисин көрдик (Әжинияз).

ҲӘМЕЛДАРЛЫҚ ат. Ҳәмелди алып барыўшылық.

ҲӘМЕЛДАРШЫ қ. ҳәмелдар.

ҲӘМЕЛДАРШЫЛЫҚ қ. ҳәмелдарлық.

ҲӘМЕЛЛЕНИЎ ҳәмеллеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲӘМЕЛЛЕСИЎ ҳәмеллеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘМЕЛЛЕСТИРИЎ ҳәмеллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘМЕЛЛЕТИЎ ҳәмеллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘМЕЛЛЕЎ ф. Илажын көриў, мүмкиншилик табыў, ретлестириў, ийкемлестириў. *Ҳәмеллеп* өзлеримиз бир илажын таппасақ болмас (Ө.Хожаниязов).

ҲӘМЕЛЛИ кел. Ҳәмели бар, ҳәмелге ийе.

ҲӘМЕЛПАРАЗ кел. Ҳәмелди жақсы көретуғын, оны жақсы алып баратуғын, жақсы сүйетуғын. *Ҳәмелпаразлық* жоқ, күнлеў деген жоқ, Ҳәмме адам ушын бир заң, бир тәртип, ... (И.Юсупов).

ҲӘМИЙШЕ р. Бәрҳама, мудамы, удайы, муддасыл. Әўладларың сизден *ҳәмийше* ырза, Руўҳыңызға тәзим, Улуғбек мырза! (И.Юсупов).

ҲӘМИЛЕ ат. **1.** Ана қарынында яки иште жаңа пайда болып киятырған жаны бар зат, урық, туқым, бала. Аққан жулдыздан қорқып бойымдағы *ҳәмиледен* айырылдым (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Мүтәж, зәрүр. Аппақ таң *ҳәмилели* болғанда күнге, Ең жақты жулдызлар ығбал бәҳәринде ... (И.Юсупов).

ҲӘМИЛЕДАР ат. Қурсағында бала бар ҳаял. Бирақ, зыяны изинде қалды. *Ҳәмиледар* Бағдагүл ўайран болды (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘМИР ат. **1.** Белгили бир истиң орынланыўы ҳаққында берилетуғын буйрық, ҳүким. Бермесе зорлап тартып ал, Патша *ҳәмири* деген екен (Бердақ). **2.** Зорлық, зулымлық. Бул не деген хорлық, не деген *ҳәмир*, Бул дүньяға шыққан менен не пайда (Омар).

ҲӘМИРЕ ат. тар.с. Дос, жолдас.

ҲӘМИЎ ат. тар.с. Шоқмарга уқсас қурал.

ҲӘМИЯН ат. Ақша ямаса басқа майда зат салатуғын кишкене етип исленген буйым, қалташа, шыжлан. Қалтада *ҳәмияның* толы алтының болса, ешек те жорғаның алдына түседи (А.Бекимбетов).

ҲӘМИЯНСЫЗ кел. Ҳәмияны жоқ, ҳәмиянға ийе емес.

ҲӘММЕ ал. Барлық, бәрше, тегис, түўел, ҳәр, ҳәр бир, пүткил. *Ҳәмме* өнерди қуртып, енди қосық жазып жүр (К.Султанов). *Ҳәмме* өз ара келисимге келди (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘММЕСИ ал. Барлығы, жәми, көпшилиги. Лаббай, төрем, гүнжаралардың *ҳәммеси* бунда деди (Қ.Әўезов).

ҲӘҢ диал.с. Қатты суўық күнлери теңиздиң музы ортасынан айырылады. Муздың жарылған жериниң ени 35—50 см., оннан да үлкенирек болады. Усындай тәқилеттеги жарықты жергиликли адамлар, балықшылық кәсибиниң кәнигелери «*ҳәң*», «ҳәң ашыў» деп атайды (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘҢГИ I кел. Аттың, ешектиң пәтли түри, биймаза түри, тентек, айғыр. Турдымурат ара-тура *ҳәңги* ешегин минип, ҳәр жерге қыдырып турады (Ж.Сапаров).

ҲӘҢГИ II кел. тар.с. Бул жерде: жалатай.

ҲӘҢГИЛЕЎ кел. Айғырлаў, тентеклеў, биймазалаў.

ҲӘҢГИЛИК ат. Айғырлық, тентеклик, биймазалық.

ҲӘҢГИРЛЕЎ ф. Диңгирлеў, шөдкилдеў, мазасын алыў, биймазалық етиў.

ҲӘҢИЗ диал.с. Толқын, йош мәнисинде қолланылады. Бул нәрсе бақсының намасына айрықша жаңғырған толық музыкалы *ҳәңиз* береди (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘҢКИЙИСИЎ хәңкийиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘҢКИЙИЎ ф. **1.** Ғорбыйыў, тыржыйыў, менсинбеў. Шайырман деп ат үстинде шәңкийип, Қорадағы ешектей турдың *ҳәңкийип* (С.Нурымбетов). **2.** Ашыўланыў, тулланыў. Ҳә ийттиң баласы, бий кеткели сен неге қонсы-қобага үйир болдың? Күйеўи кетсе токал *ҳәңкийе* қалады (К.Султанов). **3.** Үлкейиў, бийиклеў, нәҳәнлеў, узынлаў.

ҲӘПЗАМАТ р. Тез, жылдам, дәрриў, шаққан. Ойын бийлеген қәҳәрли ашыў *ҳәпзаматта* тарап кетти («Әмиўдәрья» ж.).

ҲӘПТЕ ат. Бир айдың төрттен бир бөлеги. Бир *ҳәптеде* жети күн болады. Соның менен бирге *ҳәпте* бурын шаўып қойылған таяр жантақларды әкелдик (М.Шымбергенов).

ҲӘПТЕЛИК кел. Бир ҳәптениң ишинде, бир ҳәптелик, ҳәпте аралығы.

ҲӘР БИР ал. **1.** Жеке бир адам, айырым бир киси. **2.** Базы бир, гейпара.

ҲӘРГИЗ р. Ҳеш қандай, ҳеш ўақыт, дым, ҳасла, ҳеш, сирә, ҳеш қашан. Ҳәсед ҳәремине кирмеген бол деп, *Ҳәргиз* қыйсық жолдан жүрмеген бол деп (И.Юсупов).

ҲӘРДАЙЫМ р. Мудамы, бәрқулла. *Ҳәрдайым* бир-биреўин көргенде баладай куўанысып қалатуғын еди (Ө.Айжанов).

ҲӘРЕКЕТ ат. **1.** Қыймыл, қозғалыс. Жаралы жолбарыс өлер алдында ашыўға шыдамай *ҳәрекет* жасайды (К.Султанов). **2.** аўыс. Тиришилик, ғам. Әй қосшым, бизики де бир *ҳәрекет*, бала-шаға бағыў, күн-көрис дегендей, иним (Н.Дәўқараев).

ҲӘРЕКЕТЛЕНИЎ ф. Қозғалыў, умтылыў. Үйдиң руўзыгершилиги жаман болады, бала-шаға өзлериниң тамағын табыўға *ҳәрекетленеди* (Ж.Аймурзаев).

ҲӘРЕКЕТЛЕСИЎ ҳәрекетлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘРЕКЕТЛЕТИЎ ҳәрекетлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘРЕКЕТЛЕЎ ф. **1.** Қозғаў, ҳәрекетке келтириў. **2.** Нерв системасы бузылыў, жин урыў.

ҲӘРЕКЕТЛИ кел. **1.** Қозғалыслы, қыймыллы. **2.** аўыс. Тиришилигинде, ғамында.

ҲӘРЕКЕТСИЗ кел. **1.** Қозғалыссыз, қыймылсыз. **2.** Ғамында жоқ, нийетленбеген.

ҲӘРЕКЕТШИЛ кел. Қолынан ҳәр түрли жумыс келетуғын, ислеўди билетуғын, ҳәрекетшең.

ҲӘРЕМ ат. Жынғылдан, шеңгел ямаса қада ағашынан бир нәрсени қорғаў ушын исленген қорған, қоршаў жер, орын. Есиктиң алдындағы *ҳәремниң* ишинде түрли жемис өсип тур (Ж.Сапаров).

ҲӘРЕМЛИ кел. Ҳәреми бар, ҳәремге ийе.

ҲӘРЕМСИЗ кел. Ҳәреми жоқ, ҳәремге ийе емес.

ҲӘР ЖАҚЛЫ кел. Ҳәр нәрседен хабары бар, ҳәр тәреплеме билетуғын, жән-жақлы. Ол көп оқыған, өнерли *ҳәржақлы* адам еди (Ж.Сапаров).

ҲӘР ЖЕРДЕ р. Барлық жерде, ҳәр бир орында, ҳәмме жерде. *Ҳәр жерден* ийтлер шабаланып шығып, кейнине қайтып атыр (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘРИП ат. Сестиң жазылыў таңбасы, алфавит. Бир *ҳәрип* үйреткенге қырқ жыл сәлем бериў парыз (ққ.х.н.).

ҲӘР КИМ ат. Ҳәр бир жеке адам, ким болса да, ким болса сол. *Ҳәр ким* ең алды менен өз жақынынан қәўипсинеди («Әмиўдәрья» ж.).

ҲӘР КҮН ал. Ҳәр бир күн, күн сайын, мудамы, бәрҳа, бәрҳама. *Ҳәр күни* марданы қуры қайтпады (К.Султанов).

ҲӘР ҚАЙСЫСЫ ал. Ҳәр биреўи, жеке-жеке, дара түрде. Бийтаптың ҳалын сорап, врачлардың *ҳәр қайсысы* көрип кетеди (А.Бекимбетов).

ҲӘР НӘРСЕ ал. Ҳәр түрли, ҳәр қыйлы, түрли-түрли нәрсе. Ал, ол болса еле *ҳәр нәрсени* бир жонып отыр (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘРНЕ I ал. **1.** Ҳалына қарай, шамасына қарай, мүмкиншилик болғанша, зордан-зорға. *Ҳәрне* шамасына қарай ғажыған қолын ғайратлана сермеп, исин ислеп атыр (Ө.Айжанов). **2.** Ҳәр қандай, барлық. Бөлип алың, *ҳәрне* тапқан барымды, ... («Қоблан»).

ҲӘРНЕ II диал.с. Халық қатары, көпшилик пенен бирге дегенди анлатады. Тапқанды *ҳәрне* шөпшеп отурмус (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘРРЕ ат. Тумсығы (ийнеси) менен шағатуғын, қанатлы, ушып жүриўши жәнлик. Даўысы *ҳәрреңиң* ызылдағанындай жуўғарада тынбады (А.Әлиев). ◊ **Пал ҳәрре** – пал жыйнайтуғын ҳәрре.

ҲӘР РЕҢ кел. Бир неше түрли, түрлише. Ғарры ерик ағашларында *ҳәр реңде* санаўлы гүллер көринеди (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘРРЕК диал.с. Ийик соғыўға байланыслы қолланылатуғын қурал (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӘРРИЙИЎ ф. Тик турыў, үрпейиў.

ҲӘРРИЙИСИЎ ҳәррийиў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘРРИЙТИЎ ҳәррийиў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘР ТҮРЛИ р. Ҳәр қыйлы, түрли-түрли. Сақый адам сарайды *ҳәр түрли* тамақлар менен сыйлап жиберипти (Қ.Айымбетов).

ҲӘР ЎАҚЫТ р. **1.** Ҳәрдайым, ўақты-ўақты. *Ҳәр ўақытта* ески турмысты есине түсирип, жигерленип те кетеди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Арасында, сийрек. Ҳәр ўақытта бир

таянып, жигитлер салларын епкин менен әкиятыр: Енди хеш ким айдынға шықпайды ғой, бәри бир, жумыс питти, енди несине асығамыз» деген кейип бар хәммесинде (Ш.Сейтов). **3.** аўыс. Мудамы, барлық ўақытта. Жазғы кеште Анҳар бойында әсте, Сизлер менен сәйир етсем мен *ҳәр ўақыт* (И.Юсупов).

ҲӘСЕМ ат. Көркем, шырай, түр, түс, форма, келбет. Ҳәм дәрҳал айланды *ҳәсем* таўысқа, Пәри тамылжыған бийҳазар қуска ... (И.Юсупов).

ҲӘСЕМЛЕНИЎ ҳәсемлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲӘСЕМЛЕСИЎ ҳәсемлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘСЕМЛЕТТИРИЎ ҳәсемлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘСЕМЛЕТИЎ ҳәсемлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘСЕМЛЕЎ ф. Көркемлеў, шырайлаў, сәнлеў, формалаў. Атларына қоңыраўлар тағылған *ҳәсемлеўли* кәруўанлар изли изинен өтеди («Алпамыс»).

ҲӘСЕР ат. Тәсир, тәпси. Ышқының бәҳәри жетип маған да, Жигитлик *ҳәсери* гезгенде қайда (И.Юсупов).

ҲӘСИРЕТ ат. **1.** Руўхый азап, уўайым, қапалық, қайғы, муң. Болмай истиң берекети, *Ҳәсирет* пенен жарымадым (Күнхожа). Баланың ишки сарайында әлле қандай *ҳәсирет* зәрдеси түскендей болды (К.Султанов). **2.** Биреўге ямаса бир нәрсеге дәртин айтып айтылған сөз, гәп. **3.** аўыс. Ышқында, азабында, дәртинде. Ибрайым дер, *ҳәсиретиңде* жанғалы, Қайта бастан бәри ядыма түсти (И.Юсупов).

ҲӘСИРЕТЛЕНИЎ ф. Қапаланыў, уўайымланыў, дәртлениў, муңланыў. Перийзат бирақ ойланды, *Ҳәсиретленип* қыйналды (Х.Әлимжан).

ҲӘСИРЕТЛИ кел. Қайғылы, уўайымлы, қапалы, муңлы, дәртли.

ҲӘСР ат. тар.с. Қайғы, уўайым.

ҲӘСТЕ ат. **1.** Аң қусларын қондыратуғын ағаш, туғыр. Шам единң *ҳәстеси* сынған, Дуўтар единң дәстеси сынған (И.Юсупов). **2.** Келте ағаш, таяқ. **3.** Үстине шыра қойыў ушын арналып исленген, яғный узынлығы 50–70 сантиметр шамасындағы ағаш. Мурат өз қолы менен *ҳәсте* жасады (С.Айний).

ҲӘСТЕДЕЙ кел. Ҳәстеге усаған, ҳәсте яңлы, ҳәсте сыяқлы.

ҲӘТТЕ к.с. Күшейтиў мәнисиндеги қолланылатуғын сөз. Жаўын суўы *ҳәтте* үйлерди де басып кетеди екен (Ж.Аймурзаев).

ҲӘТТЕКИ к.с. Күшейткиш мәни бериўши сөз, гәптиң мазмунын күшейтиў ушын қолланылады. *Ҳәттеки,* аўқат та тым-тырыс желинди (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘТТЕРШИ ат. тар.с. Усақ саўда ислеўши.

ҲӘЎЕС кел. Бир нәрсеге қумар, қуштар. Көрген арзыў шекер, көрмеген *ҳәўес*, Көрген жан исминди әйлейди *ҳәпес* (Әжинияз).

ҲӘЎЕСКЕР ат. Бир нәрсеге талапшаң, қумарлы, қуштарлы адам. Ол *ҳәўескер* шайыр болса да қосықлары унамлы ҳәм жақсы жазылған (И.Юсупов).

ҲӘЎЕСКЕРЛИК ат. Талапшаңлық, қумарлық, қуштарлық.

ҲӘЎЕСЛЕНДИРИЎ ҳәўеслениў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЎЕСЛЕНИЎ ф. Қандай да бир затқа, нәрсеге қумарланыў, қуштарланыў.

ҲӘЎЕСЛЕЎ кел. Бир нәрсеге ямаса бир затқа қызықсынған, қумарланған, қуштарланған.

ҲӘЎЕСЛИ кел. Қумарлы, қуштарлы.

ҲӘЎЕСЛИК ат. Қумарлық, ышқыпазлық, кеўил коятуғын. Еки ашық сол жерде, *Ҳәўеслик* пенен таныста («Мәспатша»).

ҲӘЎЕССИЗ кел. Қуштарсыз, қумарсыз.

ҲӘЎЖАР ат. Салт-дәстүр жырларының бир түри, қыз узатқанда, келин түсиргенде, ойынларда, сейиллерде айтылатуғын қосықтың бир түри. Өз әкемниң есиги, Жупар есик *ҳәўжар*, Кирсем-шықсам шашымды, Сыйпар есик *ҳәўжар* (ққ. фольк.).

ҲӘЎИЖ ат. Пәт, күш, ылғал. Сестиң жаңлағанда *ҳәўижге* минип, Тасларға тил питер ғәяға келип, ... (И.Юсупов). ◊ **Ҳәўиж алыў** – пәт алыў, күшке миниў, пәтлениў, өрлеў, басыў. Ағартыў жумысы *ҳәўиж алмақта*, Жасыў-ғарры китапқа көз салмақта (И.Юсупов).

ҲӘЎИЖЛЕНДИРИЎ ҳәўижлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЎИЖЛЕНИЎ ҳәўижлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲӘЎИЖЛЕТИЎ ҳәўижлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЎИЖЛЕЎ ф. Пәтлениў, күшейиў, алға өрлеў, ылғаллаў. Шаршадық, мийнет қылдық, *Ҳәўижледи* ис жаңа (Ж.Аймурзаев).

ҲӘЎИЖЛИ кел. Пәтли, күшли, ылғаллы. Сырнайдан шыққан жағымлы нама мәўиж алған *ҳәўижли* сести ҳаўаға кетип атыр (Ө.Хожаниязов). *Ҳәўижледи* салқынлық, Күн-күн сайын пәт алды (А.Дабылов).

ҲӘЎИР ат. **1.** Ыссы, леп, самал, жел. *Ҳәўир* шығара алмай шып-шып терге түседи (Т.Қайыпбергенов). **2.** аўыс. Жалын, қызғын. Еғис егип сол кең дала қырқ қызы. Жүректиң де бир

басылып *ҳәўири* (Т.Сейтжанов). **3.** аўыс. Пәти, күши. Урыс *ҳәўири* шарпыған ҳәр жүрекке, Бузылған кус уясын да аятар... (И.Юсупов). **4.** аўыс. Дәрти, дебдиўи. Түсинде көрип шығады, ишиндеги *ҳәўирин* шығарыў ушын қурттай аўҳал сорасыўға ынғайласқан адамға, дәртин төгип салады (М.Нызанов).

ҲӘЎИРЛЕНИЎ ҳәўирлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲӘЎИРЛЕСИЎ ҳәўирлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲӘЎИРЛЕТИЎ ҳәўирлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӘЎИРЛЕЎ ф. Қызғынланыў, жалынланыў. Тимурдың тула бойына электр ыссылығы киргендей *ҳәўирлеп* қызып кетти (А.Бекимбетов).

ҲӘЎИРЛИ кел. **1.** Қызғынлы, жалынлы. Шәллер топылысы кәр етпес еди, Үстинен *ҳәўирли* жел өтпес еди (И.Юсупов). **2.** аўыс. Жыллы, ыссы. Қолыңыз сондай жумсақ, сондай *ҳәўирли* екен (А.Бекимбетов).

ҲӘЎИРСИЗ кел. Қызғынсыз, жалынсыз.

ҲӘЎКЕ ат. Жанлы-жаныўарлардың, көбинесе, сыйырлардың тамағының, алқымының асты, буғағы. Сапаргүл сыйырдың *ҳәўкесин* қасып оны тынышландырды (С.Салиев).

ҲӘЎКЕЛИ кел. Ҳәўкеси бар, буғақлы.

ҲӘЎКЕМЛЕЎ ф. Жанлы-жаныўарларды, көбинесе, сыйырларды тынышландырыў ушын ҳәўкесин сыйпаў, қасыў.

ҲӘЎЛЕКИ диал.с. Жарымас нәрсеге көтерилетуғын жеңил минезли адамды усылай атайды (Д.Насыров, О.Доспанов). Мен келгенше неге шыдамадыныз, *ҳәўлекилер!* – деп Ырысқул бий ҳәм ашыўлы ҳәм қуўанышлы сөйледи (Т.Қайыпбергенов).

ҲӘЎЛИ ат. **1.** Хожалық жасайтуғын үлкен бийик жай, үй. Ана *ҳәўли*, мына ҳәўли бир болғай, Шарқы пәлек арасында гүл болғай (ққ.х.қ.). **2.** Үй алдындағы дийўал менен қоршалған майдан. Оның бағ-ҳәреми, кең *ҳәўлиси* жоқ, ... (И.Юсупов).

ҲӘЎЛИКПЕ кел. Көтерилме, желөкпе, есерсоқ. Әйтеўир нәрсеге *ҳәўликпе*, жөн-жосақты сорап ал, – деди (Ж.Аймурзаев).

ҲӘЎЛИРИЎ ф. Жүреги қанасына сыймай көтерилип басылыў, желигиў. Жас жүреги *ҳәўлирип*, шалқасына жатады («Алпамыс»). Ал, мениңше, жүрегим *ҳәўлирип* ҳәзир, Оған шын кеўлимди айтайыншы бир (И.Юсупов).

ҲӘЎЛИРМЕ қ. ҳәўликпе.

ҲӘШЕМЕТЛИ кел. тар.с. Саўлатлы, сулыў.

ҲЕ I т.с. Наразылық, ғәзеплениў мәнилерин билдиреди. Хе, несин сорайсыз? Хе, бахытсыз!

ҲЕ II к.с. Буйрықты билдириўши жанапай сөз.

ҲЕСАП қ. есап

ҲЕШ ал. Болымсыз мәнисин билдирип келиўши алмасық сөз. Анаў-мынаў гәп-сөздиң *ҳеш* кереги жоқ (Ө.Хожаниязов). ◊ **Ҳеш қайсысы** – ҳеш ким, ҳеш биреў. Отырғанлардың *ҳеш қайсысы* Айдананың сөзин бийкарламады (Ө.Хожаниязов). **Ҳеш бир тынбаў** – ҳешқандай, сирә, дым. Айдана зилдей шигитти аркалаўы менен *ҳеш бир тынбады* (Ө.Хожаниязов). **Ҳеш ким** – ҳеш адам, ҳеш биреў. Ол таўықтың соңғы шақырымының алдында *ҳеш кимге* билдирмей үйден шықты (Ө.Хожаниязов). **Ҳеш қандай** – ҳеш нәрсе, дым. Ол *ҳеш қандай* қорқатуғын яки тартынатуғын емес (Ө.Хожаниязов). **Ҳеш нәрсе** – ҳеш қандай, ҳештеме, дым. Ол ҳаққында екеўи де *ҳеш нәрсе* деген емес, ... (А.Бегимов). **Ҳеш ўақыт** – ҳеш қашан, дым, сирә. Оны орынламай турып *ҳеш ўақта* бизиң кеўлимиз кешимейди (Ө.Хожаниязов). **Ҳеш қашан** – дым, ҳеш ўақыт, ҳеш қандай. Ол халық ушын, туўған ели ушын *ҳеш қашан* аянбады (Ө.Хожаниязов).

ҲЕШТЕМЕ ал. Ҳеш нәрсе, ҳештеңе.

ҲЕШТЕҢЕ қ. ҳештеме.

ҲИЙЛЕ ат. **1.** Илаж, шара. Қандай *ҳийле* ислесе де ол қәтеликлерин қайталай берди (Ө.Хожаниязов). **2.** Алдаў ҳәм басқа да усы сыяқлы нәрселерди ислеў ушын қолланылатуғын усыл, тәсил, ҳәмел, жол. Урыстан қашып қалыў ушын бираз *ҳийле* иследи, бирақ болмады (К.Султанов). **3.** Жаманлық, қыянет. *Ҳийле* қылмай ҳүждан тәрезисине, Жасаўдың биймиллет дәўраны болар (И.Юсупов).

ҲИЙЛЕКЕР кел. Ҳийлешил, тәсилхор, қуў, сум, шайтан. *Ҳийлекер* түлки ол достын бираз алдап, әўерешиликке салды (кк.х.е.).

ҲИЙЛЕКЕРЛИК ат. Ҳийлелик, тәсиллик, шайтанлық. Сен *ҳийлекерлик* пенен ҳеш қандай қутыла алмайсаң деди баслық (Ө.Хожаниязов).

ҲИЙЛЕЛИ кел. Тәсилли, ҳийлешил. Қанша *ҳийлели* болған менен қашып қутыла алмады (Ө.Хожанов).

ҲИЙЛЕЛИК ат. Тәсиллик, тәсилхорлық, ҳийлехорлық.

ҲИЙЛЕПАЗ қ. ҳийлекер.

ҲИЙЛЕПАЗЛЫҚ қ. ҳийлекерлик.

ҲИЙЛЕХОР кел. Тәсилхор, ҳийлекер.

ҲИЙЛЕХОРЛЫҚ ат. Тәсилхорлық, ҳийлекерлик.

ҲИЙЛЕШИЛ кел. ҳийлекер, тәсилшил, тәсилхор, ҳийлехор. Көз көреки *ҳийлешил* болғың келеди, бирақ оны келистире алмайсаң (Ж.Аймурзаев).

ҲИНЖИ ат. Маржанның бир түри, меруерт. Алты ордасы бар еди, *Ҳинжи*, ғәўҳар толы еди («Қоблан»).

ҲИНЖИДЕЙ кел. Маржандай, маржанға уқсас, меруерттей. Көпке үлги еткен исиң, Жалтырайды *ҳинжи* тисиң, ... (Бердақ). Қырмызының *ҳинжидей* гүришинен асылған палаў қандай мазалы дейсең (С.Салиев).

ҲИНЖИ-МАРЖАН ат. Ҳинжи ҳәм маржанлар. Илгир зейин болсаң ҳәм шын ўапалы, *Ҳинжи-маржанларын* тағар да кетер (И.Юсупов).

ҲОҚҚА ат. Үкки, масқарапаз қуралы (ағаш аяқ).

ҲӨККИ I кел. **1.** Асаў, туў. Онша *ҳөкки* емес, үйретиўге болады (Х.Сейтов). **2.** Шатақ, биймаза. *Ҳөкки* минез ҳоппық жегизер (ққ.х.н.).

ҲӨККИ II кел Бүкир.

ҲӨККИЛЕЎ кел. Асаўлаў, шатақлаў, биймазалаў.

ҲӨКТЕ диал.с. Басым. Қурбанияз Ешшаннан *ҳөкте* болып шықты (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲӨЛ ат. Ығал, жас, ызғар. Тахта *ҳөл* болғанлықтан жыйналған фондлар шетинен қыза баслаған (Ж.Сапаров).

ҲӨЛЛЕНИЎ ҳөллеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ҲӨЛЛЕТИЎ ҳөллеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲӨЛЛЕЎ I ф. Ызғарлаў, ләмлеў. Азанғы шық пенен жарқырап ашылған пахта бираз *ҳөлледи* (К.Султанов).

ҲӨЛЛЕЎ II кел. Ләмли, ызғарлы. Кийимлер жаңа жуўылғанлықтан ба азы-кем *ҳөллеў* екен (Ж.Сейтназаров).

ҲӨЛЛИ кел. Ызғарлы, ығаллы, ләмли, суўлы.

ҲӨЛЛИК ат. Ызғарлық, ығаллық, ләмлик.

ҲӨЛСИЗ кел. Ызғарсыз, ығалсыз, ләмсиз.

ҲӨНЕР қ. өнер.

ҲУЖЫБАТЛЫ кел. **1.** Пайдалы, исенерликтей, кеңескендей. *Хужыбатлы* сөзин болса айт деди қыз тикленип (К.Аралбаев). **2.** Қарыўлы, ғайратлы, күшли.

ҲУҚЫҚ ат. Ерк. Сондай-ақ, көшпес мүлкке болған *ҳуқықларды* мәмлекетлик дизимнен өткериў қатнасықларын тәртипке салыў тараўында «Көшпес мүлкке болған *ҳуқықларды* мәмлекетлик дизимнен өткериў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамының қабыл етилиўи тараўдың 2022-жылы

ерискен ең үлкен табысларынан бири болды («ЕҚ» г.). ◊ **Пуқаралық ҳуқық** – пуқараларға тийисли болған ерки. ... *пуқаралық ҳуқық* ҳәм миннетлемелери тийкарында жүзеге келетуғын турақ жай менен байланыслы даўлар, жер участкалары мәмлекетлик яки жәмийетлик мүтәжликлер ушын алып қойылыўы мүнәсибети менен жүзеге келетуғын даўларды шешиў ўәкиллигине ийе («ЕҚ» г.).

ҲУҚЫҚЛЫ кел. Ҳуқықы бар, еркли.

ҲУҚЫҚЛЫҚ кел. Теңлик, азатлық, еркинлик, дарқанлық.

ҲУҚЫҚСЫЗ кел. Ҳуқықы жоқ, ҳуқыққа ийе емес, ерксиз.

ҲУТ ат. **1.** Ҳәр бир жылдың он еки айының бири, бир бөлеги. Ҳут айы. **2.** Шамсия жыл есабының он екинши айының арабша аты, яғный 22-февраль 21-март аралығына туўры келеди. *Ҳут* кирди. *Ҳут* шықты.

ҲУЎЫШ ат. Ақыл, ес. Оның *ҳуўышы* кетип не болғаның билмеди (Т.Қайыпбергенов).

ҲУЎЫШЛЫ кел. Ақыллы, если.

ҲУЎЫШСЫЗ кел. Ақылсыз, ессиз, ақылы кем.

ҲҮЖДАН ат. Ар, намыс, уят. Екеўимиздиң арамызға отлы шала таслаўға урынғаны – ҳүжданының жоқлығы (Ө.Хожаниязов). ◊ **Ҳүждан еркинлиги** – ерктиң бийғәрезлиги. Муқаддес ислам динимиздиң ҳақыйқый мәнисин түсиндире отырып, жасларымызда дүньялық мәмлекет, *ҳүждан еркинлиги* ҳаққында дурыс пикирлерди қәлиплестириў менен бирге, оларда басқалардың бузғыншы идеяларын қабыл етпеў сезимин ҳәм ой-пикирин – идеологиялық иммунитетти пайда етиўимиз керек («ЕҚ» г.).

ҲҮЖДАНЛЫ кел. Ар-намыслы, уятлы, намысы, уяты бар. Сен түсин, Айдана өз жолын биледи, ол *ҳүжданлы* келиншек (Ө.Хожаниязов).

ҲҮЖДАНСЫЗ кел. Намыссыз, уятсыз, намысы жоқ, уяты жоқ.

ҲҮЖЖЕ диал.с. Қәрелиниң бир түри (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲҮЖЖЕТ ат. Бир нәрсеге арналып берилген қағаз, документ. Бул сорлының *ҳүжжетлери* көп қағазлардың арасында қалып, он бес жылдан кейин қәте өлгени мәлим болыпты ... (М.Нызанов).

ҲҮЖЖЕТЛИ кел. Документи бар, қағазы бар, документли.

ҲҮЖЖЕТСИЗ кел. Документи жоқ, документке ийе емес.

ҲҮЖИМ ат. **1.** Топылыс, атланыс. Ойға жасалған *ҳүжим* сәтли болды (Ө.Хожаниязов). **2.** аўыс. Ҳәрекет. Енди көр! Биз қонған шатыр жоқ бунда. Газ қаласы дүзге *ҳүжимин* баслар (И.Юсупов).

ҲҮКИМ ат. **1.** Қарар, бийлик, буйрық. Жынаятшылардың исин қараған суд олар ушын тийисли жаза бериўге *ҳүким* шығарды (А.Бекимбетов). **2.** Көрсетпе, қағыйда. Себеби, усы *ҳүкимнен* басқасы туўры емес. Неке – өмир саўдасы, кеўил мәселеси («ЕҚ» г.).

ҲҮКИМ СҮРИЎ ф. Ҳәрекет етиў, ҳәрекетте болыў. Айырым дәреклерге қарағанда, жәмийетте матриархат дәўири *ҳүким сүрип* турған дәўирде ҳаял-қызлар урысқа, аң аўлаўға баратуғын болған («ЕҚ» г.).

ҲҮКИМДАР ат. **1.** Ҳүкимши, бийлик етиўши. Ҳеш қандай *ҳүкимдар*, Ҳеш бир патша, хан ... (И.Юсупов). *Ҳүкимдар* болсаң да ақылы дана, Ашықлық дәртине табылмас шара (И.Юсупов). **2.** Елдеги мәмлекетлик бийликти атқарыўшы ҳәм басқарыўшы негизги орган. Бул елде *ҳүкимдар* буйрықпаз системаның халықты тийкарсыз идеологиясының жетегинде 70 жыл даўамында қуры босқа сүйреп жүргенлигин көрсетти («ЕҚ» г.).

ҲҮКИМДАРЛЫҚ ат. Ҳүким, бийлик етиўшилик. Жуман ақсақал қараўындағы пуқараларға *ҳүкимдарлығын* көрсетеди (А.Әлиев). Тарийхымызға нәзер салсақ, белгили философтың атланысқа таярлық көрип атырған императорға: «Қайсыдур елди бағындырып жаўлап алып ҳәм сол елге узақ жыллар *ҳүкимдарлық* етиў ушын ол халықтың мәнаўиятын жоқ етиў керек» – деген екен («ЕҚ» г.).

ҲҮКИМЕТ ат. Мәмлекетти басқарыўшы, буйрық бериўши ҳәм орынлаўшы жоқарғы орган. Сонлықтан, жаңа экспорт базарларына шығыў *ҳүкиметтиң* тийкарғы ўазыйпаларынан бири екенлиги белгилеп берилди («ЕҚ» г.).

ҲҮКИМЕТЛИК кел. Ҳүкиметке тийисли, ҳүкиметке байланыслы, ҳүкиметке тән. Қурылысқа басшылық етиў бойынша үш адам қурамында *ҳүкиметлик* комиссия дүзилди, ... («ЕҚ» г.).

ҲҮКИМЛИК қ. ҳүкимшилик.

ҲҮКИМШИЛИК ат. Басқарыўшылық, бийлик, ҳәкимлик. Бираз ўақтан берли ол ҳәмел ушын таласып, ақыры алды ҳәм *ҳүкимшилик* ете баслады (Т.Қайыпбергенов).

ҲУҢГИ диал.с. Балта, кетпен т. б. саплағанда саптың орналасатуғын жери (Д.Насыров, О.Доспанов).

ҲУР I ат. Мусылман мифологиясы бойынша жәннеттеги сулыў қыз, гөззал, сулыў. Алмалы Көрикли дер атыны, *Ҳур* периден болған екен (Бердақ).

ҲУР II кел. Сулыў, гөззал, шырайлы, минсиз. Өз сүйгениң өзиңе, *Ҳур* көринер көзиңе (кк.х.н.).

ҲУРДЕЙ кел. Ҳүрге усаған, ҳүрге мегзес, ҳүр сыяқлы, ҳүр тәризли. Сапаргүл *ҳүрдей* доланып, өзиниң шырайлығы менен журтты таңландырды (Ғ.Сейтназаров).

ҲУРЕЙ ат. Жан, руўх. Қараңғыдан бирден пайда болған қап-қара бәледен *ҳүрейи* ушып Қасым есинен танды (Т.Нәжимов). Буны көрип, нәшебентлердиң *ҳүрейи* ушып, дәрҳал есине келди... (А.Султанов).

ҲУРЕЙЛИ кел. Айбатлы, қәҳәрли. Дүнья ҳәзир арасатлы, топанлы, Оғыры *ҳүрейли*, еси алаңлы (И.Юсупов).

ҲУРМЕТ ат. **1.** Биреўге яки бир нәрсеге көрсететуғын иззет, сый. *Ҳүрмет* көрип Мәскеў, Макариядан, Көп жерлерди аралаған шөгирме ... (И.Юсупов). **2.** Абырай, инабат. Ҳәр бир журттан *ҳүрметине*, Түрли-түрли инам келди (Бердақ). Жүрсе, *ҳүрметиңе* көплер бас ийип, Тек сонда, тек сонда билип аларсаң ... (И.Юсупов). **3.** Әдеп, тәртип, интизам. Иззет-*ҳүрмет* сақлап киси кисиге, Ҳадал мийнет жумсап халықтың исине, ... (И.Юсупов).

ҲУРМЕТЛЕНИЎ ҳүрметлеў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ҲУРМЕТЛЕСИЎ ҳүрметлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ҲУРМЕТЛЕТИЎ ҳүрметлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ҲУРМЕТЛЕЎ ф. **1.** Сый көрсетиў, сыйлаў. «Көкирегин ашқанда, «Қонақсаң» деп *ҳүрметлеп*, Қызға нәўбет бергенде, Ақтамақ қыздың Жанайға, Ышқы жаман кетеди («Ер Зийўар»). **2.** Қәдирлеў, иззетлеў. **3.** Қошаметлеў, марапатлаў.

ҲУРМЕТЛИ кел. **1.** Ҳүрметке ылайық болған, қәдирленетуғын. *Ҳүрметли* устазым алым Әрасту Сабақ берип скиф шатырында да, ... (И.Юсупов). **2.** Сыйлы, қәдирли, қымбатлы, даңқлы. *Ҳүрметли* атақ оны бәрҳа руўхландырмақта (К.Смамутов). **3.** Абырайлы, инабатлы.

ҲУРМЕТСИЗ кел. **1.** Ҳүрметке ийе, ылайық болмаған, қәдирсиз. **2.** Абырайсыз, инабатсыз, итибарсыз.

ҲУРРИЯТ ат. гөн.с. Азатлық, еркинлик, бостанлық, дарқанлық. Аўдарыспақ таңы, гөззал *ҳүррият*, Теперишлеп шынықтырған ағалар ... (И.Юсупов).

ҲҮРМЕТСИЗЛИК ат. **1.** Әдепсизлик, сыйламаўшылық, бийәдеплик. **2.** Абырайсызлық, инабатсызлық, итибарсызлық.

ҲҮРРИ-ГҮЛМАН ат. тар.с. Бейиштеги сулыў қызлар.

ҲҮРРИЯТШЫ ат. Азатлықты еркинликти, бостанлықты, дарқанлықты қәлеўши.

ҲҮЎ т.с. **1.** Шаршаўды ҳәм тағы басқа эмоцияларды билдиретуғын сөз. **2.** Биреўди шақырғанда яки биреўге жуўап бергендеги шығарылатуғын сес.

ҲҮЎЛЕЎ ф. **1.** Шаршаўды билдириў. **2.** Биреўди шақырыў. **3.** Босап қалыў. Қарасам, қоңсымыздың есиги айқара ашық, иши *ҳүўлеп* тур (М.Нызанов). **4.** Есиў, өтиў, өткирлесиў. Қара суўық *ҳүўлей* берди, Аманлықтың бет-алды ысып, жаўырыны музлап, урқанаты ушса да, қызыў ушын қуллы-пәрең болып отын пуштарлап, ошаққа тығып атыр еди, шөбире кемиргенлер арасында, гилең таяқтан илекер ғана байластырып қойғандай қуўсүйек ҳаял геўдеси пайда болды (Т.Қайыпбергенов). Қәпелимде, ылашық босап, қайтадан үскини қуйылды, бос орынларда ҳәсирет самалы *ҳүўледи* (Т.Қайыпбергенов).

ҲЫЛАЛ//ҲЫЛАЛАЙ диал.с. Жаңа туўған ай ямаса айдың аяғы аўызеки тилде келтирилген сөз бенен қолланылады (Д.Насыров, О.Доспанов).

Ц

Ц ат. 1. Қарақалпақ әлипбесиниң ҳәриби ҳәм оның таңбасы, атамасы. **2.** Тилдиң ушының тиске тийип, аўыздың сәл ашылыўы ҳәм ҳаўаның аўыз қуўыслығынан шығыўынан жасалатуғын даўыссыз сес. **3.** Ц ҳәриби: конституция, концерт, цилиндр, процент, цех, центнер, циркуль, цемент ҳәм т. б. усы сыяқлы сөзлерде тс сеслериниң бирикпеси орнына жазылады. **4.** қ. цэ.

ЦАНГА Металл қырқыўшы ҳәм ағашқа ислеў бериўши цилиндр яки призма тәризли детальларды қысып қойыў ушын арналған қурылма.

ЦАПФА ат. тех. Көшер яки валдың подшипникке кийгизилетуғын, яғный онда айланатуғын бөлими.

ЦАРИЗМ ат. Патша ҳүкимети, патшалық қурылыс.

ЦЕДЕНТ ат. Вексель бойынша ямаса басқа миннетлемелер жүзесинен өзге бир шахсқа пулды алыў ҳуқықын беретуғын шахс.

ЦЕДРА ат. Цитрус өсимликлер (апельсин, лимон ҳәм т.б.) мийўесиниң рең бериўши сыртқы қабаты, қабығы (майдаланған яки қурытылған ҳалда азық-аўқат өндирисинде ҳәм аспазлықта зире сыпатында пайдаланылады).

ЦЕЗИЙ ат. Химиялық элемент, гүмис түсли жумсақ металл.

ЦЕЙТНОТ ат. Шахмат ҳәм шашка ойынларында жүриў ушын ойланыўға белгиленген ўақыттың жетпей қалыўы, ўақыт кемтарлығы.

ЦЕЛЛОФАН ат. Целлюлозадан айрықша усыл менен исленетуғын ҳәм суў өткермейтуғын жуқа материал. Целлофан қалта.

ЦЕЛЛУЛОИД ат. Целлюлозадан исленген, отқа тез алысып жанатуғын, галантерея буйымларын, ойыншықлар ислеўде қолланылатуғын нитроцеллюлозалық зат.

ЦЕЛЛЮЛОЗА ат. **1.** Өсимлик клеткалары қабығының тийкарғы бөлимин пайда ететуғын жоқары молекулалы

бирикпе. **2.** Теректен ҳәм базы бир өсимликлердиң пақалынан ҳимиялық усыл менен пайда болатуғын зат. Олардан *целлюлоза*, қағаз-картон, жасалма жипек, спирт желим, бояў, лак, жасалма каучук, ...алынады (О.Бекниязов).

ЦЕЛЬСИЙ ат. физ. Суўдың музлаў, яғный қатыў ноқатынан қайнаў ноқатына шекем болған температураны көрсететуғын 100 градусқа бөлинген шкала ҳәм усындай шкалалы термометр.

ЦЕМЕНТ ат. **1.** Ҳәр түрли қурылысқа пайдаланыў ушын тасты заводта майдалап исленген қурылыс материалы. Цемент заводы. **2.** Суў қуйғанда тез қатып қалатуғын қурылыс материалы, зәмийин. **3.** анат. Тистиң тесигин, ойығын металл менен қаплағанда пайдаланылатуғын материал.

ЦЕМЕНТЛЕНИЎ цементлеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЦЕМЕНТЛЕСИЎ цементлеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЦЕМЕНТЛЕТТИРИЎ цементлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЦЕМЕНТЛЕТИЎ цементлеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЦЕМЕНТЛЕЎ ф. **1.** Белгиленген исти цемент пенен ислеў, цементлеп таслаў, цемент пенен қуйыў. Суўға қағылған тиреўиш бақанлардың түби ширимеў ушын *цементледи* (К.Султанов). Бул суйықлықларды сарп етиў нормасы менен *цементленди* (А.Джалменов, П.Т.Карпов). **2.** Тисти цемент пенен қуйып таслаў. Цемент пенен бекитиў. Цемент пенен питеў.

ЦЕМЕНТЛЕЎЛИ кел. Цемент пенен ислеўли, цементленген.

ЦЕМЕНТЛИ кел. Цемент пенен исленген, цемент пенен питкерилген.

ЦЕНТ АҚШ, Канада, Нидерландия ҳәм басқа мәмлекетлерде усы мәмлекетлер тийкарғы пул бирликлериниң жүзден бирине тең болған теңге пул.

ЦЕНТРАЛИЗМ Жергиликли шөлкемниң басқарыў орайы ҳәкимиятына, орайласқан бир орыннан басқарылыўшы система.

ЦЕНЗ Адамлардың айырым ҳуқықлардан, атап айтқанда ўәкилликли ҳәкимият органларына сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықларынан пайдаланыўға руқсат бериўши, жол қойыўшы шәртлер

ЦЕНЗОР Цензура хызметиндеги баспасөз үстинен бақлаўшы шахс.

ЦЕНЗУРА ат. **1.** Баспасөзге арналған материалды қадағалаўшы, тексерип турыўшы, мөмлекетлик мәкемени бақлап турыўшы. **2.** Баспасөз, сахна ҳәм тағы басқалар ушын белгиленген шығармалардың яки ҳәр қыйлы хат-хабарлардың ҳал-аўҳалын көриў, тексерилип турыўы.

ЦЕНТНЕР ат. 100 килограммға тең келетуғын аўырлық өлшеўи. Гектарына он үш *центнер*, тағы зыят пахта беремен (Т.Сейтжанов). Оның ҳәр гектарынан қырық *центнерден* пахта бериўге ўәде берген еди (Қ.Досанов). Бунда бир *центнер* тұқымға 2 килограмм гексахлорон сарп етиледи (А.Джалменов, П.Т.Карпов).

ЦЕНТНЕРЛИ кел. Центнер аўырлығындағы.

ЦЕНТНЕРШИ: жүз центнерши ат. Ҳәр қандай белгиленген жумыстан 100 центнер зүрәәт бериўши, өним пайда етиўши.

ЦЕНТНЕРШИЛИК: жүз центнершилик ҳәрекети ат. Белгили бир жумыстан 100 центнер өним жетистириў ушын гүрес алып барыўшының ҳәрекети.

ЦЕНТР ат. **1.** мат. орай, орта. **2.** Орталық, орайлық. Мынаған центрдиң дүкәнынан төрт бөлек нан әкел (М.Шымбергенов). **3.** аўыс. Тийкарғы орай, киндик.

ЦЕНТРАЛИЗМ ат. Жергиликли органлардың орайлық хүкиметке бириккен бир орайға бойсьндырылыўы яки шөлкемлестириў усылы.

ЦЕНТРИСТ ат. Центризм тәрепдары, қатнасыўшысы.

ЦЕНТРИФУГА ат. тех. **1.** Орайдан қашыўшы тепкиш күш арқалы аралас затты қоспалы бөлеклерге айыратуғын аппарат. **2.** Космонавтлар шуғылланатуғын конструкция.

ЦЕРИЙ Кишкене планета аты. Элемент усы планета менен бир ўақытта ашылғаны ушын усылай аталған.

ЦЕСАРКА қ. сесарка. Цесарка жүдә ҳәркетшең, ушатуғын ҳәм тез жуўыратуғын қус түри.

ЦЕХ ат. **1.** тар.с. Феодализм дәўириндеги Батыс Европа қалаларындағы бир қыйлы қол мийнети менен шуғылланатуғын кәсиплик шөлкеми. **2.** Белгили бир санаат-кәрханаңың тийкарғы өним ислеп шығаратуғын бөлими, жайы, орны, тараўы. Әне, полат қуйыў *цехында*, Жалтырайды полаттан ушқын (Т.Сейтжанов). Жарылған балықларды тачка менен зырлатып, заводтың *цехларына* қарай жуўырады (К.Султанов).

ЦЕХКОМ ат. Цех комитети, цехком агзасы. *Цехком* жер бөлистирилген дизимге бригадирлердиң қолын қойдырып шықты (И.Қурбанбаев).

ЦИАН ат. хим. Азот пенен углеродтан ибарат өткир ийисли реңсиз зөҳәрли газ.

ЦИАНЛЫ кел. хим. Қурамында циан болған, ишинде цианы бар, цианы болған.

ЦИВИЛИЗАЦИЯ ат. **1.** Белгили бир жәмийеттиң раўажланыў басқышында ерисилген материаллық мәденият ҳәм оның өзине тән жөмийетлик сиясий формациясы. **2.** Ҳәзирги заман мәдениятының раўажланыў дәрежеси.

ЦИВИЛИСТИКА ат. пуқаралық (цивил) ҳуқықлары туўралы пән.

ЦИКЛ ат. **1.** Белгили ўақыттың ишинде тәкирарланып туратуғын ҳәдийсе, жумыс, процесс ҳәм усы сыяқлылардың ҳәр бир ўақыты. Станоктың ислеў цикли. Толық *циклдеги* комбинатлар белгиленген орынларға жайласқан (А.Г.Артемьева). **2.** Бир пүтинди пайда еткен, яғный бир қатар бир неше лекция, концерт ҳәм усындайлардың жыйындысы. Лекциялар *цикли*. Концертлер *цикли*.

ЦИКЛЛИ кел. Белгили ўақытта, ўақты-ўақты, күнделикли. Циклли процесс. Жумыстың циклли графиги.

ЦИКЛОН ат. метеор. **1.** Радиусы бир неше жүз, ҳәтте бир неше мың километрге жететуғын атмосфералық ҳәрекет. **2.** Даўыл, дүбелей, боран.

ЦИКЛОТРОН ат. Зарядланған оғада майда бөлекшелердиң ҳәрекетин тезлестиретуғын, атом ядросын тексериўде пайдаланылатуғын дүзилис, қурылыс.

ЦИЛИНДР ат. **1.** мат. Туўры төрт мүйешликти оның бир тәрепиниң өз ишине алатуғын көшеринде айландырыўдан келип шыққан фигура, дене, турпат. **2.** тех. Усы түрдеги деталь яки буйым, зат. Двигатель цилиндри. Бул аппарат 24 литр суйықлық сыятуғын *цилиндрге* усаған ыдыс... (А.Джалменов, П.Т.Карпов). **3.** Саяманы кишилеў, төбеси бийик цилиндр сыяқлы бас кийим, ерлер қалпағы, шляпасы.

ЦИЛИНДРДЕЙ кел. Цилиндр сыяқлы, цилиндр формасындағы, цилиндр янлы, цилиндр тәризли, цилиндрге усаған.

ЦИЛИНДРЛИ кел. Цилиндри бар, цилиндри болған, цилиндр менен тәмийинленген. Цилиндрли машиналар. Цилиндрли механизмлер.

ЦИЛИНДРЛИК кел. Цилиндрге тән, цилиндрге тийисли.

ЦИНГА ат. мед. Витаминниң жетиспеўинен пайда болатуғын тис аўырыўы, тистиң қызыл етиниң ҳәлсизлениўинен босасып, базда қанайтуғын аўырыў.

ЦИНК ат. Химиялық элемент ақшыл көк рендеги ҳәм таплап ислеўге қолайлы металл.

ЦИНКОГРАФ ат. Цинкография бойынша қәниге, маман.

ЦИНКОГРАФИЯ ат. полигр. **1.** Типографияда сүўрет ҳәм сызылманы басыў ушын цинкография жолы менен цинктен клише ислеў усылы. **2.** Цинктен клише ислейтуғын цех яки кәрхана, орын.

ЦИРРОЗ мед. Баўыр, өкпе, бүйрек сыяқлы ағзалардағы қалың, бириктириўши тоқымалардың өсип үлкейиўи ақыбетинде сол ағзаның мүржийип киширейиўи, формасының өзгериўи.

ЦИРК ат. **1.** Көркем өнердиң акробатикалық, масқарапазлық, дәрўазашылық, ҳайўанлар ойнатыў ҳәм т. б. шуғылланатуғын театр өнериниң бир түри. Бир күни Роза екеўимиз *цирктен* қайтып киятырған едик, ол маған қарап бир нәрсе айтқысы келди (Г.Изимбетов). **2.** Усындай ҳәр түрли ойынларды тамашагөйлерге көрсетиў менен шуғылланатуғын мәкеме ҳәм оның жайы.

ЦИРКУЛЬ ат. Шар формасындағы дөңгелеклерди сызыў ушын хызмет ететуғын қурал, әсбап. Циркуль аяқшасы. Циркуль ийнеси. Циркуль менен сызыў. Оқыўына кетерде керекли оқыў қуралларын, сызғыш, қәлем ҳәм *циркульларына* шекем қалдырмай алып өзине жуўаплы қарайды (Ө.Айжанов). Туўры мүйешти *циркуль* ҳәм сызғыштың жәрдеми менен тең, үш бөлекке бөлиң (М.Галекеев).

ЦИРКУЛЯР ат. Директивалық орғанлар тәрепинен қараслы мәкемелерге яки ғәрезли басшыларға жиберилетуғын тәртип, буйрық. Циркуляр алыў. Циркуляр телеграмма.

ЦИРКШИ ат. **1.** Циркте ойнаўшы адам, цирк артисти. Циркши менен жолдас болыў. **2.** Циркте хызмет етиўши, киси, жолдас болыў. **3.** Циркте хызмет етиўши киси, ислеўши адам.

ЦИСТЕРНА ат. Ишине май, керосин, бензин ҳәм басқа да суйықлықлар сақланатуғын, тасылатуғын үлкен цилиндр формалы ыдыс ҳәм усындай ыдыс орнатылған вагон, автомобиль ҳ. т. б. Темир жол цистернасы. Нефть цистернасы.

ЦИСТЕРНАЛЫ кел. Цистернасы бар, цистернаға ийе, цистерна орнатылған, цистерналы вагон.

ЦИСТИТ мед. Қуўықтың аязлаўы менен характерлениўши кеселлик.

ЦИТАТА ат. Биреўдиң шығармасынан өзгертиўсиз алынған сөз, гәп, тексттен сөзбе-сөз алынған үзинди. Стенограммадан цитата алынды.

ЦИТАТАЛЫ кел. Цитатасы бар, цитатаға ийе, цитата алынған.

ЦИТАТАСЫЗ кел. Цитатасы жоқ, цитатаға ийе емес, цитата алынбаған.

ЦИТОЛОГИЯ Клеткалардың дүзилиси ҳәм фукциясын, көп клеткалы ҳәм бир клеткалы организмлердеги ағза ҳәм тоқымалардың өз ара байланысы ҳәм қатнасын үйрениўши пән.

ЦИТОДИАГНОСТИКА биол.мед. Орғанизмниң қандай да бир жеринен яки оның суйықлықларынан алынған клетка бөлеклерин микроскоп арқалы үйренип кеселликти анықлаў.

ЦИТОХИМИЯ Клетка дүзилисиниң химиялық қурамы ҳәм өзгерислерин үйренетуғын пән.

ЦИТОЛИЗ биол. Ҳайўан ҳәм өсимлик клеткасының әдеттеги физиологиялық процесслер, түрли потологиялық ҳалатта пүткиллей яки белгили бир бөлегиниң ериўи.

ЦИТРУС ат. Лимон, апельсин, мандарин сыяқлы мийўелейтуғын өсимликлердиң улыўма аты. Кавказ цитруслары. Цитрус мийўеси. Цитрус ағашлары тек арқаньң суўық самалларынан таўлар арқалы қоршалған. Флорида ҳәм Калифорния алапларында *цитрус* өсимликлери егиледи.

ЦИФЕРБЛАТ ат. Бөлинген шкалалары арқалы стрелка жүрип өлшейтуғын пластинка бөлими. Саат циферблаты.

ЦИФЕРБЛАТЛЫ кел. Циферблаты бар, циферблаты болған, циферблатқа ийе, циферблаты орнатылған. Циферблатлы тәрези.

ЦИФРА ат. 1. Санды аңлататуғын белги. Араб цифрлары. 2. 3, 4, 5 ҳәм т. б. Рим цифрлары: I, II, III, IV, V ҳәм т. б. Сан менен аңлатылған есап, муғдар, ўақыт ҳәм т.б. Дөңгелек цифраны атаў. Бақлаў цифралары. Ойын өз жайында, цифраларды да сөйлетип көрейик. Бирақ, исленген жумыслардың көлеми ҳәм әҳмийети усы *цифралар* менен ғана белгиленбейди («Әмиўдәрья» ж.).

ЦИФРАЛАЎ ф. Сан қойыў, санлаў.

ЦИФРЛЫ кел. Санлы, саны бар, санға ийе, сан қойылған, цифраланған.

ЦОКОЛЬ 1. архит. Жайдың тырнағының үстинги шығыңқырап турған бөлими. Жай цоколы. Цоколь плитасы. **2.** тех. Электр лампаны патронға бириктириўге хызмет ететуғын металл бөлими, яғный бурандалы темири.

ЦОЛФЕРЕЙН ат. Улыўма бажыхана системасын қабыл еткен хәм улыўма бажыхана мәкемелерине ийе болған бир қанша мәмлекетлик питим.

ЦЫГАН ат. Азияда, Африкада хәм Европада жасайтуғын көшпели хәм ярым көшпели халық.

ЦУНАМИ Суў астында яки теңиз жағаларында күшли жер қозғалыўы болғанда, суў асты вулканлары атылғанда теңиз үстинде пайда болатуғын жүдә қәўипли толқынлар.

ЦЭ ат. «Ц» хәрибиниң аты.

Ч

Ч ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң хәриби хәм оның аты, таңбасы. **2.** Тилдиң ушының үстинги таңлайға тийип, аўыздың сәл ашылып, хаўаның аўыз қуўыслығынан шығыўынан жасалған даўыссыз сес. **3.** Ч хәриби: чек, чай, очерк, чайник, чайхана, почта хәм т. б. сөзлерде тч сеслеринин бирикпеси орнына жазылады. **4.** қ. чэ.

ЧАЙ ат. **1.** Жапырағы қуўратылғаннан кейин демлеп ишилетуғын қубла үлкелерде өсетуғын пута өсимлиги. Чай плантациялары. **2.** Усы өсимликтиң қуўратылып (кептирилип) майдаланып арнаўлы таярланылған, демлеп, ишилетуғын жапыраклары. Бир демлем чай. Ережеп бир метр ақ таўар, бир кило қант, еки жүз грамм *чай*, бир ет консервасын, бир балық консервасын алды (Т.Нажимов). **3.** Аталған өсимликтиң арнаўлы түрде таярланылған жапыракларынан демленген хош ийисли, яғный жағымлы ишимлик. Бир кесе чай. Түски чайдың ўақты. Ораз отыр Клараны ойнатып, Гүлжан жеңгей айланысқан *чайына* (И.Юсупов). ◊ **Сүтли чай** – сүт қуйып таярланған чай. **Чай қасық** – чай ишиў ушын исленген кишилеў металл қасық. **Чай пулы** – **а)** майда-шүйделер алыў ушын жумсалатуғын аз муғдардағы пул. – Мынаны *чай пулы* етиң, тақсыр, бул гәп екеўимиздиң арамызда усы жерде қалсын, ... (К.Султанов). **б)** ислеген хызмети ушын берилетуғын ҳақы, мийнет ҳақы. Ел қыдырдым он күн тамам, *чай пулы* мол түсти бизге (Бердақ). **Чай-пай қайнатыў** – чай хәм басқа да аўқатлар таярлаў. Сен үйиңде бол-болма ғаррыңа *чай-пай қайнатып*, тамақ писирип берип жүрген өзлери (Ө.Хожаниязов). **Чай-пай ишиў** – чай хәм басқа да тағамларды ишиў. *Чай-пай ишип* болған соң тамақ жеп, екеў ара әңгимелесип, хәзлестик (Ө.Хожаниязов). **Чай демлеў** – қайнатылған суўды чайникке чай салып демлеў. Гүлбий қумғаннан *чай демлеп*, екеўиниң ортасына дастурхан жайды да, әлле нени сылтаўлап, далаға шығып кетти (К.Султанов). **Чай қайнатым** – чай қайнайтуғын

аралық. Үйде бир өзим қалып түрли-түрли ойға шүмдим, *чай қайнатым* ўақыт өтти, келмеди (Ө.Хожаниязов). **Чай үсти** – чай ишип отырған ўақыт. Мырзабек, сен машинаңды айда, қалған сөзди *чай үстинде* сөйлесермиз (Ө.Айжанов). **Чай-суўға араласыў** – чай ҳәм басқа да аўқатлар таярлаўға кирисиў. Салқын кейип пенен орнынан турып, *чай-суўға араласты* (К.Султанов). **Чай кетириў** – **а)** чай демлеп әкелиў **б)** аўыс. тәўир қылыў, тәсир етиў, тарқатыў, жаздырыў. Тағы қойды жемис пенен шекерин, *Чай кетирди*, қурысқанын шекеңниң (Т.Сейтжанов). **Чай ишилиў, чай ишиў** – демленген чайды ишиў. *Чай ишилди*, қурыс кетти таралып, Полат дене қалды бираз нәр алып (Т.Сейтжанов). Өз ойы тыным бермейди, Отырды Полат *чай ишип*, Гүллердиң басын тербейди, Самалы түнниң жай есип (Б.Қайыпназаров). **Чай усыныў** – чайды ишиўге бериў. Қудиярдың қасында отырған иниси Сабырбай қыз жеңгесин шақырып, бир кесе *чайды усынып*: – Айзадаға апарып бер, – деди (К.Султанов). **Чай суўыў** – чай салқынланыў. Жаңа ғана қолға алған кесениң *чайы суўып*, шети қалды сырланып,... (Т.Сейтжанов). **Чайға салыў** – чайға басқа бир нәрсени салыў, араластырыў, қосыў. *Чайға салып* ишетуғын еки пар лимон, ярым килограмм мандарин алды (Ө.Айжанов). **Чай ҳалқас** – чай менен қосып ишетуғын, желинетуғын басқа да тағамлар, аўқатлар. Олар *чай ҳалқасына* зағара менен сөк жеп отырған екен (Ж.Аймурзаев).

ЧАЙГҮМ ат. сөйл. т. Чай ушын суў қайнатылатуғын металл ыдыс, қумған. Чайгүмди ошаққа қойып қайнатыў.

ЧАЙЛАСЫЎ ф. Бирге чай ишисиў, чай ишип отырысыў, чай ишип әңгимелесиў.

ЧАЙЛЫҚ кел. Чайға боларлық, чайға кетерлик, чайға турарлық, чайға татырлық. Чайлық сүт.

ЧАЙНИК ат. **1.** Суў қайнатыў ушын металлдан исленген ыдыс. Мыс *чайник*. **2.** Қайнатылған суўды демлеў ушын металлдан, фарфордан исленген шүмекли ҳәм услағышы бар домалақ ыдыс, үй-руўзыгер әсбабы, хожалық буйымы. Фарфор *чайник*. Оның ишинде тыныш таппай *чайникке* чай қуйып бир кемпир жүрди (Ө.Айжанов). Захира *чайниклерге* чайды демлеп алып келип, оннан кейин де үй жумыслары менен машқул болды (Т.Нажимов). ◊ **Алтын чайник** – алтыннан исленген яки алтын жалатқан чайник. Аршадағы *алтын чайник* пенен алтын

кеселер, алтын билезик пенен алтын әребеклер, гәўҳар таслы жүзиклер менен алтын саплы қылышларды шығарды (А.Бекимбетов). **Шубар чайник** – ҳәр түрли нагыс пенен сырланған аламыш чайник. Алмабас үйрекке мегзес узынша *шубар чайниктен* чайды симирип отыр («Әмиўдәрья» ж.). Маңқыйып турған, *шубар чайник* аттан қулаған шабандоздай аўдарылып түсип пашақ-пашақ болды (Қ.Айымбетов). **Бақа чайник** – кишкене тырбық чайник. ... жеңгей шүмеги қаңылтыр менен қурсаўланған жудырықтай *бақа чайникке* шыпа шөптен демлеп, алдына қойды (Ө.Хожаниязов). **Чайник айдаспа** – гөн.с. ески дәўирдеги ҳаял-қызлар менен жигитлердиң бир-бирине чайник жиберисип, чай ишисетуғын отырыспасы, отырыспадағы чай ишисиўи. Дастурхан жайылып, *чайник айдаспа* басланды, жыраўдың қуйқылжытып айтқан күлдирги сөзлерине жигитлер күлисип, бағанағы ашыў умыт болып баратыр еди (К.Султанов). **Чайник-кесе** – чайник пенен кеселердың улыўма атамасы, жыйынтығы. Қумар гә бесик тербетип, гә *чайник-кәса* сыпырып шырпылдап жүр (Т.Қайыпбергенов). Қонақлар түргелгеннен кейин, дәрриў *чайник-кесалар* да жыйналды (Қ.Айымбетов).

ЧАЙНВОРД Шынжыр формасында избе-из жайласқан кетекшелерди ҳәриплер менен толтырыўдан ибарат басқатырма түри. Бунда изленип атырған дәслепки сөздиң ақырғы ҳәриби кейинен келиўши сөздиң дәслепки ҳәриби болыўы талап етиледи.

ЧАЙПУРЫШ ат. Чай саўдасы менен шуғылланыўшы адам, чай саўдагер. Чайпурыш чай сатыўшы адам мәнисин билдириўи менен бирге Қанлыкөл сөйлесиминде сол нәрсеге өш, мейил адам мәнилерин де аңлатады.

ЧАЙПУРЫШЛЫҚ ат. **1.** Чай сатыў менен шуғылланатуғын кәсип, кәсип аты. **2.** Базардағы чай дүкәнлардың, лареклердиң қатары. Солай етип, олар жолдың дәрбентинде *чайпурышлық* етип отыра берипти (ққ.х.е.).

ЧАЙХАНА ат. Демленген чай, қант, нан ҳ.т.б. менен халыққа хызмет ететуғын мәдений-турмыс жағынан хызмет көрсететуғын мәкеме. Жигит сол жақтағы *чайхананың* сыпасына келип отырды («Әмиўдәрья» ж.). Атағы шыққан үлкен *чайхана* да усы жерде (С.Салиев). Маңғыт *чайханасы* ҳәзирги ўақытта халыққа хызмет көрсетип тур.

ЧАЙХАНАШЫ ат. Чайханада хызмет етиўши, чайханада чай сатыўшы яки чай тасып бериўши, чай таярлаўшы адам, киси.

ЧАЙХОР кел. Чайды жақсы көретуғын, чайды көп ишетуғын. Шалап ишкен жарлы бар, *Чайхорыдан* көп емес (ққ.х.қ.). Ҳәтте... бул *чайхорлар* ҳәм басқа ҳәзлик қурыўшылардан өзин кем деп есаплағысы келмеди (Қ.Айымбетов).

ЧАЙШӨП ат. Қумлықта, шөлликте өсетуғын, ашық қызғылт көк реңли гүлли көп жыллық, хош ийисли, жапырақлы өсимлик.

ЧАКСА ат. Өзбекстан аймағындағы ең ески өлшеў бирлиги. (тийкарынан пудтың 3/1 бөлегине тең).

ЧАКЧАК Майда кеспас сыяқлы кесилген қамырды майда қуўырып, үстинен пал қуйып таярланатуғын мазалы шийринлик.

ЧАПАТИ Жуқа қатырма нан.

ЧАРТЕР Теңиз, ҳаўа арқалы жолаўшы яки жүк тасыўшы кеме, самолёт ийеси менен оны жаллаўшы шахс ортасында тийисли транспорт қуралын яки оның бир бөлегин белгили бир мүддетке, рейске ижараға алыў ҳаққында дүзилген шәртнама.

ЧАРТИЗМ ат. тар.с. XIX әсирдиң 30–40-жылларында сиясий ҳуқықлар жаўлап алыў, экономикалық жағдайын жақсылаў ушын Англия мийнеткешлериниң алып барған азатлық ҳәрекети.

ЧАРТИНГ ат. Базарды үйренип атырғанда оның жағдайын анықлаў ҳәм баҳалар ҳәрекети ямаса орташа баҳаны прогнозластырыў мақсетинде диаграммалар ҳәм графиклер дүзиў.

ЧАРТИСТ ат. тар.с. Чартизмди жақлаўшы ҳәм усыған қатнасыўшы.

ЧАРТЛАР ат. Есап-санақ ҳәм прогнозлаў ушын қолланылатуғын баҳалар графиги. Исбилерменлер ҳәм маркетологлар тәрепинен бираз кең қолланылады.

ЧАСОВОЙ ат. әск. Өзине тапсырылған қандай да болса посты қурал менен сақлап турыўшы, қараўылда турыўшы, қураллы сақшы. Берги алдында *часовойы* тур, оннан кейин өтерсең, өтпесең, штабына жете аламыз ба, ал сен қыймылда дедим жолдасыма (Ө.Айжанов).

ЧАСТОТА 1. физ. Белгили ўақыт аралығында тәкирарланатуғын ҳәрекет яки тербелислер саны **2.** кино. тех. Кадрлар

алмасыўы жийилиги яки тезлиги. **3.** Тилде қандай да лингвистикалық ҳәдийсениң сөйлеўде қолланылыў муғдары.

ЧАСТОТАЛЫ Белгили дәрежеде жийиликке ийе болған.

ЧЕК ат. финанс ислеринде пул алыў, тапсырыў ушын яки саўда-сатықта қарыйдар төлеген пул муғдарына берилетуғын қағаз, ҳүжжет.

ЧЕКА ат. тар.с. Контрреволюцияға саботажға ҳәм саўдагерлерге қарсы гүресиў ушын 1918-жылы дүзилген айрықша комиссияның қысқартылған атамасы (русша «Чрезвычайная комиссия» (ЧК) сөзлериниң қысқартылған түри).

ЧЕКАНКА ат. а. х. Өсимликлердиң өнимдарлығын арттырыў ҳәм тез раўажланыў ушын, олардың қапталындағы ҳәм төбесиндеги кесип, үзип алынатуғын бүртиги, бүри. Faўаша түплеринде 14–16 мийўе шақа пайда болған дәўирде чеканкаға кирисиледи.

ЧЕКАНКАЛАНЫЎ чеканкалаў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЧЕКАНКАЛАСЫЎ чеканкалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЧЕКАНКАЛАТТЫРЫЎ чеканкалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЧЕКАНКАЛАЎ ф. а.х. Өсимликлердиң ушын қырқыў, шырпыў, үзиў, жулыў. Мектеп оқыўшылары ғаўашаның *чеканкалаў* жумысына да жәрдемлесип жүр («Жеткиншек» г.).

ЧЕКИСТ ат. Чекада ислеўши, чека хызметкери.

ЧЕМОДАН ат. Ишине зат салынатуғын ҳәр қыйлы нәрселерден исленип, үсти қақпақлы қулып урылатуғын, қолға услап жүриўге қолайлы услағышы бар қутының бир түри. Китаптан жаңа босаған, Толтырып ишин қайтадан, Тутқасын қысып услаған, Қолында киши *чемодан* (Б.Қайыпназаров). Гүлайша барлық кийимлерин *чемоданға* салды да азанда ҳеш кимге хабарласпастан қалаға кетти (Т.Нәжимов).

ЧЕМОДАНЛЫ кел. Чемоданы бар, чемоданға ийе, чемодан услаған. Геўгим арада үйге бир *чемоданлы* жигит кирип келди. (Қ.Айымбетов).

ЧЕМПИОН ат. сп. Қандай да бир спорттың түри бойынша өткерилетуғын жарысларда жеңип шыққан адамға ямаса командаға берилетуғын дәреже, атақ, усындай дәрежени жеңин алған команда яки спортшы.

ЧЕМПИОНАТ ат. Чемпион атагын алыў ушын өткерилетуғын спорт жарысы, ойыны.

ЧЕМПИОНЛЫҚ кел. Чемпионға тән, чемпионға тийис, чемпион атағы, чемпион дәрежеси.

ЧЕРВОНЕЦ ат. **1.** Бурынғы аўқам дәўириндеги 3 сомлық алтын тийин (монета), яғный сөйлеў тилинде 5 ҳәм 10 сомлық тийинди де (монетаны да) «червонец» деп жүргизилген. **2.** сөйл. т. Бурынғы аўқам дәўиринде 1922—1977-жыллардағы 10 сомлық ақша, мәмлекетлик кредит билети, ақша.

ЧЕРЕПИЦА ат. Тамның төбесин жабыў ушын таярланатуғын цементтен, күйдирилген, топырақтан исленген плитка яки қурылыс материалы, пластинка.

ЧЕРКЕС қ. черкеслер.

ЧЕРКЕСЛЕР ат. Бурынғы аўқам қурамына киретуғын Қарачай-черкес областында жасаўшы тийкарғы халықлардың бири. Черкес халқы. Черкеслерден басқа инсан көринбейтуғын бир орында жасайтуғын едик.

ЧЕРНОГОРИЯЛЫЛАР ат. Югославияның қурамына киретуғын Черногорияның тийкарғы халқы.

ЧЕРТЁЖ ат. Қандай да бир қурылыстың, механизмлердиң техникалық сүўретлерин тегисликтиң бетине белгиленген қағыйдаға ылайықлап шәртли түрде исленген графикалық сүўрет, сызылма.

ЧЕРТЁЖНИК ат. **1.** қ. чертёжшы. **2.** Сызылманы сызатуғын әсбапларды салып қоятуғын ыдыс, қутыша.

ЧЕРТЁЖШЫ ат. Сызылманы ислейтуғын қәниге, маманлығы бар адам, сызылманы сызыўшы, сызылманы таярлаўшы.

ЧЕРЧЕНИЕ ат. Сызба, сызылма.

ЧЕСНОК ат. бот. Айрықша күшли ийисли ҳәм өткир ашшы пияз тукымлас өсимлик. *Чесноктың* ийисиндей күтә күшли унамсыз ийиси бар суйық зат (А.Джалменов, П.Т.Карпов).

ЧЁСТЬ: честь бериў ф. әск. Оң қолын қулақ шекесине көтерип сәлемлесиў, әскерий сәлем бериў.

ЧЕХ қ. чехлар.

ЧЕХЛАР ат. **1.** Күнбатыс славян топарына киретуғын славаклар менен бирге Чехославакияның тийкарғы халқын пайда етиўши халық атамасы. **2.** Усы халықтың айырым адамлары.

ЧЕХОЛ ат. Бир заттың формасына қарап ҳәр түрли гезлемеден, териден ҳәм тағы басқа да материаллардан

исленген ҳәм сол затты кирден, бузылыўдан, зыянланыўдан сақлайтуғын жапқыш, қаплағыш.

ЧЕХОСЛАВАК қ. чехославаклар.

ЧЕХОСЛАВАКЛАР ат. Чехославакияда жасаўшы халықлар, Чехославакияда туўылып өскен адамлар.

ЧЕЧЕН қ. чеченлер.

ЧЕЧЕНЛЕР ат. Бурынғы аўқам қурамына киретуғын Чечен-Ингуш Республикасында жасаўшы халық. Ингушлар менен жақын (туўысқан) болған Кавказ халқының атамасы ҳәм сол халықтың айырым бөлими.

ЧИЗЕЛЛЕЎ ф. а.х. Чизель менен жерди жумсартыў, жерди чизель менен ислеў. ... гейде үш мәртебе *чизеллеў* жумыслары өткериледи.

ЧИЗЕЛЬ ат. а.х. Жерди жумсартатуғын, бир неше таслы дийқаншылық қуралы, әсбабы.

ЧИНОВНИК ат. **1.** Буржуазия еллериндеги ҳәм аўдарыспаққа шекемги Россиядағы мәмлекетлик хызметкер, ҳәмелдарлық атақ. **2.** аўыс. Өз жумысына салқын қарайтуғын, қызықпайтуғын, тәкаббир (бюрократ) адам.

ЧИСЛО ат. **1.** Ай, күн, сәне. Уўлы дәрилерди хожалықларға таратып берген күнниң *числосы* жазылып қойылыўы тийис (А.Джалменов, П.Т.Карпов). **2.** қ. сәне.

ЧУВАШ қ. чувашлар.

ЧУВАШЛАР ат. Бурынғы аўқам қурамына киретуғын Чуваш Республикасының тийкарғы халқы, түркий тиллерине киретуғын халық, чуваш халқы.

ЧУВАШША р. Чуваш тилинде, чуваш тили менен.

ЧУКОТ қ. чукча.

ЧУКОТЧА р. Чукот тилинде, чукот тили менен.

ЧУКЧА қ. чукчалар.

ЧУКЧАЛАР ат. Бурынғы аўқам қурамына киретуғын Чукот миллий округинде жасайтуғын халық.

ЧУМА ат. мед. Жүдә жуқпалы эпидемиялық аўырыў, оба аўырыўы. Жуўырып еки жаққа бөлинип, *чума* киятырғандай болып, оған жол берди.

ЧЭ ат. «Ч» ҳәрибиниң аты.

Ш

Ш 1. Қарақалпақ әлипбесиниң отыз төртинши ҳәриби ҳәм усы ҳәриптиң таңбасы. **2.** Аўыздың керилип ашылыўы ҳәм тилдиң таңлайдың үстинги бетине тийиўинен жасалатуғын даўыссыз сести пайда етеди. **3.** Ш ҳәриби сөзлердиң барлық еситилген орынларында жазылады: шаш, шана, шанышқы, шийше, басшы, душшы, Шымбай, Ташкент т.б.

ШАБАЗ ат. Ерли-зайыплылардың, әсиресе ерлердиң ҳаялына хошаметлеп айтатуғын сөзи. Ақылласпайсаң, *шабазым!...* – деп көптен берли ишинде қат-қат болып жатырған дебдиўин шығарды (К.Султанов).

ШАБАҚ ат. Балықтың майда түри. **1.** Ақырында суўы терең, әтирапы қамыслы батпақлықлар менен қоршалған Узынкөлдеги соңғы *шабаққа* дейин аўлап болынды да, Яқуббай «Якуб Р-балықшы»ны жаўып тынды (К.Кәримов). **2.** Бир *шабақ* усласаң да, балық аўла!... (К.Султанов).

ШАБАЛАНДЫРЫЎ ф. Шабаланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Аўылдың ийтлерин *шабаландырып* үйине жетип келгенде анасы улын еки көзи торт болып күтип отырған еди (К.Кәримов).

ШАБАЛАНЫЎ ф. Ийттиң үсти-үстине даўысын шығарып бақырыўы, үриўи. Ийтлер топары барлығы бирден *шабаланып* үрди (К.Кәримов).

ШАБАНДОЗ ат. Ылақ ойнында жүйрик ат пенен жақсы ойнайтуғын адам. **1.** Алдын кеселеген пияда нөкерди атқа қақтырып, *шабандоз* дарға жетти де қылыш сермеди, салбырап турған адам бәлент жерге «дүрс» етип қулап түсти, көз ашып-жумғанша болып өткен ўақыяның мәнисин адамлар уғаман дегенше, мәрт атлы ғайып болған еди (К.Кәримов). **2.** Бир ўақытта қашарманнан буйрық алған *шабандоздай*, атлардың басын арқаға қаратып, саўырсынына қамшыны тартып-тартып жиберди (К.Султанов).

ШАБАРМАН ат. Арада жүриўши адам, хабаршы. *Шабарман* аттан түсип, ылашыққа кирди (К.Кәримов). **2.** Муғаллимниң

түсиндириўи бойынша салының Ўатаны Ҳиндстан, ал ең жақсы *шабарман* атлардың Ўатаны Арабия шөли (Т.Қайыпбергенов).

ШАБДАЛ ат. Бағда өсетуғын ерик туқымлас мийўениң түри. **1.** Балаларды ойнатып жүргенимиз, бағдан *шабдал* үзип алып Дилфузға узатып атырғанларым, көшеде бирге қайтып киятырғанымыз – қулласы, мениң еки ай даўамындағы ең қызықлы күнлерим қалдырмай сүўретке алынған еди (М.Нызанов). **2.** Жаңа он болып атыр-ғо, азанға дейин *шабдал* қағасаң ба?

ШАБЫЛЫЎ I аўыс. Қәҳәрлениў, ызаланыў. **II** ф. Жәбирлениў, азапланыў, қыйналыў. ф. Шабыў I-II-III фейилиниң белгисиз дәрежеси. Моңғоллардың әлемди титиреткен сәрдары Шыңғысхан *шабылыўынан* бурынырақ Иран ели Хорезмшаҳлар салтанаты мүлки еди (К.Кәримов).

ШАБЫРА кел. Сийрек, алағат. **1.** Аспандағы *шабыра* бултлардың арасында алтын ай сығалап қарайды (К.Султанов). **2.** *Шабыра* бултлардың арасынан алтын қалашлы сазандай ойнап шығып, жарқ еткен айдың сәўлеси жолаўшылардың үстин орап турған түнниң көлеңкесин серпип жиберди.

ШАБЫС ат. Ат жүрис, шабыў, бәйги. Еркин *шабыстан* ләззет алды (А.Садықов).

ШАБЫЎЫЛ ат. Көтерилис, урыс. Усы жағын өзиң ойлап көр! Урыс питкенше отыра бериўге қудалар күн сайын *шабыўыл* жасап атыр (К.Султанов).

ШАҒАЛ ат. Сағал. **1.** «Қорққанға қос көринеди» деген, адамлар *шағал* көрсе, жолбарыс дейди, деген ойға барды (К.Кәримов). **2.** *Шағал* қасқырдың изинен жүреди. Ал, мен болсам, жолбарыстың изинен жүремен (Т.Қайыпбергенов).

ШАҒАЛА ат. Көбинесе суў бойында жасайтуғын ақ қус. Қалпақ мисли аппақ *шағаладай* ҳаўалап, кейин қоныўға асыққан киби төмен қарай сүңгиди (К.Кәримов).

ШАҒЫЛЫСЫЎ ф. Бир нәрсениң бетине күн сәўлесиниң жарқылдап жалтыраўы. Арадан көп өтпей-ақ, желкесинде ғана бир тутам шаш қалған, төбеси күндизги электр жарығына *шағылысып* турған, жасын анықлаў қыйын болған бир адамды баслап келди (К.Кәримов).

ШАҒЫМ ат. Өтиниш, жалыныш. **1.** Анығында Бекчанның үстинен *шағым* жибергенин участкаға барғанда билди. (К.Кәримов). **2.** Ертең *шағым* етип жүрмесе болды-ғо. Мен жигитимди жалғыз таслап кетиўге көзим қыймады (М.Нызанов).

ШАҒЫН кел. Орташа, ебиндей, қолайлы. Анасы оннан: «қайсысын таңлайсаң?» деп сорағанда бала ойланып отырмастан қызыл лак пенен боялған *шағын* ғана виоленчельди қолы менен нусқады (К.Кәримов).

ШАҒЫНЫЎ ф. Өкпесин айтыў, жәбирин айтыў, баянлаў, жырын, әрманын жырлаў, баян етиў. *Шағыныўды* хош көрмейтуғынлығын айтқысы келмеди. (К.Кәримов).

ШАДДЫ-ҚОРРАМ кел. Мәслик, уақты қош, қуўаныш. **1.** Сол күни ҳәмме қуўанышлы, *шадды-қоррам*, Тағаберген сейистиң көп жыллардан берли күлки не екенин билмеген жүзинен бий күлки көрген еди (К.Кәримов). **2.** – Тамақ тоқ, кеўил *шадды-қоррам*, кеше жигирма бес адам еди, бүгин отыз еки адам келди (К.Султанов).

ШАДЫМАН кел. Уақты хош, йош, қуўанышлы. Күлкилери күтә *шадыман* емес, аянышлылаў шықты (А.Садықов).

ШАЙ ат. **1.** Бирдейине көгерип туратуғын техникалық өсимлик. **2.** Сол өсимликтиң қуўратылған жапырағы. Сол жапырақтан таярланған ишимлик. – Келин, *шай* қой, – деди анасы диваннан әсте сыпырылып түсип (М.Нызанов). **2.** Ғаррылардың *шайы* ушын үлкен самовар қайнаўлы. Ендиғи аўыр ис түслик аўқат еди (К.Султанов).

ШАЙНАМ ат. **1.** Шайнаўға тийисли зат, нәрсе. **2.** аўыс. Жутым, аўқат, тамақ. Бир бийшара бир түйир набат пенен бир *шайнам* ҳалўа берсе не болыпты (К.Кәримов).

ШАЙТАН ат. **1.** дин. с. Адамларды дин жолынан азғырыўшы, жынаятқа, қылмысқа баслаўшы қыялый мақлуқ, жин, албаслы. **2.** Ҳийлекер, сум. Алланы тилге алмаппыз, алдымызды *шайтан* кес-келеген көринеди, кеттик, ендиғи жағына Алла яр болғай, – деди Турым бий (К.Кәримов). **3.** «Бул кийимли *шайтаннан* сирә хеш нәрсени жасырып болмас!», деп ойланды ишинен күйинип (А.Садықов).

ШАЙЫ үш шайы – ат. гөн.с. Ески ақша бирлиғи, тийин. Жалған хошамет деп қабыл етпең, Нигар, Сизге *шайы* көйлек оғада жарасар екен (М.Нызанов).

ШАЙЫР ат. **1.** Қосық шығарыўшы, жазыўшы, қосықшы. **2.** Ериктен, жийдеден ҳәм басқа да мийўе ағашынан шығатуғын жабысқақ зат, желим. Айныған молланың ақыбети порхан я *шайыр* болады (К.Султанов). ... Колхоздың дәслепки артеллескен жыллары Ақдәрьяда қабасан Бердақ *шайыр* менен қаза шерик болып көлге шығады (К.Султанов).

ШАҚ 1. ат. мүйиз. **2.** қ. Дәўир. **3.** Шақ етиў. қ. Шақылдаў. **1.** Айыўлары менен *шақлары* әжайып суўынларды нусқап сорады. (К.Кәримов). **2.** Батырдың еки қулағының жоқарысынан еки *шақ* өсип шықты (М.Нызанов).

ШАҚА ат. Тереклердиң, улыўма өсимликлердиң шақасы, путағы. **1.** Айдос аўылынан таңда атланып, Хийўаға хабар жеткизиўге асыққан жолаўшының *шақада* салбырап турған қарақшының денесин көре алмаўына себепши болған да сол Қайыр еди (К.Кәримов). **2.** Анаў қатар тораңғылларды көрдиң бе, әне, сол тораңғыллардың *шақасына* қонақлап, азанда, кеште шақырып турады.

ШАҚАН кел. Қасы, кирпиги ақ, көк көз адам. Бириниң үстинде *шақан* көз, келте Таўмурат отыр (К.Султанов).

ШАҚҚАН 1. р. Зийрек, зәбердес, шалт. **2.** ат. Өткир, тапқыр, епшил. Өткир нәзери тахта үстиндеги халўа жанында турған пышаққа түсти де оны *шаққанлық* пенен қолына алып, артына жасырды (К.Кәримов). Ал бий болса ғәне отаўда отырып, *шаққан* деген жигитлерин өз сорамындағы байлардан хәм урыў бийлеринен пайғазы сора, деп атландырып отыр (К.Султанов).

ШАҚҚАНЛАСЫП 1. р. Зийрек, зәбердес, шалт. **2.** кел. Өткир, тапқыр, епшил. Әне, соннан кейин хәммемиздиң теримиз жайылып сала берди. Шешемниң қуўанғанын айтсаң-о, тап таза түскен келиншектей *шаққанласып* кетти-ә! (М.Нызанов).

ШАҚҚАНЛЫҚ ат. **1.** Зийреклик, зәбердеслик, епшиллик. **2.** Өткирлик, тапқырлық. Ийнеликти тез толтырыў хәм көп жип ораў ушын оған шеберлик хәм *шаққанлық* керек (К.Кәримов). *Шаққанлық* пенен жаздырып жиберди де, оң қолының ушын ийинниң үстинен өткерип, мойнынан услап, шеп қолы менен хан палўанының оң билегинен шарп етип услады.

ШАҚҚЫ ат. жүзи сабына қайырылып қойылатуғын пышақтың түри. Әрепбай мүйиз саплы өткир пышағы менен қасқырдың тумсығынан баслап қарынның үсти менен қуйрығына шекем пуқталық пенен териниң басқа таманына зыян жеткизбеў ушын асықпай-албырамай кести де, пышағын Қайырға услатып, соң кисесинен пәкидей өткир *шаққысын* алып, қасқырдың терисин етинен ажырата баслады.

ШАҚМАҚ ат. **1.** Төрт тәрепи тең зат, шатыраш. **2.** Төрт мүйешли тас. **3.** Бултлы күнлери таслардың бир-бирине тийиўинен шығатуғын от. Көп өтпей бир-еки тамшы тамды,

«жалт» етип *шақмақ* шағылды изинше көк гүркиреп, қулақларды ләрзеге келтирди (К.Кәримов).

ШАҚША ат. Малдың мүйизинен, шийшеден, қабақтан, агаштан, мыстан исленген насыбай салатуғын зат. – Соны жамылып отырсын, – деди де, қалтасынан *шақшасын* алып, алақаны толы насыбайды тилиниң астына таслады (К.Султанов)

ШАЛБАР ат. Адамлар, көбинесе ер адамлар кийетуғын балақлы кийим. Ийтиниздиң де мийнети күймесин деп *шалбарымның* бир балағын берип кеттим (М.Нызанов).

ШАП-ШАҚ кел. Өлшегендей дәл келиў, ылайықлы, жарасықлы, қуйып қойғандай. Табанына мықлы шерим қойылып тигилген сандалдың бәри киши болды, ақырында тумсығы менен сиресине телетин қойылып, қалған жағы брезенттен тигилген туфли тап баланың аяғына қуйып қойғандай *шап-шақ* болып шықты (К.Кәримов).

ШЕМБИ ат. Ҳәпте күниниң аты. **1.** *Шемби* күни сабағымды басқа муғаллимге тапсырып «қайдасаң Нигар?» деп жолға шықтым (М.Нызанов). **2.** *Шемби*, екшемби дегенди билмегенмен (М.Нызанов).

ШЕҢБЕР ат. Дөңгелек, домалақ. Геометриялық фигура. **1.** Көп өтпей керегелерден *шеңбер* пайда болды (К.Кәримов). **2.** «...Бәлки руўхларға аралық пенен ўақыт *шеңберлерин* басып өтиў қыйын емесдур?» (К.Кәримов).

ШЕҢГЕЛ ат. Бәхәрде гүл шығарып түйнеклейтуғын жабайы тикенекли өсимлик. Бозығып хәр жер-хәр жерине *шеңгел* көгерипти (К.Кәримов). Солай етип, Якуббай электр жарығысыз, еденине тахтай орнына *шеңгел* көмилип, топан ылай жатқызылған, дийўалын ыс басқан, бирақ өзине тийисли болған қәдирдан үйине көшип өтти (К.Кәримов).

ШЕҢГЕЛ ат. Бәхәрде гүл шығарып түйнеклейтуғын жабайы тикенекли өсимлик. Берген пулы колыма *шеңгел* қысымлағандай тәсир етти (М.Нызанов).

ШЕП ат. Сол қаптал, тәреп, жақ. Бүгин ол үйге әдеттегиден де кеўиллирек болып кирип келди. Бул пайытлары анасы Қырмызы кемпир қос кепшикти *шеп* ийнине сүйеў етип, телевизор көрип отыр еди (М.Нызанов). Ҳалықлап, еки ийнинен демин алып, гә оң, гә *шеп* аяғының ушынан басып, тыпыршылап тур.

ШЕП БОМАПТЫ ф. Кем болмаў, бийкар болмаў. Қалай дегенде де «түркше үйренгеним *шеп бомапты*», пристав болысти албыратқанын еследи (К.Кәримов).

ШЕПЛЕЎ кел. Қырсық, қопал. Кисимиздиң минези *шеплеў* еди (М.Нызанов).

ШЕР ат. **1.** Жолбарыс. **2.** Батыр, ер. **3.** Қайғы, ҳәсирет. **4.** Менмен, қайқы, тәкаббир. Бай аўылдың ийтлерине шекем *шер* (А.Садықов). Нуржамал: «Неге айттым. Жүрегине *шер* салдымаў!» деп қысынып кетти (К.Султанов).

ШЕРЕКЛИК ат. Бир пүтин заттың төрттен бир бөлеги. Оқыўшылардың *шереклик* баҳасын шығардым. Соң, директорымыз бир ҳәптеге дейин арзама қол қоймады (М.Нызанов).

ШЕРЕКЛИК ШИЙШЕ ат. Кишкене шийше. Қәлийла қалтасынан *шереклик шийшени* шығарып, насыбайын тәрийиплеп кетти (К.Султанов).

ШЕРИК ат. Жолдас, бирге, ортақ, дос. Жәрдем беремен, деди. Алды бурын *шерик* боламыз (К.Кәримов). Алыўшы батыр қозғалаң баслаўшылардың *шериги* еди (К.Кәримов). Қурдасы менен *шерик* болып, балық аўламасын деген закон бар ма? (К.Султанов).

ШЕРИКЛЕС кел. Үлеслес, ортақлас, пайлас. Үш шерик, ол пайытта еле келисим дүзбеген *шериклеслер* байып алыўдың жолларын бирге қарастырыўға қайыл еди (К.Кәримов).

ШЕРИКЛЕСИП ҳ.ф ортақласып, пайласып. Хақыйқатында да, жездемиз Қарлыбай менен пахта егистен қалып қойған жерге *шериклесип* салы егип едик (М.Нызанов).

ШЕРИКЛИК ат. Ортақлас болыў, пайлас болыў. Мәселе интернет дүкәнға *шериклик* үстинде барып отырыпты (К.Кәримов).

ШЕРИКПЕН ат. Шериклес болыў. Мен де сол айып иске *шерикпен*, өзимди ақламайман (М.Нызанов).

ШЕРИМ ат. Малдың терисин ийлеў нәтийжесинде исленген зат, тери. Табанына мықлы *шерим* қойылып тигилген сандалдың бәри киши болды, ақырында тумсығы менен сиресине телетин қойылып, қалған жағы брезенттен тигилген туфли тап баланың аяғына қуйып қойғандай шап-шақ болып шықты (К.Кәримов).

ШЕРИМ ЕТИК ат. Малдың терисинен исленген етик. «Бәри бир жигит инсаплы екен, Алла өмирин узақ қылсын, айырым алып сатарларға усап, арзан сорап, нарқты жерге урмады, мениңше арзан бермедим, пәлен теңгеге *шерим етик*

алсам...» деген ойлар менен турғанда тәрезиси менен тасларын арқалап алған жанындағы жәрдемшиси менен кеппан пайда болды (К.Кәримов). Дүзиў табан *шерим етигин* шешип, оның да қонышын кесип таслады (К.Кәримов).

ШЕРИМ КУРТКА ат. Шеримнен исленген куртка. Мен барғаннан кейин екеўи де үстиндеги етеги бүрме *шерим курткаларын* шешип, кроваттың үстине таслады (М.Нызанов).

ШЕРИН ат. Қумары, дәрти. Дәптер сөйледи. Нурсулыў болыш оған *шерин* ақтарды... (М.Нызанов).

ШЕРЛИ кел. Дәртли, қайғылы. Бирақ, ғарры туўысқанның *шерли* кеўилин жубатқысы келип, аз ғана сарсылып отырды да, елжиреген баўырын қатайтып алды (К.Султанов).

ШЕРМЕНДЕ ат. Масқара, уят қылмыс. Мен қудаға гүнакар болдым... «Қуданың атын айтып, қуда болып едим, лебизим еки шықты. Қуда алдында *шерменде* болдым!» (К.Султанов). Бизлер де *шерменде* болып жүрмейик (А.Садықов).

ШЕРМЕНДЕЛИК ат. Масқара, уят қылмыс. Бул *шерменделикке* себепкер болған мен-ше? (М.Нызанов). Оны есапқа алмады ма, ақыбети мине усындай *шерменделикке* алып келеди (М.Нызанов).

ШЕРМЕНДЕШИЛИК ат. Масқара, уят қылмыс. Институтқа хабар береди, ата-анам еситеди. Изи үлкен *шермендешилик* (М.Нызанов).

ШЕРТЕК ат. шәртек. Төбеси бастырылған саялы жер. Сен изиңе шап, жанағы *шертектиң* ишинде отырған бала илимпаз баланың даўысыма деп қалдым. Тез жетсин, қыз бир жаққа қашпас (М.Нызанов). Сәл арырақтағы узын етип қурылған *шертеклердиң* астындағы асылған қазанлар бәркулла қайнап турады.

ШЕРТИП ф. Сайлап алыў. Жүрип үйленсе де сайлап *шертип* алды (М.Нызанов).

ШЕРТИССЕК ф. Бөлисиў, басқаға айтыў. Қәне, бир таңға отырып сыр *шертиссек*? (М.Нызанов).

ШЕТ ат. Ернек, жийек, қыр, ушы яки жийеги. Дәрибийке бир *шетте* бултыйып тур (К.Султанов).

ШЕТ ЕЛ ат. Бөтен ел, басқа мәмлекет. Сажыда бизиң жақтың қәўли-қағыйдаларына бойсынбайтуғын қандай да бир *шет елли* нашарға уқсар еди (М.Нызанов).

ШЕТИНДЕГИ ат. Ернек, жийек, қыр, ушы яки жийеги. Уйбий, алла! Апамның аяғы жол *шетиндеги* қурттай музға тайып

кеткен ўақта барып өзиме келдим. Оны сүйеп қалдым. Нурсулыў диванның бир *шетине* отырды (М.Нызанов).

ШЕТИРЕК р. Алысырақ, шет. – Бул қай келис? – деди мени *шетирекке* алып шығып (М.Нызанов).

ШЕТКЕРИ р. Алысырақ, шет. Бир пайытлары ихтиология менен айланысқан жигитти *шеткериде* созылып жатырған, узынлығы бир метрден зыят келетуғын балық қызықтырып қалды (К.Кәримов).

ШЕТКИ кел. Алысырақтағы, шеттеги. *Шетки* столда отырып, көз астынан адамларды гүзетти (К.Кәримов).

ШЕТСИЗ-ШЕКСИЗ кел. ушы-қыйыры жоқ. Бундай ҳалат қашан аққеўил Митра отлы арбасын Окс дәрясы ағып өтетуғын *шетсиз-шексиз* ўәлаятлар үстине жақын алып келе баслайтуғын күнге шекем даўам етеди (К.Кәримов).

ШЕТТЕН р. Келди де, бир *шеттен* кроватның ернеклерин, айнаның алдыларын сыпырыўға тийисти (М.Нызанов).

ШЕТ-ШЕБИРСИЗ кел. ушы-қыйыры жоқ. *Шет-шебирсиз* Қарақум сахрасының қайсы бир төбелериниң арасында әмир ләшкерине Ақмәмед сәрдар қақпан қурып атырғанын жүзбасылар аңламады (К.Кәримов).

ШЕФ ат. Баслық, басшы. *Шеф* товар бериўди тапсырды, – деди ол латын америкасы расасынан шыққан қараторы жигитке (К.Кәримов).

ШЕШЕ ат. Қарақалпақ халқында келин абысынының атын айтпай усылай атаған. **1.** Ол жағын маңлайына жазған несийбесинен көрер, заманлас, бирақ аппақ қыздан сорамай, *шешем* менен ойласпай хеш нәрсе дей алмайман (К.Кәримов). Гәп бар: түйениң жамбасына байланған бизиң Сәсәнем *шешемниң* май қабағы да шәҳәрге барыпты, деген, сол айтқандай, тентек жора биз де сениң арқаңда Хийўаға барып шалқып қайтайық, Жайың бардур, оңысармыз бир мүйешинде.

ШЕШЕМ ат. Анасы, апасы. Бала ҳәм қызды туўған ҳаял, ана. Елти *шешем* көйлегиниң жеңи менен көзин сыпырды (М.Нызанов).

ШЕШЕН ат. Сөзге шебер, қатықулақ адам. **1.** Сол ушын да сауданиң үстинде базы биреўлер *шешен* болып кетеди (К.Кәримов). Жарлылардың арғы дерегинде атақлы бир бийи, я белгили бир *шешени* болмаған әўладтан да бундай адам шығады екен-аў... (А.Садықов).

ШЕШЕНЛИК ат. Шеберлик пенен сөзди айта билиў. Күш атасын тыңламайды, *шешенлик* дүбирлеп ишке сыймайды (К.Султанов).

ШЕШЕҢ ат. Анасы, апасы. Маған қара, әкең турмыста толықлаўышты пайдаланды ма, яқ *шешең* пайдаланды ма? (М.Нызанов).

ШЕШИМ ат. Қандай да бир мәселениң себебин үйрениў ҳәм оған жол табыў. Қандай да бир үзил-кесил *шешимге* бекингенин сөзинен аңлаўға болатуғын еди (К.Көримов). Мәжилис бир *шешимге* келе алмады, – деди ол жыйналысты жабыўға қарар етип (М.Нызанов).

ШЕШИМЛИ кел. Тужырымлы сөз. Бай оған да Қосыбайдан хабар келгенше *шешимли* төрелик айтпай, «көремиз!» деп жуўап қайтарып еди (К.Султанов).

ШЕШИП ф. Кийим шешиў. Пенжегимди *шешип*, қайта кийдим (М.Нызанов). Дәслеп үстиндеги пальтосын *шешип*, шеп қолының шығанағына таслап бир қайырды да, оң қапталға таслады (М.Нызанов).

ШЕШИЎ ф. Белгили бир мәселени анықлаў, бир жуўмаққа келиў. Ол пақыр не қылсын! *Шешиўши* гәпти үйде хожайын айтады (М.Нызанов).

ШЕШИЎШИ кел. Қандай да бир мәселениң ең тийкарғысы, әҳмийетлиси. Түни мененги *шешиўши* қәўлилерден азанда суўға шайылған көбиктей, намыў-нышан қалмас еди (М.Нызанов). Аңның *шешиўши* ҳүжимге бел байлағанын аңлаған шопан пышақтың дәстесин қаттырақ қысып, айқасқа таярланды (К.Кәримов).

ШЕШПЕСЕ ф. Байланған, шийелген, түйилген нәрсени ямаса түйинди айырыў, ажыратыў, босатыў, алып таслаў. Ең жаманы – ўақты келип кимдур дуўаны *шешпесе* барып-барып келиниң я балаң бир мүшесинен айырылады яки ақылы зайып болады.

ШИБИШ ат. Тыныш таппайтуғын кишкене бир ешки. Соған уқсатыў, салыстырыў. Ана, қоңыр *шибиштиң* гүзде туўған егизиниң сыңары, – деди нығырлап (А.Садықов).

ШИГИН ат. Салыға араласып өсетуғын собықлы өсимлик. Бираз ўақыттан бери *шигин* зағараға таңылып, буўдай нанды сағыныпты (А.Садықов).

ШИГИТ ат. **1.** Пахтаның тукымы. Билемиз сизлердей халық душпанларын, шығыршық пенен пахтаның *шигитин* шығарып,

жуўазда майын аласыз, талшығынан болса бөз тоқыйсыз (М.Нызанов).

ШИДЕР ат. Аттың, ешектиң ҳәм басқа да жанлы-жаныўарлардың аяқтағы тусаўына артқы аяғын байлап тутастыратуғын жиби. Ешейинде алысқа кетип қалмасын, деп түйениң аяғына *шидер* салынар еди (К.Кәримов).

ШИДЕРЛЕНГЕН ф. Байланған. Дәскелерди артатуғын, ақшам отлайман деп көштен шығынып кетпеслиги ушын *шидерленген* түйе әкелинди (К.Кәримов).

ШИЙ ат. Қамыстан тоқылған қара үйдиң керегесиниң сыртынан тутатуғын зат. «Ерге шыққан қыз *шийден* тысқары», деген (К.Кәримов). Назлы кемпир қара үйиниң артқы *шийин* түрип таслап, жапсарда уршық ийирип отыр.

ШИЙ ИШЕК ат. Үлкен ишек. Қазақлар қонақ асыға сойылатуғын малын қонағына кесе тартып көрсетип, пәтиясын алып соңынан соятуғыны, сойылған малдың *ший ишегин* шетке шығармай писирип, мийманның алдына әкелетуғыны Қулшыға бесенеден белгили (К.Кәримов).

ШИЙДЕК ат. Қамыстың майдасынан тоқылған кишкене ший. Буны ол сыртта-ақ, есиктиң алдында шертектиң үстиндеги *шийдекте* жайыўлы турған қаўын қуртлардың неше түринен, тилиўли қаўын қақ ҳәм шертектиң бақанына илдириўли турған сүзбе қалталардан абайлаған еди (А.Садықов).

ШИЙЕ ат. Қәрелиден майдалаў қызарып писетуғын жемис мийўе. Сениң мына ғаздың мойнындай аппақ мойынларынды қып-қызыл *шийедей* етсем деп едим! (А.Садықов).

ШИЙКИ кел. Писпеген, писип жетилиспеген, шала. Көпшилик алдында ортадағы мүнәсибетлериниң *шийкилигин* әшкара ете бериўден, онысыз да олардың ийтли-пышықлы болып жасап киятырғанлығы мәлим болып үлгерген еди, тартынып, әзинше әндийше қылған еркек тилин тыйды (К.Кәримов).

ШИЙКИЛ кел. Алдына қара ләтте үзик, артына шыпта жапқан жупыны қара үйден ийнине сары қабақ арқалаған *шийкил* сары қыз шықты (К.Султанов). **2.** Енгезердей ири денели, қустың пәриндей қыяқ мурты бар, *шийкил* сары жигиттиң бул түнергенин ҳәр ким ҳәр нәрсеге жорады (К.Султанов).

ШИЙКИШИЛИК ат. Писпегенлик, қамлық, шалағайлық. Ертеңги анализимнен әлбетте, бир *шийкишилик* шығыўын үмит пенен күтетуғын едим (М.Нызанов).

ШИЙРАЗЫ ат. Жүни шыйратылған қозы тери. *Шийразы* көк шайды, ашшы етип демлеп, мына набаттан салып ишкенде ме, не дейсең баққал дос (К.Кәримов).

ШИЙРАҚ кел. Шийрақ. Орамаллардан *шийрақ* етип есилген дүрре услап, «жәлладлар» хәмир күтип турар еди (К.Кәримов).

ШИЙРИН кел. **1.** Мазалы, татлы. **2.** Тәсирли, жағымлы, пайдалы. Бундай *шийрин* сәўбетлер Нурсулыў менен турмыс курған сол еки айдың ишинде бир неше мәрте болған (М.Нызанов). Әмиўдәрьяның қайыры менен Арал көллериниң мақпал шаланларын жеп өскен бизиң балықтан *шийрин* балық болмайды.

ШИЙРИНЛИК ат. Мазалы, татлы нәрсе. ...күнделикли дастурханда ушыраса бермейтуғын түрли-түрли *шийринликлер* хәм жемислер сығасып тур (М.Нызанов). Екеўи шерик болып жабық көшеден баққаллық дүкәнын ижараға алып, ишин *шийринликлер* менен толтырып, сауда ислеўге кирискен (К.Кәримов).

ШИЙШЕ ат. Суйық затларды қуйыў ушын исленген хәр түрли ыдыс. Бир-еки *шийше* диванның астында жумалағаннан кейин ол әбден ашылады (М.Нызанов). Дәриханада қолыма пенициллин *шийшедей* бир дәрини усынды хәм қасына пипетка қосып берди.

ШИЙШЕЛИ кел. Шийшеден исленген. «Пахта байрам»-ларда *шийшели* пиво ишип едим, ө дедим мен (М.Нызанов).

ШИЙШЕҢ кел. Шийге уқсаған. Кеш песин ўақытта күнниң ырайын бузық көрген Нуржамал *шийшең* үйге жекен шыпта тутты (К.Султанов).

ШИКАР шикарға шығыў ф. Ертедеги бий, аталықлардың мәслик ушын аңға шығыўы. Айдос Хийўа ханына, Арзы батыр *шикарға*, Ырза менен Төре Хийўада оқыўға кеткен (А.Садықов). *Шикарға* шыққанда ханға ылайық (К.Султанов).

ШИКАРНИЙ кел. Заманагөй, басқаша көринисте. О-о дастурхан *шикарний*-ғо, – деди кеўилленип (М.Нызанов).

ШИКАСТ ат. Бир жеринен аўырыў, бийтап болыў, жарадар болыў. «Виолончель, он жетинши әсирде соғылған деп гүман қылынады, қақпағының еки жерине жарық түскен, қулағында

шикаст бар...» әсбаптың тағы да әлле қандай ийеси билетуғын, яки сондай деп гүман қылмаған бир неше кемшиликлери атап өтилди (К.Кәримов).

ШИКАЯТ ат. Арыз етиў. Приставтың кәтиби арқалы өзиниң үстинен кимлер *шикаят* қылғанлығын билип алыўға урыныўы өзинше нәтийже бергенге уқсады (К.Кәримов).

ШИЛЛЕ ат. Ең ыссы күнлер. *Шилленің* айы туўыўға еки күн қалды (К.Султанов).

ШИЛПӘРШЕ кел. Бәлек-бөлек, майда-майда, қыйқым-қыйқым. Ким билипти, Ерназардың өлиминен де яки урыста қаза тапқан жақын баўырларының күйиғинен де бетер, *шилпәрше* болған арзыў-әрманларының дәрти өртеп баратырғаны! (А.Садықов). Түни мененги ойым *шилпәрше* болды.

ШИЛТЕН ат. Илаҳий күшлер. Ләә иләәҳә иллалоҳи Муҳаммадур росулуллаҳ курға шығып тутыссаң, жылаўында қырқ *шилтен* ғайып еренлер жүрип, қоллағай, Қыдыр ата жолдасың болғай, дәўлетиң өрлегей, әўмийин! (К.Султанов).

ШИҢГИРИК ат. Жүўериниң басы алынғаннан кейинги қалған жағы, пақалы. Есиктиң алдында *шиңгириги* орып алынған жүўери атызда жигирмалаған түйетаўық жайылып жүр (М.Нызанов). Дәрриў жетип келди, сөтти де *шиңгириктиң* бекелерин әкелдирип... әне усы ўақытлары, қолын қозғап атырған ўақытлары тап жыландай былғаң ете қалды ма де?! (А.Садықов).

ШИҢГИРИКТЕЙ кел. Жиңишке, кишкене мәнисинде (тураклы сөз дизбеги). Қалған жумыстың барлығы мениң *шиңгириктей* желкеме минип алған (К.Кәримов).

ШИРЕ ат. Дәм, маза. **1.** *Шире* өзимнен питеди, терис әйўанды сыпа ислеп, мыс ыдыслар алыў керек, аңғарасаң ба, шай ишиў бизиң Хийўада үрдиске айланып баратыр, сен туратуғын Қарнақта адамлар айран-шалапқа қәнәәт етип жүре береди (К.Кәримов). **2.** *Ширеге* үймелескен шыбындай балалар үйдиң қасынын шықпайды (А.Садықов).

ШИРЕЛИ кел. Дәмли, мазалы. Ол усы төрт қатарды *ширели* ҳаўазы менен айтып атырып, ләбинде күлки ойнар, коз қыйығы менен ҳәм уялып, ҳәм наз бенен бағар еди маған! (М.Нызанов).

ШИРЕНИЎ ф. Шалқайыў, тирениў. Дәўлетов креслосының арқалығына *ширениңкирнеп* отырып, күлимлеген кәзлери менен Сержановқа карады (Т.Қайыпберғенов).

ШИРЕПАЗ ат. Кәсип түри. Әсиресе, ерлик көрсетиўди аңсаған өз иниси хызметке барып, бир урыста шейит болып, Мәткарим де оңбасылықтан кетип, ата кәсиби *ширепазлықты* таңлаған соң, қайтыўды көңлине түйип жүрип еди, Хийўаның шар базарында ғезлескен *ширепаздың* гәплери оған қамшы болды (К.Кәримов).

ШИРИГЕН кел. Жарамсыз, бузылған. «Ириген аўыздан *шириген* сөз шығады» деген (М.Нызанов). Олар сол ески, шыйқылдыдан ары нотаға түспейтуғын, бир қысым *шириген* ағаш бөлегин бес мың долларға сата алады, – деп ойлайсаң ба? – дегенин еслеген жигит сол күнди ядына алғанына өкинип, ернин тиследи (К.Кәримов).

ШИРИК кел. Гөнерген, тозған. *Ширикке* қайыл болғанда, гөнеге назырқанамыз ба жора, берсең, әжеп кийемиз (К.Султанов).

ШИРКЕТШИ ат. Тери таярлаўшы, жыйнаўшы адам. Адамын «таўып» сорадың. Ағаң *ширкетши* болыпты (К.Султанов).

ШИРКЕЎ ат. гөн.с. Христиан дининиң руўханыйлары ҳәм усы динге исениўшилердиң бирлеспеси, жайы. Өзи туўылып өскен алыс Ресейдеги сыяқлы пәскелтек, ағаштан тикленген үйлер менен тутасып салынған *ширкеўлер* көринбейди (К.Кәримов). Дурыс, бир пайытлары анасына ерип *ширкеўге* барғаны, қоңыр даўыс пенен айтылған хорды буйығып тыңлағанын еслейди.

ШИРКИН ат. Ҳаяллардың жаман сөгиси, ғарғысы. – О, неси *ширкинниң?* Ҳәммени пәнтлеп (А.Садықов).

ШИФЕР ат. Қурылыста жайдың төбесин бастырыў ушын исленген плита формасындағы материал. Төбесиндеги ески майда жоллы *шифери* да тозған, дүкән жүдә гөне еди (М.Нызанов).

ШКАФ ат. Ишине ҳәр түрли затлар салынатуғын хожалық буйымы. Гуля доктордың кабинетиндеги *шкафтың* төбесине жайып қойылған плакатты абайлап төмен алды (М.Нызанов). Енди маған қарап күле шырай берип турың, – деди ол ҳәм жуўырып барып китап *шкафына* сүйеўли турған фотоаппараттың ески туяқларын тикейтти.

ШОҒЫР ат. Бир жерге жыйналған топ, топар. Әтирапта сағаллар улыр, аўыл қоразлары нешинши мәрте саз даўысқа

салып үйреншикли қосығын тәкирарлар, темир қазық жулдызын айланған «Ақбоз ат» жулдызлар *шоғыры* жулдызларға толы шексиз аспанның арқа тәрепиндеги жер менен жийеклескен тусына барып қалды (К.Кәримов).

ШОЙЫН ат. Полат пайда етиў яки қуйма деталлар таярлаў ушын пайдаланылатуғын, углерод пенен темирден ибарат қосынды. Саяманның ҳәр жерине *шойын* темирге қатар рейкалардан қағылған аўыр отырғышлар қойылған.

ШОЙЫНШЫ ат. Шойыннан ыдыс, қурал-сайман ислейтуғын уста. Көзинен жас атлығып кеткен Ерназар *шойыншы* орнынан тура алған жоқ (А.Садықов).

ШОКОЛАД ат. Какао менен қанттан қуйылған конфетаның бир түри. Растан да, сезимлерим алдамады. *Шоколад* реңли костюмде сиз көриндиңиз (М.Нызанов). Қасында түрли мазалы *шокаладлар* бир шетинде сап-сары қаспақ қойылған палаў да бар.

ШОҚ ат. **1.** Оттың қозы. **2.** Тығыз, өскин. **1.** Ал, кимлердур аўызқабағын алып, қоңсыдан *шоқ* алып келиўге баратыр (К.Кәримов). **2.** *Шоқ* сақалы шырайлы жүзине қуп жарасып турған, орта жаслардағы әмир басына сәлле орап, үстине келте жеңли қырмызы реңли шапан кийип, белине алтын тоғалы кәмар байлаған еди (К.Кәримов).

ШОҚАЛАҚ ат. Майда-майда төбешиклери бар жер, дүмпешик. Ақырында Қарақум *шоқалақлары* изде қалып, таслы алаңлар гезлести (К.Кәримов).

ШОҚА-ШОҚА ат. Төбешик, үйиншик. Ҳәр жерде *шоқа-шоқа* болып үйилген балықтың есап-саны жоқ (К.Султанов).

ШОҚҚЫ ат. Таўдың бийик жери, басы. Алысыракта бәлентлик үстинде минарларының оқ ататуғын тесиклери қарайып көринген беккем қорған, оннан да бийикте, таў *шоққысына* мегзейтуғын, сүйир формадағы тағы бир бекинис көзге тасланады (К.Кәримов). Ол өмириниң ишинде бул қумлыққа талай мәртебе келип, бийик *шоққысынан* айланаға нәзер таслап, көп-көп қыяллар сүрген, сырнықкан, жылаған, өзин-өзи жубатқан (Т.Қайыпбергенов).

ШОҚЛЫҚ ат. Жылқының жалы менен тутасқан жериндеги ыйықтың басы. Еки аяғы аттың зәңгисинде, әзи ер үстинде, аттың *шоқлығына* қойылған басы былқ-сылқ етеди (К.Кәримов).

ШОҚМАҚ ат. Үлкен ағаш, қурал. Басына келип тийген *шоқмақ* соққысынан есин жоғалтқан өспирим есин жыйнағанда санасына келген дәслепки саўал: «Не ушын?» болды (К.Кәримов).

ШОҚМАР ат. Басы жумыры етип ағаштан исленген таяқ, қурал. «Ийт паданы жақсы қорықламаған, қойлар қасқырға жем болған, ашыў үстинде шопан ийтти аўыр *шоқмар* менен...», дести шопанлар (К.Кәримов). «Қолың көтере алмаған *шоқмарды* белге неге байлайсаң» – деген шабазым.

ШОҚША кел. Топланған, жыйналған. Буны өзинше түсинген Джон камерасын жанына қойып, кисесинен ҳәмиянын шығарды, оннан кимниңдур сүўрети түсирилген көкшил доллардан бир нешеўин алып, дәслепкисин *шоқша* сақаллы кисиге узатты (К.Кәримов).

ШОҚ-ШОҚ кел. Жыйналып өскен, топар. Арадан жыллар өтип, бул жерге келген адамлар, олар Гүлдирсин ҳаққында дерлик умытып кеткен еди, ҳәр жер-ҳәр жерде *шоқ-шоқ* болып өскен өсимликти көрди (К.Кәримов).

ШОҚЫНЫЎ ф. Христиан дини бойынша Қудайға табыныў, сыйыныў. Үш бармағын ийинлери менен маңлайына тийгизип *шоқынып* алды, тилеклерин орынлаўды кимнен сораў кереклигин ойлап, аз ғана иркилди (К.Кәримов).

ШОҚЫРАҚ кел. Аттың, ешектиң секирип-секирип жүриўи, шабыўы. – Салықтан қутылмай ураға көмиўши болмаң, – деди де, аттың *шоқырақ* жүриси менен аўылға ҳайт қойды (К.Султанов).

ШОЛАҚ кел. Қысқа, келте (аксақ, майып). ...Өтемураттың жалаңаш етине кийген *шолақ* бешпенти көринип кетти (К.Султанов). Олардың ишинде үстине жеңи *шолақ* зер шапан, басына қамары бөрик кийген, атының жүўени менен ерине, белиндеги қылышының сабы менен қабына алтын жалатылған, саўлатлы киси қусбеги болып, ол жазаның орынланғанын өз көзи менен көрип, ханға жеткизбек ушын келген болса керек.

ШОЛАН ЕТИЎ ф. Суўытыў, муз етиў, тоңдырыў. Бийгүна нәрестениң атасын, атаның ботасын мийримли қушағынан жулып алып, ыссы баўырын *шолан еткен*, – Сен! (К.Султанов).

ШОЛАСҚАН кел. Жарасқан, көркейген, жақсы. Бийлик берсе, бул күнде ҳәмелдарлар, мен айтайын, бир жылда *шоласқан* бай болады (К.Султанов).

ШОЛПЫ ат. Торды ағашқа, темирге керип балық услайтуғын әсбап. Жақсылыққа болғай илайым, – деди ҳаялы еңкейгенде алдына түскен *шолпыны* жаўырнына ысырып қойып (К.Кәримов).

ШОЛЫЙ ф. Қараў, көзден өткериў. Мен әсте бөлме ишин *шолый* басладым (М.Нызанов).

ШОЛЫП ф. Қараў, көзден өткериў. Қырғый қабақ астындағы көзлер жигиттиң бастан аяғын бир *шолып* өтиўге үлгерди (К.Кәримов).

ШОЛЫЎ ф. Көз жибериў, көз бенен болжаў, шамалаў. Келген киси отыратуғын орын қыдырып өжире ишин көзи менен *шолып* шықты (К.Кәримов).

ШОМ ат. Жақтыландырыўшы нәрсе, әсбап. Бир қолы менен шекпенниң жағасынан услап қылқындыра баслады, екинши қолындағы еки жүзли қанжар *шомның* жарығында жалтырап кетти (К.Кәримов). Усы пайыт бир қолына Ахурамаздаға қурбанлыққа арналған сүмелек салынған қубок, екинши қолына жанып турған *шом* услаған ақ кийимли Зардушт пайда болды (К.Кәримов).

ШОМЫЛЫЎ ф. Шып-шып терге түсиў, терлеў. Қәдир қара терге *шомылып*, ҳалдан кеткен соң, қалың қопа жекенниң үстине бойын таслады... (К.Султанов).

ШОМЫЛЫЎҒА ф. Суўға түсиў, жуўыныў, тазаланыў. *Шомылыўға* суўға түскенде де дәслеп етиң түршигип турады, бирақ соң үйренисип кетип, суўдан шыққың келмей қалады (М.Нызанов).

ШОПАН ат. Мал, қой-ешкилерди қараўшы, бағыўшы. Ерназар Алакөздиң *шопанларын* сонша қарашор адамлардың ишинен таба алмай шыр-пыр болысып жүр (А.Садықов). Қәнекей ҳәрип танымайтуғын қызылдың аржағындағы *шопан* болар ма едиң (М.Нызанов).

ШОРҚАҚ кел. Олақ, епсиз. «Сөзге *шорқақлаў*, даўды күш пенен шешиўге умтылатуғын «тентек»тиң гәпи ме, мынаў? Оның себеби: бириншиден – сайыз ойлап, кеўлине келген иске көзсиз урынатуғын өжет минезликтен болса, екиншиден, кисиниң тилине ергиш, өз ақылы менен сабырлы шешиўге *шорқақ* киси (К.Султанов).

ШОРҚАТ кел. Уқыпсыз, ийкемсиз. Еңбекке *шорқат* өскен бай баласы жорғаның белинде қайқайып жүргенде, қора толы

малдың бир күни орта түскенин ғана билип қалады (К.Султанов).

ШОРП-ШОРП ел.с. Суйықлық ыдысқа алынғанда шығатуғын даўыс. Ешкилер үйретип қойгандай үйдиң алдына келип бир қапталлап жатады, Сажиданың анасы ҳәр еки аяғын қарыстай илмекли жип пенен бөлек-бөлек байлайды, *шорп-шорп* саўып алады (М.Нызанов).

ШОРПЫЛДАТЫЎ ф. Сүйиў, өбиў. Ол ана бетимнен, мына бетимнен *шорпылдатып* сүйип атыр (М.Нызанов).

ШОРТ ат. Жеңил жазғы кийим. Ал, қолына сендвичлер менен кока-кола ишимлиги салынған қалташаны көтерген жигит *шорт* пенен футболка кийген ҳәм бул кийими қыздың наразылығына себеп болғанлығы ядында қалған (К.Кәримов).

ШОРТАН ат. Денеси узынша келген, басы сүйри, өзинен киши шабақларды жейтуғын балық. Шортан балық, сорпасы тымаўға даўа, *шортанға* кел! (К.Кәримов). Олардың ишинде *шортан*, сазан, жылан баслы балықлар бар еди (К.Кәримов).

ШОРШЫНАР ф. Сескениў, қорқыў. Ең болмаса усы гәпке жаның *шоршынар*?! (М.Нызанов).

ШОРШЫНДЫРЫЎ Шоршыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Таң ата шыққан зарлы сес, қақыраның айнасына жақын жерде жатырған Бердақты *шоршындырып*, орнынан өрре турғызды (А.Садықов).

ШОРШЫНЫП ф. Сескенип қалған, қорққан. Бул жағымсыз ойлардан бирден жүрегим *шоршынып* кетти (М.Нызанов). Ол баяғы Айдослардың өлигин көрип, Хийўадан жаны *шоршынып* қалған (К.Султанов).

ШОРШЫНЫЎ ф. Бирден секирип түсиў, селк етиў. Усыннан өлип қалса, мениң де жүрегим *шоршынып*, кеселге шатылатуғын шығарман деген ойға да барып үлгердим (М.Нызанов).

ШОРШЫП ф. Секириў, қорқыў, сескениў. Апам *шоршып* кетти. Ҳе, – дедим мен *шоршып* түсип (М.Нызанов).

ШОРШЫТЫЎ ф. Шоршыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Төмендеги бекинисти тамашалаўда да француз ханымды жыланлар *шоршытқанын* айтпаса ескерерлик ўақыя жүз бермеди (К.Кәримов).

ШОРШЫЎ ф. Секириў, қорқыў, сескениў. Нурсулыўдың үйге келип дем алып кетиўи тек бүгин емес еди. Турмысынан

кеўли жай. Өз сүйгенине қосылды. Сонда да тез-тез үйине келип уйқысын қандырар, анасына болса «билмеймен, ояқта *шоршый* беремен» дегеннен басқа ҳеш нәрсе айтпас еди (М.Нызанов).

ШОРЫЛЫҚ ат. Киси есигинде жалланып ислейтуғын қуллық кәсип. Қулласы, таланған кәрўанда Бәниў де бар екен, оның маңлайына екинши мәртебе *шорылық* жазылған болса керек, тәғдирден адам қашан қашып қутылыпты (К.Кәримов).

ШОТ ат. Кетпенге усаған, ағаш жоныў ушын қолайластырылған кишкене усташылық қуралы. Әтирапта бир замат иркилген *шотлар* менен балталардың тақылдысы қайтадан еситиле баслады (К.Кәримов).

ШОФЁР ат. Автомобил жүргизиўши, басқарыўшы қәниге. Исмайыл енди бурынғыдай көшеден де бийпарық етпес, шофёрға машинасын әсте айдатып, Нурсулыўдың босағасының тусына келгенде мойнын бурыў менен өтер еди (М.Нызанов).

ШОШАЙТЫЎ ф. Соррыйып жоқары шығып турыў, тик турыў. Ақыры, мен ансаған қыяллар сиз ушын бахытсызлық-ғо?! «Хаялы кеткен» атанасыз! «Хаял таслаған» деп кол *шошайтып* керсетеди қызлар. Ҳә-әй! – деп бақырдым оған бармағымды *шошайтып* (М.Нызанов).

ШОШҚА ат. Аяқлары қысқа келген, аша туяқлы, томпақ денели ҳайўан. Ал, бул «зәрүрликте *шошқаның* гөши де ҳадал» деген рәўият табады (А.Садықов).

ШОШҚАДАЙ кел. Шошқа сыяқлы, шошқа тәризли, шошқаға усаған. Тәбияттан да өзине дос таппай жекке қалған жаралы *шошқадай* дүньяға жеркенишли қарайды (К.Султанов).

ШӨГИР ат. Өсимлик түри. Дәрьяның жағасындағы бүк қамыслар аяғын тусап, найзадай *шөгир* тула бойына жармасып, «Саған жол жоқ, кет азғын» дегендей оратылыш бетин тырнайды (К.Султанов).

ШӨГИРИЎ ф. фраз. Гәпти бир адамға алып келиў. Қалай деген менен кешеги түн қушағындағы бир заман сөйлесиў ҳәм палаталасларымның оны гә сынап, гә мақтаўлары ҳәм изин әкелип маған *шөгириўлери* кеўлимде оған деген ҳәўеслик оята баслаған еди (М.Нызанов).

ШӨГИРМЕ ат. Алты айлық ямаса бир жыллық қозы терисинен тигилген дөңгелек бас кийим. Орта бойлыдан бәлентирек, дуғыжым денели, ат жақлы, қыр мурынлы, оны

«шырайлы», деп айтса да болатуғын еди, басына өсик жүнли қозы терисинен тигилген селкилдек *шөгирме* кийген, отыз жаслардан аскан, қара муртлы киси ҳәўлиде турған арбаға ат жекти (К.Кәримов).

ШӨГИРТЕК ат. Ағаштың, отынның майдасы, қалдығы. Кировшылар бәндирги айдынларды тарпа басып отыр. Бизлерди *шөгиртек*, томарлы айдынларға ысырды (К.Султанов).

ШӨГИЎ ф. Отырыў, төмен түсиў. Есикти бекитип, креслоға *шөккен* жигит басының артындағы исикти қолы менен сылап қойып ойлады: «Демек, еки күн бойына еденде ессиз жатқанман» (К.Кәримов).

ШӨЖЕ ат. Таўықтың, қустың баласы. «*Шөженің* несийбеси болғанда, таўыққа емшек питпес пе еди» деген (М.Нызанов).

ШӨЖЕ ҚОРАЗ кел. Шөжедей, шөже сыяқлы. Яқуббай еки бүйирин таянып, урысыўдан тайсалмайтуғын *шөже қораз* киби бир шама ўақыт пәкененің ҳүжимин күтип қозғалмай турды (К.Кәримов).

ШӨККИШ ат. Бир нәрсени қағыў, урыў ушын қурал. – Ләббай, қардардың ғәпи биз ушын буйрық, – деп Өтеғул маңлайының терин артып қойып, таяр белди *шөккиш* урып пазнаға айландырыўға кириседи (К.Кәримов).

ШӨКПЕСИН ф. фраз. Кеўли қалыў, кеўли түсиў. Сәлменниң кеўли *шөкпесин*, деп солай етти (К.Кәримов).

ШӨЛ ат. Суўсыз кең даланлық, қурғақшылық, саҳра. *Шөл* далалар менен жайлаўларда еле жасыл майсалар көзге тасланбады (К.Кәримов).

ШӨЛИСТАН ат. Суўсыз кең даланлық, саҳра. Аралдан суў қурып қалған гезде, сизлер ҳәзир пайдаланып отырған жерлердиң қаншасы бузылып, орны *шөлистанға* айланып кететуғынлығын және бир мәртебе ойланып көриң ақыры! (Т.Қайыпбергенов).

ШӨЛИСТАНЛЫҚ ат. Кең даланлық, қурғақлық, саҳра. Мен ҳәр сапар шыққанда ушы қыйырсыз *шөлистанлықтан* ненидур күткендей телмирер едим (М.Нызанов).

ШӨЛКЕМ ат. Уйым, бирикпе. Кетер алдында Тилеўмуратов колхоз партия *шөлкеминиң* секретары Ниязов пенен Сабыров, Узақбаев үшеўин оңашаға шақырып алды (К.Султанов).

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ф. Уйымласыў, жәбдиллесиў. Лекин, мен конференцияны *шөлкемлестириўшилерден* руқсат алып, кабинетиме келдим (М.Нызанов). Сениң ўазыйпаң коллективтеги жумысларды *шөлкемлестириў*, кимге не жетпей атырса, соны тәмийин етиў (Т.Қайыпбергенов). Түсликти бизге Илья деген келиншек *шөлкемлестирген* екен (М.Нызанов).

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛИК ат. Бириккенлик, жәмлескенлик. Емлеўханада бас шыпакердиң өзи ме, орынбасары ма, яки бөлим баслығы ма, қулласы, бир абырайлы қәниге екенлиги билинип турар еди, *шөлкемлестириўшилик* уқыбынан (М.Нызанов).

ШӨЛЛЕЎ ф. **1.** Анқасы кебиў, суў ишкиси келиў, суўсаў. Жалаң аяғын таслар тилип қанатқан, қансыз еринлери не ушындур жарылып кеткен, *шөллегенлиги* көл тәрепке тигилген жалынышлы нәзеринен анық билинип турар еди (К.Кәримов). **2.** аўыс. Сизлер бул жақта олардың арын арлап, *шөллеп* отырсызлар (А.Садықов).

ШӨМИШ ат. Ағаштан исленген қасықтың үлкен түри. ...түси көринбейтуғын ағаш зеренге еки *шөмиш* быламық қуйып Әсембайдың алдына қойып атыр еди... (К.Султанов). Кеселериңизди таярлаң! – деди темир *шөмишин* қолайлап (М.Нызанов).

ШӨМИШ КЕППЕС ат. Мәўсим. «*Шөмиш кеппес*» қыс күнине жақынласып киятырса да, мен ушын узақ (М.Нызанов).

ШӨҢГЕ ат. Шеңгел хәм басқа да тикенекли ағашлардың майда қалдығы. ...басындағы бир шаршы орамалы шошаңлап, *шөңге* аяғын жерге баса алмай, тентек өгиз бенен айқасып киятырған жупыны жигит қара терге шомылды (К.Султанов).

ШӨП ат. Жердиң бетинде өсетуғын өсимликлер. Соқпақтың еки шетиндеги *шөплер* шықларға малынған, суў болған кийими бетине муздай тийгени де Якуббайды аўыр ойлардан арылта алмаған еди (К.Кәримов). «Самал болмаса *шөптиң* басы қыймылдымайды» деген ырас болыўы керек (А.Садықов).

ШӨП ПУЛЫ ат. Салықтың бир түри. Сизлер үш күн ишинде быйылғы жылдың хәм келеси жылдың бир тоқсанының *шөп пулы*, түтин пулы, малдан закаты, жаннан үсирин жыйнайсыз! (К.Султанов).

ШӨПКЕР ат. Жайды ағаштан тикейтип араларын қамыс ямаса ылай хәм гербиш пенен өрип исленген жай. Жай *шөкперден* исленип, топан сыбаў менен сыбалған (М.Нызанов).

ШӨПЛИК ат. Шөплердиң жыйынтығы. Оннан соң ол атызды жағалай өскен көк *шөплердиң* үсти менен машинаны алға айдады. (Т.Қайыпбергенов). Соң солыңқыраған *шөпликлерди* қушағыма жыйнап-жыйнап бир шетке алдым (М.Нызанов).

ШӨПЛИКЛЕРДИ ат. Шөплердиң жыйынтығы. Соң солыңқыраған *шөпликлерди* қушағыма жыйнап-жыйнап бир шетке алдым (М.Нызанов).

ШӨП-ШАР ат. Тасланды затлардың жыйынтығы, шөплер. Жерди тегислеп, *шөп-шардан* тазалап, арнадан қабақ пенен суў алып төгип, әтияжлап қойды (К.Кәримов). Бирақ, кеңсиригине келип тийген соққыдан соқпақ жағасындағы *шөп-шардың* арасына ушып түсти (К.Кәримов).

ШӨРЕК ат. Дөңгелек етип тандырға писирилген қишкентай нан. Кешқурын бир жуп *шөректи* белбеўине орап, қолтығына қысып жолға түскенде де дән алып сатыў ушын пул табыў жөниндеги қыяллардан арыла алмады (К.Кәримов). Бүгин де солай: тандырға жабылған *шөреклерден* баслап, лампасый, гелле, қант, қақ ерик, жийде, сөк, сары май, қаўын, қақ ийжанның неше түри, қулласы, дастурхан дегениң жайнап кетти! (А.Садықов).

ШПИОН ат. Жансыз, тыншы. Ақыры, «*шпионлық*» деген... қәйдам, ким ондай ғәреметти көтере алады? (М.Нызанов).

ШУБАЛАҢҚЫ кел. Былғасықлы, шатасықлы, созылынқы. Билмедим... – деп *шубалаңқы* жуўап бердим, сөзимниң изин жутып жибердим (М.Нызанов).

ШУБАР кел. Ҳәр жеринде ағы бар, ала, аламыш. Делбе кисидей абынып тентиреклеп жүрип киятырған Қәдир даўыс жетер жерде әўкийип турған, үлкенлиги қашардай *шубар* түсли бир нәрсени көрди (К.Султанов). Енди бүгин сол атызларды өзи минип келген *шубар* атты, бир жағына Бердақтың ешегин жегип гүнде менен сүрип атыр (А.Садықов).

ШУБАТ ат. Түйениң сүтинен ашытып исленген ишимлик. Өзиме, садағаң кетейин қымыз бенен *шубаттан* бурқырап шығатуғын қыр шөбиниң ийиси унайды (К.Кәримов). Сейтмурат, қарап жибер, қымыз бар ма, *шубат* бар ма, дым таппасаң айран болса да әкеле бер (К.Кәримов).

ШУҒЫЛ кел. Өсекши, биреўди-биреўге жаманлағыш. Келиниме исенсем де, *шуғыл* сөзден қолындағы қызың да тилге ереди екен (К.Султанов).

ШУҒЫЛЛАНЫЎ ф. Белгили бир ис пенен бәнт болып, айланысыў. Буның ушын әлбетте алағадасыз *шуғылланыў* ҳәм бираз ўақыт зәрүр (М.Нызанов). Сиз илим менен *шуғылланасыз ба*, яки шпионлық пенен? (М.Нызанов).

ШУҚАНАҚ ат. Ой, шуқыр. Арқалап жүрмей-ақ, бизиң кемпирге де усынша кең дүньядан бир *шуқанақ* аўысар, бай аға, келген хызметим ол емес... (К.Султанов). Бизиң Қаракөл буның қасында кишкене бир *шуқанаққа* мегзейди (К.Кәримов).

ШУҚАНАҚ-ШАЛШЫҚ Шуқанақ ат. Ой, шуқыр. Шалшық кел. Гөне турып қалған. Таң алдында нөсерлеп қуйған жаўын түс ўақтындағы гүздиң ашық қуяшы менен тез кеўип кеткен, тек ҳәр жер-ҳәр жерден *шуқанақларда* ғана сап-сары *шалшық* суўлар қалған еди (М.Нызанов).

ШУҚЛАП ф. Түртиў, шуқыў, ойыў. *Шуқлап* қоймаса көшпей не қылады?! (М.Нызанов).

ШУҚЫР ат. Ой, шуқанақ. Бул палкердиң даўысы, оның бир көзи әтирапқа бағар, ал екинши көздиң *шуқырында* тыртықлар ғана қалған еди (К.Кәримов).

ШУЛҒЫЎ ф. Умытылыў, талпыныў, бир жаққа барыўға ықласы менен асығыў. Институт ҳүжжетти қабыллап баслағаннан Нөкиске *шулғыдым* (М.Нызанов).

ШУЛЫҚ ат. Түрли жиптен тоқылған, аяққа кийетуғын кийимниң түри. Жалаңаяғына таза туфли кийип алған Якуббайдың, олпайыт өспирим *шулықты* ойына да келтирмеген еди, қайтарсынғы жолда аяғы жерге тиймей киятырғандай туйылды (К.Көримов).

ШУНАҚТАЙ кел. Ең кишкене шетки бармақ. Салқын самал дөгеректеғи теректиң шақаларын шуўылдатып, уйқыға елтти, бирақ онбасы әбден уйқысы келгенде ислейтуғын әдисин қылып, *шунақтай* бармағын аўыртып тиследи, ғайратлы тислер батыңқырап кеткен болса керек, аўырыўдың зарпына шыдамай, ыңыранып қойды, уйқысы да шайдай ашылған еди. Өзимниң *шунатай* бармақ айқастырыўдан арыға өте алмаған қатықлығыма ренжидим (М.Нызанов).

ШУЎАҚ ат. Күн шуўақ ат. Күнниң нуры түсетуғын ық жер. Түсте күн *шуўақ* менен жибип, иримтикленген муз кешки аяз бенен тула бойын шыйратып қатқалақ болды (К.Султанов).

ШУЎЛАСЫПТЫ ф. Шуўлаў. Бул көз бояўшы! — деп *шуўласыпты* ҳаяллар (М.Нызанов).

ШУЎЛАСЫЎ ф. Даўыстың ямаса басқа бир қыймыл хөрекеттиң даўысы, сеси. Көлдиң бетин қаплаған муз сықырлап жарылды, тоғайлар қәўетерли *шуўласып*, қайўанлар инлерине кирип кетти (К.Көримов).

ШҮБЕРЕГИН ат. Гезлемениң майда кесиндиси, қыйқымы, жуқа таўардың қыйындысы. Шелегин бир қойып кетти, пол жуўғыш ағашын бир әкелди, соң әлленемирде бәрҳа топыраққа былғай берип қап-қара болған ләтте *шүберегин* әкелди (М.Нызанов).

ШҮБЕРЕК ат. Гезлемениң майда кесиндиси, қыйқымы, жуқа таўардың қыйындысы. Балама *шүберек* баслы биреўин инам етсин! (К.Султанов). Ертектеги дәўлердиң жанларындай булардың да *шүберекке* түйиўли жанлары қолына түсип қалған пайытты қолдан жаздырғысы келмей отыр (А.Садықов).

ШҮБЕРЕК-ШАРШЫ ат. Гезлемелердиң жыйындысы. Бир арша толтырып қойыппан *шүберек-шаршыға!* (М.Нызанов).

ШҮЙ ат. Арба, кеме, гүнде, сала ҳәм басқа да затлардағы бир нәрсени алға ямаса кейинге жибермей услан турыўшы кишкене ағаш. **1.** Асқар екинши арыстағы *шүйден* демеп, жийрен атқа көмеклести (К.Каримов). **2.** Ескектиң қалағының суўды сыбалаған сестине қулақ *шүйдиң* тынымсыз шыйқылдаған сықырлысы қосылып, зарлы бир төгеди (К.Султанов).

ШҮЙЕЛ ат. Адамлардың, жанлы-жаныўарлардың тула беденине шығатуғын қатты жара, майда бөртикше. Оның еки қолына жыбырлаған *шүйел* шығып кеткен еди (М.Нызанов).

ШҮЙИНШИ ат. Қуўанышлы хабар айтып келиўшиге берилетуғын сыйлық. Бурынлары сөз салыўға қол жетпес төбе көрип жүрген Сәлийманың мақул сөзин еситип, ақ пейил жигит *шүйинши* сораў ушын келген еди (К.Султанов).

ШҮКИР шүкир етиў ф. Тәўбеге келиў, рийза болыў. Қой қапа болмаң шеше, – деди апам пискен сүтти анаңыздың дүңгирине куйып берип атырып. Қудайға *шүкир*, колын куры емес, Исмайылың суқсурдай жигит болды, жаман көзден сақласын (М.Нызанов).

ШҮКИР ЕТИЎ ф. Тәўбеге келиў, рийза болыў. Изинде қудайға *шүкир* балаларың бар (А.Садықов).

ШҮКИРЛИК ф. Шүкирлик етиў. Тәўбелик етиў, рийзалық етиў. Олар бул аўҳалдың өзлеринде жүз бермегенине *шүкир-*

лик етип, демлерин ишине салып алған (М.Нызанов). Себеби, усының өзине де *шүкирлик* етиўи тийис (Т.Қайыпбергенов).

ШҮЛДИРЕГЕН кел. Түсиниксиз сөйлеў, шүлжиңлеў. Мен кишкентай *шүлдиреген* қызларды көргенде «ертең бир күн мениң қызым да усындай болып бақшаға барады, мамасы келген ўақта жуўырып...» деген жерге келгенде ойым шаппай қалды (М.Нызанов).

ШҮЛДИРЛЕЎ ф. Түсиниксиз сөйлеў, шүлжиңлеў. – Қуяш шығыўға жақын қалды... деди нәресте өзиниң жағымлы даўысы менен *шүлдирлеп* (К.Кәримов).

ШҮЛЕН ат. Мерекелерде көпшиликке асылатуғын үлкен нәҳән қазан. Баланы үлкен *шүлен* қазанның астына таслады да, жасырып алып қалды (К.Султанов). Шертек астында асыўлы қазанлардың бири болысқа арнап асылатуғын, қалғанларында ҳәр түрли аўқат болып, олар қонақтың ҳүрметине қарай берилетуғын, ал күнликши менен жалшыға, жылқыман менен шопанға, басқа да хызметкерлерге *шүлен* қазанда жуўери гөже қайнап туратуғын еди (К.Көримов).

ШҮЛЛИК ат. Таяқ пенен урып ойнайтуғын ойын. Қашарман топ, *шүллик*, асық ойында гирлегенлердиң әдебин берип қоятуғын, ерке өскен, ата-анасының жалғызы Қайырдың ең жақсы көретуғын нәрсеси ат миниў менен аңшылық еди (К.Кәримов).

ШҮМИЎ ф. Суўға көринбей кетиў, батыў. **2.** аўыс. Ойға батыў, ойланыў. Қайнаўытлап аққан қатты ағыслы дәрьяда мен гә қалқып, гә *шүмип* баратырман (М.Нызанов).

ШҮҢИРЕК кел. Көздиң ишке қарай кириўи, көздиң уясына карай кирген, ойық. Сақалы сийрек, қус мурын, пешанасы тар, узын бойлы арық, *шүңирек* көзли Салтық бийди «усы адам көп нәрсеге наразы, дәўкес-аў», деп көзи менен сынап отырды да, оның алдындағы табаққа тоқпақ жиликти атып урды (К.Кәримов). – Москва саў ма, Москва? – деп ақсақаллы *шүңирек* көз, арық ғарры тоқып отырған аўын таслап, картаға қарап жуўырды – қәне, көрсет Москваны (К.Султанов).

ШҮТИК ШЫРА ат. Қандай да болмасын бир ыдысқа май қуйылып пилте менен жағылатуғын шыра. Ертеңине жүреги даўамаса да илажсыздан қараңғы өжиреде шырпы шағып қыдырып, моржасыз *шүтик шыраға* май таўып алғанда қуўанып

кеткен еди (К.Кәримов). *Шүтик шыраның* жақтысында Өтештиң қызғыш шырайы көринеди (А.Садықов).

ШЫБЫҚ ат. Теректиң, жыңғылдың майда жиңишке түри, жиңишке тал. **1.** Еки жигит қызыл жыңғыл *шыбықларын* сазлап турғанда қазы келип, ўаз оқыды (К.Кәримов). Оның жүреги суў етти. *Шыбық* услаған қолы қалтырады (К.Султанов). Бирақ, усыннан молланың *шыбығын* көп жеген, усыннан-паллаққа көп асылған бала жоқ (А.Садықов). Кисим қәҳәри келгенде урсын, туттан басқа *шыбық* сынып қалады, және қаяқтан шыбық излеп жүремен, дейди екен (М.Нызанов). *Шыбық* тиймеген асаў екен (К.Султанов). **2.** – Ўақтында райком секретары болып ҳәммени бир *шыбық* пенен айдаған, ол (К.Кәримов). Ҳаял қанша дәў бола берсин, еркектиң алдында майысқақ *шыбықтай* болады (М.Нызанов).

ШЫБЫН ат. Еки қанатлы кишкене жәнлик. Көлдиң бойында болғанлықтан шағатуғын *шыбынлар* бар (К.Кәримов). Ширеге үймелескен *шыбындай* балалар үйдиң қасынан шықпайды (А.Садықов). **4.** Оның тек тили-ғо, болмаса *шыбынға* ҳазары жоқ (М.Нызанов).

ШЫҒАМАН ф. Ислеймен, қыламан. Барған соң және бир-бир тақлап *шығаман* (М.Нызанов).

ШЫҒАНАҚ ат. **1.** Қолдың билектен жоқары бүгилетуғын жери. Орақбай сыбырланып, мени *шығанағы* менен түртип қойды (М.Нызанов). **2.** Бир нәрсениң бүгилген, қайырылған, айланған, бурылған жери. Басында темир дубылға, ийнинде жеңи *шығанағына* жетер-жетпес көзгенек полат саўыт, белиндеги қылышы шамасы қулаштан кем емес узын, үзеңгине ширенип: – Ким бар? – деп гүркирегенде саўаш майданы ләрзеге келип, бир силкингендей болды (К.Султанов). Даўыл менен қасарысып, еки-үш *шығанақ* жол жүргеннен кейин атлардың зорыққаны ма, жаўырынынан сыбақ тер шықты (К.Султанов).

ШЫҒАР ф. Қапыдан сыртқа шығып атырған жер. Нәзеримди емлеўхананың *шығар* аўзындағы жарма қапыдан үзбестен дәрўаза беттен биймөни айланып, тораңғыл астындағы скамейкаға отырдым (М.Нызанов).

ШЫҒАРҒЫСЫ ф. Ишиндеги қайғы, ҳәсиретлерин сыртқа шығарыў. Хатта болса да өтмишин еслеп дебдиўин *шығарғысы* келди (М.Нызанов).

ШЫҒАРМА ат. Белгили бир автордың өз ойынан жазған көркем әдебий мийнети. Дәстанларда, басқа әдебий *шығармаларда* жигитлер өз сүйгени ушын жанынан кешиўге дейин барады (М.Нызанов). *Шығарманың* соңғы бөлеги сондай тәсирли етип орынланды, ғалаба шапалақлардан зал ләрзеге келгендей болды (К.Кәримов).

ШЫҒЫН ат. **1.** Жумсалған қәрежет. **2.** Бүлгиншилик, зыян. Ләшкер өз мақсетине ерискеннен кейин халық тынышланғанша бир неше күн иркилип турды да, Қоңыратқа хан адымын қойып, сапар *шығынларын* қоңыратлылардан өндирип излерине қайтты (К.Кәримов). *Шығынсыз* урыс, мәлелсиз төбелес болмайды. Фашист деген ийттиң балларына урысайық деп есиркедик пе (К.Султанов).

ШЫҒЫР ат. Керизден жоқарыға суў алып шығып, наўа арқалы салмаға шығаратуғын ҳәм бийик жерлерди суўғаратуғын ирригациялық қурал. *Шығырдан* суў алып, қос-қос өгиз бенен партаўды аўдарған қуўатлы шаңырақлардан сол жылғы егини ат баўырына тирелди (К.Султанов).

ШЫҒЫС ат. Дүньяның төрт тәрепиниң бири, күнниң шығар бети, батыс тәрептиң қарама-қарсы бөлими. Атаўдың қубласы дәрья, батысы «Айбүйир» теңизи, арқасы менен *шығысы* көлатлық (К.Султанов). Әййемги *Шығыстың* суўсынын қандырып пүткил Орта Азияның қан тамыры болған Әмиўдәрья сен қандай халға түсип жатырсаң? (Т.Қайыпбергенов).

ШЫҒЫЎ ат. Дүньяға келиў, туўылыў. *Шығыўы* керек инсан шықсын дүньяға (М.Нызанов).

ШЫДАМ ат. Сабыр, тақат, төзим. Арба көшеден оңға бурылып, жолға түсип, бир неше қәдем жүргеннен соң Асқардың *шыдамы* таўсылып сорады (К.Кәримов). Маған қылғанын қылып жүрсе, сен де *шыдамай* бир бийжагдай иске қол урып, тағы... (К.Кәримов).

ШЫДАМСЫЗ ат. Сабырсызлық, тақатсызлық. Айтқанымдай бизлерди Нигар кишем алдымызға шығып күтип алды. Бирақ, бул сапар мени емес, апамды *шыдамсызлық* пенен күтип турған екен (М.Нызанов). **2.** Деген менен әзелден жеңиллеў Нурымбет *шыдамсызлық* етсе керек (А.Садықов).

ШЫЖЛАН ат. **1.** Ишине ақша салыў ушын былғарыдан ҳәм басқа да материаллардан исленген қалташа. **2.** Ат.

Шегирткеге усаған түнде шырылдап бақыратуғын ушыўшы жәнлик. Жигит *шыжланын* шығарып, еки көк қағазды усынды (К.Кәримов).

ШЫЙҚАН ат. Иринлесип, исип шығатуғын өзекли тери аўырыўы. *Шыйқан* болдым оларға (М.Нызанов).

ШЫЙҚЫЛДАЎЫҚ кел. Шыйқылдаған сести шығаратуғын, шыйқылдай беретуғын. Әкесиниң жеринен өнген өним қыстан шығаўға зорға жетер, күн жылып, жерге көк шөп шыққа турмыс аз ғана жеңиллесер, ерте бәҳәрде шыққан сүйриктиң *шыйқылдаўығын*, соңынан сүтилмек, тағы қандайдур шөплердиң тамырын, қумда қылтыйған кәраганайдың түбирин жеўге болар, соңынан жерден өнген ҳәр қыйлы жемислер жетилисип, буларды аштан өлиўден аман алып қалар еди (К.Кәримов).

ШЫЙРАҚ кел. **1.** Шаққан, шөпик, шалт, тирише, қуўнақ. **2.** кел. Писик, пуқта. «Айдос болып, ханға жаранаман» деп, бийлик қамшысын *шыйрақ* услады (К.Султанов). **2.** Мөсигеўишли аяқларын басыўы да *шыйрақ*... (А.Садықов).

ШЫЙЫҚШЫ ат. дин. с. Әўлийешиликте зыяратшылардың садақаларын қабыл етиўши диний адам. Қәбиристанның хызметкерине, *шыйықшыға* айландырып атыр, – деп Сержанов өкиниш пенен гүрсинди (Т.Қайыпбергенов).

ШЫҚ ат. Жаз ямаса гүздиң күнлери күнниң суўыныўынан пайда болатуғын суў тамшылары, ләм, ҳөл, ызғар. Таң ала геўгимнен турып, Ажар кемпирлерин оятып, азанғы *шық* пенен ақ пишенди сәскеге шекем орып қайтады... (К.Султанов). *Шық* түскеннен соң шөплер қандайдур жағымлы ийис тарқатар, Қасқа жолдың орпаң топырағы ызғарланып, шаң күндизгидей көтерилмейди (К.Кәримов).

ШЫҚЫРЛАЎ ф. Шық-шық етиў, майда нәрселердиң бир-бирине тийиўи, сықырлаўық. Кешқурын есиктиң қулпы *шықырлап* ашылды (К.Кәримов). Полат пружиналар *шықырлап* созылды, қозғалып кетсе сес берип, жинине тийди (К.Кәримов).

ШЫЛАПШЫН ат. Кир ҳәм қол жуўатуғын ыдыс, ләген. – Қолларға суў алынлар! – деген даўыс еситиледи ҳәм орта жыйнастырылып, *шылапшын* әкелинеди (А.Садықов). Мийман атаңдай уллы, деген Қулшы бий, дәрья кешип, әўлийе атлап,

алыстан излеп келип отырсыз, сизден болсын алдына қойылған *шылапшынды* ақырын ысырды (К.Кәримов).

ШЫЛБЫР ат. Көликтиң басына тағылатуғын жип, арқан. Тез сыртқа шығып, диңгекке байлаған аттың *шылбырын* шешип, Еринбай көрсеткен таман жетеледи (К.Кәримов). Алға жылысып, аттың *шылбырына* қолын узатты (К.Султанов).

ШЫЛПӘРШЕ ф. Шылпәрше болыў, майда-майда болыў, сыныў, майдаланыў. Сонда ол қолына түскен бел менен терезениң саў көзлерин *шыл-пәрше* етип сындырды. (К.Кәримов). Түни мененги ойларым *шылпәрше* болды (М.Нызанов).

ШЫЛЫМ ат. Желим сыяқлы балықта ҳәм жаңа туўылған төлдиң сыртында болатуғын зат. Шегиў ушын қағазға шыйратып оралған ямаса түтикке салынған темеки сүйегиниң майдасы қәне, кайсысың жасырып *шылым* шегип жүрсиз? (М.Нызанов).

ШЫМШЫҚ ат. Торғайдан кишилеў жабайы қустың бир түри. Қолымнан келсе бир мәўритке *шымшық* көз шыт көйлек болғым келип кетти (М.Нызанов). Жүўерини писирип ордым, *шымшығын* қорығанымда жанымда жоқ едиң (К.Кәримов).

ШЫМШЫМ ат. Азғана, кишкене, шымтым. Есенгелди чайнегиндеги чайды ақырын кесесине толтырып қуйып, *шымшым* урлады да, дастурханның шетин қайырып пәтия етти (К.Султанов).

ШЫМ-ШЫРҚАДАЙ кел. Майда, киши, көп бала-шаға. Бизди ат айдап келип, гелле қылар, *шым-шырқадай* бала-шағамыз бар (К.Кәримов).

ШЫМ-ШЫТЫРЫҚ кел. Пытыраңқы, шашыранды, ҳәр түрли, ҳәр қыйлы. Жәҳәнгир менен Гүлниҳалдиң тәғдирине байланыслы *шым-шытырық* ойлар енди Яқуббайды өз искенжесине алып, бир шешим қабыллаўға мәжбүр қылмақта (К.Кәримов).

ШЫМЫЛДЫҚ ат. Жайдың мүйешине, қара үйдиң бир қапталына тутылған гезлеме. *Шымылдықтың* желпиген епкини менен дәрьяның бети бүлкилдеп қайнап, көлдиң тынып турған пишен қамыслары түн менен хошласқандай шуўласып қалды (К.Султанов).

ШЫМЫР кел. Денеси беккем, қарыўлы, денеси тығыз, нығыз, нық. Күши шағылмаған, булшық ети *шымыр* жигиттиң

қолына түскен ескектиң қалағы шығырдай суўды сапырып, кемениң қапталын көк ала толқын қылды (К.Султанов).

ШЫН ат. Ҳақыйқат, дурыс, анық, нағыз, рас. **1.** Сен бир «гимназияны» питкердиң бе, айтатуғын сөзиңе қара, ҳәкисленбей *шыныңды* айтса! – деди кемпир (К.Султанов). **2.** А-ал, сизлерге, өтирик, маған – *шын* (А.Садықов).

ШЫНАР ат. Бойы бийик болып, шақалары ҳәр жаққа тарап кеткен көп жыллық үлкен қатты ағаш. **1.** Кешеги нарым барында. *Шынарымды* қулаттың (К.Султанов). **2.** Ол қустың уясы да, жүз жыллық *шынарлардың* ең бийик шақасында болар екен (М.Нызанов).

ШЫНАРЛАРДАЙ кел. Шынарға усаған, шынар сыяқлы. Жүз жыллық *шынарлардай* жуўанып кеткен ериклердиң ҳәзир сегиз түби ғана қалған (М.Нызанов).

ШЫНҒЫР ел.с. Темирдиң темирге тийиўинен шыққан даўыс, сес. Усы ўақытлары иштен биреўдиң *шынғырған* ашшы даўысы шықты. Кемпир шоршып түсти (М.Нызанов)

ШЫНЖЫР ат. Бири-бирине бекитилген дөңгелек, темирдиң дизбеги. **1.** Жигит *шынжыр* менен төрт мүйешлеп қоршалған, ултанындағы жылтыр таслары көшип болған орынды көрсетти (М.Нызанов). **2.** Ишкериге басын түркменше ораған кейўаны ҳаял, изинде төбеси ушлы, дубылғаға мегзеген, алтын *шынжырларға* алтын теңгелер тағылған зер тақыя кийген қыз екеўи босағаны атлап кирди (К.Кәримов).

ШЫНҚОБЫЗ ат. Шынқобыз. Қарақалпақларда қошқар мүйизли *шыңқобыз* болады (К.Султанов).

ШЫНЛЫҚ ат. Дурыслық, әдиллик, ҳақыйқатлық. **1.** Балалықтағы сада арзыўлар *шынлыққа* айланған еди (К.Кәримов). **2.** Негедур *шынлықты* шын кеўилден сезинип турған ишки сезимим, бир гәпти сыртқа шығармады (М.Нызанов).

ШЫНТ кел. Шынт уйқы. Қатты уйқы. Мойнын алға созып, денеси атылатуғын сары жай шегиндей тартылып, ҳәр қәдемди *шынт* ықласы менен барынша алысқа таслап, баўыры жазылып, қулақларында гүўлеп ескен самал менен жарысып, пўткил беденинен тер тамшылап желип киятырған боз жүрмел алыстан топ-топ болып турған аламанды көргенде қаны қайнап, аўызлық пенен алысып, бурынғыдан бетерирек йош пенен алға тасланды (К.Кәримов).

ШЫНТАҚ қ. Шығанақ. Назлы бир дизеге қонып, *шынтағы* менен тиреп, есик бетке телмирип қарап отыр (К.Султанов).

ШЫНЫ қ. Шийше. Қәўетерли сөзлерди ерксиз еситкен ол қазыўдан келип, дәлиздиң босағасына енди кәдем қойган еди, Якуббайдың үмитлери қолдан түсип кеткен *шыны* ыдыс киби шылпәрше болды (К.Кәримов).

ШЫНЫНДА м.с. ҳақыйқатында, расында, анығында. **1.** «*Шынында* мен киммен?» деген сораў тамағына тығылды (К.Кәримов). **2.** *Шынында* ондай емес. Ырасын айтыўға уялады (М.Нызанов).

ШЫҢ ат. Таўдың ең бийик жери, уша басы, төбеси, жоқарысы. **1.** Ол қәйтсе де сансыз өткелден өтип, асқар *шыңларды* асып сол таўдың төбесине жетпегенше сынақтан өте алмасын билди (К.Султанов). **2.** Үлкен-үлкен қалаларды көрсетемен, Қап таўларының қарлы *шыңларына* алып шығаман (М.Нызанов).

ШЫҢҒА ат. Темирден, сымнан исленген дөңгелек зат, қурал. Мынаның *шыңғасы* түсип қалыпты, – деди сәзенденің қолына түскен дуўтар сазындай жағымлы даўыс (К.Кәримов).

ШЫҢҒОБЫЗ ат. Аўызға салып, тислеп шертиўге арналған темирден исленген музыкалық қурал, әсбап. Әкеси Бозай ат тағалаған, *шыңғобыз* соққан, орақ пенен белдиң, кетпенниң, пазнаның устасы – темирши еди.

ШЫҢҒЫРЛАЎ ф. Сыңғырлаў, зыңғырылаў, шырылдаў. Усы ўақытлары есиктиң қоңыраўы *шыңғырлады* (М.Нызанов).

ШЫҢҒЫРЫЎ ф. Шыңғырлаў, қышқырыў. Якуббайды тысқарыда күтип турған Зулайха *шыңғырған* даўысты еситип, шоршып түсти, ишкериге умтылды. (К.Кәримов).

ШЫПА ат. Ем, даўа. **1.** «Неде болса, *шыпа* болсын!» деп суўық демин алды (А.Садықов). **2.** Жанғазының қанлы майданға атланар алды алты қанатлы үйге бир өзи сыймай пошалап, ингендей қайысып, ботадай бозлап отырған Назлы кемпир жүрегиндеги дәртине усыннан басқа *шыпа* таба алмады ма, ким билсин, қыза келе айтынып жылады (К.Султанов).

ШЫПТА ат. Жекеннен тоқылып исленген төсекке пайдаланатуғын хожалық буйымы, зат. **1.** Отын базардан арыда мал базары, оннан өрде етик базары, ортарақта жайласқан баққал базары, ғәлле базары менен *шыпта* базары бир-бирине жақын (К.Кәримов). **2.** Қамыс қос дүзетип, алды артына *шыпта*

жапқан үйлер атаўдың сыйқын қашырса, енди аўылға ақ басқурлы, ақ кийизли отаўлар келди (К.Султанов).

ШЫРАЙ ат. Келбет, көрик, сын-сымбат. **1.** Бир пурсатқа костюмыңызды шешип қоя аласыз ба? Исмайыл аң-таң болған ҳалда, күле *шырай* менен костюмын шешип, креслоға жапты (М.Нызанов). **2.** Аға, а-ғам! – деп қолына алды да, *шырайына* қарап турып, аўзына басып, Назлы кемпирге ыржыйыш қарады (К.Султанов).

ШЫРАЙЛАНЫЎ ф. Сулыўланыў, көриклениў. Сонда Оксананың жүзи бурынғыдан да бетер *шырайланып* кеткендей көринди маған (М.Нызанов).

ШЫРАЙЛЫ кел. Келбетли, көрикли, сын-сымбатлы келискен, сулыў. **1.** Охо! Бизиң апамның отырысын қара деди қушағын керип. Нағыз ханның маликаларына уқсайды я?! Қара, кише, апам расында да *шырайлы* ғо я! (М.Нызанов). **2.** Қараң, қандай *шырайлы* нашар... (К.Кәримов). **3.** Қандай *шырайлы* ат-ә! (М.Нызанов).

ШЫРАҚ ат. Жақты, нур, жарық. **1.** Ҳаў-ў! Тилеўхан сахнадағыдай образға кирип, мәккарана таңланып карады. Усындай күйеў баланы күндизи *шырақ* жағып таба алар ма екен (М.Нызанов). **2.** Бекбаў *шырақларды* азғана ғүзетти де күтилмегенде ҳәзил қылды (К.Кәримов).

ШЫРГҮБЕЛЕК ф. Шыр гүбелек айланыў, бир жерде турып айланыў. **1.** Бектемир шалтлық пенен қулашын жайып жиберип, басының үстинде дыр қамшыны ысқыртып *шыр гүбелек* айландырғанда басшысының жеген соққыдан жерде домалап атырғанын көрген қарақшылар Бектемирдиң жанына жолаўға батына алмай, егленип қалды (К.Кәримов).

ШЫРҚЫРАЎ ф. Ашшы даўыс пенен бақырып жылаў. Шырлаў, күйиниў. *Шырқырап* шыққан даўысты, тас герең болғыр қулақларым еситти (А.Садықов).

ШЫРП ф. Шырп етиў, тезлик пенен ҳәрекет етиў. Бизлер барсақ болмай ма? – деди Аман *шырп* етип (М.Нызанов).

ШЫРПЫ ат. Отты алыстырыў ушын бир басына күкирт жағылған жиңишке ағаш таяқшалар, ағаштың майда-майда бөлекшелериниң басында жандыратуғыны бар зат күкирт. **1.** Ертеңине жүреги даўамаса да илажсыздан қараңғы өжиреде *шырпы* шағып қыдырып, моржасыз шүтик шыраға май таўып алғанда қуўанып кеткен еди. (К.Кәримов). **2.** Сырттан бир

қушақ жыңғылдың *шырпысын* әкелген Бәйитханның көзлери қып-қызыл муштай болып домбығы писип кеткенлигин ала-көленкеде көрмесе де сезди (А.Садықов).

ШЫТАҚ ат. Нағыслардың бөлекшелери. Ҳәйкел-өнир моншақтың ушына илдириў ушын мыстан исленген ҳәр түрли формадағы зат. **1.** Генерал қолына қандайдур қағазларды услап, тап ийнине дөнип турған, өзине уқсап кийинген, бирақ ийниндеги зер пөпеги киширек ҳәм ақ комзолының көкирегине таққан *шытақлары* кемирек, мурты енди тап берген, сары шашын өрлеп тарап қойған жас жигиттиң гәпине қулақ түрер, анда-санда бас ийзеп қояр еди (К.Кәримов). **2.** Керегениң басларын байлаған ызба гил *шытақ* нағыс (К.Султанов).

ШЫТЫРЛАЎ кел. Шытырлаған сес, даўыс. ф. Шытырлап сыныў, сықырлаў, пытырлаў, пышырлаў. Кассир *шытырлатып* ақшамды санап береди (М.Нызанов).

Щ

Щ ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң ҳәриби ҳәм усы ҳәриптиң таңбасы, атамасы. **2.** Тилдиң ушының үстинги, таңлайға тийип аўыздың сәл ашылып-жабылыўынан шығыўынан жасалатуғын даўыссыз сес. **3.** Щ ҳәриби: ящик, община, помещик, щетка, щи ҳәм т. б. сөзлерде щ сеслериниң бирикпеси орнына жазылады. **4.** қ. ща.

ЩА ат. «щ» ҳәрибиниң аты.

ЩАВЕЛЬ ат. бот. Узын сүйир жапырақлы түршик дәмли, аўқат писириўге болатуғын жабайы өсимлик. Щавельден исленген.

ЩЕБЕНЬ ат. Қурылыс материалы ушын арнаўлы түрде машинадан өткерилген, жегизилген, майдаланылған тастың майдасы, майдаланған тас, майда шағыл тас. *Щебень* жүкленген машина салынып атырған жай қурылысының қапталына келип тоқтады...

ЩЕБЕНЬДЕЙ кел. Щебень сыяқлы, щебень тәризли, Щебень яңлы, щебеньге усаған. *Щебеньдей* майда тасларды Мурат етегине салып келди де қурдасларына мақтаныш пенен көрсетти... («Жеткиншек» г.).

ЩЕБЕТ ат. **1.** Шымшық, қарлығаш ҳәм басқа да қуслардың жуғыр-жуғыр, шүйк-шүйк, быжыр-быжыр етип шығарған сеси, сайраўы. **2.** аўыс. Көбинесе, ҳаял-қызлардың, жас балалардың тез-тез сөйлеўи, жабырласыўы.

ЩЁТКА ат. **1.** Қылдан, жүннен ҳәм басқа да жасалма затлардан арнаўлы бир нәрсеге бекитилип исленген ҳәр түрли нәрселерди тазалайтуғын әсбап. Тис щёткасы. Хожалық щёткасы. Кийим щёткасы. Етик щёткасы. Қурылыс щёткасы. **2.** Механизмлердеги электр тоқы арқалы ислеп турған детальдан ислемей турған детальға электр тоқын өткерип туратуғын бөлеги.

ЩЁТКАДАЙ кел. Щёткаға усаған щётка сыяқлы, щётка яңлы, щётка тәризли.

ЩЁТКАЛАНЫЎ щёткалаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЩЁТКАЛАСЫЎ щёткалаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЩЁТКАЛАТЫУ щёткалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЩЁТКАЛАЎ ф. Белгили нәрсени щётка менен тазартыў, шаңын кетириў, тазалаў, жуўыў. Тисти щёткалаў. Кийимди щёткалаў. Етикти щёткалаў. Полды щёткалаў. Айнаны, қапыны щёткалаў.

ЩЁТКАЛЫ кел. **1.** Щёткасы бар, щёткасы болған, щёткаға ийе. **2.** Щётка орнатылған.

ЩИ ат. Капустадан ҳәм ҳәр қыйлы өсимлик жапырақларынан исленген суйық аўқат, тағам. Щи писириў. Щи ишиў.

ЩИПЦЫ ат. 1. Бир нәрсени услаў, майдалаў, қысыў ушын еки жағынан қысатуғын сабы бар өсбап, атаўыз, қысқыш. **2.** Ошаққа отынды ысырыў ҳәм қозды қысыў, қозғаў ушын қолланылатуғын хожалық буйымы, өтөшкир.

ЩИТ ат. **1.** Металл ҳәм басқа да затлардан дөңгелек етип сыртқы қарсылықтан қорғаныў ушын исленген ески қол қуралы, қалқан. **2.** Көргизбе ҳәм көрсетпелер, арнаўлы приборлар ҳәм т. б. қоятуғын тахта. **3.** Электр өлшеў ҳәм тексериў приборлары орнатылған мрамор тахта, панель. **4.** Суўдың муғдарын ретлеў ушын жоқарғы жылжымалы бөлеги. **5.** Тарнаў қурылысындағы таяр түрдеги дийўалларды қурастырып бастырыў, қаплаў ушын қолланылатуғын материал. **6.** Жер асты жолларының қурылысы.

ЩИТОК ат. **1.** Қолдан исленген саяман, орын, шертек, зонтик. **2.** бот. Гүл топлам. **3.** зоол. Көкирек қалқан, қалқанша. **4.** спорт. Футбол ҳәм хоккей ойыншыларының қарсыласынан сақланыў ушын кийетуғын қалқаны, қорғанша.

ЩУКА ат. Балықлардың бир түри, шортан балық, шортан.

ШУКАДАЙ кел. щука сыяқлы, щука тәризли, щука яңлы, щука тақылетли. щукаға усаған.

ЩУП ат. тех. **1.** Жүдә терең емес, жер астын изертлейтуғын жеңил қол бураўы, бурғы. **2.** Жер астындағы айырым нәрселерди излеў, табыў, сынаў сыяқлы жумысларда қолланылатуғын ҳәр қыйлы әсбаплар. **3.** Дән, ун, май сыяқлы нәрселерден үлги алып көриў ушын пайдаланылатуғын иши қуўыс узын ушлы қурал. **4.** Механизмлерде детальлар иши аралығын өлшейтуғын әсбап.

ЩУРКА ат. Көк ғарғалар топарына киретуғын, көшип жүрип тиришилик ететуғын қус, көшпели қуслар.

Ы

Ы 1. Қарақалпақ әлипбесиниң отыз жетинши ҳәриби ҳәм оның аты. **2.** Ы ҳәриби ыдыс, қызық, шығыс, қызыл сыяқлыларда ы ҳәриби жазылады да, базы бир жағдайларда түбир сөзлерге тартым аффикси жалғанғанда сол сөздиң түбириндеги Ы ҳәриби түсип қалып, парық – парқы, халық – ҳалқы болып жазылады.

ЫБЫР: ыбыр-жыбыр р. Көп, сансыз. Қарға серлеп қарасақ, етик кийген сан адамның излери бар екен *ыбы*р-жыбыр (Ө.Айжанов). Ойлар... *ыбыр*-жыбыр ойлар... Уйқысызлықтан басым зеңип кетти (М.Нызанов).

ЫБЫР-СЫБЫР ат. Биреўлердиң бир-бири менен жым-жыма сөйлесиўи, биреўдиң сыртынан астыртын айтылатуғын гәп, сөз.

ЫБЫРЛЫ-СЫБЫРЛЫ ат. Ой-пикирлери бир жерден шығатуғын, пикирлес, сөйлесик ғәплер, ойласық сөзлер.

ЫБЫРСЫҚ ат. Майда-шүйде иплас затлар. Ара-арасында *ыбырсық* базарға ертип апарып, өлген орыслардың кийимлеринен, өзине шақ, таўары беккем қыйлынан сатып әперип тур (М.Нызанов).

ЫБЫРСЫТЫЎ ыбырсыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫБЫРСЫЎ ф. Былғасыў, былығыў, жайраў. Төмендеги жап-жасыл урықлардың да ушлары сарғайып, үстине шақасынан үзилип түскен сап-сары жапыраклар төселип, жыйналмаған үйдиң әйўанындай *ыбырсып* атыр еди (М.Нызанов).

ЫБЫРЫҚ ат. **1.** Мыс қуманға усаған ылайдан жасалған шүмеги бар ыдыс. Қолында шыйығы, көзде әйнеги, Қумғаны *ыбырық*, кесе, чайнеги (С.Нурымбетов). Шымбайда заводлар салынды, тас шыраның орнына лампа, *ыбырықтың* орнына қумған келди (Қ.Айымбетов). **2.** Қәбирге қойылатуғын сырланған гүлалшылық заты.

ЫБЫРЫҚТАЙ кел. Ыбырыққа усаған, ыбырық сыяқлы, ыбырық тәризли, ыбырық яңлы.

ЫБЫРЫҚ-СЫЬЫРЫҚ ат. Иске аспай қалған затлар, жарамсыз майда-шүйделер.

ЫҒАЛ ат. Ҳөл, жас, ләм. ... *Ығал* болса да апам жуўылған көйлеғин кийип, үндеместен далаға шығып кетти, мен салып берген төсекте отырып қалдым (И.Қурбанбаев).

ЫҒАЛЛАНДЫРЫЎ ығаллаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒАЛЛАНЫЎ ығаллаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫҒАЛЛАСЫЎ ығаллаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫҒАЛЛАТТЫРТЫЎ ығаллаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒАЛЛАТТЫРЫЎ ығаллаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒАЛЛАТЫЎ ығаллаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒАЛЛАЎ ф. Бир затты суўлаў, ҳөллеў. Тек *ығаллап* алсақ болды (Қ.Досанов). Өсимлик төменнен жоқары қарай *ығалланғанды* сүйеди (Ө.Айжанов).

ЫҒАЛЛЫ кел. Ҳөлли, ләмли. Еки бети қызарып, жып-жылтыр басына қосылып кеткен кең маңлайынан *ығаллы* тер шыққан (А.Бекимбетов).

ЫҒАЛЛЫҚ ат. Ҳөллик, ләмлик.

ЫҒБАЛ ат. Бахыт, талай. *Ығбал* жүрген ўақтында, белли ғайрат салады («Қоблан»). Сизиң *ығбалыңызға* тек жақсылықтан басқа тилерим жоқ... – деди (К.Султанов). Бул бир жағы болатуғын болса, екинши жағы бала еле жас ғой, қартайып баратырған ҳештемеси жоқ, оның қызығы алдында, *ығбалынан* көрер (А.Бекимбетов).

ЫҒБАЛ-БАХБЫТ ат. Бағ, дәўлет, мәртебе.

ЫҒБАЛЛЫ кел. Бахытлы, талайы келискен, мәртебеси жүрген.

ЫҒБАЛСЫЗ кел. Бахытсыз, мәртебесиз, талайы келиспеген.

ЫҒЎА ат. Жабылған жала, өсек. Елимиздеги зыянлы зат, *ығўа* қылып гезер сени (С.Мәжитов). Шыныңды айт, баҳана излеме, жаным, Дурыс емес «жассаң» деп *ығўа* қылғаның (И.Юсупов).

ЫҒЫЗЬАЎ ат. Суўда қайық пенен ығып жүрип салатуғын аў.

ЫҒЫЗДЫРТЫЎ ығызыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒЫЗДЫРЫЎ ығызыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒЫЗЫЎ ф. Суўдың ағысы менен жибериў. Ораз Гүлжанға гүлди усы жердиң салмасынан *ығызды* (Г.Есемуратов).

ЫҒЫЛЫСЫЎ ығылыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫҒЫЛЫЎ ф. **1.** Топланыў, шоқланыў, топарласыў. Бундай қыйын аўҳалға ушырасқан бизиң аўыл ма десем, барлық

аўылларда *ығылған* екен (Ж.Аймурзаев). **2.** Ериў, қосылыў. Бел, кетпен ҳәм басқа да қурал-жарақлар алған адамлар *ығылып* келди (Ж.Аймурзаев).

ЫҒЫН-ЖЫҒЫН р. Үмбе-дүмбе, топар-топар, топланысқан, уйлығысқан.

ЫҒЫР: ығыр болыў ф. Бир истен, жумыстан қайт болыў, жүрек шайды болыў.

ЫҒЫС қ. ығысыў.

ЫҒЫСТЫРЫЎ ығысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҒЫСЫЎ ф. Жылысыў, қозғалыў. Қара шымылдығын жер бетинен сыпырып алып, түн батысқа қарай *ығысып* баратыр (К.Султанов). – Мүширип киятыр. Мүширип ғой! – деген биреўдиң даўысы шығыўы мәттал: «шөп аўызшы ма» деп бойын таслап, адамлар жән-жаққа *ығыса* баслады (К.Султанов).

ЫҒЫЎ ф. **1.** Суўдың ағысы менен жылысыў, кетиў. Бәлким, ол растан да жүзип билмеўинен суўға *ығып* кеткен шығар (А.Бекимбетов). **2.** Биреўдиң сөзине ериў, исениў, берилиў, ылығыў.

ЫДЫРАСЫЎ ыдыраў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫДЫРАТЫЎ ыдыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫДЫРАЎ ф. **1.** Пытыраў, тараў, бөлиниў. Күнниң оттай қыздырған әптабы менен кеше дәрьяны қақпалап, сиресип атырған муз бөҳәр тасқынынан қашқандай *ыдырап* тум-тусқа ылағып баратыр (К.Султанов). **2.** Бир заттың тозыўының жетиўи, илбиреўи.

ЫДЫС ат. Ҳәр түрли нәрселерди салыўға арналған зат, хожалық буйымы. Темир *ыдыстан* аўқат жемегейли деп шәрт қояды («Әмиўдәрья» ж.). – Жақсы, онда кеттик, – деп төгин арқалайтуғын *ыдысын* алып, Сержан далаға шықты (Т.Қайыпбергенов). Патшаның басы, шопанның аяғы бар топырақтан, *Ыдысқа* мойын, тутқа, қулақ дүзетип атыр (И.Юсупов). ◊ **Ыдыс-пыдыс** – ыдыс ҳәм соған уқсаған барлық затлар.

ЫЗ: ыз етиў ф. Ыз еткен сес, сестиң шығыўы, ызыңлаў. Үйде *ыз* еткен сес еситилмеди. Онда *ыз* еткен сес болмады. ◊ **Ыз-ыз етиў** – ыз-ыз етип шыққан ызылды, сестиң ызыңлап шығыўы.

ЫЗА ат. **1.** Қорлық, жапа, жәбир, азап. Жәмийла жайдың мүйешине қарап айланды да, денесин қысқан *ызаға* шыдай

алмай жылап жиберди (Ө.Айжанов). Әлле кимнен *ыза* көргенге усайды (К.Султанов). **2.** Ашыў, кек. Мүширипке деген ыза шогы тағы тутанып, тағы жалын болып, тағы өртей баслады (К.Султанов). Ҳаялдың сөзи Әжинияздың арына тийип, *ызасын* қоздырды (К.Султанов). ◊ **Ыза жеў** – ызасы келиў, қорлығы келиў. – Соннан берли бир хабар ала алмай жүргениме *ыза жеймен*, жолдаслар деди (А.Дабылов). **Ыза-қайғы** – қорлық, азап. Қыйыншылыққа муңаймаған, *ыза-қайғыға* қайыспаған батыр туқымының мәртлигинен бе я тәбият айрықша соқты ма, «жүдеп болдырған шығар!» деп, барған адамлар Ерназардың турқын ҳәм ажарын көрип бир-бирине қарасты (К.Султанов). **Ызайы муҳмин** – мүсәпир, жетим-жесирдиң ызасы. – Йоқ «*ызайы муҳмин* ҳарам» – деп Есберген орнынан турды (К.Султанов). **Ыза қылыў** – қапаланыў, қыйналыў.

ЫЗАЛАНДЫРЫЎ ызалаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗАЛАНЫЎ ызалаў фейилиниң өзлик дәрежеси. Қосыбай ишинен: «молла да бир жымыяр»... деп еди, ол қайта *ызаланып* бурыштай қызарған иймек мурнының үстиндеги көк көзлери менен әжеп тәўир қарады (К.Султанов).

ЫЗАЛАЎ ф. Қорлаў, жәбирлеў, азаплаў, Көз тоқтатып, газета бетине үнилсе көп сөзлер қуўанышлы, жаңарып баратырған жетискенликлер, және де кеўилди *ызалайтуғын* ренишли кемшиликлердиң бети ашық жатыр (Ө.Айжанов).

ЫЗАЛЫ кел. **1.** Қорлықлы, азаплы. *Ызалы* сөз еситкенине тутпалы аўырыўдай буўлығып, Қайыптың қаны сыртқа шарпып, еки бетиниң алмасына ойнап шықты (К.Султанов). **2.** Ашыўлы, кекли.

ЫЗАСЫЗ кел. Ызалы емес, ыза қылмайтуғын, ыза етпейтуғын, ызасы жоқ.

ЫЗАШЫЛ кел. Ызасы келетуғын, ызахор, ызалы.

ЫЗБА ат. Қара үйдиң керегелерин тутастырып байлаў ушын, жүннен ийирилген сабақтан жалпақ етип енсиз тоқылған зат, баў. Керегениң басларын байлаған *ызба* гил шытақ нағыс (К.Султанов). Керегелерди де нағыслы *белжип*, *ызба* менен жалғастырып қойыпты (С.Хожаниязов).

ЫЗБАЛЫ кел. Ызба менен исленген, ызбасы бар, ызбаға ийе.

ЫЗБЫР ат. Биреўди жек көриўшилик, өшпенлилик, душпанлық нийет. Ол қалай *ызбыр* болып жүрген.

ЫЗБЫРЛЫҚ ат. Өшпенлик, өшпенлилик, иштен жаман көриўшилик, жек көриўшилик. Өмир узақ қызықтырып мәс етип, Татыўлыққа *ызбырлықты* қас етип (Т.Сейтжанов).

ЫЗҒАР кел. Ығал, хөл, ләм. Неғедур сол жағымлы *ызғар* бир хәптеден кейин күшин көрсетти (М.Нызанов). Гүзге бейим *ызғары* кетип, орпаң ашқан гүзар жолдың топырағы арғымақ атлардың кетпендей туяғына бурқырап, қойыў шаңға үйлерди көмип таслады (К.Султанов). Садулла көбинесе усы бақшада, мына гүллердиң жанында, гүбелеклер менен ойнайтуғын еди, мине мына *ызғар* топырақта оның жоғалмай қалған излери де бар (А.Бекимбетов).

ЫЗҒАРЛАНДЫРЫЎ ызғарлаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒАРЛАНЫЎ ызғарлаў II фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫЗҒАРЛАСЫЎ ф. ызғар болыў, ығалланыў, хөлениў, ләмлениў. Оның арасы суў менен *ызғарласып* қатып қалған екен (Т.Қайыпбергенов).

ЫЗҒАРЛАТТЫРТЫЎ ызғарлаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒАРЛАТТЫРЫЎ ызғарлаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒАРЛАТЫЎ ызғарлаў II фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒАРЛАЎ I кел. Ығаллаў, хөллеў, ләмлеў.

ЫЗҒАРЛАУ II ф. Ләм болып қалыў, хөл болыў, ығал болыў.

ЫЗҒАРЛЫ кел. Ығаллы, хөлли, ләмли. Өйткени ондағы ызғырық жел, *ызғарлы* ҳаўа райы бизиң жерде де жийи-жийи болып турады ғой, көнип кетти (Ө.Айжанов). аўыс. *Ызғарлы* – ашыўлы, кекли. Кәткудалар менен жасаўыллардың тумтустан қараған *ызғарлы* көзлери Қосыбайдың ғә геўдесине, гә бет алдына найзадай шаншылып тур (К.Султанов). – Пийрим келе берсин деп отырман, – дедим күлип. Бул гәп оған сәл *ызғарлы* түйилди (М.Нызанов). ◊ **Ызғарлы күлки** – ашыўлы, кекли күлки. Өтемураттың көзине *ызғарлы күлки* қуйылып келди (К.Султанов). –Ҳаққыңнан! – деп ызғарлы күлди Гүлшира (М.Нызанов).

ЫЗҒАРЛЫҚ ат. Ығаллық, хөллилик, ләмлилик.

ЫЗҒЫРЫҚ ат. Хүўлеп ескен суўық самал, жел. Егер мынаў балалардай болып жумыс ислесеңиз қасыңызға бундай *ызғырық* түўе оның әкеси боран да жоламайды (Т.Қайыпбергенов). Күнниң ғыжлаған ҳәўиринен қаңбақтай қуўрап, елпилдеп турған көктеги жуқа, көғис, ақ бултлар *ызғырықтан* жеркенгендей тарап кетти (К.Султанов). ◊ **Ызғырық самал** –

ызғырып ескен суўық самал, жел. Күннен-күнге жаланашланып атырған тәбият, күтпегенде көгилдир аспанды қаплап алған қойыў булт, *ызғырық, жағымсыз самаллар* оннан сайын мениң үскинимди қуйылдырады (М.Нызанов).

ЫЗҒЫРЫҚЛАЎ кел. Салқынлаў, суўықлаў. Бирақ күн *ызғырықлаў* шығар (Ө.Хожаниязов).

ЫЗҒЫРЫҚЛЫ кел. Суўық самаллы, салқын болып ескен жел.

ЫЗҒЫРЫЎ ф. Хүўлеў, гүўлеў, есиў.

ЫЗҒЫСЫЎ ызғыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫЗҒЫТТЫРТЫЎ ызғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒЫТТЫРЫЎ ызғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒЫТЫЎ ызғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗҒЫЎ ф. Шубырыў, шожыў. Көп журт дүнья-малын далада қалдырып шубырысып, *ызғып* Хожели қаласына келип тығылады (К.Ирманов). *Ызғыған* «альпинист қойлар» жүр өрип, Тоғай артындағы шыңды айланып (И.Юсупов).

ЫЗЫҚ-ЫЗЫҚ: – Ызық-ызық болыў ф. Уўда-шуў болып посыў.

ЫЗЫЛДАНЫЎ ызылдаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫЗЫЛДАСЫЎ ызылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫЗЫЛДАТТЫРТЫЎ ызылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗЫЛДАТТЫРЫЎ ызылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗЫЛДАТЫЎ ызылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЗЫЛДАЎ ф. **1.** Ызыңлаў, дызылдаў. «Бенде қызды азат ет!» деғендей, Таллық дәрьясының еки бойындағы хәм көл етегиндеғи нар қамыслар сылдырласып сөйлесип, *ызылдап* шуўласа қалды (К.Султанов). **2.** Суўытыў, аяқ тартыў. *Ызылдаған* қыстың самалы усы қора ишинде турып тыңласаң пәсейгендей сезиледи (Ө.Айжанов).

ЫЗЫЛДАЎЫҚ ат. Ызылдап сес шығаратуғын сонаға уқсаған жәнлик.

ЫЗЫЛДЫ ат. Ызылдаған сес. Әтирап жым-жырт болып, қулағыңның дөгерегинде көлегейлеп жүрген сүйир шыбынның *ызылдысы*, қаяқтадур аяқ астында бөлип-бөлип шырылдаған шегирткелердиң сести түнғи мәҳәлге сән береди (М.Нызанов).

ЫЗЫҢ ат. Ызыңлаған сес. Ешейинде *ызың* қағатуғын қуўрақ қамыслардың басы да қалдырамай, тозаңы шығып үрпейисип тур (Ө.Хожаниязов). ◊ **Ызың қағыў** – сес шығарыў. *Ызың қағып* есер самалың, Тал жапырағын жулқылап бирден, Сары сынлы қыздай жамалың, Сары алтынға толғандай ирген (Т.Сейтжанов).

Ызың-ызың суўық – сес шығарып ескен суўық самал. *Ызың-ызың суўық* самал еседи. Ызылдасып өкпе-баўырың теседи (Ә.Шамуратов). **Ызың-сызың сөз** – емески хабар. Бирақ та ол ҳаққында анаў-мынаў *ызың-сызың сөз* еситсем де, көзим көрмеген соң инанғым келмейди (Ә.Шамуратов). Орал менен Сапар бирин-бири тәўир көреди, деп бурын аўылдағы балашағадан *ызың-сызың сөз* еситиўи бар, оның дурыслығын я надурыслығын өзи де билмейтуғын еди (М.Абдреймов). *Ызың-сызың сөз* болып көштиң изине ерди (Ж.Аймурзаев). Ел арасы еле *ызың-сызың сөз* (Т.Қайыпбергенов).

ЫЗЫҢЛАЎ ф. **1.** Мыжыў, езиў, быжырлаў. Усы мақсетте - анасының *ызыңлаған* сөзлеринен қутылыўды ойлап бирден МТСқа кетти (Т.Нәжимов). **2.** Ызылдаған сестиң шығыўы. Ҳәй, анаў *ызыңлап* мазамды алды ғой (Қ.Досанов). Бағдың иши сары ғилем төсенди, Әтирапқа *ызылдаған* сес енди (Т.Сейтжанов).

ЫЗЫҢЛЫ кел. Ызыңлап шыққан, ызыңлаған.

ЫЗЫҢСЫЗ кел. Ызыңы жоқ, ызыңламаған.

ЫЙЫҚ I ат. Ешектиң, ғашырдың, жылқының ҳәм басқа да жаныўарлардың арқа жаўырыны менен мойынның тутасқан жери, ердиң алдынғы тәрепи туратуғын жери.

ЫЙЫҚ II қ. ийин. Аўызы жете қойса басқа адамды *ыйықтан* алып, бир таўлап урады (Қ.Ирманов).

ЫЙЫҚЛАЎ I ф. Ыйыққа ис пенен түртиў, исти суғыў.

ЫШЫҚЛАЎ II қ. ийинлеў.

ЫҚ I ат. **1.** Суўық самал келмейтуғын таса, пана. Жанлы мақлуқлардың бәри өзине *ық* излеген менен қара жер көкиретин төсеп, нәр алғандай булқынып туўлап қойды (Ө.Айжанов). **2.** Суўдың ағысы, ағатуғын тәрепи, бағыты. Ол әлле немелерди айтып, дәрьяның *ығына* қарай қолын шошайтты (К.Султанов). **3.** Бир нәрсениң аяқ бети, ақыры, төмени. Ханзаданың үйлери дәрьядан *ығырақ*, бир жамай болып отыр (К.Султанов).

ЫҚ II ат. Қырмандағы дәнниң атылғандағы кепеғи, қоғы.

ЫҚ III қ. ығыў.

ЫҚЛАС ат. **1.** Кеўил, ынтық, дыққат, инта. Я буның да шабысы бир мезғиллик пе, әйтеўир быйыл мектепке *ықласының* сәти жоқ (К.Султанов). **2.** Ҳүрмет, иззет. Мына сөз Әжинияздың Мақтумқулыға деген ышқы, *ықласын* ғаўлатып жиберди (К.Султанов). **3.** Ҳәўес, ынтық, мақсет. Ҳәзир он алтыдаман. Лекин, сары ала шайы көйлекке *ықласым* ҳеш пәсеймеди

(М.Нызанов). Әкениң *ықласы* – баланы ахун етип шығарыў (К.Султанов). ◊ **Ықлас төгиў** – кеўил қойыў, кеўил аўдарыў, йошланыў. Иске керек батыл жигер, сонда болар ойлағаның, Деп мийнетке *ықлас төгер*, шаршамастан Таняжаным (И.Юсупов).

ЫҚЛАСЛАНДЫРЫЎ ықласланыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҚЛАСЛАНЫЎ ф. Кеўиллениў, қызығыў, берилиў, йошланыў. Шамурат дуўтарды енди биротала *ықласланып* шерте баслады (Қ.Досанов). Мен оннан сайын қара терге түсип *ықласланып* ғана оқыйман (Ж.Аймурзаев).

ЫҚЛАСЛЫ кел. Инталы, қуштарлы, қумарлы. Балам жүдә оқыўға *ықласлы*, қатықулақ, еситкенин жаздырмайды (Х.Сейтов).

ЫҚЛАССЫЗ кел. Ықласы жоқ, интасыз, кеўилсиз, йошсыз, қумарсыз, қуштарсыз. Соннан бери: «оның да жалтақ жери бар ғой!» деген пәмге кетип, Қайып жәбирин *ықлассыз* айтып отыр (К.Султанов).

ЫҚЛАТЫЎ ф. Ық жерге алып барыў, паналатыў.

ЫҚЛАЎ ф. **1.** Бораннан, суўықтан, жаўыннан бир нәрсениң ығына паналаў. Жаўын бираз тынғаннан кейин айдарман деп трактордың тоқтатып жаўыннан *ықлап* түсленип атырғанына азғана ўақыт өтип еди (Қ.Айымбетов). **2.** Суўдың аяқ бетине қалқыў, аяққа қарай ығыў.

ЫҚЛЫМ ат. Аймақ, ел-журт, халық. Арғымақты қай таўларда сүрмедим, Ғазап ушын қайдан қайға жүрмедим, Зийўаржаным бундай батыр нашарды, Жети *ықлымды* гезип сирә көрмедим («Ер Зийўар»). Наўыйыдан баслап Рудакийге шекемги жети *ықлымдағы* билим ғәзийнесин ақтарған ҳәм бул билимниң шалқар сағасына жеткен ақыл ийелериниң ғәззеллери, рубайылары, бәйитлери, – бәрше китаплар сол тилде (К.Султанов).

ЫҚПА I кел. Тураксыз, сөзге еретуғын, ерме.

ЫҚПА II гөне.с. Көпир салынбаған суўы бар жерлерден ат, малларды өткериўде пайдаланылған, жекеннен исленген сал.

ЫҚПАНА қ. ықтырма.

ЫҚРАР ат. Ўәде, шәрт. Жол билмесе жол сорарсыз билгеннен, Гүдер үзбе *ықрарында* турғаннан (Әжинияз). Келтирдим деп өзи *ықрар* етти (Әжинияз).

ЫҚТЫҚАТ ат. **1.** Исеним, исениш. Ел ғамында өтер ҳәр саатың, Мийнет етпей ҳеш табылмас тақатың, Жасыңнан «Ақ алтын» зор *ықтықатың*, Дүньяға жайылды даңқың хабарың (Т.Сейтжанов). **2.** Кеўил, нәзер. *Ықтықат* берип, қулағын түрип тыңлап тур (Ж.Аймурзаев).

ЫҚТЫРМА ат. Пана, ылашық, қора. Қойшы ешкилерди қамаўға *ықтырма* таба алмады (Қ.Айымбетов). Ал жигердей қамыс қорадан *ықтырма* соғып, соның ишине үйлерин тиккен ақ үзикли отаўлардың ийелери самал түўе, аспан шорта сынса да, пәрўайы пәнсери (К.Султанов).

ЫҚТЫРМАЛАЎ ф. Паналаў, қоралаў, тасалаў.

ЫҚТЫРМАЛЫ кел. **1.** Ықтырмасы бар, ықтырмаға ийе. **2.** Үйли, жайлы, паналайтуғын орны бар.

ЫҚТЫРЫЎ ығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҚТЫЯР ат. Ерк, тилек. Өзимнен *ықтыяр* кетип беденимди бир күшли сезим бийлеп алды (Ө.Хожаниязов).

ЫҚТЫЯРЛЫ кел. Еркли, өз тилеги менен. Онда *ықтыярлы* қатнасқан мийнет жәмәәти филиал әтирапы ҳәм мәдений дем алыў орынларының тазалығын сақлаўда абаданластырыў жумысларын жүргизди (ғазетадан).

ЫҚТЫЯРСЫЗ кел. Ерксиз, мәжбүрий. *Ықтыярсыз* қызларға қосып алып, Айгүлди де ерксиз алып кетти (Ж.Аймурзаев).

ЫҚТЫЯРЫНША р. Еркинше, өзинше, барынша. Жоқ, мен сеннен өз *ықтыярымша* ҳеш кете алмайман (А.Бекимбетов).

ЫҚТЫЯТ ат. Берк, сақ, пуқта. ◊ **Ықтыят болыў** – сақ болыў, аңлы болыў, нукта болыў. Кек қуўсаң белиң бекип, жиғит болсаң көрерсең... *Ықтыят бол!* (К.Султанов). Суў жүретуғын қарыққа *ықтыят болыў* зәрүрли, шалпайтып та, узайтып та жибермеў дәркар (Ө.Айжанов).

ЫҚТЫЯТЛЫ кел. Аңлы, сезимли, пуқталы. Атын айтып шақырса жат кисиниң еситип қойыўы итимал, – деп *ықтыятлы* болатуғын еди (Қ.Айымбетов).

ЫҚШАМ кел. **1.** Қайым, қолай. Бундай ҳәр бир қатар өз жумсақлығы ҳәм *ықшамлығы* менен баланы тынышландырыўға қаратылады (Ә.Тәжимуратов). **2.** Шақ, шағын.

ЫҚШАМЛАНЫЎ ықшамлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫҚШАМЛАСЫЎ ықшамлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫҚШАМЛАТТЫРЫЎ ықшамлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҚШАМЛАТЫЎ ықшамлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҚШАМЛАЎ ф. Ийкемлеў, шағынлаў, қолайластырыў.

Пиллехана жайын *ықшамлап*, Безелди көп сол күни (Т.Сейтжанов). Лаконизм тийкарында көп сөзди *ықшамлаў* мақсетинде көз, қол ямаса бас ҳәрекети менен де сөзлик уғымлар аңлатылады (журналдан).

ЫҚШАМЛЫ кел. **1.** Қолайлы, ыңғайлы. Ҳәзирги заманағөй китапханалар жүдә қолай, *ықшамлы* етип қурылып атыр (газетадан). **2.** Шақ, шап-шақ.

ЫҚШАМЛЫҚ ат. Ийкемлик, шағынлық.

ЫҚШЫЛ кел. Ыңғайшыл, көнгиш. Өзи жүдә *ықшыл* адам екен (Т.Қайыпбергенов).

ЫҚ-ЫҚ т.с. Ешекти айдаўда, жүргизиўде айтылатуғын буйрық сөз. Қайып қос ешекти түйекке жегип, гүдишекти айналып «*ық-ықлап!*» жүр еди (К.Султанов).

ЫЛАҒЫЎ ф. Өз бетинше кетиў, шығыныў. Енди менсиз ҳеш жаққа *ылағып* кетпе, балам!... (К.Султанов).

ЫЛАЖ қ. илаж.

ЫЛАЙ ат. **1.** Топырақтың суўға араласқан түри, батпақ, балшық. *Ылайдан* суўырып алғандай бел буўарына шекем сатпарланған батпақ (К.Султанов). Тал саясы жанға ысық, *Ылай* суўлар сыңқ-сыңқ күлсе жапларда (И.Юсупов). Жүннен тоқылған қапқа өңменин созып, қапталында саз *ылайдан* үшпелек соғып отырған баласына жекиринди (К.Султанов). **2.** Сыбаў яки жай қурыў, гербиш қуйыў ушын қумды, топырақты суўға араластырып исленген қурылыс материалы. Аяғымның астындағы ызғар топырақ, пахсаға атыўға таяр турған пискен *ылайдай* табаныма шылп-шылп жабысар еди (М.Нызанов). Хан шәҳәрди «Ишкери» ҳәм «тысқары» етип, екиге бөлип атыр екен, «ишкери» шәҳәрди сыртқы душпаннан қорғаў ушын қыр дөрегек айландырып, *ылайдан* қорған дийўал салып атыр (К.Султанов). ◊ **Топанлы ылай** – топан араласқан ылай. Жай дәслеп *топанлы ылай* менен жүдә тегис сыбалған (Т.Қайыпбергенов). **Ылай ағаш** – жайдың сыртқы төбесин сыбағанда, ылайды шелекке салып, тартып шығарыў ушын арналған узын ағаш.

ЫЛАЙҚАТ кел. Миясар, ылайық, жарасымлы, жарасықлы, орынлы. Қала берди ҳүкимет ақшалай жәрдем етип, өзине *ылайқат* ис таўып берсе, бул күнелтиў емей не (Ө.Хожаниязов).

ЫЛАЙЛАНДЫРЫЎ ылайлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛАЙЛАНЫЎ ылайлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫЛАЙЛАЎ ф. **1.** Тынық суўды қозғаў, былғаў, патаслаў, ыласлаў, бүлдириў. **2.** аўыс. Бүлдириў, ўайранлаў. **3.** Сыбаў жағыў, сүйкеў. Қақыра питкеннен кейин оның иши-сыртын ылай менен *ылайлап* шықты (Ж.Аймурзаев).

ЫЛАЙЛЫ кел. **1.** Ылайы бар, тынық емес, тынбаған. Ел тәғдири – суўы гә тасып, гә тартылған Сырдәрьяның *ылайлы* ағысына меғзейди (Т.Қайыпбергенов). **2.** Ылайы бар, ылайға ийе.

ЫЛАЙСАҢ ат. **1.** Бүлгиншилик, ўайраншылық. Оның изинде *ылайсаңға* ушыраған аш қалған кисидей жутынып, Кәраматдийин жортып келеди (Ж.Аймурзаев). **2.** Жәнжел, бүлдирги.

ЫЛАЙСЫЗ кел. **1.** Ылайы жоқ, таза, тынық. **2.** Ылайы жоқ, ылайға ийе емес.

ЫЛАЙТЫЎ ылайлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛАЙЫҚ 1. кел. Ылай боларлық, ылайға турарлық. **2.** кел. Миясар, муўапық. Бердимурат абайла, Аўзыңнан шыққан сөзлериң, Халыққа болсын *ылайық* (Бердақ).

ЫЛАЙЫҚЛАЎ ф. Ийкемлеў, ыңғайлаў, муўапықлаў, қолайлаў. Ҳәр адамға *ылайықлап* шекти таслап өлшеп берди (Ж.Аймурзаев).

ЫЛАЙЫҚЛЫ кел. Жарасымлы, жарасықлы, қолайлы, орынлы. Буннан өзине *ылайықлы* кишкене ғана қылышты сайлап алды (Қ.Айымбетов). Соған *ылайықлы* сабақлары да көбирек еди (Ө.Айжанов).

ЫЛАЙЫҚСЫЗ кел. Орынсыз, ретсиз. Сонлықтан Ромеш өзин скрипка шертиўге *ылайықсыз* деп, филгармония сатып алды (Р.Тагор).

ЫЛАЙЫЎ ф. Суўдың топырақ пенен араласыўы. Есиклерин илдирип *ылайып* аққан салмаға келди ҳәм жақсылап жуўынды (Қ.Досанов).

ЫЛАҚ ат. Ешкиниң бир жасқа толмаған төли, баласы. Бир күни үйине келсе, байланған көк *ылақтың* биреўи өлипти (А.Дабылов). Аты *ылақ* демесең, серке болып тур (К.Султанов). ◊ **Ылақ ойын** – ат үстинде жүрип баўызланған кишкене ылақты тартып ойнайтуғын халықтың миллий ойынының түри. Қырық қызы менен отаўда, Тартып *ылақ ойнайды* («Қырық қыз»). Айпарша кеселинен айығып, майданға шығып турса, қалмақтың жас жигитлери шоқ-шоқ, топ-топ *ылақ ойнап* жүргенин көрди («Мәспатша»). **Ылақ шабысыў, ылақ шабыў** –

ылақ ойнаў. Бес-алты күннен бери, *ылақ шабысқан* болыстың, Гил жерменлери яранлар (Бердақ). *Ылақ шабыўға* барғанда он ешки алғанын лап етип мақтап аңнан қайтқан күнлери болса, мен бүгин үш кийикти атқа бастырып усладым – деп аўзын көпиртетуғын еди («Әмиўдәрья» ж.).

ЫЛАҚА ат. Гөши майлы, тикенексиз, түси қара, аўзы үлкен, жайыннан кишилеў балық. Сол ўақытта үлкен бир *ылақа* тапсырылады, еки адам көтере алмай турғанда, Палеке барлық күши менен ийинине қағып салады (Ә.Шамуратов). ◊ **Ылақаның қарнындай** – үлкен, семиз. Жағасын молдан қайып жийеклеген ақ сүп көйлеғиниң етеғин желпип, *ылақаның қарнындай* иркилдеген семиз қурсағын арқа жаққа қаратып жатыр (К.Султанов).

ЫЛАҚЛАЎ ф. Ешкиниң төллеўи, балалаўы, туўыўы. Қойлар менен ешкилер күн сайын қозылап ҳәм *ылақлап*, аўылдың қой-ешкиси өсип көбейди (Т.Нәжимов).

ЫЛАҚЛЫ кел. Ылағы бар, ылаққа ийе, ылағы болған.

ЫЛАҚСЫЗ кел. Ылағы жоқ, ылаққа ийе емес, ылағы болмаған.

ЫЛАҚТЫРТЫЎ ылақтырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛАҚТЫРЫЛЫЎ ылақтырыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЫЛАҚТЫРЫСЫЎ ылақтырыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫЛАҚТЫРЫЎ ф. Бир затты белгили қашықлыққа күш епкини менен таслаў. Мосыны қулағынан услап, қостан шықты да, үкиге *ылақтырып* жиберди (К.Султанов).

ЫЛАҚШЫ ат. **1.** Ылақ ойынын жақсы ойнайтуғын адам. **2.** Ылақты бағыўшы, ылаққа қараўшы. ◊ **Ылақшы ат** – ылақ ойнаўға бейим, соған бағдарланған ат. Дәрьяның ортасында еки кеме көкпарға таласқан *ылақшы атлардай* айқасып, ағысты ықлап кетти (К.Султанов).

ЫЛАҢ ат. **1.** Аўырыў, наўқас, кесел. **2.** Бүлгиншилик, бүликшилик. Арқаланып көшпек деген, Үйреншикли *ылаң* еди (И.Юсупов). Тағы не *ылаң* шығарды деймен, ишимнен күйип кеттим (Ө.Айжанов).

ЫЛАҢЛАНЫЎ ф. ылаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫЛАҢЛАЎ ф. Ҳәкислениў, кеселлениў.

ЫЛАПЫШ ат. Ылақа балығының кишкене түри.

ЫЛАС кел. Кир, патас. Усы күни кийимиң *ылас*, қолың сыя ямаса китапларың жыртылып, бир жериң кир болып көрсинши (Т.Қайыпбергенов). Биразы: «көйлегим *ылас*

болғанша, көкиректим ылай болсын!» деп жалаңаш ылай атып тур (К.Султанов).

ЫЛАСЛАНЫЎ ыласлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫЛАСЛАТТЫРТЫЎ ыласлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛАСЛАТТЫРЫЎ ыласлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛАСЛАТЫЎ ф. ыласлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛАСЛАЎ ф. Патаслаў, кирлетиў. Үйимде тап-таза ҳәўизимди *ыласлатып* қоя алмайман (Х.Сейтов).

ЫЛАСЛАЎШЫ ат. **1.** Патаслаўшы, кирлетиўши. **2.** аўыс. Басыўшы, бүлдириўши. Бүгин сениң тасларыңды *ыласлаўшы* жат аяқлар (И.Юсупов).

ЫЛАШЫҚ ат. Жән-жағы қоршалып бастырылған шертек, қос. Сол күни Ержан менен сөзди бир жерге қойып, түн жарпында, жигитлер *ылашықтан* шықты (К.Султанов).

ЫЛАШЫҚТАЙ кел. Ылашық сыяқлы, ылашыққа уқсаған.

ЫЛБЫР: ылбыр-сылбыр кел. Иске ийкемсиз, жай қыймылдайтуғын, бос, босаңаң.

ЫЛБЫРАНЫЎ ылбыраў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫЛБЫРАСЫЎ ылбыраў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫЛБЫРАЎ ф. Ийкемсизлениў, сылбыраў, босаңлаў.

ЫЛҒАЛ ат. **1.** Умтылыс, жигер, йош. Дүньяда азан жоқ суўсыз өмирдей. Суў жетпеген жерде токтайды *ылғал*. Қайтсын Арал дузлы шаңға көмилмей (К.Рахманов). **2.** Сапар, талапланыў, атланыў. *Ылғал* етти Мәспатша, Туўып өскен журтына («Мәспатша»). *Ылғал* етип, узақ йерден йол ашып (Әжинияз). Саўаш күни *ылғал* таслап, Сәрдар болып жыйын баслап (Бердақ). *Ылғал* етип, бираз жерден жол асып, Кешлетип ғайбана елине келдим (К.Султанов).

ЫЛҒАЛЛАНЫЎ ф. Жигерлениў, ғайратланыў, умтылыў.

ЫЛҒАЛЛЫ кел. Жигерли, ғайратлы, инталы. Сол дәўирлерде Аралдың асаў толқынлары менен алысып, *ылғаллы* мийнет еткен мәрт балықшылар көп болған (газетадан). Жүрдиң көпшилик алдында, *Ылғаллы* қыз болдың Сәўле (Д.Назбергенов).

ЫЛҒАЛЛЫЛЫҚ ат. Жигерлилик, инталылық, гайратлылық. Алтын жыйнаў тур ядында, *Ылғаллылық* тур бадында (Д.Назбергенов).

ЫЛҒЫЙ к.с. Барлық, тек, гилең. Солай да сыр бермейин деп *ылғый* өтирикти суўдай саўдыраттым (Ө.Хожаниязов). Несине ылайық емес, *ылғый* усыныслы сизлер айтсын деген

бе? (Ө.Айжанов). «*Ылғый* ғаррылар капронды салса, алдында жынаят турғандай» басқасын салмаймыз деп ўәде етти (Ө.Айжанов).

ЫЛДЫЙ ат. Ой, шуқыр, төмен, пәс; таў, төбениң түсерлиги, жанбаўыры. Едилдиң *ылдый* бети белбеўликтен, Өр бети дизден қайтады («Едиге»).

ЫЛДЫМ-ЖЫЛДЫМ кел. Өтирик-ырасты араластырып жүретуғын, жылмақай, шалағай.

ЫЛЖЫРАҚ кел. Жумсақ, бос.

ЫЛЖЫРАТЫЎ ылжыраў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫЛЖЫРАЎ ф. Жумсарыў, босаў, босасыў, былқылдаў, былбыраў.

ЫЛЫҒЫЎ ф. **1.** Сөзге ериў, берилиў. **2.** Қаңғыў, шығыныў, шабыў.

ЫЛЫҚПАЎ ф. Бир нәрсеге, сөзге ермеў, ырықпаў, көнбеў.

ЫЛЫҚТЫРЫЎ ф. Бузыў, ыдыратыў. Селлер *ылықтырса* таўлардың қарын, Сайлардың баса-бас қамалы болар (И.Юсупов).

ЫМ ат. Ҳәрекет пенен түсиндириў, қылық, қылыў. Баласының *ымына* түсинген Гүлим бүгин көбирек шаршағанын, оның үстине бүгинги нормасынан ертеңге аўысып қалғанын айтты (Т.Қайыпбергенов). Майданға шыққан соң Қәлмен шети аўылға аралас кирген атлыларды көрди де, Әжиниязды *ымлап* қораға шақырды (К.Султанов). *Ым* менен шығып кетиўин өтиндим (М.Нызанов). ◊ **Ым қағыў** – белги бериў, ымлаў. Табақ алынып, қол жуўылған соң, Таўназар бәйбишесине *ым қақты* (Н.Бөрекешов). **Ым-жымы бир болыў** – келисимли, сырлас. Булар үшеўиниң *ым-жымының бир болғаны* елеследи (Ә.Шамуратов).

ЫМЛАСЫЎ ымлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫМЛАТЫЎ ымлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫМЛАЎ ф. Айтатуғын ойын сес шығармай белги арқалы билдириў, силтеў. Майданға шыққан соң Қәлмен шети аўылға араласа кирген атлыларды көрди де, Әжиниязды *ымлап* қораға шақырды (К.Султанов).

ЫМЫРТ ат. Иңир, геўгим. ◊ **Ымырт жабылыў** – күн батып қараңғы геўгим түсиў. *Ымырт* жабылып қас қарайғанда анам аўылдың артындағы қалың қопалыққа барып, дүзде мени туўған (Ж.Аймурзаев). *Ымырт* жабылғаннан кейин далада қыспақ тартып, бойра тоқып отырған бирең-сараң адамлар да үйлерине кирди (К.Султанов).

ЫНАНЫЎ к. инаныў.

ЫНЖЫҚ кел. Натық, тартыншақ, уялшақ, жасқаншақ. Жаслықтан пайда болатуғын сол тартыншақ, уялшақ, *ынжық* минезди басыў ушын, ишки сезимлери арпалысып киятыр еди (К.Султанов).

ЫНЖЫҚЛАЎ кел. Натықлаў, тартыншақлаў, уялшақлаў.

ЫНЖЫҚЛЫҚ ат. Натықлық, тартыншақлық, уялшақлық, жасқаншақлық. Ол *ынжықлық* пенен уялғандай төмен қарады (К.Рахманов).

ЫНЖЫЛТЫЎ ынжылыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫНЖЫЛЫЎ ф. Өкиниў, қыйналыў, уўайымлаў, қапаланыў, қайғырыў. «Отырыспа» деген ўақытта қыз апасына муңайып қарап, әлле неден тартынып отырғандай көзлери жерге телмирип *ынжылды* (К.Султанов). «Ата, рас-ақ, бизди таслап кетесең бе?!» дегендей, ғаррыға жалтақлап қарайды... *Ынжылып* отыр! (К.Султанов).

ЫНТЫРЫЎ ф. Қумартыў, қуштарланыў, берилиў, қумарланыў, умтылыў. Әжинияздың кеўилине дүньяда Ханзаданың даўысынан жағымлы даўыс бар ма?... Сыртта турып: «сол, соның даўысы... Тағы бир сөйлесе екен!» деп *ынтығады* (К.Султанов). Арғы жүздеги салланып турған көк пишенлерге, ана бир шоқ талға, жайылып жүрген малларға бирим-бирим зейнин аўдарып, журтын сағынып келгендей тәбият көринислерине *ынтығып* тур (К.Султанов).

ЫНТЫҚ ат. Қумар, қуштар. Перде артында ол қанша жасырын болған сайын, мен сонша *ынтық* едим (М.Нызанов).

ЫНТЫҚЛЫҚ ат. Қумарлық, қуштарлық, инталық.

ЫНТЫҚТЫРЫЎ ынтығыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. – Ким ол? Қаяқта ислейди? Айтагойшы, *ынтықтыра* бермей. (М.Нызанов)

ЫҢ: ың етиў е.с. Ың еткен сес, ыңқылдаў. ◊ **Ың етиў** – ың етип шыққан сес, ыңылдаў. Ол оның сөзине *ың етип* сөз қайтармады («Жеткиншек» г.).

ЫҢҒАЙ ат. **1.** Бир нәрсениң рети, жөни, аўҳалы, жағдайы. Мейли өз *ыңғайыңа* қара, балам (А.Бекимбетов). **2.** Қолай, бейим. Азанда Халмурат төрт арбаға сайлы өгизлерди жегип, қапталына бир *ыңғай* жигитлерди қосты (К.Султанов). Анамды ҳәзир ғана үмитлендирип жиберген болсам. Оның үстине Гүлшийраның да *ыңғайы* жоқ емес (М.Нызанов).

ЫҢҒАЙЛАНЫЎ ыңғайлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫҢҒАЙЛАСТЫРЫЎ ыңғайлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҢҒАЙЛАСЫЎ ыңғайлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫҢҒАЙЛАЎ ф. Ретлеў, бейимлеў, қолайлаў, ҳәзирлеў. Оттың қызыўына балқып отырған Палман менен Сапар астына басқан шомларын *ыңғайлап* қойды да, соның үстине қыйсайып көзлери илинди (М.Абдреймов). Бесик жыры бесикти тербетиўдиң ырғағына *ыңғайлап* исленген (Н.Дәўқараев).

ЫҢҒАЙЛЫ кел. Қолайлы, жайлы, жағдайлы.

ЫҢҒАЙСЫЗ кел. Қолайсыз, жағдайсыз, жайсыз. Әйтеўир оған қызлардың қайтып баратырғанлығы бир *ыңғайсыз* жағдайды туўдырып жиберди (Ө.Хожанов).

ЫҢҒАЙСЫЗЛЫҚ ат. Қолайсызлық, жағдайсызлық, жайсызлық.

ЫҢҒЫРШАҚ ат. Ағаштан жасалған, қарапайым, әшекөйсиз ер түри; ешек ер.

ЫҢҒЫРШЫҚ ат. қ. ыңғыршақ.

ЫҢҒЫРЫЎЛАЎ ф. Мазасын алыў, дыңғырлаў. Келтирейин десе көрген жерде оның сол *ыңғырыўлаўы*: «Перзентим» деп жыламсырайды (Т.Қайыпбергенов). ... *Ыңғырыўлап* бир ҳәпте, бир айға дейин қыр изинен қалмайды. Биреў дыңғырлай берсе кимге жағады (М.Нызанов).

ЫҢ-ЖЫҢ ат. Бақырыс, шаўқым. Майда балалар дегениң *ың-жыңды* тыңлай ма, қуўыс-қолтығы ма, ийни ме жармасып, өниримдеги гвардиялық значогиме асылып жүр (Ө.Хожаниязов).

ЫҢ-ЖЫҢСЫЗ кел. Бақырыссыз, шаўқымсыз.

ЫҢҚ-ЫҢҚ етиў ф. Ыңқылдаў, гүрсилдеў.

ЫҢҚА-ЫҢҚ е.с. Баса-бас, урда-тут. *Ыңқа-ыңқ*, былша-былыш таң атқанша даўам етеди (Т.Қайыпбергенов).

ЫҢҚЫЛДАНЫЎ ыңқылдаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫҢҚЫЛДАСЫЎ ыңқылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫҢҚЫЛДАТТЫРЫЎ ыңқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҢҚЫЛДАТЫЎ ыңқылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫҢҚЫЛДАЎ ф. **1.** Гүрсилдеў, ыңырсыў. Бул жерде *ыңқылдап* атырған кесел жоқ (М.Нызанов). **2.** аўыс. Болдырыў, шаршаў. Қараңғы түнде *ыңқылдап* аўыл шетиндеги әўлийеден Шүкиржанның үйине зорға әкелдик (А.Бекимбетов). Ерназар арысландай қол-аяғын салмақ пенен басып, қурды үш мәртебе айланды да, хан алдына келип, алыс сапардан болдырып келген нардай *ыңқылдап*, ҳәсиретли демин алды (К.Султанов).

ЫҢҚЫЛДЫ ат. Ынқылдаған сес, даўыс. Соның арасында емески *ыңқылды* тағы еситилди (Т.Қайыпбергенов).

ЫҢҚЫЛ-СЫҢҚЫЛ ат. Турып-жатып жүрген бийтап, аўырыў-сырқат.

ЫҢЫЛДАЎ ф. Әстен сес шығарыў, өсте қосық айтыў. Ол, Дәўлетиниң қай ўақ уйқыға кеткенинше *ыңылдап* отырып қайғылы емес, бирдейине ҳәзилли қосық айтады (Ө.Айжанов). Әсиресе Нуржамал төркинин сағынса Әжиниязды алдына алып, ағасының қосықларын әстен *ыңылдап* айтып отырады (К.Султанов).

ЫҢЫЛДЫ ат. Әстен, ақырын намаға қосылып шыққан сес. «— Сениң *ыңылдыңды* еситип, дуўтар тартатуғын шығар деп келип едим, қысса оқып отыр екенсең (К.Султанов).

ЫҢЫРАНҒАН кел. Қарыўлы, күшли, мықлы.

ЫҢЫРАНЫЎ ф. **1.** Ынырсыў, ыңқылдаў, зарланыў. *Ыңыранарға* кесел жоқ, Ислерине талап жоқ («Қырық қыз»). Үй изледиң, *ыңыранғанды* көрдиң (Ж.Аймурзаев). **2.** Қарыўланыў, күшейиў. Бөрибайға күши жетпей, ийек қағып *ыңырайды* (А.Бекимбетов). Узақ жүргеннен кейин Ерназар жалықтыма қәҳәрленип *ыңыранып* (К.Султанов).

ЫҢЫРСЫЎ ф. Сестиң еситилер-еситилмес болып әстен шығыўы, ыңқылдаўы. Шопанлардың екеўи бурынғы сабанхананың есигине барған ўақта, иштен адамның *ыңырсыўы* менен ийттиң ырылдысы еситилди (А.Бекимбетов). Қара үйде *ыңырсып,* гә гүрсинип, гә сыңсылап соқыр шал жылап отыр (К.Султанов).

ЫП-ЫРАС кел. Ҳеш қандай қосымтасыз, өтириги жоқ, шын ҳақыйқат. Айтқаның *ып-ырас.*

ЫПЫРЫҚ-СЫПЫРЫҚ ат. Пайдаға аспайтуғын тасланды.

ЫП-ЫССЫ кел. Жүдә ысыған, жүдә ысып кеткен. Перзентиниң бетине өзиниң жыйрық түсе баслаған *ып-ыссы* бетлерин басып қыздырды (Т.Қайыпбергенов). Ийегимниң астынан *ып-ыссы* бир нәрсе мойнына қарай жылыслап аққандай болды (М.Нызанов).

ЫП-ЫСЫҚ кел. Адамды өзине жақын тартатуғын, көзге ысық көринетуғын, жағымлы. Шәпик сөйлеп, мыйық тартып турыўы, Тап Айтжанға мегзер еди *ып-ысық* (С.Нурымбетов).

ЫРАЗЫ кел. Қайыл, келисим. Айшагүл жеңгей қызлардың хош ҳаўазына *ыразы* болып отырды (Ө.Хожанов). Мен сениң менен кетиўге *ыразыман* деген сөзимнен кейин, ол мениң қозы-

ылақларды жыйнап топлаўымды соранды (Ж.Аймурзаев). Үндемеди. Сонысына жүдә *ыразыман* (М.Нызанов).

ЫРАЗЫЛАСТЫРЫЎ ыразыласыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРАЗЫЛАСЫЎ ф. **1.** Қайылшылық билдириў, келисимге, мәмлеге келиў, татыўласыў. **2.** Биреў менем хошласыў. **3.** қ. Ырзаласыў.

ЫРАЗЫЛЫҚ ат. **1.** Кеўил толарлық, қанаатланарлық. **2.** Келисим, қайылшылық. Ең кейнинде олар Сажиданы қапа қылмаў шәрти менен бир жыл ислеп қайтыўға, соң биргеликте усы шегарадағы қәўимде жумыс ислеўге көндирип, *ыразылық* берди (М.Нызанов). **3.** қ. Ырзалық.

ЫРАЗЫШЫЛЫҚ ат. **1.** Қайылшылық, мәмилешилик, татыўлық. **2.** қ. ырзашылық.

ЫРАЙ ат. Жағдай, бағдар, аўҳал. Кеш песин ўақытта күннің *ырайын* бузық көрген Нуржамал шийшең үйге жекен шыпта тутты (К.Султанов). ◊ **Ҳаўа райы** – ҳаўаның жагдайы. *Ҳаўа райын* уғып болмас, Бар өзинде қандай қылық (И.Юсупов). **Ырайдан қайтыў** – пикирден қайтыў. Бул не кәрамат екен деп қарақшылар мени жиберип еди, бизлер де *ырайдан қайттық* (кк.х.е.). Мен де бараман... *Қайт ырайдан!* Мезгилсиз жаныңа әзирейил шақырма (К.Султанов).

ЫРАЙКЕШ кел. Кеўилшек, ырайшыл.

ЫРАЙШЫЛ кел. Кеўилшек, ырайкеш. Абат оннан гөре сақ, сыптырыңқы болып келсе, Бекимбет жумысына *ырайшыл* (Г.Есемуратов).

ЫРАҢ ат. Қумда өсетуғын майда, қой жейтуғын жипектей өсимлик.

ЫРАС ат. Ҳақыйқат, шын, дурыс. – Ҳаў муғәллим билмей ме тек мектепти, Әмет аға бул *ырасқа* жатпайды (И.Юсупов). «Ержан соны излеп жүр» дейди. Сол *ырас* па? (К.Султанов). *Ырасын* айтсам, бул жумбақ ҳаял менен қалай сөйлесиў кереклигин билмей ҳайран болып отыр едим (М.Нызанов).

ЫРАСЛАЎ ф. Бир нәрсениң дурыслығын анықлаў, дәлиллеў, дурыслаў, шынлаў. Минекей Избасардың қосығы бизиң бағанағы көргенлерди *ыраслап* отыр (сабақлықтан). Қәлпениң оған қәҳәри келип, Есим менен *ыраслап* төбелести (Ә.Шамуратов).

ЫРАСТАЙ кел. Ҳақыйқаттай, шындай, дурыстай.

ЫРАШ ат. Жапты қазғандағы еки жағаға шығарылған топырақ, бийик, дөң жери. Усы барыўдан оперативлик ислеў ҳәрекетин неден баслаў жағын конкрет түрде шешкендей көзин жаптың *ырашында* бир-биреўин қуўысып жүрген көплеген балаларға тикти де, машинаны бир майдан тоқтатып ал, – деп шофёрға буйырды (А.Бекимбетов). Аттан айрылмайын деп, ақ бас ердиң басына әри-бери тырмасып еди, сары жорға үлкен бир *ыраштан* атлаған ўақытта, Мүширип сыпырылып түсип қалды (К.Султанов).

ЫРБАҢ ат. Айырым адамларда ушырасатуғын суйкимсиз ерси минез, қылық.

ЫРБАҢЛАНЫЎ ырбаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫРБАҢЛАСЫЎ ырбаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫРБАҢЛАТТЫРЫЎ ырбаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРБАҢЛАТЫЎ ырбаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРБАҢЛАЎ ф. Ҳәдден тыс еркелеў, қыйсаңлаў, шалжаңлаў.

ЫРҒАЙ ат. Шақасы жиңишке сыйдам болып өсетуғын қызыл қабықлы өсимлик. Узын емес, *ырғай* болдым, Барлық сөзди шырғай болдым, Дән жоқ жерде торғай болдым, Оны ҳешким билген емес (Бердақ).

ЫРҒАҚ ат. **1.** Қосық қатарларындағы даўыс толқыны. Басларда ҳәўижге шығарда, қайтарарда даўыс тоқсан *ырғақ* пенен қубылып, суўдыраған нағыс салып баратыр (К.Султанов). Қосықлар бар туўылмаған *ырғағы*, Туўлары халқымыздың ерки бул (И.Юсупов). Ағам трактордың рулин бир қол менен басқарады. Бир қолы қосықтың *ырғағына* ойнайды (М.Нызанов). **2.** Әпиўайы нағыс, өнерментшиликтиң барлық түринде қолланылады.

ЫРҒАҚЛЫ I кел. Ырғағы бар, ырғаққа ийе.

ЫРҒАҚЛЫ II этн. Урыў-тайпа атамасы. Жаўынғырлар Қоңыраттың шеп қанаты есапланып, ол неғизинен жети урыўға бөлинген. Булар: 1. Теристамғалы; 2. Бақанлы; 3. Тийекли; 4. *Ырғақлы*; 5. Баймақлы; 6. Қазаяқлы; 7. Уйғыр (К.Мәмбетов). Қоңырат деген ел еди, Руўы еди *ырғақлы* («Алпамыс»).

ЫРҒАҚСЫЗ кел. Ырғағы жоқ, ырғаққа ийе емес.

ЫРҒАЛАНДЫРЫЎ ырғалыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРҒАЛЫСЫЎ ырғалыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫРҒАЛЫЎ ф. Шайқалыў, тербелиў, теңселиў. *Ырғалды* атызларда салы толқыны, Шығыстың жипектей самалы менен (И.Юсупов). Өгиздиң мойнын талдырған, *Ырғалып* жолды

жырған, Атақлы уста балта урган (Күнхожа). Мына жол менен қабақты арқалап, *ырғалып* басып, суўға келетуғын еди (К.Султанов).

ЫРҒАНАҚ кел. Жиңишке, қылдай. Кекили гүзелген, мойны *ырғанақ*. Қара бала ядында ма Кегейли (И.Юсупов). *Ырғанақтай* мойынларында ала дорба (К.Султанов).

ЫРҒАТЫЛЫЎ ырғалыў фейилиниң өзгелик дәрежеси. Басына бес қулаш айдынлы менен түрмени дөңгелетип орап, бир ушын бөксесине түсирип, бешпент кийген сары ҳаял аяғындағы бийик өкше геўишиниң ушынан басып, *ырғатылып* келди (К.Султанов).

ЫРҒАЎ ф. Қозғаў, шайқаў. Басын *ырғап*, аппақ гүллерин төгип, Тәжим етип турар мудамы (Ш.Мәмбетмуратов).

ЫРҒЫСЫЎ ырғыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫРҒЫТТЫРТЫЎ ырғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРҒЫТТЫРЫЎ ырғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРҒЫТЫЎ ырғыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРҒЫЎ ф. Ғарғыў, атлаў, секириў. Соны айтыўдан аттан шәпик *ырғып* түсти де, атын жетеклеп қабақтың қасына келди (К.Султанов). Мәңги салқын сая астында сай жатыр, *Ырғыйды* суў тастан шегип айбатын (И.Юсупов). ◊ **Ырғып түргелиў** – бирден турыў, көтерилиў. – Ҳаў, – деди анам ҳеш нәрсени билмегенсип, сөйтип *ырғып* түргеле сала жаңағы көрпени бас ушына таманырақ таслады (Т.Қайыпбергенов).

ЫРҒЫЎШЫ кел. Ғарғыўшы, секириўши, атлаўшы.

ЫРЖАҚАЙ кел. Көп күлетуғын, тыржақай, жыртақай.

ЫРЖАҚАЙЛАЎ кел. Жыртақайлаў, тыржақайлаў.

ЫРЖАҢЛАНЫЎ ыржаңлаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫРЖАҢЛАСЫЎ ыржаңлаў фейилиниң шериклик дәрежеси. Ана, «сақыў»дың Хийўадағы баласы менен *ыржаңласқанды* қой енди! (К.Султанов).

ЫРЖАҢЛАТТЫРЫЎ ыржаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРЖАҢЛАТЫЎ ыржаңлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРЖАҢЛАЎ ф. Ыржаң-ыржаң етип күле бериў, тыржаңлаў, жыртаңлаў. Шешенмен деп *ыржаңлайсаң*, Қотыр тайдай тыртаңлайсаң, Өтирик айтып уялмайсаң, Оныдағы билемисең (Бердақ).

ЫРЖЫЙЫСЫЎ ыржыйыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫРЖЫЙТТЫРЫЎ ыржыйыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРЖЫЙЫЎ ф. Езиўин, мыйығын тартыў, тисин көрсетип кулиў. Наташаның күлимсирегенине Альберттиң көзи түсти ҳәм гезекши еки езиўи қулағына жеткенше *ыржыйды* (Қ.Досанов).

ЫРЖЫҚ кел. Ыржыйып күле беретуғын күлеўик, күлгишек, ыржақай, күлегиш.

ЫРЖЫМ-ТЫРЖЫМ кел. Бүкленген, жумбаршақланған, жыйрықланған. Етеклери *ыржым-тыржым*, түси өңип кеткен шыт көйлек (Айбек).

ЫРЗА қ. ыразы. – *Ырза* қыламан, ене, *ырза* қыламан! (К.Султанов).

ЫРЗАЛАСЫЎ ф. **1.** Келисимге, мәмилеге келиў. **2.** Наўқастың басқалар менен хошласыўы. Суў тамызып аўзына жаныңның шығар ўағында *ырзаласып* қалмадым (Бердақ).

ЫРЗАЛЫҚ ат. **1.** Кеўил толыўшылық, қанаатланыўшылық, ыразылық. Вера оған *ырзалық* пишин менен қарады (Ж.Сапаров). **2.** Келисим, қайылшылық. Әсиресе Раўшанжан айтқанынды етип, *ырзалық* берген күни сениң есигиңниң алды халыққа лық толы болады (Ж.Аймурзаев).

ЫРЗАШЫЛЫҚ ат. Ыразышылық, қайылшылық, мәмилешилик, татыўлық.

ЫРҚ ат. Ерк, ыңғай, мүмкиншилик. Гүзде де ҳеш кимниң айтқанына *ырқ* бермей, қыңырлық еттиңиз (Ө.Хожаниязов). Даўылдың *ырқына* жүрип, айдауына көнип, азан-қазан болып... (Қ.Ирманов).

ЫРСЫЙЫЎ ф. Исиў, томпайыў, тырсыйыў, қалқыў. Микола да өзиниң тәниндеги *ырсыйған* жаралардан азарлы еди (Қ.Досанов).

ЫРСЫЛДАЎ ф. Болдырыў, шаршаў, мампақлаў. Жақынлады аш қасқырдай *ырсылдап* (И.Юсупов).

ЫРШЫЎ ф. Бирден түсиў, шапшыў, қарғып секириў, шапшып кетиў. Бир жағында шаңғалақ, *Ыршып* түсип үйилип (И.Юсупов).

ЫРЫҚ-ЖЫРЫҚ кел. Тилким-тилким, тесик-тесик, тозған.

ЫРЫҚПАЎ қ. ылықпаў.

ЫРЫЛ: ырыл-тырыл ат. **1.** Даў, шаўқым, даў-жәнжел. **2.** аўыс. р. Ебиндей, еплеп, әстен, ақырын. Хожан деген бир ғаррының үйининң қасына ылашық тигип, *ырыл-тырыл* бизлерди сақлапты (Г.Изимбетов).

ЫРЫЛДАСЫЎ ырылдаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫРЫЛДАТЫЎ ырылдаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫРЫЛДАЎ ф. **1.** Ийттиң аўзын ашып, тисин ыржыйтып, даўысын шығарыўы. **2.** аўыс. Адамлардың көп сөйлеўи, қарсы турыўы, тиресиўи.

ЫРЫЛДЫ ат. Ийттиң айбат шеккендеги даўысы. Шопанлардың екеўи бурынғы сабанхананың есигине барған ўақта, иштеги адамның ыңырсыўы менен ийттиң *ырылдысы* еситиледи (А.Бекимбетов).

ЫРЫМ ат. дин.с. Исенимге байланыслы пайда болған ески үрп-әдеттиң бир түри. Бала басын шайқап, жымыйып күлип, ҳеш китапта жоқ *ырымды* қайдан тапты екен? – дейди (К.Султанов). Оның қәўими қандай қәўим, журтта жоқ ырымлары қандай *ырым*, булар ҳәммемизге де жумбақ еди (М.Нызанов).

ЫРЫМ-ЖЫРЫМ кел. Өрим-өрим, тилким-тилким, бузылған.

ЫРЫМШЫЛ кел. дин.с. Ески үрп-әдетти тутыўшы, услаўшы, қоллаўшы. Ол соншама ашыўшақ *ырымшыл* бола баслады (газетадан).

ЫРЫМШЫЛЛЫҚ ат. дин.с. Ески дәстүрди, үрп-әдетти тутыўшылық, услаўшылық, қоллаўшылық.

ЫРЫС ат. **1.** Дәўлет, байлық, несийбе. Әжинияз иним, Өтекеңниң бағанағы сәлеми, қудай оңғарса, елдиң бир *ырыс* несийбеси (К.Султанов). Егини жаңа баслайын деп турған ўақытта, суўдан әспек қылып, жабының сағасын көмдирип, талайды *ырысынан* айырып, қан қақсатып кеткен усы Қудияр (К.Султанов). **2.** Напақа, байлық.

ЫРЫСҚАЛ қ. ырысқы.

ЫРЫСҚЫ ат. Адамның күнделикли күн-көриси ушын напақа, несийбе, дәўлет, байлық. *Ырысқыны* сен халықтан алсаң, мен көлден аламан (К.Султанов). ◊ **Ырысына тебиў** – күнделикли күн көрисинен айырылыў, кери кетиў. Өз *ырысыңа өзиң тепкениң* не қылғаның («Әмиўдәрья» ж.).

ЫРЫСЛЫ кел. Ырысы мол, ырысы көп.

ЫС ат. Түтиннен, шаңнан пайда болатуғын патаслық, күйе. Өтемурат ошақ беттеги қазанның қақпағын ашып, *ыс* пенен күйеден түси көринбейтуғын ағаш зеренге еки шөмиш быламық күйип Әсембайдың алдына қойып атыр еди, қапталда мүлгип жатырған ақ тазы «мениң пайым қайда?» дегендей басын көтерип, қаңсылай баслады (К.Султанов). ◊ **Ыс болыў** – қара

болыў, патас, шақ, ыс болыў. Кеште де қоллары *ыс-ыс болып* бирге келди (Ш.Сейтов). **Ыс басыў** – кир болыў, жайдың төбесинде ямаса ишиндеги затларда ыстың пайда болыўы. Ишине кирсең ергенеклери сырланған кереге уўықлары да сондай, тек гүлдиреўишин азғана *ыс басқан* (С.Хожаниязов).

ЫСҚА ат. Қамыстың қатты түри. Жумсақ жекен, өткир *ысқа*, Сүйкендиң бе нар қамысқа (И.Юсупов).

ЫСҚАТ ат. дин.с. Өлини шығарардағы моллаға берилетуғын зат, төлем. Шүў десем неге жүрмейсең, *Ысқатыма* қойылғыр, Не көрдиң тулпарым не көрдиң? («Алпамыс»).

ЫСҚӘДЕМ ат. Қәде аты.

ЫСҚЫЛАНЫЎ ысқылаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫСҚЫЛАСЫЎ ысқылаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫСҚЫЛАТЫЎ ысқылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСҚЫЛАЎ ф. Бир нәрсени екинши бир зат пенен ямаса қол менен сүртиў, сүйкеў, ысыў. Ботинкасын сондай жақсы көретуғын еди. Оқыўға кетерде қайта-қайта *ысқылап* айнага қарайды (М.Нызанов).

ЫСҚЫН ат. Түр-түс, сықыл. Бар етти танаўына жамап қойғандай, шоңқайған бақа мурнының басын кекшийтип, етегин жайып жиберген екен. Басқа мүше, ажары *ысқынсыз* емес (К.Султанов).

ЫСҚЫР қ. ысқырыў.

ЫСҚЫРҒЫШ I ат. Аўызға салып үплегенде сес шығаратуғын зат, үшпелек.

ЫСҚЫРҒЫШ II кел. Ысқырыўды жақсы билетуғын адам.

ЫСҚЫРЫҚ аг. Ысқырыўдың нәтийжесинде пайда болған сес. Айдағаның еки ешки, *ысқырығың* жер жарады (ққ.х.н.).

ЫСҚЫРЫНЫЎ ысқырыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫСҚЫРЫСЫЎ ысқырыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫСҚЫРТТЫРТЫЎ ысқырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСҚЫРТТЫРЫЎ ысқырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСҚЫРТЫЎ ысқырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСҚЫРЫЎ ф. Аўыздан үплеўдиң нәтийжесинде жел арқалы сес шығарыў. Көштен қалмай киятырғой ҳәммеси, Түйеге таңыўлы суўсыны, меси, Бәлент шопанлардың *ысқырған* сеси, Қусханаға жақынлады яранлар (Бердақ). Қәлменниң үйине жақынлаған ўақытта, зарлап *ысқырған* шарықтың үйреншикли сестинен өзге, бир сыңсып, ырғап созған даўыс жигиттиң қулағына алыстан тал-тал еситилди (К.Султанов).

ЫСҚЫШ I ат. Бир нәрсени екинши бир нәрсе менен ысатуғын зат.

ЫСҚЫШ II кел. Ысыўды жақсы билетуғын, жақсы ыса алатуғын адам.

ЫСЛАЎ ф. **1.** Үйдиң қурымын, ысын алыў. **2.** Қандай да бир затты түтинге тутыў.

ЫСЛЫҚ ат. **1.** Түтиннен, шаңнан пайда болған ыс. ... Өжиреният ишин *ыслық* басқан, пәтикке салған ағашлар ыс, Тилеген кирип келгенде ҳеш кимди көре алмады (Қ.Айымбетов). **2.** Қара үйдиң үстине, түнликке түтин сиңген кийиздиң бөлеги ҳәм оның күйдирилген күли. Даўа болар усы жаныма, *Ыслықлар* басты жарама (Бердақ). **3.** Ыссылаўдан, терлеўден адамның денесине шыгатуғын майда бөртик.

ЫСЛЫМ I ат. Организмге, денеге бир нәрсе кирип, оның басқа нәрселердиң тәсири нәтийжесинде улғайып, қозып кеткен жара. Бетиниң жыйрықларын *ыслым* алған, бармақтың ушындай көпшип кетипти (Ж.Аймурзаев).

ЫСЛЫМ II ат. Ағаш, алтын, гүмиске яки басқа нәрсеге ойып, сызып яки бөрттирип ислепетуғын, бир-бирине уласып кететуғын шырмаўық сыяқлы нағыс. Дийўалға *ыслым* ойылған, Алтыннан нағыс қойылған («Ҳатам-тай»).

ЫСПА ҚУМ ат. Қуйылма қум, көшпе қум.

ЫССЫ кел. Жоқары температурадағы қызғын. Желкесипе тийген *ыссы* деминен сетем алып, артына жалт қарап еди, өзине келбетлес сары бала көзи жаўдырап, жымыйып күлип тур екен (К.Султапов). ◊ **Ыссы суўық** – аўыс. азық-аўқат, ишип-жейтуғын зат. Сөйткен Сапар мине бүгин еки күннен бери *ыссы-суўықсыз* көк муздың үстинде ушан теңизде жүр (А.Абдиреймов). Бул жердиң *ыссылы-суўығына* көнип өспегеннен кейин тура ма, ол! Ақыры, алып кетти (М.Нызанов).

ЫССЫЛАЙ р. Ыссы түринде, ыссы ҳалында.

ЫССЫЛАНЫЎ ыссылаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫССЫЛАСЫЎ ыссылаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫССЫЛАТТЫРЫЎ ыссылаў фейилинин өзгелик дәрежеси.

ЫССЫЛАТЫЎ ыссылаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫССЫЛАЎ ф. Ыссының тәсиринен қызыў. Ол *ыссылап*, мылтығын керегеге илдирди (Т.Қайыпбергенов).

ЫССЫЛЫҚ ат. Жоқарғы температурадағы қызыўлық, қызғынлық. Аўырған жерин билмейди, денесинде артықмаш

ыссылық жоқ (А.Бекимбетов). Етиниң *ыссылығы* қашқан жоқ екен (К.Султанов).

ЫССЫХАНА ат. Өсимлик яки ҳайўанларды суўық ўақытларда сақлаў, тәрбиялаў ямаса өсириў ушын қуяш нуры менен жылытылатуғын арнаўлы қурылма; теплица. *Ыссыхана* хожалықлары менен өз ара бирге ислесиў тийкарында кооперациялық жумысты жолға қойыў, жетистирилген өнимди сортлаў, қайта ислеў, сақлаў, қадақлаў ҳәм экспорт етиўге жәрдемлеседи (газетадан).

ЫСТАНАТ ат. Мин, айып, гүна. Ағайиниң Хийўаға услап берди деген *ыстанатқа* қалады (К.Султанов).

ЫСТЫМАЛ ат. Ҳәрекет, ислениўге тийисли ем, шара. Оннан қайта *ыстымалыңды* ете бер... (К.Султанов).

ЫСЫ қ. ысыў.

ЫСЫҚ кел. **1.** Жағымлы, жарамлы, сүйкимли, унамлы, хошырей. Мен сол көзиме *ысық* палатаның есигинен нәзер салып өтемен (М.Нызанов). **2.** Таныс, жақсы мәлим. Араласып, жүзлерине қарасаң, Тап өзине туўысқандай бәри *ысық* (Т.Сейтжанов). ◊ **Ысық көриниў** – жақсы көриниў, жақын, сүйкимли көриниў. Қарсы алдымда турған арық-турақтан келген адамның жүзи көзиме *ысық көринди* (Ж.Аймурзаев).

ЫСЫҚЛЫҚ кел. Унаўшылық, қәлеўшилик.

ЫСЫЛДАЎ ф. **1.** Ыс-ыс етиў. **2.** Оқтың т. б. ҳаўаға үйкесиўинен пайда болған сестиң шығыўы. Оның үстине *ысылдаған* оқты айтпайсаң ба, дийдили жерге жетемен дегенше шийнелимниң төрт жеринен тесип кетти (Ө.Айжанов).

ЫСЫЛЫЎ ф. **1.** Көнлигиў, жатлығыў, үйреniў. Балалары гүл аралап ержетти, турмыстың ҳәр тараўына *ысыла* (Т.Сейтжанов). **2.** Сүйкелиў, сүртилиў.

ЫСЫНЫЎ ф. Отқа жылыныў, қыздырыныў.

ЫСЫҢҚЫРАЎ I кел. Жылыныңқыраў, ысый баслаў.

ЫСЫҢҚЫРАЎ II ф. Сүйкеңкиреў, ысылыңқыраў.

ЫСЫРАП: ысырап етиў ф. Шығын, зая етиў, босқа жумсаў; талан-тараж етиў, жоқ етиў.

ЫСЫРАПСЫЗ кел. Талан-таражсыз, сепсиўсиз, заяланбаған, сепсимеген.

ЫСЫРАПШЫ ат. Талан-тараж етиўши, жоқ етиўши.

ЫСЫРАПЫЛ ат. Белгили бир мәўсимде болатуғын жаўын-шашын, даўыл, суўық боран. Қыста суўық пенен, ал гүзде

ысырапыл жаўын ҳәм даўыл менен гүресип бурғылаймыз (Халмуратов).

ЫСЫРАТ дин.с. Диний түсиник бойынша көпир, жәннетке өтиўде усы көпирден өтиледи, деп түсиндириледи; қыл көпир. Ертең ол дүньяға барғанда, *ысырат* көпиринен өтер жерде, тириликте еткен гүнаң менен берген қайыр-сақаўатыңды тәрезиге тең тартса керек (К.Султанов).

ЫСЫРҒЫЗЫЎ ысырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫРМАЛАЎ ф. Ийтермелеў, жылыстырыў. Дуйым журтты *ысырмалап*, Қазанның басына ентелейди (Н.Бөрекешов).

ЫСЫРТТЫРЫЎ ысырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫРТЫЎ ысырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫРТЫРТЫЎ ысырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫРЫНЫЎ ысырыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫСЫРЫЛЫЎ ысырыў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЫСЫРЫЎ ф. Жылжытыў, қозғаў, сырғанатыў, ийтериў. Өтемурат сөйлеп жүрип, қара кесеў менен ошақтағы шоқты қуманның түбине қарай *ысырды* (К.Султанов). Олар санитаркаға кесент етпеў ушын тапочкаларын кәттиң астына *ысырып*, узынына түсип жатып алды (М.Нызанов). аўыс. Басқа биреўге тәсир өткериў: турмысқа бериў, жумысынан босатыў, қутылыў т.б. Екеўимиздиң усы тәбизимизди шешемиз сезип, өз қызын меннен қутқарғысы келди ме, әйтеўир мени ерте *ысыражақ* болып он үшке келиўден «анаў айттырды, мынаў, айттырды» деп қулағыма қурт болып түсти (К.Султанов). ◊ **Ысыр-ысыр** – кейинге созылыў, шегирилиў, көширилиў, кейин қалдырылыў, қойыў. Ҳәмме тилеклерге *ысыр-ысыр* дегендей несийеге силтеп кеш жуўап берилди (С.Мәжитов). **Ысырып салыў** – шығарып салыў, бир затларды бир жерден екинши бир жерге жибериў. Салыға жантасқан малды айдап, *ысырып салып* аўылға қайтады (газетадан). Складларда қалған гезлемелерди *ысырып салады* (Айбек).

ЫСЫСЫЎ ысыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫСЫТПА ат. **1.** Адамның денесин тоңдырып, қалтыратататуғын жуқпалы кесел, безгек. Оның *ысытпа* адамдай қалтырамаған, ҳүўилдемеген жери жоқ (Қ.Досанов). Гөне *ысытпам* бар еди. – *Ысытпа* деген сөл жерде (Ш.Сейтов). **2.** *Ысытылған* аўқат, жылытпа.

ЫСЫРТТЫРТЫЎ ысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫРТЫРЫЎ ысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫТЫЎ ысыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫСЫЎ ф. **1.** Қызыў, жылыў. Жаз айының нағыз ертеден *ысып* ғыжлайтуғын таңлары жаңа күн шығып, қуяш жайып көтерилгенде ... (А.Бекимбетов). **2.** Бир затты екинши затқа сүйкеў, сүртиў, ысқылаў. Турғызсаң тамға сүйеп, бир жағына аўысқан, Суў орнына адамлар қумға қолларын *ысқан* (И.Юсупов).

ЫТҚЫЎ ф. Атлығыў, атыў, шығыў, тызғырыў, зытыў, зытлығыў. Қәйтермен нәрестелик – жаслықты, Соны көрген Айша ислеп қаслықты, Ийне дейди түйе етип көгерген, – деп көзинен *ытқып* тағы жас шықты (Т.Жумамуратов).

ЫХТИХАТ қ. ықтықат.

ЫШҚЫ ат. Адамның бир нәрсеге деген сүйиспеншилик сезими, муҳаббаты. Палўан, қыздың бир сөзли екенин, өзиниң айтқан сөзинен шыға алатуғынын көрип, оған *ышқы* артты (Ө.Айжанов). *Ышқы* аўыр дәрт екенин өз басым көрмесем де, басқадан көргеним, еситкеним бар (К.Султанов). ◊ **Ышқы зарыш шегиў** – муҳаббаттың азабын, қыйыншылығын көриў. Ишинен қыздың гәпин тәкирарлады, «*Ышқы зарын шекпеген*» (К.Султанов). **Ышқы кетиў** – кеўили кетиў, жақсы көриў, сүйип қалыў. Набада, бир шырайлы қыздың саған *ышқы кетсе*... (М.Нызанов). *Ышқы кетип* ыңыранды, Қардан аппақ етине («Қырық қыз»). **Ышқы оты лаўлаў** – муҳаббаты, сүйиўшилиги артыў, күшейиў. Есине алған сайын *ышқы оты лаўлап*, жигитти елитип бийҳал етип баратыр (К.Султанов). **Ышқы сезим** – сүйиспеншилик, муҳаббат сезими. «Жаманның төринде болғанша, жақсының гөринде бол» деген *ышқы сезими* қыз жүрегинде туўлап, толқыды (К.Султанов).

ЫШҚЫЛЫ кел. **1.** Қолайлы, ыңғайлы. *Ышқылы* жерге қол салып, Жүзлеринен поса алып, Сулыў қыздан мийри қанды («Мәспатша»). **2.** Ойынпаз, қумарпаз. *Ышқылы*, йошлы, қумарпаз, Байраққа ат шаптырған («Ер Зийўар»).

ЫШҚЫ-МУҲАББАТ ат. Ашықлық, сүйиўшилик. Абырайлы басланған гүрриңниң аяғы *ышқы-муҳаббат* ертеги менен питеди (Ж.Аймурзаев).

ЫШҚЫНДЫРЫЎ ышқыныў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫШҚЫНЫЎ ф. Шыңғырыў, шырлаў. Қыздың усылай *ышқынған* даўысы шыққан ўақытта адамлардың: «айда-айда» деген ғаўырлысы менен арба арқаға қарай жылысты

(К.Султанов). Әлле жылай-жылай жас булағы кесилип қалды ма я жас балалардың алдында егитилмейин деди ме, әйтеўир еки-үш мәртебе ишти кернеп келген ҳәсирет толқынын *ышқынып* қайтарып, солығын басып алды (К.Султанов).

ЫШҚЫПАЗ кел. Ҳәўескер, қумар. Жас адамның кеўили *ышқыпаз* келер, Өмир гөззаллығын сүймей жүре алмас (И.Юсупов).

ЫШҚЫР ат. Шалбардың, ыштанның белдемесинен өткерип байлаў ушын арнаўлы исленген зат, баў. Бир қолы менен *ышқырын* көтерип қасынады (Н.Дәўқараев). Бул рет те сол аўҳал тәкирарланбасын деп болыўдан *ышқырымды* услаўым менен ҳәжетке жуўырдым (М.Нызанов).

ЫШҚЫРДАЙ кел. Ышқыр сыяқлы, ышқырға уқсаған.

ЫШҚЫРЛЫҚ I ат. Шалбардың, ыштанның баў өткизетуғын жери. Орнынан өрре тура *ышқырлығына* қолын апарды (Ж.Аймурзаев).

ЫШҚЫРЛЫҚ II кел. Ышқырға боларлық, жетерлик, ышқырға тән, тийис.

ЫШҚЫРЫНЫЎ ышқырыў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЫШҚЫРЫСЫЎ ышқырыў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЫШҚЫРТТЫРТЫЎ ышқырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫШҚЫРТЫЎ ышқырыў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЫШҚЫРЫЎ ф. Жылаў, шырлаў, изин үзбей шырылдаў.

ЫШҚЫСТА қ. ишқыста. Қапа, қайғы, уўайымлы. Өтемурат атамның қолында *ышқыста* еди, жаныўар! – деп қупыя айтты (К.Султанов).

ЫШТАҚ кел. Ықласлы, қумар. – Биреўи қазақ қызы, үйдеги ше, өзи де оқыўға *ыштақ*, – деди Мәдияр еле қабағын жазбастан (Ш.Сейтов).

ЫШТАН ат. Узын балақлы шалбар сыяқлы кийим. Ал енди сениң бизиң үйде күнделикли жейжақ, ишежақ чайыңды, аўқатыңды, кийежақ көйлек-*ыштаныңды* питкерген исиңе, хызметиңе, ғайратыңа қарап беремен (А.Бекимбетов). Шашына ақ енген кисилерден баслап, еле *ыштанының* оңы-терисин дурыслап айыра алмай жүрген балаларға дейин (М.Нызанов).

ЫШША ат. Адамның суўыққа тоңғанда, аязлағанда шығаратуғын сеси. Жалаң аяқ суўға түсти де жылан шаққандай «*ышша*» деп тартып алды («Әмиўдәрья» ж.).

ЫШЫҚЛЫ қ. ышқылы.

Э

Э ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң ҳәриби ҳәм усы ҳәриптиң аты. **2.** Аўыздың керилип ашылыўы ҳәм езиўдиң тартыўынан пайда болатуғын даўыслы сес. **3.** Э ҳәриби экономика, экскурсия поэма, поэзия ҳәм т. б. сөзлердиң басында, ортасында ушырасады ҳәм де эй! эх! эҳ! сыяқлы үндеўлик мәнидеги сөзлерде де жазылады.

ЭБОНИТ ат. тех. Тәбийғый яки синтетикалық каучукты күкирт пенен беккем вулканизациялаў нәтийжесинде пайда болған, яғный ҳәр түрли жумысларда электротехникада изоляция материалы ретинде кең қолланылатуғын қара түсли қатты материал.

ЭВАКУАЦИЯ ат. Урыс ҳәрекетлери яки тәбият апатшылығы қәўпи болып атырған ўақытлары қолайлы деп есапланған орынлардан адамларды, кәрханаларды, мәкемелерди, затларды, үскенелерди басқа екинши бир жерге көшириў, урыс орнынан жарадарларды тылға тасыўға әскерлерди саўаш болып атырган районнан алып шығыў.

ЭВАКУАЦИЯЛАЎ ф. **1.** Эвакуация етиў. **2.** Белгили бир заттан, қурамнан қандай да болса бир нәрсени айырып алыў. Еритиндиден аммиакты эвакуациялаў.

ЭВАКУАЦИЯЛЫҚ кел. Эвакуацияға байланыслы, эвакуацияға тийисли, эвакуацияға тән.

ЭВАЛИПТ ат. бот. Тез өсетуғын ҳәм оғада үлкен Австралиядан Қаратеңиз жағасына алып келип акклиматизация (климатласыў) етилген ағаш.

ЭВАЛЬВАЦИЯ баҳалаў, баҳа, баҳаны анықлаў; муғдар, сапа, жарамлылық ҳәм тағы басқаларды белгилеў; мағлыўматлар, жағдайын анализ қылыў.

ЭВЕН ат. Охот теңизиниң бойында, Якутияның арқа жағасында жасаўшы халық.

ЭВЕНК ат. Эвенк миллий округинде жасаўшы тийкарғы халық ҳәм сол халықтың айырым адамы.

ЭВИКЦИЯ пуқаралық ҳуқықында сатыў пайытында жүзеге келген тийкарлар бойынша қарыйдардан ол сатып алған мүлкти

бийганаластырыў. Эвикция жүз берген жағдайда сатыўшы жеткизилген зыянды қарыйдарға толығынша қаплаўы керек.

ЭВОЛЮЦИОНИЗМ ат. **1.** Барлық нәрсе бәрқулла раўажланыў, өсиў, өзгериў жағдайында болады деген пикирди қоллайтуғын тәлиймат. **2.** өсиў процесинде революциялық раўажланыўды хәм сапалық өзгерислерди бийкарлайтуғын буржуазиялық философиядағы және илимдеги бағыт.

ЭВОЛЮЦИОНИСТ ат. Эволюционизмниң тәрепдары.

ЭВОЛЮЦИОНИСТЛИК кел. Эволюционизмге тийкарланған, эволюционизмге негизленген, эволюционизмге байланыслы, эволюционизмге тән.

ЭВОЛЮЦИЯ ат. **1.** Бир нәрсениң өсиў, өзгериў, бир жағдайдан екиншисине өтиў процеси. **2.** филос. Сан жағынан әсте-ақырын өзгерип сапа жағынан өзгерис әкелетуғын раўажланыў формасы. **3.** әс. Қатарларының өзгериўине, басқаша топарланыўына байланыслы түрде кораблълердиң хәм әскерлериниң ҳәрекетлери, стратегиялық яки тактикалық әскерий ҳәрекетлер, маневрлар.

ЭВФЕМИЗМ ат. лингв. Қандай да бир себеплер менен сол қәлпинде айтыўға қолайсыз яки қолланыўға болмайтуғын сөзлердиң, сөз дизбеклериниң сыпайыластырылып айтылыўы яғный сыпайы сөз. Мәселен, «өлди» деўдиң орнына «қайтыс болды», «қазаланды», «жан тапсырды», «туўды» деўдиң орнына «көз жарды», «жас босанды», «босанды» хәм т. б.

ЭВФОНИЯ ат. әд. Сөзлердиң қулаққа жағымлы еситилиўи ушын қолланылатуғын ҳәр қыйлы фонетикалық усыллардың жыйынтығы.

ЭГОИЗМ ат.өзиниң жеке мәпин жәмийеттиң хәм басқа адамлардың мәплеринен жоқары қойыўшылық, өзимшиллик, мәпгөйлик.

ЭГОИСТ ат. Тек өзиниң жекке мәпин ойлаўшы адам, қара басының ғамын ойлаўшы киси.

ЭГОИСТЛИК кел. Мәпгөйлик, өзимшиллик.

ЭДИФАКТ басқарыў, саўда-сатықта хәм транспортта мағлыўматларды электрон тәризде алмастырыў ушын универсал қағыйдалар.

ЭКВАТОР ат. геогр. Жер шарының ортасынан өтип, оны арқа хәм қубла полюсларға бөлетуғын қыя сызық.

ЭКВИВАЛЕНТ ат. **1.** Бир нәрсеге барабар, тең, теңбе-тең келетуғын екинши нәрсе. **2.** Экон. Басқа бир нәрсениң яғный оның қунының орнына журетуғын товар хәм оған тең келетуғын екинши бир зат, товар. **3.** хим. Бир бөлек водородқа

қосылатуғын яки бул бөлекке айырым қосылмаларды алмастырып туратуғын элемент муғдары.

ЭКЗАМЕН ат. **1.** Қандай да бир нәрсени тексериў, сынаў. **2.** имтихан.

ЭКЗАМЕНАТОР ат. Экзамен алатуғын муғаллим. Экзаменатор классқа кирди.

ЭКЗЕМА ат. мед. Ириңли бөртиклер шығып, қышыйтуғын тери аўырыўы, қышыма.

ЭКЗЕКЛАТУРА ат. **1.** Бир мәмлекеттеги суд қарарының басқа мәмлекетте орынланыўы. **2.** Қабыл етиўши мәмлекет хәкимиятының консулдың тән алыныўын тастыйықлаўшы рәсмий хүжжет.

ЭКЗОГАМИЙ ат. Туўысқан ағайин, хожалық арасында некелесиўге қарсылық тыйым.

ЭКЗОТИКА ат. Шет хәм узақ еллерге тийисли болған, лекин басқа да ел адамларына тән көринерлик тәбият, турмыс т. б.

ЭКЗОТИКАЛЫҚ ЛЕКСИКА ат. Басқа тиллерден өзлестирилген, сөйлесиўде айрықша өзине тән өзгешеликке ийе болған сөз хәм сөз дизбеклери.

ЭКИПАЖ I ат. Пассажирлер минип жүретуғын кишкене жеңил пайтон арба.

ЭКИПАЖ II ат. **1.** Корабльдиң, самолёттиң, танктың хәм т. б. командасы. **2.** Теңиз пехотасының (пиядасының) жағадағы әскерий бөлими.

ЭККАУНТИНГ финанслық информациялардың хәр қыйлы түрлерин топлаў, қайта ислеў, классификациялаў, анализ қылыў хәм рәсмийлестириў менен байланыслы болған бизнестиң функционал тараўы.

ЭКЛЕКТРИЗМ ат. Бир нәрсени тусиндириўде хәр түрли қарама-қарсы философиялық көзқарасларды, теориялық шәртлерди, сиясий жуўмақларды қалай болса солай тийкарсыз қосыў.

ЭКЛЕКТИКА хәр түрли қараслар, теориялар, усыллардың хеш қандай жаңалық алып келмейтуғын, ойлаўсыз механикалық араласып кетиўи.

ЭКЛЕКТИКА қ. эклектизм.

ЭКЛЕКТИКАЛЫҚ кел. Эклектизмге тийкарланған, байланыслы, эклектизмге тән. Олар өзиниң философиясын эклектикалық дәмсиз быламықтан қалпып алып хәм оқыўшыларды усы быламық пенен сыйламақта.

ЭКОЛОГИЯ ат. Хайўанатлар менен өсимлик дүньясының өз ара қатнасын изертлейтуғын биология илиминиң тараўы.

Қарадринаның *экологиясы* эксперименталь жақтан елеге шекем толық тексерилмегени сезиледи (Г.Шамуратов).

ЭКОЛОГИЯЛЫҚ МАШҚАЛАЛАР ат. Инсаниятты ис-ҳәрекети ҳәм мийнет искерлиги нәтийжесинде қоршаған орталыққа жеткерилген зыян.

ЭКОНОМ ат. **1.** Қоспа сөзлердиң «экономикалық» деген мәнисин билдиретуғын биринши бөлеги. **2.** Хожалық жумысларына басшылық етиўши хызметкер. **3.** қ. экономист.

ЭКОНОМИКА ат. **1.** Жәмийеттиң өндирис күшлерине ылайықласқан сол жәмийетлик дүзилистиң өндирис қатнасларының жыйынтығы. **2.** Мәмлекеттиң, елдиң хожалық турмысының улыўма жағдайы, аҳўалы. Елдиң экономикасының раўажланыўы. Санаат экономикасы. **3.** Хожалықтың қандай да бир тараўының финанс-материаллық структурасы, аҳўалы, жағдайы. Аўыл хожалық экономикасы. **4.** Хожалық тараўының белгили бир тәрепин изертлейтуғын илимий пән.

ЭКОНОМИКАЛЫҚ кел. Экономикаға тийисли, байланыслы, қатнасы бар. Экономикалық кризис. Экономикалық сиясат.

ЭКОНОМИСТ ат. Экономика ҳәм экономикалық илимлер бойынша қәниге адам. Институттың бас экономисти.

ЭКОНОМИЯ ат. **1.** Бир нәрсени жумсаўда пухталық, үнемлилик. **2.** Пайда, кирис, түсирим. **3.** Қысқа ҳәм түўел есапланған жуўмақ.

ЭКОНОМЛАЎ ф. Үнемлеп жумсаў, ысырап етпеў. Қурылыс материалларын экономлаў.

ЭКОЦИД ат. Инсаниятқа ҳәм пуқаралар өмирине, денсаўлығына, қоршаған орталыққа жеткерилген зыянның қәўиплилик дәрежеси. Кейинги жылларда халықаралық ҳуқықта экоцид халықаралық жынаят типине киргизилмекте.

ЭКРАН ат. **1.** Ҳәр түрли нурлардан, ыссылықтан аман сақлап қалыў ушын қолланатуғын жылжымалы қапы. **2.** Нурлардың жәрдеми арқалы берилген сүўретлерди, белгилерди қайта көрсететуғын үсти тегис ақ материал ямаса дийуал. **3.** аўыс. Кинофильмлер, киномәденият.

ЭКСКАВАТОР ат. өзи жүрип қазатуғын ҳәм топырақты, тасты, кумды және басқа нәрселерди ҳәр түрли транспортқа жүклейтуғын машина. Экскаваторды жумысқа түсириў.

ЭКСКАВАТОРШЫ ат. Экскаватор айдаўшы адам, экскаваторды басқарыўшы, экскаваторды меңгериўши киси.

ЭКСКРЕМЕНТ ат. Организмниң бөлип шығаратуғын заты.

ЭКСКУРС ат. Тийкарғы темаға байланыслы басқа бир тысқары мәселелерге өтиў.

ЭКСКУРСАНТ ат. Экскурсияға қатнасыўшы адам, киси.

ЭКСКУРСИЯ ат. **1.** Билим алыў, танысыў ямаса кеўил көтериў мақсети менен бир жаққа ислеген сейил, сапар. **2.** Усындай сейилге қатнасыўшылардың бир топары, группасы.

ЭКСКУРСИЯШЫ ат. **1.** Экскурсияға қатнасыўшы адам, экскурсант. **2.** Экскурсантларды баслап жүриўши киси.

ЭКСПАНСИЯ ат. сияс. өзиниң сиясий ҳәм экономикалық тәсирин басқа еллерге (мәмлекетлерге) таратыў, жайыў арқалы жаңа аймақларды ҳәм сыртқа шығарып сатыў базарларын күш пенен басып алыў сиясаты.

ЭКСПАТРИАНТ ўатанды тәрк етиўге мәжбүр болған ҳәм әдетте пуқаралығын жоғалтпайтуғын эмигранттан айырмашылығы пуқаралығынан айырылған шахс.

ЭКСПЕДИТОР ат. **1.** Қандай да бир нәрселерди, затларды газета-журналларды, хат-хабарларды бир жаққа жибериў ямаса қабыл етип алыў жумыслары менен шуғылланыўшы адам.

ЭКСПЕДИТОРЛЫҚ ат. Экспедитор ўазыйпасы, экспедиторға тән.

ЭКСПЕДИЦИЯ ат. **1.** Арнаўлы тапсырма ҳәм мақсет пенен шыққан бир топар адамлардың, отрядтың саяхаты. Археологиялық экспедиция. Диалектологиялық экспедиция. **2.** Усындай саяхаттың қатнасыўшылар топары, отряды. **3.** Қандай да бир жүкти, почтаны ҳәм т. б. тийисли орынларға жибериў, таратыў. **4.** Затларды тийисли орынларына жибериў ҳәм узатып турыў мәкемеси яки бөлими.

ЭКСПЕДИЦИЯШЫ ат. Экспедицияға қатнасыўшы, экспедиция арзасы, қурамы.

ЭКСПЕРИМЕНТ ат. **1.** Илимий мақсетте қойылған тәжирийбе. Химиялық эксперимент. **2.** Бир нәрсениң қандай да бир усыл менен иске асыў ямаса аспаўын сынап көриў. Лабораториялық эксперимент.

ЭКСПЕРИМЕНТАЛЬЛЫҚ кел. **1.** Экспериментке байланыслы, эксперимент болатуғын. Экспериментальлық көрсеткишлер **2.** Экспериментке тийкарланған. Экспериментальлық фонетика.

ЭКСПЕРИМЕНТАТОР қ. Экспериментши.

ЭКСПЕРИМЕНТШИ ат. Эксперимент жургизиўши, эксперимент (койыўшы киси, сынақтан өткериўши).

ЭКСПЕРТ ат. Қандай да бир шийеленискен мәселени шешип өзиниң жуўмағын беретуғын арнаўлы қәниге, экспертиза жасаўшы адам. Суд эксперти, экспертлер комиссиясы.

ЭКСПЕРТИЗА ат. Қандай да бир мәселе бойынша дурыс жуўмақ шығарыў ушын экспертлер тәрепинен жүргизилген тексериў, изертлеў. Илимий экспертиза. Экспертизаға жибериў.

ЭКСПЕРТЛИК кел. Экспертке байланыслы, экспертке тийкарланып тексерип, сынап көретуғын, Экспертлик комиссия.

ЭКСПЕРТ БАҲАЛАЎ экспертлердиң ой-пикирлерине тийкарланған процесслер ямаса ҳәдийселердиң муғдар ҳәм сапа тәрептен баҳаланыўы.

ЭКСПЕРТ БАҲАСЫ белгили бир тараўда қәнигелерден алынған баҳа.

ЭКСПИРАЦИЯ ат.Сеслердиң жасалыўының тийкары болған ҳаўа ағымының даўыс каналы бойлап ҳәрекети.

ЭКСПЛАНТАЦИЯ ат. биол. Клетканы организмнен бөлек жасатыў бойынша эксперименталлық усыл, метод.

ЭКСПЛУАТАТОР ат. Мийнеткешлерди езип жумсап, олардың мийнетинен табылған пайданы өзине алыўшы адам, езиўши, жәбирлеўши. Эксплуататор класы.

ЭКСПЛУАТАТОРЛЫҚ кел. Езиўшилик, жәбирлеўшилик.

ЭКСПЛУАТАЦИЯ ат. **1.** Қандай да бир мақсет пенен машиналарды, қурылысты, тәбийғый байлықларды ҳәм т.б. пайдаланыў.

ЭКСПЛУАТАЦИЯЛАНЫЎ эксплуатациялаў фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЭКСПЛУАТАЦИЯЛАСЫЎ эксплуатациялаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЭКСПЛУАТАЦИЯЛАТЫЎ эксплуатациялаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЭКСПЛУАТАЦИЯЛАТТЫРЫЎ эксплуатациялаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЭКСПЛУАТАЦИЯЛАЎ ф. **1.** Езип жумсаў, биреўдиң мийнетинен пайдаланыў. **2.** Ислетиў, дурыс жумсаў яғный машиналарды, қурылысларды, темир жолларды ҳәрекетке келтириў, пайдаланыў.

ЭКСПЛУАТАЦИЯЛАЎШЫ ат. Жумсаўшы, пайдаланыўшы. Эксплуатациялаўшы.

ЭКСПОЗЕ ат. **1.** Қандай да бир хүжжеттиң, шығарманың ҳәм тағы басқалардың қысқаша анлатпасы, белгили бир хүжжеттен алынған үзинди. Экспозе дүзиў. **2.** Хүкимет

ўәкилиниң парламентте ағымдағы сиясаттың белгили бир мәселеси бойынша қысқаша билдириўи. Экспозе менен шығыў.

ЭКСПОЗИЦИЯ ат. **1.** әд. Әдебий шығарманың кирис бөлими. **2.** муз. Музыкалық шығарманың тийкарғы мазмуны жөнинде кирис бөлими. **3.** Көргизбеде экспонатлардың жайластырылыўы.

ЭКСПОЗИЦИЯЛЫҚ кел. **1.** Экспозиция болып есапланған. **2.** Экспозиция ушын белгиленген. Экспозициялық зал.

ЭКСПОНАТ ат. Көргизбеге экспонат яки экспонатлар қойыўшы ҳәм бериўши адам ямаса шөлкем.

ЭКСПОНАТ ат. Көргизбеге, музейге адамлар көриў ушын арнап койылған зат, буйым. Музейге жаңа экспонатлар келди.

ЭКСПОНЕНТ қандай да буйымды көргизбеге қойыўшы шахс ямаса шөлкем.

ЭКСПОРТ ат. **1.** Товарларды сатыў ушын шет мәмлекетлерге алып шығыў. **2.** Шет еллерге шығарылған өнимниң улыўма көлеми, бақасы ҳәм де шығарылған өнимниң өзи.

ЭКСПОРТ ДИВЕРСИФИКАЦИЯСЫ ат. Шет елге сатылып атырған товарлар ҳәм хызметлер номенклатурасының кеңейиўи, жәми экспортта бөлек товар ямаса хызмет түри үлесиниң кеңейиўин тоқтатыў, өнимлеримиз экспорт қылынып атырған мәмлекетлер географиясын кеңейтиў.

ЭКСПОРТЕР ат. Шет еллерге сатыўға зат шығарыўшы мәкеме ямаса жеке адам.

ЭКСПОРТ КВОТАСЫ (инглз. квота) – арнаўлы бир товарларды экспортқа ислеп шығарыў ҳәм жеткезип бериўдиң белгиленген көлеми.

ЭКСПРЕСС ат. Тек ири станцияларда тоқтап, жүдә тезлик пенен жүретуғын узақ аралыққа арналған автобус, поезд, пароход ҳәм т. б. сыяқлы транспорт.

ЭКСПРЕССИЯ ат. Ҳәр қыйлы сезимлердиң тил бирликлери арқалы аңлатылыўы.

ЭКСПРОПРИАЦИЯ ат. **1.** Мүликти күш пенен ҳәм рәсмий түрде тартып алыў. **2.** Бир жәмийетлик класстың екинши бир жәмийетлик класстан өндирис қуралларын ерксиз түрде тартып алыўы.

ЭКСПРОПРИАЦИЯЛАЎ ф. Экспроприацияға дуўшар етиў.

ЭКСТЕРН ат. **1.** Оқыў орынларында оқымастан тийисли имтиханларды өзинше оқып тапсырыўшы.

ЭКСТЕРНАТ ат. Қандай да болса оқыў орнының қасында оқыў курсын өзлигинен өтиў ҳәм имтихан тапсырыў.

ЭКСТРА ат. Заттың, товардың ең жоқары хәм ең жақсы сорты. Экстра чай.

ЭКСТРАДАЦИЯ ат. бир мәмлекеттиң өз пуқарасын басқа (сырт ел) мәмлекет ықтыярына тапсырыўы. Егер де бул нәрсе мәмлекеттиң халықаралық шәртнамаларында көрсетилмеген болса, пуқараларды басқа мәмлекет ықтыярына тапсырыў мүмкин емес.

ЭКСТРАЛИНГВИСТИКА ат. Филологияның этник, социал -тарийхый, географиялық хәм басқа факторларды тилдиң раўажланыўы хәм ўазыйпасы менен байланыслы хәдийселер ретинде үйрениўши тараўы.

ЭКСТРАНЕТ (инглз.) – арнаўлы бир сыртқы пайдаланыўшыларға руқсат берилген ишки тармақ. Экстранет тармақларына тийкарланып әйне сол тармақ ағзалары ортасында информация қупыялылығы хәм конфедициаллығын сақлаўшы түрли шөлкемлер арасында узақ аралықтағы тапсырмаларды орынлаў хәм мағлыўматлар алмасыў ушын пайдаланылады.

ЭКСТРЕМИЗМ ат. Сиясатты алып барыўда бир нәрсеге шектен тыс жаман көзқарастың хәм қатты шаралар қолланыўдың тәрепинде болыўшылық.

ЭКСТРЕМИСТ ат. Экстремизмниң тәрепдары. Израиль экстремистлери.

ЭЛАСТИК I ат. **1.** Синтетикалық талшықтан арнаўлы таярланған созылыўшы, ийилиўши зат, резинка, созылғыш, майысқақ зат. **2.** Созылатуғын синтетикалық талшық, мамық.

ЭЛАСТИК И кел. Созылатуғын, созылғыш, майысқақ.

ЭЛАТИВ кел. Келбетликтиң белгиниң артық дәрежесин көрсетиўши формасы.

ЭЛЕВАТОР ат. **1.** Хәр қыйлы механизмлер менен үскенеленген үлкен дән сақлағыш. **2.** тех. Жүклерди биринши орыннан екинши орынға апарыўшы машина, механизм яки механизмниң бир бөлеги. Линотип элеваторы. **3.** тех. Ысытыў системаларында суўып қайтқан суўды ыссы суў менен араластырыў ушын хызмет ететуғын механизм, әсбап, қурал.

ЭЛЕГИЯ ат. **1.** әд. Қапашылық сезим менен жазылған лирикалық қосық. **2.** муз. Қапашылық сезим менен жазылған музыкалық шығарма. **3.** аўыс. Қайғы, муң, уўайым.

ЭЛЕКТР I ат. **1.** Зарядланған бөлекшелердиң яғный электрон, протон, позитрон т. б. өз ара тәсири, хәрекети нәтийжесинде пайда болған физикалық хәдийселер жыйнағы. **2.** Турмыста хәм

халық хожалығында пайдаланылатуғын энергияның түри. **3.** Ток пенен пайда болатуғын жарықлық, лампа.

ЭЛЕКТР II кел. **1.** Электрге тийисли, байланыслы. Электр токы. **2.** Энергияны пайда ететуғын, энергияны беретуғын, энергияны шығаратуғын. Электр батареясы. Электр аккумуляторы. **3.** Энергия жәрдеми менен ислейтуғын. Электр утюги. **4.** Электрдиң жәрдеми менен ислеўши зат. Электр рекламасы.

ЭЛЕКТРИК ат. Электр қуўаты менен байланыслы жумыслардың техник хызметкери.

ЭЛЕКТРЛЕСТИРИЎ ф. Барлық зәрүрли орынларды электр менен тәмийин етиў.

ЭЛЕКТРОВОЗ ат. Электр қуўаты менен жүретуғын электр двигательли локомотив.

ЭЛЕКТРОД ат. физ. **1.** Электр токын өткизиўши пластинка, стержень, сым. **2.** Машинаның ямаса басқа нәрсениң электр менен еритип жабыстырғанда яки кескенде ислейтуғын затларға ток беретуғын бөлеги.

ЭЛЕКТРОДВИГАТЕЛЬ ат. тех. Электр энергиясын механикалық энергияға айландыратуғын машина, электр двигатели.

ЭЛЕКТРОДИНАМИКА ат. физ. Электр зарядларының өз ара тәсир етиўин және соған байланыслы қубылысларды изертлейтуғын физиканың бөлими.

ЭЛЕКТРОКАРДИОГРАММА ат. мед. Жүректиң согыўының электрокардиограф тәрепинен исленген графикалық көриниў картинасы, ийрек сызылмасы.

ЭЛЕКТРОКАРДИОГРАФ ат. мед. Жүректиң етлеринде болатуғын электр импульсларын жазып алатуғын электр әсбабы.

ЭЛЕКТРОКАРДИОГРАФИЯ ат. мед. Электрокардиограф жолы менен жүректиң электр импульсларын жазып алыў усылы яғный электр импульсларын графикалық түрде жазып алып, тексериў усылы.

ЭЛЕКТРОЛИТ ат. физ. Электр токын жибергенде қоспалы бөлеклерге ажыралатуғын химиялық зат.

ЭЛЕКТРОМАГНИТ ат. Сырты изоляцияланған сым арқалы ток өткергенде магнитланатуғын темир яки полат бөлеги, темир өзекли сым оралған катушка, түте, найша.

ЭЛЕКТРОМАГНИТЛИК кел. физ. Электромагнитке байланыслы, қатнаслы.

ЭЛЕКТРОМЕТАЛЛУРГИЯ ат. Металлургияда электр энергиясы жәрдеми менен жетистиретуғын санаат.

ЭЛЕКТРОМЕТР ат. физ. Электр қуўатын, потенциалларын өлшейтуғын әсбап.

ЭЛЕКТРОМЕХАНИК ат. Электромеханика бойынша қәниге.

ЭЛЕКТРОМЕХАНИКА ат. Электротехниканың электр энергиясы менен ислейтуғын двигательлер, машиналар ҳәм механизмлерди қурыў ҳәм иске асырыў менен шуғылланатуғын бөлими.

ЭЛЕКТРОМЕХАНИКАЛЫҚ кел. Неде болса да электр менен механиканық тәсир етиўине тийкарланған, негизленген.

ЭЛЕКТРОМОНТАЖ ат. Электр үскенелерин, қурылысын монтажлаў жумысы.

ЭЛЕКТРОМОНТАЖШЫ ат. Электромонтаж бенен шуғылланыўшы, усы истиң маманы, қәнигеси.

ЭЛЕКТРОМОНТЁР ат. Электр үскенелерин өткериў, қурыў, оңлаў жумысларын басқарыўшы қәнигели хызметкер.

ЭЛЕКТРОМОТОР ат. **1.** Электр энергиясын механикалық энергияға айландыратуғын машина, электр моторы, электр двигатели. **2.** қ. Электродвигатель.

ЭЛЕКТРОН I ат. **1.** физ. Кери (терис) зарядлы оғада кишкене элементар бөлекше. **2.** Мықлы ҳәм сынбайтуғын бөлекшелерге ийе болған алюминий менен магний еритпеси.

ЭЛЕКТРОН II кел. **1.** Электрон қәсийетлерин қолланыўға негизленген. Электрон лампалар. **2.** Электронлы исленген, таярланылған, электронлы.

ЭЛЕКТРОН МАРКЕТИНГ (инглз. Electronic marketing; E-marketing) – тутыныў базарын анықлаў ҳәм белгилеў электрон қуралларынан пайдаланатуғын қоспа маркетинг.

ЕЛЕКТРОН ПОЧТА (инглз. electronic mail) – E-mail термининиң қысқа аңлатылыўы ҳәм аўдармасы. Бул сервер деп аталыўшы ғәрезсиз орайлық компьютер жәрдеминде Интернет тармағында индивидуал – жеке тәртипте пайдаланыўшылар ортасында хабарлар ҳәм компьютер файлларын алмасыў системасы болып табылады.

ЭЛЕКТРОН ПУЛ ат. Есап-санақларды электрон есаплаў машиналары жәрдеминде әмелге асырыў ушын қолланылатуғын электрон карточка, оның ядына пул ийесиниң әмелдеги есабындағы пул суммасы жазылған болады.

ЭЛЕКТРОН САЎДА (инглз. E-соттегсе) – Интернет арқалы әмелге асырылатуғын коммерциялық питимлер ҳәм келисимлер группасы. Әне сол процесслерди автоматластырыў ушын арнаўлы программалық тәмийнаттан пайдаланылады. «Электрон шоппинг» электрон коммерцияға айқын бир мысал

болып табылады. Бул әмелият өним таңлаў, сатып алынған зат, есап, усыныс етиў ҳәм пул төлеўди өз ишине алады.

ЭЛЕКТРОНИКА ат. Электрон процесслери ҳаққындағы илим ҳәм электронлы затларды ислеп шығарыў, оларды қолланыў техникасының тараўы.

ЭЛЕКТРОПОЕЗД ат. Электродвигательлер менен ҳәрекетке келетуғын арнаўлы вагонлар секциясынан ибарат пассажир поезд, электр қуўаты менен журетуғын поезд.

ЭЛЕКТРОСВАРКА ат. тех. Металларды электр токы менен еритип жабыстырыў, электр токының жәрдеми менен еритип жалғаўдағы усыл, жол.

ЭЛЕКТРОСВАРЩИК ат. тех. Металларды электр токы менен еритип жабыстырыў исиниң маманы, электросварка қәнигеси, электр менен кепсерлеўши.

ЭЛЕКТРОСТАНЦИЯ ат. Электр энергиясын ислеп шығарыўшы кәрхана.

ЭЛЕКТРОТЕРАПИЯ ат. мед. Емлеўде электрден пайдаланыў иси.

ЭЛЕКТРОТЕРМИЯ ат. Электротехниканың ток өткергенде пайда болатуғын жыллылық пенен ҳәр түрли затларды ысытыў ҳәм еритиў ушын пайдаланылатуғын бөлеги.

ЭЛЕКТРОТЕХНИК ат. Электротехника бойынша маман, қәниге.

ЭЛЕКТРОТЕХНИКА ат. **1.** Электр энергиясынан белгили бир мақсетте пайдаланыў жоллары ҳәм усыллары ҳаққындағы илим. **2.** Техникалық электр әсбап-қуралларына, үскенелерине ҳәм олардан пайдаланыўға байланыслы тараўы.

ЭЛЕКТРОТЕХНИКАЛЫҚ кел. Электротехникаға байланыслы, электр әсбап-қуралларын, үскенелерин ҳәм машиналарды ислеп шығарыў, олардан пайдаланыў техникасына тийисли, электротехник приборлар.

ЭЛЕКТРОТРАКТОР ат. Электр двигатели менен ҳәрекетке келетуғын трактор.

ЭЛЕКТРОХОД ат. Двигатели электр энергиясының күши менен ҳәрекетке келетуғын кеме.

ЭЛЕКТРОЭНЕРГИЯ ат. Электр токы энергиясы.

ЭЛЕМЕНТ ат. **1.** Бир нәрсениң қурамлық бөлеги. **2.** Қандай да бир нәрсениң қурамында сырттан кирип араласып жүрген қосынды. Қарақалпақ тилиндеги араб-иран элементлери.

ЭЛИЗИЯ ат. лингв. Еки сөздеги қоңсылас сөзлердиң бир сес пайда етиў ямаса олардың биреўиниң түсип қалыўы.

ЭЛИНЛЕР ат. Әййемги греклердиң аты.

ЭЛЛИПС ат. Конус яки цилиндрди басқа бир тегислик пенен кесиў нәтийжесинде пайда болған туйық сызық.

ЭЛЛИПСИС ат. лингв. Контекстте түсиниўге зыян келтирмейтуғын сөзлерди таслап кетиў.

ЭЛИТ: элита ат. өсириў ушын сапасы жағынан ең жақсы сайланды, сапалы, таңлаўлы. Элит туқымлық. Элита қара мал. ◊ **Элит хожалығы** – ең жақсы туқымлық яки нәсилли малларды жетистириў менен шуғылланатуғын аўыл хожалық мәкемеси, станциясы.

ЭМАЛЬ ат. **1.** Металл затлардың беккемлениўи ушын жағып жабыстырылатуғын жалтыраўық сыр. **2.** Сыр менен жалтыратылған көркем затлар. **3.** Тистиң сыртқы қабатын қаплап алған жалтыраўық қатты зат.

ЭМБАРГО ат. юр. **1.** Басқа еллерге зат шығарыўды ямаса зат әкелиўди қадаған етиўшилик. **2.** Сырт еллердиң кемелерине мәмлекет портларына кириўге ямаса шығып кетиўине байланыслы салынған тыйым. **3.** Сырт еллерге қараслы болған мал-мүликти (мәселен кеме, әскерий қураллар) мәмлекет аймағынан шығармай услап қалыў.

ЭМБЛЕМА ат. Қандай да бир түсиниктиң яки идеяның шәртли түрде билдиретуғын белгиси, символы, сүўрети, көриниси. Тынышлық эмблемасы.

ЭМБОЛИЯ ат. мед. Қан тамырларының тоқталыўына байланыслы жиберилетуғын қатты басқа затлардың қан тамыры системасында қан яки лимфа, яғный түссиз суйықлықтың ағыўы менен күшейип жүриўи.

ЭМБРИОГЕНЕЗ ат. биол. Эмбриональлық өсиў процеси.

ЭМБРИОЛОГИЯ ат. Эмбрионлардың раўажланыўын изертлейтуғын биологияның тараўы.

ЭМБРИОН ат. биол. **1.** Ҳайўанның ямаса адамның дәслепки раўажланыў дәўириндеги нәсил урығы, туқымы. **2.** аўыс. Қандай болмасын пикирдиң идеяның ҳәм т. б. басланғышы.

ЭМБРИОНАЛЛЫҚ кел. биол. **1.** Эмбрионаға байланыслы. **2.** Эмбриону бар, эмбриону болған. **3.** аўыс. өсиўдиң ең дәслепкиси, шығыў ҳалында болған.

ЭМИГРАНТ ат. өз мәмлекетинен басқа елге көшип кеткен адам.

ЭМИГРАНТЛЫҚ кел. Эмигрантқа тән, эмигрантқа байланыслы, эмигрантқа тийисли.

ЭМИГРАЦИЯ ат. **1.** Ҳәр қыйлы себеплер менен өз ўатанынан басқа мәмлекетке мәжбүрий ямаса өз ерки менен көшип кетиўшилик. **2.** Сол көшип барған жердеги эмигранттың

турмыс жағдайы. **3.** Басқа мәмлекеттеги яғный эмиғрация болған адамлар, эмигрантлар.

ЭМИССИЯ қымбатлы қағазлар ҳәм пул бирликлерин мәмилеге шығарыў; пул бирликлер эмимиссияси тек мәмлекет тәрепинен, қымбатлы қағазлар болса мәмлекеттен тысқары, кәрханалар, акционерлик жәмийетлери, банклер ҳәм базардың басқа субъектлери тәрепинен әмелге асырылады.

ЭМИССИЯ БАНКИ банк түри. Айланысқа пул еки баўаналы банк системасы шараятында шығарылады. Тек ғана Орайлық банк пулды эмиссия қылыў ҳуқықына ийе.

ЭМИТЕНТ ат. Қымбатлы қағазлар бойынша белгиленген миннетлемелерди өз мойнына алған халда оны айланыска шығарыў миннетлемесин алған юридикалық шахс.

ЭМОЦИОНАЛЬЛЫҚ кел. **1.** Эмоцияға бай, эмоцияларды билдиретуғын, тез тәсирленетуғын, күшли сезимли, қызғынлы. **2.** Эмоцияға, сезимге берилетуғын, ойлап турмайтуғын, сабырсыз.

ЭМОЦИЯ ат. Қандай да бир қарым-қатнас тийкарында пайда болатуғын ҳәр қыйлы сезим, қызғынлық тәсир, күшли сезим.

ЭМПИРИЗМ ат. Айырым фактлерди, қубылысларды, изертлегенде теориялық жуўмақларға әҳмийет бермейтуғын, билиўди тийкарғы сезимниң қабыллаўында ҳәм тәжирийбеде деп таныйтуғын философиялық бағдар, ағым.

ЭМПИРИК ат. Эмпиризмниң тәрепдары, оны қоллаўшы, жолын қуўыўшы.

ЭМПИРИКЛИК кел. **1.** Эмпиризм болған, эмпиризмге байланыслы. **2.** Тәжирийбеге тийкарланған, тәжирийбеден алынған.

ЭМПИРИОКРИТИЦИЗМ ат. фил. Материаллық дүньяның объектив жасап турғанын бийкарлайтуғын ҳәм оны сана менен сезимниң бирикпелери сыпатында қарайтуғын XIX әсирдиң ақырында пайда болған стадиясы, субъективли идеалистлик философиялық ағым, махизм.

ЭНДШПИЛЬ ат. шах. Шахмат ойынының тамамланыўға шамаласқан соңғы басқышы, стадиясы.

ЭНЕРГЕТИК ат. Энергетика бойынша қәниге, энергетика менен шуғылланыўшы, энергетика маманы.

ЭНЕРГЕТИКА ат. Энергияның ҳәр қыйлы түрлерин ислеп шығарыў, оларды өзгертиў, керекли жерлерине жеткериў ҳәм пайдаланыў мәселелери менен шуғылланатуғын илим, техника менен хожалықтың тараўы.

ЭНЕРГЕТИКАЛЫҚ кел. Энергетика менен байланыслы, энергетикаға тийкарланған.

ЭНЕРГИЯ ат. **1.** Материяның тийкарғы қәсийетлериниң бири, оның қыймылының шеги ҳәм ҳәрекет етиў уқыплығы. **2.** Белгили бир мақсетке ерисиў ушын жумсалған күш, қуўат.

ЭНЕРГОПОЕЗД ат. Темир жол платформаларында яки вагонларда орналастырылған қозғалмалы электр станциясы.

ЭНТОМОЛОГ ат. Энтомология маманы, қәниғеси.

ЭНТОМОЛОГИЯ ат. Зоологияның ҳәр түрли шыбын-ширкейлерди, қурт-қумырсқаларды изертлейтуғын бөлими.

ЭНТУИАЗМ ат. Жүдә күшли жигерлилик, руўхый көтериңкилик.

ЭНТУЗИАСТ ат. Өз исине берилген адам, энтузиазм менен жумыс ислеўшилер.

ЭНЦИКЛОПЕДИЗМ ат. Билимниң тараўынан хабары болыўшылық, ҳәр тәреплеме билимлилик.

ЭНЦИКЛОПЕДИСТ ат. Ҳәр тәреплеме билимли адам, илимниң, билимниң көп тараўлары менен таныс, ҳәр тәреплеме мағлыўматлы адам, энциклопедиялық, билимге ийе киси.

ЭНЦИКЛОПЕДИЯ ат. **1.** Билимниң барлық ямаса айырым тараўлары бойынша мағлыўмат бериўши, сөзлик формасында дүзилген илимий китап. Совет энциклопедиясы. **2.** аўыс. Турмысты ҳәр тәреплеме кең түрде тәрийиплеген.

ЭНЦИКЛОПЕДИЯЛЫҚ кел. **1.** Энциклопедия болып есапланған, энциклопедия сыпатында, энциклопедиялық сөзлик. **2.** Билимниң тараўларынан хабары болған, энциклопедиялық билимлер.

ЭПИГРАММА ат. әд. қысқа түрде жазылған сатиралық қосық.

ЭПИГРАФ ат. әд. Әдебий шығарманың ямаса оның бапларының тийкарғы идеясын, мазмунын бериў ушын олардың басланған жериниң жоқарысына жазылып қойылатуғын нәсият гәп, қысқа цитата, гәп.

ЭПИДЕМИОЛОГ ат. Эпидемиология бойынша кәниге, маман.

ЭПИДЕМИОЛОГИЯ ат. Жуқпалы аўырыўлардың келип шығыў ҳәм таралыў, және оларға қарсы гүресиў илажларын яғный эпидемияларды изертлейтуғын медицина илиминиң тараўы, бөлими.

ЭПИДЕМИЯ ат. Қандай да бир жуқпалы аўырыўдың кең таралыўы.

ЭПИЗОД ат. **1.** Айырым қысқа уақыя, аўҳал, ҳәдийсе. **2.** Әдебий шығармалардан, пьесалардан, кинофильмлерден тағы басқалардан алынған бөлим, үзинди.

ЭПИЛЕПСИЯ ат. Тутқанақлы аўырыў, қояншық.

ЭПИЛОГ ат. Әдебий шығарманың жуўмақлаў бөлими, шығармадағы қаҳарманның кейинги қысқаша баянлаўшы бөлими.

ЭПИТАФИЯ эт. Қулпытас үстине жазылған жазыў.

ЭПИТЕТ ат. әд. Предметти көркем, сулыў, тәсирли етип көрсетиў ушын оған берилетуғын қосымша аныклама.

ЭПОПЕЯ эт. Эпос жанрындағы тарийхый ўақыялар сүўретленетуғын, қаҳарманлары көп, ири көлемли шығарма.

ЭПОС ат. **1.** Көркем әдебияттың лирика ҳәм драмадан айырылып туратуғын баянлаўшы яғный әңгиме түринде баянлайтуғын үшинши түри. **2.** Халық аўызеки дөретиўшилигиндеғи қаҳарманлық және қаҳарманлар ҳаққындағы дөстанлар жыйнағы.

ЭПОНИМ ат. Исми (фамилиясы) халық, орын-мәкан ҳәм басқаларға қойылған, олардың атамасы.

ЭРА ат. Жыл есабы басланған ўақыт ҳәм сол жыл есабының системасы. Бизиң *эрамызға* шекемги үшинши әсирде исленген («Әмиўдәрья» ж.).

ЭРОЗИЯ ат. **1.** геол. Топырақтың жер қабатының суў, муз яки самалдың тәсири менен толық ямаса шала бузылыўы, уныраўы. **2.** тех. Механизмниң күши ямаса электр токы менен металл сыртының бузылыўы, уныраўы. **3.** мед. Денедеги перденің сыртқы қабығының зыянланыўы, жараланыўы.

ЭРУДИТ ат. Көп оқыған, өмир тәжирийбеси мол, кең билимге ийе адам.

ЭСКАДРА ат. Әскерий теңиз ҳәм ҳаўа флотының ири бирикпеси.

ЭСКАДРИЛЬЯ ат. Бир неше звено самолётлардан қуралған әскерий авиацияның бирикпеси.

ЭСКАДРОН ат. Пияда әскерлердиң бир ротасына тең 3-4 взводтан қуралған атлы әскерлер бөлекшеси, бөлими.

ЭСКАЛАТОР ат. Адамларды көтерип шығарыў, оларды төмен түсириў ушын көбинесе метрода қолланатуғын электр токының күши менен ҳәрекетке келетуғын жылыспалы басқыш, текше.

ЭСКАЛАЦИЯ ат. Ўақыттың өтиўи менен бир нәрсениң бурынғыдан күшейиўи, көбейиўи, кеңейиўи.

ЭСКИЗ ат. Қандай да бир сүўреттиң алдын ала салынған дәслепки сүлдери.

ЭСКИМО ат. Сырты шоколадланған қапламаға оралған муз қаймақ.

ЭСКОРТ ат. Биреўлерди яки қандай нәрсе болса да қараўыллап алып жүретуғын әскерий конвой, әскерий сақшылар отряды.

ЭСПЕРАНТО ат. Батыс Европаның тиллериниң грамматикалық ҳәм лексикалық элементлерине тийкарланып дүзилген жасалма халықаралық тил.

ЭСТАКАДА ат. Көпир тәризли жер (суў) үсти қурылмасы. Темир-бетон, полат, ағаштан қурылады. Транспортты, пиядаларды өткериў, инженерлик коммуникация жумысларын алып барыўға арналған.

ЭСТАФЕТА ат. **1.** Арнаўлы адам арқалы асығыс түрде жиберилген почта, хабар. **2.** спорт. Еки команданың жуўырыў, жүзиў бойынша жарысында этапларға бөлинген аралықтағы қатнасыўшылар қолындағы шәртли заты менен жуўырып ямаса жүзип өткенше даўам ететуғын спорт ойынының бир түри. **3.** аўыс. Әўладтан әўладқа, атадан балаға өтетуғын пикир, нийет, әрман ҳәм тағы басқалар.

ЭСТАФЕТАШЫ ат. Эстафетаға қатнасыўшы.

ЭСТЕТИКА ат. **1.** Мәдениятты жәмийетлик идеологияның айрықша түри ретинде қарайтуғын философиялық тәлиймат. **2.** Биреўдиң мәдениятқа болған көзқарасларының системасы.

ЭСТРАДА ат. **1.** Тамашагөйлердиң анық көриўи ушын артистлер ҳәм оркестрге арналып исленген бийиклеў майданша, орын, сахна. **2.** Сахнада атқарылатуғын кишилеў музыкалық ҳәм драмалық шығармалар. Эстрада артисти. Эстрада театры.

ЭСТРАДАЛЫҚ кел. Эстрадаға байланыслы, эстрадаға тийисли, эстрадаға тийкарланған, тән.

ЭТАЖ ат. **1.** Жайдың, бинаның бирдей бийикликке орналасқан бөлмелерди пайда еткен үлеси. қабат. **2.** Шахта майданының таў кәни арасына орналасқан бөлеги.

ЭТАЖЕРКА ат. Китап ҳәм басқа да затларды дизип қойыў ушын қолайластырылған бир неше қабат текшели мебель түри.

ЭТАЖЛЫ кел. Жайдың, бинаның көп қатарлы түри, қабаты. Көп этажлы имаратлар.

ЭТАЛОН ат. **1.** Анық белгиленген өлшеў бирлигиниң өзгермейтуғын үлгиси. **2.** аўыс. Қандай да бир нәрсе менен салыстырыў ушын қолланылатуғын үлги, өлшеў, қәлип.

ЭТАН ат. Нефть газлери курамында болатуғын түссиз газ сыяқлы жаныўшы зат.

ЭТАП ат. **1.** Дәўир, басқыш. Қурылыстың дәслепки этапы. **2.** әс. Бир жерден екинши жерге көшкенде әскерий хызметкерлерди квартира, азық-аўқат ҳәм басқа да керекли затлар менен тәмийинлеў пункти. **3.** тар. Аўдарыспақтан бурынғы Россияда сүргинге алып баратырылған адамлар топары,

олардың жолдағы қоныс жайы ҳәм сүргин жайына шекем болған жоллары. **4.** Қандай да бир жерге конвой жиберилетуғын сүргинлер топары яки партиясы. **5.** спорт. Жуўырыў жарысларында жуўырыў ҳәм эстафета жолының белгили бир орны. **6.** Қандай да бир заттың, нәрсениң айырым үлеси. **7.** аўыс. Қандай да бир жумыстың барысындағы белгили ўақыт.

ЭТИКА ат. **1.** Моральдың түсиниги, келип шығыўы, оның раўажланыў принциплери, нормалары ҳәм жәмийеттеги тутқан орны ҳаққындағы илим, идеологияның формаларының бири. **2.** Қандай да бир жәмийетлик топарға жататуғын адамлардың белгили кәсип ийелериниң өзин-өзи тутыў нормалары. Врачлық этика.

ЭТИКАЛЫҚ ат. Этика қағыйдаларына, талапларына туўры келетуғын, этикаға байланыслы.

ЭТИКЕТ I ат. Айырым жәмийетте, жәмийетлик топар яки көсип ийелери арасында қабыл етилген қағыйдалардың жыйнағы.

ЭТИКЕТ II қ. этикетка.

ЭТИКЕТКА ат. Қандай да бир заттың аты, баҳасы, шығарған кәрханасы ҳәм т.б. көрсетилип, оған қыстырылып қойылған қағаз, белги, ярлық.

ЭТИКЕТКАЛЫ кел. Этикеткасы бар, этикеткаға ийе.

ЭТИЛ ат. хим. Көплеген органикалық бирикпелерге киретуғын ҳәм углевод пенен водород атомларынан ибарат химиялық топар. ◊ **Этил спирти** – этилден таярланған спирт. Спиртлердиң ең кең таралған түри *этил спирти* болып табылады.

ЭТИЛЕН ат. хим. Углевод пенен водородтың бирикпесинен ибарат, ҳаўаға қосылып жайылғыш затлар пайда ететуғын, тез жанатуғын реңсиз ҳәм ийиссиз газ.

ЭТИМОЛОГ ат. Этимология маманы, этимология қәнигеси.

ЭТИМОЛОГИЯ ат. **1.** Сөзлердиң келип шығыў тәрепинен изертлейтуғын тил билиминиң бир тараўы, бөлими. **2.** Қандай да бир сөздиң ямаса сөз топарының келип шығыўы.

ЭТИМОЛОГИЯЛЫҚ кел. Этимологияға тән, этимологияға байланыслы, этимологияға тийкарланған.

ЭТИМОН ат. лингв. Белгили бир тилдеги сөздиң келип шыққан жери, сөздиң тийкарғы формасы.

ЭТИОЛОГИЯ ат. мед. **1.** Аўырыўдың келип шығыў себеплери ҳәм шәртлери ҳаққындағы тәлиймат, оны изертлейтуғын илим. **2.** Аўырыўдың себеплери.

ЭТНОГЕНЕЗ ат. Халықтың келип шығыўы, шығысы.

ЭТНОГРАФ ат. Этнография бойынша қәниге, маман.

ЭТНОГРАФИЯ ат. **1.** Халықлардың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын, олардың илимий-тарийхый байланысларын изертлейтуғын илим. **2.** Белгили бир халықтың яки бир аймақтағы бир неше халықтың турмысы, мәденияты, үрп-әдетлериниң жыйынтығы.

ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ кел. Этнографияға байланыслы, тийисли, этнографияға негизленген, тән.

ЭТНОНИМ ат. Ҳәр қандай этнос (халық)тың аты. Қазақ, қарақалпақ, қырғыз, татар, т.б.

ЭТНОНИМИЗАЦИЯ ат. Меншикли яки ғалабалық атлықтың этнонимге айланыўы.

ЭТНОТОПОНИМ ат. Этнонимлерден пайда болған топонимлер. Өзбекстан, Қарқалпақстан, Найман.

ЭТЮД ат. **1.** Келешекте сүўретлеў өнеринде үлкен картинаның тутас бөлеги болатуғын бир нәрсениң тәбийғый көринисине қарап салынған сүўрет ямаса мүсин. **2.** Атқарғанда шеберликти талап ететуғын үлкен емес музыкалық шығарма. **3.** Белгили бир мәселеге арналған киширек әдебий яки илимий шығарма, очерк. **4.** Шахмат ҳәм шашка ойынларындағы утыў яки тең болыўға ерисиў ушын берилген позиция, тапсырма.

ЭФ ат. «Ф» ҳәрибиниң аты.

ЭФИР ат. **1.** Аспанның, әлемниң радиотолқынлар таралатуғын кеңислиги, ҳаўасы. Эфирге шығыў. **2.** хим. Күшли ийиси бар, органикалық бирикпе (мәселен, кислоталар менен спиртлердиң бирикпеси).

ЭФИРЛИ кел. Қурамында эфири бар, эфир беретуғын.

ЭФФЕКТ ат. **1.** Белгили бир ҳәрекеттиң тәсири, нәтийжеси. **2.** Күшли тәсир ететуғын шара, қолланба. **3.** Белгили бир нәрсени ислеўдеги оның тәрепи, қолайлы нәтийжеси. **4.** физ. Физикалық ҳәдийсе, жағдай, көринис.

ЭФФУЗИЯ ат. **1.** геол. Жер астына магманың таралыўы. **2.** физ. Газдың көзгенекленип өтип турыўы. **3.** геол. Таў жынысларының, вулканның атылыў ҳәдийсеси, процеси.

ЭШАФОТ ат. Өлим жазасын әмелге асырыў ушын исленген арнаўлы қурылыс.

ЭШЕЛОН ат. **1.** әск. Арнаўлы жүк, техника, артиллерия, танк ҳәм әскерлер тийелген поезд. Әскерий эшелон. **2.** әск. Избе-из дизилген әскерлердиң бөлеги. **3.** Жүк, адамлар яки басқа да бир нәрселерди тасыўға бекитилген темир жол қурамы, автоколонна, самолётлар ҳәм тағы басқалар топары.

Ю

Ю ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң ҳәриби ҳәм оның таңбасы, атамасы. **2.** Еки езиў тартылыңқырап, еринлердиң алга қарай созылып, ҳаўаның аўыз қуўыслығынан шығыўынан жасалатуғын бирикпели даўыслы сес. **3.** Ю ҳәриби: юрист, бюджет, эволюция, юбилей ҳәм т. б. сөзлерде йуў (йүў) бирикпеси орнына жазылып, ю ҳәриби көбинесе сөзлердиң басында, ортасында келеди.

ЮАНЬ ат. Қытай Халық Республикасында ақша бирлиги.

ЮБИЛЕЙ ат. Қандай да бир ўақыяның, мәкеменің, қаланың, мәмлекетке мийнети синген көрнекли адамлардың туўылған күнин, белгили жасқа шығыўын ҳәм басқа да нәрселердиң белгили бир жылға толыў сәнеси. Жақында профессор Қаллы Айымбетовтың *юбилейи* болып өтти,....

ЮБИЛЕЙЛИК кел. Юбилейге арналған, юбилейге тийис, юбилейге тән, юбилейге байланыслы.

ЮБИЛЯР ат. Юбилейи өткерилип атырған адам, киси, мәкеме ҳәм тағы басқа. Ҳүрметли *юбилярымыз* Қаллы аға сөзге шықты,...

ЮБКА ат. Ҳаял-қызлардың белден төменги жағына кийетуғын сыртқы үст кийими. *Юбка* кийген қызлардың жүзлери өсип турған гүллердей қулпырып кетти (Ө.Хожанов).

ЮВЕЛИР ат. **1.** Алтыннан, гүмистен, ҳасыл таслардан ҳәм тағы басқа да ҳәр қыйлы металлардан буйымларды, затларды ислеўши адам, киси зергер. **2.** Усыларды сатыўшы **3.** қ. зергер.

ЮВЕЛИРЛИК кел. **1.** Ювелирликке қатнаслы, зергерлик. **2.** аўыс. Күтә шеберлик пенен исленген. **3.** қ. зергерлик.

ЮЛИАН: юлиан календарь кел. Аўдарыспаққа дейинги Россияда қолланылып келген жыл санаў тәртиби (бир жылда 365 күн).

ЮМОР ат. **1.** Турмыстағы кемшиликлерди, айырым күлкили ўақыяларды ҳәм ҳәдийселерди, адам бойындағы кемшиликлерди ҳәзил менен дүзетиўдеги баянлаўы. **2.** Усы тийкарда жазылған күлкили әдебий шығарма.

ЮМОРИСТ ат. **1.** Юморлық шығармаларды жазыўшы автор, адам. **2.** Юморлықты атқарыўшы артист, киси, қуўқыл адам.

ЮМОРЛЫҚ кел. Юморға тән, юморға тийкарланған, юморға тийисли, қуўқыл сөзли, күлкили. Шайырдың сатира-*юморлық* шығармаларында терең реализм орын алған (Н.Жапақов).

ЮНГА ат. тех. Теңиз кемесинде матрослыққа таярланыўшы ҳәм матрослық хызметин үйрениўши жас шәкирт ҳәм жас өспирим бала, киши матрос.

ЮНЕСКО ат. Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң билимлендириў, илим ҳәм мәденият мәселелери бойынша қәнигелескен мәкемелеринен бири. *ЮНЕСКО* Екинши жер жүзилик урыс тамамланғаннан соң дүзилди. Сол ўақытта 44 мөмлекеттиң ўәкиллери Лондон қаласында конференцияға жыйналып, *ЮНЕСКО* шөлкемин дүзиў бойынша уставты қабыл етти. Солай етип, *ЮНЕСКО* 1946-жылы өз жумысын баслады. Ҳәзирги күнде оған 184 мәмлекет ағза. Өзбекстан Республикасы 1993-жылдың 29-октябринде *ЮНЕСКО*ға ағза болды.

ЮНИСТРАЛ ат. БМШның халықаралық сауда бойынша комиссиясы.

ЮНКЕР I ат. **1.** әск. Революциядан бурынғы патша Россиясында офицерлер таярлайтуғын әскерий оқыў орынларының курсантлары. **2.** XIX өсирдиң 60-жылларына шекем Россияда белгили мүддетте хызмет етип имтихан тапсырғаннан кейин офицер атағын алыў ҳуқықына ийе болған дворян баласы.

ЮНКЕР II ат. Бурынғы феодал Пруссияда ири жер ийелеўши, дворян, улыўма немец помещиги.

ЮНКТАД ат. (БМШның сауда ҳәм раўажланыў бойынша конференциясы) БМШның халықаралық сауда шөлкеми болмаған аўқамы. 1964-жылы шөлкемлестирилген болып, оған 168 мәмлекет ағза. Тийкарғы ўазыйпасы: халықаралық сауданы, мәмлекетлер арасындағы тең ҳуқықлы өз ара пайдалы шерикликти раўажландырыўға көмеклесиў, халықаралық экономикалық мүнәсибетлердиң әмел етиўи бойынша ҳәр қыйлы усынысларды ислеп шығыў ҳәм т.б.

ЮПИТЕР I ат. астр. Күн системасының Күннен баслап есаплағанда бесинши планетасы.

ЮПИТЕР II ат. Киноға алыў ўақтында пайдаланылатуғын: жүдә күшли электр менен жақтыландырыў әсбапларының улыўма аты.

ЮРИДИКАЛЫҚ кел. Юристлик ҳуқықы бар, нызамлы.

ЮРИДИКАЛЫҚ ЖУЎАПКЕРШИЛИК ат. Социал жуўапкершилик түрлеринен бири болып, ҳуқықты бузған

субъекттиң миннетлемеде нәзерде тутылған унамсыз ақыбетлерин орынлаўдың мәжбүрийлиги.

ЮРИДИЗАЦИЯЛАСТЫРЫЎ ат. Қандай да бир акт, хәрекет, мүнәсибетке ҳуқықый түс берилиўи; қандай да бир мәселениң юридикалық тәрепиниң бөрттирип көрсетилиўи.

ЮРИДИКАЛЫҚ КОНФЛИКТОЛОГИЯ ат. Юридикалық конфликтлер қәсийетлери, себеплери ҳәм раўажланыўы динамикасын үйрениўши, булардың алдын алыў ҳәм шешиўдиң ҳуқықый механизмин өз ишине алыўшы билимлер тараўы.

ЮРИДИКАЛЫҚ КОНСТРУКЦИЯ ат. Юридикалық техника. Ҳуқықый халаттың дүзилислик жақтан бир-бири менен байланысы.

ЮРИДИКАЛЫҚ МИННЕТЛЕМЕ ат. Белгили бир (конкрет) ҳуқықый мүнәсибетлер қатнасыўшысы, миннетлемени орынлаўшының нызамда, шәртнамада белгиленген ис-хәрекети.

ЮРИСТ МӘСЛӘҲӘТШИ ат. Суд ҳәм басқа мәкемелерде ҳуқық мәселелери бойынша мәсләҳәт бериўши адам.

ЮРИДИКАЛЫҚ ТЕХНИКА ат. Мәмлекеттиң ҳуқықый нормаларды ислеп шығыўда нызамларды жаратыўда қолланылатуғын, соның менен бирге, оларды кең жәмийетшиликке усыныўда белгили бир усыллардан пайдаланыў. Бундай усыллар түрине: **1)** юридикалық атамалар, юридикалық структура; **2)** норматив-ҳуқықый актларды ислеў усыллары киреди.

ЮРИДИКАЛЫҚ ШАХС ат. Өз мүлкинде, хожалық искерлигинде ямаса оператив басқарыўда өз алдына мал-мүлкке ийе болған ҳәм де өз миннетлемелери шеңберинде усы мал-мүлк пенен жуўап беретуғын, өз атынан мүлки менен яки мүлксиз жеке ҳуқықларға ийе бола алатуғын, сондай-ақ, миннетлемелерди орынлай алатуғын, судта даўагер ҳәм жуўапкер бола алатуғын шөлкем.

ЮРИСТ ат. Ҳуқық яки заң тараўы бойынша илимий изертлеў исин алып барыўшы қәниге ҳуқық илими бойынша қәнигели адам.

ЮРИСТЛИК кел. **1.** Кәсип аты. Юристлик етиў. **2.** Юристлерге ҳуқық илими бойынша қәнигелерге тән, байланыслы.

ЮСКОГЕНС ат. Өз искерлигинде әдил судлаўды әмелге асырыўшы суд мәкемелерин, соның менен бирге суд ведомостволарын билдириўши термин.

ЮСТИЦИЯ ат. **1.** Нызам ислерин басқарыў. **2.** Нызам мәкемелериниң системасы.

Я

Я I ат. **1.** Қарақалпақ әлипбесиниң ҳәриби ҳәм усы ҳәриптиң таңбасы, атамасы. **2.** Аўыздың керип ашылыўы арқалы жасалатуғын бирикпели даўыслы сес. **3. Я** ҳәриби яқшы, ямаса, боян, таяқ, сыя, химия, армия сөзлердиң басында, ортасында ҳәм ақырында келип, йа бирикпесиниң орнына жазылады.

Я II к.с. Я ҳәриби сөз бенен сөзди, гәп пенен гәпти ҳәм гәп ағзаларын өз ара байланыстырып келетуғын дәнекер сөз. *Я* ерерин, *я* ермесин билмей сарсаң-кесек болып бираз ойланып отырды (Қ.Айымбетов). *Я* өлиў керек, *я* жеңиў керек (Ө.Хожаниязов). *Я* тайлығында, *я* ғунанлығында өз көзи менен көрсе де, *я* сыртынан еситип билсе де астындағы шубар атын билетуғын шығар («Алпамыс»).

ЯБЫ ат. Ҳасыл туқым қатарына кирмейтуғын әпиўайы ат, жайдары ат. Күш-көликтен жалбыр, жабыўлы бир *ябысы* менен қартайған бир сыйыры бар (К.Султанов). Қамшы урып *ябыға*, Алды түсип кетти ойға, үш қулаш гөне қуйыға, Арба түсип жеткен екен (Бердақ). **Ябы қыпшақ** – қыпшақ урыўы бир тийреси, тараўы, бөлими. Өмирбек *ябы қыпшақ* урыўынан деседи («Әмиўдәрья» ж.).

ЯБЫДАЙ кел. Ябы сыяқлы, ябыға қусаған, ябыға мегзес. Сениң менен жарыссам *ябыдай* жортаман, – деди ғарры жигитке.

ЯҒНЫЙ к.с. Бир пикирди екинши бир сөз ямаса пикир менен қайтадан айтқанда бир-бирин байланыстырыў ушын қолланатуғын көмекши сөз. Жарлылар менен дийқанлар, *яғный* жапакешлер жамайы (С.Мәжитов). Усы жағдайларға, *яғный* бәҳәр айларында жабайы шөплердиң жапырақларының гөнериўине байланыслы,... (Г.Шамуратов).

ЯД ат. Белгили бир нәрсе ҳаққындағы ой, ес. Оның көзлериниң күлип турғанлары мениң менен ислес болмаса да *ядымда* (Ж.Аймурзаев). **Яд етиў** – есте сақлаў, ойлаў, еслеў, умытпаў. *Яд* етип басладық көсемниң атын, Жигитлердиң

арттырды ол ғайратын (Әд. альм.). Кеште күндиз ата-анасын *яд* етип, Хызмет етер ата-ана халқы ушын (Бердақ). ◊ **Ядына алыў** – есине алыў, ойлаў, еслеў. Бар балам, бар, тезирек бар, Анаңның сөзин *ядқа ал* (Ә.Шамуратов). Ол өткен терис тартыс сөзлерди *ядына алғысы* келди (Ө.Айжанов). **Ядына түсиў** – есине, ойына келиў. Ертеңине азанда үйден шыққанда атқа берермен деп алып шыққан ат дорбадағы арпа *ядына түсти* (М.Абдиреймов). **Ядыма түсиў** – ойыма, есиме келиў, түсиў. Шайыр менен баяғы шарбақта ушырасқаным *ядыма түсти* («Әмиўдәрья ж.). **Ядқа алмаў** – ойға, еске келтирмеў. Сондағы айтқанлары болмады, Суўсызлықты ҳеш ким *ядқа* алмады (Ә.Шамуратов). **Ядынан шықпастай болыў** – есинде, ойында қалғандай болыў. Жәлладлардың асып турған дарлары, *Ядынан шықпастай* болған яранлар (С.Нурымбетов). **Ядынан шығармаў** – ойынан, есинен шығармаў, есинде, ойында сақлаў. Бирақ, Палўанын *ядынан шығарған* жоқ (Ө. Айжанов). **Ядымда болыў** – есимде, ойымда сақланыў. Тап ҳәзир де өзимниң улыўма халық ушын хызмет ислеп жүргеним *ядымда болып*, кеңсеге руўхланып келдим (Ө.Хожаниязов). **Ядқа түсиў, ядқа салыў** – ойға, еске келиў, еске, ойға ескертиў. Жалынса да сирә қыйын болмады, *Ядқа түсти* сонша адам шағлағаны (Т.Жумамуратов). ... түн ишинде беттен сыйпап елпип ескен майда жумсақ самал естен шықпайтуғын сезимлерге толы шийрин мәҳәллерди *ядқа түсиретуғын* еди (Ө.Хожаниязов). **Ядта сақлаў** – есте, ойда тутыў. **Ядымда жоқ болыў** – есимде, ойымда болмаў, умытыў. Танып турман өзиңизди, Бирақ, *ядымда жоқ* атыңыз (Ш.Артық). Әттегене-ай, сениң *ядыңда жоқ па*, ол баланың үйи қай көшеде еди... (Ө.Айжанов). **Яд еттире бериў** – қайта-қайта ядлата бериў, тәкирарлатыў. Есберген молла тек китапты *яд еттире береди* (К.Султанов).

ЯДЛАНЫЎ ф. Естен шығарылмаў, умытылмаў. Сениң намаң қуўанышқа намасы, Елди ғезер тилден-тилге *ядланып* (И.Юсупов).

ЯДЛАСЫЎ ядлаў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЯДЛАТТЫРТЫЎ ядлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЯДЛАТЫЎ ядлаў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЯДЛАЎ ф. Ядқа билиў, ойдан айтыў.

ЯДРО ат. физ. **1.** Бир нәрсениң ишки орайлық бөлими, өзеги. Атом ядросы. Адамзат ушын ядро апатшылығының қәўпинен артық үлкен қәўип жоқ деп көрсетилди хатта. *Ядро*

урысы, – деп атап көрсетилди документте, – бул адамзатқа қарсы жынаят. **2.** Бир нәрсениң, жемистиң дәнеси, мөжеңеси. **3.** Тийкар, негиз, уйытқы, орай. Арқа бурынғысынша АҚШ санаатының *ядросы* болып қалмақта. **4.** биол. Ҳайўан ямаса өсимлик клеткаларының тийкаргы бөлеғи, маңызы. **5.** Әскерий қурал. *Ядро* қуралларын сынап көриўлерди улыўма қадаған етиў ҳаққында шәртнама дүзиў зәрүрлигин көрсетти. **6.** сп. Ылақтырыў ушын исленген домалақ аўыр металл шары. **7.** аўыс. Бир жәмәәт, топар ямаса шөлкемниң тийкарғы бөлими, таянышы, тиреги.

ЯДРОЛЫҚ кел. **1.** Ядроға тән, ядроға тийисли. Дүнья халықларын *ядролық* урыс апатынан сақлайық. **2.** Атомлық оқ заряд пенен зарядланған тийкарғы бөлими менен байланыслы. Қуяш ҳәм жулдызлардың ишиндеги *ядролық* реакция деп аталғанлары болады («Астрономия»).

ЯЗВА ат. Денедеғи исинип турған жер, ириңли жара. Кеселленген шақаларда *язва* пайда болады (А.Д.Жалменов, П.Т.Карпов).

ЯКИ к.с. Еки гәп ямаса айырым гәп ағзалары арасында қолланылатуғын аўыспалы дәнекер. Бирақ, ол узын бойлы ма, томпақ па, бозлақ *яки* қара торы ма, қысқасы оның қандай қыз екенин көргим келди (Ө.Хожаниязов). Жекке бир солдаттың, разведчиктиң *яки* бир командирдиң мәртлиги ҳаққында жазылған сүўретлемени оқыды... (Қ.Айымбетов). «Сизге кетип тур кеўлим, Яки қурдас, *яки* синлим, неден болды гүнайыңыз?» (Бердақ).

ЯКОРЬ ат. **1.** тех. Электромашинаның ишинде айланып туратуғын бөлеги. Генератор *якоры*. **2.** тех. Пароходларды, қайықларды, кемелерди ҳәм т. б. суўда иркиў ушын таслап қойылатуғын үш тисли аўыр темир, темирли тырнақ, лабыр, көшки. Якорь таслаў.

ЯКУТ қ. якутлар.

ЯКУТЛАР ат. Түркий халықларының бир түри (сахалар).

ЯКУТША р. **1.** Якут тилинде, якутша сөйлеў. **2.** Якутша кийиниў, якутша ойнаў.

ЯҚШЫ к.с. Бир нәрсеге толық жуўап болатуғын, мақул жанапайы. – *Яқшы!* Сизиң сөзиңизди сындырмайман (Ө.Хожаниязов). Қыбыжықлап отырған кемпир: – *Яқшы*, шырағым, *яқшы*, – деп үйине қайтты (К.Султанов).

ЯҚЫТ ат. **1.** Түрли реңде болатуғын тынық қымбат баҳалы минерал тас. Жүзикке қыйлы-қыйлы *яқыттан* қас қондырған сайын сулыў («Өмиўдәрья» ж.). **2.** Биреўдиң аты, исми. **Яқыт тас** – ҳәр қыйлы реңдеғи тас. *Яқыт* тастан ҳасыл гәўҳар, Бинә болған уллы шәҳәр (С.Нурымбетов). Ултанына төселген таслар, *яқыт таслардан* екен («Әмиўдәрья» ж.).

ЯҚЫТТАЙ кел. Яқыт сыяқлы, яқыт тәризли. Ҳәўизде бир неше түри *яқыттай* жылтылдап, қалқып тур («Әмиўдәрья» ж.).

ЯЛҒАНШЫ қ. жалғаншы.

ЯМАСА к.с. Сөзлердиң, ғәплердиң араларын байланыстыратуғын аўыспалы дәнекер. Бүгин *ямаса* ертең тағы, хабар аламан (Ө.Хожаниязов). Себеби, бул аўылға жумыс бабында *ямаса* биреўге хат *ямаса* газета алып бараман (Қ.Айымбетов). Ол Серимбеттиң қараўытқан көзин *ямаса* наразылық пенен жыбыр еткен еринлерин де байқаған жоқ (Ө.Айжанов).

ЯМБА ат. Қытай Республикасының гүмис тийини.

ЯМЩИК ат. тар.с. Почтаны, жүкти, адамларды тасыўшы арбакеш.

ЯНВАРЬ ат. Календарь жылының биринши айы. *Январьдың* бас гези, Түн аяз ҳәм ызғырық (Б.Қайыпназаров). Ҳәзирги есап пенен 22-*январь* гөне есап пенен 9-*январь* Қала исшилериниң өз муңларын айтажақ болып барған күни (С.Мәжитов).

ЯҢЛЫ қ.с. Атаўыш ямаса атаўышлық хызметте қолланылып теңеў, салыстырыў мәнисин аңлатыўшы тиркеўиш. Шүў-шүўлейди, гүңкилдейди күлмейди, не қыларын билмейди, Жанға аўыр тийген *яңлы* усы кеш (И.Юсупов). Қыз, жигитлер *яңлы* бәҳәр, Поезд минип жүрген екен (С.Нурымбетов). **Адамхор ат яңлы** – адам тислейтуғын атқа мегзес. Жараған түйедей бурқырады ол, *Адамхор ат яңлы* умтылады ол (И.Юсупов). **Лала яңлы** – қызыл гүлге усаған. Жүрек баўрым *лала яңлы* қан болып, Қара шашым тозды пәрийшан болып (И.Юсупов). **Ҳүр яңлы** – аўыс. перини қызы сыяқлы, пери қызына усаған. Бағ ишинде *ҳүр яңлыды* (А.Муўсаев). **Гүл яңлы** – аўыс. Гүлге усаған, гүл тәризли Ҳүр киби бәҳәр жүзлери, Гүлзийба қыз *гүл яңлыды* (Өтеш). **Алтын яңлы** – аўыс. алтын сыяқлы, алтын тәризли. Суўдан шыққан балықларың, *Алтын яңлы* көринеди (Т.Сейтмамутов). **Жылдырым яңлы** – аўыс. көз илмейтуғын жүйрик. Минипсең, *жылдырым яңлы*, Ат па, ешек пе, пырақ па? (Бердақ). **Шекер яңлы** – пәкизе, әндамлы, Жарқыраған

айдай жүзлериң сениң, *Шекер яңлы* палдан мазалы сөзиң (Өтеш). **Алма яңлы** – аўыс. сулыў формалы. Қара мениң көзиме. *Алма яңлы* жүзиме (А.Бегимов). **Мийўе яңлы** – аўыс. мийўе тәризли. Еркин пискен *мийўе яңлы* бағларда. Зейиним ашар, қуўандырар, балқытар (Ә.Шамуратов). **От яңлы** – жанып турған от сыяқлы. Ол енди жаңа алысқан *от яңлы* тутанып киятыр (Ө.Хожаниязов). **Қамыр яңлы жибисиў** – аўыс. жумсақ, былқылдақ. *Қамыр яңлы жибисип* жер тоңлары, Әмиўде сең жүрип ериди музлар (Т.Сейтжанов). **Адам яңлы** – аўыс. адамға усаған, адам сыяқлы, төризли. Бизде күш бар, тәбиятты етип қул, *Адам яңлы* сөйлетемиз берип тил (Әд. альм.). **Гилем төселген яңлы** – аўыс. гилем сыяқлы, гилемге мегзес. Көк-көңбек, ушы жоқ, көзлерин жетпес, жерге сулыў *гилем төселген яңлы* (Ә.Шамуратов). **Бәҳәр яңлы нурланыў** – аўыс. көркейиў, доланыў. *Бәҳәр яңлы нурланды*, Гүллер киби ырғалды (Әд. альм.). **Соқпақ яңлы болмаў** – соқпаққа усамаў, унамаў. *Соқпақ яңлы болмас* ақмаққа гүзар («Әмиўдәрья» ж.). **Гәўҳар яңлы** – гәўҳар сыяқлы, тәризли, гәўҳарға усаған. Көзин сүзип, қасларыңды қаққанда, Жуўдырлатып *яңлы гәўҳар* таққанда (Өтеш).

ЯПОН қ. японлар.

ЯПОНЛАР ат. Япон халқы. Японияда жасайтуғын тийкарғы халық.

ЯПОНША р. **1.** Япон тилинде. Японша сөйлесиў. **2.** Японларға тийис, японларға қатнаслы, японларға байланыслы.

ЯПЫРМАЙ т.с. Ҳәр қандай айтылажақ пикирге таңланыўды билдиретуғын таңлақ сөз. Арыўхан деп пе еди, ким деди атың? *Япырмай* өнерин, сымбатын (И.Юсупов). –*Япырмай*, неге, тартынасаң? Усындай жерде де сөйлеўге қысыныўға бола ма? (Ө.Айжанов). *Япырмай*, Айхан бийшараға не қылды екен? (Қ.Әўезов).

ЯР ат. **1.** Жақын адам, дос, қоллаўшы, меҳрибан. Қызын ойлап қылады зар, Шықпаған ғана жаны бар, Қудайым болғыл маған *яр*, Деп зар жылап жүрген екен (Бердақ). **2.** Сүйгилик, бир-бирин сүйген, жақсы көрген қыз ҳәм жигит. Тал бурымын *яр* қайырып, Аш белине таслайды (Т.Сейтжанов). Киси *ярына* сөз салма, Өз ярыңнан қаладурсаң (Бердақ). **Сүйикли яр, сүйген яр** – жақсы көргени, қәлегени, унатқаны. Бирақ, жоқ ол *сүйикли яр*, Ким билсин ол қайда кетти (Б.Исмайлов). Сөйлеп турып *сүйген ярың*, Бирге десип шийрин жаның (Ә.Шамуратов). **Сүйген ярын қушыў** – сүйиў, жақсы көриў. Мурадыма жетпей

кеўлим тасар ма, Малсыз жигит *сүйген ярын қушар ма* (А.Дабылов). **Яры сынаў** – сынақтан өткериў. Әбдираманның келди ары, Отырғандай *сынап яры* (Ш.Артық). **Ярындай қылыў** – аўыс. ярындай көриў, қәстерлеў, қәдирлеў. Әлпешлейди *ярындай қып*, Өнери еди сүйип алған (Ш.Артық). **Ярлық етпеў** – яр болмаў. Биреўдиң яры биреўге *ярлық ете ме*, қурған қызаў (К.Султанов). **Сәўер яр** – жақсы көрген, унатқан. Биреўлер баласын, келиншеклер *сәўер ярларын* сорап атыр (Ө.Хожаниязов). **Яр тутыў** – сүйиклик табыў. Жүўери ектим кендир менен аралас, Бир *яр туттым* орта бойлы қәлемқас (ққ.х.қ.). **Яр болыў** – унаў, жараў. *Ярым болса* хош қылықлы, Маған қандай бахыт дейсең (Ө.Хожаниязов). **Яр келиў** – аўыс. үмит етиў, күтиў. Шарық ийирип созып салдым ийикке, *Яр келди* деп жуўырып шықтым бийикке (ққ.х.қ.). **Ярына аҳыў-зар етиў** – интизар етиў, ынтықтырыў. Биреўди улына, биреўди *ярына аҳыў-зар етип,* жүреклерин күйдирген сен урыс! (Ө.Хожаниязов). **Ярын қушағына қысыў** – қушағына алыў. Қарайсаң да өткен кисиге: *Қушағына ярын қысып ап* (Т.Сейтжанов). **Ярын есине түсириў, ярын ядына түсириў** – ядына келтириў, ойлаў. *Ярын есине түсирип*, көз алдыларында елеслеткендей түр билдирип отыр (Ө.Хожаниязов). Ол да *ярын ядына түсирди ме*, әлле хат келмегенине ренжиди ме? (Ө.Хожаниязов). **Яр излеў** – яр табыў, қыдырыў. Бир минәсип *яр излесем*, Қарыйдарым сен мениң (Т.Сейтжанов).

ЯРАМАЗАН ат. дин.с. Мусылманлардың рамазан айы деп аталатуғын ораза тутыў айының басларында көбинесе балалардың үйме-үй жүрип айтылатуғын диний қосық. *Ярамазан* айта келдим есигиңе, Қошқардай ул берсин бесигиңе (ққ.х.қ.).

ЯРАН ат. Жақын адамлар, кисилер, дослар. Жаман болды бундай әдет, Айтқыл *Яранлар* рахмет (Бердақ). Ақмақлар түсинбес сөздин парқына, Түсингенге нешик болды, *яранлар* (Бердақ). **Дос яран** – дослар, жоралар, ашна, жақынлар. Мақтумқулы шайыр еди, Дос *яраны* мақтар еди (Бердақ).

ЯРАТҚАН кел. дин.с. Дүньяға келтирген, пайда еткен, жақын еткен. Ҳәр не болса *яратқаннан* көрейин («Қырқ қыз»). Шығар болды жаным тәннен, Сорасаңыз халқым изинен, *Яратқан* тилегим сеннен, Реҳим қыл енди, қыл енди (Бердақ).

ЯРАТЫЎШЫ ат. **1.** Пайда етиўши. **2.** дин.с. Қуда, Алла, қәдир.

ЯР-ДОС ат. Дослар, жоралар, жақынлар, жақын адамлар. Бул сөзди тынлаң, *яр-дослар*, Абырай бергей быйыл бизге (Бердақ). Ағай менен *яр-досларымның* үйлерине қыдырып келгеннен кейин және бираз дем алған болдым (Ө.Хожаниязов). – Ерназардың әкеси Мыржықтың ҳәм Бегистиң Хийўада ҳәмелдар *яр-дослары* бар (К.Султанов). ◊ **Яр-досларын есине алыў** – ойлаў, еслеў. Өзи келип оқыр, жүрген жерлерин, *яр-досларын есине алар*,... (Ө.Хожаниязов). **Яр-дос таўып алыў** – жора-жолдас излеў. Бола қойған жағдайда *яр-дос таўып алыўға* болатуғын шығар? (Ө.Айжанов). **Яр-досларын муңайтпаў** – жораларын, досларын қапа етпеў, кеўлин қалдырмаў. Душпанға сырын айтпаған, *Яр-досларын муңайтпаған* (Бердақ).

ЯРЛЫҚ ат. **1.** тар. с. Белгили бир ҳәмел, атақ ҳәм т. б берилгенлиги ҳаққындағы арнаўлы хүжжет, буйрық. **2.** Қандай да бир затқа баҳасын, ислеп шығарған жерин, санын жазып жабыстырып ямаса қыстырып қоятуғын қағаз ямаса тахтайша белги.

ЯРМАРКА ат. Затларды сатыў ҳәм сатып алыў ушын салтанатлы түрде белгили бир мәўсимде ўақты-ўақты шөлкемлестирилген саўда базары. Европада саўданың қызғын орны *ярмаркалар* болды,... («Орта әс. тар.»).

ЯРУС ат. **1.** Қатар, қабат. **2.** театр. Тамашагөйлер залындағы жоқарғы ямаса ортаңғы қабатлардың бири. **3.** геол. Барлық геологиялық әсирлер бойынша турған таў жыныслары, қатламы.

ЯРЫЙ: ярый бермеў ф. Бир нәрсеге келисим бериў, рийзашылық билдириў, мақул көриў. Қәлмен Әжиниязды баласынып, еле де кеўили *ярый* бермей, жалт-жалт қарады (К.Султанов). – Ырас сол жазып па? – деп Қосыбай қағазға қарап, кеўили *ярый* бармай отырды (К.Султанов).

ЯРЫМ I ат. Бир нәрсениң екиге тең бөлиминиң биреўи. Нанның ярымы. Айдың ярымы. Жылдың ярымы. Қаңғалақлап жүргенде, Тағы да өтти *ярым* ай (Т.Жумамуратов). *Ярым* хан ағасынан дәмегөй болып Қулымбет атқа минди (К.Султанов). *Ярым* хан болып журт сорап, Айдос бий деген бабасына (Бердақ).

ЯРЫМ II кел. **1.** Бир нәрсениң ортасы, орта бели. Түн *ярым* ақшамнан аўып кетти, мүмкин енди таўық шақырар? (Ө.Хожаниязов). Ал дәмесин үзгенлер, *ярым* жолда қалып атыр

(К.Султанов). **2.** Толық емес, шала. Арадан *ярым* чайнек чай ишимдей өтти (Қ.Досанов). **3.** Пүтинниң екиден бирине тең муғдар. **5.** Ярым саат самолётта жол жүрип, Шийрин қыял кеўил үйип толтырып (Т.Сейтжанов). Кеш шыра менен ис қылсаң шыра сел соңына бейим *ярым* метрдей жерде турсын (С.Мәжитов). Чайға салып ишетуғын еки пар лимон, *ярым* килограмм мандарин алды (Ө.Айжанов).

ЯРЫМ III сан. **1.** Муғдар, шама, көлемди билдирип келетуғын санлық сөз. Олар өзинде бар жер қазыў техникасының тек *ярымын* ғана пайдаланып отыр («Әмиўдәрья» ж.). **2.** Еки түрли нәрседен пайда болған, аралас, қоспалы. *Ярым* жүн аралас гезлеме. *Ярымына* кепек қосылған. ◊ **Ярым әсирлик** – жартысына шамалас, жарысына жетерлик. Жаңа турмыстың *ярым әсирлик* бийигинен, Көкиректеги көз бенен серлегенде азатлық (И.Юсупов). **Ярым күнлик жол** –мөлшер, шама, муғдар. *Ярым күнлик жолларға,* зордан-зорға жүрдиңлер («Әдебият» саб.). **Ярым шығанақ** – шығанақтың жартысына шамалас жер, ярым шығанақ қурақым бурылыс. Кеме булардың тусынан зуўлап өтти де, *ярым шығанақ* ықлап қырға шықты (К.Султанов). **Ярым шақырым** – бир пүтинниң жартысы, муғдары, шамасы, мөлшери. Олар тоғайдың ишине кирип, *ярым шақырымдай* жер жүрген ўақытта қаңбақтың арасынан бир қоян атлыға қашты (К.Султанов). **Ярым батпан** – бир нәрсениң жартысы, екиден бир бөлеги. Жай шығады *ярым батпан*, Ҳеш ўақ бойға питкен емес (Бердақ). *Ярым батпан* болмаса, Батпан шығар дәниң жоқ (А.Дабылов).

ЯРЫМ-ЖАРТЫ р. Ақырына жеткизилмеген жағдай, шала.

ЯРЫМЛАНЫЎ ярымлаў I фейилиниң өзлик дәрежеси.

ЯРЫМЛАСЫЎ ярымлаў I фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЯРЫМЛАТТЫРТЫЎ ярымлаў I фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЯРЫМЛАТЫЎ ярымлаў I фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЯРЫМЛАЎ I ф. Бир пүтин нәрсени екиге бөлиў, тең етип екиге бөлиў, жартылаў. Басқа ыдысқа салып, самардағы унды ярымлап қойды.

ЯРЫМЛАЎ II кел. Қандай да бир нәрсениң толық емеслиги, орталанған, жартыланған, толмаған. Айтмурат пахтаны *ярымлаў* етип қанарға салды да арқалап, пахта қырманға қарай жүрип кетти (кқ. кем. атл.).

ЯРЫМЛЫҚ кел. Пүтинниң жартысы, пүтинниң екиден бир бөлегине тең келерлик. *Ярымлық* тас. *Ярымлық* банка ҳәм тағы басқалар.

ЯР-ЯР ат. әд. Қызды узатыўда атқаратуғын ҳәр бәйити, «яр-яр» сөзи менен тамамланатуғын қосық. Зер көйлектиң етегин илер ме екен, *яр-яр*, Қәдиримди тек сиз қул билер ме екен, *яр-яр* («Алпамыс»). Узатқанда қыз жылар, өксип-өксип *яр-яр*, Қәне мениң қыздағы назым-аў деп *яр-яр* (ққ. фольк.).

ЯСИЙИН ат. дин. с. Мусылман дининде өлип баратырған, жатырған адамның гүналарын кешириўди соранып, оның жанында оқылатуғын дуўа. **Ясийин оқыў** – **а)** өлиў ҳалында жатырған адамның гүналарын кешириў туўралы соранып оқылатуғын дуўа. **б)** аўыс. бир нәрсе ҳаққында қайта-қайта айта бериў, мәниссиз езе бериў, көп сөйлей бериў. – Адастың деп Айдос қулағына *ясийин оқысаң да*, болғаны (Т.Қайыпбергенов).

ЯСЛИ ат. Еки айлықтан үш жасқа шекемги балаларды тәрбиялап бағатуғын мәкеме. Драмкружок, *ясли* – дейди, тынбайды, Күнде барып клуб исин оңлайды (И.Юсупов). Ферма қасындағы шөлкемлестирилген балалар *яслисинде* тәрбияшы болды (Ж.Сейтназаров).

ЯЎМЫТ ат. Түркменстан Республикасында жасаўшы тийкарғы түркмен халқының бир бөлими, түркмен урыўларының бири. Ҳәммениң де қолы байлаўлы, *яўмытлар* бос қол таслап кеткен жоқ (К.Султанов). Сизлердиң қатынларыңыз да *яўмытлардың* қатынларынан қалыспайды екен, – деди ол (К.Султанов). **Яўмыт ишинде** – яўмытлар менен бирге, арасында. Сол күни ақшам ығып баратырған қызды ханның кемеси көрип, шығарып алыпты, *яўмыт ишинде* усайды, жоқары жақта (К.Султанов.)

ЯЎМЫТЫ кел. Яўмытларға тийисли, яўмытларға тән. Ат жақсысы – *яўмыты,* тон жақсысы – маўыты (ққ.х.қ.). **Яўмыты мурт** – узын ҳәм шыйратылып өскен мурт, қошқар мүйиз сыяқлы мурт. ... бир қырқылып, *яўмыты мурт*, қопа сақал жалпақ бетли бий көк чайды кейип пенен қайтарып отыр (К.Султанов).

ЯХТА ат. Спортта ямаса туристлик мақсетлерде қолланылатуғын моторлы ямаса желкомлы кишкене жеңил қайық, судно.

ЯЧЕЙКА ат. Белгили бир үлкен шөлкемниң курамындағы кишкене бир топары. Орайлық Комитет партия ячейкаларын дүзиўге шақырды.

ЯША т. с. Ҳәр қандай болмасын адамның ишки сезимин, қуўанғанлықты билдиретуғын таңлақ сөз. *Яша*, ким екенин мен енди билдим, Булар артистлери екен Төрткүлдиң (И.Юсупов). *Яша* деймен, почтальон, пах? астында ат, Кеўлиңде перийзат әрманың не сениң (Ө.Хожаниязов).

ЯШАСЫН т. с. Қуўанышты, йошланыўды, көтериңкиликти билдиретуғын таңлақ сөз. Ҳе, *яшасын*, – деп жиберди Айымжамал ҳәм бирден түргелди, – Нурбайдан ел-журттың бәрине арнаўлы сәлем (Ө.Хожаниязов).

ЯШУЛЛЫ қ. жасуллы.

ЯЩИК ат. **1.** Зат салыў ушын төрт мүйешли етип исленген қуты, ыдыс. Мен устаның *ящиклериниң* гилтлерин излестирип атырған ўақытларымда, ол дым үндемей отырды,.... **2.** Хат салыў ушын кишкене аўызлы төрт мүйешли етип темир қаңылтырдан исленген қуты. Бийби апай жумыстан келе сала почта *ящигине* бир үңилип болып, оннан кейин үйиниң қулпын ашар еди (С.Баҳадырова).

ЯЩИКЛЕНИЎ ящиклеў фейилиниң белгисиз дәрежеси.

ЯЩИКЛЕСИЎ ящиклеў фейилиниң шериклик дәрежеси.

ЯЩИКЛЕТТИРИЎ ящиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси,

ЯЩИКЛЕТИЎ ящиклеў фейилиниң өзгелик дәрежеси.

ЯЩИКЛЕЎ ф. **1.** Ящик ислеў, ящик соғыў. **2.** Затларды ящикке жайластырыў, орналастырыў, салыў. Елмурат алманы *ящиклеп* болып чай ишиўге отырды.

ЯЩИКЛЕЎЛИ кел. **1.** Ящик қойылған, ящик орнатылған. **2.** Ящикке жайластырылған, ящикке орналастырылған, ящикке салынған. Ящиклеўли лимонды машинаға салыўды ескертти ғарры, жигитке,...

ЯЩИКТЕЙ кел. Ящикке усаған, ящик тәризли, ящик сыяқлы. Әжибай *ящиктей* бир нәрсени арқалап ишкериге кирип кетти (Қ.Айымбетов).

МАЗМУНЫ

С 3
Т 22
У 260
Ү 289
Ӱ 311
Ф 318
Х 350
Ҳ 367
Ц 396
Ч 403
Ш 410
Щ 442
Ы 444
Э 472
Ю 490
Я 493

ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНИҢ ТҮСИНДИРМЕ СӨЗЛИГИ

Жети томлық

Жетинши том
С (сынап) – Я

Толықтырылған екинши басылымы

Қарақалпақ тилинде
«Qaraqalpaqstan» баспасы
Нөкис — 2023

Редакторлары	*Гүлистан Пирназарова*
	Базаргүл Зиварова
Операторы	*Света Курбаниязова*
Тех. редакторы	*Азат Хожамуратов*

Оригинал-макеттен басыуға руқсат етилген ўақты 14.09.2023
Қағаз форматы 60x90$^{1}/_{16}$. Офсет усылында басылды.
Гарнитурасы — «Times». Көлеми 31,5 б/т., 28,00 есап б/т.
Жәми 1000 нускада. Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа №731.

AI №114 лицензиясы

«NISO POLIGRAF» ЖШЖ баспаханасында басылды.
Ташкент ўәлаяты, Орта Чирчиқ районы.
«Оқ ота» МПЖ п. Машъал Марказий 1-уй.